

# QARAQALPAQ XALÍQ ERTEKLERI

21(5Qar)
Q Q 50

UDK: 398.21(=512.121)
BBK: 5(Qar)
Q-50

**Qaraqalpaq xalıq ertekleri** — Nókis: «Qaraqalpaqstan» baspası, 2019. — 428 bet.

Kitapta balalarǵa arnalǵan ertekler berilgen bolıp, olar hár túrli temalarǵa bólingen,

Ertekler balalardıń oy-órisiniń keńiyiwine, jaqsılıq hám jamanlıq, ádillik hám nahaqlıqtıń qay waqıtta da qosılıp júrip, ertektiń unamlı tamamlanıwı ollardıń keleshekke isenimin arttıradı.

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 91241

ISBN 978-9943-5747-4-8

T 9

© «Qaraqalpaqstan», 1997, 2019.
© Qaraqalpaq xalıq ertekleri, 1997, 2019.

## QÍYALÍY ERTEKLER

### ABAT BATÍR

Burıngı ótken zamanda tórt adam joldas bolıptı. Birewinin jeti jılǵı jansızǵa jan beretuǵın, ekinshisiniń bir aqshamda, bir qalanı salıp shıǵatuǵın, úshinshisiniń bir qalanı ekinshi qalaǵa kóshiretuǵın óneri bolıptı, al tórtinshisi júrekli batır boladı. Onıń atı Abat eken. Tórtewi jám bolıp, joldas bolıp ketip baratırsa, bir toǵaydıń ishinde jatqan súyekti kóredi. Abat batır ólige jan beriwshige:

— Qáne jeti jılǵı jansızǵa jan beremen deytuǵın ediń, mına jatqan súyekti tirilt! — deydi.

— Joq bul jerde káramatımdı sınap ne qılasań, kerekli jerinde kórsetemen ǵoy, — deydi. Abat batır onıń aytqanın qılmay, qolına qılıshın alıp shawıp taslayman dep qorqıtıp, onı sol súyekti tiriltiwge qayıl etedi. Janındaǵı eki joldası zikir saladı, adam tiriltetuǵın duwa oqıydı. Bir maydannan keyin súyekte bir haywannıń súlderi túsedi. Oqıǵan duwasın qoyıp:

— Boldı ma? — deydi.

— Joq, bul qanday haywan eken túrin kórset? — deydi Abat batır. Bul jolbarıs bolıp shıǵadı.

— Endi bolar keteǵoyayıq, — deydi jan beriwshi adam. Sonda Abat batır:

— Joq bul quraqım túrin kórsetkennen keyin tiriltip jiberiw kerek — deydi. Jáne zikirin salıp duwasın oqıydı. Birazdan keyin jolbarısqa jan kirip «háw» degen waqıtta bular tum-tusqa basın alıp qashadı. Bir waqıtları

Abat batır júregin basıp, joldaslarımdı tawıp alayın, dep keynine qaytıp kelse, úsh joldası hám joq, jolbarıs hám joq. Qıyqıwlap shaqırıp edi, hesh jerden ses shıqpadı. Bunnan keyin Abat batır basınıń awǵan jaǵına qaray kete beredi. Neshshe kúnler jol júrip, ásh-áptada bolıp, qarıw-jaraǵın arqalap, óldim-taldım degende bir qalalıqqa ushıraydı. Bul qalalıq ne qalalıq eken dep aralap júrse, ishinde hesh adam joq, búlingen zatlardı kóredi. Sóytip júrip qalanıń shetinde tigiwli turǵan qara úydi kóredi. Esiktiń aldında bir qara tulpar tanaptan aylanıp baylawda tur. Bul úyde qanday jan, qanday maqluq bar eken, bileyin dep Abat batır ańlıydı. Bir qızdıń kirip-shıǵıp júrgenin kóredi. Bul qız maydanǵa shıǵıp, atqa ot jemin berip, bir ózi sol úyde jasaydı eken. Abat batır úsh kúnge shekem ańlıydı. Hesh erkek adam kórmeydi. «Ne sebep bir ózi bir úyde jasaydı eken, bunıń bir sebebi bar shıǵar» dep tún ishinde esiginiń aldına baradı. Esikten qarasa, eki shıranı jaǵıp qoyıp, káttiń ústinde uyqılap atırǵan qızǵa kózi túsedi. Oń jaqta iliwli turǵan er adamnıń kiyimin kóredi, bas ushında qıstırıwlı turǵan úlken aynanı kóredi. Abat batır qolındaǵı qılıshtı qınapqa saladı da, táwekel úyge kirip kóreyin dep, úyge kiredi de, ján-jaǵına qarasa janlı maqluq joq, uyqılap atırǵan qızdı bas salıp uslaydı. Qız shorshıp oyanadı da, úsh retke shekem jiber dep baqıradı. Abat batır jibermeydi. Sonnan soń qız «ózimdi saǵan baǵısh ettim» deydi, sol waqıtta Abat batır qızdı jiberedi. Qız ózinen basqa adamdı birinshi ret kóriwi eken, ol Abatqa qarap:

— Aynada kórgenim ıras eken ǵoy, — deydi. Sol waqıtta Abat batır qıstırıwlı turǵan erkektiń kiyimin kórip:

— Mınaw kimniń kiyimi? — dep soraydı qáwipsinip. Sol waqıtta qız

— Sen tıńla, men basımnan ótken ómir bayanımdı aytayın. Erte waqıtlarda usı qalanı jaw shapqan eken Sonda eki-úsh jasımda ekenmen. Eki-úsh jasımda jawdıń shapqanın sezip, qorıqqanımnan qazıwlı oshaqtıń ishine kirip qalǵan ekenmen. Jaw bul qaladaǵı adamlardı qırıp-joyıp kóshirip, alıp ketken eken. Sol kóshke ere almay mına qotır qara tay bul da qalıp qoyǵan. Jaw ketkennen keyin oshaqtan shıǵıp, tay maǵan es bolıp, men tayǵa es bolıp, qalǵan-qutqan dánlerdi shóplestirip, kámalǵa keldik. Esimdi tanıp, adam bolǵannan keyin mına úydi tigip aldım. Mına bir jigittiń kiyimin, bir nashardıń kiyimin jáne mına bir aynanı taptım. Usı jigittiń kiyimin kiyip, aynaǵa qarap, há jigit degen usınday boladı eken ǵoy, dep esime túsiretuǵın edim. Sol aynadaǵı kórgen jigitim dál seniń óziń eken-aw, dep hayran qalǵanım sol edi, — dep dárriw kátten tústi de, erkek kiyimin kiyip Abat ekewi aynaǵa qarastı. Qarasa, Abat batır óziniń qaysısı ekenin ayıra almay qaldı. Áne ekewi sol jerde qosılıp, erli-zayıplı bolıp jasay berdi. Qara tulpardı da Abat batırǵa baǵısh etti. Qızdıń batırǵa kewli toldı. Bir kúni Abat batır:

— Endi qosshım, qarap jatpayıq, tirishilik eteyik — dep qalanı aralap júrip, er júwen tawıp aldı. Qara atqa er-júwendi salıp, ań awlap keletuǵın boldı. Sóytip kún ótkere berdi. Kúnlerde bir kún qız Abat batırdan:

— Seniń dúnyada eń jaqın dostıń bar ma? — dep soradı. Abat batır:

— Bar bolǵanda qanday, dostım bar, — dedi.

— Sol doslarıńnıń qanday óneri bar? — dep soradı qız.

Birewi jeti jıllıq jansızǵa jan beredi, birewi bir qalanı ekinshi qalaǵa kóshiredi, birewi bir aqshamda bir qalanı saladı — dedi.

— Al ózińniń qanday óneriń bar? — dedi qız.

— Ózimniń ónerim, polat sawıtım bolsa, qaraǵay saplı nayzam bolsa, qara tulpar atım bolsa, bir patshalıqtıń láshkerine qarsı turǵanday kúshim bar — dedi.

— Endi sol doslarıńnan ne qılıp ayrılıp qaldıń? — dedi. Abat batır basınan ótken waqıyalardıń bárin bayan etti. Qız bul sózlerdi esinde qaldırdı da, burınǵısınsha turmısın dawam ete berdi.

Sol qalanıń túbinen dárya aǵıp turadı eken, sol dáryadan qız kúnde suw aladı eken. Bir kúni suwǵa shomılǵısı kelip, bir súńgip shıǵayın dep sheshinip suwǵa túsedi. Suwǵa túsip súńgigennen bir aǵash ıǵıp keledi de, bir shaqası qızdıń shashınıń bir burımınıń úshten birisin alıp ketedi. Qız suwdan shıǵadı da, «usı aǵash ıǵıp barıp Qısıraw patshaǵa tap bolıp, shashımdı kórip ashıq bolıp, dáryanı jaǵalap izlep kelip, batırıma jaman is bolmasa bolar edi» dep oylaydı. Jaman is bolıwdıń sebebi, qızdıń shashı gáwhárday kún menen shaǵılısar edi. Usı dáryanıń ayaǵında elin shapqan Qısıraw patsha bar edi. Dáryaǵa tayaqtı salıp, ne nárse bolsa da bárin tekserip ótkerer edi.

Haqıyqatında da qızdıń oyı durıs shıǵadı. Aǵash ıǵıp kete beredi. Ketip Qısraw patshasınıń kópirine tirelip, bunı baǵıp otırǵan jálladlar sezedi. Kún menen shaǵılısıp turǵan bir zattı kóredi. Alıp qarasa, aǵashqa ilinip turǵan adamnıń shashı. Bul shashtı alıp patshaǵa baradı. Patsha shashtıń iyesine ashıq boladı.

Sol elde bir mástan kempir bar edi. Ol jeti jurttıń tilin biler edi. Patsha sıyqırlıq penen qay patshada

nenińbolıp atırǵanın biler edi. Patsha mástan kempirdi keltiriń deydi. Mástan kempirdiń aldına qızdıń shashın qoyıp:

— Bul ne shash? Qayaqta boladı, usını bilip bereseń? — dedi. Mástan kempir aldına qoyǵannan:

— Bul qızdıń shashı, biraq saǵan aldırmaydı, — dedi.

— Qırıq mıń láshkerim bar, nege aldırmaydı maǵan! Bunıń qayda ekenin maǵan túsindiriń? — dedi. Mástan kempir onnan soń ayttı:

— Bayaǵı ózińniń shawıp kelgen qalańda úsh jasar qız hám bir qotır jaman tay qalıp edi. Sol qız bıyıl kámalǵa kelip, qotır tay hám kámalǵa kelip, tulpar bolıp edi. Altı ay boldı, sol qızǵa adasıp Abat batır degen tap boldı. Sol batırǵa ózin baǵısh etti. Qız ıssılap kelip, suwǵa shomılǵan da, shashın aǵash alıp ketip, saǵan tap bolǵan ǵoy. Sen bul qızdı kúsh penen ala almaysań. Abat batır seksen mıń láshkerińdi de joq etedi. Bunı alsań hiyle menen alasań — dedi.

— Onda sen óziń alıp bereseń be? — dedi.

— Jeti lágen altın bereseń, Abat batırdı óltirip, qızdı aldına ákelip beremen, — dedi. Ǵáziyneden jeti lágen altın berdi. Mástan kempir qızǵa talap etpekshi bolıp:

— Maǵan bes júz nóker, júrgish keme hám adam ishkennen óle qalatuǵın uw bereseń — dedi. Patsha barlıǵın tayın etti. Mástan kempir kemeni minip alıp, júrip ketti. Neshshe kúnler jol júrip, Abat batırdıń sháhárine keldi. Toǵaydıń ishine kemesin tartıp, nókerlerin sol jerge taslap, kún batqannan keyin Abat batırdıń sháháriniń qaptalınan bes júz nókerdi alıp ótti. Uzaqtan aylandırıp ákelip nókerlerdi kemege jiberdi.

Mástan kempir tań atqansha sol jerde bolıp, tań atqan soń qumnan adamnıń qábirin islep, sheńgel menen qorshap, basına tayaq qıstırıp qoydı da, qolına shıbıǵın alıp otıra beredi. Azanda tań atqannan soń Abat batır kúndegi kárin qılıp, ańǵa shıqtı. Ańǵa shıǵıp baratırsa, qalanıń kún batıs jaǵında kóp láshkerdiń izine kózi tústi. Izge túsip kete beredi. Aldında bir kempir qábirdiń basın da shıbıǵın qolına alıp way-wayın salıp, jer toqpaqlap jılap otırǵanın kórdi. Kempirge kelip, sálemin berip, kempirden awhal soradı. Kempir awhalın ayttı:

— Biziń el búlinip kóshken el edi, mına iz biziń búlingen eldiń izi. Jalǵız balam bar edi, sol balam awırıw edi, usı jerge kelgende táǵdir boldı. Sonıń súyegin taslap kete almay baǵıp otırman — dedi kempir.

— Bárekella, kempir saǵan obal bolǵan eken, biziń úy usı jerde, maǵan kempir bolasań ba? Kúnde balańdı kórip turasań. Bizdegi kelinińe es bolasań, — dedi.

— Óybey shıraǵım, kempir bolayın, — dedi. Mástanǵa da keregi sol edi. Kempirdi alıp úyine bardı. Hayalına barıp: — saǵan es bolatuǵın kempir tawıp ákeldim, — dedi Qız kempirdiń betine bir qaradı da aqıllı qız sezdi:

— Tawıpsań mástandı! — dedi. Kempir bozlap jıladı. — mende mástanlıq ne jesin, jádigóylik ne jesin, jalǵızımnan ayrılǵan qara qasqaman, — dep, jorta jıladı. Sonda Abat batır:

— Ne ózińniń aytıp otırǵanıń. Kempirdiń qolınan ne keletuǵın edi. Ekewmiz otırǵannan úshewmiz otırayıq — dedi de, kempirdi úyine taslap, Abat batır ań awlawǵa ketti. Kempir úyinde bola berdi. Kempir qızdıń oń jaǵına shıǵıp, tap apasınday bolıp bawırına kirip qızdı eritti. Qız buǵan inandı. Inanıp barlıq qazan-tabaq erikti kempirge berdi. Birew ulınday, birew qızınday bolıp kempirge isendi.

Bir kúnleri Abat batır ańǵa ketpey qaldı. Dem alıp jataman dep, úyinde boldı.

— Óybey shıraǵım, tumawratqan shıǵarsań, ashshı qılıp awqat pisirip bereyin, terleseń jazılıp keteseń — dep kempir tamaq astı. Ishine burısh saldım, dep Abatqa beretuǵın tamaqqa uw saldı. Abatqa tamaǵın berdi. Kúndegi birge ishetuǵın qızdı «nawqastıń tamaǵınan ishseń terlemey qaladı, ekewimiz birge isheyik» dep kempir menen qız birge ishti. Abat batır tamaqtan bir urtlap:

— Kempir, ashshı ǵoy — dedi.

— Shıraǵım, burıshtı ashshı saldım. Kózińdi jumıp ishe ber. Abat bir búyirlep otırıp tamaqtı urıp aldı. Azıraq otırǵannan keyin buyıǵıp uyqısı keldi.

— Uyqım keldi, kempir — dedi.

— Uyqıń kelse, uyqılay-ǵoy jańaǵı burıshtıń nawqasqa tiygeni, — dep dastıǵın salıp berdi. Batır qurıldap uyqıǵa ketti. Kempir ayqara shekpenin japtı. Batır áweli qurıldı, keyin pıshıldı, bir maydanda keyin tım-tırıs boldı. Anıq ólgenin kempir bildi.

— Batır shın uyqıǵa ketti shıraǵım, ekewimiz suwǵa barıp qaytayıq, aǵın suwdı kórip turǵan jaqsı boladı. Kewliń kóterilip, zeyniń ashıladı. Sáwirlep, samallap qaytayıq?! — dedi Abattıń hayalına.

— Yaqshı, mama, boladı, — dep ekewi suwǵa ketti.
— Mástan dáryanıń boyına barıp, suwın alıp, ári-beri sáwirlep júrip:

— Shıraǵım, ekewimiz bir-birden súńgip shıǵayıq, — dedi. Qız yaqshı dep suwǵa tústi.

— Bul quraqım suwǵa tústik ǵoy, qalaq oynayıq, — dep kempir qızdı suwdan shıǵarmadı. Qız ári-beri shıǵaman degenshe, kempir nókerlerin shaqırdı. Nókerler

tayın boldı. Qızdı suwdan shığarmay uslap alıp, kiyindirip kemege salıp, Qısıraw patshağa tarttı. Qız ári-beri jılap, batırım keledi dep úmit etti. Qara tulpar ushqan qustay edi, bul waqıtqa shekem jetetuğın edi-aw, mástan kempir bağanağı tamaqqa bir bále qıldı-aw degen oyğa keldi. Bul iske qayıl bolıp qız kete berdi. Neshshe kúnler jol júrip Qısraw patshanıń eline jetti. Qızdı patshanıń aldına ákeldi. Patsha qızdı kórip, ólermen ashıq bolıp:

— Bizge ózińdi bağısh eteseń?! — dedi.

— Patshayım, sizge arzım bar, — dedi. — Bir shártim bar, sol shártimdi orınlasań sağan ózimdi bağısh etemen, — dedi.

— Shártińdi ayt! Pitiremiz, — dedi patsha.

— Shártim, qalamń kún shığar jağına adam balasınıń aqılına uğras kelmestey bir sháhár saldırıp, bir aqshamda pitirteseń. Sol sháhárdi pitirgen adam, biz ákelgen mama hám úsh qızıń menen bir kún waqtı xoshlıq etemiz. Biz waqtı xoshlıq etken kúni kún batqannan keyin bir úyde shıra jandırmaysań. Bir adamdı dalağa shağarmaysań. Barlıq talabımdı orınlaysań. Onnan keyin nekemdi qıydırıp, ózimdi bağısh etemen, — dedi. Patsha:

— Ájep, — dedi. Qalağa «Kimde-kim bir túnde bir sháhár tikleytuğın bolsa patshanıń aldına kelsin, patshadan kerek zatın alsın» dep jar urdıradı. Bayağı Abattıń úsh dostı sol sháhárde edi. Bul jardı esitip, úsh dostı patshanıń aldına keldi. Bir túnde bir sháhár salıp shığatuğın ónerlerin ayttı. Patshadan kerekli zatın alıp, patshağa: «qaytadan jar urdırasań, kún batqannan keyin sháhárde jılt etken ot bolmasın sonda sháhár salıp shığamız» dedi. Patsha jar urdıradı. «Qalada jılt etken ot, qıymıldağan jan bolmasın. Kimde-kim tıńlamasa, ózi ólimdar, malı patshalıq!» dedi. Sol kúni keshte jayın

basladı. Qızda uyqı joq. Sol Abattıń úsh dostı tabılǵayda degen tileginde edi. Qız terezeden qarasa, neshshe mıń alaman jay salıp júrgen, jer kókke sıymaydı. Bunı kórip qız Abattıń doslarınıń tabılǵanın bilip quwanıshta boldı. Azanǵa shekem jaydı tayın etti. Qızdıń tilegi boyınsha jaydı pitkergen úsh jigit bir aqsham miyman boldı. Abattıń úsh dostınıń janına barıp tanıstı:

— Abat degen batırdı tanıysız ba? — deydi.

— Tanıymız.

— Men sol Abat batırdıń hayalı edim, mına mástan mama Abattı uwlap óltirip, meni mında ákeldi, — dedi. Bunnan keyin qız bir qalanı bir qalaǵa qosatuǵın adamǵa:

— Kóter qalanı! — dedi. Ol dalaǵa shıǵıp ketti. Bir waqıtta qattı dawıl turdı. Dawıl sháhárdi kóterdi. Bir mezgilleri dawıl tım-tırıs boldı.

— Ákelip qondırdım, — dedi jay kóteriwshi. Qız Abattıń úsh dostı menen maydanǵa shıqsa, tap úyiniń qasına qondırǵan eken. Qarap tursa shıńǵırıp aylanıp turǵan qara tulpardı kórdi. Tórtewi jám bolıp úyge barsa, Abat batır shekpenin bayaǵı ayqara jamılıwı menen jatır. Jeti jıllıq jansızǵa jan beretuǵınǵa:

— Oqı! — dedi. Ekewi zikir saldı, jan beriwshi duwasın oqıdı. Bir waqıtları Abat batırǵa jan endi, Abat batır:

— Kóp uyqılap ketippen-aw — dep ushıp ornınan turdı. Kózin ashıp qarasa, bayaǵı úsh dostın kórdi. Qushaqlasıp, jılasıp kórisip, «sizler qaydan júrsiz?» dedi. Olar bolǵan waqıyanıń hámmesin birim-birim aytıp berdi. Sol waqıtta Abat batır ólip tirilgenin bildi.

Abat batır dalaǵa shıǵıp qarasa aqılına uǵras kelmeytuǵın sháhárdi kórdi. Besewi sháhárge barıp, mástan kempirdiń jatqan jayınıń awzına Abattı qoyıp, qız ishkerige kirip kempirdi oyatıp, maydanǵa alıp shıqtı.

Mástan dalaǵa shıqsa, Abat batırdıń tirilip, qara tulpardıń baylawda turǵanın kórdi. Kempirdiń júregi jarılıp ketti. Kempirdi batır qılıshtan ótkerdi.

Bunnan keyin Abat batır patshanıń úsh qızın doslarına nekelep berip, tórtewi más bolıp sháhárde bola berdi.

Qısıraw patsha azanda turıp qarasa, sháhár túwe zat joq. Úsh qızı menen mástan kempir joq, alaman degen qız joq. Sháhárdi salǵan úsh jigit hám joq. Úshewinen kelgen bále ekenin sezip, sháhárdi kóterip ketkenin bilip, qırıq mıń láshkerlerin aydap, Abat batırǵa urısqa júris etti. Neshshe kúnler jol júrip, Abat batırdıń sháhárine kelip urıs ashtı. Bul urısta qırıq mıń láshker tamam bolıp, Qısıraw patshanı Abat batır uslap alıp, nıpqırt qıldı. Sol sháhárdiń adamları eline qaytıp qosılıp, Abat batır patsha bolıp máqsetine jetedi.

## QÍRAN

Burınǵı ótken zamanda bir patsha bolǵan eken, sol patshanıń jalǵız balası bolıptı. Sol jalǵız balaǵa óz aldına qala salıp, qasına 40 jigitin, sázende, baqsısın berip, zawqı-sapa máslikte qoyǵan eken.

Bir kúni jigit ákesine xabar jiberdi. «On jeti jasıma keldim, narday kúshime toldım, shikarǵa shıǵıp sayran eteyin desem astımda atım joq, belimde qamar, qolımda aq suńqar qusım joq» deydi. Patsha balasına jaw-jaraǵı menen baqqıda turǵan tulparın jiberedi. Patshalıǵına minásip tuǵırda turǵan aq sunqar qusın jiberedi. Jáw-jaraǵın asınıp, atın minip bala shikarǵa shıqtı. Shikarǵa shıǵıp baratırsa, aldınan bir maral qashtı. Maralǵa qusın jiberip edi, bir dawıl payda boldı, jer júzin qarańǵılıq basıp ketti. Maraldıń qayda ketkenin, qustıń qayda

ketkenin bilmey adasıp qaldı. Bir máhállerinde kúnniń júzi jılt etip ashılıp ketedi. Qarasa, úlken bir sháshmeniń qasında turǵanın kóredi. Buǵan at suwǵarıp qarap tursa, suwǵa túsip turǵan bir sulıwdıń sáwlesin kóredi. Ján-jaǵına qarasa, hesh jerde adam joq, bala sol sáwlege ashıq boladı. Atam usı qızdı maǵan tawıp alıp bermese, basımdı alıp keteyin degen shárt aytadı. Aq suńqardan ayrılıp atası salıp bergen qalaǵa qaytıp keledi. Qalasına kelgennen keyin atam suwda sáwlesin kórgen qızdı alıp bersin, bolmasa izlep ketemen dep xabar beredi. Atası «ol sáwlege ashıq bolmay-aq qoysın. Ol sáwlege biziń atamız da ashıq bolıp, tabalmay ketken. Onnan basqa qálegen qızın alıp beremen, usını aytıp barıń» dedi. Bala «usı qızdı alıp bermese, basımdı alıp ketemen» deydi. Patsha balasınıń anıq ketetuǵının bilip, qasına bes júz nóker beredi. Bala bes júz nókerdi ertip daǵıstanlıqta ketip baratırsa, kóp alamannıń bir adamnıń qolın baylap alıp baratırǵanın kóredi. Bala bul adamǵa janı ashıp, bunı baylawdan bosatayın dep oylaydı.

— Bosat adamıy zattı! — dedi ol. Patshanıń balası aytqan soń ne turıs, bosattı da jiberdi. Bosatıp jiberiwden ol kózden ǵayıp boldı. Bul Qıran degen edi. Bul adamnıń júyrikligi sonday, altı ayshılıq joldı bir atlap ketetuǵın edi.

Sonnan soń adamlar: — bul Qıran degen. Ol atańnıń jek kóretuǵın adamı edi, endi atańa ne dep baramız — dedi.

— Haw, onda men atama gúnakar bolıp, ádepsizlik is etippen ǵoy, endi atamnıń júzin tirishilikte kóre almaspan — dep qasındaǵı bes júz nókerdi eline qaytarıp jiberdi, al ózi daǵıstanlıqqa qarap, bas alıp kete berdi. Ketip baratırsa, bir tawdıń basında zińireyip turǵan up-uzın

bir adamdı kórdi. Bul adamdı kórip, bala qáwiplenip qashpaqshı boldı. Ol bádaybat dawısı menen baqırdı.

— Sen qashqan menen qutıla almaysań. Men seniń qıyametlik dostıńman, qorıqpay kele ber, — dedi. Abaylap qarasa, baǵanaǵı óziniń bosatqan adamı. Janına shaqırıp alıp, qushaqlasıp kórisip, qıyametlik dos boldı.

— Meniń atım Qıran degen. Ákeńniń belli dushpanı edim. Meni uslap alıp baratır edi, barǵanda óltiretuǵın edi, sen ólimnen qutqardıń— dep Qıran bolıp atırǵan jerine aparıp, ekewi sol jerde jasay berdi. Kúnlerden bir kún bala jatqanda gúrsinedi. Qıran ornınan ushıp turıp:

— «At kisnese, úyirin saǵınadı, er gúrsinse, elin saǵınadı» degen, seniń kewlińde ne maqsetiń bar, maǵan birme-bir bayan et, maqsetińe jetkerip elińe aman-esen qosayın — dedi. Bala óziniń kewlindegi ashıq bolǵan qızın ayttı.

— Ol ańsat ǵoy, búgin aqsham sol qızdı tabamız — dedi. Keshke shekem Qıran tawdıń basınan otınlardı jıynastıra berdi. Kún batıp, qarańǵı túskennen keyin:

— Men ketemen, sen mına otınlardı jaqtı qılıp jaǵıp otıra ber. Jaqtı qılıp otırmasań men adasıp ketemen. — dedi. Qıran perini izlep jolǵa tústi. Bul peri basqa eldiń patshasınıń kishkentay qızı edi, onı Qıran biletuǵın edi. Bul sol periniń patsha ákesine barmaqshı boldı. Patshanıń balası ottı jaǵıp otıra berdi. Tań atqansha patshanıń balası ottı jaǵıp, tań atıp kiyatırǵanda bala qalǵıp ketip, ot sónip qaldı. Shorshıp oyanıp, bala jalma-jan ottı jaqtı. Sol waqıtta Qıran jetip kelip:

— Uyqılap qalıpsan ǵoy bala, Záńgi patshasına shıǵıp ketken ekenmen, sonnan aylandım, — dedi. — Haw, Qıran aǵa, ákelgen qızıń qayda? — dedi.

Toqta inim, tań atsın, qızdı ákelip qoyıppan. Kóp kúttirip tań attı.

— Qıran aǵa, ákelgen qızıń qayda?— degende, Qıran kishkentay giltti shıǵarıp berdi.

— Atıńa min, mına jol menen kete ber. Ana tawdıń mushında bir jarqabaqqa bir sandıq ákelip qoyıppan, barıp sol sandıqtı ash. Ishinde bir kók kepter bar, sol kepter shın uyqıda jatır. Ayaq bawı bar, qolına mıqlap baylap al. Atıńnıń shılbırın hám beline mıqlı etip baylap al, sóytip tumsıǵına shertip jiber, oyanıp ketip aspanǵa alıp ushar, atıń tómen tartar, óler halǵa kelerseń, sol waqıtta men ákelgenim joq. Qıran aǵa ákeldi degeyseń — dedi. Bala atqa minip kete berdi. Tap Qırannıń aytqan jerine bardı. Barıp sandıqtı kórdi. Sandıqtı ashıp qarasa, kók kepterdiń jatqanın kórdi. Ayaǵınan mıqlı uslap, qolına baylap aldı. Attıń shılbırın hám beline baylap aldı. Sóytip tumsıǵınan shertip jiberdi. Kepter aspanǵa alıp ushtı, at jerge tarttı. Ayaǵı jerge tiymey, óler halǵa keldi.

— Men ákelgenim joq. Qıran aǵam ákeldi — dep bala baqırıp jiberdi. Kepter ushqanın qoydı.

— Seni Qıran aǵań ne ushın ákeldi? Júr Qıran aǵańa barayıq! — dedi. Kepter Qıranǵa keldi.

— Ne ushın meni ákeldiń? — dedi.

— Seni usı balaǵa táǵdirde qosqan eken, sol ushın ákeldim, — dedi.

— Onday bolsa tırnaǵıma qarap kóreyin, — dedi qız. Tırnaǵına qarap kórse, táǵdirde qosqan eken. Qızdıń tırnaǵına qaraytuǵını sonnan qalǵan eken.

— Qıran aǵa, seniki durıs eken, ózimdi baǵısh ettim, — dep ústindegi kebin taslap, bayaǵı sáwlede kóringen qız boldı. Úshewi sol tawdıń basında jasay berdi.

— Bir kúnleri bala túnde jatqanında ıńırsıp gúrsine berdi. Janında jatqan qostarı:

— Sen nege gúrsine bereseń, elińdi sağındıń ba? Ata-eneń barma? — deydi.

— Elim bolğanda qanday, men patshanıń balası edim, ata-enem bar — dedi.

— Onda elińe qaytayıq, — dedi qız.

— Qaytsaq qaytayıq, — dep ornınan ushıp-aq turdı. Atın ertlep jaw jarağın asına basladı.

— Qoy bunday biyádeplik etpe, tań atsın, qaynağadan juwap sorayıq. Ketetuğın joldı sorayıq, — dedi qız.

Balağa bul sóz maqul tústi. Tań attı. Qırannıń aldına barıp, eline qaytuwğa ruqsat soradı Qıran ruqsat etti.

— Qáne, Qıran ağa, joldı silte? — dedi bala.

— Mına jol menen kete ber. Neshshe kún jol júrgennen keyin jol eki ayrılar. Eki ayrılğan jerde jazıw bar. «Tóte, tóte de bolsa aylanısh» degen, birewi «aylanısh, aylanısh ta bolsa tóte» degen «Aylanıshta bolsa tóte» degen joldan júrgeyseń, «tóte de bolsa aylanısh» degen jol menen júrmegeyseń, — dedi. Ruqsatın berdi. Ekewi qayta berdi. Neshshe kún jol júrgennen keyin bayağı joldıń eki ayrılğan jerine keldi. Kelip oqıp qarasa, bayağı Qırannıń aytqan xatı jazılıp turıptı. Xattı oqıp qaraydı da, «Tóte, tóte de bolsa aylanısh» degen jol menen ketpekshi boldı. Janındağı hayalı:

— Qaynağanıń aytqan jolı menen júr, bir bálege ushırap qalarmız, — dedi. Hayaldıń aytqanın tıńlamay, «Tóte, tóte de bolsa aylanısh» degen jolğa tústi. Neshshe mezgil jol júrgennen keyin bir qalalıqqa ushıradı. Qalanıń bir jağı taw, bir jağı teńiz, ushqan qus ótpes, janlı maqluq ótetuğın jeri joq.

— Áne aytpadım ba, qaynağanıń aytqanı ıras boldı. Atıńdı tart, keyin qaytayıq — dedi hayalı.

— Bul quraqım kelgen soń ishine kirip, ne barın bilip shığıw kerek. Sen attı uslap tura ber, men kiremen de shığaman, —dedi jigit, Ishke kirip qalanı aralap júrse, bul dáwdiń qalası eken. Dáwler bir jayğa qamalıp, másláhát qılıp otır eken. Jarağı jańlap ses berdi. Ishindegi jası kishkenesine: «Ishke adam keldi me deymen, kósheni aylanıp qayt!» — dedi. Aralap júrse, balanıń júrgenin kóredi. Qırğıy alğan shımshıqtay qılıp jigitti jelkesinen uslap alıp, dáwlerdiń kópshilik jerine apardı. Dáwlerdiń birewi ornınan turıp:

— Tósinen tilip jiberiń de, otqa pisire qoyıń! — dedi. Sonda úlkeni turıp ayttı:

— Pisirgen menen adamnıń awzı jarıy ma, aparıp zindanğa tasla! — dedi. Balanı ákelip zindanğa tasladı. Bala zindanda jata berdi. Bayağı Qıran qaraqshı meniń kerek jerim bolar dep, úsh túgin julıp bergen eken. Ol bir túgin aldı da, shaqımaqtı shağıp, otqa bastı. Qıran qaraqshı jetip kelip, zindannıń dógeregin aylanıp shawıp júrip:

— Barmısań? — dedi.

— Barman, — dedi. Qıran balanı zindannan shığarıp alıp, dáwler menen urıs etedi. Dáwlerdiń bárin óltirip qalanı ózine qaldıradı. Sonnan soń kelinin soraydı.

— Keliniń bağanağı dárwazanıń awzında qalıp edi, yadımnan shığıp ketipti-aw — dep dárwazanıń aldına izlep bardı. Barsa ol jerde joq. Ol bala kelmegennen keyin, «bul qolğa túsipti-aw — qaynağama barayın» dep Qırandı izlep ketken eken. Barsa qaynağası da joq. Ekewinen de ayrıldım ğoy, elimdi tabayın dep eline ketken edi. Qıran izlep ketti. Qız atasınıń eline barğan eken. «At minip kelipti, jaw-jaraq ilip kelipti» dep gileń periniń qızı juwırısıp kiyatırğannıń ústine Qıran


RESPUBLIKALI'Q MA'LIMLEME-RESURSLI'Q WORAYI'

barıp, qızdı at-patı menen ala qashtı. Periler qanatımdı dúzeymen quyrıǵımdı dúzeymen degenshe, qızdı alıp qaytadı. Qıran qızdı sháhárge ákelip, úshewi sol sháhárde bola beredi.

Bir kúni ekewi ań awlawǵa ketedi de, qız sháhárde qaladı. Bir kúni qız bul qalada ne bar eken dep sháhárdi aralaydı. Aralap bir jaydıń ishine kelse eki at baylawlı turıptı. «Bul janıwarǵa obal bolǵan eken, bulardı bostayın» — dep bosatıp, dalaǵa aydap shıǵadı. Dalaǵa shıqannan keyin atlar silkinip edi, birewi sarı dáw, birewi aq dáw boldı. Qızdı alıp eki dáw jónine ketti.Ekewi ańnan kelse qız joq. Attıń baylawlı turǵan jerine kelip, attı bosatqanın bildi.

— Bárekellá, mına jaydıń ishindegi eki dáw bar edi, sonı bosatıptı-aw. Endi izlew kerek — dedi. Qıran izlep ketti. Dúnyanıń jeti burıshın bir aqshamda aylanıp shıqtı. Hesh jerden qızdıń deregin tappadım — dedi.

— Qıran aǵa, ele de oylanıp qara, barmaǵan jerleriń bar shıǵar, — dedi. Qıran oylanıp otırıp:

— Mına teńizdiń ortasında bir ataw bar, basqasınıń bárine de bardım — dedi.

— Qıran aǵa, sol atawdı hám kórseń — dedi. Qıran oylanıp turıp:

— Suwǵa ámelim joq edidá, joqta bolsa bir táwekel kóreyin, — dedi. Erteńine Qıran atawǵa ketti. Óldim-taldım degende jetip, aylanıp qarap júrse, bir ılashıqtıń ishinde otırǵan kelinin kórdi. Kelinine qaydan keldiń, neǵıp keldiń dese, sóyley almadı, tek ımǵa túsinedi. Dáwler kelinin basqa tilde sóyley almaytuǵın qılıp ketken eken.

— Kelin saǵan aqıl aytayın, dáwler kelgennen keyin, oyaq-buyaǵına shıǵıp aldarqatıp, men óz tilimde hám

seniń tilińde sóyleytuǵın bolayın. Men qorıqtım, maǵan es bolsın, janıńızdı berip ketiń, dep sora — dedi Kelin yaqshı degendey basın qaǵıp isharat bildirdi. Qıran sol atawdıń bir shetinde kúni menen jasırınıp jattı. Dáwler kelgennen keyin:

— Sizler ketkennen keyin qorqaman, maǵan janıńızdı berip ketiń — dep soradı. Oǵan dáwler janların berip ketti.

— Janın alıp qaldıń ba? dedi

— Awa — dedi.

— Qáne? — dedi.

— Mine — dep janın kórsetti.

Janın berip ketse maǵan ber kelin? — dedi.

— Joq, bermeymen,

— Kóremende beremen, — dedi.

— Má, — dep janın berdi. Janın alıp tırnaǵına salıp qısıńqırap qoydı. Bir waqıtları:

— Meniń janıma azap berip atırǵan kim! — dep eki dáw jetip keldi. Qırandı kórip:

— Way-way, Qıran aǵa, sen be ediń? — dep jılap jiberdi.

— Biziń kelindi nege ákeldiń? — dedi.

— Seniń keliniń ekenin bilmedik, ne qıl deseń qılayıq, biraq janımızdı qolımızǵa ber? — dedi.

— Alǵan ornına jetker! — dedi. Dáwler kóterip, alǵan ornına ákeldi. Dáwler ruqsat soradı. Ruqsat bermedi.

— Usı qalanı kóterip, mına jigittiń atasınıń sháháriniń kún shıǵıs jaǵına qondırıp bereseń —dedi.

Ájep, dep turǵan jerinde sháhárdi kóterip, aytqan jerine qondırdı. Dáwler janın soradı. Janın berip dáwlerdi qaytarıp jiberdi.

Patsha azanda dalaǵa shıǵıp, kún shıǵar betke, kúnniń astına qarasa, adam balasınıń aqılına uǵras kelmestey

nağıslar menen oyılğan bir sháhár ornatılıp qalıptı. Bul ne qılğan sháhár eken dep, elinde bir mástan mama bar edi, sonı jumsadı. Bul mama sháhárge kelip aylanıp júrse hesh adam joq, bir tigiwli turğan úydi kórdi. Úydiń esiginen qarasa, tórde uyqılap atırğan bir jas jigitti, oń jaqta iyretilip atırğan Qırandı kórdi. Mástan patshağa kelip, kórgen bilgenin ayttı. Patsha mástanğa:

— Sol iyretilip jatırğan adamdı qolğa túsirip bereseń be? — dedi.

— Túsirip bereyik. Ol ushın mağan ğáziynedegi uwdan bereseń — dedi. Mástan uwdı alıp, sol sháhárge barıp, úyge kirip bardı.

— Keliń, sheshe! — dedi qız.

— Kiyatırman shırağım, — dep qolındağı uwdı sewip jibereyin dep edi, qolın ergenektiń bawı ilip qalıp, sebeyin degen uwı oshaqqa tógildi. Sol waqıta bir tamshı uw qızdıń betine tamıp ketip, sekirip túsip óletuğın halğa keldi. Usı waqıtta Qıran qızdıń óleyin dep atırğanın kórip, qızdıń betindegi uwdıń tamğan jerin sorıp taslay berdi. Sol waqıtta patshanıń balası oyanıp:

— Qıran ağa, óziń de óleyin dep júr ekenseń ğoy! — dedi.

— Olay emes, qosshım, bir kempir kelip uw shashıp, sonnan betine tamğan uwdı sorıp taslayın dep atırman, — dedi. Oğan bala inanbadı.

— Al onda biziń ketkenimiz — dep Qıran úyden shıqtı da ketip qaldı.

— Áne, aytpadım ba, qaynağa ketti. Endi ólim seniki. Anıq qıynalğan wağımda qanat-quyrığımdı dúzeymen de ushaman da ketemen, — dedi.

Usı waqıtları patsha qara tobın dúzetip, sháhárge oq attı. Oğı sháhárdiń paqsaların qulata basladı. Bala

sasqanınan janındaǵı Qıran bergen túginiń birewin otqa tútetip edi, kelmedi. Ekinshi ret tútetti. Sol waqıtta Qıran:

— Kelmeyin dep edim, qoymadıń ǵoy — dep jetip keldi. Bala Qırannan keshirim soradı. Qıran dalaǵa shıǵıp, bar aybat penen balanıń atasına:

— Men Qıranman, ashıwlansam qalanı jer menen jeksen etemen, — dep qıshqırdı. — Seniń jalǵız balańa hawızde kórgen sáwleni tawıp berip hám jańa sháhár salıp berip, saǵan qospaǵa keldim — dedi.

Balanıń atası oq atqanın toqtattı. Neshe nóker, jawjaraǵı menen Qırannıń qasına kelip, sálemlesip dos boldı. Balası menen kelinin kórip, kewli xosh boldı. Toy-tamasha berip, balasın taxqa otırǵızdı. Qırandı wázir etti. Ádil patsha, ádil wázir bolıp, dańqı xalıqqa jayılıp, muratmaqsetine jetti.

## AQQUWBAY PATSHA

Aquwbay patsha qaraqus penen urısıp, ústi-basınıń alba-dalbası shıǵıp, óldim-azarda bir kempir menen ǵarrınıń úyiniń shańıraǵına qus bolıp kelip qonadı. Kempir:

— Bizge quday jetkergen shıǵır, uslap alıp soyıp jeyik —deydi ǵarrısına. Sol waqıtta Aqquwbay:

— Meni soyǵan menen bir toyasań, onnansha meniń jaramdı tańıp kelege keltirseńiz, men sizlerdiń maqsetińizdi orınlayman — deydi. Ǵarrı Aqquwbaydı shańıraqqa alıp, jaraların emlep birneshe kún úyinde baǵadı. Aqquwbay jarası jazılıp kelgennen keyin:

— Al meni ushır, qay waqıtta meniń qaram úzilse, sol waqıtta meniń ushqan jaǵıma qaray izlep bara ber.

Ne kereginń bolsa tayın qılaman, — dedi Aqquwbay patsha ushıp ketedi.

Ǵarrı Aqquwbaydıń qarası úzilgennen keyin qolına hasasın alıp izlep kete beredi. Bir jerlerge barǵanda kóp jılqıǵa ushırasadı.

— Bul kimniń jılqısı? — deydi ǵarrı jılqıshıdan.

— Aqquwbay patshanıń jılqısı — deydi.

Ǵarrı aldına qaray júre berdi. Bir jerlerge kelgende aldınan kóp túyeler shıqtı.

— Bul túyeler kimniń túyesi? — deydi ǵarrı.

— Aqquwbay patshanıń túyeleri — deydi túyeshi. Ǵarrı taǵı kete beredi. Bir waqıtları aldınan qaplap jayılıp atırǵan qoylar shıǵadı.

— Bul kimniń qoyları? — deydi ǵarrı.

— Aqquwbay patshanıń qoyları — dep juwap beredi qoyshı.

Ǵarrı Aqquwbay patshanıń usınsha baylıǵın kórip, ań-tańı shıǵıp izlep júrip patshanıń úyin de tawıp aladı. Patsha ǵarrı menen kórisip, onı qattı sıylaydı. Ǵarrı tórt-bes kún qonaq bolǵannan keyin:

—Úyimde jalǵız edi, kempirim jalǵızsırap otırǵan shıǵar, ruqsat etseńiz úyime qaytayın — dep Aqquwbay patshadan juwap soraydı.

— Biraz jerden kelip edińiz, hesh bolmasa bir-eki ay bolıwıńız kerek edi, qaytsańız meniń izime eriń — dep ǵarrını ǵáziyne xanasına ertip aparadı. Altı jaydan ótip jetinshi jayǵa kiredi. Úlken bir sandıqtı ashıp, ishinen kishkene sandıqshanı alıp:

Ya dalada jayılıp júrgen mallarımdı al, ya usı sandıqshanı al, qálewińiz ózińdiki — deydi.

— Malǵa qaraytuǵın adam joq, onı aydap ta jetkere almaspan. Alıp júriwime qolaylı, usı sandıǵıńdı-aq bere ǵoy — deydi. Aqquwbay patsha sandıqtı berip turıp:

— Bul sandıqtıń bahası óristegi mal menen teńdey. Jolda ashıwshı bolma. Úyińe barıp ashqaysań— dep xosh alliyar aytısıp, ǵarrını jolǵa shıǵarıp saladı.

Áne, ǵarrı sol ketisten ketip, bir jerlerge barǵanda «men ǵoy sonsha maldı bergende almay, usı kishkene sandıqtı aldım. Bunıń ishinde ne bar eken, ózi bolsa jep jeńil, kóp uzaqlamay usı alańlıqta ashıp kóreyin» dep oylaydı. — Ǵarrı sandıqtı ashıp jiberip edi, ishinen qara qurımday mal shıǵıp tum-tusqa órip kete beredi. Ǵarrınıń ań-tańı shıǵıp, hár qaysısına bir juwırıp hesh qaysısın uslay almay otırǵanınıń ústine bir qara qus ushıp kelip «ya malıńnan bez, ya balańnan bez» deydi ǵarrıǵa. «Yapırmay bala, usınsha maldan qalay bezemen, ózim bolsam dúnyaǵa shıǵıp jańa mallı bolıp atırman. Onnan qayta balamnan bezdim deydi, eki bastan úyimde jalǵız kempirimnen basqa balam joq, meniń nemdi aladı» dep oylaydı. Ǵarrı «bar, balamdı berdim» deydi qara qusqa. Sol waqıtta baǵanaǵı shıǵıp ketken mallardıń hámmesi sandıqtıń ishine qaytıp kiredi. Ǵarrı sandıǵın arqasına qaǵıp salıp úyine keledi.

Ǵarrı úyine barıwdan oń jeti jasar bala «biz ákemizdiń qarızına kettik» dep úyden kete beredi. Ǵarrı kempirinen:

— Bul kimniń balası? dep soraydı.

— Bay-boy mańlayım-ay, sen ele bilmeytuǵın ba ediń. Sen ketkende usı balaǵa jerik qalıp edim. Seniń ketkenińe de birtalay jıl bolıp qaldı. Sol ishimde qalǵan bala ǵoy, házir jigit bolıp qaldı, — deydi kempir.

— Ǵarrı úyinen juwırıp shıǵıp, balanıń artınan áriberi qıyquwlap shaqırıp edi, bala hesh qayırılmay kete beredi. Kempir menen ǵarrı mal-dúnyalı bola bersin, endigi sózdi baladan esitiń.

Bala sol ketisten ketip, bir jerlerge barǵanda dáryaǵa sholpı salıp otırǵan bir ǵarrıǵa jolıǵadı. Ǵarrıǵa táńir

sálemin berip, kiyatırǵan jumısın aytıp qara qus patshanıń elin soraydı.

— Balam, óziń bolsań jas jansań, ómiriń aldında, ózińdi ólimge baylap bergenshe, sonnan aman qalıwdıń jolın aytayın, — dedi.

— Aytsań ayt, qanday etsem ólimnen aman qutılaman? — dedi bala.

— Qaraqus patsha sonday dúwaxan adam. Onıń úsh qızı bar, eń kishi qızı ákesiniń bir duwa artıq biledi. Sen sol kishi qızın tawıp al, seni ólimnen bir qutqarsa sol qutqardı, — dep balaǵa qaraqus patshanıń elin siltep jiberedi. Bala qaraqus patshanıń kishi qızın tawıp alıp, kiyatırǵan jumısın aytadı.

— Ákemniń úsh shárti bar. Birinshi shárti: «esiginde baylawlı qara atı bar. Kelgen adamdı sol attı suwǵarıp kel dep jumsaydı». At aldına barsa tisleydi, artına barsa tebedi. Kelgen adamlardıń bári sol attan ólip atır. Al seni de sol atqa jumsaydı. Sol waqıtta sen úydiń oń jaq qaptalında jatqan úlken ay baltanı ala shıqqaysań. At tisleytuǵın bolsa, basına ur, tebetuǵın bolsa ayaǵına ur. Sonnan keyin at juwasıydı. Sol waqıtta attıń ústine minip al da, suwǵarıp kelip baylayǵoy. Ákemniń bir shárti sonıń menen pitedi. Ekinshi shártin qaytıp kelgennen keyin aytaman — dep qız balanı ákesi — qaraqus patshaǵa jiberedi. Bala patshanıń aldına barıp:

— Taqsır, ákem sizge bir bala qarızdar eken, soǵan kelgen balaman — deydi.

— Kelseń jaqsı bolıptı. Bar qorada qara at baylawlı tur. Sonı suwǵarıp kelip ornına baylap, ot sal, — deydi. Bala qızdıń, aytqanınday úydiń oń qaptalında jatırǵan baltanı ala shıǵıp, atqa baradı. At tisley bergende, basına balta menen salıp-salıp jiberedi. At tebiwge

aylanǵanda ayaǵına uradı. Bunnan keyin at juwasıydı. Bala ústine ǵarǵıp minip, suwǵarıp kelip, aldına ot salıp patshanıń aldına baradı.

— Attı suwǵarıp kelip ornına bayladım — deydi bala. Qaraqus patsha balanıń aman qalǵanına hayran qaladı.

— Endi bir túnniń ishinde dáryaǵa kópir salıp bereseń. Kópirdiń hesh jerinde min bolmasın. Bir shetinen jumalatqan mayek, ekinshi jerine irkilmey jetetuǵın bolsın. Eger bir jerinen min tabılsa, ólim jazasına buyırılasań — deydi patsha balaǵa.

Bala patshanıń kishi qızına kelip, ákesiniń buyrıǵın aytadı.

— Sen bul ushın qıynalma. Bul jumıs seniń qolıńnan kelmeydi. Men dáwperilerdi shaqırıp bir túnniń ishinde kópirdi tayın etemen. Sen azan menen barıp kópirdiń basında tura ber. Azanda ákem kelip, kópirdi qabıl eter — deydi. Bala qızdıń úyinde jata bersin, qız barlıq dáwperilerdi shaqırıp, túni menen kópirdi salıwǵa kirisedi. Kóziń jaqsılıq kórsin, azanda músindey kópir payda boladı. Bala erte turıp, kópirdiń basında patshanı kútip otıra beredi. Bir waqıtları patsha qasında bes-altı adamı bar, kópirdiń ol jaǵına bir shıǵıp, bul jaǵına bir shıǵıp qaraydı, hesh jerinen min tabalmaydı. Máyek jumalatıp kóredi hesh jerde irkilmesten jumalap óte beredi. Qaraqus patsha kópirdi qabıl etti. Biraq bul istiń bári kishi qızınıń tárepinen islenip otırǵanın biledi.

Qaraqus patsha balanı erteńine shaqırıp alıp:

— Meniń úsh qızım bar, úshewin kepter qılıp aldıńa jiberemen. Kishi qızımdı uslasań aman qalasań hám sol qızımdı beremen, al úlken qızımnıń birewin uslasań, ólim jazasına buyırılasań — deydi. Bala patshanıń kishi qızına kelip, ákesiniń aytqan shártin aytadı.

— Erteń bizlerdi kepter etip jibergende, bir-birimizdi ayırıp alıwıń qıyın boladı. Sol waqıtta men qasımdağı eki kepterdi shoqıy beremen, sonda meni uslarsań — deydi. Patsha erteńine balanı aldına shaqırıp, úsh qızın úsh kepter etip jiberedi de, «kishi qızımdı uslap ber» deydi. Kishi qızı qasındağı eki kepterdi shoqıy beredi. Bala shoqığan kepterdi uslap beredi. Bunnan keyin úsh qızın úsh tawıq etip jiberedi. Kishi qızı qasındağı tawıqlardı shoqıydı. Bala shoqığan tawıqtı uslaydı. Sol jerede patsha kishi qızın balağa beredi. Qız úyine kelgennen keyin balağa aytadı:

— Ákemniń júyrik eki atı bar, men sonı alıp kelemen. Ekewmiz eki atqa minip elińe qashayıq, bul jerde bolsaq sağan bir zaqım bolıp júrer, — deydi. Bala da kelisim beredi.

Bir kúni túnde qız ákesiniń eki atın urlap ákelip, ekewi eki atqa minip qashadı. Qaraqus patsha bulardıń qashqanın bilip, izinen qaraqus bolıp quwadı. Endi jettim degende ekewi eki kepter bolıp qashadı. Qaraqus patsha lashın bolıp quwadı. Bular eki úyrek bolıp qashadı. Endi jettim degende, ekewi góne tam bolıp tura qaladı. Qaraqus patsha bir-eki ret aylanıp ushıp ári-beri jalınadı, bular góne tam bolıp tura beredi. Bunnan keyin Qaraqus patsha «al men kettim» dep qublağa qaray ushıp ketedi. Bular da adam súwretine enip, atlarına minip, balanıń úyine keledi. Kempir menen ğarrı balasınıń aman kelgenine hám kelinli bolğanına úlken toy berip, murat-maqsetine jetedi.

## MASHAQATLÍ TURMÍS KESHIRGEN JIGIT

Eki jigit talap islew ushın sawdagerlerge erip jol júrip ketedi. Bir jerlerge barğanda, birewi óz aldına

ketedi de, birewi sawdagerge erip, ekewi eki jaqqa ketedi. Bir ózi ketken jigit bir neshshe kún jol júrip bir awılǵa kelse, qıbırlaǵan jan joq, barlıq jay-múlik, dúniya-mal iyesiz qalǵan. Nede bolsa bir úyge kireyin dep, úlken bir otawǵa kirse, úyde adam joq, ján-jaǵına qarasa, bir qızdıń tórdegi qosbawdıń ústinde otırǵanın kórip:

— Há, ne qılıp otırsań? — deydi.

— Way nesin soraysań, meni túsirip al, onnan keyin nege otırǵanımdı aytaman, — dedi. Jigit qızdı qushaqlap jerge túsirip bolıp, otırǵan sebebin soradı:

— Hár dayım eldi áydarha jutatuǵın edi, men sonda usı qosbawdıń ústine shıǵıp, aman qalatuǵın edim. Keshe elimizdi áydarha jutıp, men usı jerde otırıp aman qaldım. Meniń otırǵan sebebim usı — dedi qız. «Onda sen maǵan tiyeseń be» — dedi jigit. «Tiyeyin» dedi qız. Jigit bir dizesin múpti qıldı, bir dizesin qazı qılıp nekesin qıyıp, hayal etip aldı. Sonnan keyin hayal turıp ayttı:

— Qáne, seniń elatıń bar ma, bul eldi bolsa áydarha jutıp ketti. Mınaw patshalıq jay, dúnya múlikke iyelik etetuǵın adam kerek. Eliń bolsa, usı jerge kóshirip kel — dedi.

— Elim bar, biraq elim ash-áptada turadı. Júdá bárekella, kóshirip keleyin, — dep jigit elin kóshirip keliw ushın eline ketti. Bir domalaq altın alıp, eline barıp kóshirip kelip, elin tegis ornalastırdı. Jigit sol elge patsha saylap, jigit patsha bolıp jata berdi.

Endigi sózdi bayaǵı joldas jigitinen esitiń. Ol jigit te bayaǵı sawdagerge erip barıp bir qalaǵa jetedi. Sol jerde talap islep, aqsha tawıp, sebetke salıp nan satıp, qurǵınlasa baslaydı. Kem-kemnen bayıp, hayal alıp, dúkan ashıp, belgili bay adam boladı.

Bir kúni sol elge bir diywana sayıl barıp, dúkan ashıp turǵan jigitten qayır soraydı. Jigit qayırın berip

turıp, bul bir el gezgen sayıl adam eken, men bayaǵı joldasımdı sorayın, bilmese bir gezleskende aytar dep, jigit diywana sayıldıń qolına jup teńge berip, dostı, jorasın soradı. Biraq diywana onday adam kórmegenin aytadı. «Onday bolsa, sen bir el gezgen adamsań, birde bolmasa, birde ushırasıp qalasań, meniń amanlıǵımdı ayıt. Usınday qurǵınlı bay boldı degeyseń. Eger kún kórisi jaman bolsa, maǵan kelip kereginshe kelip zat alıp ketsin» dep jorasınıń túrin-túsin aytıp jiberedi.

Diywanada turıs barma, huw-haq dep kete berdi. Aradan bir neshe kúnler ótkende sayıl bir patshalıq elatqa baradı. Bul bayaǵı patsha bolǵan jigittiń eli edi. Diywana turıp oylanadı, men nede bolsa bir kún patshanıń úyine barıp qonayın degen oyǵa keledi. Sóytip patshanıń úyine barıp, sol kún qonaq boladı. Keshte áńgimeden áńgime shıǵıp, diywana bayaǵı jigittiń áńgimesin aytıp beredi. Sol waqıta patsha bul bayaǵı meniń dostım eken, bul diywana sol elge jáne aylanıp bir baradı ǵoy. Usıdan sálem aytıp jibereyin dep oylap, óziniń patshalıq dárejesine jetkenin aytıp, qıdırıp kelsin degen xabar aytıp jiberedi.

Aradan neshshe kúnler ótkende, diywana sayıl dúkanshı jigittiń eline barıp, dostınıń xabarın aytadı. «Bárekella, men dúkan uslap bayıǵan bolsam, ol mennen de zor patsha bolǵan eken ǵoy. Qoy bolmas, sol dostımnıń patshalıq etken elin kórip qaytayın» dep bir kúnleri jorasınıń úyine qıdırıp keledi. Ekewi apaq-shapaq kórisip, jay-jaǵday sorasadı. Sóytip jorasınıń úyinde bir hápte bolıp, eline qaytıwǵa ruqsat soraydı. Patsha jorasın shıǵarıp salıp, ayrılısar jerinde qıdırıp kelgen dostı patshaǵa bılay deydi:

— Úyińde bir hápte boldım, sıyladıń raxmet. Patshalıǵıńa da shegim joq, biraq seniń bir ǵana kemshiligiń bar eken, — deydi.

— Ol qanday, aytıp ketińiz? Qoldan kelse dúzeymiz — deydi patsha.

— Seniń hayalıń áydarha eken. Hár dayım qala tolısqanda jutadı eken. Sen usı hayalıń áydarha ekenligin mınadan bil: keshte barǵannan keyin mánisim joq, awırıp keldim, túnde shóllegende ishermen dep bas ushına bir tabaq suw ákelip qoydır da, óziń uyıqlaǵan adam bolıp pırıldap uyıqlap qal. Seni ábden uyqıǵa ketti-aw degende, sol suwdı iytshilep shalpıldatıp iship qoyar, áne onıń bir belgisin usınnan bilerseń. Ekinshiden, erteń elińnen alpıs bir sheber usta jıynap, jeńil arba soqtır, Hayalıń bunı nege soqtırıp atırsań dep sorar, sonda sen keshe dostım kelgende úyine mirát qılıp toyǵa shaqırıp ketti. Soǵan ekewmiz baramız degeyseń. Ol jıyındı jaqsı kóredi, quwanǵanınan shaqalaqlap kúlipte jiberer. Sonnan keyin arbanıń ishine otırǵızıp kele bererseń. Ol shólge shıdamaydı, bir jerlerge kelgende shóllep suw sorar, sen áne jetemiz mine jetemiz, áne suw dep bir úlken tawlıqqa jeterseń, sol waqıtta aldıńnan qattı dawıl eser. Sen arbadaǵı attıń tamaqsasın kesip jiber de arbanı awdarıp, attı minip tuwra qashqaysań, sol mezgilde shólge shıdamay qaq ayrılıp óler. Bir qutılsań, usınday jol menen qutılasań. Patsha xosh alliyar aytısıp úyine kelip hayalına «at qaqtı boldım ba, mánisim qashıp keldi. Maǵan tósek salıp ber, bas ushıma bir tabaq suw qoy, túnde shóllegenimde ishermen» dep jatıp qaldı. Tún jarpı waqtında hayal tabaqtaǵı suwdı iytshilep shalpıldatıp ishedi de, jatıp qaladı. Patsha azanda alpıs bir usta aldırıp, jeńil arba soǵasań dep buyrıq berip jiberedi. Patshadan hámir bolǵansoń turıs bar ma, sol kúni arbanı tayın etedi. Hayalın arbaǵa mingizip alıp, attı jegip jolǵa túsip kete beredi. Biraz jerlerge barǵanda,

alıp shıqqan suwın da tawsıp, hayal qattı shólleydi. Ishetuǵın suw soraydı. Patsha áne jetemiz, mine jetemiz dep bir tawdıń etegine aparadı. Usı waqıtları qattı dawıl turadı. Patsha tamaqsanı kesip jiberedi de, atın mine sala artına qaramay shawıp ótá ketedi. Áydarha hayal sol jerde bir aqırǵanda qaq ayrılıp ólip qaladı. Patsha hayalınıń sesti basılǵannan keyin aylanıp barsa, ólip atırǵanın kóredi. Áydarhanıń sırtqı qayısın tilip alıp, beline baylaydı da, endi sennen qutılǵan shıǵarman dep keynine qaytıp, patshalıq taxtına otıradı.

Patsha kelgennen keyin endi jarlınıń da qızın almayın, baydıń, patshanıń da qızın almayın, bir diywana sayıldıń qızın alayın dep ózine ózi shárt etedi. Bir kúni patsha kóldiń boyında sholpı salıp kúnletip otırǵan bir ǵarrınıń qızınıń xabarın esitip, ayttırıp alıp keldi. Bir neshshe kúnen keyin ay kúni pitip, hayalı qız tuwadı. Qız on bes jasına jetken de bir túnniń ishinde joq bolıp shıǵadı. Perzent degende kórgen jalǵız qızı joq bolıp ketkennen keyin patsha qattı qapa bolıp, tum-tusqa soraw salıp, adam jiberedi. Hesh jerden kórdim-bildim degen xabar alalmaydı. Barmaǵan el, baspaǵan taw qalmaydı, hesh jerde qız joq. Patsha barlıq wázirlerin shaqırıp alıp «biz barmaǵan qanday, el biz kórmegen qanday adam qaldı»? — dep soraydı. Jıynalǵan adamlardıń ishinen birewi «shólistanlıqta ań awlap, mákan tutqan bir mergen adam bar, tek ǵana sol qaldı, máǵár bolsa, bir bilse siziń qızıńızdı sol biler» — dedi. Patsha bir wázirin jiberip, sol mergendi aldırdı. Patsha mergennen qızınıń xabarın soradı.

— Taqsır, siziń qızıńızdı kórmedim. Biraq, kóziń menen kórip, basıńnan keshkendi ayt deseńiz aytıp bereyin — dedi.

Patsha mergenge «kórgenińdi aytıp ber?» — dedi. Ol sózin baslaydı: — Meniń ómirim ańshılıq penen ótip kiyatır. Bir kúni bir qulandı atıp alıp, keshte kábap pisirip jep otır edim, adam kelbetli birew meniń qasıma kelip otıra berdi. Awqatımdı jep shamalasqan shaǵımda, jańaǵı kelgen izine qaray qaytıp toǵayǵa kirip joq boldı. Jalǵız ózim bolǵan soń qorqayın dedim. Atımnıń erturmanın alıp sulama seksewildiń ústine úydim de, ústine shapanımdı jawıp, bir jerge jasırınıp otıra berdim. Meniń otırǵanımdı bolsa kórip ketti, qalay bolmasın bir keledi ǵoy dep oyladım. Bir waqıtları tún ishinde atım dúsirdúsir etip, qulaǵın tikireytip qaqshıyıp turıp qaldı. Men de mıltıǵımdı qolıma alıp tayarlanıp otıra berdim. Baǵanaǵı kórgen nársem keldi de, shapanımdı jawıp qoyǵan seksewildi qapsıra qushaqladı. Sol waqıtta sıńsıǵan dawıs esitildi. Mıltıǵımdı gózedim de atıp jiberdim. Nede bolsa azanda kóreyin dep mıltıǵımdı basıma taslap jatıp qaldım. Tań attı. Azanda barsam, oq tiygen eken. Tırnaǵı bir qarıs bir nárse, tırnaǵı seksewilge kirip ketipti. Bul jez tırnaq degen ań eken. Taqsır, men usınday hádiyseni kórdim biraq siziń qızıńızdı hesh jerde kórmedim. Jáne kórgenińdi ayt deseń, aytıp bereyin — deydi mergen. Patsha:

— Kórgenińdi ayt — dep aytıwǵa ruqsat etti.

— Bir kúni ań awlap kelip, keshte bir jerde atıp alǵan qulanımdı asıp otır edim, boyı bir tutam, shashı ayaǵın súyretilgen bir nashar kelip, ol da tamaǵın qazanına salıp ot jaǵıp otıra berdi. Men otırsam otıradı, tursam turadı. Qazannıń astına otın salsam, ol da qazannıń astına otın saladı. Bir waqıtları qazandaǵı awqatım pisip gúrtik iyledim, ol da gúrtik iyledi. Qazanǵa gúrtik saldım, ol da tamaǵın tabaǵına salıp, jey basladı.

Men ne islesem, ol da sonı islep, eki kózin menen ayırmadı. Nede bolsa usınnan burın jep bolıp, bunı atıp óltireyin degen oyǵa keldim. Men onnan bir gúrtik burın jep boldım da, mıltıǵımdı qolıma alıp atıp saldım. Sol jerde sespeten jan tapsırdı. Bul adam jeytuǵın albaslı degen maqluq eken. Taqsır, men usınday báleni kórdim, biraq siziń qızıńızdı kórmedim, jáne kórgeniń bolsa aytıp ber deseńiz aytıp bereyin — deydi mergen kórgenin aytıp beriwge jáne ruqsat etedi.

— Bir kúni ań awlap qaytıp kiyatırsam, bir aq jılan menen bir qara jılan ekewiniń urısıp atırǵanınıń ústinen shıqtım. Qara jılan aq jılanǵa zorlıq qılıp óltireyin dep atır eken. Aq jılandı atpay qara jılandı atıp edim, oǵım aq jılanǵa tiyip, sol jerde jan tapsırdı da, qara jılannıń arqasına úsh pıtıram darıp, aman qalıp qashıp ketti. Sol jerde úsh adam kelip «sen patshamızǵa jamanlı boldıń, aq jılan patshamızdıń hayalı edi, seni patshaǵa alıp baramız» — dep jerdiń astına qaray alıp ketti. Men jerdiń astına kirer jerde mıltıǵımdı sırtqa qoyıp kettim. Jańaǵı adamlar meni jerdiń astındaǵı jılan patshasınıń aldına alıp bardı. Patsha mennen aq jılandı atqanımnıń sebebin soradı. Men bolǵan hádiyseni aytıp berdim. «Onday bolsa sol qara jılandı tanıysań ba?» — dedi patsha. «Kórsem tanıyman» dedim patshaǵa. Kóziń jaqsılıq kórsin, bunnan keyin patsha jerdiń astındaǵı, ústindegi jılanlardıń hámmesin aldırıp birim-birim aldımnan ótkerdi. Ol jılanlardıń ishinen men kórgen qara jılan kórinbedi. «Bulardıń ishinde ol jılan joq» dedim patshaǵa. Onnan keyin jasawıl jılanların shaqırıp alıp, «biz aldırmaǵan qanday jılan qaldı?» dedi. Birewi turıp ayttı:

«Uzaqtaǵı atawda jeti jılan bar, tek sol qaldı» — dedi.

Patsha eki jasawıl jılanın jiberip, jeti jılandı aldırıp aldımnan ótkerdi Altı jılan ótip, jetinshi jılandı kórsettim. Meniń atqan qara jılanım sol eken. Arqasındaǵı darıǵan úslı pıtıramnıń ornı ele jazılmaǵan eken. Patsha qara jılandı uslap alıp, moynına buǵaw salıp asıp óltirdi.

Sonnan keyin patsha maǵan «seniń aybıń joq eken, ayıp qara jılanda eken» dep qolıma bir domalaq altın berip, jerdiń astınan ústine shıǵarıp jiberdi. Jerdiń ústine shıqqannan keyin bayaǵı qoyıp ketken mıltıǵımdı alayın dep barsam, mıltıǵımnıń tek súlderi jatır da, ózi kúl bolıp qalıptı. Meniń mıltıqsız kúnim bar ma, nede bolsa qolımdaǵı altınǵa bir mıltıq alayın dep bir sháhárge barsam, bir adam qolında bir mıltıǵı bar «kim bir domalaq altın berse, soǵan beremen» dep júr eken. Bir domalaq altınımdı berip, sol mıltıqtı aldım. Mıltıqlı bolǵannan keyin burınnan islep kiyatırǵan kásibim ańshılıq bolǵan soń jáne ań awlawǵa kirisip kettim.

Bir kúni mıltıǵımdı iynime salıp kiyatırsam, bir jolbarıs kóldiń ishinde úlken bir ılaqa menen alısıp atır eken. Bir waqıtları jolbarıs ılaqanı iyninen asırıp ılaqtırıp jiberedi. Ílaqa anaday jerge barıp dúris ete qaldı. Men de baltamdı qolıma alıp, ılaqanı shawıp óltirdim. Kóziń jaqsılıq kórsin, sol jerde soyıp alıp, jolbarıs penen awqat qılıp jata berdim. Bir kúni azanda qasımdaǵı jolbarıs zım-zıya joq bolıp shıqtı. Áne keledi, mine keledi menen sol kúni kelmegennen keyin erteńine izlep tawıp alayın dep kiyatırsam, dos jolbarısımnıń kiyatırǵanın kórdim. Burınǵıday mánisi joq, arqaları jaradar bolıp qalıptı. Sol jerde adam qunı aq dárini arqasına jaǵıp, birneshe kúnnen keyin jarasıda táwir boldı. Bir kúni jolbarısım jáne joq bolıp ketti. Eki kúnge shekem kúttim, kelmedi. Buǵan bir is bolǵan shıǵar, nede bolsa izlep tawıp

alayın dep izlep kettim. Izlep kiyatırsam aldımnan eki jolbarıstıń ólip jatqanın kórdim. Birewi meniń dos jolbarısım eken. Ekinshi jolbarıs meni jeyin dep sırtımnan erip júrgen jolbarıs eken. Bunı dos jolbarısım sezip, bir zaqım etip júrer dep alısqanda ekewiniń de ólgeniniń sebebi usı eken. Bunnan keyin dos jolbarısımdı jaqsılap kómip, qapalanıp kiyatırsam qarsı aldımnan bir qız shıqtı. Maǵan hár nárse tap bola berdi ǵoy, bul da maǵan shıqqan jaw shıǵar dep oylap, qasıma jaqınlastırmay atıp óltireyin dep kókirek awzınan baylap atıp jiberdim. Qız oq tiygeninen soń sıńsıp jılay basladı. Qasına jaqınlap barǵannan keyin ol maǵan «men saǵan on bes jıl sırtıńnan ǵaybana ashıq edim. Seni izlep shıqqanıma neshshe kúnler boldı. Aqırında seniń oǵıńnan jaradar boldımǵo deydi». Ol qızdı emlep bir jayda qaldırdım. Mágar bolsa, siziń qızıńız sol bolar, — dep mergen sózin tawıstı. Bunnan keyin patsha qızınıń xabarın estip, mergendi kúyew bala etip, óziniń bas wáziri etip qasına aldı.

## SHARQÍPÁLEKLI BALA

Burınǵı waqıtlarda bir patshanıń balası bolıptı. Ol bala qalaǵa barsa, bir adam sharqıpálek sataman dep baqırıp júrgenin kóredi. Sol jerde patshanıń balası lappa ol kisini shaqırıp alıp:

— Qáne sharqıpálegińniń qanday qáseyeti bar? — dep soraydı.

— Qásiyeti: oń qulaǵın tawlasań, aspanǵa ushıp ketedi, sóytip kórmegen nárselerińdi kórsetedi. Sol qulaǵın tawlasań, jerge túsedi deydi. Sol waqıtta patshanıń balası aytqanın berip, on mıń tillaǵa satıp aladı. Úy-ishine bildirmey, heshkimge sezdirmey sharqıpálegine minip,

ońi qulaǵın tawlap ushıp ketedi. Kún batqan waqıtta bir elge barıp túsedi.

Bala qaysı úyge barsam eken dep tursa, shetirek bir úyde ot janıp turǵan jaqtını kóredi. Sóytip sharqıpálekti bir jerge qoyıp, sol úyge baradı. Barsa bir kempirdiń úyi eken. Bala kempir menen sóylesip tanısqannan keyin, kempirdiń jalǵız ózi bir úyde sharıq iyirip kún keshirip otırǵanın biledi. Kempir baladan:

— Ne qılıp júrgen balasań? — dep soraydı.

— Adasıp, ámenger tappay júrippen, — deydi.

— Óybey shıraǵım, meniń ulım da joq, qızım da joq qara basımman. Otızlaǵan malım bar, sonı baqqıshlasań, bolar shıraǵım — depti kempir.

— Boladı, sheshe — dep kelisim berdi bala.

Sol kúni bala tamaǵın iship dalaǵa shıqsa, kún shıǵardan bir ay, kún batıstan bir ay tuwıp kiyatırǵanın kórip:

— Sheshe, sheshe, mına jatqan bir ay, al mına jaqtan bir ay tuwıp kiyatır ǵoy bul nesi? — depti kempirge. Kempir balaǵa:

— Mına jaqtaǵı qádimgi aspandaǵı ay, al mına jaqtaǵı adam bendeniń júzin kórmegen, bir ózi bir boz ordada otırǵan xannıń qızınıń sulıwlıǵı, balam.

Bala azanda kúnlik kiyimlerin kiyip, mal baǵıp ketedi. Keshte kelip tamaqlanıp bolǵannan keyin jatıp qalalı da, kempir uyıqlaǵannan keyin yarım aqshamda turıp, xannıń qızı menen tanısıp qaytadı. Azanda xannıń qızınıń betine sepkil túsipti degen sóz taraydı.

Azanda patshanıń qızın baǵıp otırǵan qullar qızdıń betindegi sepkildi kórip, buǵan adam kelgenin biledi. Sol adamdı tawıp alıw ushın awıldıń bir shetinen baslap tintiw júrgizedi. Tintiw gezegi kempirdiń úyine keledi.

Kempir bularǵa bildirmes ushın mal baǵıp ketken patshanıń balasınıń hasıl kiyimlerin mardanǵa salıp, tezek teretuǵın kempirdey úyinen shıǵıp kete beredi. Tintiw júrgizip kiyatırǵan patshanıń adamları kempirdi kórip seziklenedi. Kempirdi shaqırıp tintip qarasa, mardandaǵı hasıl kiyimlerge kózi túsedi.

— Bul kiyimlerdiń iyesi qayda? Házir tabasań! — dep jekirinedi patshanıń adamları kempirge.

— Bul kiyimniń iyesi mal baǵıp ketti. — deydi kempir. Eki adam barıp balanı mal baǵıp júrgen jerinen alıp keledi de, balanı patshanıń aldına alıp baradı. Xan balaǵa:

— Sen qızımızǵa miyasar jigit ekenseń, biraq sen biz benen xabarlaspay gúnalı is etkenseń. Sonıń ushın bunı taza jerge aparıp shalıp, órtep kúlin qızdıń betine sebe ǵoy — deydi patsha óziniń adamlarına.

Patshanıń buyrıǵı boyınsha jálladlar balanı bayaǵı sharqıpálek qoyıp ketken jeriniń ústine alıp barıp, sol jerde shalmaqshı boladı. Sol waqıtta bala jálladlarǵa:

— Aǵalar, meni shalmay tura turıńızlar, men mına sharqıpálegimdi ońlap alayın, men ólgende basıma shanshıp ketersizler — deydi. Jálladlar ruqsat etip sóylesip otırǵanda, bala sharqıpáleginiń oń qulaǵın tawlap ushıp ketedi. Jálladlar sol jerde awzı ańqayıp ashılıp qala beredi. Bala keshte kelip xannıń qızın alıp ketip, bir toǵayǵa barıp túsedi. Sóytip sol toǵaydı bir qansha jıl mákan etip, jigit ań awlap, hayalı jabayı aǵashlardıń miywesin terip awqat etip kún kóredi. Sóytip júrgende, qatını júkli bolıp, altın aydarlı ul tuwadı. Al balası altı jasına kelgende, gúmis aydarlı qız tuwadı. Balası da, qızı da, jasınan aqıllı ziyrek boladı. Qız úsh jasına kelgende toǵız jasar aǵasına:

— Aǵa bizler bul jaqta ne qılıp júrmiz, bizlerdiń aǵayin-tuwǵanlarımız joq pa, sonı apamnan sora. Biraq

soraǵanda aytpas, sol waqıtta: apa, maǵan quwırmash quwırıp ber degeyseń. Quwırmash shala pisken waqıtta shıǵarıp ber degeyseń. Sol waqıtta shıǵarıp bergen quwırmashtı qasıq penen berse jeme. Qolıń menen alıp ber degeyseń. Qolı menen alıp berip atırǵan waqıtta, ıssı quwırmashtı qolına basıp turıp «el-jurtımız qayaqta?» dep sorasań aytar — deydi.

Bala qarındasınıń aytqanların islep soraydı. Sonda anası:

— El-jurtımız bar. Soǵan ketiwge jol tabalmay jatırmız, — deydi. Sonda balası:

— Nege jol tabılmaydı? — dep soraydı.

— Jolda úsh dáw bar, eger júrsek bizlerdi óltiredi — deydi anası. Sol waqıtta bala:

— Ol dáwlerden qorıqpa. Úsh dáwdi maǵan qoya ber, úshewin de óltiremen — deydi.

— Onday bolsa keshte aǵańa ayta ǵoy, balam — deydi anası. Keshte aǵasına aytıp, bular azıq túliklerin ǵamlastırıp eline júrmekshi boladı. Balanı bas qılıp, jolǵa rawana boladı. Bala jolda úsh dáwdi óltirip, bular óz eline keledi. Patsha bala shaǵaların kórip jılap kórisip, el jurtına jıynap, altın qabaq attırıp toy beredi. Sóytip muradı-maqsetine jetedi.

## MURADÍNA JETKEN ASHÍQLAR

Burınǵı ótken zamanda Túrkstan degen bir sháhárde Álimbet hám Qálimbet degen eki kámbaǵal adamlar bar eken.

Olar kúnin zordan kórip, bir kún tapsa, bir kún tappay, biraz jıl ómir súripti. Álimbettiń sın-sımbatı keliken Jálimbet degen bir balası, Qálimbettiń ay dese

awzı bar, kún dese kózi bar, sulıw Biybisánem atlı qızı bar eken.

Jálimbet penen Biybisánem birge ósip, bir-birewin oǵada jaqsı kóredi eken.

Kúnlerden bir kúni olar úylerine otın ákeliw ushın toǵayǵa barıptı. Kún júdá ıssı, quyash nurları álemdi jarqıratıp turǵan. Jan-jaǵında búlbiller sayrap, hár túrli namaǵa salǵan. Jálimbet Biybisánemniń ayday jamalına qaraǵan sayın qaraǵısı kelip, jaqsı kórgenlikten júregi órtenip qoya beripti. Ishten suwıq demin alıp, qızǵa ne derin bilmey lal bolıp, bir zaman turıptı. Esin jıynap ózine kelgennen keyin Biybisánemniń qulaǵına mınaday dep sıbırlaptı.

— Ey ashıǵım, meni bir mártebe súyseń, dúnyada ózimdi eń baxıtlı adam dep esaplar edim.

— Súygenim, Jálimbet, seni bir súyiw ǵana emes, sen ushın ómirimdi beriwge tayarman, biraq házir emes.

— Nege bunday, dilbarım? — dep soradı Jálimbet.

— Óziń bilseń ǵoy, biziń elde ata-ananıń ruxsatısız súyiw qatań uyat, meni adam jiberip ayttır. Onnan keyin húr kúni súyissekte hesh kim hesh nárse ayta almaydı, — deydi qız. Bular otınların alıp bolıp, kesh bolǵanda úylerine qaytadı. Jálimbet bolsa, úyine barıwdan Biybisáneminiń úyine jawshı jibererin ya jibermesin oylanıp basın qatıradı. «Qızdıń ákesi qalıń salsa, qaydan tawıp beremen, onnan da basqa sháhárge barıp talap isleyin, dúnyalı bolıp kelgen soń qızdı ayttırayın» degen sheshimge kelipti. Bul oyın Biybisánemge qaldırmastan aytıptı. Jigit ata-anasınan ruqsat alıp, xoshlasıp uzaq saparǵa ketipti. Ol jol júripti, jol júrsede mol júripti. Bir sháhárge jaqınlaptı. Sháhárge jaqın jerde bir úlken baǵdıń ústinen shıǵıptı.

Jálimbettiń úyinen alıp shıqqan azıǵı tawsılıp, oǵada ash boladı. Sol waqta ol baǵdıń ishine názer salıp qarasa, qızarıp pisip turǵan almalardı kóripti. Ash bolıp kiyatırǵan jigit bunı kórip baǵdıń iyesinen ruqsat soramastan, bir tesik jer tawıp, baǵqa kiripti de, baǵdıń ishindegi almalardan alıp jey beripti. Toyǵanınsha jep, sharshap kelgen adam, baǵdıń sayasında uyqılap qalıptı. Bul baǵ sol sháhárdiń patshasınıń qızıniki eken. Patshanıń qızı hár háptede bir ret qasına qırıq qızın ertip, usı baǵda sayranlap, qıdırıp qaytatuǵın edi. Qızlar baǵdı aralap júrse, alma aǵashınıń astında bir músápir, ústi-bası jırtıq, jalań ayaq bir jigit jatırǵanın kóredi. Patshanıń qızı qasındaǵı qızlarǵa jigitti oyatıwdı buyırdı. Jigit ornınan turıp ján-jaǵına qarasa, aynalası tolǵan periyzat. Baǵdıń iyesiniń usılar ekenin aytpay-aq ańǵardı. Patshanıń qızı bolsa, Jálimbettiń sımbatın, túr-túsin kóriwden «bul jigitte bir nátiyje bar tegin emes, — dep oyladı da jigitke turǵan jerinde ashıq bolıp qaldı. Ol jigitke qarap:

— Ey jigit, bul jerde nege jatırsań, qaydan keldiń, kim bolasań? — dep soradı.

Jálimbet qaydan kelgenin, kári ne ekenin qaldırmastan aytıp berdi. Patshanıń qızı bul sózdi esitip, Jálimbetti izine ertip baǵdıń ishindegi sarayına alıp barıp, onı juwındırıp, ústine jaqsı kiyimler kiyindiripti. Jálimbet ústine kiyim kiygen soń burınǵıdan da beter shıraylanıp ketti. Qız jigitke burınǵıdan jeti ese ashıq boldı. Bir maydannıń arasında Jálimbet patshanıń balalarınday halǵa jetisti. Bular usı baǵda bola bersin, endigi sózdi patshadan esitesiz.

Bul sháhárdiń patshası basqa bir sháhárdiń patshası menen urısıp atır edi. Ol urısta qızdıń ákesi jeńilip, sırttan kelgen dushpanǵa bende bolıp tústi. Qız baǵqa

ketken waqıtta dushpanlar sháhárdiń tas-talqanın shıǵarǵan edi. Bul xabar qızdıń da qulaǵına tiyip, qasındaǵı qızlarına qural-jaraq tawıp berdi de, Jálimbetke urısqa atlanıp baratırǵanın xabarladı. Jigit te astına bir at tawıp alıp, urıs maydanına atlandı, dushpanlar menen taban tiresken urıs boldı. Aradan úsh kún ótkende patshanıń qızı urıs maydanında qaza taptı. Jálimbettiń de tula boyı jaradar bolıp, dushpanlardıń qolına bende bolıp tústi. Patsha onı aparıp zindanına tasladı. Bul zindanda jatıp súygeni Biybisánemdi oylap, ishin árman qaplap, ıńıldap qayǵılı namalardan aytıp jata berdi.

Endigi sózdi Biybisánemniń awhalınan esittiń, Qız Jálimbetti kútip, jolına ayday qarap júre berdi. Keletuǵın ashıǵı bolmadı. Joldan ótken kárwan bolsa, ashıǵınıń xabarın soramay qalǵan kúni az boldı. Ótip baratırǵan kárwanlarǵa:

— Toqta, kárwan, qay jaqlardan keleseń,
Biziń yardan qanday xabar bereseń.
Xabar aytsań Jálimbettey yarımnan,
Súyinshi alıp muradıńa jeteseń.

dep qalatuǵın edi. Aradan bir jıl ótti, eki jıl ótti, biraq yarı kelmedi.

Bul sháhárdiń bir patshası bar edi. Jası da alpıs-jetpislerdiń shamasına kelip qalıp edi. Bir kúni ol qus salıp kiyatırsa, dárbent joldıń awzında «Jálimbet yarım» dep sıńsıp jılap otırǵan bir qızdıń ústinen shıqtı. Patsha qızdı kórip, ańsarı awıp qoya berdi. Ol Bibisánemniń janına kelip:

— Ne qılıp otırǵan qızsań, úyiń qayda? Kimniń qızısan? — dep soradı. Biybisánem bul kisiniń patsha

ekenin tanımadı. Oǵan kimniń qızı ekenin ayttı da, biraq nege jılap otırǵanın aytpadı.

Patsha bul jerden shıqtı da taxtına barıp, qasına eń jaqsı kóretuǵın wázirin shaqırıp alıp bılay dedi:

— Sháhárdiń shetinde Qálimbet degen jarlı kisi bar. Onıń ay dese awzı bar, kún dese kózi bar bir tawlanǵan sulıw qızı bar. Soǵan ólermen ashıq bolıp qaldım. Qasıńa eki jasawıldı al da sol úyge barıp qızın ayttır. Berse qolınan, bermese jolınan, tartıp alıp keliń! — dep buyırdı.

Patsha buyırǵan soń, wázirde jan barma, qasına eki jasawıldı eritip alıp, qızdıń úyine bardı. Qálimbetke kelgen jumısların ayttı. Biraq ol qızım biledi dep, biylikti qızǵa berdi. Biybisánem kelgen qonaqlarǵa «janımdı házir alsańız da, onday ǵarrıǵa tiymeymen. Maǵan patshalıq kerek emes. Patshanıń qırıq qatınınıń ústine túskennen ólgenim abzal» dep juwap berdi. Bul sózdi esitip wázir qasındaǵı eki jasawılǵa «qızdı baylap alıp júriń!» dep buyrıq beredi.

Biybisánemdi sháhárge baylap aparıp, patshaǵa tapsırdı. Patsha ashıq yarınıń aldına kelgenine quwanıp, onı óziniń pinhamı jayına kirgizdi de, sırtınan qulıptı urıp qoya berdi.

Biybisánem jaydıń oyaq-buyaǵına ser saldı. Asılıp óleyin dep oylandı. Biraqta táwekelge salıp, jaydıń ishin qarmanıp júrip, bir pıshaq tawıp aldı. Onı jeńiniń ishine jasırıp otıra berdi. Kún batıp, gewgim túsken máhálde patsha jayǵa kirip keldi. Qızǵa qol salıp oynay basladı. Biybisánem de oǵan onsha qarsılıq ete qoymadı. Patshanıń qıyalı kem-kem buzıla berdi, patsha abaysız turǵan waqıta Biybisánem onıń tap júregine pıshaqtı qadadı. Patsha ses shıǵarmastan jan tapsırdı. Qız patshanı óltirip bolıp,

ne islerin bilmey, albıraqlap qaldı. Ayaq-qolınıń dármanı da ketti. Jaydıń esigin de ilip, hár túrli oylardıń basına bardı, erkek kiyim kiyip, bul sháhárden basqa jaqqa ketiw kerekligi oyına keldi. Tap usılay islewge bel baylap, patshanıń sheship qoyǵan kiyimlerin qolına alıp, bir nársege túydi. Patshanı da jaydıń bir múyeshine jayǵastırıp, awır jatar waqta jaydan sırtqa shıqtı. Jaydı da jaqsılap qulıplap, giltin qaltasına salıp aldı. Saraydan eplep shıǵıp, sháhárdiń sırtına barıp, qolındaǵı erkek kiyimlerdi ústine kiyip, jas jigit sıpatında boldı da, túni menen jol júrip kete berdi.

Tańnıń aldında Biybisánem ushı-qıyırı joq bir toǵaylıqqa duwshar boldı. Toǵaydıń arasında baratırsa, aldınan jaltıldaǵan ottıń janına jaqınlap bardı. Barsa altı adam ortaǵa ot jaǵıp gúrrińlesip otır. Olardıń birewi:

— Pay, mına gilemdi ap-ańsat aq patshanıń sarayınan urlap aldım-aw, bunı minip erteń pálen degen sháhárge barayın. Ol patshanıń ǵáziynesinde túrli hasıl zatlar bar qusaydı — deydi. Sonda turıp birewi:

— Ol gilemniń qanday qásiyeti bar? — dep soraydı.

— Sorama, jora, bunıń ústine minip qay jerge apar deseń, sol jerge alıp baradı, — deydi. Gilem urlaǵan qasındaǵıdan:

— Sen ne urladıń?

— Men mınaw tas tabaqtı urladım. Bunı aldıńa qoyıp ne jeymen deseń, aytqanıńdı sol waqıtta orınlaydı — deydi tabaq urlaǵan. Taǵı da ol basqalarına qarap:

— Sizler ne tawıp keldińiz? — dep soradı.

Olardıń birewi:

— Men iyne taptım. Egerde iyne menen bir jaman kórgen adamdı túrtseń, ol turǵan jerinde haywanǵa aylanıp ketedi. Bunıń qásiyeti usınday — deydi.

Urılardıń qalǵanları hesh nárse taba almay, bosqa kelgen edi. Biybisánem urılardıń bul sózleriniń barlıǵın da esitedi hám bir jıńǵıldıń tasasına jasırınıp otıra berdi.

Bir máhálleri urılar «Kún shıǵayın dep tur, jatayıq», dep hár qaysısı óziniń otırǵan jerinde qıysaya ketti. Bular anıq uyıqlaǵan soń, Biybisánem ornınan turdı da, olardıń jatırǵan jerine barıp, gilemdi, tas tabaqtı aldı. Iyne qayaqta eken dep qarap tursa, qaysı urınıń jaǵasına qıstırıwlı tur eken dep qarap tursa, bir urınıń jaǵasına qıstırıwlı tur eken. Onı da alıp gilemniń ústine tas tabaqtı qoyıp, ózi mindi de «Meni Jálimbet júrgen qalaǵa apar» dep buyırdı. Gilem bul sózdi aytıp bolıwdan aspanǵa kóterildi. Kózdi ashıp jumǵansha, úlken bir sháhárdiń qaptalına kelip tústi. Gilemdi tórt búklep, tas tabaqtı aldına qoyıp, «palaw jegim keldi, palaw tayın bol» — dep edi, tas tabaq tolǵan ústinde góshi bar palaw tayın boldı. Palawdı toyǵanınsha jep aldı. Sonda da tabaq orta bolar emes. Bir waqta qız «toydım» dep edi. Tabaqtaǵı palaw tartılıp joq boldı. Biybisánem tas tabaqtı gilemge orap, qoltıǵına qıstı. Iyneni jaǵasına qıstırıp, sháhárge kirip bardı. Adam tań qalarlıqtay úlken sháhár eken. Sol kúni bazar eken. Bul sháhárdiń patshasınıń qızı qasına kanizeklerin ertip, bazarlap júr edi. Túri-túsi, ústindegi kiyimi ol eldiń adamına usamaytuǵın bir shıraylı jigitti kórgen patshanıń qızı oǵan tań qaldı. Onıń qasına barıp:

— Háy jigit, qaysı elden keldiń, biziń eldiń adamı emesseńǵoy, men patshanıń qızıman. Maǵan xızmetker bolasań ba? — dep soradı.

Biybisánem patshanıń qızına sır bermey, «Men Túrkstannan kelip edim, talapkermen. Xızmetke alsań qayıl bolayın» — dep juwap berdi. Onıń bundaǵı maqseti patshanıń qızınıń xızmetinde júrip, súygen yarı Jálimbetti sol qaladan izlep tawıp alarman dep oylaǵan edi.

Biybisánem patshanıń qızınıń xızmetinde bola berdi. Qalada onıń barmaǵan jeri qalmadı, biraqta hesh jerden Jálimbetti ushırata almadı. Hayran bolıp júre berdi.

Bir kúni patsha qızın shaqırıp alıp:

— Qızım zindanda bir batır jatır. Onı olja etip alıp edim. Xızmetińe bereyin be? — dep soradı. Patshanıń qızı atasına ırza bolıp, ol jigitti xızmetine alatuǵın boldı.

Erteńine azanda qızdıń sarayına bayaǵı olja bolǵan jigit ákelindi. Ayaǵına kisen salıwlı eken. Biybisánem bul jigitti birden tanıdı. «Súygen yarım Jálimbet bunday awhalǵa qalay ushıradı eken» dep júregi alıp ushtı. Jálimbetti bul azaptan qutqarıp alıwdıń jolın oyladı. Jálimbet Biybisánemdi tanımadı. Qız jaǵasındaǵı iyneni qolına alıp, eń dáslep patshanıń qızın túrtip jiberdi. Ras bir qanshıq bolıp tura qaldı. Jálimbettiń keyninde júrgen eki jasawıl bunı abaylamadı. Qız Jálimbettiń qasına barıp, jasawıllardan kisenniń giltin soradı. Olar «gilt patshada, ne jumısıń bar» dep qızdı túygishlep jiberedi. Sol waqta Biybisánem qolındaǵı iyne menen jasawıldı túrtip jibergeni birewi ayǵır eshek, birewi kópek bolıp tura qaldı. Bunı kórip turǵan Jálimbet hayran boldı. Qız oǵan:

— Sen usı jerde tur, hesh jaqqa ketpe. Men patshanıń sarayına kiremen de shıǵaman, dep qız patshanıń sarayına qaray juwırıp ketti. Patshanıń aldına barıp:

— Taqsır tutqındaǵı jigittiń ayaǵındaǵı kisenniń giltin beriń, ol turısında xızmet isley almaydı — dedi.

— Patsha «gilt qaltamda, biraq onı saǵan da, basqaǵa da bermeymen. Ol jigit solay azap kórip ólsin» — dep juwap berdi Biybisánem bul sózdi esitip, ebin tawıp

qolındağı iyne menen patshanı hám qasındağı hámeldarların túrtip-túrtip jiberedi. Saraydıń ishi demniń arasında kisnesken ayğır at bolıp tura qaldı. Biybisánem patshanıń qaltasınan giltti aldı. Patshadan at túrine kelgen attı uslap minip aldı. Qosaqqa tağı bir at alıp, Jálimbettiń qasına kelip, onıń ayağındağı kisendi ashtı. Qosaqqa alğan attı Jálimbetke berdi. Qız gilem menen tas tabaqtı artına bókterip, qaladan shığıp jol tarttı. Bir mezgil jol júrgennen keyin qız toqtap atınan tústi. Jálimbet te qızdıń qasına barıp otırdı. Sol waqta Biybisánem, ústindegi er adamnıń kiyimin sheship, quwanğanman jılap jiberdi. Eki ashıq qosılıp, baslarınan ótken waqıyalardı bir-birine aytıp berdi. Qız tas tabaqtı aldına alıp, «gósh jegimiz keldi» dedi. Tabaqtıń ishinde gósh payda boldı. Ekewi awqat jep atırğanda qala betten ushı-qıyırı joq ásker qaplap kele berdi.

Biybisánem gilemin jayıp jiberip, onıń ústine Jálimbetti, eki attı hám tas-tabaqtı salıp, ústine ózi de minip, «óz elime jetker» dep buyrıq berdi. Gilem jerden kóterilip, kózdi ashıp jumğansha eline kelip tústi.

Awılına kelse, el túwe qıbırlağan jan da joq. Tek ğana órtenip ketken qoralardıń kúlleri qalıptı. Bular hayran bolıp: sháhárge taman baratırsa, aldınan bir adam shığıp:

— Sizler ol góne qarğıs atqan jurttı ne qılıp júrgen adamlarsız. Patshanıń aldına júresiz, — dep záwlim saldı jańağı adam. Bular oğan da hayran boldı.

— Ne jazığımız bolıp qaldı? — dep soradı Biybisánem ol adamnan:

— Ele sizler bilmiysiz be? Patshağa kerek adamlar nağız sizler ekensiz. Ol jurt Biybisánemniń ákesi Qálimbet jarlınıń awılınıń jurtı. Ol patshağa jaman atlı bolıp,

awılı menen órtelip jiberildi. «Kimde-kim bul jurtqa barsa, ózi ólimdar, mal-dúnyası patshalıq», degen patshanıń buyrıǵın estipedińiz be? — deydi ol.

Bular patshanıń sarayına qarap jol júrdi. Patshanıń mınaw zulımlıǵına ekewiniń de qanı qaynap kele berdi. Saraydıń ishine kirip, Biybisánem qolındaǵı iyne menen ebin tawıp patshanıń hám qasındaǵı wázirleri menen jálladların túrtip-túrtip jiberdi. Patshadan basqası shoshqa boldı da, patsha bir háńgi eshek bolıp tura qaldı.

Eshekti bekkem uslap alıp, kóshede júrgen otınshınıń qolına tapsırdı. Oǵan «otındı bastırıp artıp, qalaǵa satıp kúnińdi kóre ber» dep jiberdi. Otınshı biyshara da eshek patshaǵa otındı bastırıp artıp, mútáji pitip, quwanıp qaldı.

Patshanıń ornına Jálimbet patsha bolıp, eki ashıq qosılıp dáwran súrip, muradına jetipti deydi. Bayaǵı patshadan awǵan ayǵır atta, ayǵır eshek te ele tiri desedi.

## BATÍR BALA

Burıńǵı ótken zamanda, Xorezm patshalıǵında bir jarlı ǵarrı bolıptı. Ol ǵarrınıń úsh balası bar eken.

Ǵarrı úsh balaǵa basshılıq etip, tabılǵan ırısqını shópshep otıra beripti. Bir kúnleri ǵarrı awıradı. Óler halatqa keledi. Óleriniń aldında ǵarrı úsh balasın shaqırıp alıp aytadı:

— Men bolsam ólip ketip baratırman, ólmesten burın sizlerge bir keńes berip keteyin, úshewiń de bir-bir tústen tús kórip keliń — deydi. Úsh bala ǵarrıdan buyrıqtı alıp, túni menen tús kóremiz dep, uyqılap jata beredi. Túni menen jatadı, kishi baladan basqası tús kórmeydi.

Tań attı. Ǵarrınıń aytqanı bar: «azan menen meniń aldıma kelip kórgen túsińizdi aytasız» degen. Sol boyınsha úshewi de ǵarrınıń aldına sálemge baradı.

— Qáne tús kórdińlerme? — dedi ǵarrı.

— Kórdik, — dep úshewi de birden. Aldı menen úlken balası ayttı:

— Men túsimde, — dedi ol, — ala tulpar minip, kók ala bulttıń arasında júr ekenmen.

Ortanshı balası:

— Men bir úlken bay bolıppan, baylıǵım sonday: on úyir jılqım, pada-pada mıńnan aslam malım, qora-qora qoylarım bolıptı, qullası baylıqqa kelgende mennen Qarınbay da ótken joq shıǵar. Dúnya-múlkim de ózime jeterlik eken — deydi.

Endi gezek kishkene balaǵa keldi. Kishi balası ayttı:

— Ata men mınalarday ótirikti aytpayman. Meniń túsim shın tús — dedi bala. Túsimde bir ashıw ústinde meni shıbıq penen urıpsań, urǵan shıbıǵıńnıń ushı sınıp, qaytıp barıp ózińniń kózińe tiyipti. Sonnan kóziń shıǵıp, aqırında sen ólipseń ata.

Mına sózdi esitken soń ǵarrı balaǵa qattı kiyligedi. Qasında turǵan hasanı qolına alıp, kúshiniń barınsha balanı uradı. Sol waqta hasa ortasınan sınıp, onıń ushı jańaǵı ǵarrınıń kózine qadalıp, ǵarrı kózden ayrılıp soqır boladı. Bala qorqıp úyden shıǵıp qashıp ketedi. Ǵarrı kózdiń ashıwına shıdamay úlken eki balasına qarap:

— Jańaǵı júwernemekti uslap alıp kelip, aldımda óltirmeseńler sizlerge ırza emespen! — deydi.

Ilaj joq, eki aǵası kishkene inisin quwıp ketedi. Arıberi quwadı, jete almaydı. Quwǵan adam ekew bolǵan soń, bir-eki qırdı asqanda balanıń izinen jetedi. Onı aǵaları urıp-urıp úyine alıp qaytpaqshı boladı. Sonda bala jalınıp turıp:

— Sizler eki birdey bawırlas aǵam edińler, óletuǵın ǵarrı óler boldı. Men bolsam jas jan edim, qay waqta da men sizlerge at-ton, mal bolarman. Meni bosatıń— deydi. Bul sózge úlken aǵası kónbey turadı. Biraq kishkene aǵası onı qıymay «bosatayıq, ǵarrını bolsa aldarmız» deydi. Sonıń menen balanı bosatıp jiberedi. Usınıń menen aǵaları tura tursın, endigi sózdi kishkene baladan esitesizler.

Bala sol júristen júrip otıradı. Neshshe kúnler jol júredi. Bir kúni aldınan úlken otaw shıǵadı. Bala úyge kirip baradı. Barsa bir ǵarrı menen kempir otır. Olarǵa sálemin berip, ishkendey aǵarǵan soraydı. Kempir bir tabaqqa ayran quyıp, áweli ózi iship, qalǵanın balaǵa berdi. Sonda bala:

— Seniń sarqıtıńdı ishemen be, — dep tabaqtı kempirdiń aldına tartıp uradı da, esitken shıǵıp júre beredi. Ǵarrı «ór kókirek bala eken, biziń balalar menen dúgisip júrmese bolǵanı ǵoy» dep qala beredi. Bala bir súrdewge túsip alıp júrip otıradı. Biraz waqıt júrgen soń joldıń ústinde oń qolınıń ortańǵı barmaǵına atın baylap, shalqasınan jatırǵan dáwdiń ústinen shıǵadı. Bala dáwdiń qasına kelip toqtadı. Dáw bolsa, qurıldısı jer jarıp uyqılap atır. Bala dáw oyansın degen oy menen attı sheship alıp, shılbırdı dáwdiń ayaǵına baylap, atqa minip súyreydi. Sol waqıtta dáw oyanıp ketip, balaǵa qarap bılay deydi:

— Sen meni ǵapıldı óltirme, bosatıp bolıp, meniń menen ayqasıp, jıqsań óltir.

Bala dáwdi bosatadı. Ekewi ayqasıp ketedi. Sol ayqasıwdan jeti kún, jeti tún ayqasadı. Dáw óziniń shamasın abaylap, atına da qaramay qashıp ketedi. Onıń eki inisi bar edi. Inilerin tawıp alıp, bul dógerekte

turmayıq dep qashıp alıp báder ketedi. Bul baǵanaǵı ǵarrı menen kempirdiń úsh balası edi. Olardıń úshewi de batır edi. Biraq batır bolsa da, «júyrikten-júyrik shıqsa, ayaǵı tıpır-tıpır etedi» degendey bala ústem bolǵan soń qashqanı edi.

Bala dáwdiń atın minip, kiyik, ań awlap júre beredi. Al ǵárez aradan bir neshe jıl ótedi. Bir kúnleri bala bir tawdıń bawırayında jayılıp atırǵan kóp mallardı kóredi. Maldıń súrdewin alıp, júrip otıradı. Sóytip tigiwli turǵan bir aq otawǵa baradı. Attan túsip úyge kirip barsa, bir ǵarrı menen bir kempir otır. Olarǵa sálemin beredi.

Ǵarrı balanı kórip:

— Balam, ne qılıp júrgen balasań? — deydi.

— Ata, ulı joqqa ul, qızı joqqa qız bolaman, men sonday bir balaman, — deydi bala.

— Balam, meniń ulım da, qızım da joq, maǵan bala bola ǵoy — deydi ǵarrı. Bala ǵarrınıń balası bolıp júre beredi. Malları alısqa ketse, qaytarıp keledi. Bir kúni ǵarrı balaǵa bir tawdı kórsetip turıp:

— Balam, ana tawdıń arǵı jaǵına shıqpa, eger oǵan shıqsań, jaman is boladı, — deydi.

Bala kúndegi kári menen malları qaytarıp kelip júre beredi. Bir kúni oylanadı: «Atam usı tawdıń arjaǵına shıqpa dep edi, ne bar eken? Nede bolsa, barıp kóreyin» dep ol atın oynatıp, tawdıń tóbesine shıǵadı. Ján-jaǵına qarap tursa, tawdıń etegine tigilgen bir aq otawǵa kózi túsedi. Jalǵız ózi júrip ishi pisken bala otawǵa shawıp baradı. Barsa otawdıń ishinde bir qız otır. Onıń menen amanlastı. Qız ayttı:

— Qaydan júrgen balasań? — dedi.

— Men mına tawdıń arjaǵındaǵı jalǵız otawdaǵı ǵarrınıń balasıman — deydi.

— Haw, qaraǵım, ol ǵarrınıń sendey balası joq edi ǵoy, sen qaydan payda boldıń — deydi qız.

— Men el jurtımnan ayrılǵan bala edim, sol ǵarrıǵa ushırap «ulı joqqa ul, qızı joqqa qız bolaman» dep edim. Ǵarrı meni ózine qıyametlik ul etip aldı. Sonıń menen ǵarrıǵa bala bolıp júrmen — degen waqta qız «bizge de tuwısqan tabılıp, izlep keletuǵın kún bar eken ǵoy» — dep solqıldap jılap qoya beredi. Bala buǵan hayran bolıp turdı.

Ǵarrınıń úsh qızı bar edi. Sol úsh qızdı bayaǵı joldan qashqan úsh dáw ǵarrınıń erkine qaramastan, tartıp alıp hayal etip otır edi. Bul úy úsh qızdıń kishisiniń úyi edi. Qız usı jaǵdaylardı balaǵa túsindirip ayttı.

— Apa, dáw qashan keledi? — dedi bala.

— Keletuǵın waqtı jaqınladı, — dedi qız qazanda qaynap turǵan bir baspaqtıń etin kórsetip — usı etti sol ushın asıp atırman.

— Maǵan mına etti shıǵarıp ber apa, ózim toyıp alayın, onnan keyin ol dáwdiń ákesin tanıtaman — dedi. Qız qazandaǵı ettiń barlıǵın shıǵarıp berdi. Bala bolsa ettiń bir shetinen tiyisip jep otırdı. Kúnde dáw bir baspaqtıń etin tawısa almaytuǵın edi. Al mına bala bolsa, qayta buǵan toymay qalıp, taǵı eki nan jedi. Qız ishinen súysinip otır.

Bir waqıtları gúrkirep dáw keldi. Sol waqıta bala da da úyden shıqtı. Ekewi birin-biri kórip, alısa ketti. Bala dáwdi shalqasınan saldı. Sóytti de gellesin qaǵıp aldı. Ornınan turıp qızdan:

— Ekinshi dáwdiń úyi qayda? — dep soradı. Qız oǵan «ana tawdıń arjaǵında» dep jolın siltedi.

Bala atına minip, shawıp otırıp, há demey dáwdiń úyine jetip bardı. Úyge kirip barsa, bul úyde de bir qız

otır. Qızǵa jay-jaǵdaydı túsindirip, onıń menen tanıstı. Ol qız da dáw keledi dep bir tananıń etin qaynatıp otır eken. Bala etti qazannan shıǵartıp alıp, barlıǵın sıpırıp jep boladı. Keyninen bir tabaq ayran iship aladı. Ábden toyıp bolıp otırǵan waqta, dáw de jetip keledi. Ol dalada baylawlı turǵan balanıń atın kórip, qıyqıw saladı. Bala dáwdiń qıyqıwın esitip tursın ba, úyden juwırıp shıǵıp, dáw menen ayqasa túsedi. Bul dáwdi de bir eki ayqasıwǵa aparmay jıǵıp, gellesin qaǵıp aladı.

Endi bala qızdan úlken dáwdiń úyin soraydı. Qız aytadı:

— Ol dáwdiń úlkeni kúshlisi edi. Oǵan kúshiń jetpes, ekewin óltirdiń ǵoy usı jerden qayta ǵoy qaraǵım, — deydi.

— Joq, apa, burın bul dáwler menen de hál sınasıp kórgenmen. Olardı tuqım qurt etpey qaytpayman — deydi bala.

Sóytip bala ol dáwdiń úyine de baradı. Barsa bir qız tuw baytaldıń etin qaynatıp pisirip otır eken. Bul qız benen de áwelgi qızlarday bolıp tanısadı. Qazandaǵı etti alıp jeydi. Biraq bir jiligin tawısa almaydı. Sonda qız:

— Qaraǵım, dáw bul etti kórdim demeytuǵın edi. Sen bolsań, tawısa almadıń. Dáwdi jıǵa almassań, hálek bolarsań qayta ber — deydi.

Bala buǵan qayıl bolmaydı. Sonıń arasında dáw de kelip jetedi. Esiktiń aldında baylawlı turǵan, bayaǵı bala alıp qalǵan atın kórip, tóbe shashı tik turıp:

— Meniń qonxorım, shıq maydanǵa!, — dep buwıqanıp baqırdı.

Bala da dalaǵa shirenip shıǵıp, dáw menen turǵan jerden alısıptı. Bular bir-birewin jıǵısa almadı. Sol ayqasıwdan jeti kún, jeti tún ayqastı.

Bala keshikken soń ǵarrınıń ortanshı qızı bir qap tarı menen bir qap qúl alıp kelgen eken. Kelip qarasa, apası hesh qaysısına bolıspay, qızıǵına qarap tur eken.

— Kúyewińdi kóziń qıymay turma, balaǵa nege bolıspaysań! — dep apasına kúyinip, dárhal kúldi balanıń ayaq astına, tarını dáwdiń ayaq astına tógip jiberdi.

Ayqasıp júrgen adamnıń ayaǵı tarınıń ústinde turama, dáw tayıp jıǵıladı. Bala da dáwdiń gewdesine minip alıp, turǵan jerinde onı shalıp óltiredi.

Bala úsh dáwdi de óltirip, olardıń dúnya-múliklerin túyege artıp, úsh qız benen bayaǵı ǵarrınıń úyine qaytıp keledi. Qızların kórip ǵarrı quwanıp qaladı. «Qay waqta da meni qorǵay aladı eken» dep balaǵa isenedi.

— Balam, mına úsh qızımnıń qay qálegen birewine qosıl — deydi.

— Haw ata men seniń balań bolsam, olar qızıń bolsa, tuwısqanın alǵandı bul dúnyada kórippediń? — dep ashıwlanadı.

— Onda balam, seni shın bala etip alayın, berman júr — dep balanı bir toǵayǵa ertip ketedi. Barıp otız arba otın shawıp, gúdilep ústine otız shelek may quwıp, balanı ústine mingizip, otınǵa ot qoyadı da ǵarrı kete beredi.

Bala oylanadı, námártlik etip, gúdiniń basınan taslamay aq qoyayın, bári bir jerge boyımdı taslasam da ólemen ǵoy deydi de tura beredi. Gúdi úsh kún, úsh tún janadı. Janıp bolǵan soń ǵarrı gúdige kelse, bala kúldiń ortasında shoq bolıp bólek tur eken. Ǵarrı kúldi búldirmey altın kesege salıp alıp, jipek oramaldıń ústine kúldi jayıp, duwa oqıy baslaydı. Ǵarrınıń ózi asqan duwaqan eken. Duwanı bir basıp oqıǵan waqta bayaǵı kúl suńqar boladı. Taǵı bir basıp oqıydı, ol tuyǵın boladı. Taǵı

oqıydı, qarshıǵa boladı. Taǵı bir mártebe oqıp edi, bala óz qálpine kelip, jayrańlap shıǵa keledi.

— Ata usı ilimińdi maǵan úyret — deydi bala. Jalǵız baladan ayaytuǵın ǵarrıda jan barma, balanı úsh kún qasına alıp, ilimin úyretedi. Bala ózin-ózi sınap, suńqar, tuyǵın qarshıǵa bolıp, sońınan ózi bolıp kórdi. Duwaqanlıq ilimdi kútá úyrendi. Sóytip bala dáwrandı súrip júre berdi.

Bir kúni bayaǵı keyninde qalǵan eki aǵası balanıń yadına túsedi. Barıp qaytayın degen oy payda bolıp, ǵarrıǵa bul oyın aytıp ruqsat soraydı.

— Balam, tezirek aylanıp kelegór — deydi de, ǵarrı pátiyasın berip ruqsat beredi.

Bala namazsham waqtında eline qarap qarshıǵa bolıp ushıp otıradı. Tań saz bere kelgende bayaǵı awılına keledi. Úyine kelse, aǵaları joq eken. Olardı izlep júrip, kóldiń boyına barıp qaza salıp, awqatın zordan tawıp júrgen jerinen tawıp aladı. Mal degennen jalǵız qotır tayı qalǵan eken. Aǵalarınıń qubla betinde jayılıp atırǵan bir topar ǵazlardı kórdi. Bala olardı kóre salıp, shetinen tiyisip ketedi. Qarshıǵaǵa ne shıdasın, bir maydanda taw etip úyip taslaydı. Kún shıqqan soń qarshıǵa kebinen jigit qálpine kelip, aǵalarınıń qasına baradı. Aǵaları orınlarınan turıp, qazalarına keteyin dep atır eken. Olar inisin kórip, qushaqlasıp kórisip, quwanısıp qaladı. Aǵaları bayaǵıda inisin óltiremen dep júrse de, súyisip qumarların basa almaydı.

Jigit aǵaların ertip, azanda óziniń óltirgen ǵazlarınıń ústinen shıǵaradı. Biraq ta bul sırdı olarǵa aytpaydı. Ǵazlardıń terisin sıpırıp alıp, aǵalarına kiyim, tayǵa jabıw isleydi. Góshin jep qosta kún keshiredi.

Sol júris penen bir neshe ay aǵayinli úshewi birlik etip tura berdi. Bul waqıtta arabtıń patshasına balanıń

eliniń patshası urıs ashpaqshı bolıp, atlanısqa shıǵıwǵa jar urdırıp atırǵan edi. Patshanıń jarlıǵında «úsh aǵayinli bolsa birewi, eki aǵayinli bolsa da birewi, jalǵız bolsa da qalmastan pálen kúni xan sarayınıń aldında jıynala bersin» delingen edi. Mına sózdi esitken soń bular oylasıp, inisin jibermekshi bolıp kelisedi.

Bala qotır taydı minip alıp, aytqan kúni xan sarayınıń aldına kelse, adamlar jıynalıp júriw aldına turǵan eken. Balaǵa keldiń be, kettiń be degen hesh kim bolmadı. Bul da láshkerdiń bir shetinde júre berdi. Qırıq kún jol júrdi. Sol kúni keshte patshanıń jawǵa asımp shıǵatuǵın almas qılıshı úyinde umıt qalǵanı yadına túsedi de, láshkerlerge jar urdıradı. «Kim de kim qırıq kúnshilik jolǵa qalǵan qılıshımdı azanǵa deyin usı jerge tayın etse, sol adamdı ásker bası etemen hám de qızımdı beremen» — deydi. Sonsha láshkerlerde buǵan qayıl bolıp bir de adam shıqpaydı. Bala oylanadı: «ilimim saw bolsa, men onı alıp kelermen deydi de, láshkerlerdiń aldı uyqıǵa ketken waqta bala suńqar bolıp ushıp otıradı. Suńqardıń ushıwına jol shıdasın ba, qırıq kúnshilik joldı eki saatta alıp, sháhárge jetip keledi. Xannıń sarayınıń aldına túsip, jigit qálpine keledi.

Xannıń qızı ákesiniń qılıshınıń qalǵanın kórip, «ákem qay waq bolsa da bir adam jiberedi. Kelgen adam túnde bolsa da irkilmesin» dep panıs jaǵıp uyqılamay otıradı. Jigit jaqtı shıǵıp turǵan jayǵa kirip baradı. Barsa patshanıń qızı otır eken. Onıń menen jón-josaq sorasıp, ákesiniń tapsırmasın qızǵa aytadı.

Qız jigitti sıylaydı, qarnın toydırıp, jigitke qılıshtı berer waqta oǵan qız:

— Qáne qılıshtı alıp ketetuǵın bolsań, maǵan berip ketetuǵın qanday belgiń bar, — deydi.

— Meniń belgim mınaw — deydi de, jigit awzın jıbırlatıp jiberip suńqar boladı. Sol waqta qız suńqardıń qanatınan bir párin julıp aladı. Jigit qarshıǵa boladı, qız onnan da bir pár aladı. Jigit tuyǵın boladı, onnan da bir pár aladı.

Eń keyninde jigit óz qálpine keledi.

— Belgińdi aldım, endi jolıń bolsın — deydi de qız jigitke ruqsat beredi. Bala dalaǵa shıqqan soń qarshıǵa bolıp, qılıshtı moynına asıp, kelgen jolı menen ushıp otıradı. Tań saz bere xannıń qonıp jatqan jerine keledi. Láshkerler ele uyqıda eken. Jigit te azanǵa deyin uyqılap alayın degen oy kelip, qılıshtı basınıń ushına súyep uyqılap qaladı.

Bul láshkerlerdiń ishinde bir urı gázzap bar edi. Ol bul jatırǵan kópshilik ǵoy patshanıń qılıshın birew bolmasa birewi alıp kelgen shıǵar. Qılıshtı kim ákelse de urlap alıp patshaǵa kúyew bolayın dep oylap, túni menen uyqılamay, shatırma shatır aralap júr edi. Bir waqları azanda erte balanıń shatırına kelse, qılısh súyewli tur, bala uyqılap atır.

Urı qılıshtı balaǵa bildirmey aladı da, xannıń aldına baradı:

— Taqsır, buyrıǵıńdı orınladım, — dep qılıshtı patshanıń qolına beredi. Patshaǵa sol zamatında: «tayınlanıń, júremiz» degen dabıl urdıradı. Bala jarshınıń qıyqıwlap baqırǵan dawsınan oyanıp ketip, ján-jaǵına qarasa, qılısh joq. Bala qılıshtı urlatqanın sezip, atın ertlep, láshkerlerge qosılıp, bul da júre beredi. Burın láshkerlerdiń baslıǵı basqa birew edi, búgin birew bolıptı. Bala sol sońǵı ásker basınıń alǵanın bildi. Bular urısatuǵın patshanıń qalasına jaqınladı. Qalaǵa sáskelik jer qalǵanda bulardıń aldınan úlken bir dárya duwshar boldı. Dáryadan ótkel tabılmay, bular usı jerde jata berdi.

Bala bul jerde jata beriwdi qolaysız kórip, namazsham waqtında qarshıǵa kebine kelip, dáryadan ushıp ótip, qalaǵa bardı. Patshanıń sarayın tawıp alıp, áyneginiń aldına qonıp otıra berdi. Saraydıń ishinde patsha menen hayalı gúrrińlesip otır eken. Bala da bulardıń sózlerin túsigine deyin túsirmey, tıńlap otıra beredi:

— Háy patshayım, dushpan bolsa qorshap aldı. Seniń bolsa basıń aylanbaydı ǵoy — deydi hayalı.

— Háy shabazım, qapa bolma, olar sol dáryanıń ótkelin taba almay kóp waqıt jatadı — deydi patsha.

— Dáryanıń ótkeli qáyerde edi?

— Dáryanıń ótkeli dushpanlardıń jatqan jerinen tómenirekte dáryaǵa qulap jıǵılıp jatırǵan jiyde bar, sol jiydeniń oń jaǵındaǵı túbinen túsip, tuwra júrip otırsa, suw attıń bawırınan kelmeydi. Egerde sol ótkeldi tawıp keleǵoyǵan jaǵdayda da ekewimiz eki jaman qotır túye bolamız da, qızdıń birewin keli, birewin kelsap etip, ǵáziynedegi qazılardı tomar, al barlıq xalqımdı qızıl jıńǵıl etemen de qoyaman. Onnan keyin ol dushpanlar ne alar eken — deydi patsha.

Bul sózdiń barlıǵın esitip turǵan bala sol jerden ǵırra keynine qaytıp, dáryadan ótip, jigit qálpine keledi. Azanda patshanıń aldına barıp:

— Patshayım meniń keynimnen láshkerlerińizdi alıp júrseńiz mına dáryadan ótkeremen. Ótkeliniń qay jerde ekenin bilemen — deydi. Bayaǵı qılıshtı urlaǵan adam bolsa, balanıń bir nátiyjesiniń barın sezip, sırım ashılıp xor bolaman ba? dep qorqıp turadı.

Láshkerlerdi ertip, esitken jer boyınsha dáryadan alıp ótkeredi. Qalaǵa keledi. Hesh kim joq. Tek jayılıp atırǵan mallar ǵana qalǵan. Bular qashıp ketken eken dep oylaydı. Patsha láshkerlerine mallardı aydap, qalanıń

ornında qalǵan zatlardı tiyep alıp júriwge buyrıq berdi. Láshkerler bolsa, zattıń jaqsısın, mallardıń semizin aldı. Al bala saraydıń aldında jatırǵan keli menen kelsaptı hám qızıl jıńǵıldan da bes-altawın alıp, eki túyege tomarlardı hám basqa zatlardı tiyep, bul da láshkerler menen qayta berdi. Bir neshe kún jol júrip, eline qaytıp keledi. Bala úyine kelip, júklerin túsirip, atan túyeni soymaqshı bolıp, ayaqların baylap atırǵanda túyege til payda boldı:

— Adamzat, meni soymay toqtap tur — meniń ónerlerim bar, sonı saǵan kórseteyin — deydi. Balaǵa bul sóz maqul túsip, túyeni ayaqların bosatıp edi, túye tura salıp silkinip-silkinip, ústinde lipası, basında tajısı bar patsha bolıp tura qaldı. Bala patshaǵa iyilip sálem berip qol alıstı.

— Taqsır, — dedi bala, — is usınday boldı, endi mına keli, kelsaptıń, ingenlerdiń, tomarlardıń hám qızıl jıńǵıldıń janın ber. Patsha kóp oylanıp turmastan qolına tayaq alıp, «turıńlar» dep baqırıp edi, eki qızı, bir kempir, onlaǵan adam hám úyilgen altınlar shıǵa keldi. Sol jerde bala patshanıń eki qızın eki aǵasına hayallıqqa alıp berip, otaw tigip berdi. Patsha menen kempirdi óz áke-sheshesindey kórip húrmetlep usı jerde bola beredi.

Balanıń eliniń patshası bolsa, aman kelgenligine toy berdi. Qızın bayaǵı wádesi boyınsha ásker baslıǵına bermekshi bolıp, qızınan ırzashılıq soradı. Qız ayttı:

— Mennen qılıshtı alıp ketken bul adam emes, basqa bir adam edi.

— Ol adamdı tanıysań ba, qanday belgiń bar, — deydi patsha.

— Tanıyman — deydi qız — meniń aldımnan eldegi barlıq adamlardı ótker.

Qızınıń sózi boyınsha patsha barlıq adamlardı onıń aldınan ótkerdi. Biraq qız qılıshtı alıp ketken jigitti taba almaydı. Patsha buǵan hayran bolıp, «elde kelmey kim qaldı eken» deydi jállatlarına. Sonda birewi. «Bayaǵı jol tapqan jigit qaldı» dep juwap berdi.

Patsha onıda shaqırıp aldırıp, qızdıń aldınan ótkerdi. Qız bolsa, jigitti kóriwden tanıp, oǵan jabısa ketedi. Sol waqta patsha:

— Qáne qızım, belgiń bolsa kórset — deydi. Qız bayaǵı alıp qalǵan úsh párdi kórsetedi. Jigit te qarap turmastan duwanı oqıp jiberip, suńqar boladı. Qız párdi ornına suǵıp qoyadı, qarshıǵa boladı, qız julıp alǵan párdi ornına qoyadı, eń keyninen tuyǵın boladı, qız da qalǵan párdi ornına qoyadı.

— Áne, meniń belgim usı, jigittiń óneri bolsa kórdińler — deydi.

Patsha bala menen qılısh alıp kelgen ásker baslıǵın júzlestirdi. Áske baslıǵı barlıq bolǵan islerdi moynına aladı. Patsha sol jerde urını darǵazıp etip, óltirmekshi boladı. Biraq bala buǵan kelisim bermeydi. Sóytip bala patshanıń qızın alıp, sońınan patshanıń ornına patsha bolıp, eldi ádil soraydı. Bayaǵı ógey atasın qızları menen qarawına aldırıp, murat-maqsetine jetedi.

## GÚLZÁMZE

Burıngı ótken zamanda bir jarlı adam bolǵan eken. Onıń úsh balası bolıptı. Jası ortaǵa kelgende hayalı ólip, úsh balasın ózi tárbiyalaptı. Kúnlerden bir kún bayaǵı kisi qartayıp belinen mádet, dizesinen quwatı ketipti. Awır keselge jolıǵıp, óler aldında balların shaqırıp alıptı da, olarǵa bılay depti:

«Meniń bul keselden sawalatuǵın túrim joq. Ólmesimnen burın bar dúnyanı sizlerge úlestirip bereyin» depti. Erjetińkiregen eki balasma jaman ılashıǵın beripti, kishkenesine mańlayına qadaǵan jalǵız ılaǵı bar eken, sonı ataptı da, biyshara ǵarrı dúnyadan ótipti. Balları xoshlasıp-jılasıp atası biysharanı jerlepti. Ózi óz jolı menen ketti. Ballarǵa náwbet jetti. Bir úyde úsh balanıń awzı birikpedi. «Tek» deytuǵın ata, «hey» deytuǵın ana bolmaǵan soń, esheyin nársege qırampısh tóbelesetuǵın bálege ushrasadı.

Eki úlken aǵası birewdiń diyqanı bolıp xızmet isleytuǵın edi. Al kishkentayı bolsa, sol jerdegi bir baydıń ılaǵın baǵatuǵın edi. Eki úlken aǵası inisine jamanlıq oylap, qolınan ılaǵın basıp alıp, quwıp jiberiwdi oyladı. Kishkene inisi keshke qaytıp keldi. Aǵalarınıń jaman oyın túsinip, shataq saldı. Bunıń ózi kúshsiz, bası da taz edi. Shataq salǵan soń eki aǵasınıń qanı qızıp urıp-urıp, qolınan ılaǵın alıp, quwıp jiberdi. Kishkene inisi aǵalarınıń qılǵan isine qapalanıp, óksip-óksip jılap, basınıń awǵan jaǵına ketip qaladı. Az júrip, kóp júrip, harıp-sharshap bir terektiń túbine kelip jatadı da, uyqılap qaladı. Bul bala buyerde uyqılay bersin. Endigi sózdi peri patshasınıń qızınan esitiń.

Sol eldiń patshasınıń jalǵız ulı bar eken. Ol jasınan ań awlawdı jaqsı kóredi eken. Ol bir kúnleri ań awlap júrip adasıp ketipti. Tosattan onıń aldınan bir sulıw periyzat qız ushıraptı. Patshanıń balası periyzat qızdı kórip, adasqanın umıtıp ta ketipti. Ol qızdı júdá jaqsı kórip qalǵan eken. Qız da onı jaqsı kórgen qusaydı. Bular ekewi súysinip hám kelisip, birewi almaqshı, birewi tiymekshi bolıptı. Biraq peri qız:

— Men seniń ákeńniń patshalıǵına barmayman. Eger sen meni súyseń basqa bir elge keteyik, — deydi. Jigitte

bunı maqul kóripti. Sóytip tún ishinde pálen degen terektiń túbinde ushırasayıq, dep wádeni bir jerge qoyıptı. Wádelesken teregi bayağı shopan balanıń túbinde uyqılap qalğan terek eken. Patshanıń balası sol kúni patsha sarayında úlken merekege duwshar bolıptı. Patshanıń zıyapatı há degende tawsıla qoyama, tún boyı sozılıptı. Araq-sharap ishilip kóp adam jıyılıptı. Sonıń ishinde peri qızğa wáde etken patshanıń balası da bar eken. Uyqı dúkanına kirip, peri qızğa bergen wádesin umıtıp, patshanıń balası jata bersin. Endigi sózdi peri qızdan esitiń.

Periniń qızı patshanıń balasına bergen wádesi boyınsha bayağı terektiń túbine keledi. Qarańğıda hesh nárseni durıs ańğaralmaydı. Terektiń túbinde birewdiń jatırğanın sezedi de, onı patsha balası dep oylaydı. Peri qız eki tulpar menen kelgen eken. Uyqılap jatqandı patsha balası dep oylap «nege uyqılay beresen, júr atqa min» depti peri qız. Jatqan bayağı shopan indemesten suwırılıp turıp atqa mine beripti. Tún ishinde kimdi-kim tanısın, birew-birewin tanımastan ıńsız-jıńsız atlarına minip júrip kete beripti. Peri qızı joldasınıń indemegenligine hayran bolıp, patsha balası óziniń jurtınan, áke-sheshesinen ayrılğan soń qapa bolıp baratırğan shığar, dep oylaptı. Tań saz berip birew-birewdi tanıytuğın waqıt boladı. Peri qız qaptalına abaylap qarasa, kiyme taz bir jigitti kóredi. Ókingeni sónshelli, ne qıların bilmeydi. Peri qız dáslep ókinishte bolsa da, sońınan táwekel etti. Indemey birge júre berdi.

Kóp jollardı, kóp shóllerdi ótti. Kóp júrip, bir úlken qalağa keldi. Qalanıń shetine kelgende, peri qız «mákán tutatuğın jer eken» dep til qattı. Jigitte maqul kórdi. Peri qız káramatı menen qanatın shığarıp jerdi bir

sıypap jiberip edi, kók tastan saray payda boldı. Áne, usı sarayda olar erli-zayıplı más bolıp dáwran súre berdi. Periniń qızı adamzat dúnyası bilmeytuǵın túrli jaqsı dáriler menen jigittiń basınıń jarasın tez kúnde sawalttı. Jigit kelseń kel degen bir pákize xosh húrey jigit boldı da turdı. Peri hayalı qıyal menen kúnde oǵan iynesiz taqıya, shapan tigip beretuǵın edi, al, ol onı bazarǵa satatuǵın edi, solay etip olar kún keshiretuǵın edi. Olar usılay jasay bersin, endigi sózdi sol qalanıń patshasınan esitiń.

Patsha óziniń wázirleri menen ań awlap qaytıp kiyatırsa, qalanıń shetinde bir kók tastan salınǵan saraydı kóredi. Saraydıń qasına jaqınlap kelip qarasa, dárwazanıń aldında turǵan bir kelinshekke kózi túsedi. Kelinshektiń sulıwlıǵına tańlanıp, patsha atınan jıǵıladı. Bul bayaǵı jigittiń peri kelinshegi edi. Patsha biraz waqıttan keyin kózin ashıp qarasa, óziniń sarayında jatqanlıǵın kóredi. Onı jıǵılıp qalǵan jerinen wázirlerdiń ákelgeni yadında joq. Ol peri kelinshekti túsinde kórgendey. Ańǵa shıqqanı yadına túsip, qattı ǵázep penen wázirlerin shaqıradı. Patsha shaqırǵan soń ne turıs, alpıs eki hámeldar, otız eki móhirdar bári birden tayın boladı. Patsha kórgen-bilgen, yadındaǵı waqıyalardı ortaǵa saladı. Oylasıp, keńesip patshanıń sol peri kelinshekke úyleniwi ushın onıń kúyewin ólim sawdasına jumsawǵa kelisti.

Aqıllı-sımaq bir wáziri turıp:

— Patshahım, arzım bar? — dedi.

— Arzıń bolsa ayt! — dedi.

— Men ol jigittiń óletuǵın jerin bilemen.

— Álhábbiz, durıs-durıs — dep iyek qaǵıstı, qasındaǵa wázirler, máselege túsinbey-aq.

— Oǵan qıyal menen tigilgen teńiz qoyınıń shógirmesin taptırıw kerek, — dedi wázir.

— Maqul, dedi patsha.

— Haqıyqat óletuǵın jeri — dep dawıslap ǵawırlastı wázirler. Bayaǵı jigitti patsha jálladın jiberip shaqırtıp aldı. Jállad onı aldına salıp aydap keldi. Patsha oǵan:

— Maǵan teńiz qoyınıń terisinen qıyal menen tigilgen shógirmesin ákelip bereseń! Eger ákele almasań óziń ólimdar, malıń patshalıq tuqımqurt qılaman! — dedi patsha qáhárlenip. «Hinjili qoydıń terisinen tigilgen bórik jarasar xanıma» dep wázirler xannıń ádebin tuttı. Gáptiń mánisine qorıqqanınan itibar bermey, gellesiniń barına quwanıp «maqul patshahım» dep basın iydi jigit. Ol dalaǵa shıqqannan soń ǵana haqıyqat ájel kútip turǵanın túsindi. Hayalına bolǵan istiń barlıǵın aytıp berdi. Hayalı jigitke: «qıynalma, hárbir istiń bası qıyın bolsa, aqıbeti jaqsı boladı, sen bunnan ketierseń, birneshe kúnler jol júrip bir tawlarǵa jeterseń. Sol tawlarǵa barǵanda, aldıńnan bir jol shıǵadı. Sol jol menen tawdıń ishine kireseń. Taw ishinde mákan tutıp, ot basında otırǵan bir mamanı kóreseń. Assalawma-áleykum dep sol mamaǵa sálem berip, hal jaǵdayıńdı ayt, bir pitkerse sol mama pitkerer» — dedi.

Jigit hayalı menen xosh alliyar aytısıp jolǵa shıqtı. Bir neshe kún jol júrip, bayaǵı hayalı aytqan tawǵa keldi. Aspan menen tiresken qapqara tawǵa kelip hayran bolıp tursa, tawdıń ishindegi jolǵa kózi tústi. Sol jol menen «tas tiyse talayımnan, muz tiyse mańlayımnan» dep táwekel etip júre berdi. Bir jerlerge kelgende uzaqtan jıltıldap kóringen otqa kózi tústi. Ayaǵın qattıraq basıp, harıp-sharshap, qızara bórtip ot shıqqan jerge keldi. Kóz tigip ot basına qarasa, kózleri máshtey, arqası qozıǵan, toppısı tozıǵan, eki dizesi qulaǵınan ozǵan bir mástan mamanı kórdi. Eles-qápeste jigit kempirge

sezdirmey «Assalawma áleykum, mama» dep kempirge iyilip sálem berdi. «Wáliykum-assalam» dep kempir sálemin álik aldı. «Sálem berdiń, eger sálem bermegenińde bul dúnyadan waz keship ediń» — dedi kempir. Ol jigitti sıylap qonaq qıldı. Kún batıp tań attı, jigit jayınan turdı. Kempir jigitten jol bolsın soradı. Jigit kelgen jónin bir-bir bayan qılıp, hal-jaǵdayın, saparın kempirge bayan etti. Kempir:

— Háy balam, bul isiń bir qıyın is eken, meniń pálen degen tawda úlken qızımnıń úyi bar, sol qızıma bararsań, bir pitirse sol pitirer — dedi. Jigit kempirden ruqsat alıp, sol qızınıń úyine bardı. Kelgen jónin birme-bir bayan etti. Kempirdiń úlken qızı jigittiń qolına sarı jay berip: «Anaw jerde tawdıń basında bir bulaq bar. Sol bulaqqa barasań, bulaqtıń qasınan tereń etip gezeni qazasań. Sol bulaqqa shóllep, terisi hinjili qoylar keledi. Qoylardıń shóllegeni sonshelli, basların suwǵa basıp, bulaqtan suw ishedi. Sol waqıta atsań atıp qalǵanıń, atpasań bosqa qalǵanıń» dep jigitke aytadı. Jigit sarı jayın iynine salıp, bayaǵı aytqan jerge barıp, geze dúzetip añlıp jata beredi. Bir waqıtları tawdan-tawǵa sekirgen hinjili qoylar bulaqqa kelip, heshkim joqpa eken degendey qulaǵın tikireytip ján-jaǵına qaraydı. Hesh nárseni sezbegen soń shól qoysınba, basın suwǵa basadı. Gezede jatqan jigit artqı ayaǵına tirenip, qolındaǵı sarı jaydı bekkem uslap gezenip, moynınıń astı dep, júrektiń ústi dep birewin baylap atadı. Atılǵan jay oǵınıń dawsı tawdıń ishin gúńirentti. Janıwar hinjili qoylarǵa paraxat suw ishpek qayda, hár qaysısı hár jaqqa qashıp alıp báder ketti. Jigit ornınan turıp qarasa, hinjili qoydıń birewiniń bulaqtıń basında jatqanın kórdi. Júwırıp barıp, pıshaǵın qolına

uslap. Teriden shıǵarıp, terisin alıp, más bolıp, bayaǵı kempirdiń úlken qızınıń úyine keldi. Ol jigitke aqshamı menen, qıyal menen hinjili qoydıń terisinen bir shógirme tikti, aqılıń hayran, qaraysań da turasań, jigit azan menen turdı, ruqsat alıp jolǵa rawan boldı. Bir neshe kúnler jol júrip, jol azabın kóp kórip, jol azabınan ayaqları qálbirdey tesik bolıp, óldim-taldım degende qalasına keledi. Hayalına kelip bolǵan waqıyalardı aytadı. Xan názerine kelip, jigit ákelgen shógermesin xanǵa usınadı. Otırǵan xan da, wázirler de jigittiń aman qalǵanına hayran qaldı. Xan hámiriniń orınlanǵanın sezse de jigittiń aman qalǵanına wázirleri menen birge ishten pushayman etedi.

Xan hám onıń wázirleri onı ton ákeliwge de buyıradı. Perilerdiń kómegi menen hinjili qoydıń terisinen jigit tondı da ákeldi.

Wázirler jigitti jáne de shaqırıp alıp, bir ólse, usınnan óler dep, oǵan: «Gohiqap tawınıń arjaǵında bir teńiz bar, sol teńizde suw tulpar bar, torǵay baslı torısha at jarasar xanı ma» — dep jigitti sol suw tulpardı ákeliwge jumsaydı.

Jigit bunı esitip júdá qıynalıp úyine keledi. Hayalı oǵan keńes beredi. Jigit jolǵa rawan bolıp, bir neshe kúnler jol júrip, bayaǵı kempirdiń ortanshı qızınıń úyine keledi. Oǵan kelgen saparın bayan etedi.

— Bul saǵan ańsat is emes, — deydi oǵan ortanshı peri, — Bunnan keteseń, teńizdiń boyına jetseń, dawıl bolıp, jawın bolıp, teńiz astın-ústin bolıp, bult yańlı tolqınlar jaǵaǵa uradı. Mine bul suw tulpardıń jaǵaǵa kiyatırǵan páti.

Bir waqıtta bayaǵı astın-ústin bolıp kiyatırǵan tolqınlar jaǵaǵa uradı da, áste keyinge qaytqanday boladı. Jaǵaǵa

urǵan tolqınlar kem-kem basılıp, teńiz tınıshlanıp, onıń suwı qaytadı. Sol jaǵaǵa jaqın jerde suwdıń qaytıwı menen suw tulpardıń arqası kórinedi. Ol ádette kóp waqıtqa shekem basın suwǵa basıp arqasın kúnge qızdıradı. Sol waqıtta ústine erdi salasań, ayıldı bekkem shalasań, ózińdi qırıq qulash arqan menen bekkem etip uqshatıp tańasań. Ústine hám minip alasań. Soǵan sheyin suwda qaytıp bolmaydı. Suw tulparı suwdan basın kótermeydi. Bir waqıtları suw qaytıp, bolǵan waqtında at ústindegi adamzattı sezedi. Kókke alıp ushadı, suwǵa alıp ushadı hesh ústinen qorqıp túsiwshi bolma. Tek ǵana eń keyninde atqa zıban pitip, «Iyem ursın, seniki boldım» — deydi, sol waqıtta attan, túsip, qaytadan ertlep alarsań, áne sonnan soń at seniki, onısız atqa iye bolalmassań, — dedi peri.

Jigit periniń aytqanlarınıń hámmesin orınlawǵa kirisedi. Qulaqtıń qurıshı joq, kóp ayta bergenniń mazası joq. Jigit suw tulpardı minip xannıń barǵasına keledi. Xan da, wázirler de «álhábbiz» dep hayran qaladı.

Xan hám wázirleri jıynalısıp, bul neshik awhal boldı, bunı eń aqırǵı hám qaytıp kelmeytuǵın ólimge jumsayıq — depti. Jigitti shaqırıp aldı:«hinjili qoydıń terisi shógirmesin taptıń xanıma, tonın taptıń xanıma, torǵay baslı torısha suw tulpardı keltirdiń, endi Gulhagiyha, Gúlzámze qız jarasar xanıma. Atın taptıń, tonın taptıń, endi qızın tap, bátshágar, eger bunı tappasań tuxımqurt bolasań, zańǵar!» — dedi.

Jigit ǵamgún boldı, ári oylandı, beri oylandı, hayalına kelip oylastı. Aqıllı hayalınıń keńesi onıń qayǵısın bastı.

Jigit suw tulpar at penen kóp jollar júrip hayalınıń aytıwınsha bayaǵı kempirdiń kishkene qızınıń úyine bardı. Onnan Gúlhagiha, Gúlzámze Gohiqaptıń arjaǵındaǵı teńizdiń ortasındaǵı bir atawda turadı. Ol atawǵa suw

tulparı menen ushıp barasań. Atawda úlken saray bar. Ol sarayǵa barǵanda, aldıńnan áwpildesken jolbarıslar shıǵadı, oǵan barǵanda mına perilerdiń sózin aytasań, durıs aytsań aman ótesań. Dárwazaǵa kelgende arıslan tur aqırıp, perilerdiń mına sózin aytasań, durıs aytsań aman ótesań. Dárwazadan kirgende dem shegip jatqan aydarhanı kóreseń, oǵan barǵanda mına perilerdiń sózin aytasań, durıs aytsań aman ótesań. Dárwazanıń ishinde bir qapı bar, sol qapınıń awzında bir bátbesher qara jılan ısqırıp turadı, oǵan barǵanda, mına periniń sózlerin aytasań, durıs aytsań aman ótesań. Perilerdiń aytqan sózleri hár haywannıń qasına barǵanda, olardı uyqılatıp taslaydı. Eger sen jaydıń ishine aman kirseń úlken bir arsha tur, arshanıń qasında gilt bar, sen ol giltti qolına uslaǵannan, arsha ashılıp ketedi.

Sol arshanıń ishinde kishkene bir arsha bar, sonı al da qayta ber. Sol arshanı alsań, qızlardı qolǵa túsirgeniń, — deydi peri.

Jigit bir neshe kúnlerde perilerdiń haywanlardı ushıratqanda uyqılatıp taslaytuǵın sózlerin úyrenedi. Suw tulparǵa minip, jolǵa rawan boladı. Bayaǵı periniń aytqan shártleriniń barlıǵın orınlaydı. Perilerdiń sózlerin jańılmay aytqan soń ushıratqan haywanlardıń barlıǵı biyhush bolıp, uyqılap qala beredi. Atawdaǵı jayǵa kirip, jigit peri aytqan arshanı kóredi, giltti qolına alǵanda, arsha ashılıp ketedi. Jigit usı arshanı aladı da ayaǵın áste basıp, uyqılap atırǵan haywanlardıń ústinen qorqa-qorqa zorǵa degende atınıń qasına keledi.

Jigit sonsha miynet ettim, bunıń ishinde ne bar eken, dep arshanı ashıp qarasa, birewi aǵıraq, birewi qızıl eki alma bar eken. Jigittiń jurtında alma siyrek ósedi eken, almanı qolına alıp, barlıq nárseni umıtıp jemekshi bolǵanda, «Jezde» — dep bir qız jigitti

qushaqlay aladı, ekinshi alma da dúrlep qız halına keledi. Bul qızlardıń birewi úlken, birewi kishi eken. Sonlıqtan alma qálpinde birewi kógirek, birewi qızıl eken. Bul qızlar jáne de jigittiń peri hayalınıń tuwısqanları eken. Jigit qısılıńqırap, orınlarıńızda otırıńlar dep isharat etipti. Qızlar hápzamatta alma halına kiripti. Jigit olardı arshaǵa salıp attıń ústine alıptı da keynine qaytıptı.

Bayaǵı kempirge kelipti, onıń hámme qızların jıynap xoshlasıp, qaytpaǵa meyil bolıptı. Sonda kempir:

— Ey balam, hár kim birewge jamanlıq etse, ózi jamanlıqqa duwshar boladı, kim birewge gór qazısa eń aqırında ózi jıǵıladı, kewlindegi ármanıń piter, ulım, — dep pátiya beripti.

Jigit xannıń barǵasına kóp joldan soń kelip, mınaw qızlar, mınaw at, dep tapsırıptı Arshanı ashıp qarasa patshanıń kózine eki alma kórinipti. Patsha almanı awzına basayın degende, qızlar patshanıń saqalınan tutıp alıp, wázirlerdi de, patshanı da periniń sózleri menen kók tasqa aylandırıptı. Qalanıń adamları jıyılıp, bayaǵı jigitti patsha etip kóteripti.

Bir kúni jigit awdan qaytıp kiyatırsa, bayaǵı urıp quwıp jibergen eki aǵası diywana bolıp júr eken. Bular inisin qaydan tanısın. Biraq inisi olardı tanıp, úyine ákeledi. Awqat berip toyǵızadı, jaqsı kiyim kiygizedi. Olarǵa óziniń bayaǵı quwıp jibergen inisi ekenligin aytadı. Jigit xor bolǵan eki aǵasın Gúlhagiyha, Gúlzámze atlı peri qızlarǵa úylendiredi. Solay etip murat-maqsetine jetken eken.

## JANSAP

Burınǵı ótken zamanda úlken bir patshanıń Jansap atlı jalǵız balası bolıptı. Jansap on bes jasına kelgende,

qasına altı palwan ertip, kemeli ań awlawǵa shıǵadı. Teńizde balıq uslap, qus atıp júrgen jerinen qubladan qattı dawıl bolıp, kemesin samal altı kún, altı tún quwıp, bir úlken tawdıń túbinen shıǵaradı. Teńizdiń aylana qır dógereginiń barlıǵı taw eken «altı kúnnen beri ashbız, bul jerde tamaq asıp jeyik» dep jetewi tawdıń basına shıǵadı. Tawdıń basında tamaq pisirip jeydi. Sonıń arasında ılǵıy jartı bas, mańlayında jalǵız kózi bar, jartı ayaq adamlar bulardı aylana orap aladı. Jeti adamǵa jańaǵı altı jartı adamlar hújim etedi. Jetewi jartı adamlar menen urıs salıp, óldim-taldım degende zorǵa qutılıp, tawdı jaǵalap ketedi. Bir kún ótkennen keyin ash bolıp sharshap jáne tawdıń basına shıǵadı. Tawdıń basında tamaq pisirip tamaqtı jańa ala bereyin degende bir ayaq, eki kózli jeti adam tuwrı tabaqqa qol saladı. Jetewi jalǵız ayaqlı jeti adamǵa shıdam bere almay qashadı. Kún kesh boladı. Jetewi «keshte bolsa bul jerde turmayıq, bul adamlar túnde kelip záqmet tiygizer» dep túni menen taw jaǵalap qashadı. Tań atqanda aldınan úlken bir qala kórinedi. Kemeni jaǵaǵa tartıp jetewi qalaǵa baradı. Qalanıń ishin de adam zatqa ne kerek bolsa, barlıǵı tayın, biraq qalada hesh qanday jan joq. Bul qalanıń patshası bar shıǵar, adamın kóreyik dep jetewi qalanıń ishin tintip, ádewir jerge baradı. Bir jerlerge barsa patshanıń otıratuǵın ornı bar, jew ushın pisken tamaqları tayın tur, biraq patsha joq. Pisken tamaqlardı jep, sol kúni jayda uyqılap qaladı. Jetewi bir kún, bir tún jatıp erteńine azanda tursa, aynala dógereginiń barlıǵı maymıl eken. Shóp te sharda esap bar, al maymıllar da esap joq, geypara ǵarrı maymıllar bul adamlarǵa jaqınıraq otır. Barlıǵı birden, adamlarǵa telmirisip qaraydı.

Jansaptıń aqılı hayran bolıp, lalı shıǵıp, maymıllardıń tilin bilmey, sóylesiwge adam tabılmay turǵanda, bir ǵarrı maymıl esikke qarap ım qaǵadı. Jansap ornınan turadı da, ım qaqqan maymıldıń izinen ere beredi. Qalanıń ishinde salınǵan bir minar bar edi. Jansaptı soǵan aparadı da minarǵa qarap ım qaǵadı maymıl. Jansap minardıń túbine barıp «bunda ne bar eken» dep minarǵa qaraydı. Minarda jazıwlı turǵan bir xattı kóredi. Xatta mınaday sózler jazılǵan eken: «Bul jerge adam zat kelse, kún shıǵarǵa qarap altı ayshılıq jolǵa shekem adam zat ketse, qumırısqa jep qoyadı, júrgizbeydi. Qublaǵa qarap ketse, altı ayshılıq jolǵa shekem jılan, jıllannan júre almaydı. Adamdı shaǵıp óltiredi. Kún batarǵa qarap altı ayshılıq jolǵa ketse teńiz. Ol teńizdi adamzat kórse, qaydan qayaqqa ketkenin bilmeydi. Arqaǵa qarap ketse, temir tırnaq degen maymıldıń jawı bar. Adamiy zattan maymılǵa patsha bolsa, maymıl biledi. Sol sebepten payǵambar shárt etip ketken: adamzattan birew kelse, bul qaladan ketpesin» dep jazǵan.

Jansap xattı oqıp kóredi de, bul qaladan kete almaydı ekenbiz dep qalaǵa qaytıp keledi. «Endi bul jerden qashayıq, samal ońbolsa aqırı elge baramız» — deydi Jansap jigitlerine. Sóytip bayaǵı kemesine kelse maymıllar dal-dal etip sındırıp taslaptı. Jigitler qalaǵa qaytıp keledi.

Jansap jigitlerine: — Baǵanaǵı minardaǵı xatta usı qalaǵa patsha bolsa, ne keregi maymıl menen pitedi depti. Qanday nárse kerek bolsa da, maymıllar tawıp ákeletuǵının kórsetken. Erteń maymıllarǵa at tawıp keliń dep buyırayıq. Sóytip at minip, elattıń arqa jaǵına qazıq qaǵayıq — deydi. Bul aqıldı jigitler maqul tabadı. Erteńine at alıp kel dep edi, jaqsılap iytlerdi ertlep ákelip berdi. Jigitler iytlerge minip sol aqsham eldiń shetinde boldı.

Jansap maymıldıń úlkenine: — Bul jerler qaysı jerler boladı? — dep soraydı. Basshı úlken maymıl: — Bunnan bılaygı jagı qumırısqa boladı, — dep ım menen túsindiredi. Eldiń shetine shıqqanın bilip, Jansap maymıllarǵa sharaptı toyǵansha beredi. Maymıllar más bolıp qaladı. Tannıń atıwı menen kún shıǵar jaqqa qarap, jetiwi de iytke minip qashadı. Bayaǵı maymıl oyansa patshası joq. Sonnan apalaqlasıp uyqısın shala ashıp patshasınıń izinen quwadı. Patshasınıń iyttey-iyttey qumırısqanıń arasına kirip ketkenin kórip, qumırsqalarǵa bata almay eki kózinen dilgir bolıp, maymıllar shońqıyısıp otırıp qala beredi.

Iriligi iyttey qumırısqalar Jansaptı albıratadı. Jansap qırıq kún degende iri qumırısqanıń ishinen altı adam, jeti iytti berip, óldim degende mayda qumırsqallıqqa shıǵadı. Bir neshe kún jol júrip mayda, qumırsqalıqtan da qutıladı. Aldına kóz jiberip qarasa, bir úlken sháhár kórinedi. Sháhárdi kórgennen keyin qalaǵa keldim ǵoy, dem alayın dep, Jansap uyqılap turadı. Erteń keshke qalaǵa barayın dep shıqsa, aldınan bir dárya shıǵadı. Dáryanıń jaǵısında bir minar bar, minardıń ústinde bir adam baqırıp tur:

— Búgin ótseń ketip óleseń, erteń ótseń aman óteseń — deydi. Qumırısqadan qutılǵanına quwanıp Jansap dáryanıń boyına jetti. Tań attı. Dárya azanda qaytıp qalǵan eken, dáryadan aman esen ótip qalaǵa baradı.

Jansaptıń burın kórmegen qalası. Bul qaladaǵı adamlar Jansaptı orap aladı. Jansap adamlar tarqap ketkennen soń, sıpada otır edi, bir ǵarrı baqırıp kele beredi.

— Qırıq kún baǵaman. Bir kún jumıs qıldıraman. Jumıs haqına mıń tilla pul beremen — deydi.

Jansap oyǵa ketip:

«Qırıq kún baqsa, tas túwe polat shaptırsa da jumısına jararman-aw» — dep babanı shaqırıp alıp, izine erip ketedi.

Qırıq kún baqtı. Bir kúni ǵarrı bir ógiz ákelip Jansapqa jeteletip, bir tawǵa qarap jol júrip kete berdi. Jolda Jansaptıń mıń tillasın da qolına beredi. Aldınan, aspan menen barabar bir taw ushıradı. Tawdıń qaptalınan úlken bir dárya aǵıp tur. Ǵarrı kelip sol dárya boyında baǵanaǵı ógizdi tulıp qılıp soydı. Jún jaǵın ishine qaratıp terisin sırtına qaratıp ǵarrı Jansapqa:

— Mınanıń ishine qara, bir jerinde sańlaq bolmasıń — deydi.

Jansap úńile bergende dizesi menen Jansaptı tulıptıń ishine iyterip jiberdi. Ǵarrı tulıptıń awzın baylaydı. Bala ári-beri bultaqlap edi, onıń menen heshnárse bolmaytuǵın bolǵanlıqtan tım-tırıs jatadı. Baba tulıptı sol jerge qoydı da, ózi keyin sheginedi. Babanıń keyin sheginiwi máttal eken, bir úlken qara qus kelip, tulıptı qóterip alıp ushıp dáryanıń arjaǵına barıp, tawdıń basına qonǵan jerinde terini jırtadı. Jansap qorqıp ornınan órre turadı. Bunı kórip qus uzaǵıraqqa ushıp barıp qonadı.

— Hawlıqpa balam, sen tawdıń ústindegi marjan-hinji, gáwharlardı taslay ber. Ózim túsirip alaman — deydi.

— Jansap solardan alıp, babaǵa shıńǵıtıp taslay beredi. Baba qorjının, qabın toltırıp alıp, eshegine artıp Jansapqa qaramastan úyine báder ketedi. Jansap tawda jalǵız ózi qaldı. Keyin oylanıp otırıp, «kóp tursam quslar jep qoyar, ólsem shóllerde jónime óleyin» — dep qublaǵa qarap, júrip alıp ótá ketti.

Jansap bir-eki kún shaması jol júrdi. Burınnan qalǵan qus, peri, jılanlardıń Suymurıq xan degen patshası bar edi. Áne Jansapqa sonıń qalasınıń qarası kórindi. Jansap sol qalaǵa baradı, qalada Suymurıq xannıń ózinen basqa adam joq edi. Gúzli-báhár qus, jılan perilerdiń esabın alıp, qanatına mór basıp, esaptan ótkerip jiberetuǵın edi. Áne sol quslar patshası Suymurıq xandı Jansap qaladan tawıp aladı. Suymurıq xanǵa sálem beredi Jansap. Suymurıq xan:

— Há bala ne jansan? — dep soraydı.

— Balasız adamǵa bala bolayın dep júrgen balaman — deydi Jansap. Suymurıq xan:

— Sen ne qılıp júrseń, ne qılıp bul awhalǵa duwshaker boldıń? — deydi.

Jansap, Suymurıq xanǵa basman keshken awhalların birim-birim bayan etedi. Suymurıq xan:

— Kútá jaqsı bolıptı kelgeniń. Olay bolsa maǵan bala bol, — deydi. Jansap: — Maqul boladı, ata — dep oǵan bala boldı. Biraz kúnler dem alıp jatqannan keyin Suymurıq xan oǵan:

— Háy, Jansap balam, házir peri qus jılanlardıń daǵısıp ketetuǵın waqtı. Men bir sırıq kómemen. Sırıqqa quslar, jılanlar periler ǵır átirap qonıp otıradı. Solardıń esabın alıp kemisin kemis, artıǵın artıq dep esaplap, qanatlarına mór basıp kelemen. Bunda úsh kúnge shekem kelmeymen, — deydi. Sen baǵlardı barıp arala. Kewlińdi kóter. Biraq, bir sarhawız bar, onıń awzın ashpa, balam, — deydi de balasına qattı tapsırıp ketedi.

Jansap hámme jerdi atası ketkennen soń aralap kóredi. Atam sárhawızǵa barma dep edi, Sárhawızdıń qapısın ashadı. Sárhawızdıń boyında gúller ashılǵan, búlbiller sayraǵan. Bul bir ǵayrı naǵıs jay eken, dep bir gúldiń arasına barıp jatadı.

Bir zaman jatıp edi, úsh kók kepter kelip hawızdıń boyına túsedi. Kepterler dúr-dúr silkinip edi, úshewi ay dese awzı, kún dese kózi bar periyzat boladı. Eń úlkeni:

— Bul jerde adamzattıń iyisi bar, suwǵa shomılmayıq — deydi.

Kishkenesi:

— Shomılǵanda ne qıladı? Kóp bolsa adamzat bizlerdi uslap alar dağı — deydi.

Qızlar kiyimlerin sheshinedi de suwǵa shomıla beredi. Jansap, eń kishkene qızdı, kórip ashıq boladı. Qızlar háwızǵa túse bergende, kepterlerdiń lipaslarına qarap birden táp beredi. Kishkene qızdıń lipasın kókiregine basadı. Eki qız ushıp alıp ótá ketedi.

— Qolımdı usladıń men seniki boldım — deydi qalǵan qız Jansapqa.

— Onda, jaqsı — dep qolın bosatadı. Qız kepter lipasın kiyip, ushıp alıp ótá ketedi. Jansap, óziniń tamına kelip bayağı qızǵa ashıq bolıp, kókiregin suwıq jerge berip jatadı. Aradan úsh kún ótkennen soń Suymurıq xan keledi. Balasınıń kesel bolıp atırǵanın kórip:

— Sárhawızǵa bardıń ba? — dep soraydı.

— Awa, bardım — deydi Jansap.

— Qızdı usladıń ba?

— Awa, uslap edim, men senikimen degen soń, jiberip qoydım.

— Ziyanı joq. Sol óziń kórgen úsh qız, kepter bolıp, endigi jılı báhárde keledi. Asıqpa balam, — deydi atası.

Jansap atasınıń xóshemeti menen, ornınan turıp júredi. Aradan altı ay ótedi. Bir kúni atası aytadı: — Balam endi kórseń jazdırma. Kelip, kebin taslaǵan waqıtta, óziniń ashıq bolǵan qızınıń kebin usla da, olla-billasına

inanba. Sulayman payǵambar ursın degeninshe inanba. Sonda da kebin ózine hasla berme, bunda ertip kelgeyseń — deydi.

— Jaqsı, boladı ata — dep bayaǵı jatqan gúliniń arasına barıp jatadı. Máhál jetip úsh kepter de dárriw keledi. Keliwden qız:

— Jáne adamnıń iyisi bar ǵoy, — deydi.

Kishkenesi:

— Jamanlıǵı uslaydıdaǵı, nege irkilemiz — deydi.

Qızlar sóytip suwǵa shomıla beredi. Qızlar qashan suwǵa túsedi eken dep jatırǵan Jansap, qızlardıń kepter lipası jerge túsiw menen dárriw ala júwıradı. Kishkene qızdıń lipasın dárriw kókiregine qısadı, ekewi shıǵıp alıp ushıp ótá ketedi.

— Meniń saǵan tiygenim tiygen, lipasımdı ber? deydi qız.

— Maǵan bir shárt aytpaǵansha, lipasıńdı bermeymen — deydi Jansap.

— Olla-billanı ayttım ǵoy — deydi qız.

— Joq, Súlayman payǵambar ursın, ketpeymen de? — deydi Jansap.

— Sulayman payǵambar ursın ketpeymen! — deydi qız. Sonde Jansap kiyimin kiygizip, qızdı ertip atasına aparadı. Atasınıń waqtı xosh bolıp:

— Hám kelinim, hám qızımsań. Jansapqa tiyiwge ırza boldıń ba? — deydi.

Qız jılaydı. Sonnan soń ǵarrı: — Qızdıń jılaǵanı ırza bolǵanı, — deydi.

— Meniń atam hám anam bar edi, jalǵız balama qız áperip, toy qılıp tamashasın kórsem degen ármanı bar edi, sonıń ırzashılıǵı menen nekesin qıydıraman, meni úyime jiberiń! — deydi Jansap. Sonda Suymurıq xan:

— Úyińe nekesin qıydırıp-aq bara ǵoysań, bolmay ma? — deydi.

— Men áke-sheshemdi kórmey neke qıydırmayman — deydi ol.

Suymurıq xan úlken bir dáwdi shaqırıp aladı da, bulardı saw-salamat Jansaptıń úyine aparıp tasla! — deydi.

— Jaqsı boladı, — dep dáw ekewin arqasına mindirip, Jansaptıń elatına aparıp taslaydı.

Jansaptıń áke-sheshesi balasınıń kelgenin bilip, aldınan shıǵıp ákesi menen sheshesi balasın qushaqlap, kópten beri kórmegenlikten esinen tanıp jıǵılıp qaladı. Áke-sheshesi kóp waqıtlardan soń esin jıynap balası menen kelinin úyine aparadı.

Ákesi menen sheshesi balasınan:

— Qaraǵım, usı waqqa shekem qayaqlarda júrip ediń? — dep soraydı. Balası basınan keshken waqıyaların birim-birim aytıp beredi.

— Suymurıqtikine barıp, periniń qızın alıp, Suymurıq xannıń ógey balası bolıp edim. Ol kisi qızdıń nekesin qıydıraman dese de, aytqanın qılmay, sol kisiniń járdemi menen qızdı aldıńızǵa ákeldim. Ne qılsańız da erik ózlerińiz de — deydi.

Jansaptıń ata-anası bul sózdi balasınan esitip qırq kún toy beremiz, dep qalaǵa jar urdıradı. Patsha: «men qırıq kún toy beremen. Meniń puqaram bolsa úyine qazan aspasın, oshaǵına ot jaqpasın. Eger ot jaqsa, qazan assa meniń toyımda bolıp tamaq jemese, ózi ólimdar, malı patshalıq boladı» — dep jar urdıradı.

Sonıń menen patsha sırnayshı, masqarapaz oynatıp, dárwazın qurdırıp palwan tuttırıp, at shaptırıp toyın baslaydı.

Jansap keter waqtında Suymurıq xan:

«Peri miyrimsiz boladı. Hár waqıt periniń kebin bawırına basıp jat», — dep aytıp edi. Sonıń aytqanın etip, kúnde bawırına qısıp jatatuǵın edi. Jansap oyınnıń tamashası menen uyqıdan qalıp, jatıwdan uyqıǵa ketedi. Peri hayalınıń kebi qasında bawırına basılmay qaladı. Peri kebin alıp kiyip kepter túrine enip, shańaraqtıń ústine minip:

— Háy Jansap! — dep oyatadı.

Jansap hawlıǵıp ornınan turadı. Qarasa hayalı kepter lipasın kiyip, shańaraqta otırǵanın kóredi. Súyikli yarına qarap:

— Haw sen ne qıldıń? Qayaqqa barasań? Seniń ushın toy-tamasha qılıp atırmız. Bul ketisiń ne? — deydi.

Sol waqıtları qız:

— Sen erkekten kelip, Suymurıq xannıń janınan bunda ákeldiń. Áke-sheshemnen ırzalıq almay saǵan qalay ózimdi baǵısh etemen. Bizdi izleseń Gáwharnigin degen qaladan tabasań — dep ushıp ótá ketedi.

Ol ketken soń Jansapqa aspan ayaday, jer tebingidey bolıp qaladı. Jansap kesel bolıp jatadı. Jansaptıń qasındaǵı máhremleri ákesine: «Balańız kesellenip atır», — dep xabar beredi. Ákesi menen sheshesi esitiw menen balasınıń qasına dárriw juwırıp keledi. Áke-sheshesi balasın kórse balası zapranday sarǵayıp, sóylewge shaması kelmey jatır eken. Áke-sheshesi balasınıń ústine boyın taslap, zar jılap, «Jansap tirimiseń qaraǵım» dep baqıradı. Birazdan soń esine kelip, bolǵan awhallardı ákesi menen sheshesine bir-bir bayan etedi. Ákesi: «Onıń ushın qapa bolma balam. Eger biziń jurtımızda bolsa Gáhwarnigin sháhári tabılar. Basqa jurtta bolsa da tabamız. Buǵan qapa bolma» — dep balasına ákesi táselle beredi. Ákesiniń sózi menen balası tiklenip otıradı.

— Patsha tańnıń atıwınan barlıq puqarasın jıynap: Gáhwarnigin degen qalanı biletuǵınıńız bar ma? — dep soraydı. Hesh bir jan bilmeydi.

— Ulıwma jurtıń ol qalanı bilmeydi. Xalıqtıń da, patshalıǵıń da kerek emes — deydi de, Jansap perini izlep, basın alıp ótá ketedi. Ata-anası zar-zar jılap burınǵısınan da beter bolıp qala beredi.

Jansap sol ketkennen bayaǵı jumıs qıldıratuǵın babanıń qalasına baradı. Kóshede otırıp edi. Bayaǵı baba kelip:

— Qırıq kún baǵaman. Bir kún jumıs qıldıraman, kimde-kim maǵan júremen dese, dárhal xabarlassın! — dep kósheden baqırıp óte berdi. Jansap:

— Men jumısıńdı qılaman baba — dep babanıń izine ere berdi. Úyine barıp bir aqsham jatadı da:

— Baba, meni baqpay-aq qoy, jumısıńdı islet — deydi. Ǵarrı ógizdi uslatadı. Eshekke qorjın qaptı kóp etip artıp Baba:

Jaqsı boladı balam. Mınaw ógizdi jetele — dep Jansapqa. Jansaptı izine ertedi. Jansaptıń bayaǵı kórgen jerine kelip toqtaydı. Dárriw eshekten túsip, baba ógizdi soymaǵa aylanısadı. Jansaptıń asıqqanı sonshelli, «Men de qassappan ata» dep bul da ógizdi soyısadı.

Ógizdi soyıp tulıplap bolǵan soń Jansap indemesten, «tulıptı men kóreyin ata» dep ishine kirip ketedi. Dárriw baba baylaydı da qoyıp ketedi. Tawdıń basınan úlken bir qus keledi de, tulıptı kóterip alıp jóneydi. Tawdıń basına apparıp tulıptı jırtadı. Jansap ishinen órre tura keledi. Qus adamdı kórip qashadı. Jansap ján-jaǵına qarasa baba dáryanıń jaǵasında tur. Baba Jansapqa:

— Hawlıqpa balam, ózim túsirip alaman. Taw ústindegi hinji, marjan, gáwharlardı maǵan taslay ber, balam — deydi. Jansap babaǵa qarap:

— Endi baba qudaydıń gúrbektey ólimin al. Marjan, hinji, gáwhar dep jańaǵı ógizińniń ishek qarnın artıp qayta ber.

Tanımadıń ba, bayaǵı tawdıń basında jalǵız qaldırǵan Jansabıń men ǵoy — deydi. Sóytip qublaǵa qarap júrip kete beredi. Biraz jol júrgennen keyin Suymurıq xan atasınıń sháhárine baradı. Atasın kórip zar jılaydı. Sonda atası turıp:

— Háy, balam-ay, aytpadımba, kebin jazdırma demedimbe, ol keterlnde bir nárse aytıp ketti me? — dep soraydı.

— Bizdi izleseń Gáwharnigin degen sháhárden tabasań, dep ketti — deydi Jansap.

— Bul hesh waqıtta esitilmegen sháhár eken. Erteńgi kún qus peri, jılanlar ánjam bolatuǵın kúni, solardan sorayıq. Jılan biler, qus biler, periler biler, áytewir biler, shıraǵım. Oǵan qapa bolma, — deydi.

Erteńine balasın ertip, qus, peri, jılanlarǵa baradı. Suymurıq xan kóshe-kóshe bolıp otırǵan peri, qus, jılanlardan Gáwharnigin degen sháhárdi bilesizler me dep birim-birim soraydı. Bári de «bilmeymiz» dep juwap beredi, eki júz-úsh júz jasqa shıqqan quslar bar eken, bular da bilmeymiz, deydi. «Gáwharnigin degen sháhárdi esitkenimiz joq» — dep onı jan: bilmedi. Suymurıq xan balasına.

— Mennen úlken peri qus, jılanlardıń patshası Nurıqsha degen adam bar. Qolına xat berip, endi soǵan jiberemen balam, — deydi de, dárriw bir dáwdi shaqırıp aladı, qolına xat jazıp berip, Jansaptı dáwge mingizip aǵasınikine jiberedi. Há degen shelli bolmay-aq Nurıqshaǵa xattı aparıp tapsıradı.

Jansap Nurıqshanıń qolınan alıp, xattı shıǵarıp beredi. Xattı Nuraqsha oqıp kórip:

— Sen ózimizdiń balamız ekenseń ǵoy, qapa bolma shıraǵım, bes júz — jeti júz jasqa shıqqan. Sulayman payǵambardı kórgen quslar bar, solardıń biri bilmese biri biler, dep Jansaptıń arqasın qaqtı, izine ertip, qus, peri, jılanlardıń ústine aparadı. Kóshe-kóshe bolıp otırǵan quslardan «Gáwharnigin sháhrin biletuǵınıńız bar ma?» dep soraydı.

— «Bilmek túwe, esitkenimiz de joq» — dedi quslar. Bes júz jeti júz jasqa shıqqan quslardan soraydı, olar da Gáwharnigin degen sháhárdi esitkenimiz joq. Bunı aldap ketken shıǵar, — deydi.

— Nurıqsha qapa boladı. Jansapqa qarap, hámmemizdiń úlkenimiz Nurǵı-Párman degen atamız bar. Ol gúllán aspan astındaǵı periler, dáwler, quslar, jılanlardıń patshası, sol saǵan tawıp berer — dep Jansaptıń qolına aǵasına xat jazıp berip, bir qustı shaqırıp alıp Jansaptı arqasına mingizedi de:

— Tuwri Nurǵı-Pármanǵa jetker! — deydi.

Qus Jansaptı arqasına mingizip kózdi ashıp jumǵansha Nurǵı-Pármanǵa jetkeredi.

Jansap Nurǵı-Pármannıń qolınan alıp, inisi Nurıqshanıń xatın beredi — Bizde mıń-mıń yarım jasqa shıqqan quslar bar.

Dáw, peri, jılanlar bar, birewi bolmasa birewi biler, —dep ǵarrı Jansaptı izine ertip júre beredi. Kóshe-kóshe bolıp otırǵan jılan, peri, quslarǵa kún shıqpay barıp, shetinen sorap qaladı. Hesh qaysısı bilmeydi. Quslardıń eń sońında 1700 ge shıqqan eki qus otır edi, usılar bilse bilgeni, eger bular da bilmese, balam ótirik bolǵanı — dep sol eki ǵarrı qustan:

— Gáwharnigin sháhárin bilesiz be? — dep soraydı.

Ekinshi qus: — anıǵın bilmeymen, palapan waqtımda esitkenim bar edi. Biz kishkene palapan edik, bir kúni

enemiz úsh kún joq bolıp ketti. Úsh kúnge shekem ash otırdıq. Úsh kún tolǵanda, pesin waqtında, enem keldi. Sonda men «haw ene, úsh kúnnen beri qayda júrseń» — dep soraǵanımda, «Men sayattıń qolına tústim balam, sóytip meni Gáwharnigin degen sháhárge apardı. Sizlerdiń ájeliń joqtaǵı, úsh kúnnen soń jırılıp qashtım. Balalarım bul jerden qashayıq, dep usı jerge qashıp kóship keldik. Biz kóship kelgende kóp jıllar boldı — deydi.

— Ol qayerde boladı? — deydi Nurǵı-Párman.

— Góhiyqap tawınıń arqasında, jeti kúnshilik jol — deydi, ekinshi qus.

— Onda mına balanı uyańızǵa shekem aparıp taslańız. Arjaǵına ózi keter — deydi.

Nurǵı-Pármannıń sózin qabıl etip, uyasına shekem aparıp taslaydı.

— Jora, bunnan buyaǵın biz bilmeymiz, ózińiz kete beresiz, — deydi qus.

— Jaqsı, onday bolatuǵın bolsa, eneńiz Gáwharniginnen kelgende qaysı tárepten ushıp kelip edi, baǵdarın aytıń — deydi Jansap.

— Kún shıǵar betten keldi — dep qus jóni-josaǵın siltedi de «jaqsı, jolıń bolsın Jansap» dep kelgen jaǵına qaytıp ketedi.

— Jansap ta kún shıǵarǵa qarap júre beredi.

Bayaǵı peri patshasınıń qızı da jurtına ushıp kelgennen soń atasına bolǵan awhaldıń barlıǵın aytıp túsindirgen edi hám kúyewiniń keletuǵının bilip, hár bándirgige adam qoyǵan edi. Jansap bir az jol júrgensoń, bir jas jigit aldınan shıǵadı. Ol jigit bunıń qayaqtan kiyatırǵanın soraydı. Jansap ol jigitke basınan keshirgen awhallarınıń barlıǵın bayan etedi. Jańaǵı jigit: — Bárekella bolıptı,

bizlerdey neshe adamlardı joldıń bándirgisine peri patshası qoyıp edi. Meniń peshanamda bar eken, seni ushıratqanımdı qara, seni ertip barıp patshaǵa xabar bersem, kóp inam alaman, — dep Jansaptı izine ertip jónele beredi. Birneshe waqıt jol júrip, Gáwharnigin sháháriniń ishine kiredi. Tup tuwrı peri patshanıń otırǵan jayına jetip baradı. Jansaptı jigit berjaǵına qoyıp, ózi patshanıń qasına ketedi.

— Kerek adamıńızdı tawıp ákeldim — deydi.

— Ol qayda? — deydi patsha.

— Dalada tur, — dep juwap beredi ol.

— Kútá jaqsı bolıptı — dep patsha jańaǵı jigitke kóp inamlar berip, qasındaǵı wázirlerine:

— Kúyewdi arnap tigilip qoyılǵan otawǵa kirgiziń — deydi. Patsha toydıń tátárrigin ete beredi. Peri patshasınıń qızları jeńgeleri menen Jansaptıń ústine kiredi. Jansap penen amanlıq-esenlik sorasıp, kóp keshirim sorap, sóz aytadı. Patsha birneshe kún toy qılıp, qızın Jansapqa beredi. Toyın tarqatqan soń, patsha Jansaptı qasına shaqırıp alıp:

— Sen de bir adamnıń jalǵız perzenti ekenseń. Ata-eneń keynińde zar jılap qalǵan usaydı. Bir hayal dep kóp hayranlar bolǵansań. Endi atańa bar, bunda kel ıqtıyarıń bar, balam — deydi.

— Ájep boladı. Qullıq ata — dep. Jansap ornınan turıp otıradı. Birneshe kún ótkennen soń Jansap patshadan:

— Atamnıń jurtına barıp qaytsam deymen — dep ruqsat soraydı. Patsha ruqsat beredi. Bir-eki dáwdi shaqırıp:

— Sizler Jansaptıń ıqtıyarındasız. Birinshiden Jansaptı atasınıń eline aparıńız, onnan soń qayda apar dese sonda aparıńız — deydi.

Kóp inamlardı tayın etip, qızın, Jansaptı dáw menen kúyewiniń eline uzatadı. Dáwler kózin ashıp jumǵansha Jansaptı elatına aparadı. Atasınıń máhremleriniń birewi Jansaptıń kelgenin bilip, patshaǵa barıp:

— Jansap balańız kelinińizdi alıp keldi! — deydi.

«Balańız keldi» degennen soń, taxtta otırǵan patsha esi awıp qaladı. Kóp waqıtta esine kelip ornınan turaman degenshe Jansaptıń anası da xabarın esitip keledi. Patsha menen hayalı ekewi bozlap, balasın, kelinin bir qushaqlap, aman-esen eki balasın bir kóredi. Adam balası bir quwanǵanda, bir qorıqqanında jılaydı.

Patsha ullı jurttı jıynap úsh ay toy berip, úsh ay tolǵan soń toyın tarqatadı.

Jansap penen kelini birese peri patshasına, birese Jansaptıń atasınıń eline kelip, tatıw turmısta jasaydı.

## QUDABAY MERGEN

Burınǵı ótken zamanda Qudabay degen mergen bolıptı. Qudabay bir kúni ań awlap kiyatırsa, aldınan jılap otırǵan bir ǵarrı ushırasadı. Qudabay ǵarrıdan:

— Ata, nege jılap otırsań? — dep soraydı.

— Ey balam, nesin soraysań, men usı eldiń patshasınıń malayı edim, men hár kúni patshaǵa qoyan aparıp beretuǵın edim, búgin baxtıma hesh nárse tabılmay, patshadan ólim jazasın alatuǵınıma jılap otırman, — deydi ǵarrı.

— Keregiń qoyan bolsa men-aq bereyin, — dep Qudabay bir qoyanın berip, ǵarrınıń alǵısın alıp kete beredi. Ǵarrı da qoyan tabılǵanına quwanıp, bul da óz jónine ketedi.

Qudabay erteńine jáne ańǵa shıǵıp, toǵay aralap kiyatırsa, aldınan qashıp kiyatırǵan áydarha shıǵadı. Áydarha Qudabayǵa qarap:

— Ey, adamzat, men mına bir órtten qashıp kiyatırman. Usı órtten aman qutqarsań, tórt túlik malımnıń jartısı seniki bolsın, — dep jalınadı. Qudabay áydarhaǵa reyimi kelip, artına mingestirip qashadı. Qudabay áydarhanı onıń úyine ákeledi.

— Sen házir úyde dem alıp otır, men saǵan beretuǵın malımdı aydap ákelip bereyin, — deydi áydarha. Sol waqıtta Qudabay:

— Meniń házir mal aydap ketetuǵınday shamam joq. Sen búginshe qoya tur, erteń-aq kelip aydap ketermen, — dep áydarhadan juwap alıp úyine qaytadı. Qudabay úyine kelip, kórgen-bilgenlerin kempir menen ǵarrısına aytadı. Kempir-ǵarrısı bir talay malǵa iye bolatuǵınına quwanıp, túni menen uyqısı kelmeydi.

Qudabay erteńine erte turıp áydarhanıń beremen degen malın aydap keleyin dep kiyatırsa, jolda qoy baǵıp júrgen shopanǵa ushırasadı. Ol usı shopan áydarhanıń qoyın baǵıp júrgen shopan shıǵar dep:

— Ey, shopan jora, seniń baǵıp júrgen qoylarıń kimdiki? Usı jerde turatuǵın aydarha maǵan tórt túlik malınıń jartısın beriwge wáde etip edi, — deydi.

— Esiń ketken jigit ekenseń, onıń tórt túlik malı túwe bir túlik malı da joq. Zat degennen jalǵız sandıǵı bar, onnan basqa hesh zatı joq, — deydi shopan. Qudabay nede bolsa barıp qaytayın, dep kete beredi. Aldınan jáne bir qoy baǵıp júrgen shopan ushırasadı. Qudabay onnan da sorasa, «Áydarhanıń mal degennen hesh nársesi joq, jalǵız sandıǵı bar» deydi bul da.

Qudabay áydarhanıń malı joq ekenin bilip, endi maǵan ne der eken dep áydarhanıń úyine keledi. Qudabay

áydarhanıń úyine kelip, oǵan keshegi bergen wádesine kelgenin aytadı. Áydarha Qudabayǵa:

— Meniń aldıńa salıp aydatıp jiberetuǵın malım joq, mal degende jalǵız sandıǵım bar. Meniń tórt túlik malım usı — dep áydarha úyinde turǵan sandıǵın beredi. Qudabay sandıqtı alıp, úyine kelgennen keyin ashıp qarasa, ishinde ay dese awzı bar, kún dese kózi bar bir suhw qızdı kóredi. Qız Qudabaydı unatıp qaladı. Qudabay sol qızǵa úylenip, murat-maqsetine jetipti.

## TALAS

Aǵash ustası, zerger, molla úshewi uzaq saparǵa shıǵıptı. Elsiz-jolsız jerlerdi basıp, neshe kúnler júredi. Kúnde keshte birewi ot jaǵıp qarawıllap otırıp, ekewi uyqılaydı eken. Óz gezegi kelgen kúni aǵash ustası isi erigip otırıp, aǵashtan bir quwırshaq jonıptı. Azanda oyanıp molla menen zerger hayran qalıp, quwırshaqtı alıp jolǵa túsipti. Erteńine keshte zergerdiń qarawıllıq gezegi kelip ottıń jaqtısında quwırshaqtı tegislep jonıp, ústine túrli hasıl kiyimlerden kiyindirip, quwırshaqtı bir sulıw qız sıpatına keltiredi. Azanda oyanıp molla menen aǵash ustası buǵan hayran qalısıptı. Bular quwırshaqtı alıp taǵıda jolǵa rawana boladı. Erteńine keshte mollanıń gezegi kelipti, Molla túni menen tań atqansha quday talaǵa jalbarınıp quwırshaqqa jan beriwdi soraptı. Azanda úsh jolawshınıń aldında «bir gózzal» xızmet qılıptı. Endi bul ǵaybana «sulıwǵa» úshewiniń de kewli ketip, ańsarı awıp, aldı menen aǵash ustası sóz baslap:

— Bul qız, men aǵashtan jasap shıǵarmaǵanda kimniń oyında bar edi. Sizler soǵıw túwe, esińizge de almas

edińiz. Sonıń ushın men alıwım kerek, — depti. Buǵan zerger shorshıp túsip:

— Haw, bul qalay, eger men kiyindirip, jaqsılap tegislep jonıp bezendirmegende, buǵan jan da tilemes edińiz. Jan ápergen menen bunday sulıw bolmay, burınǵı turısında qala bergende, sizler talaspas ta edińiz. Miynet meniki. Men alaman, — depti.

Sonda molla oylanıp:

— Haw shıraǵım-aw, sizlerdiki ne? Al sen ǵoy, zerger jora kórik berip jasandıraǵoy, sonda aǵash quwırshaqqa men jan bermesem, ne qılar edińiz, qolıńızǵa alıp júrip-júrip bir balaǵa berip keter edińiz. Tiykarǵı miynet meniki ǵoy, sonıń ushın men alıwım kerek tá, — depti molla.

Mine usılayınsha tap sol jerde, sol ottıń basında aǵash ustası, zerger, molla ele talasıp otır, — deydi.

— Qaysısıniki jón eken?

## ÚSH AǴAYINLI JIGIT

Burınǵı ótken zamanda bir elde bir ǵarrı bolıptı. Ol ǵarrınıń úsh ul, bir qızı bar eken. Jıllardan jıl , kúnlerden kún ótkende, ǵarrınıń balları er jetip, kamalǵa keledi. Bir kúni ǵarrı balların jıynap alıp:

— Qáne balların, usı waqıtqa deyin men sizlerdi asırap-saqlap kamalǵa keltirip, endi meniń qartayıp óler waqtım jaqınladı, sizler endi dúnya tawıp meni asırańlar. Men bárhá tura beremen be, bir kúni bolmasa, bir kúni ólip ketermen, atanıń jıynaǵan dúnya múlki balaǵa múlik bolmaydı, ózleriń mańlay terletip, miynet etip, dúnya-mal tabıń, — deydi. Solay etip bir kúni bir jaqqa talap etip ketpekshi bolıp, dúnya tabıw maqsetinde

hámmesi túni menen oylasıp, azanda tań alagewgimde atlarına minip, jaw-jaraqların asınıp, dárbent jolǵa rawana boladı. Balalar kúni menen júris etip kesh bolıp kún batıwǵa shamalasqanda, júrip kiyatırǵan jolı úlken qalıń toǵaydıń, arası menen ótetuǵın jerge kelip tireledi. Solmanǵa kelgende kúnbatıp, gewgim túsedi. Balalardıń úlkeni: «inilerim, endi kesh bolıp, qarańǵı túsip ketti. Usı jerde jatıp, júrisimizdi azanda dawam ettire berermiz» deydi. Olar bunı maqul kórip, úshewi de attan túsip jatpaqshı bolıp qolaylasıp atırǵanda, taǵı da oylasıq quradı. «Bul toǵay qalay da qáwipli toǵay bolıwı kerek. Sebebi bunda jırtqısh haywanlardıń dawısı kóp shıǵadı. Sonlıqtan bizler olardan saqlanıw ushın búgingi tańdı úshke bólip, qarawıllıqqa turayıq» desedi. Solay etip, birinshi ret eń úlken aǵası qarawıl bolıp turadı da, eki inisi jatıwdan uyqıǵa ketedi. Aradan biraz waqıt ótkennen keyin toǵaydıń kún batar arqa tárepinen bir úlken jolbarıs aqırıp kele beredi. Bul jolbarıs usı jerde bir nárseni sezgendey tup-tuwrı jańaǵı balalarǵa qarap jaqınlap kelip qaladı. Bunı qarawıllap turǵan úlken aǵası sezip: «inilerim oyanıp ketip, bunı kórse qorqar, nede bolsa olarǵa darıtpay jolbarısqa kórinip aldına túsip qashayın, jolbarıs meni quwar, jetken waqıtta qılısh penen shawıp óltiremen» degen máqset penen jolbarıstıń aldına túsip, qasha baslaydı. Onı kórgen jolbarıs ta jinlenip quwa beredi. Jolbarıs endi jettim degen waqıtta qashıp baratırǵan bala qılısh penen shawıp jiberedi. Jolbarıs eki bólinip awdarılıp túsedi. Solay etip bala belgi ushın jolbarıstıń arqa taspasın kesip alıp, ishten beline qıstıradı da, inilerine kelip qarawıl turıw ushın ortanshı inisin oyatıp, ózi uyqılay baslaydı. Aradan kóp waqıt ótpey-aq toǵaydıń qubla kún shıǵar tárepinen bir

úlken áydarha ısqırıp dem shegip kele beredi. Sonda qarawılda turǵan ortanshı jigit: «Men egerde usı jerde tura bersem, áydarha úshewimizdi de jutar, onnansha men oǵan kórinip taslanayın» degen oy menen basqa jaqqa qasha beredi. Onı kórgen áydarha ishine simirip bar kúshi menen balanı jutpaqshı bolǵanda, qılıshtı bekkem kese tutıp, bala qorıqpay tuwrı qarap, áydarhanıń jutıwın kútip tura beredi. Sol waqta barlıq kúshi menen tartqan áydarha jigitti jutadı biraq áydarxanı qılısh keskennen soń qaq ayrılıp, eki jaqqa bólinip túsedi. Sonda bul jigit te belgi ushın áydarhanıń jon taspasın kesip alıp, ishinen bildirmey buwıp, baǵanaǵı aǵası menen inisine keledi. Gezegine ózlerin qorǵap turıw ushın eń kishkene inisin qarawıllıqqa turǵızıp, ózi qattı uyqıǵa ketedi. Ol da ádewir waqıt aǵaların gúzetkennen keyin, jańa tań aldı bolıp, shıǵıstan esken sáwirdiń samalına erip, qıymıldaǵan shóplerdiń basına qarap, álle nárselerdi oylap turǵanda túni menen janıp turǵan shamı sónip qaladı. Qaytadan jaǵayın dese, hesh ot alıspaydı, «Nege bolsa ján-jaqqa kóz salayın, jaqın jerde jıltıraǵan ot bolsa, tezek tutandırıp alıp qaytayın» degen maqset penen atqa minip qarap tursa, alıstan jıltırap turǵan ottıń saǵımın kóredi. Ol kóringen otqa bala shawıp alıp jóneledi. Otqa barıp, áste sırttan barlap qarasa, úlken bir tawdıń úńgirinde shaǵal másligin qurıp atırǵan qırıq jigitti kóredi. Bala da dárhal atın baylap qılıshın súyretip, sálem berip jańaǵılardıń ústine kirip baradı. Ol otırǵan jigitlerdiń húrresi ushıp, qorıqqanınan iymanları tas tóbesine shıǵıp, buǵan tórden jay beredi.

Olardıń ishinde jası úlkenirek birewi baladan jol bolsın soraydı:

— Men sizlerdi izlep elden shıǵıp ketkenime búgin bes-altı kún boladı. Sizlerdi hesh jerden tappay házir

usımanda ushıratıp otırman. Men biraz waqıtlardan beri xabarıńızdı esitip, eger taba qoysam at qosshı bolıp xızmet eteyin dep sizlerdi izlep júrgenim edi — deydi.

— Nede bolsa bul jas balaǵa zıyan etpey, ózimizge qosıp alayıq, dep bir jas úlkeni kópshilikke qaraydı. Bunıń sózin hámmesi bir awızdan maqul kórip, otqa barǵan balanı ózlerine qosıp aladı. Solay etip qırıq jigit ózleriniń ázelgi sózine kirisedi. Ishinde birewi otırıp:

— Yapırmay bala, usı eldegi Tısmat baydıń qolayın tawıp, ıras-aq dúnya-malın ala almaytuǵın boldıq pa? Hesh qaysısımız tisimiz batıp onıń sarayına túse almadıq ǵoy, — deydi. Sonda turıp jańaǵı barǵan kishkene bala:

— Haw, ol nege, onıń tásilin men bilemen, sizler bárińiz de házir atlarıńa minip, meniń keynime eriń, men tuwrı aparıp, sarayına bárińizdi birim-birim kirgizemen, — dep hámmesin ertip baydıń sarayına jetip keledi. Sol saraydıń bala biletuǵın bir tesigi bar eken. Sonnan ózi ishke kirip, az waqıttan keyin: — Men saraydıń ishiniń hámmesin araladım, bári de silesi qatıp uyqılap qalıptı. Qáne birim-birim kire berińler, dep bala bildirmey qılıshın qolına alıp, oqlanıp tura beredi. Hesh nárseden xabarsız urı, dúnyaǵa qızǵan qaraqshınıń gewde beti tesikten óte bergen waqıtta, ishtegi bala gellesin qılısh penen qaǵıp aladı da, gewdesin hesh kimge bildirmey jıynap qoya beredi. Qullası qálem, qırıq qaraqshınıń bárin de solay etip óltirip, bir jerge úyip, ózi saraydıń ishin aralawǵa ketedi. Bala qıdırıp júrse, júzleri gáwhar shamırshaqtıń sáwlesine shaǵılısıp, ayday jarqırap, qaraǵan kózdi eriksiz ózine tartqanday bolıp, pár tósektiń ústinde jatqan baydıń úsh qızına kózi túsedi. Bala uyqılap atırǵan qızlardıń aldı menen eń úlkeniniń sırǵasın alıp, sen úlken aǵamdiki

bolarsań, ortanshısınıń árebegin alıp, sen ortanshı ağamdiki bolarsań, eń kishkenesiniń qasına barıp, qolındağı altın júzigip alıp, sen ózimizdiki bolarsań dep ağalarınıń jatqan jerine bildirmey kelip, tań atqannan soń olardı oyatıp, azan menen sol úsh qızdıń eline qarap júris qıladı. Sol kúni bazar eken.

Endigi sózdi qızlardıń ákesinen esitiń. Bay azanda erte turıp sarayına kelse, dumalanğan gelle, úyilip jatırğan gewdelerge kózi túsip, qorıqqanlığınan janı shığıp kete jazlaydı. Barlastırıp qarasa, olardıń eldi talap júrgen qırıq qaraqshı ekenin tanıydı. Bulardı qanday batır óltirdi eken dep quwanıshı qoynına sıymay, úyine juwırıp kelip, barlıq adamlarğa xabarlandırıw ushın jar urğızadı: «Kimde-kim óltirgen adam men dep kópshiliktiń ishinen ayrılıp shıqsa, onıń ne tilese tilegin qabıl etemen» deydi. Bul waqta úsh ağayinli jigit baydıń úyiniń qasında bir úyge qonıp, ótken túni bastan keshirgen waqıyaların aytısıp, hár qaysısı alğan belgilerin ortağa úyip, gúrrińlesip otırğan boladı. Bunı baydıń saqshıları esitip bayğa bildiredi de, súyinshi aladı. Bay:

— Sizler haqıyqat batır ekensizler, men sizler ne tileseńiz de orınlawım tiyis, — dep úyine ertip barıp, olardıń tilegi boyınsha úsh jigitke úsh qızın berip, kóp dúnya mallar hám kóp hasıl zatlar menen eline qaytaradı. Úsh ağayinli jigit eline barıp, toy-tamasha berip, muradı-maqsetine jetedi.

## ASAN GENJE

Burınğı ótken zamanlardıń birinde bir patsha bolıptı. Onıń úsh balası bar eken, úlkeniniń atı Esen, ortanshısı Úsen eń kishisin Asan genje dep ataydı eken. Balaları er jetip kámalğa kelipti. Patsha balalarına jigit ertip,

úlkenin qus salıwǵa, ortanshısın elden salıq jıynawǵa, al kishisin mal jaylawına jiberip qoyatuǵın bolǵan.

Bir kúnleri patshada bir oy payda boladı: «balalarım bolsa er jetti, jigit boldı, endi bulardı úylendirsem, úylendirgende de ózimdey patsha menen quda bolsam, onıń úsh qızı bolsa eken» — deydi. Patsha usı maqset penen qasına wázirin ertip alıp, patshama-patsha quda túsiw ushın qız izleydi. Patshanıń tilegine qarsı oyındaǵısı tabıla qoymaydı. Bir patshalardıń eki qızı bar, birewleriniń úsh qızı bolǵan, biraq birewi ólip qalǵan. Gileń usındaylarǵa ushırasa beredi. Aqırında, tabılmaǵannan soń patsha qapa bolıp qaytıp kiyatırsa, aldınan bir kempir shıǵadı:

— Balam, biziń úyge barıp, duz-támek bolıp ketiń? — deydi. Patsha hayran boladı, bul neqılǵan kempir, bizdi bolsa tanımaydı, joldan ótken jolawshıǵa búytip mirát ete bergendey bunıń nesi bar eken dep oylanadı.

— Barsaq barayıq, — deydi patsha. Bular kempirdiń úyine keledi. Bul kempirdiń úyi hayran qalarlıqtay eken. Patshalardıń sarayınan da jaqsı. Kempir wázirleri menen patshanı bir jayǵa jayǵastıradı. Aldılarına tamaq tartadı. Usınday etip otırǵanda, kempir taǵı da bir joldan ótip baratırǵan patshanı wázirleri hám nókerleri menen mirát etip ertip kelip, patshanı wázirleri menen ádepki patshanıń ústine, nókerlerdiń ústine otırǵızadı. Patshalardı júdá jaqsı sıylaydı. Tań atadı. Azanda patshalar kempirden ruqsat sorap qaytpaqshı boladı.

Sońǵı kelgen patsha kempirge:

— Qáne ǵanday tilegiń bar? — deydi. Kempir: heshte tilegim joq. Sizlerdiń pátiyańızdı alıp qalǵım kelip edi, — deydi.

Onday bolsa, — dep patsha pátiyasın beredi hám bir lágen tilla beredi.

Al áweli kelgen patsha kempirden ruqsat soraydı. Ol Xorezm patshası eken. Kempirge:

— Qanday tilegiń bolsa da orınlayman ayt? — deydi. Kempir usı waqıtta:

— Siziń úsh balańız bar. Meniń hesh bir balam joq, mağan eki úlken balańdı yamasa kishi balańdı ber? Meniń sizden tilegim usı edi, — deydi.

Patsha oylanıp turıp: balalarımdı bermeymen desem qanday tilegiń bolsa da orınlayman dep lebiz ashtım. Qoy, lebizime tutılmayın, nede bolsa eki balanı bergennen kishi Asandı bere qoyayın dep oylandı.

— Bar kishi balamdı sağan berdim, seniki boldı. Usıdan qaytıp barğan soń sizge jiberemen, — dep wáde etedi.

Bular eki patsha kóp jerge deyin joldas boladı. Jolda ketip baratırıp, bir-birinen ne maqset penen elinen shıqqanın sorastıradı. Sońğı patshanıń da maqseti úsh qızı bar eken, ózindey patshanıń úsh balası bolsa, soğan quda túsiw ushın shıqqan eken. Bular joldıń ústinde nan sındırısıp quda boladı hám ellerine qaytadı.

Xorezm patshası eline kelgen soń ballarına adam jiberip shaqırtadı. Úlken balası Esen, ortanshısı Úsen shaqırıw menen keledi de, kishkene balası Asan jibergen adamına «barmayman» dep qaytarıp jiberedi.

Patshanıń ashıwı kelip, qasındağı eń jaqın wázirin jiberedi. Asan bul wázirdiń aytqanına qulaq salmaydı. Patshanıń endi qattı qáhári keledi. Aqırında ózi Asan genjeniń mal jaylawına ketedi. Patsha barsa, Asan genje qasındağı jigitleri menen kempirdiń úyine ketiwge tayarlanıp atır eken. Patsha barıwdan-aq, «meniń shaqırtıwıma kelmegen sebepli, seniń jazań ólim» — deydi de qılıshın ala juwıradı. Sonda Asan genje: «toqtap

turıńız, meniń bir awız aytatuǵın arzım bar, onnan keyin óltirseńiz ırzaman» — deydi.

Patsha qılıshtı shabıwǵa tayarlap, «aytajaq sózińdi tezirek ayt» — deydi.

— Men seniń balań emespen, men bul patshalıqtıń qarawına baǵınbayman, óytkeni sen meni basqa eldegi bir kempirge bala etip berdiń, sonlıqtan shaqırǵanıńızǵa barǵanım joq edi, — depti.

Patsha «waq» dep kishi balasınıń wáliyligin bilip, pushayman jepti. Balasına jón-josaqtıń bárin túsindirip, qáhárinen qaytıp «joliń bolsın balam» dep, Asan genjege kempirdiń úyine barıp bala bolıwǵa ruqsat etipti.

Asan genje qasına hesh kimdi ertpesten bir ózi kempirdiń úyine qaray jolǵa shıǵıptı. Bes-altı kún jol júrip, kempirdiń úyine jetipti. Ol kempir de Asan genje qashan keler eken dep jolına ayday qarap otır eken. Asan genje attan túspesten kempirge:

— Qáne, maǵan buyıratuǵın jumısıń bolsa ayt, men sizge miynetimdi sińirmey turıp, bala bola almayman — deydi. Kempir ári-beri jalınsa da, Asan genje attan túspeydi. Aqırı bolmaǵan soń Asan genjege:

— Rum degen patshanıń elinde, sol patshanıń qızı Mısqal peri degen bar, sonı maǵan alıp kelip bereseń, — deydi. Asan genje kempir menen xoshlasıp, Rum patshalıǵına jónepti. Bir neshe kún jol júredi. Ne bir shóllerge, toǵaylıqqa batpaqlıqqa ushıraptı. Usınday qıyınshılıqlardıń bárinen ótip jol júre beripti. Jolda ketip baratırsa mınaday waqıyalarǵa ushırasıptı.

Joldıń oń jaǵında bir tıshqannıń inine kire almay júrgenin kóredi. Inge kireyin dese pıshıq ańlıp otır, eger tıshqan taysalsa, pıshıq tıshqandı qaǵıp alajaq, eger pıshıq taysalsa, tıshqan inge zıp berip kirip ketejaq.

Bunı kórgen Asan genje tıshqandı ayap pıshıqtı quwıp jiberdi. Sóytip tıshqanǵa jaqsılıq isleydi. Usı waqta tıshqannıń ininen:

— Háy, Asan genje, sen maǵan jaqsılıq ettiń, men tıshqanlardıń patshası edim. Endi seniń qanday tilegiń bar, ne tileseń de orınlayın, — deydi.

— Ne berseńiz de bereǵoyıń? — depti Asan genje. Tıshqan óziniń murtınan bir túk julıp alıp beripti. Usını joyıtpa, qay waqta basıńa qıyınshılıq túsip qalsa, usı túkti tútetseń, tayın bolaman. Qanday xızmetiń bolsa da orınlayman — dep, tıshqan xoshlasıp qaladı.

Asan genje taǵıda ketip baratırsa, aldınan qattı baqırıp turǵan jolbarısqa ushırasıptı. Ol jolbarıstıń qasında taǵı bir jolbarıs baqırıp jılap tur. Asan genje bularǵa ne bolǵan dep, jolbarıslardıń qasına barsa, bir jolbarıstıń ayaǵına shóńge kirip, sonıń awırǵanına shıdamay baqırıp atır eken. Al qasındaǵı jolbarıs sol shóńgeni alalmay qıynalıp turǵan eken. Asan genje attan túsip, jolbarıstıń ayaǵındaǵı shóńgeni alıp, jaqsılıq etedi. Jolbarıstıń ta Asan genjege «qay waq basına qıyınshılıq tússe bizler tayınbız» dep bir túgin julıp beredi.

Bulardan da ótip bir dalalıqtaǵı boz benen ketip baratırsa, joldıń shetinde qumırsqalardıń óz ińine kire almay turǵanın kóripti. Asan genje qumırsqanıń ininiń awzına qapsırılıp qalǵan kesekti alıp taslap, qumırsqalarǵa da jaqsılıq etedi. Qumırsqalardıń ininiń ishindegisi sırtqa, sırttaǵısı ishke kirip, jaynap-jasnap qaladı. Sóytip qumırsqalar da Asan genjege belgi berip xoshlasıp qaladı.

Sol júristen aradan úsh ay ótedi. Asan genjeniń alıp shıqqan azıǵı tawsıladı, atın soyıp jeydi. Erdi arqalap jayawlap taǵı bir ay jol júredi. Ketip baratırsa joldıń ońjaǵında jaylasqan úlken bir sháhárge kózi túsedi. Asan genje oylanadı:

Men sháhárge qalay baraman, ústim bolsa alım-salım, adamlıq sıyqım joq, nede bolsa dúzde ólgenshe, qalada óleyin dep Asan genje oylanadı. Bul waqta Asan genjeniń oyınan qız alıp qaytıw máqseti umıtıladı.

Sháhár úlken eken. Kóshesinde adamlar kóp. Ana jerde de, mına jerde de sawdalar qızıp atır. Qalada Asan genjedey bolıp júrgen adamlar da kóp.

Asan genje qalaǵa barıp, «balasızǵa bala, qızsızǵa qız bolaman» dep sháhárdi biraz aralaydı. Kún kesh bolıwǵa az qalǵanda Asan genje bir nan satıp turǵan kempirge kelip «balasızǵa bala, bolaman» deydi. Kempir Asan genjeniń sımbatına qarap turıp:

— Meniń balam da, qızım da joq edi, maǵan bala bolarmısań? — deydi.

— Bolayın, — deydi Asan genje. Sóytip kempir Asan genjeni izine ertip úyine aparadı. Kempirdiń óz balasınday bolıp xızmetin etip júre beredi.

Kúnlerden bir kún kempir azan menen turıp Asan genjeniń dastıǵınıń aldında bir qansha tillanıń shashılıp jatırǵanın kóredi. Kempir uyıqlap jatırǵan Asan genjege bildirmey tillalardı jıynap aladı. Hár waqta Asan genjeniń aydarınan altın tilla tamatuǵın edi. Bunı ózi bilmeydi. Usılay etip kempir kem-kem bayıydı. Asan genjege ayırım otaw tigip beredi.

Asan genje bir kúni ornınan erte turıp, dalaǵa shıǵıp qarasa, kún shıǵardan bir kún, kún batardan bir kún shıǵıp tur. Hayran boladı. Juwırıp kelip kempirinen:

— Kún shıǵardan shıǵıp turǵan qádimgi kún, al kún batardan da bir kún shıǵıptı? Bul ne? — dep soraydı. Kempir kóp waqqa deyip juwap bermeydi, biraq Asan genje sorap qoymaǵan soń:

— Kún batardan shıǵıp turǵan kúnniń mánisi mınaw balam, biziń eldiń patshasınıń Mısqal peri degen qızı bar, onı patsha sarayǵa salıp, sırtına qarawıl qoyıptı. Mısqal peri azanda bir mártebe dalaǵa shıǵarıladı. Onıń sulıwlıǵınan júzi kún menen shaǵılısıp kún batar tárepten kún shıǵıp turǵanday boladı dep juwap beredi kempir. Asan genje bunı esitken waqta óz elinen qanday maqset penen shıqqanlıǵı yadına túsedi. Ol Mısqal perini qalay da bolsa bir kóriwdiń, sóylesiwdiń jolın oylanadı. Sol kúni kesh boladı, sháhár xalqı jatadı. Kósheler tımtırıs, tek anda-sanda iyttiń úrgeni ǵana esitiledi. Asan genje oylanıp otırsa bayaǵı jolda bergen tıshqanlardıń túgi yadına túsedi. Dárhal túkti otqa tutandıradı. Sol waqta tıshqanlardıń patshası Asan genjeniń aldında tayın boladı.

— Dostım basıńa qanday awırmanlıq tústi? — deydi tıshqanlar patshası. Asan genje bolǵan waqıyalardıń barlıǵın aytadı. — endigi sizlerge tapsıratuǵın jumıs mınaw, — deydi.

— Meniń usı úyimnen baslap Mısqal periniń jatqan jayına deyin jerdiń astınan qazıp jol túsirip beriń. Adam sezgendey bolmasın, topıraǵın qalanıń sırtına taslaysız. Qazılatuǵın jol adamnıń tóbesi tiymestey bolsın. Usı jumıstı dos bolsań, eki saatta pitkerip ber, — deydi Asan. Tıshqanlar patshası qayılshılıq bildiredi. Sóytedi de qarawındaǵı barlıq tıshqanlarına erteń usı waqta, usı jerge jetiwin buyıradı.

Erteńine eki saatta Asan genjeniń jumısın pitkerip, tıshqanlar patshası ruqsat alıp ketip qaladı. Asan genje jerdiń astındaǵı jol menen Mısqal periniń jayına qaray júredi. Tıshqanlar jaydıń astınan tesip, Mısqal periniń jatqan jayınıń múyeshinen awız shıǵarǵan eken. Asan

genje jayǵa kirip baradı. Jaydıń ishi kúndizgidey. Hesh jerde janıwlı turǵan sham joq, bul qızdıń sulıwlıǵı jaydı da kúndizgidey etip turǵan eken. Bul waqta Mısqal peri uyqıda edi. Betine siyle jawıp jatır eken. Asan genje siyleni kóterip, qızdıń júzine qaraǵan waqta, Mısqal periniń sulıwlıǵınan, esi awıp qulap qaladı. Azdan soń Mısqal peri oyanıp qarasa, qasında bir jigit qulap jatır. Jigittiń júzine qaraǵan waqta, oǵan ashıq bolıp, qız da esten tańadı.

Bir máhálde, Asan genje esin jıynap ózine keledi. Esten ayrılıp atırǵan qızǵa hesh nárse aytalmay kelgen jeri menen úyine qaytadı.

Tań atadı. Mısqal perini kúnde azanda patsha ólsheydi eken, ol qız tuwılǵalı awırlıǵı bir mısqaldan zıyat bolmaydı eken. Al, er adamǵa qızdıń júzi tússe, bir mısqalday zıyat boladı eken.

Azanda kúndegi ádeti boyınsha patsha mısqal perini ólsheydi. Búgin qız burınǵıdan awırlap ketken. Patshanıń qáhári kelip, qızdıń jayın qorǵap turǵan qırıq qarawıldı darǵa astıradı, Erteńine qızdıń jayına júz isenimli adamdı qarawıl qoyadı. Sol túni Asan genje qızdıń jayına taǵı keledi. Bul kúni Mısqal peri uyqılamay, qolına qanjar alıp otırǵan eken. Jayǵa kirip kelgen Asan genjeni kórgende Mısqal peri esten ayrıladı, Asan genje de talıp qaladı. Kóp uzamay olardıń ekewi de esin jıynaydı. Mısqal peri jigitti qanjar menen óltirmekshi bolıp umtıladı. Sol waqta Asan genje.

— Sizge bir awız arzım bar, onnan keyin óltirseńiz ırzaman, — deydi.

— Ayt onday bolsa? — dep qız qáhárinen qaytıp kem-kem bosasa beredi. Asan genje óziniń ne maqset penen shıqqanlıǵın, jolda qanday azap kórgenligin, bul

jerge qalay kelgenligin qaldırmastan aytadı. Mısqal peri qanjarın alıp qoyıp:

— Sen maǵan ashıq bolsań, mende saǵan ashıqpan, biraq ákemniń, jaman úsh shárti bar. Sol shártlerdi orınlay almay kóp batırlar, kóp shahzadalar ólip ketip atır. Sen zaya bolmay-aq qoy. Bári bir ol shártlerin orınlay almaysań. Endigiden bılay bul jerge kelme, bir ret ólimnen azat ettim, — deydi. Biraq Asan genje:

— Ákeńniń qanday shártleri bolsa da orınlayman. Meniń basım seniń jolıńda qurban boladı, — dep qoymaǵan soń, Mısqal peri qolındaǵı altın júzikti Asan genjege beredi. Sen erteń meniń ákeme adam jiberip ayttır. Ol úsh shártti aytar. Sol úsh shártiniń birinshisi mınaday: «Patsha qalanıń adamların saraydıń aldındaǵı dalańlıqqa jıynaydı. Ashıq jerde eki in bar. Sol indi saǵan kórsetip, «al shártti orınla» der. Sen inniń birewine altın qaynatasań, birewine gúmis qaynatasań, indegi altın menen gúmis qaynap bir-birine qosıladı. Sonda patsha shárti orınlanadı — deydi. Sol waqta belgili jerde sızıq bar, soǵan deyin qashasań, sızıqqa jetkenshe adamlar «al há kúyew bala» dep, seni túye bastı eter. Usılardan qutılıp sızıqqa jetseń birinshi shártti orınlaǵanıń. Bul shártti orınlawǵa men kómek ushın júzikti berip otırman. Usı júzikti patsha «al shártti orınla» degen waqta adamlarǵa bildirmey arqadaǵı inge salıp jiber de, qarap tur. Innen altın hám gúmis qaynar. «Shárt orınlanadı» degen waqta qolıńdı qubladaǵı inge tıq ta, júzikti al da qash. Adamlarǵa jetkermey sızıqqa jetiwiń múmkin, mine usılardı umıtpa. Endi sol shártti orınlaǵansha bunda kelme. Ekinshi, úshinshi shártlerdi ákem aytadı. Onı orınlaw óziń menen boladı. Shártlerdi orınlawıńa tileklespen dep, Mısqal peri xoshlasıp qaladı.

Azanda Asan genje kempirin patshaǵa jumsaydı. Biraq kempir: — Balam patshanıń úsh shárti bar qusaydı. Ol shártlerdi orınlay almay kóp adamlar ólip ketti. Sen ol qızdı ayttırǵandı qoy, — deydi. Asan genje jalınıp qoymaydı. Aqırında, balası qoymaǵan soń patshanıń aldına baradı:

— Patshayım, arzım bar?

— Arzıń bolsa ayt! — deydi patsha.

— Meniń balam bar edi, er jetip adam boldı. Endi ol siziń shártlerińizdi orınlayman dep qoymay atır. Soǵan kelip edim, — deydi.

Onday bolsa balańdı jibere-ǵoy, — deydi patsha. Kempir úyine kelip, patshanıń aytqanların Asan genjege aytadı.

Asan genje patshanıń aldına baradı da kelgen jumısın aytadı.

— Bala, sen óziń jassań, sen túwe ne bir ǵoshshaq jigitler shártti orınlay almay, joq boldı. Sen qalay orınlaysań? — deydi patsha.

— Qalay orınlasam da orınlayman. Ólsem ólimge ırzaman, maǵan shártlerińizdi aytıń? — deydi Asan genje. — Boladı deydi de, patsha Asan genjege Mısqal periniń aytqan birinshi shártin aytadı. Erteń kelip sol shártti orınlawǵa kirisiwin eskertip jiberedi.

Erteńine shártti orınlaw ushın Asan genje aytılǵan jerge keledi. Adamlar tolıp qalǵan. Asan genjeniń bir ózi sonsha adamlardıń ortasında turadı. Patsha «al shártti orınla» degen de Mısqal periniń aytqanınday isleydi. Sızıqqa deyin qashıp ta qutıladı. «Birinshi shártti orınladı» dep xabarlaydı patsha. Endi ekinshi shártti úsh kúnnen keyin orınlamwı kerek eken. Biraq, Asan genje patshaǵa:

— Ekinshi shártti ayt? Erteń orınlayman — deydi.

— Ekinshi shárt mınaday: qaladan sırtqa shıǵıp, bir tanap taqır jerge bir batpan tarı septiremen. Alıstan qorshap adam qoyaman. Tarınıń sanı belgili, sol tarını kesh bolǵannan azanǵa deyin terip bereseń. Bir batpannan kemis bolsa da, bir batpannan bir dáni kem bolıp shıqsa da ólimdarsań. Eger terip berseń, ekinshi shártti orınlaǵanıń — deydi. Asan genje úyine kelip, oylanadı. Aqırında, qumırsqalardıń bergen belgisi yadına túsedi. Sóytip Mısqal periniń jayına baradı. Ekewi kóp sóylesip otıradı. Tań atıwǵa jaqınlaydı. Azanda úyine kelip Asan genje patshanıń shártin orınlaw ushın patshaǵa baradı.

Aytılǵan jerge tarı aparıladı. Asan genjeniń kózinshe ólshenedi hám sanaladı. Sóytip bir tanap jerge tarını sewip taslaydı da, patsha hám adamları menen ketip qaladı. Asan genjeniń bir ózi qalıp qoyadı. Kún batıp qarańǵı túsedi. Sóytip qumırsqanıń belgisin otqa tútetedi. Demniń arasında jer jáhándi bıjıǵan qumırsqa alıp ketedi. Qumırısqanıń patshasına shártti tapsıradı da «eki saatta orınla» deydi.

Qumırsqanıń patshası shártti orınlawǵa qumırısqalarǵa buyrıq beredi. Qumırsqalar tarını ákelip ıdısqa sala beredi. Aradan bir saat óipey-aq, tarılardı ákelip boladı. Tarını ólesheydi — durıs keledi. Sanaydı, bir tarı kemis. Barlıq qumırısqa sol bir tarını izleydi, tabılmaydı. Qumırısqanıń patshası qumırısqalardı túwelleydi. Bir qumırısqa kem keledi. Endi sol qumırsqanı izleydi. Onı da tawıp aladı. Ol Qumırısqanıń ayaǵına kesek túsip ketip, ayaǵı aqsap, awzına tarını tislep, tárezige jete almay jatırǵan eken.

Shárti orınlanatuǵın bolǵan soń Asan genje qumırsqalarǵa ruqsat berip, tarını dastanıp uyqılap qaladı.

Sáskede patsha adamları menen kelse, Asan genje uyqılap atır. Oyatıp tarısın sanaydı, dup-durıs, ólsheydi, dup-durıs keledi. Ekinshi shárti de orınlanadı.

Endi úshinshi shárti mınaday: qalanıń sırtındağı tawda bir áydarha bar. Sol áydarha qalanı jutıwğa tayarlanıp atırğan. Sonı óltirip, eldi apattan qutqarıw. Asan genje shártti orınlaw ushın sol kúni ketedi. Tawğa jetedi. Jolbarıstıń bergen túgin tutandıradı. Jolbarıslar tayın boladı, hám shártin aytıp, ózi tawdıń bir jırasında otıradı. Eki jolbarıs áydarhanıń eki jağına shığıp, birewi ekinshisine ılaqtırıp, ekinshisi birinshisine ılaqtırıp, qullası áydarhanı óltirip tınısh tabadı. Asan genje áydarhanı eki jolbarıstıń ústine tartıp, ózi eń joqarısına minip qalağa keledi. Qala xalqı «áydarha jutıwğa kiyatır» dep, kóringen tesikke kirip ketedi. Patsha talıp qaladı. Áydarha patshanıń sarayınıń aldına qoysa talıp qaladı. Áydarhanıń patshanıń sarayınıń aldına qoyıp, Asan genje patshağa kirip baradı. Patsha jańa esin jıynağan eken. «Shártti orınladım» deydi. Patsha, «mınaw báleńdi kózime kórsetpe, uzaqqa joq qıl», deydi. Bunı jolbarısqa buyırıp, olar menen xoshlasıp qaladı. Patshanıń nağız kúyewi bolıp aladı. Patsha qırıq kún toy, qırq kún oyın etip Mısqal perini Asan genje menen nekesin qıyadı. Asan genje menen Mısqal peri qosıladı. Jeti jılğa deyin usı patshanıń elinde ómir súredi. Bir balalı boladı.

Bir kúnleri Asan genjeniń yadına ata-anası, tuwğan tuwısqanları hám bayağı kempirge berip ketken wádesi túsedi. Asan genje «endi elge qaytqım kelip júr. Keteyik, kelip ketip turamız» — deydi. Mısqal peri kelisim beredi. Sóytip patshadan ruqsat alıp, ekewi balası menen eline qaytadı. Olardı patshanıń áskerleri sol eldiń shegarasına deyin shığarıp saladı.

Asan genje oǵada sharshaydı. Sóytip shegaradan shıqqannan keyin joldıń shetine shatır qurıp bular dem aladı. Sóytip jatıp, qattı uyqıǵa ketedi.

Mısqal periniń elinde úsh qaraqshı bar edi. Olarda Mısqal perige ashıq edi. Biraq qalay etip alıwdıń jolın bilmey júretuǵın edi. Bul úshewi Mısqal perini urlap alıw maqsetinde Asan genje patshanıń elinen qaytqalı izinde júrdi, qay jerde qayımı bolar eken dep ańlıdı.

Asan genje menen Mısqal periniń uyqılap jatırǵan jerine kelip, qaraqshılar Mısqal peri menen balasın ózleriniń atlarına mingizip Asan genjeni baylap, dúzge taslap ketedi. Aradan úsh kún ótkennen keyin Asan genje uyqısınan oyanıp qarasa, qasındaǵı hayalı menen balası joq. Atlar da joq. Qolı baylawlı. Bir báleniń bolǵanın biledi. Endi piyadalap, diywana bolıp, Mısqal perini izlep kete beredi. Aradan bir ay ótken soń bayaǵı atasınıń qalasına baradı. Qalada patsha ólip, ornına patsha kóteriw ushın dáwlet qusı degendi ushırıp atır eken. Dáwlet qus kelip Asan genjeniń basına qonadı. Patshanıń wázirleri diywananıń basına qondı dep qaytadan ushıradı. Bári bir Asan genjeniń basına qona beredi, aqırında, Asan genjeni xalıq patsha etip tikleydi.

Asan genje patshalıqtı qolına alǵannan keyin, qalaǵa jar urdıradı:

— Kimde-kim qaraqshı bolsa, óziniń etken qaraqshılıǵın aytqan adamǵa ǵáziyneden tilla beremen — deydi. Bunı esitken qaraqshılar ózleriniń etken urlıǵın aytıp patshadan tilla ala beredi. Qaraqshı emesler de aldaw menen tilla aladı. Biraq eldegi barlıq qaraqshılar kelip bolsa da, Mısqal peri jóninde hesh xabar bolmaydı. Patsha jálladların jıynap, eldegi qaraqshılardıń bolǵanı ma yamasa bar ma? — dep soraydı. Bir jállad turıp:

— Tawdıń eteginde úsh qaraqshı bar. Onnan basqa qaraqshılardıń barlıǵı kelip boldı — deydi. Sol úsh qaraqshıǵa adam jiberip aldıradı. Qaraqshılar kelgennen keyin patsha:

— Qáne, ómirińizde qanday qaraqshılıq ettińler? — deydi.

— Ómirimizde etken qaraqshılıǵımız oǵada kóp, solardıń birin aytayıq pa yamasa solarǵa teń bolǵanday bir qaraqshılıǵımız bar, sonı aytayıq pa? — deydi olar.

— Sońǵını ayta ǵoyıń? — deydi patsha.

— Bizler usı eldiń sennen burıngı patshasınıń qızı Mısqal perini urlap edik. Kúyewi uyqılawı menen qaldı. Mısqal perini alıp kelgen soń úshewimiz talastıq. Biraq bizlerge tiymeytuǵının ayttı. Házir qarındasımızday bolıp otır — deydi qaraqshılar.

Asan genje dárhal bulardı zindanǵa taslatadı da, jálladlarǵa Mısqal perini ákeliwdi buyıradı. Mısqal peri Asan genjeni ádep tanımaydı. Olar pinhamı jayǵa barıp, Asan genje betindegi perdeni ashıp jibergende Mısqal peri tanıydı. Sóytip olar patshalıqtı wázirine berip, túnniń ishinde adamǵa bildirmey eline qaytadı. Bir neshe kún jol júrip bayaǵı kempirdiń úyine jaqınlaydı. Ol mástan kempir eken. Sol waqta Mısqal peri Asan genjege:

— Asan genje, men usı jerde qalayın, sen atıńdı qattı shawıp, terletip kempirdiń úyine bar. Ol kempir meni, seni qashan keler eken dep jayınıń basına minip kútip otır. Bar da jaydıń ishine kir. Tam basına shıǵatuǵın záńgide bir kepter bar, onı kempir alıp qoymastan burın bar da basın julıp al. Tek shawqım sala ber. At jaramay Mısqal peri jolda qaldı dey ber. Soǵan alań bolǵan kempir kepterdi yadınan shıǵaradı. Kepterdiń basın julsań, ol kempir óledi. Bizler sonda

ǵana qosıla alamız. Egerde onday etpeseń, bári bir ol meni de, seni de tiriley jeydi. Sebebi kempirdiń úsh dáw balası bar edi. Olar meniń jolımda shártti orınlay almay ólip ketti. Sonıń ushın mennen ósh alayın dep seni maǵan jumsaǵan dep wáliyligin aytadı. Asan genje tap usı aytqanınday isleydi. Kempirdiń úyine shawqım salıp baradı. «At tawıp ber há, at tawıp ber» deydi. Kempir Asan genjeni kóredi de záńgige juwıradı. Biraq záńgidegi kepterdi Asan genje burın aladı da, basın julıp aladı. Kempir sılq etip jerge qulap túsedi.

Mástan kempirdi óltirip, Mısqal peri menen qosılıp, Asan genje óziniń eline kelip, ata-anası, aǵaları menen kórisip qırıq kún toy, qırıq kún oyın berip, muradımaqsetine jetedi.

## ALTÍN TAWÍQ

Burıngı ótken zamanda háwli-hárem, baǵ-baqshalı, tórt túligi say, bir bay bolıptı. Baydıń eki hayalı bar eken. Baydıń úlken báybishe hayalınan tuwǵan Ásen, Úsen, sońǵı toqallıqqa alǵan hayalınan tuwǵan Esen degen úsh ulı bolıptı. Olar hesh nárseden xabarsız azannan keshke shekem oyın-kúlki menen ómirin ótkerip júre beripti.

Bir kúnleri bay baqshanıń ishin aralap, hár bir túp shiyeniń kórinisinen denesi balqıp, máz-mayram bolıp júrse, bir túp júzimniń jartılanıp qalǵanın kóredi, áriberi júzim baǵınıń átirapın aynalıp kóz saladı, biraq hesh nárse taba almay úyine qaytadı. Úsh balasın shaqırıp alıp, búgin júzim baǵına kirdińizler me dep soraydı, olar «barǵan joqbız» deydi. Bay buǵan inanbay olardıń jalańayaq izin shóp penen ólshep te kóredi. Onıń menen

turmay, balaların júzim bağına eritip barıp, kóziñizge ne ilinse, sonı uslap alıñ, dep aldın ala eskertedi. Bular, hámmesi bağdıñ ishin japa-tarmaqay qarap, ya adamnıñ, ya basqa bir zattıñ júrgenin kórmeydi. Aqırında bay balalarına qarap: «Mağan kim dushpanlıq qılıwshı edi, bunı birew qasaxana islep júrgen shığar» dep, bir nárseniñ xabarın sezgendey tañlana sóyleydi. Balalar da atasınıñ állenelerdi oylap turğanın bilip, úshewi júzim bağın gezeklesip qorıwğa atasınan ruxsat aladı. Bul sóz bayğa da maqul túsedi.

— Búgingi tún bağdı qaysısıñız gúzetip shığasız? — deydi ol. Sonda úlken balası Ásen:

— Ata, birinshi gezekti mağan ber? — dep belsenip turadı. Biraq júzim bağın tún jarpısına deyin qorıp otırıp, tañ aldında kózi ilinip ketedi, ornınan turıp qarasa, ullı sáske bolıp qalğan eken. Ayağın áltek-táltek basıp, bağdı serlese júzimniñ belgilep qoyğan ornınıñ basqa jerinen tağıda omsıraytıp jep ketkenin kóredi.

Ásen júzimdi ne jegenligin bile almaydı. Shanqay túste atasına barıp bolğan hádiyseni ashıq bayanlaydı. Bay balasınıñ islegen jumıslarına kewli tolmay, oğan ashıwlı túrde keyip, ekinshi balası Úsendi shaqırıp alıp: «Balam, gezegiñe júzim bağın búgin sen qorıp shığasañ» — dep buyıradı.

Bala atasınıñ usı sózi boyınsha kelesi kúni qolına bir shelek suw alıp, júzim bağına keledi. Ol da túni menen gúzetip, qápelimde uyqılap qaladı. Kúndegi waqtı boyınsha qus kelip, júzimdi jep ketedi. Sóytip bul kúni de onıñ qanday maqluq ekeni anıqlanbay qaladı. Bala muñayıp, bolğan awhaldı atasına jasırmastan aytıp beredi. Bay balalardıñ qılğan isine ókinip, ne qıların bilmey tursa, bul awhaldan xabarı bar kishkene balası Esen

atasınıń aldına juwırıp keledi de: «Endi juwaptı bizge beriń, búgingi túndi men gúzetip shıǵayın» — dep soranadı. Bay «seni jin urıp keter, qorqarsań» dep há degende Esenge juwap bere qoymaydı. Óziniń ele jaslıǵına da qaramay, qoyarda qoymay soranıp otırǵan soń, bay da «barsań bara ǵoy, balam» deydi.

Esen júzim baǵın bir aqsham gúzetip shıǵıw ushın, qolına bir shelek suw menen tas shıra alıp, kúndegi aǵalarınıń gúzetken jerine kelip, tura beredi. Shelektegi suwdı bir túp júzimniń túbine qoyıp, shıranı jaǵıp, belgisiz qustıń keliwin kútip otıradı. Tún jarpı awa bergende, qubladan bir nárse qanatın uzaqtan sermep kelip, júzim baǵınıń qaq ortasına qonadı. Biraq bala bunıń qanday qus ekenin tań qarańǵısı menen ayırıp tanıy almaydı. Qus júzimdi táwiraq toyǵanınsha jep, eń sońında suw turǵan shelektiń ernegine kelip qonıp, hesh qáwiplenbesten shelekten suw ishe baslaydı. Onıń barlıq háreketin sırttan baqlap, ańlıp, turǵan bala áste artınan bildirmey barıp, qustı bas salıp uslap aladı. Tań atqannan soń qanday qus ekenin anıqlap kórmekshi bolıp talpınıp, qustı bekkem uslamay, uslaǵanına más bolıp júrgende Esenniń qolınan jazdırılıp, tikke hawalap ushın ketedi. Biraq qustıń sawrısınan eki pári julınıp qaladı. Bala usı kórinislerdiń hámmesin qıpsa saqlamastan, bası birikpegen qısqa sózleri menen tutlıǵıńqırap, atasına jetkeredi. Bay Esenniń shúldirlep quwamshı qoynına sıymay aytqan hár bir sózin qunt penen tıńlap, kúle shıray berip, murtın qıymıldatıp otırıp, sol qustı qaydan bolsa da izlep keliw ushın balaların saparǵa atlandırdı. Baydıń úlken hayalınan tuwǵan balası Ásen, Úsen kishkene inisin izine ertpey, bólek ketedi. Aǵalarınıń bergen qorlıǵına ishi kúwip Esen de jol júrip otırıp, bir qalıń

toǵaylıqtıń ishinen kesip ótpekshi boladı. Jol boyı júrip kiyatırıp, Esen bir qasqırǵa ushırasadı. Bul qasqır adamday bolıp, Esen menen sóylesip, «bulmańǵa ne ushın keldiń, bizge bir mezgillik awqat ushın keldiń be?» deydi. Esen oǵan «meniń bir shıbın janımdı ózime oljaǵa berseńiz, sonda ǵana aytaman» deydi. Qasqır kelisim beredi. Esen bolǵan istiń jónin bayanlaw menen birge, qasqırǵa óz jumısınıń da mánisin túsindiredi.

— Meniń ákemniń júzim baqshası bar edi, soǵan kúnde bir qus kelip jep kete beretuǵın boldı, biletuǵın adamlardıń aytıwınsha bul Hámir patshasınıń altın tawıǵı qusaydı. Sol altın tawıqtı alıp keliw ushın atamız bizlerdi usı jolǵa buyırdı. Sonıń ushın men de gez kelgen qıyınshılıq bolsa, talayımnan kórermen dep sapar etip júrgenim edi, — deydi. Sol jerde Esen qasqır menen ayrılmas dos boladı. Bular ábden mámle bolıp, sırlasıp istiń jónine túsingennen keyin, qasqır: «Saǵan altın tawıqtı tawıp alıp beriwdiń jolı bar, sen meniń ústime minseń men seni Hámir patshasınıń eline alıp baraman» dep balanı isendiredi. Esen de hawlıqpastan qasqırdıń ústine minip alıp, bir neshe kúnlerden keyin Hámir patshasınıń eliniń shetine kelip túsedi.

— Mınaw turǵan Hámir patshasınıń eli, — deydi qasqır balaǵa — gewgim jabıla sen el shetine bar, anaw minardıń bergi astında patshanıń altın tawıǵı turatuǵın jayı bar, baraǵoysań tek altın tawıqtıń ózin ǵana alıp qayt, eger ketegine qızıǵıp onı da qosıp alaman deseń, onda tutılıp qalasań — deydi qasqır.

— Jaqsı dostım, solay isleymen — dep Esen patshanıń altın tawıǵı jatqan jayına belgisiz waqıtta kirip, tawıqtı aladı. Biraq tawıqtan da ketegi sonday sulıw bolǵanlıqtan, bunı jubı menen qosa alayın dep oylanıp, ketekke qol

urǵanda qattı ses esitiledi. Artınan eki jigit kelip, Esendi lappa uslap aladı. Jigitler Esennen bul istiń dáregin sorap, ne ushın urlıq qılǵanın bilmekshi boladı hám urı dep ayıplap patshanıń aldına alıp baradı. Patsha onnan sawal sorap bul jerlerge ne maqset penen keldiń, ne qaralı adamsań, ne ushın meniń altın tawıǵıma qol saldıń dep baspalata bergen soń Esen:

— Biziń atamızdıń júzim baǵı bar edi, kúnde sol júzimdi qus kelip jep kete beretuǵın boldı, soń sorastırıp qarasaq siziń altın tawıǵıńız eken. Sol qustı izlep usımannan dáregin esitip, búgin kelip otırǵanım edi, — deydi.

— Eger sizge tawıq kerek bolsa, men seni bir jerge jumsayman, sol isimdi pitkerip kelseń, onda sizge altın tawıqtı ketegi menen berer edim, — deydi patsha. Sen bunnan ádewir kún jol júrip Ráhim patshanıń eline barsań, patshanıń bir orasan júyrik suw tulparı bar, mine sol tulpardı er-turmanı menen ákelip qolıma quwıstırasań, sol tapsırmalarımdı bejerseń, altın qusımdı alasań, eger bul jumıstı orınlamasań, bir shıbın janıńnan úmit úzip, gelleńnen ayırılasań!

Bala gúllán islerdiń boljawın esitip bolǵannan keyin, óziniń dostı qasqırǵa oylasadı. Esen dostınıń aqılın alıp, patshaǵa qayta baradı da, hámirińizdi bárjay etip pitkerip keliwge juwap berseńiz dep patshadan ruqsat alıp, qasqırdıń ústine minip, jolǵa rawana boladı. Bular bir neshe kún jol júrip, Ráhim patshanıń eline jetedi. Qasqır Esenge joldıń túrin aytıp, bir qansha keńesler beredi. «Bunnan ketip sarayǵa kireǵoysań, tek tulpardıń shılbırın kesip al da júre ber, er-turmanlarına kóz de salma, qol da tiygizbe, tutılıp qalarsań dostım», — deydi. Esen bul sózlerdi esitip, kúndiz tulpardıń turǵan jerine kirip,

aytılǵan sóz yadınan shıǵıp, nede bolsa tulpardı barlıq zatı menen ala keteyin dep, er-turmanına umtıla bergende qattı ses esitilip, há demey-aq artınan qarawıl kelip Esendi uslap aladı. Qarawıl «Sen ne qılıp júrgen urısań, seni bulmanda qoymay darǵa astırıp óltiremiz» dep, urıp-urıp Ráhim patshanıń aldına alıp baradı. Patsha baladan biraz soraw sorap bolǵannan keyin, Esen de qanday jumıslar menen elinen shıqqanın bastan-ayaq aytıp beredi. Ráhim patsha balanıń kelgen jumısları menen tanısıp bolıp, Gaфur patshanıń eline jiberiwdi oylaydı. Ol suw perilerdiń basshısı eken. Onıń laqabı jer jarǵan jalǵız sulıw qızı bar eken. Ráhim bul qızǵa bir neshe jıl ashıq bolıp, qolǵa túsire almay, aqırında gúder úzip qoyǵan eken. Esenge usı suw periniń qızın alıp keliwdi buyıradı hám balaǵa «eger esabın tawıp, saparıń ońına kelisip, maǵan Gaфurdıń qızın ákelip berseń, suw tulparımdı er-turmanı menen beremen» dep ıqrar etedi.

Esen patshadan máwlet alıp, qasqır menen birge belgisiz qızdıń eline qaray kóringennen joldıń baǵdarın sorap kete beredi. Qullası kálam, qasqır jerden murnın kótermey iyiskelep júrip otırıp, qızdıń awılına jaqınlaydı. Sóytip Esendi jawırnınan túsirip «endigi jaǵında qanday hiyleń bolsa, tartınbay qollana ber» deydi de, ózi solmandaǵı dút toǵayǵa kirip ketedi. Qaytıp ushırasar waqtın belgilep, bala menen xoshlasadı. Onnan soń Esen de qarap jatpay, óz ǵamın jep, kúni-túni qızdıń hawızǵa baratuǵın jolın baqlap, bir kúni ańlawsızda qolǵa túsirip aladı da, hesh kimge bildirmey qızdı izine ertip qaladan shıǵıp ketedi. Sol júris penen bayaǵı qasqırdıń qalǵan jerine kelip, úshewi qaytadan qosılıp, júrip kete beredi. Bolajaq islerdi aldın ala oylap qoyǵan qasqır jol boyı baratırıp Esenge aqıl aytadı. Kóp sóz benen uzaq sapardı

qısqartıp, kóz ashıp jumǵansha Ráhim patshanıń sarayınıń aldına barıp túsedi. Qápelimde, qasqır bir silkinip jiberedi de sulıw qız sıpatına kirip, balanıń alıp kiyatırǵan peri qızı boladı da Esenge:

— Sen házir meni patshanıń otırǵan jerine ertip barıp: «buyrıǵıńızdı orınladım, taqsır endi maǵan suw tulparıńızdı er-turmanı menen berseńiz eken» dep sorasań, ol saǵan irikpey óziniń aytqan shárti boyınsha tulparın berer. Bunı alǵannan soń qızdı artına mingestirip, keshegi joldıń súlderi menen jayıraq júrip kete bereseń. Al men bolsam eki úsh kún toy tarqaǵansha kelinshek bolıp kirip-shıǵıp xızmet islep júrermen hám kóp keshikpey bulmannan qalay bolsa da qaramdı batırıp, seniń izińnen quwıp jetermen, — deydi.

Solay etip qız qálpine kelgen qasqırdı Esen patshaǵa alıp baradı. Patshanıń kewli sonday xosh bolıp, balaǵa sarpaylar jawıp, kóp hasıl zatlar hám tulparın berip, Esendi oljalı, jollı jigit qılıp qaytaradı. Bul da jańaǵı taslap ketken haqıyqat peri qızın ile shala atqa mingizip alıp, qasqırdı kútpesten ilgeri júre beredi.

Aradan bir neshe kún ótken soń, patshanıń bergizip atırǵan toyınıń izi tarqamay atırǵanda úyden kirip-shıǵıp júrgen jańa túsken kelinshek qas qaqqansha ábeshiy túrge enip ketkenin qasındaǵı qızlar sezip qaladı. Hámmesiniń tóbe-shashı tik turıp, kelinshektiń janındaǵı adamlar maydanǵa tura-tura qashadı. Bunday sumlıqtı esitken patsha hayran bolıp, «jinbe, shaytan ba ózi, kórińler» dep xalqına hámir etedi. Biraq kórgen, bilgen adam bolmay, patsha pánt jewi menen jaǵasın uslap qaladı.

Qasqır óz jónine ılaǵıp, há demey-aq Esenlerdiń izinen eki kúnde quwıp jetedi. Sol júristen Hámir patshasınıń

eline keledi. Bul jerde qasqır ıras kisnese jer qozǵalǵan, quyrıǵı sala qulash bir tulpar boladı. Bala qız benen suw tulpardı qaldırıp, tulpar bolǵan qasqırdı minedi de, tar kósheniń ortası menen túrli júrislerge salıp, qalanıń ishinen arman-berman shawıp, maqtawın ábden patshaǵa jetkeredi. Hámir patshası adam jiberip, balanı shaqırtıp aladı da, óziniń altın tawıǵın ketegi menen qosa oǵan beredi. Esen patshanıń buyrıǵın orınlaǵanına shadıman bolıp, tulpardı saraymanlarǵa tapsıradı da, ózi juwap alıp keyin qaytıp, shın suw tulpar menen qızdıń qasına keledi. Olmanda kóp eglenbesten, bala óziniń tuwılǵan eline jol tartadı.

Ádewir kúnnen keyin qasqır da Hámir patshasınıń seyisleriniń qolınan jırılıp, Esenler menen qayta tabısıp, óziniń ázelgi toǵaydaǵı ornına kelgende, baladan júwap sorap qalıp qoyadı.

Endigi gápti bayaǵı baydıń úlken hayalınan tuwǵan Ásen menen Úsennen esitińler. Olar Esennen ayırılısıp ketken soń baspaǵan jeri, kórmegen kóli qalmay, eń sońında birge qaytayıq degen oy menen, kishkene inisiniń jolına ayday qarap, kútip jatır edi. Bul aǵalarınıń ústine Esen de bir kúni bara ketedi. Olardıń ústi-basınıń tozıp, ózleriniń de qorenish tartıp qalǵanın kórip Esen aǵalarına ádewir ǵamxorlıq jasap húrmet etedi. Biraq eki aǵası oǵan jamanlıq etip, alıp kiyatırǵan hasıl zatların, periniń sulıw qızın, tulpar attı onnan qızǵanıp, Esendi aldarqatıp ańlıp otırıp, pıshaq urıp óltiredi. Qılasındı qılıp, islerin pitkergen jigitler aldı-artına qaramastan, awıldıń jolı qaydasań dep, barlıq oljaǵa túsken dúnya-mallardı bawırına basıp, eline aman-esen jetedi.

Jol boyında lashı qalǵan Esenniń gewdesine hákkeniń palapanı menen ǵarǵanıń palapanları qonıp, minip túsip

úlken «toy» islep atırǵanınıń ústine bayaǵı qasqır dostı kelip qaladı. Shawqımdı esitip, jol menen jortıp kiyatırǵan qasqırdıń kózine bir shette jatqan adam óligi túsedi. Ańlap qarasa bóksesine minip alıp, tumsıǵın ol jaqqa, bul jaqqa súykep, hákke menen ǵarǵalardıń bar kúshin tumsıqqa jıynap shoqıp turǵanı dostınıń denesi ekenin tanıydı. Buǵan qasqırdıń qattı qáhári kelip, shaqalaqlap kúlip turǵan bir hákkeni uslap aladı da, onnan Esendi kim óltirgenin soraydı.

— Men qaydan bileyin... tek meniń jazıǵım óliktiń ústine gezlesip qalǵan soń bunnan bir náhárlenip awqatlanayın dep otırǵanım, onnan basqanı bilmeymen, al, júdá shın-shınǵa ketip anıǵın sorasań, onday túkke turmaytuǵın nárseni bile beriwge qolım da tiymeydi, — deydi hákke. Hákkeniń sóziniń záhárin sezgen qasqırdıń qanı qaynap, onı burınǵıdan da beter azaplaytuǵının aytadı.

— Endi sen adam balasın tiriltetuǵın bir ǵana shóp bar, ol tawda ósedi. Sonı tawıp ákelip bereseń, bolmasa bir shıbınday janıńnan keshheseń! — deydi. Hákke de ári-beri suwqıldawınan payda túspegen soń, qasqırdan qorıqqanınan jańaǵı káramatlı shópti tawıp keliwge ushıp ketedi. Qasqır bolsa dostınıń janında otırıp qala beredi. Biraz waqıttan keyin hákke aytılǵan sóz boyınsha em ushın buyırılǵan shópti awzına tislep alıp kelip, shóptiń suwın murnına iyisketip, Esendi qasqır dostı tiriltip aladı.

Esen qasqır menen qushaqlasıp kórisip, ekewi jolǵa rawana bolıp, aǵalarınıń izinen bul da awılına qaytadı. Tańnıń atısın, kúnniń batısın kár etpey júrip bir neshe kún degende Esen óziniń eline kelip túsedi. Kelse úyinde toy baslanıp atır eken. Toy tarqap izi sawalǵan soń

Esen atasına barıp sálem berip, bolǵan waqıyalardıń bárin tap ózindey etip aytıp beredi. Bay buǵan hayran qaladı. Sóytip usı isleriniń taǵdirin óziń shesh, balam dep Esenge aq pátiyasın berip, dúnyadan ótipti.

Esen aǵalarınıń barlıq gúnaların keshirip, peri qızdı Ásenge, suw tulpardı Úsenge berip, ózi altın tawıqtı adamzat qálpine keltirip úylenipti. Bári bir bunnan keyin de aǵaları onı sıydırmay, elden kóshirip jiberipti. Sonnan soń Esen altın shashlı hayalınıń uqıplılıǵı arqasında jáne bir elge barıp, uzaq jıllar ómir súripti, deydi.

## QORQÍNÍSHTÍ JEŃGEN ADAM

Burınǵı ótken zamanda Orazımbet degen qorqaq adamnıń eki hayalı bolıptı. Orazımbetti sol eki hayalı álpeshlep, burınları dalaǵa shıqsa kóterip shıǵaradı eken. Hayallarda bul awhaldan biyzar bolǵan.

Bir kúni Orazımbet hayallarına meni dalaǵa shıǵarıń deydi. Olarda dalaǵa shıǵarıp taslaydı da, úyine qashıp kirip támbisin basıp hesh kirgizbeydi. Orazımbet — «al men óletuǵın boldım, esikti ashıń» dep tıpırshılap baqıra beredi.

Aqırı ashılmaytuǵının bilgen Orazımbet endi dım bolmasa meniń sholaq mıltıǵımdı alıp beriń dep dawıslaydı. Ol birese qapını, birese áynekti urıp qoymaǵan soń hayalları sholaq mıltıǵın áynektiń tesiginen alıp beredi. Endi ishke hayallarınıń kirgizbeytuǵının bilgen qorqaq ilajsızdan qolına sholaq mıltıǵın alıp, toǵayǵa ań awlawǵa ketedi.

Bir kúni toǵayda ań awlap júrse, aldınan bir qoyan qashadı, qoyandı kóp uzamay-aq silesin qatıradı. Atqan

qoyanın qaltağa salıp, óz úyinen úmitin úzgen Orazımbet awılındağı bir temirshi ustanikine baradı. Atqan ańın temirshige beredi. Temirshi Orazımbettiń burın júrse sayasınan qorqatuğınınan, dalağa shıqsa eki hayalı kóterip shığatuğınınan xabarı bar edi.

— Haw, Orazımbet, bul qoyandı birew atıp berdi me sağan? — deydi.

— Usteke, ózim atıp aldım, — deydi.

— Onday bolsa siziń mıltığıńızdıń qundağına batırlıq bir belgi jazıp bereyin dep «Orazımbet batır, bir atqanda on dáwdi jatırdı» — dep oyıp jazıp beredi. Bir kúni Orazımbet tağı ań awlawğa toğayğa shığıp ketedi. Toğaydı aralap júrip bir dáwge jolığadı. Dáwdi kóriw menen qasharğa jer, panalawğa hesh nárse taba almay «tıshqan tesigi mıń tilla» bolıp turğanda, qasındağı bir oqpanğa júwirip barıp jese ayağımdı jesin, dáwdi kózim kórmesin dep basın oqpanğa tığıp jata beredi. Dáw Orazımbettiń qatań mergen ekenligin mıltıqtıń qundağındağı jazıwınan bilip, onıń menen jaraspaqshı boladı. Hawlıqqanınan Orazımbet batır «men sizdi qonaqqa shaqırıp kelip turman» — deydi. Onıń qorıqqanın bilgen Orazımbet oqpannan shığıp alıp, dáwdiń úyine qaray birge júre beredi. Dáwdiń úyine jaqınlağannan keyin: — Sen ozıńqırap bar da mağan on bir qoydıń etin tayarlap qoy, men seniń izińnen bara berermen, — dep Orazımbet jolda irkilińkirep qaladı. Ol ozıp ketken soń Orazımbet ne qıların bilmey, qayğırıp kiyatırsa aldınan birese ushıp, birese qonıp júrgen bir qara torğaydıń palapanın uslap aladı, onı qoynına tığıp dáwdiń úyine jetedi. Ol dáwdiń barlıq awqatların da jerge jaylastırıp, tabaqların bosatıp beredi. Sóytip Orazımbet batırsınıp, endi dáwdiń ózin mağan jiberińler dep aspazlarğa dápinedi. «Batır» aytqan

soń tabaqshılarda jan bar ma, juwırıwı menen dáwge barıp sizdi Orazımbet shaqırıp atır deydi. Dáw kelgennen soń Orazımbet:

— Dáweke, sizdi shaqırǵandaǵı maqsetim, dáwdiń búrgesi qara shıbınday boladı dep burın birewlerden esitip edim. Qáne, bizler búrge ushırısıp kóreyik deydi. Dáw sol boyına búrgesin jaydıń ishine ushırıp jiberedi. Al biziń búrgeni de kóriń dep, bayaǵı joldan uslap alıp qoynına salıp júrgen qaratorǵayın Orazımbet te ushıradı. Buniń qaratorǵay ekenin bilmegen dáw oǵan qattı hayran qaladı. Usılay etip júrip, Orazımbettiń elden shıǵıp ketkenine bir neshe kúnler ótip ketedi. Endi awılǵa qaytıw kerek, siziń menen tanısqanımızǵa da ádewir waqıt ótti dep Orazımbet dáwden juwap soraydı. Dáw Orazımbetti túrli hasıl zatlar menen sıylap, óziniń eline qaytaradı. Ol bir neshe kúnler jol júrip, óziniń úyine kelip dáwdiń bergen dúnyaların Orazımbet kerek-jaraǵına jumsap, úlken bas xojalıq bolıp, xalıq qatarına qosıladı.

## BÚKIR SHAL

Bir bar eken, bir joq eken. Burınǵı ótken zamanda kempir menen ǵarrı bar eken. Ǵarrı toǵaydan otın ákelip satıp kún kóredi eken. Ǵarrı otınnan keshigip qalsa, kempiri «búkir shal» dep shaqıradı eken. Bir kúni kempiri «búkir shal» dep shaqırıp júrse, onı túlki esitip, ol sıyqırlılıq penen adam túsine enip ǵarrınıń aldınan shıǵıptı. Túlki ǵarrıǵa:

— Búkir shal, men seniń ulıń bolayın? — deydi. Ǵarrı túlkini úyine alıp keledi. Bir kúni ǵarrı toǵayda otının arqalay almaydı. Sonnan keyin «Túlkibay, Túlkibay» dep qıshqıradı. Túlkibay jetip keledi.

— Ne ushın keshiktiń? — deydi ǵarrı Túlkibayǵa.

— Anam ayttı bar dedi.
Otın terip kel dedi,
Annan terdim on qushaq,
Qırdan terdim qırq qushaq, — deydi Túlkibay.

Túlkibay erjetip kámalına kelgennen keyin:

— Ata, maǵan patshanıń qızın ayttırıp kel? — deydi.

— Háy balam, biziń hesh nársemiz joq ǵoy. Patsha qızın bereme? — deydi. Sol waqıtta kempiri:

— Men barıp patshanıń esigin sıpırayın. Patsha xabarlasqanday bolsa qızın sorayın, — deydi. Kempir patshanıń esigin sıpıradı. Ol kúni hesh kim xabarlaspaydı. Erteńine jáne baradı. Onda da hesh kim xabarlaspaydı. Erteńine jáne baradı. Onda da hesh kim xabarlaspaydı. Úshinshi kúni barǵanda patsha kempirdi tutıp aladı da, shawıp taslaydı. Kempir tirilip kete beredi.

Sonnan keyin patsha kempirden jumısın soraydı.

— Shıraǵım, Túlkibay degen balam bar edi, soǵan qızıńdı sorap keldim — deydi. Sonda patsha.

— Qırıq túyege altın, alpıs túyege gúmis artıp ákeleseń qızımdı beremen, — deydi. Kempir buǵan qapa bolıp úyine qaytadı. Kempir úyine kelip, patshanıń soraǵan qalıń malın aytadı balasına.

— Áy apa, sen oǵan nesine qapa bolasań. Patshanıń soraǵan qalıń malı házir-aq tayın boladı — dep. Túlkibay qırq túyege artqan altın menen alpıs túyege júklegen gúmisti tayın etedi. Kempirdi ústine mingizip patshaǵa jiberedi. Kempir kelinniń qalıń malın patshaǵa tapsıradı.

Patsha qızın toy-tamasha menen Túlkibayǵa uzatadı. Túlkibay úyine kelgennen keyin bir silkinip jibergende sulıw jigit bolıp shıǵa kelipti. Bul peri eken.

Bir kúni awıldıń qız-kelinshekleri Túlkibaydıń kelinshegi menen túlki terisin kóreyik dep kelipti.

Túlkibaydıń túlki terisin kórip tartısıp atırǵanda, terini otqa túsirip aladı.

Sol waqıtta Túlkibay úyge kirip kelip, hayalına:

— Endi sen maǵan joq, men saǵan joq. Egerde kórgiń kelse, men kerek bolǵan bolsam qolıńa temir hasa alıp, ayaǵıńa temir gewish kiyip, hasa iynedey, al gewish joq bolǵan waqıtqa shekem júrseń tabarsań. Meni Shiyshadaǵ degen tawdan tawıp ushıratarsań — dep túlki kózden ǵayıp boladı.

Hayalı jılap-eńirep, qolına temir hasa alıp, ayaǵına temir gewish kiyip, túlki kúyewin izlewge rawana boladı. Sóytip hayalı túlki kúyewin izlep shıǵıptı. Hasa iynedey, gewishi jelinip joq bolǵan waqıtta, Shiyshadaǵqa jetipti. Tawǵa barsa, túlki kúyewin kóredi. Sol jerde qosılıp, izzet-húrmet penen maqset-muradına jetedi.

## QULAMERGEN

Bir bar eken, bir joq eken, burıńǵı ótken zamanda Qulamergen degen palwan bolıptı. Ol palwanshılıq etip júrip Adesher degen patshanıń Qalbiyke degen qızına úylenedi. Qalbiykeden bir qız, bir bala tuwıladı. Qızınıń atın Mehrixan, al balasınıń atın Joyamergen qoyadı.

Qulamergen bir uyqılasa jeti kún, jeti tún uyqılaydı eken. Al Qalbiyke bolsa Qulamergen uyqılaǵan waqıtta onıń atın suwǵarıp, ot salıp baǵıp turadı eken.

Bir kúni Qalbiyke dáryaǵa at suwǵarıwǵa barǵanda shashın juwıp otırsa, eki tal shashı dáryaǵa túsip ıǵıp ketipti. Eki tal shash sol ıǵıwdan bir patshalıqqa barıp jetipti.

Sol patshalıqta bir ǵarrı dáryaǵa aw salıp bahq awlaydı eken. Qalbiykeniń shashı ǵarrınıń awına ilinipti. Ǵarrı

shashtı alıp qarasa, birese altın, birese gúmis bolıp dónip turǵanın kórip hayran qalıptı. Ǵarrı «bul shashtı patshaǵa alıp barsam, maǵan kóp sıylıq bermes pe eken» dep, shashtı patshaǵa aparıptı.

Patsha shashtı kórip hayran qaladı. Iyesine ashıq bolıp, «Usı shashtıń iyesin kimde-kim maǵan tawıp berse, boyınday altın beremen» dep jar shaqırtadı. Men tabaman dep hesh kim shıqpaydı. Sol elde arqası qozıǵan eki dizesi qulaǵınan ozǵan bir kempir bar eken. Sol kempir patshanıń aldına kelip:

— Balam, meniń nasıbay pulımdı jetkerseń, usı shashtıń iyesin tap qasıńa alıp kelip berer edim. Jaqın jerde bir hayal bar. Onıń shashınıń bir talı altın, bir talı gúmis. Bul elatta onnan basqa qatın joq. Bir bolsa sonıki bolar, — deydi. Sonda patsha:

— Ol qayjerde? — deydi.

— Ey, balam, ol Adesher degen patshanıń jurtında — deydi kempir.

— Ol kim degenniń hayalı?

— Seniń soramına jaqın jerde Qulamergen degen palwan turadı. Hayalı kúnde dárya boyına kelip, Qulamergenniń atın suwǵarıp, óziniń shashın juwadı. Al Qulamergen bolsa, bir uyqılaǵanda jeti kún, jeti tún uyqılaydı — deydi kempir. Patsha:

— Onı qalay etip ákeleseń? — deydi. Sonda kempir:

— Meni Qulamergenniń turǵan jerine jetkerip taslasań, men hayalın aylandırıp, ózime qarataman. Sonnan keyin men saǵan xabar berermen. Sol waqıtta sen láshkeriń menen kelip Qulamergenniń uyqılap atırǵan waqtında baylap óltireseń. Basqa hesh jolı joq. Eger sonday hiyle menen almasań sen túwe barlıq láshkerlerińniń de kúshi jetpeydi, — deydi. Patsha kempirdi Qulamergenniń turǵan jerine ákeldirip taslaydı.

Endigi sózdi Qalbiykeden esitiń. Qalbiyke kúndegi ádeti boyınsha Qulamergenniń atın suwǵarıp, óziniń shashın juwıp otırsa, bir kempirge kózi túsedi. Sonda Qalbiyke:

— Ey, kempir, ne qılıp júrseń? — deydi. Kempir turıp:

— Balam, meniń nemdi soraysań? Bararǵa jerim joq, batarǵa kólim joq, men bir júrgen ǵárip kempirmen, — deydi.

Qalbiykeniń kempirge rehimi kelip:

— Kempir, olay bolsa, biziń úyge júre ǵoy — deydi. Qalbiyke kempirdi ertip, attı jeteklep úyine qaray ketip baratırsa, at kempirdi tisleyjaq boladı. Sonda Qalbiyke atın urıp:

— Sen nege úyge kiyatırǵan miymandı tisleyseń? — deydi.

Kempir sol kúnnen baslap atqa jem berip, ot salıp ózine úyrete baslaydı. At kempirge úyrenisip tiymeytuǵın boladı.

Kempir Qalbiyke menen sózge kirisip, onı Qulamergennen ayırıwdıń jolına túsedi. Qullası, kempir Qalbiykeni aylandırıp, patshaǵa aparmaqshı boladı. Qulamergen usı waqıtta uyqılap atırǵan eken. Kempir dárriw Qulamergendi shınjır menen baylamaqshı boladı. Sol waqıtta Qulamergenniń hayalı — Qalbiyke:

— Apa, onı shınjır menen baylama úzip ketedi. Óziniń pildiń jon terisinen esken arqanı bar, sonıń menen baylasań úze almaydı. Sonnan keyin barıp óltireseń, — deydi.

Kempir dárriw sol arqan menen baylap taslap, patshaǵa xabar beredi. Patsha láshkerleri menen kelip, Qulamergendi kóterip, bayterekke baylap taslaydı...

Bir kúni Qulamergen uyqıdan oyanıp qarasa, óziniń baylawda jatqanın kóredi. Usı waqıtta Qulamergenniń balası Joyamergen qız apasına:

— Qız apa, júr, ákemniń qasına barayıq, — deydi. Sonda qız apası:

— Joq barmayman. Meniń ákem ol emes, meniń ákem patsha, — deydi. Bunnan keyin Joyamergen jılap ákesiniń qasına baradı. Sonda Qulamergen:

— Balam qapa bolma. Meniń pil soyatuǵın pıshaǵım bar. Sen apańa barıp ákemniń pil soyatuǵın pıshaǵın ber, tayaq kesip at qılıp oynayman degeyseń. Sóytip mına arqańdı kes — deydi. Bala pıshaqtı ákelip arqandı kesedi. Qulamergen balasınıń mańlayınan súyip, «balam, meni bir ólimnen qutqardıń» dep balasına razı boladı.

Qulamergen baylawdan bosanıp, patsha hám onıń jálladların óltirip, qatınına:

— Kiyin! — deydi. Qulamergen hayalı menen qızın kiyindirip bolıp atına qarasa, atı joq ekenin kóredi. Kempir Qulamergen baylawdan bosanǵan waqıtta attı minip ketipti. Kempir attı Kók tawǵa aparıp, ayaqların baylap, ústine tas basıp ketken eken.

Qulamergen atın tawıp alıp, qatını menen qızın ertip atasınıń úyine alıp baradı. Barǵannan keyin Qulamergenniń balası patsha dayısına apasınıń basqa bir patshaǵa tiymekshi bolǵanlıǵın hám ákesine jamanlıq etkenligin aytıp beredi. Qız apasınıń da anasına qosılǵanlıǵın aytıptı. Patsha bul xabardı esitkennen keyin qızdı hám jiyen qızın da darǵa astıradı. Usınnan keyin patsha Qulamergenge kishi qızın nekelep berip, Joyamergenge tay mingizip, kóp dúnya menen shıǵarıp saladı.

Patshanıń kishi qızı tırnaǵına qarasa dúnya júzin kóredi eken. Bir neshe kún júrgennen keyin Qulamergen óziniń eline qaytpaqshı bolıp hayalı menen balasına:

— Sizler keynimnen bara beriń, — deydi de ózi ozıp ketedi. Qulamergen ketip baratırsa aldında jılap jatırǵan bir balanı kóredi. Qulamergen balanı kórip: «bul bala tiri bolsa balama joldas boladı ǵoy» dep artına mingizip alıp kiyatırsa, aldınan boyı minarday, kózi úńgirdey, qulaǵı qalqanday bir dáw payda boladı. Qulamergen dáwdi shawıp óltireyin dep bóktergidegi jaraǵına qol salsa, jaraǵı joq. Qulamergen sol jerde dáw menen ayqasıp qala bersin, endigi sózdi izinde qalǵan hayalı menen balasınan esitiń.

Qulamergenniń hayalı jolda kiyatırıp tırnaǵına qarasa, Qulamergenniń dáw menen alısıp atırǵanın kóredi. Qulamergenge qaraǵanda dáwdiń basım ekenligin kóredi. Sol waqıtta Qulamergenniń hayalı balasına:

— Balam, sen tez ákeńniń izinen jet. Ákeń óler aldında jatır. Bar da dáwdiń kózinen at. Ol saǵan «márt bolsań jáne at» der, sonda atıwshı bolma. Eger jáne atsań dáw tirilip ketedi, — deydi.

Joyamergen ákesiniń izinen barsa, aytqanınday ákesi hálsiregen eken. Joyamergen dárriw dáwdiń kózinen atadı. Dáw sonda «Márt bolsań jáne at?!» dep jalınadı. Joyamergen atpaydı. Dáw óledi. Qulamergen ornınan ushıp túrgelip balasın súyip, «balam, meni eki ólimnen qutqardıń» deydi. Hayalı da izlerinen jetip, saw-salamat eline keledi.

Qulamergen eline kelgennen keyin bir kúni ań awlawǵa shıqpaqshı boladı. Sol waqıtta hayalı tırnaǵına qarap:

— Sen ańǵa shıqpay-aq ǵoy. Sen óltirgen dáwdiń jeti baslı anası bar. Sol búgin seni izlep kiyatır. Shaması, balań menen ekewińdi óltirmey tınbaydı. Sol ushın sen Kók tawdıń etegindegi tegis alańlıqqa barıp, atıńdı jeldirip júre ber. Keleǵoysa izińe salıp jiberermen. Sen qashıp

qutılarsań. Eger qutılmastay shamań bolsa, izińnen Joyamergen barıp arashalap alar — dep Qulamergenge ruqsat berip, Joyamergendi jasırıp qoyadı.

Qulamergenniń hayalı bir ózi otırsa jeti baslı mástan kelip:

— Qulamergen qayda? — deydi.

— Ańǵa ketti — deydi hayalı.

— Joyamergen qayda? — deydi kempir.

— Ol da ketti — deydi anası.

Jeti bash mástan kempir Qulamergenniń izinen quwalay beredi. Qulamergenniń hayalı tırnaǵına qarasa, kempir Qulmergenniń izinen jeteyin dep júrgenin kóredi. Balasın qasına shaqırıp alıp:

— Balam mástan kempir ákeńniń izinen jetiwge qaraptı. Sen izinen barıp, mástan kempirdiń ortańǵı gellesin gózlep atqaysań. Kempir jáne at dep jalınadı. Sonda atpaǵaysań. Atsań kúsh bermeydi. Onnan keyin atsań da, shapsań da ólmeydi. — dep Joyamergendi Qulamergenniń izinen jiberedi.

Joyamergen ákesiniń izinen barıp, kempirdiń ortańǵı basın gózlep atadı. Kempir jıǵılıp jatıp, «Márt bolsań jáne at» dep jalınadı. Joyamergen atpaydı. Kempir óledi. Qulamergen kelip balasınıń betinen súyip:

— Balam, úsh ólimnen qutqardıń. Men saǵan ólgenshe razıman, — dep balasınıń mańlayınan súyedi. Sóytip olar úylerine barıp, tınısh jasap, muradı-maqsetine jetedi.

## TÓRT ABDULLA

Burıngı ótken zamanda, patsha menen xanlardıń dáwirinde birewde bar, birewlerde joq waqıtlarda bir ǵarrı menen kempir bolǵan eken. Bulardıń bir ǵana

balası bolıp, sawıp isherge sawını, satıp jewge malı bolmaǵan. Kempir hár kimniń digirmanın tartıp, kelisin túyip, suwın ákelip, ǵarrı otın arqalap tasıp, qol ushı talap etip kún kórgen. Bir kúnleri patsha jarlınıń balaların erksiz jıynap alıp, jol tegislewge, tas qoparıwǵa párman etedi. Ǵarrınıń Abdulla atlı jalǵız balası da esapqa alınadı. Bul awhaldı esitken soń ǵarrı menen kempirdiń jatıp tınıshlıǵı bolmaydı. Bala bir jaqqa qashıp ketpekshi boladı. Kempir menen ǵarrı jalǵız balanı kóz aldınan uzaqqa jibergisi kelmeydi. Jibermeyin dese, patshanıń pármanınan qorqadı, aqırında kempir menen ǵarrı balanıń basqa bir patshanıń eline qashıp ketiwine ruqsat beredi. Sonnan keyin bala basqa bir patshanıń eline ketedi. Bala bir neshe kún jol júredi, jolda ash-áptada boladı, kiyimleri de tozadı. Tandır tabılmaydı, heshkim tamaq bermeydi, sóytip baratırǵanda bala bir jaydıń esiginiń aldında turǵan tandırdı kóredi. Tandırda kúyik nanlardıń qaldıǵı qalǵan bolsa, sonı alıp jeyin degen maqset penen tandırdıń qasına baradı. Tandır qasında bir qabawıq iytke jolıǵadı. Abdulla iytten qorıqannan tandırdıń ishine kirip ketedi. Biraz waqıttan keyin basın joqarı kóterip qarasa, jaydıń múyeshinde sóylesip túrǵan bir qız benen jigitti kóredi. Bul jerde bulardan basqa hesh kim bolmaydı. Abdulla tandırdan ásten ǵana kókiregine shekem shıǵarıp, tandırdı omırawlap, qız benen jigittiń sózlerin tıńlaydı. Tıńlasa, jigit penen qızdıń birewi alarman, birewi tiyermen ekenin esitedi. Qızdıń «awır jatarda usı jerge kel, attı zarteń-zaberteń etip ertlep, eki qorjındı toltırıp kiyim alıp shıǵamız, ekewmiz eki attı minip ketemiz» degen sózlerin esitedi. Sonnan keyin, qız benen jigit aldı-aldına ketip qaladı.

Al endi Abdulla bul sózlerdi tolıq esitkennen keyin, ekinshi oyǵa keledi. Jigittiń kelemen degen waqtınan

burınıraq barıp, qızdı aldap alıp ketpekshi boladı. Sóytedi de, tandırdıń ishinde qaytadan jata beredi. Tún boladı. Abdulla tandırdan áste-aqırın shıǵıp, qızdıń bayaǵı jigitke kel degen jerine barıp qızǵa belgi beredi. Qız tezlik penen eki attı ertlep, qorjınlardı bóktirip, dalaǵa shıǵaradı. Qız Abdullanı tanımaydı. Burıngı ózimniń jigitim ǵoy dep «tezden atqa min» deydi. Abdulla atqa minip aladı. Qız bir atta, Abdulla ekinshi atta hayt qoyıp júrip ketedi. Biraz jerlerdi júrgennen keyin azmazlap tań atıp, jer jaqtırta baslaydı. Qız qayırılıp keynindegi jigitke qarasa, burıngı jigiti emes, basqa bir jigittiń atta otırǵanın kóredi. Biraz oylanıp qapa boladı. Sóytip turadı da, áy, meyli, sirá maǵan buyırǵanı usı jigit shıǵar. «Ózi etken ókinbes» degen, «tas tússe talayımnan, tasbaqa tússe mańlayımnan kórermen» endi qaytıp úyge barǵansha, patshanıń qızı kúyewinen ayırılıp kelipti degen ataqtı alǵansha, usı jigitti tárbiyalayın, kiyindireyin degen oyda boladı. Irkilmey alǵa qarap júrip otırıp, bir tınıq suwdıń boyına baradı. Abdullanı attan túsirip, jaqsılap shomıldıradı. Abdulla ayday jigit boladı. Bayaǵı qorjındaǵı kiyimlerin alıp kiyindiredi, sóytedi de ekewi atqa minip júrip kete beredi. Bir neshe kún jol júrip, ekinshi bir patshanıń eline baradı.

Al endi bul patshanıń eline belgili bolsın, belgisiz bolsın, basqa jaqtan adam keliwge bolmaytuǵın qadaǵan edi. Basqa jaqtan kelgen adamlardı uslap alıw ushın, hár bir joldıń dárbentine bir neshe adamlar qoyılǵan edi. Mine bul elge kelgen qız benen jigitti uslap alıp erkine qaramay, ántek-tántegin shıǵarıp, atların qamshılap, jawırınlarına túygishlep patshanıń sarayına alıp keledi.

Patshanıń bir wáziri:

— Belgisiz eki adamdı alıp keldik, birewi qız, birewi jigit, ne buyrıǵıńız bar? — deydi patshaǵa. — Tezlik penen ol adamlardı bunda alıp keliń! — dep buyrıq beredi patsha. Qız benen jigitti alıp keledi.

— Meniń elimde mennen ruqsatsız ne qılıp júrgen jansızlar, tezden aytıńlar, eger aytpasańlar atlarıńız qaznalıq, baslarıńız ólimdar! — deydi patsha.

— Bizler bir músápir edik, óz elimizdegi patshaǵa jaqpay, ońısıw ushın siziń elge keldik. Óltiremen deseńiz ózińiz bilesiz, múmkin bolsa bizlerdi qonaq alıńız, — deydi jigit. Patsha biraz oylanıp:

— Jaqsı, sózlerińiz túsinikli, qonaq alayıq, — deydi de, bir wázirin shaqırıp: — Mınalardı tórdegi jayǵa aparıp qonaq etiń, shay, tamaq berip, atlarına jaqsılap qarań, — deydi patsha. Wázir tórgi jayǵa alıp baradı, qız benen jigitti jaqsılap kútedi. Aradan bir neshe kún ótedi, patsha jigitti shaqırıp alıp:

— Men seni nege shaqırttım bileseń be? — deydi patsha.

— Joq patshahım, bilmeymen — deydi jigit.

— Bilmeseń sen biziń elge músápir bolıp hayalıń menen kelgen ekenseń, endi men seni hesh jaqqa jibermeymen. Ózime wázir etip alaman. Mine mınaw júrgenler de sizińdey adam. Bári meniń wázirim. Hayalıń da biziń úyde bola bersin — deydi patsha.

— Iláj ne, patshadan ámir bolsa, puqaraǵa ne turıs, ájep deydi jigit. Mine usı kúnnen baslap Abdulla patshaǵa wázir boladı. Bir neshe aylar isleydi. Abdulla patshaǵa kútá jaranadı, isenimli, birinshi wázir boladı. Xalıq arasında Abdullanıń abıroyı kóteriledi.

«Bizler bir neshe jıldan berli wázir bolıp júrip, bunday abıroyǵa jetiskenimiz joq edi, keshe kelgen bir buralqı

qalay úlken abıroyǵa iye boldı. Qoy buǵan adam shıdap bolmas, bir nárse oylap tabayıq» dep qalǵan wázirler ózlerinshe oylasa baslaydı. Birewleri turıp, patshaǵa bul wázirdiń hayalın maqtap, hayalı menen patshanı tanıstırıp, patsha menen wázirdiń arasına suwıqlıq salayıq, bolmasa bizlerdi bul qoymas deydi. Bul sózler bárine maqul túsedi. Burıńǵı wázirler ishinen sózge sheshen, tilli birewin patshaǵa jiberedi. Ol kelip:

— Taqsır, bir qasıq qanımnan keshseń, aytatuǵın sózim bar, — deydi.

— Ne sóz? — deydi patsha.

— Bir qasıq qanımnan keshseń, mınaw wázirińdi azmaz dalaǵa shıǵarıp jiberseń, aytaman — deydi wázir.

— Jaqsı, keshtim, ayta ber — deydi patsha qasında otırǵan wázirin de maydanǵa shıǵarıp jiberip.

— Patshayım, siz tazadan bolǵan wázirińizdiń hayalın kórdińiz be?

— Joq, kórmedim.

— Al endi, patshahım, kórmeseńiz, men aytayın, taza bolǵan wázirdiń bir hayalı bar, tap piyrıwza júziktiń qasınday, on tórtten tuwǵan ayday, ay dese awzı bar, kún dese kózi bar, suw ishse tamaǵınan kórinedi, ózi isker, tek patshaǵa, xanǵa ılayıq. Bilmeymen, bul qalay alǵan ol qızdı?...

Patshaǵa bul sóz ǵulǵula saladı. Taza wázirdiń hayalın kórmege qumarlanadı. Patsha Abdullanı kelmeytuǵın bir jerge jiberiwdi oylaydı. Sóytedi de jańaǵı aytıp kelgen wázirge «sen bara ber» — dep ruqsat beredi. Abdullanı shaqırıp aladı. Patsha tamsanıp biraz otırǵannan keyin:

— Abdullajan, saǵan meniń bir xızmetim bar. Mısır sháhárinde bir patshanıń qızı kimde-kim júyrigimnen

ozsa, palwanımdı jıqsa, ot ishinde janbasa, mańlayın qılısh kespese soǵan tiyemen, dep aytıptı mısh. Áne sonı maǵan ákelip ber, biraq aytıp qoyayın, ol qızdı alıp keliwge ketken adam aman kelmeytuǵın jer, — deydi.

Abdulla oylanbastan-aq «jaqsı» dep kelisim beredi. Sóytedi de patshanıń qasınan shıǵıp, óz úyine kete beredi. Abdullanıń hayalı kóp oqıǵan, kóp nárseni biletuǵın, sózge túsinetuǵın, kútá bilimli hayal edi. Abdulla keliwden betine qarap. — Nege hawlıǵıp keldiń, shabazım? — deydi.

— Ey, ómirlik joldasım, meniń basıma túsken nárse, seniń basıńa túskende júregiń jarıladı. Patsha eń awır jumıs tapsırdı. Mısır patshasınıń qızın ákelip ber, bolmasa óltiremen dep buyrıq berdi, — deydi. Hayalı biraz oylanıp otırıp, «onnan qorıqpa shabazım, onı úsh ay on kún degende alıp kelesen, biraq bir qansha qıyınshılıqlar boladı. Mısır patshası qızınıń tórt shárti bar, sonı orınlaǵan adamǵa tiyedi, orınlamaǵan adamdı óltiredi. Úsh shártin joldan qosılǵan joldaslarıń, bir shártin óziń orınlap alıp kelerseń, mańlayıńa tutsań, hesh waqıtta seniń mańlayıńnan qılısh ótpeydi» — dep óziniń bir shashın julıp, alıp beredi.

Abdulla jolǵa rawana boladı. On bes kún degende úlken tawlardı kóterip, ılaqtırıp turǵan bir dáwge duwshakerlesedi. Dáw Abdullanı kóredi de, qasına kelip:

— Meniń qasıma kelgen adam óletuǵın edi, sen qorıqpay ne qılıp keldiń, atıń kim, qayda barasań, jón-josaǵındı ayt? — deydi.

— Atım Abdulla bala, bir patshanıń hámirinen Mısır patshasınıń qızın alıp keliwge ketip baratırman, óltirseń de, jarılqasań da óziń bil, bir kelip qaldım qasıńa — deydi.

— Men kelgen adamdı óltirip jiberetuǵın edim, biraq «atı birdiń janı bir» degen, meniń atım Abdulla dáw edi, seni óltirmey-aq qoyayın, qayta saǵan kómekleseyin — deydi de, tawlardı ılaqtırıp taslap, joldı ashıp Abdulla menen birge kete beredi. Biraz júrgennen soń olar úshqan qustı quwıp jetip, qaqshıp alıp, awzına salıp jep júrgen birewge dúwshar boladı. Júyrik bulardıń qasına jetip keledi de: «bul káraǵa adam túwe, ushqan qus ta kelmeytuǵın edi, sizler ne qılıp júrgen adamsızlar, anıǵın aytıń, bolmasa jep qoyaman» deydi. Atlarımız Abdulla dep, eki Abdulla jumısların bayan etedi. «Atı birdiń janı bir» degen, meniń de atım Abdulla edi, kel, sizlerge kómek bereyin deydi, júyrik. Úshew bolıp alǵa júrip kete beredi. Aradan kóp waqıt ótpey-aq Abdulla, Abdulla dáw, Abdulla júyrik bir úlken dáryaǵa jolıǵadı. «Sizler bunda ne qılıp keldińler, bul dáryadan sizler túwe, qus óte almaydı, tezden qashıńlar, bolmasa sizlerdi suw basadı» deydi bularǵa qarsı shıǵıp taǵı bir dáw. Ol bulardan jón-josaq soraydı. Úsh Abdulla óziniń jumısların aytadı. «Ey bolmadı, atı birdiń janı bir» degen, meniń de atım Abdulla edi. Sizlerge kómekleseyin, sizler menen men de Mısırǵa barıp qaytayın — deydi de sońǵı dostı dáryanıń suwın bir simiredi. Dáryanıń ornı qara jer boladı. Tórtewi joldas bolıp, Mısır patshasınıń eline kete beredi.

Aradan bir neshe kúnler ótkende tórt Abdulla Mısır patshasınıń jayına jetip keledi. Kim keler eken dep ján-jaqqa qarap turǵan patshanıń qızı tezlik penen bulardı kóredi hám jumıslarınıń jón-josaǵın soraydı. Tórt Abdulla qız ayttırıp kelgen jawshılar ekenligin aytadı. Qız tórtewin qonaq aladı. Úsh kúnge shekem jaqsılap kútedi, tórtinshi kúni qız jigitlerdiń aldına: birinshiden, júyrigimnen

júyrigi ozǵan: ekinshiden, qırq arba sheńgelge ot bergenimde kúymegen: úshinshiden, palwanımdı palwanı jıqqan: tórtinshiden, mańlayına qılıshım ótpegen degen shártti qoyadı.

Tórt Abdulla oylanbastan táwekel etedi, qızdıń júyrigi menen Abdulla júyrik qaslarına ámin alıp, jolǵa ketedi, on kúnlik jerden juwırısıwdı shárt etedi. Abdullanıń Abdulla júyrigi qızdıń júyriginen bes kún burın keledi. Qız «seniń júyrigiń joldan qashtı» dep daw etedi. Aqırı áminniń keliwine qaraydı. Ámin, «haw, mınaw bizler qaytqanda uyqılap qalıp edi, bul qalay bizlerden burın keldi» dep hayran qaladı. Qızǵa joldan qashpaǵanlıǵın aytadı. Abdulla sóytip qızdıń bir shártin orınlaydı.

Qızdıń palwanına Abdulla dáw tayar boladı. Abdulla dáw qızdıń palwanın qol ushına kóterip, eriktiń shańǵalaǵın ılaqtırǵanday, qalay bolsa solay ılaqtırıp jiberedi. Qızdıń palwanınıń súyeklerine shekem ezilip ketedi. Sóytip Abdulla qızdıń eki shártin orınlaydı.

Qızdıń úshinshi shártine Abdulla suwxor tayar boladı. Abdulla suwxordı qırıq arba sheńgeldiń ústine otırǵızıp, sheńgelge ot beredi, awzına suw toltırıp alıp túsedi. Abdulla suwxor jeti kúnge shekem janbay aman qaladı. Sóytip, Abdulla qızdıń úshinshi shártin orınlaydı.

Qızdıń tórtinshi shártine Abdullanıń ózi tayar boladı. Abdulla mańlayına hayalınıń bergen shashın bir súykep, qılıshqa qarsı mańlayın jarqıratıp turadı. Qızdıń adamı Abdullanıń mańlayına qılısh penen uradı. Qılısh ótpeydi, qılısh tórt bólek boladı. Sóytip Abdulla tórtinshi shártin de orınlaydı.

Ol waqıtta shártinen jeńilgen qızlar kúyewge tiyiw ushın toy beredi eken. Qız tórt shárti boyınsha jeńilgeni ushın jeti kún toy beredi, at shaptırıp altın qabaq attıradı, segiz kún degende qız qırq túyege toltırıp

dúnyasın artadı, qırq kánizegin keynine ertedi. Olar Abdullanıń keynine erip, jolǵa rawana boladı. Abdullalar hár qaysısı óziniń mákanına kelgende, qala beredi. Abdulla, qalǵan Abdullalardı toyǵa mirat etedi: olar qolları tiymeytuǵınlıǵın aytıp, burıngı ushırasqan jerlerinde qalıp qoya beredi.

Al endi Abdulla bala qırq túye júgi, qırq kánizi menen bayaǵı patshanıń qızın alıp, óz eline kelip jetedi. Eldiń shetine kelgen waqıtta: «patsha Abdulla degenniń hayalın alaman dep qırıq kún boldı toy berip, at shaptırıp atır» degen xabarlardı esitedi. Abdulla barmay-aq qoysam qayter eken dep oylanıp turadı da, qoy barayın, barmasam námárttiń isi bolar, meniń hayalım óz ıqtıyarı menen patshaǵa tiygen be yamasa patsha eriksiz alıp toy berip atırǵan ba óz kózim menen kóreyin deydi de, júre beredi.

Toydıń tamam bolıwına eki kún qalǵan waqıtta Abdulla patshanıń dárgayına kelip jetedi. Patsha bulardı kórip, Abdullanıń hayalı shashın julıwı menen juwırıp kelip, Abdullanı qushaqlaydı. Patsha qátesin moynına alıp, Abdullaǵa bas iyedi. Xalıq patsham taǵınan túsirip, ornına Abdullanı xan kóteredi, dúnya mal Abdulla balaǵa beriledi. Sóytip ol xanlıq dáwran súredi, alıp kelgen qızın ózi aladı. Sol kúnnen baslap burıngı patshanı padashı etip, patshanıń wázirlerin shopan etip, qoy baqtıradı. Óziniń súygen adamlarınan wázir belgileydi, kempir-ǵarrısın da kóshirip aladı, sóytip Abdulla bala muradı-maqsetine jetedi.

## JÍLAN KEPLI JIGIT PENEN KIRPI KIYIMLI QÍZ

Burıngı ótken zamanda bir bay bolıptı. Baydıń úsh hayalı boladı. Úshewi de úsh qız tuwadı.

Bir kúni bay bir jaqqa qıdırıp ketpekshi bolıp, atın ertlep, endi keteyin dep atırǵanda, attıń záńgisine órmelep kiyatırǵan bir jılandı kóredi. Bay qorqıp ketedi de, qolındaǵı qamshısı menen jılandı tartıp jiberedi. Sol waqıtta jılan órmelep dizesine keledi. Ekinshi ret urǵanda, bel buwarına deyin órmelep keledi. Úshinshi ret urǵanda, moynına barıp oratıladı.

Bay qorıqqanınan jılanǵa jalına baslaydı, «úlken qatınımdı bereyin» deydi. Jılan qattıraq qısadı «Ortanshı qatınımdı bereyin» deydi, bunda da qattıraq qısadı. «Kishi qatınımdı bereyin» deydi. Jáne qısa beredi. «Kishi qızımdı bereyin» deydi. Sol waqıtta jılan baydıń moynınan jazdırılıp, jerge sılq etip qulaydı.

Bunnan keyin jılan bayǵa: «Men bir aydan keyin kelemen» deydi. Bay buǵan kelisim beredi.

Bay úyine kelgennen keyin úlken qızın shaqırıp alıp, «seni jılanǵa berdim» deydi. Úlken qızı jılap qoya beredi. Ortanshı qızına aytadı, ol da jılap qoya beredi. Eń keyinde kishkene qızına aytadı. Bul jılamay, qayta kúlimsirep, quwanıshlı shıray bildiredi.

Kúnlerden kún ótip, bayaǵı jılannıń keletuǵın waqtı jaqınlaydı. Múddetli kúni jaqınlaǵanın sezgen baydıń kishkene qızı jeńgesine aytıp, ústine kirpiniń terisinen ton tiktirip kiyedi. Jılannıń keletuǵın kúni qız kirpiniń tikenli terisinen tigilgen tondı ústine kiyip alıp, úydiń ishine kirip turadı. Jılan kelip úyge kiredi. Sırtınan jeńgeleri sıǵalap qarap turadı.

Qız jılanǵa qarap bılay deydi:

— Jılan-jılan, jılanshı-ay,
— Jılan tondı taslashı-ay

deydi.

Jılan ústine kiygen jılanshı qabıǵın sıpırıp sheship taslaydı. Bir sup-sulıw jigit bolıp shıǵadı.

Kirpi ústindegi kiygen tonın sheship taslaydı. Bul da bir sup-sulıw qız bolıp shıǵadı. Sırtınan qarap turǵan qızdıń jeńgeleri bunı kórip hayran qalısadı. Qızdıń ákesi esitip, bulardı kóredi. Ekewine ákesi tórt túlik mal, bir aq otaw beredi.

Kúnlerden kún ótedi. Bir kúnleri jigit qızǵa:

— Meniń mına jılan qabıǵımdı jasırıp qoy, birew kórip otqa taslap jiberse, men saǵan joqpan, sen maǵan joqsań deydi, Usını aytıp boladı da ańǵa shıǵıp ketip qaladı. Jigit ketkennen keyin úlken apaları úyine qıdırıp keledi. Hámmesi shay iship atırǵanda bir apası keseniń túbindegi shayın jerge tógiw ushın shıptanı kóterip jiberip edi, ekinshi apası jılannıń qabıǵın kórip, birden qorıqqanınan janıp turǵan otqa qolı menen atıp uradı. Sol otırıstan apaları tarqasadı. Ańǵa ketken jigit úyine kelip, «meniń jılan qabım qayda» dep soraydı. Sol waqıtta hayalı bolǵan waqıyanıń bárin túsindirip aytadı. Jigit «waq, onda bolmaǵan eken» dep qus bolıp ushıp ketip qaladı. Qız izinen juwırıp quwıp otıradı. Bir jerlerge kelip sharshap jıǵıladı. Ádewir waqıttan keyin ornınan ushıp túrgelip qarasa, kún batayın dep tur eken. Qız ján-jaǵına qarasa, bir jaydı kóredi. Sol jayǵa qarap júredi. Barsa bir hayal otır eken. Bul hayal bunı kórip «Sen bulmannan ket, eger sen ketpeseń meniń erim menen qáynim seni jep qoyadı» — deydi. Bul hayalǵa basınan ótken waqıyanı túsindiredi. Bunnan keyin hayal «onda men seni jasırıp qoyayın» dep qızdı arshanıń ishine salıp jasırıp qoyadı.

Bir waqıtta dáwler keledi. Bular, ózli-ózine «úyde adamnıń iyisi bar-ǵoy» deydi. Qatın túrli jollar menen qızdı bildirmey aman saqlap qaladı. Dáwler azanda jumıslarına ketip qaladı. Dáwlerdiń ketkenin bilgen qız

da úyden shıǵıp óz jolına túsedi. Júrip kiyatırıp bir kempirge jolıǵadı. Kempirge basındaǵı waqıyanı túsindirip aytadı. Kempir bul sózdi esitkennen keyin qızǵa mına terektiń basında bir qus bar. Sol qus kúnde:

— Altı túlik malım-ay,
Ax, ordalı úyim-ay,
Arıw hayalım-ay,

dep zarlaydı da turadı. Kúndiz uyqılaydı, keshte sol sózdi aytıp zarlaydı, — dep terekke siltep jiberedi.

Hayal barıp qustıń quyrıǵınan uslap aladı. Ol jigitke aylanadı qarasa óziniń kúyewi eken. Sol jerden eline qaytadı. Usılay etip, qız benen jigit ekewi qosılıp, murat-maqsetine jetedi.

## NURQÍZARÍN

Burınǵı ótken zamanda bir patshanıń úsh balası bolıptı. Patsha bir kúni tús kórip, túsinde Nurqızarın degen oǵada sulıw qustı kórip, sonı jaqsı kóripti. Patsha oyansa, túsi eken. Endi qustı aldırmaqshı bolıp úsh balasın shaqıradı.

— Al, balalarım, men túnde túsimde Nurqızarın degen qustı kórdim, sonı qaysısıńız tawıp ákelip beresiz? — deydi. Balaları jabırlasıp men ákelemen, men ákelemen dep úshewi de barmaqshı boladı. Patsha balalarına jol siltep, jolǵa salıp jiberedi. Úsh bala bir jerlerge barǵanda jol úshke ayrıladı. Balalar sol jerde oylasıp otırıp, hár qaysısı hár jaqqa ketpekshi boladı hám qustı tapsın-tappasın usı jerde ushırasıwǵa wádelesedi.

Patshanıń úlken balası barsa keler degen jolǵa túsedi, ortanshı balası barsa keler-kelmesi gúman degen jolı

menen ketedi, al kishkenesi barsa kelmes degen jolǵa túsip, olar úshewi úsh jaqqa ketedi.

Kishkene balanıń atı Ásen degen eken. Ásen bir neshe kún júrip, bir úlken baytarekke barsa, bir úlken áydarhanıń terekke órmelep baratırǵanın hám terektiń basındaǵı uyada qustıń úsh palapanınıń shuwlasıp atırǵanın kóredi. Sol jerde Ásenge oy keledi. Men nede bolsa usı jılandı óltirip biyshara palapanlardı qutqarayın deydi de, jılandı shawıp óltiredi. Palapanlar ólimnen qutılǵanına quwanıp, Ásendi shaqırıp alıp bılay deydi:

— Ey, adamzat, sen bizlerdi ólimnen qutqardıń. Bul jılan jılda bizlerdi aǵalarımızdı, apalarımızdı jep ketetuǵın edi, endi sen bul jılandı óltirdiń, biraq házir bizlerdiń anamız keledi. Seni ol kóre ǵoysa óltirip taslawı múmkin, sen kórinbey mına jerde jata tur, kelgennen keyin seniń islegen jaqsılıǵıńdı aytıp, seniń ne tilegiń bolsa da orınlawǵa járdemlesemiz, — deydi.

Bir waqıtları dawıllatıp, jawınlatıp suymırıq qus ushıp keldi de, balalarınıń aman ekenin kórip quwanıp ketedi. Suymırıq qus balalarınan jılannan qalay aman qalǵanın soraydı. Sonda balaları:

— Bizlerdi jılan jeyin dep kiyatırǵanda bir adam kelip, jılandı óltirip, bizlerdi aman alıp qaldı, — deydi.

— Ol adam qayda ketti? — deydi.

— Usı jerde bar, onı sennen qorqıp jasırıp qoyıppız deydi.

— Onda sol adamdı tawıp alıp keliń, — deydi. Suymırıqtıń aldına balanı alıp keledi. Suymırıq qus:

— Seniń qanday tilegiń bar, jılda meniń balalarımdı jılan jep ketetuǵın edi, sen sol jılandı óltiripseń. Sen endi ne tileseń, tilegińdi orınlayman, — deydi.

— Meniń tilegim sol, atam Nurqızarın degen qásiyetli qustı túsinde kórip, sonı alıp keleseń degen menen izlep kiyatırman, meni sol qustıń eline alıp bar, — deydi...

— Onday bolsa, júdá maqul, — dep suymırıq qus balanı arqasına mingizip, dáw periniń eline alıp baradı. Dáwperiler bir uyqılasa qırıq kún uyqılaydı eken. Bular barǵanda sol dáwperiniń uyqılap atırǵanınıń ústinen shıǵıptı. Eldi aralap júrip, Nurqızarın degen qásiyetli qustı tawıp alıptı. Dáwperiler uyqılasa da, Nurqızarın uyqılamay otırǵan eken, onı alıp ketetuǵının bildiredi. Sol waqıtta qus bılay deydi:

— Sen biraz jerden kelgen ekenseń, men seniń menen baraman, biraq meni baǵıp otırǵan periniń qızı bar. Áne, sol qızdıń qolında altın júzigi bar, sen qolıńdaǵı júzigińdi qızdıń qolına salıp, qızdıń júzigin sen al, onnan keyin ketemiz deydi qus.

— Men onı qalay alaman, maǵan qızdıń qolınan júzikti alıwdıń jolın úyret? — deydi.

— Onıń hesh qıyınshılıǵı joq, házir barlıq qıbırlaǵan periler uyqıda jatır, seniń barǵanıńdı, ketkenińdi bilmeydi, al men qıshqırsam ǵana oyanadı, bolmasa jata beredi, — deydi. Bala qustı baǵıp otırǵan periniń qızınıń jatqan jerine barıp, óziniń júzigin qızdıń qolına salıp, qızdıń júzigin alıp qayta beredi.

Ásen Nurqızarındı alıp, suymırıq qusına minip, bayaǵı aǵaları menen wádelesken úsh joldıń ayrılǵan jerine kelse, aǵaları da tapqan qusı joq, azıp-tozıp otırǵanın kóredi. Bala aǵalarına qosılıp suymırıq qustı eline qaytarıp jiberedi.

Ásenniń eki aǵası oylasadı. «Bizlerdiń tapqan qusımız joq, erteń atamızǵa ne dep baramız. Erteń qustı Ásen men taptım dep barar, onnan keyin atamız bizlerden

onı jaqsı kórer. Onnan qayta bunıń ilajın tawıp, qustı bizler taptıq dep barsaq qáytedi» degen oyǵa keledi. Eki aǵası Ásenniń kózin oyıp, túbi joq góne qudıqqa taslaydı da, qustı alıp atasına baradı.

Endigi sózdi bayaǵı Nurqızarın atlı qásiyetli qustı baǵıp otırǵan periniń qızınan esitiń. Qız uyqısınan oyansa, qasındaǵı qusı, qolındaǵı altın júzigi joq ekenin kórip hayran qaladı. Qız qusınıń joǵalǵanına qıynalsa da, bir jaǵınan qolındaǵı júziktiń iyesine ashıq boladı.

Qız qasına joldas ertip, azıq-awqat, dúnya alıp qásiyetli qus penen júziktiń iyesin izlep, qus bolıp ushıp kete beredi. Qız neshe jollardı ótip, qustı da, jigitti de tappaydı. Bir kúni Nurqızarın aspanda ushıp júrgen bayaǵı ózin baqqan qız ekenin tanıp, dawsınıń barınsha baqıradı. Sol waqıtta qız qustıń dawısın tanıp, onıń qasına kelip túsedi. Nurqızarın bolǵan islerdiń hámmesin bir-bir bayan etip beredi. Qız qolındaǵı júziktiń iyesine ashıq bolǵanın aytıp, jigitti soraydı. Sonda Nurqızarın:

— Ol jigit tiri, biraq jolda meni alıp kiyatırǵanda eki aǵası jamanlıq oylap, kózin oyıp, qudıqqa taslap ketti. Onı óziń shıǵarıp almasań heshkimniń qolınan kelmeydi — dep qızdı siltep jiberedi.

Qız Ásenniń jatqan qudıǵın tawıp alıp, onı qudıqtan shıǵaradı. Kózin óz qálpine keltirip, juwındırap, kiyindirip músindey jigit etip, sol jigitke tiyedi. Ásen hayalın izine ertip atasına baradı. Bolǵan islerdiń hámmesin hám eki aǵasınıń jamanlıq etkenin aytadı.

Patsha qustı alıp kelgen kishi balası Ásen ekenin bilgennen keyin, eki balasın shaqırıp alıp darǵazap etipti. Taxtın Ásenge berip, elde ádil xan atanıp, máqsetine jetipti — deydi.

## ARPAMÁDIYAN

Bir bar eken, bir joq eken, burıńǵı ótken zamanda bir patsha bolıptı. Onıń bir qızı bar eken. Patsha qızın hesh jarıq dúnyaǵa shıǵarmaydı, tamǵa salıp qamap qoyatuǵın bolıptı. Bir kúnleri patsha qızın aspazlarına tapsırıp, hayalı menen qıdırıp ketipti. Qız saraydıń ishinde otırsa, esiginiń aldına «huw-haq» — dep diywana keledi. Qız diywananı bos jibermeyin dep, atasınıń ǵáziynesinen azǵantay altın bereyin dese, hesh jerden gilt taba almaydı. Onnan keyin bir tabaq arpa beredi. Qız arpanı diywananıń qabına salayın dep atırǵanda bir uwıs arpa jerge tógilip qaladı. Qız tógilgen arpanı alaqanına salıp, awzına atıp jiberedi de, jayına kirip otıra beredi.

Kúnlerden kún, aylardan ay ótip, qız bir uwıs arpadan júkli boladı. Patsha qızınıń júkli bolǵanın bilip, onı shawıp óltirmekshi boladı. Biraq patshanıń bir aqıllı wáziri qızdı óltirtpey aman alıp qaladı.

Patsha qızınıń ay kúni pitip, atbasınday ul tuwadı. Adamlar jıynalıp, balanıń atın qoymaqshı boladı. Usı waqıtta bayaǵı diywana kelip, balanıń atın Arpamádiyan qoyadı. Arpamádiyan bir kúnde bir jasap, eki kúnde eki jasap jeti jasqa shıǵadı. Balanı jeti jasqa shıqqanda, mektepke beredi.

Arpamádiyan jasınan-aq kúshli, shaqqan bolıp ósedi. Ol balalar menen gúresse, ayaǵın yamasa qolın sındırmay jibermeytuǵın boladı. Arpamádiyan bir kúni bir kempirdiń balası menen gúresip, ol balanıń tobıǵın shıǵarıp qoyadı. Kempir Arpamádiyandı ǵarǵap-silep qoymaydı. Bunnan keyin Arpamádiyan qattı ashıwı keledi de, atasınıń sholaq qılıshın alıp, basqa jaqqa ketip qaladı.

Arpamádiyan jolda kiyatırsa, tawdı tawǵa urıp atırǵan bir dáwdiń ústinen shıǵadı.

— Áy, sen ne qılıp atırsań? — deydi Arpamádiyan dáwge.

— Bir elde Arpamádiyan degen kúshli bala bar deydi. Sol bala menen gúresiw ushın kúshimdi sınap atırman, — deydi dáw.

— Olay bolsa men de sol balanı izlep kiyatırman. Júr ekewimiz joldas bolayıq, — dep ekewi joldas bolıp kete beredi. Bular jolda kiyatırsa, bir dáw kiyiklerdi atıp, qanlı kóbik etip jıynap qoyǵanın kóredi.

— Áy, sen ne qılıp atırsań? — deydi Arpamádiyan.

— Bir elde Arpamádiyan degen bala bar deydi, sonıń menen urısıwǵa ózimdi-ózim sınap atırman, — deydi dáw.

—Bizler hám soǵan baratırmız, júr birge joldas bolayıq, — dep úshewi joldas bolıp kete beredi.

Bular kiyatırıp, jolda tigiwli turǵan bir aq boz úydi kóredi. Úshewi sol úyge baradı. Úyge kirip barsa, adam joq. Bular sol jerde tamaq pisirip jeyin dep atırǵanınıń ústine óldim-taldım dep bir mástan kempir kirip keledi. Kempir bulardı kórip eki dáwdi keregege uslap baylaydı da, gezek Arpamádiyanǵa keledi. Arpamádiyan kempir menen ayqasıp ketedi. Arpamádiyan bayaǵı alıp shıqqan sholaq qılıshı menen kempirdiń basın gewdesinen juda etedi. Kempirdiń gewde jaǵı sol jerde qaladı da, bası way-way salıp domalap kete beredi. Arpamádiyan da izinen quwıp kete beredi. Kempirdiń bası bir jerlerge barǵanda, bir shuqırǵa kirip joq bolıp ketedi. Arpamádiyan shuqırdıń ústine digirmanday tas qoyadı da, bayaǵı joldaslarına kelip baylawdan bosatıp aladı.

Arpamádiyan azanda erte turıp, kempirdiń denesin kómip, qasındaǵı joldas dáwleri menen kempirdiń bası kirgen shuqırǵa keledi. Arpamádiyan qasındaǵı dáwlerin

sınap kóreyin dep tawdı-tawǵa soǵıstırıp júrgen dáwge «shuqırdı jawıp qoyǵan tastı alıp tasla» deydi. Ol áriberi kótereyin dep umtılǵan menen kótere almaydı. Onnan keyin kiyik atıp júrgen dáwge aytadı. Ol da kótere almaydı. Bunnan keyin Arpamádiyan ózi tastı ılaqtırıp taslaydı.

Arpamádiyan tastı alıp taslaǵannan keyin úńgirge birinshi dáwdi túsiredi. Dáw yarım jolǵa barmay-aq «dad, keyin tartıń» — dep baqıradı. Onnan keyin ekinshi dáwdi túsiredi. Ol da yarım jolǵa barǵanda «dad óldim, keyin tartıń» dep baqıradı. Bunı da tartıp aladı. Bunnan keyin Arpamádiyan úńgirge ózi túsedi. Úńgirdiń túbine barıp ján-jaǵına qarasa, ay dese awzı bar, kún dese kózi bar sulıw qızdıń otırǵanın kóredi. Sol waqıtta qız Arpamádiyandı kórip:

— Sen bul jerge qaydan keldiń? Bul adam balasınıń júretuǵın jeri emes, eger mına aldımdaǵı kempirdiń bası seniń kelgenińdi bile qoysa, turǵan jerińde óltiredi — deydi. Arpamádiyan qızdıń bayaǵı kempirdiń basın aldına alıp shayqap otırǵanın kórip:

— Aldıńdaǵı adamnıń bası kim degenniń bası? — dep soraydı.

— Bul mástan kempir degenniń bası. Keshe bul kempirdiń bası keldi de, gewdesi kelmedi. Usı kempirdiń qırq balası kempirdiń basın shapqan adamdı óltiremiz dep tayarlanıp atır. Al kempir gewdesinen ayrılǵan menen onıń janı shıqqanı joq. Óytkeni bunıń janı ózinde emes, al kishkene sandıqshanıń ishindegi qurtta. Meni de alıp kelip, dalaǵa shıǵarmay qoyıptı, — deydi qız.

— Olay bolsa, kempirdi óltirsem, sen maǵan kewil qosasań ba? — deydi. Qız mástan kempirden

qutılatuğınına quwanıp kempirdiń janı turğan sandıqshanı kórsetedi. Arpamádiyan sandıqshanıń ishindegi kempirdiń janın ezip óltiredi. Sol waqıtta kempirdiń bası jerge domalap túsedi. Kempirdiń ólgenin bilip, onıń qırq balası kelip Arpamádiyan menen urısadı. Arpamádiyan hámmesin de óltiredi.

Arpamádiyan qızdı alıp, dalağa shıqsa, bayağı eki joldası dáwlerdiń ele kútip turğanın kóredi. Dáwler Arpamádiyannan kórgen-bilgenlerin esitkennen keyin:

— Seniń elege shekem atı-jónińdi soramappız, siz kim degen batır bolasız? — deydi.

— Áweli sizler aytıń, sizler kim degen dáwler bolasız? — deydi Arpamádiyan. Bunnan keyin úlken dáw:

— Meniń atım Tawshı — deydi.

— Meniń atım Ulıqpan — deydi kishi dáw. Gezek balağa keledi.

— Meniń atım Arpamádiyan — deydi. Sol waqıtta eki dáw izlep júrgeni usı Arpamádiyan ekenin biledi. Eki dáw Arpamádiyannıń ózlerinen de kúshli ekenin bilip, qushaqlasıp dos boladı. Bular bunnan keyin óz ellerine qaytadı. Arpamádiyan mástan kempirdi óltirip alğan qızğa úylenip, murat-maqsetine jetedi.

## AYÍWLÍ-ALPAN

Burınğı ótken zamanda bir kisi hayalı menen bir dáryanıń jağasında ómir súripti. Biraq bulardıń heshbir balası bolmaptı.

— Bir kúnleri ekewi de túsinde ayıwdıń balasın kóripti. Waqıttıń ótiwi menen hayal balalı bolıptı. Hayalınıń uyğarıwı boyınsha atın Ayıwlı-Alpan dep qoyadı. Bala úy jumısına kómeklese baslaydı. Qısqası jeti jasında úy-

xojalıqtı ózi meńgeredi. Bir kúnleri Ayıwlı-Alpan úyine otın ákeliw ushın anasına:

— Awıldaǵı úylerdiń barlıǵınıń arqanın jıyna, men sizlerge otın ákelip bereyin — depti. Anası onıń aytqanın isleydi. Otınǵa baratırıp jolda arqasın góne tamǵa tirep kerilip-sozıladı. Paxsalardıń bári Ayıwlı-Alpannıń kúshine shıdamay jıǵılıp qaladı. Sol jerde ol óziniń kúshli ekenligin biledi.

Keshte awılǵa jıynalǵan xalıq kún shıǵar betten kiyatırǵan bir toǵaylıqtı kóredi. Ne ekenin ayıra almay turǵanda Ayıwlı-Alpannıń sheshesi qorıqqan xalıqqa qarap:

— Hay xalayıqlar, qorıqpań, bul meniń balam, maǵan hám sizlerge otın alıp kiyatırıptı, — deydi. Xalıq tınıshlanıp úylerine tarqasadı.

Bir kúnleri Ayıwlı-Alpan bir ılaǵın joytıp izlep baratırsa aldındaǵı eki tawdı eki qolına uslap oynatıp otırǵan bir dáwdi kóredi.

Dáw balaǵa: — Meniń atım Tawdı-Talqan. Al ózińniń atıń kim? — deydi baladan.

— Ayıwlı-Alpan — dep juwap beredi bala. Ekewi kelispey, jánjel shıǵadı. Oǵan dáwdiń ashıwı kelip, seni mıljalap óltirip taslayın dep, balaǵa umtıladı. Biraq Ayıwlı-Alpan dáwdiń qolınan uslap basınan asırıp yarım shaqırım jerge ılaqtırıp jiberedi.

Bunnan qorıqqan dáw jalınıp Ayıwlı-Alpan menen dos boladı. Sóytip ekewi ketip baratırsa, aldılarınan bir kóldiń suwın bir kólge qotarıp otırǵan bir dáwdi kóredi. Onıń atı Suwlı-Sur-Xan eken. Ol da eregisip kúshiniń jetpeytuǵınlıǵın bilip dos boladı. Endi úshewi birge kete beredi.

Neshe tawlı qırlardı ótip, bir úlken sahraǵa duwshar boladı. Sahrada tolǵan kiyik, qulan bar eken.

Qarasa bir kisi bul ańlardı hesh jaqqa qashırmay otlatıp júr, óziniń eki qolı joq. Bunı kórip bular hayran boladı. Janına jaqınlasıp sálemlesip, atı-jónin sorasadı, dos boladı.

Kúnlerde, bir kún sol eldiń patshası: «Eger kim qızımdı alıwdı qálese, onda birinshi meniń tulparım menen jarısıp báygiden ozsın: Ekinshi, meniń dáw palwanımdı jıqsın: Úshinshi bay teregimniń basına bir shelek suwdı tókpey shıǵarıp hám alıp tússin: Tórtinshi temir tamǵa kirgizip sırtınan ot beremen, sonnan aman qalsa qızımdı aladı» — depti.

Bular oylasıp, oǵan qayıl boladı. Birinshi báygige patshanıń tulparı menen eki qolı joq jarısqa ketedi, qırq kúnshilik joldı úsh kúnde ótip patshanıń tulparın jolda qaldırıp eki qolı joq sızıqtan ótedi.

Endi patshanıń dáw palwanı menen Tawdı-talqan gúreske túsedi. Jeti kún Tawdı-Talqan ayqasıp patshanıń palwanın jıǵadı.

Úshinshi shárti boyınsha Ayıwlı-Alpan toltırılǵan shelekti alıp bay terekke órmeleydi, bul da shártti orınlaydı. Endi temir tamǵa kiriwdi talap etedi. Suwlı-Sur-Xan awzına eki kóldiń suwın toltırıp tórtewi birge tamǵa kiredi. Qırq arba sheńgel jıynap ot beredi, temir tam qıp-qızıl boladı. Suwlı-Sur-Xan suw jiberip ottı óshirip otıradı. Buǵan kirgen adam aman shıqpaytuǵınlıǵına isengen patsha quwanıp, qáne quwırdaq boldı ma eken dep keshte ot óshken soń xabar alıwǵa kelse temir tamnan tórtewiniń aman shıǵıp kiyatırǵanın kóredi. Qorqıp zárresi ushıp ilajsızdan qızın beredi.

Sóytip dáw aǵaları patshanıń qızın Ayıwlı-Alpanǵa alıp berip, toy berip, murat-maqsetlerine jetisedi.

# ALTÍN BASLÍ ÁYDARHA

Bir bar eken, bir joq eken. Burında bir balıqshı ǵarrı bolıptı. Jası toqsanǵa kelip, saqal shashı appaq bolǵanda, eki balasınıń awlaǵan balıqların únem qılıp, kempiri menen bázim qurıp jata beredi eken. Aradan bir neshe aylar ótkende balaları úlken bir jayın tutıp kelip, ǵarrıǵa maqtanıptı. Ǵarrı aytıptı:

— Balalarım, bul jayın emes, bizlerge shabaqtay kórinedi — depti. Qáne qayıqqa miniń, men sizlerge jayın kórseteyin, — dep úlken bir arqan aldırıp, qayıqqa minip atırǵanda qońsı úydiń balası da barmaqshı bolıp, qayıqqa otırıptı. Dawıl tursa, ya iyrim oynasa nabıt bolamız dep basqa balıqshılar barıp kórmegen bir kók ala teńizge túsip, tuwrı kúnshıǵarǵa tartıp otırıptı. Aradan bir mezgil ótkennen keyin ǵarrı balalarǵa:

— Ne kórinedi? — depti. Balalar abaylap qarap:

— Bir qarawıtqan keme me, bir nárse bar — depti.

— Onda tuwrı soǵan tartıń. Tartıp ketipti. Kesh bolǵanda ólip-talıp jetse, kishkene bir ataw eken. Qayıqtı baylap, atawǵa shıǵıp sol aqshamı menen jatıp azanda ǵarrı:

— Al balalarım, usı atawdıń dógeregi jaynaǵan jayın. Solardıń ishinen basın tuwrı kún batarǵa qaratıp jatqan birewin shanshıń. Shanıshqını bárin birden urıń. Shanıshqılardıń sabınıń ushına arqanlardı ábden baylap, bir ushın qazıqtıń basına baylap alıń — dep, barlıq tásillerin balalarǵa úyretip, qayıqqa túsedi. Qońsı úydiń balası qayıqqa mine almay atırǵanda qayıqtıń túbinde jatırǵan bir úlken jayındı ǵarrınıń kishkene balası dálbireklep júrip shanshıp aladı. Bunnan paydalanıp, eki bala da shanıshqısın uradı. Jayın suwdı quyrıǵı

menen qaq ayırıp ala jóneledi. Qayıq suwdıń ústinde zımırap ketedi de, qońsı úydiń balası qıyqıw salıp jılap, atawda qala beredi. Al jayın sol tartıwı menen teńizdi tastalqan qılıp, jaǵaǵa kelip bir soǵadı hám sol jerde qayırǵa shıǵıp qaladı. Qayıqta ǵarrıdan basqa otırǵan eki jigit ekewi de qorıqqanınan esi ketip, talıp qalǵan eken. Awıl adamları jıynalıp, jayındı bólisip alıptı. Bir taypa el sol jayındı bir ay awqat etipti.

Endi atawda qalǵan jigitke keleyik. Kúni menen zarigiriyan bolıp, atawdıń qır dógeregin jaǵalap, hesh ilaj taba almaptı.

Endi meniń usı atawda ólgenim ǵoy dep shanıshqısına súyenip turıp jılap-jılap, aqırı sharshap sol jerde uyqılap qaladı. Oyansa kesh bolıp qalǵan eken. Qápelimde ol quwanısh sezedi. Sebebi, sol alısta bir ot janıp turma, ya bir nárse batıp baratırǵan kún nurına shaǵılısıp tur ma, ǵárezi sol ot jaqınlap keledi. Mine kelip qaldı. Bala qarasa, bir altın baslı áydarha atawǵa tartıp kiyatır. Onıń júregi suwlap ketedi, «endi ólimge duwshar boldım-aw» dep jılaydı. Áydarha kelip atawǵa minedi de, jigitti aylanıp-aylanıp jatıp «ústime min» degendey isharat qıladı. Jigit qorqıp basın shayqaydı. Áydarha áste kelip balanı tislep óziniń ústine saladı da, teńizge túsip ketedi. Suwdı qaq ayırıp tań atqanda jaǵaǵa shıǵadı. Ol qurǵaqshılıq penen ózi júrip, jigitti keynine ertip bir mezgil jol júrgen soń bir tawǵa jetedi. Sonıń arasınsha úńgirden bir áydarha aqırıp shıǵa keledi. Áydarha muńayıp jigitke bir qaraydı da, jańaǵı aldınan shıqqan áydarha menen alısıp ketedi. Ol áydarha jigittiń joldas bolıp kelgen altın baslı áydarhasına ústem kelip, há degennen-aq astına basıp julqılay baslaydı. Astında ıńırsıp jatqan óziniń joldasın kórgen jigit men usı áydarha

bolmaǵanda, sol atawda ólgen bolar edim. Bul, álbette mennen bir jaqsılıq kútip kelgen shıǵar, ol ólgen menen bári bir mına áydarha meni aman qoymas, kel táwekel, qayda bolsa da, bir ózim ǵoy deydi de, shanıshqısın qolǵa alıp, hayt-haytlap júrip, tanıs emes áydarhanıń basınan bir túyreydi. Aqırıp balaǵa topılǵanda, altın baslı áydarha astınan shıǵıp, bas saladı da, onı tislep óltirip taslaydı. Shanıshqısınıń qanın súrtip, «endi ne bolar eken» dep kútip turǵan jigitke keledi de, áydarha bas iyip minnetdarshılıǵın bildiredi. Sóytip áydarha úńgirge bir kirip, qaytıp kelip dúr-dúr silkinip, bir periyzat qız boladı. Qız jigitke qarap:

— Bawırım adamzat, men seniń bul xızmetińdi aqlay alsam bolar edi. Mıń-mıń raxmet, sizge minnetdarman. Mınaw úńgir meniń ǵáziynexanam edi, biz de, bul áydarha da perimiz, bul peri kúshlilik qılıp meniń ǵáziynemdi basıp alǵan edi. Endi birotala sol atawda jalǵız jasayın dep barıp seni ushırattım. Adamzattıń qolınan kelmeytuǵını bolmaydı, kúshli aqıllı boladı dep esitetuǵın edim, isendim. Ǵáziynege kir, ne qáleseń al — dep jigitti úńgirge ımlaydı. Bala ishke kirgen soń peri jigitti ájayıp lipaslar menen kiyindirip, awqatlandırıptı. Jigit tek eki qaltasın toltırıp altın alıptı da, bir qılıshqa ıshqı ketip, soǵan tigilipti. Jigittiń qılıshqa zeyni ketip turǵanın bilip, peri qılıshtı taǵı basqa jaraqlar, bir sırlı dúmshe berip turıp:

— Áy, adamzat peri xalqı miyrimsiz boladı, biraq ólimnen azat etkeniń ushın saǵan kútá reyimim kelip ketti. Endi, mine, jaw-jaraǵıń menen jeńilemen dep oylama, bul Sulayman patshadan qalǵan nusqa. Mınaw dasturxan saǵan ólgenshe ırısqı. Tek «ashıl dasturxan» deseń boldı, ne qálegen awqatlarıń tayar boladı. «Qayna

dúmshe» deseń, mına dúmsheden qálegeninshe teńge alasań. Arqama min, jol alıs, elińe aparıp taslayın — depti peri qız bayağı jılan lipasına kirip. Jigit te minnetdarshılığın bildirip, raxmet aytıp, áydarhağa minip elin siltepti. Neshe kúnler jol júrip, eline jaqınlağanda áydarha toqtap, «al tús» depti. Solay etip jigitke:

— Jigit, mınaw eliń, qay waq mennen járdem kútkiń kelse, mına gáwhar tasqa mına qağazdağı duwanı oqıp, bir dem ur, men tayın bolaman — dep bir gáwhar tas, bir qağaz beripti. «Duwanı úyrenip alıp qağazdı órtep jiber, heshkim úyrenip almasın, xosh» depti de, áydarha shıyratılıp, aspanğa oqtay bir atılıp kózge kórinbey ketedi.

Jigit eline kelip dáslep bay, sońınan sultan bolıptı, deydi. Qaynar dúmsheden tillalar tógilip, ol jigittiń elinde jesir qatın mıń qoy aydap eline jaw shabılmaytuğın abadan, tınıshlıq bolıptı. Al altın baslı áydarha bolsa, jigitke qısılğanda járdemge kelip, óz úńgirinde maza qılıp jasay beripti, deydi.

## DUZAQSHÍ ǴARRÍ

Burınğı zamanda bir ğarrı bolıp ol duzaq salıp, ań awlap júredi eken. Sol toğayda ğarrınıń qorqatuğın bir túlkisi bar eken.

Kúnlerdiń bir kúninde duzaq salıp júrse, ğarrınıń qasına úsh dáw keledi. Duzaqshı ğarrı qorqıp, zárresi qalmaydı. Dáwler:

— Ne qılıp júrgen ğarrısań? — deydi.

— Men usı toğaylardıń xojasıman — dep juwap beredi de, dáwlerge biziń úyge júrińizler — deydi ğarrı.

Dáwler duzaqshı ğarrınıń úyine baradı, barıp otırğannan keyin ğarrı kempirine: Kempir, tamaq as —

deydi, kempir úndemeydi. Birazdan keyin taǵı da «kempir tamaq as» deydi. Kempir: — Ne asaman, úyde heshteńe joq, — deydi. Sonda ǵarrı turıp:

— Tórdegi dáwdiń tósin as, sandıqtaǵı dáwdiń basın as, mına dáwdiń ózin as, eń jetpese esiktegi dáwdiń basın qosıp as — deydi. Sol waqıtta dáwler qorıqqanınan shańaraqtı moynına ildire qashadı. Qashıp baratırsa aldınan bir túlki shıǵadı. Ol dáwlerge:

— Qayda júwırıp baratırsız, bunsha entigip? — deydi.

— Bizler bir ǵarrıdan qorqıp kiyatırmız, — deydi. Sonda túlki:

— Sol qorqaq ǵarrıdan qorqıp kiyatırǵanıńız ba? Júriń, birge barayıq, ol júdá qorqaq ǵarrı ǵoy — deydi.

— Joq bizler barıwǵa qorqamız, — deydi dáwler.

— Olay bolsa úshewiń de meniń quyrıǵıma asılıń — deydi túlki. Sóytip úshewi túlkiniń quyrıǵınan uslap, duzaqshı ǵarrınıń úyine qaytıp baradı. Olar jaqınlap kele bergende ǵarrı úyinen shıǵıp:

— Sen túlki, ákeńdegi sonsha qarız ushın úsh dáwdi bergen menen qutıla almaysań, — dep táp bergende, dáwler túlkiniń quyrıǵınan súyrey jóneydi. Túlkini sheńgelden sheńgelge, toǵaydan-toǵayǵa súyreydi. Túlki óler halǵa kelgende, zordan qutılıp qaladı.

Bir kúni túlkiniń qattı ızası kelip, duzaqshı ǵarrınıń úyine keledi. Ǵarrıǵa qáhárlenip:

— Seniń bul qılǵan qorlıǵıńa men shıdamayman, seniń bergen ıza qorlıǵıń ushın seni jeymen, — dep ǵarrını jıǵıp jatqarıp jewge qolaylasıp atırǵanda, duzaqshı ǵarrınıń ishi juǵır ete qaladı. Túlki: — bul ne? — dep soraydı. Sonda ǵarrı:

— Ótken jılı qattı qáste bolıp awırıp edim, sonda táwipler em bolsın dep eki kúshikti maǵan jutqızıp edi,

sol házir úlken iyt boldı, sol shıǵaman dep atırǵan shıǵar, — deydi, sol waqıtta túlkiniń janı qalmay qorqıp ǵarrıǵa:

— Iytlerdi ishińnen shıǵara kórme, ishi qurǵırıńdı qattı qısıńqırap tur, — dep qashıp ketedi.

## AǴASH AT

Bir zamanlarda bir dáw bir jigit penen dos bolıptı. Birge boladı, birge qıdıradı. Ne tapsa birge jeydi. Bir kúni jigit dáwge:

— Seniń menen on bes jıl birge boldım, seniń menen dos bolǵan waqıtta on úsh jasımda edim, házir jigirma segiz jasqa shıqtım. On bes jıldan beri adamzattı kórmedim, ata-anamnıń halı qalay bolıp atır, bilmedim. Múmkin bolsa maǵan ruxsat etip, men bir el-jurt jaqtı barıp kórip keleyin, — deydi.

— Jaqsı barıp kórip kele ǵoy, — deydi dáw. Bala oylanıp:

— Men elge barıp keliw ushın maǵan tez barıp keliwge járdemles. Eger bir jerde irkilip qalsam kómeklesip shıǵaratuǵın bol, — deydi.

— Meniń aǵash at degen atım bar, kerek emes waqıtta búklep kiseńe salıp qoyasań, kerek bolǵan waqıtta kiseńnen alasań da «meni baratuǵın jerime apar» dep ústine mineseń, sóytip kózińdi jumıp otırsań qayda baraman deseń de alıp baradı.

«Hesh kimge berme, qolıńnan jazdırma» deydi dáw oǵan. Jigit aǵash atqa minip alıp kete beredi. Ádewir júrgen soń aldınan bir el shıǵadı. Dárriw attı búklep qaltasına saladı da uzaq jerden kiyatırǵan jolawshı usap ol elge de irkilmey ótip ketedi. Arman shıqqan soń

dáwdiń bergen aǵash atın kisesinen shıǵarıp jerge qoyadı. Qápelimde ol bir gúrkirep kisnegen at boladı. «Qáne jániwar meni úyge apar, jıldam ata-anamnıń diydarın kórset» — dep sekirip ústine minip kózin jumadı. Bir waqıtta at «kózińdi ash keldiń» degendey qattı oqıranıp kisneydi. Jigit kózin ashıp qarasa, óziniń úyine kelip turǵanın kóredi. Tez attan túsip attı jıynap kisesine salıp úyine kirse, heshkim joq, úydiń ishi jım-jırt. Jaydıń diywalları qulap qalǵan, ata-anasınıń, el-jurtınıń qayda hám kim jawlap alıp ketkenin heshkim bilmeydi. Jigit birazdan keyin ata-anasınıń Kúlmes xan degen patshanıń eline aydawǵa túsip ketkenligin esitedi. Ol elinen ketiwden baslap-aq Kúlmes xannıń adamları balanıń jurtın shawıp, dúnya-múlkin talan-taraj etip ketken eken. Buǵan shıdamay jigit aǵash attı kisesinen aladı da, ırǵıp ústine minip, kózin jumadı. Aǵash at balanı hárzamatta ata-anasınıń aldına túsiredi, jigit sol jerde ata-anası menen qushaqlasıp kórisip, bir-eki kún bolıp, mawqın basqannan keyin olardıń awhalları menen jaqsı tanısadı.

— Balam, tutqın bolıp kelgen eldiń adamlarınıń ne halın soraysań. Áytewir gewde de janı bar demeseń, ómirinshe tósek tartıp jatqan awırıw adamlardan artıq jerimiz joq. Kúlmes xan degen xanımız bar. Ómirinde júzi jılıp kúlmeydi. Jegenimiz tayaq, kórgenimiz qorlıq — deydi.

Jigit qáhárlenip aydawdaǵı eldiń adamlarınıń birewin qaldırmastan kelgen jerine kóshiredi de, ózi ústine jırtıq shapan kiyip, basına jumırı, ayaǵına sharq kiyip, bir kempirdiń úyine baradı. Kempirge óziniń jay-jaǵdayın aytıp, ómirlik bala boladı. Onıń jalǵız qısır sıyırın otlaqlı jerge jeteklep baǵıp, azannan qara keshke shekem sonı ermek qılıp júre beredi. Kempir sol eldiń húrmetlep

sıylaytuǵın táwibi eken. Shende-shen birew nawqaslana qoysa, usı kempirge kelip ushıqlatıp, tamırın uslatıp degendey jiyi-jiyi qatnap qatıq sútin ákelip turadı eken. Jigit kempirge ómirlik bala bolǵan waqıtta kempir Kúlmes xannıń erjetken asırandı qızı Ániypanı emlep, qaraǵıshlap júredi eken. Áwelgi kúnleri kempir kúndizi barıp emlep, keyin ala sol qızdı túni menen de gúzetip, úyine ımırt jabılǵanda ǵana qaytadı eken. Sóytip júrgende aradan onlaǵan kún ótedi. Jigit kúnde tamaqtı ózi pisirip iship, ábden jalıǵadı. Bir kúni jigit:

— Apa, kúnde túnde bolmaysań, soramay-aq qoyayın dep edim bolmadı, sorawǵa tuwra keldi. Sen usı túnde qayaqqa barasań? — dep soraydı. Kempir áwel aytpaydı, bala soraǵanın qoymaydı. Aqırı kempir:

— Balam, saǵan aytpay-aq qoyayın dep júrip edim. Kúlmes xanın bir erjetken qızı bar edi, onı úsh aydan beri emlep jaza almay júrmen. Awırıwı kúnnen kúnge ulǵayıp baratır, óletuǵın túri bar. Emlegenim jazılmay qalmaǵan edi. Usı qız meni táwir-aq albıratıp tur, — deydi.

— Kempir, sen onnan ǵam jeme. Bir kúni bolmasa búgin-aq keshte hayal kiyimin kiygizip meni alıp bar. Jazıla ma, jazılmay ma ózim aytaman saǵan, qoldan kelse keselin jazıp, seniń abıroyıńdı kóteremen apa, — deydi jigit.

— Jaqsı balam, eger seniń onday táwipshiligiń bolsa ertip barayın, — deydi. Qızdıń kiyimlerin tawıp, jigitti jaqsılap hayal kiyimi menen kiyindirip, gewgim túsken soń qızdıń qasına baradı. Esikten atlap kirebergen jerde kempir qaladı da, jigit ishke kirip ketedi. Dáslep qızdıń tamırın kóredi, qolın uwqalaydı, basın qısadı, bara-bara betin eki qolı menen uslap turıp, qızdıń erninen súyedi.

Eger qız táwir bolsa, bas ushındaǵı shıra qızdıń ayaq ushına qoyılsın, al júzi berman qarap táwir bolmasa, shıra óz ornında qaladı degen jigit penen kempirdiń aldın ala oylasqan sózi bar edi. Jigit tap solay islep, maydanǵa shıǵıp ketedi. Kempir ishke kirip qarasa, qızdıń kúlip atırǵanın, azmaz betine qan juwırǵanın kóredi. Kempir, qalaysań qızım, táwirmiseń dep qızdıń kewilin sorasa qız:

— Jaqsıman, Meniń qasıma jańa kim keldi. Eger sen meni jazaman deseń, meni sol kelgen hayal qarasın, meni tek sol ǵana jaza aladı, — deydi.

— Jaqsı shıraǵım ol meniń qızım edi. Onda men sonıń ózin-aq jibereyin, — dep kempir de sırtqa shıǵadı. Kempir menen jigit úyine keledi. Kempir:

— Balam, sen qızǵa ne islep ediń. Ol ǵoy awzı-jaǵı tınbay, joqladı da jattı, soraǵıshlay beredi.

— Áy, apa mende em kóp, onıń nesin soraysań, áytewir sol qızdı jazaman, — deydi jigit.

— Jaqsı balam, jaza-ǵoy. Sen jazdıń ne, men jazdım ne. Abıroy bir, namıs bir, sóz qılatuǵın nesi bar. Seni tezden kelsin dep qalıp edi. Sol qızdı emlep adam qatarına qossań bolǵanı ǵoy, — deydi de, kempir jigitti qızdıń úyine jiberdi. Jigit kúnde qızdıń úyine barıp bir zaman otırıp, betiniń almasınan bir súyip qayta beredi. Qız kúnnen-kúnge semiredi. Aradan bir ay ótkende qız barlıq awırıwınan birotala jazılıp, qádimgidey bolıp sawalıp ketedi. Biraq qız emlep júrgen er me, hayal ma bilmeydi. Jigit te óziniń hayal emes ekenin qızǵa bildirmeydi. Jigit:

— Al qızım, endi sen jazıldıń, men endi ketemen. Eger men kerek bolsam mennen burıńǵı táwip kempirdiń úyinde bolaman, —deydi. Qız kóp dúnya berip, sarpay

jawıp qaytardı. Jigit kóp dúnyalı bolıp kempirdiń úyine keledi. Úydi jaqsılap dúzeydi. Sıyır aladı, kempir bayıp ketedi, úyinde birewlerdi saqlaydı. Sóytip júrip kempir bir kúnleri hesh kúlmeytuğın, sóylemeytuğın kimde-kim úsh kúldirse, úsh awız sóz sóyletse soğan tiyemen degen bir qızdıń xabarın esitedi hám sol sózdi jigitke aytadı. Bunı qulağı shalıp ketken jigit, qalay da bolsa sózsiz alıp qaytaman degen juwmaqqa keledi de, kempirge «sen digirman tartqızıp, nan japtırıp tayarlıq kórip tura ber, kelgen soń toy beremiz» dep jańağı dańqı shıqqan qızdıń eline atlanadı. Jigit ketkennen ketip otırıp, sóylemeytuğın qızdıń úyine baradı. Sálem berip úyge kiredi. Qız káttiń ústinde úndemey jata beredi. Jigit otıradı. Qız arjağına awnap jatadı. Jigit ári otıradı, beri otıradı, qız qaramaydı. Aqır sońında jigit ornınan turadı. Bir qabaqtı aladı da ústindegi shapanın qabaqqa jabadı, basına bes gúllini tartadı. Esikti tasırlatıp:

— Áy, kel qoshshım Jámiyla, aman saw barsań ba? — deydi.

— Shúkir, sawmız, sen qayaqtan keldiń? — deydi Jámiyla.

— Otır, sóyleseyik — deydi jigit. Sol waqıtta káttegi jatqan qız Jámiylanı kórip kúledi.

— Erkektiń shapanın kiyip, hayaldıń oramalın jamılğan da qız bola ma eken? — dedi.

— Jigit kelgende úndemeytuğın, kúlmeytuğın qız bolama eken, deydi jigit. Qız tağı teris qarap jata beredi. Jigit ornınan túrgelip, qabaqtıń moynına túnliktiń bawın baylap qabaqtı shańaraqtan ishke qarap jiberip, jiptiń ushın uslap:

— Assalawma-áleykum Berdan ağa, háy Berdan ağa, esikten kirmey shańaraqtan túskenińiz be? — deydi.

— Háy-háy toqta, ástenirek súye, jıǵılıp ketpeyin, kátte birew bar ma? — deydi Berdan. Qız shańaraqqa qarap túsip kiyatırǵan qabaqtı kórip kúledi. Qabaqtan da Berdan aǵa bola ma eken deydi qız.

— Jigit kelgende, kátte jata beretuǵın da qız bola ma eken — deydi jigit. Qız úndemeydi, teris qarap jata beredi. Jigit ári-otıradı, beri otıradı jáne bir tamasha eteyin deydi. Qabaqtı bosaǵaǵa baylaydı. Birazdan keyin:

— Sen ne dep keldiń? — deydi jigit óz-ózine.

— He, sen kelgen jerge men kelmeymen be? — deydi jáne ózi.

— Há, há, sen endi meniń keynimnen keletuǵın bolǵanıń ba? — deydi jigit.

— Keynińnen kelmey ne qılamız, ketkenińe bes kún boldı, ólińdi bilmesek, tirińdi bilmesek, úyge kelmeyseń, — deydi hayal bolıp.

— Jaqsı, óli, tirini kórsetemen saǵan, sen mennen tayaq jemey háddińnen ábden asqan ekenseń, — dep qabaqtı sabadı. Qabaq «waq óldim» — deydi. Qız ásten qarap kúlip:

— Háy, jigit, sen neni sabap atırsań, hayalıń bolsa úyińe barıp saba, — deydi.

— Nede bolsa kúldirip úsh sóylettim, shártiń yadıńa tústi me? — deydi. Qız shártinen utılǵanın bilip, «utıldım» deydi.

Qız úlken bir patshanıń qızı eken. Shártinen jeńilgen soń eli-jurtın jıynaydı, jeti kún, jeti tún toy beredi, jeńilip tiygen jigitin eli-jurtına tanıstıradı. Jeti kún, jeti tún ótken soń qız ózine tiyisli on túlik malın, sanı joq qoy-eshkisin dúnyaların qırıq túyege júklegen pul hám azıq-awqatların, padashı, shopan hám xızmetkerlerin alıp, jigittiń keynine eredi. Eline kelip neshe kún toy berip, aǵash atlı jigit muradına jetedi.

## AQÍLLÍ QÍZ

Burıńǵı waqıtta bir adamnıń arası bir jastan úsh balası bolıptı. Sol awılda jáne birewdiń bala degennen jalǵız qızı bolıptı. Ol kisi hám ulım, hám qızım dep tárbiyalay beripti.

Áwelgi adamnıń úlken balası toǵız jasqa, genjesi jeti jasqa keldi, al keyingi adamnıń qızı segiz jasqa shıqtı, ekewi de balaların mektepke beripti. Balalardıń tórtewi de oqıp júre beripti. Aradan bir neshe jıl ótip, balalar awıldaǵı mektepti pitkerip, onnan soń da awılda bir neshe jıl júrip, basqa jaqqa oqıwǵa ketipti. Oqıp júrgen waqıtta aǵayinli úsh jigit te qızǵa ashıq bolıp, bári bir kúnde xat jazıptı. Qız bulardıń qaysısınıń tilegin qabıl qıların bilmeydi. Sulıwlıqqa da, adamgershilikke de, aqıllılıqqa da teppe-teń eken. Qız ne dep juwap bererin bilmey, aradan kóp waqıt ótkeripti. Qızdıń juwap bermegenine aǵayinli úsh jigittiń úshewi de ashıwlanıp, hár qaysısı qızdı: «Aqıllı qız eken desem, tákabbir ekenseń» dep ayıplay baslaptı. Jigitlerdiń bul sózine shıdamaǵan qız bir kúni úshewin de óz bólmesine shaqırıp alıp aytıptı.

— Sizlerdiń úshewińizde maǵan ashıq bolıp xat jazıpsızlar. Úshewińizde aǵayin hám dossızlar. Úshewińizdiń de bir-birińizden artıq, kemińiz joq. Sonlıqtan men úshewińizdi de súymeymen. Qaysısıńızǵa juwap berip, qaysısıńızǵa tilegińizdi qabıl qılarımdı bilmey, ózim de hayranman. Tártip boyınsha erge tiyiwdi ózim de bilemen. Men sizlerdiń qaysısıńızǵa bolsa da barmaslıq etpeymen, ózlerińiz jolın tabıńlar, — depti. Jigitler bir-birine qıymay ne qıların bilmeydi. Aqırında ıqtıyardı qızdıń ózine beredi. Qız ári oylanıp, beri oylanıp jigitlerge aytıptı:

— Házir úshewińiz de pálen bazarǵa barıp, hasıl zatlardan bazarlıq alıp kelińler, qaysısıńızdıń bazarlıǵıńız bahalı bolsa, men soǵan tiyeyin. Sonday etsek hesh qaysısıńızdıń kewlińiz de giyne qalmas. Bul sóz ushın aǵayinli jigittiń úshewine de maqul túsip aytqan bazarına qaray sapar shegip kete beripti. Qızdıń bir ózi qalıptı.

Aǵayinli úsh jigit bazarǵa bir neshe kún jol júrip ketedi. Hár qaysısı óz betinshe bazardan bahalı zat izlewge kirisedi. Jigitlerdiń eń úlkeni izlep júrip ǵalıpalas, gilem, kiyiz satatuǵın bazardıń ústinen shıǵadı. Onıń gilemlerge kózi qızıp: Inilerim, usıdan jaqsı zat tabar deyseń be, nede bolsa jaqsı bir gilem satıp alayın dep oylap, gilemlerdi sawdalay baslaydı. Gilemlerdiń hár birine on bes — jigirma tilladan aqsha soraydı. Eń shette turǵan bir gilemdi sorasa, bes júz eliw tilla bereseń deydi. Bunı esitip jigit hayran qalıp:

— Basqa gilemler on bes — jigirma tilla, bul gilem nege bes júz eliw tilla? — dep soraydı.

— Bul — deydi satıwshı — ushatuǵın gilem, neshe kúnshilik jolǵa usı gilemniń ústinde ushsań, kózdi ashıp jumǵansha alıp baradı. Jigit bes júz eliw tilla berip gilemdi aladı.

Ortanshısı izlep júrip, bir opır-topır jıyınnıń ústinen shıǵadı. Adamlar birin-biri iyterip, «maǵan há maǵan» dep baqırıp alma satıp atırǵan birewdi dógereklep alıptı. Basqa jerlerde de alma kóp. Jigit turǵan birewden soraydı:

— Ján-jaǵı almaǵa tolıp tur ǵoy, adamlar nelikten bul alamnıń ústine súrinip jıǵılıp atır? — deydi. Ol adam:

— Ol alma az ǵana bolsa da qásiyetli alma. Óleyin dep atırǵan adamǵa iyiskeletse, táwir bolıp ketedi, — dep juwap beredi. Ortanshı jigit te barıp ózin qısılısqa uradı.

Oǵan eń sońǵı qalıp turǵan alma ǵana jetisip qaladı. Jeti júz tilla tólep jalǵız ǵana almanı alıp júre beredi.

Eń genjesi qıdırıp júrse «ayna bar, taraq bar, almasań da qarap qal» dep baqırıp júrgen shershiniń qolında turǵan kishkene ǵana bir ayna jigittiń dıqqatın ayrıqsha ózine tartadı. Aynanıń átirapına suhwlap jazıwlar jazılǵan, jazıw mayda bolıwına qaramastan, uzaqtan aq adamnıń kózine túsedi. Ayna birese qızıl, birese kók, birese sarı bolıp, bir saattıń ózinde túrli reńge dónedi. Bul qanday ayna eken dep barıp shershiniń qolınan aynanı alıp, jazıwın oqıp kóredi. Oqıp kórse «aynanıń qádirine jetken adam, bahasın ózi aytıp ózi aladı» — dep jazılǵan. Jigit hayran qalıp shershiden: — Aynanıń ne qásiyeti bar? — dep soraydı.

Shershi:

— Oyıńa ne alıp qarasań da, oylaǵan nárseń kórinedi — dep juwap beredi. Jigit shershige mıń tilla uslatıp, aynanı aladı. Barlıq waqıt óz súyiklisin oylap júrgen jigit dástindegi aynaǵa qaraydı. Aynada hal ústinde jatqan, saǵınıshtan sarǵayıp qáste bolǵan qız kórinedi. Ne qıların bilmey dárriw aǵaların izlewge kirisedi. Aǵaları da aynaǵa qarap, inisiniń sózine isenedi.

Ushar gilemge úshewi minip alıp, jolǵa rawana boladı. Neshe kúnshilik jolǵa há demey jetip keledi. Kelse, qız haqıyqattan da bulardı saǵınıp, aqırında awırıw bolıp ólim aldında jatır eken. Almanı iyiskeletip, qızdı sawaltadı. Qız sawalǵannan keyin jigitlerdiń alıp kelgen bazarlıqların kórip shıǵıp, jigitlerdiń ózlerine sóz beredi.

— Eger meniń ushar gilemim bolmasa, qızdıń ólgeniniń ústine keler edik, qızdıń jazılıwına, ólmey qalıwına sebepker bolǵan men, bárinen de meniń bazarlıǵım bahalı, qız maǵan tiyisli, — deydi eń úlken jigit.

— Eger meniń almamdı iyiskeletpegende, qız ólip qalıwı múmkin edi, ol waqıtta ushar gilem menen tez keliwdiń de, aynanıń da áhmiyeti bolmas edi, bárinen de meniń bazarlıǵım bahalı, qız maǵan tiyisli — deydi ortanshısı.

— Eger meniń aynam bolmaǵanda, ushar gilem de, alma da hesh nársege turmas edi. Sebebi, men qızdıń awırıp jatırǵanlıǵın kórmesem, arqayın qıdırıp júre berer edik. Aqırında qızdıń ólgenininiń ústine keler edik. Bárinen de meniń bazarlıǵım bahalı, qız maǵan tiyisli, — deydi kishkenesi.

Úshewi uzaq waqıt aytısadı, jeńise almaydı. Otıra qalıp úshewi de oylasadı. Oylap qarasa, ózleriniń oyınsha ayna da, ushar gilem de, alma da teppe teń. Birewi bolmasa birewi hesh nársege turmaydı. Aqırında aytısıwdıń orınsız ekenligin sezip qızǵa aytadı:

— Bizler aytısıp boldıq, bizlerdiń bilimimiz, alıp kelgen bazarlıqlarımız bir-birimizdikinen artıq emes eken. Áweli aqıl tawıp bizdi jumsaǵan óziń ediń, endi de óziń tórelik ayt, seniń aytqanıńa bárimizde turayıq.

— Olay bolsa, — deydi qız — men durıs tórelik aytayın bir-birewge giyne qızǵanshaqlıq bolmasın.

— Joq, joq aytqanıńa qayılmız, ne aytsań da turamız, — deydi jigitler bir awızdan.

— Durıs, — deydi qız jaysha qaraǵanda bárińizdiń de bazarlıǵıńız da teppe-teń. Al tereńirek oylanıp qaraǵanda, jer júzin ilim arqalı ǵana kóriw, tanıw múmkin. Ayna arqalı jer júzin kóriw múmkin eken. Ol waqıtta eń kishkeneńizdiń alǵan aynasın ilim dep esaplaymız. Alma dári, dári ilimniń kúshi menen islengen, ushar gilem de ilimniń káramatı menen islengen nárse. Eger ilim bolmasa, gilemdi ushırıw, almanı adam tiriltetuǵın dári qılıw hesh múmkin emes. Demek, alma

da, ushar gilem de bahalı. Men aynanı bazarlıq qılıp alıp kelgen eń kishkeneńizge tiyislimen, meniń sheshimim usı, endigi jağı ózińizde.

Qızdıń bunday aqıllılıq penen sheshkenine úshewi de hayran qalıp, qızdıń sózin maqul kórisedi. Oqıwların pitkerip elge kelgen soń, nekesin qıydırıp, toy-tamashasın qılıp, qızdı genje jigit alıp, ağaları da óz teńlerin tawıp úylenip, muradı órlep, maqsetileri gúllepti.

## MURATQAN

Aq tas elinde jasağan, otın tasıp kún kórgen Muratqan degen jigit bolıptı. Kúnlerden bir kún toğayda otın shawıp atırsa bir qus kelip onıń tóbesine qonıp, sirá ketpepti. Eń izinde qustıń izinen kóp atlı kelip Muratqanğa bir eki qamshını urıp, qustı alıp ketedi. Bir et pisirim waqıt ótkennen keyin bağanağı qus Muratqannıń tóbesine tağı qonadı. Bayağı atlılar da kelip tağı áketedi. Muratqan oylanıp bul ne hádiyse, meni bir bálege shatar dep el ornınan jılısıp basqa bir putanı panalaydı. Bayağı qus tağı tap boladı. Atlılar kelip balanı da, qustı da jıynalğan kóptiń aldına aparadı. Bul qus sol Aqtas wálayatınıń patshasınıń dáwlet qusı eken. Patsha ólip dáwlet qustı ushırıp qaytadan patsha tiklemekshi eken.

Jıynalğan xalıq Muratqandı ortağa shığarıp, «sen endi usı eldiń patshası bolasań. «Shın kelgen dáwlet tebinleseń ketpes, shın qaytqan dáwlet qansha sozsań da jetpes» degen sóz bar. Shınında patshalıqtı bizler berejaq emespiz. Biraq mına haram ólgir dáwlet qusı seni taptı. Endi siziń puqarańız bolamız, taxt sizge miyasar bolsın» dep aq kiyizge altın taxttıń ústine otırğızadı.

Muratqan patsha bolıp jılaǵandı jubatıp, jetim menen jesirge úlesten payın berip, sózin orınǵa otırǵızıp ádil zaman ornatadı. Kúnlerde bir kún patsha erigip ishqısta boladı. Wázirlerin shaqırıp alıp: «Qáne wázirler, erteń sársenbi kúni sáskede at tonıń menen júyrik tazı, qıran qusıń menen tayar bolıń. Shikarǵa shıǵamız» — deydi. Buǵan wázirleri de más, mayram bolıp tarqasadı. Erteńine sáskede wádeli waqtı jetkende bári jám boladı. Úlken saltanat penen iyti, qusın alıp, patsha shikarǵa atlanadı. Qus ushsa qanatı kúygen, qullası adam betley almaytuǵın qalıń toǵaylardı aralap ań awlap, tamashalap júrse, patshanıń qusı óz-ózinen jutınıp alǵa qaray umtılıp, ıqtiyarǵa qaramay ushadı da ketedi. Qus ushqan baǵdarǵa qarap hámmesi at qoyadı. Qus kem-kem aranı ashıp alıslay beredi. Muratqan qırıq jigitinen shabandoz jigitlerdi terip, qalǵanlarına da bárbazdı berip qustı tawıp qaytıw máqsetinde taǵı júris etedi. Bir waqıtları wázirleriniń atı jaramay, Muratqan jalǵız ózi dalbayın bılǵap shaba beredi. Ol aradan altı kún ótkende, Aq dáryaǵa jetkende úlken bir bay terektiń basında jutınap otırǵan qusın kóredi. Barıp qarasa bay terektiń sayasında qus penen de, xan menen de isi joq gellesin qolına alıp, altın shashın tarap otırǵan bir periyzattı kóredi. Patsha tillesiwge kelmey-aq aqıl huwshınan ayırılıp talıp qaladı. Aradan úsh kún ótkende bayaǵı wázirleri jetip patshanı kiyizge orap eline ákeledi.

Patsha esine kelip kórgen-bilgenin aytadı. Aqılgóyleri patshaǵa aqıl berip, sol qızdı tabıw ushın otız kún oyın, qırıq kún toy, beriw talabın qoyadı. Patsha kelisim berip, sol toyǵa nashar áwladı bolsa jıynap, patsha bir alma, bir júzim hám altın árebekti uzın aǵashqa ildirip qoyadı. Soǵan qaysı qızdıń qolı jetse, yamasa aqılılıǵı menen úzbey túsirse, sol qızdı alatuǵın boladı.

Barlıq qızdı aldınan ótkeredi. Hesh birewiniń qolı ya aqılı menen islengen is bolmaydı. Eń keyninde shorı sıyaqlı, qıysıq ayaqlı, beti sepkil, ǵaq-ǵaq jótkirip kiyatırǵan kóksaw birew qol sozbastan almanı túsirip, mańlayına bir tiygizip óte beredi. Patsha óz ómirin ózi tárik ete almay, ornınan turıp kete almay, maqsetine jete almay, aqılınan ayırılıp lal boladı. Sol túńiliwi túńiliw bolıp patsha hesh kewil bólmeydi. Qız ári kútedi, beri kútedi, xannıń kewli jibimeydi. Aqırısında qız patshanıń tulparın minip, betindegi lipasın alıp patshaǵa qarap: «meniń elim gúlistan, hár kim elinde sultan, kórmek bolsań diydar jamal, aqılsız tuwǵan Muratqan» dep atına bir qamshı urıp kózden ǵayıp boladı.

Muratqan patshaǵa bul isler tús kórgendey boladı. Muratqan barlıq mal-múlkinen keship, etek-jeńin kesip qaltasınıń da túbin tesip, Gúlistan eli qaydasań dep jolǵa rawana boladı. Neshe jıllarda Gúlistan eline jetedi. El aralap júrip eki adamnıń bası qosılǵan jerge barıp sózine qulaq salsa, «Aqtas eliniń patshası aqılsız eken, awzına túsken astan ayırılıptı. Ótken iske ókinish etip, óz elin taslap ketipti» degen sózdi qaysı jerge barsa da esite beripti. Bul sóz qalay hesh túsine almaptı.

Muratqan eldiń bir shetinde otırǵan bir ǵarrıǵa bala bolıp, bayaǵı kásibin islep otın tasıp júre beripti. Bir kúni azanda erte tursa, eki jaqtan eki kúnniń shıǵıp turǵanın kóripti. Kele sala ǵarrıdan soraptı. Ol kúndi kórsetip:

— Balam, birewi qádimgi kún, birewi patshamızdıń qızınıń júziniń sáwlesi. Ol háptede bir kún seyil etip, bay terek degen jerge barıp basın juwadı. Sol kúni ay menen shaǵılısıp, kún menen ulasıp turadı. Esen jarım esinen ayrıladı, aqıllılar albıraydı, sol qız shıǵar, — dep juwap beredi.

— Bunı kim ayttıradı, kim aladı? — deydi.

— Ey balam, bunı hesh kim de ayttırmaydı. Sebebi, shashın juwǵan kúni kim kórse, sol aladı. Qızdıń shárti de sol. Ol shártke bul ómirde hesh kim de jetip bolmaydı. Qálemegen adamına kórinbeydi. Kórinse de jetkermey dińkesin qurtadı. Kewil súygen adamına kúnshilik joldan kórinip, jer tanabın quwırıp kele qaladı desedi. Sondaylardıń biri Aqtas eliniń patshası eken. Biraq ol da qolına qondırsa da aljasıp qalıptı, — deydi ǵarrı. Bala barlıq istiń ózinen bolǵanın bilip atasınan ruqsat alıp sol bayterektiń túbine barıwdı oylap kete beredi. Ay ótedi. Óliw halatına jetkende bayterekke kem-kem jaqınlap qızdıń diydar jamalına kózi túsedi. Qız bayaǵı kórgeninen de bes beter sulıw.

Ashıqlar alısadı, birin-biri shalısadı. Birin-biri alalmay, bir neshe kúnnen soń ekewi eki jerde otırıp aytısıp, ókepe-giyneni qoyısıp qosılısadı. Ekewi eki eldi qosıp Muratqan Aqtas penen Gúlistan eline patsha boladı. Murat-maqsetine jetedi.

## ÓGIZ BAQQAN ÚSH JIGIT

Ótken zamannıń bir burılısında Asqar, Basqar, Aydar degen úsh aǵayinli jigit bolǵan. Bul úshewiniń jıynaǵan malınan bir ógizi bolıptı. Sol ógizdiń otı-suwı, tárbiyası ushın úshewi de taq turıptı. Ógiz dáryadan ılay suw ishpeydi. Sol ushın úlken bir kól islep, soǵan suw tındırıp, ayına bir mártebe suwǵaradı eken.

Ógizdiń turpatı sonday, suwǵa aparǵanda, aǵası basın jetekleydi, ortanshısı belinde júredi, kishkenesi izinen aydaydı eken. Jolda baratırǵanda aydawshı inisi suwǵa jettik pe dep baqırsa, ortanshı aǵasına dawısı zorǵa

jetedi eken. Al ortanshısı baqırsa, jeteklep kiyatırǵan aǵasına dawısı esitiler-esitilmes boladı eken.

Ógiz hár ishkende bir kóldiń suwın tawısadı eken. Bir kúni ógiz suw iship tursa, kólden bir jayın shıǵıp, ógizdi quyrıǵı menen qaǵıp alıp jutıp qoyadı. Jayın suwdan shıǵıp, ústin keptirip jatırǵanda, aspannan bir qara qus kelip, ógizdi jutqan jayındı kóterip alıp ketedi. Qara qus qonarǵa keń tóbe tabalmay júrse, bir shopan ǵarrı qoyların iyirip taslap jatırǵan eken. Sonıń ishinde qoydı baslawshı úlken bir serkesi bar eken. Sol serkeniń eki múyiziniń arasına qonadı da, qara qus jayınǵa tumsıqtı urıp jey beredi. Jayınnıń ishinen ógiz shıǵadı. Qara qus bunı da jeydi. Qara qus qonǵan serkeniń kóleńkesinde shopan ǵarrı kózin ashıp-jumıp jatır eken, qustıń julıp taslaǵan ógizdiń jawırın súyegi ǵarrınıń kózine túsip ketedi.

Ǵarrı kózin uwqalap keshke deyin júrip, keshte úyine barıp kempirine:

— Kózime shóp túsken qusaydı, tilińdi salıp alıp tasla — depti. Kempir ǵarrınıń kózine tilin salıp, shóptey bir nárse alıp taslaydı.

Sóytip ǵarrı malınıń jayı ushın taǵı bir jaqqa kóship ketedi. Ǵarrınıń kóshken jurtında kózden shıqqan jawırın súyek qala beredi. Sol zamanda toqsan úyli kóp sanlı kóshpeli xalıq kóship júredi eken. Bir kúni qumnıń ishinde ay taqırǵa ushırasıp, usında qonayıq, dep kóshlerin túsirip, sonda qonadı. Erteli-kesh malǵa shıǵıp júrip taqır jerde bir túlkiniń izin kórdi. Sóytip taqırdı jaǵalay qaqpan salıp, sol túlkini awlaydı. Al bulardan basqa da bir on eki jasar bala túlkiniń izin kórip bul da túlkiniń keliw-ketiw jolına qaqpan salıp ańlıp júredi eken.

Bir kúni azanda erte turıp qaqpanların kóreyin dep toqsan úyli kóshpeli eldiń adamları kiyatırsa, on eki

jasar balanıń túlkini soyıp atırǵanın kóredi. Bular shabısıp barsa, bayaǵı adamlar bul balaǵa kelip daw shıǵaradı.

— Bul túlki biziki. Sebebi, biziń otırǵan awılımız mınaw kóringen aydın taqırlıq. Haqıyqatında bul jer emes, súyek. Usı súyekti kúnde bir nárse qozǵap, ońına tikken úylerimizdi teris aylandırıp kete beretuǵın boldı, abaylasaq usı túslik biziń qonǵan súyegimizdi súyrep kemiredi eken. Sonıń ushın bizler buǵan qaqpan salıp awlap júrgenimizge kóp kún boldı. Sol ushın túlki bizlerdiki, bizler alamız, — depti.

— Men bolsam bir qaqpan saldım, senlerdiń toqsan qaqpanıńnıń awzın jawıp qoyǵanım joq. Men de talapkermen, qaqpanıma tústi, meniki boladı. Eger súyegiń túwe etińdi jese de bermeymen — dep bala kónbeydi.

Kóshpeli xalıq kópshilik etip, keyninde aǵayinshilikke kelip, «bizler de talap etken edik, bos qalmayıq» depti. Sóytip túlkige bala bir jarı, toqsan úyli kóshpeli xalıq bir jarı bolıp túlkiniń terisin ekige bólip aladı. Sol túlkiniń jartı terisi toqsan úyli kóshpeli xalıqtıń barlıq adamına toqsan ishik hám bir-bir malaqay shıǵıptı. Al qalǵan jartısı on eki jasar balaǵa malaqay túwe bir degeley zorǵa shıǵıptı. Al endi usıllardıń qaysısı úlken? Ógiz úlken be, kólshik úlken be? Jayın úlken be, qara qus úlken be, serke úlken be, shopan ǵarrı úlken be, kempir úlken be, túlki úlken be, ya bolmasa túlkiniń jarı terisi bir malaqay bola almaǵan bala úlken be?

## OPA SAWDAGER

Burıngı ótken zamanda bir Opa degen sawdager bolıptı. Opa sawdager kúnlerden bir kún basqa patshalıqqa barıp sawda islep qaytıw ushın túyelerge hasıl zatların artıp jolǵa shıǵıp ketedi.

Opa kún-tún demey júrip, qalaǵa aparǵan zatların satıp boladı. Kerekli zatların alıp, túyelerine júklep qaladan shetirek jerge barıp qonadı. Opa sawdager ózinen ózi oy oyladı. «Atıma minip, qalaǵa qıdırıp qaytayın, búytip jata bergenim jaraspas» dep qalaǵa ketedi. Qalanı aralap kiyatırsa, eki qabat jaydıń aynasın ashıp qoyıp, altın káttiń ústinde otırǵan ap-appaq, jupqa dodaq, uzın boylı keń qushaq, ǵaz moyınlı badam qabaq, áne sonday bir qızdı kórip, aqılınan adasıp, zińkiyip turdı da qaldı. Aradan kóp waqıt ótti. Bul waqıtta sol qız ayna aldında turǵan Opa sawdagerdi kórip: — Ey, jaqsı jigit, kóp turdıńız ǵoy, bul qalay? — deydi.

— Siz kimniń qızı bolasız? — deydi Opa sawdager. Qız irkilmesten:

— Patshanıń qızı bolaman, — dep juwap beredi.

— Ayıp etpeńiz, qarındasım, ekewsizbe, ya birewsiz be? Sonda qız turıp ayttı:

— Ekew bolıw aldaǵı is, házirshe birewmen, — dedi.

— Araǵa adam salıp, sizdi ayttırsam qalay bolar eken? — dedi Opa sawdager.

— Ol ózińizdiń jumısıńız, — dedi qız.

Bul sózlerdi esitip, Opa sawdager eline qaytqandı qoyıp, sol qalada qalıp qoydı. Aradan bir neshe ay

ótkennen keyin Opa sol patshanıń bas wáziri menen tanısıp patshanıń qızına ashıq ekenin aytadı hám sol qızdı ayttırıp alıp beriwge járdem etiwin soraydı. «Onday kewliń bolatuǵın bolsa, patshaǵa aytayın» dep wázir wáde etti. Wázir sársenbi kúni seskede istiń barlıq mánjayın patshaǵa túsindirip aytıp berdi. Sonda patsha:

— Patsha bolǵan adam qara puqaranıń qızın ayttırsa, balasına beriwi kerek edi, sonıń ushın sawdagerdi bul maqseti menen oylarınan qashırıw kerek. Onıń ilajı bılay boladı: Júz bas túye, júz bas jılqı, júz bas eshki, jáne júz tilla teńge bersin degeyseń, usını aytsań ózinen-ózi qashadı, — deydi.

Wázir patshanıń soraǵan qalıń malın Opa sawdagerge aytıp baradı. Opa sawdager bir neshe kún máwlet alıp, barlıq malı menen gúmis teńgesin tayın etip, arada júrgen wázirden berip jiberedi. Patsha ilajsızdan qızın beredi.

Opa sol elde júrip qızlı boladı. Qız altı jasqa shıqqanda hayalı qaytıs boladı. Bunnan keyin Opa sawdager qolında qalǵan altı jasar qız qashan on tórt jasqa shıqqansha hayal almasqa shárt etedi.

Aydan ay ótti, jıldan jıl ótti, qız on tórt jasına jetti. Sol jılı Opa sawdager óziniń tuwǵan eline barıp qaytıwdı árman etti. Sóytip qolındaǵı on tórt jasar qızın patsha atasınıń qolında qaldırıp ketiwge hám ruqsat sorawǵa patsha atasınıń aldına bardı. Sonda patsha:

— Bul qızdıń qádirin bilip, tárbiyalaytuǵın adam joq, sen qızıńdı úlken háziret ullı pirge tapsıra ǵoy, óziń kelgenshe pármana bolıp saqlap berer, — dep keńes beredi.

Áne, patshadan bul keńesti alıp, Opa sawdager úlken háziret ullı pirge kelip, kelgen jumısın aytadı. Sonda

úlken háziret ullı pir «usı medireseseiniń janınan qızına jay sal, óziń kelgenshe jeytuǵın napaqasın tayarlap ber, sóytte kete ber» dedi. Opa sawdager hámmesin tayarlap, giltti de ekew etip soqtırıp, birewin qızına qaldıradı, ekinshisin ullı pirge beredi. Opa sawdager tuwılǵan eline jónep ketti.

Kúnlerden kún ótti, aylardan ay ótti, al hasıl aradan bir jıl ótti. Azıq-awqat tawsıldı. Qız qalaǵa barıp, azıq-awqat alıp keletuǵın boldı. Bir kúni, piyshembi kúni pesinde qaladan azıq-awqat alıp kiyatırǵan qızǵa ullı pirdiń kózi tústi. Úlken háziret ullı pir qolına suw quyıp turǵan suwpısınan bul kiyatırǵan qızdıń kim ekenin soradı. Suwpı Opa sawdagerdiń qızı ekenin ayttı. Ullı pir ishinen hım-hım dedi de qızdı qolǵa túsiriwdiń jolın oyladı. Ol aradan kóp waqıt ótpey-aq bir nárse oylap tapqanday suwpısına:

— Haw, Toqımbet, seniń hal jaǵdayıń qalay? Siziń úyge barıwǵa biziń elti kútá háwes boldı, — dedi ullı pir.

— Júdá qup, taqsır, bara ǵoysın, — dedi Toqımbet suwpı.

— Onda erteń baradı — dep ullı pir mıyıǵınan kúlip qoydı. Ullı pir úyine kelip:

— Elti, sizdi Toqımbet suwpı qonaqqa shaqıradı, qalay kóreseń? — dedi.

— Suwpı úyine shaqırǵan bolsa, onda barayın, — dedi oyında hesh nárse joq elti. Elti qonaqqa ketti.

Ullı pir Bekimbet degen suwpısın shaqırıp alıp:

— Sen palaw as, palaw piskennen keyin eki tabaqqa sal. Birewin óziń al, birewin maǵan ber — dep jumıs buyırdı. Suwpı bir tabaq palwdı ákelip berdi. Ullı pir palawdı alıp, qız jatqan jayǵa kelip, esigin ashıp ishke

kirdi. Qız ullı pirdi kórip, ırǵıp ornınan turıp, isharat penen sálem berip, qol qawsırıp aldında turdı.

— «Qızım, bir jıldan beri sennen xabar almay, meniki ayıp bolıptı. Palaw astırtıp alıp keldim, kel birge otırıp jeyik» — dedi ullı pir juwhalanıp, Qız ullı pir menen otırıp palaw jedi. Pátiya oqıp bolǵannan soń, qız ullı pirdiń qolına suw quydı. Usı waqıtları ullı pir haram niyetin baslap, qızdıń qolınan sharpa uslap, denesine qol sozdı. Hesh nárse oyında joq qız, ullı pirdiń buzıqlıq niyetin sezip, qolındaǵı quman menen ullı pirdiń mańlayına kerilip bir urdı da, jaydan shıǵıp qashıp ketti. Ullı pir bası jarılıp, sol jerde jatıp qaldı.

Endigi gápti úlken háziret ullı pirden esitiń. Ullı pir, esin jıynap bolǵan soń, basın tańıp patshaǵa keldi. Patsha ullı pirdiń kelgen jumısın soradı.

— Patshahım. Opa sawdager siziń qızıńızdan qalǵan qızdı maǵan tapsırıp ketkenine mine bir jıl boldı. Usı bir jıl meniń jetpis jıllıq jasıma tatıdı. Mediresege bir jigit kelse, bir jigit shıǵıp dolıxana boldı. Sol jigitlerge kelme dep keyigenimde qılǵanı mınaw — dep ullı pir tańıwlı basın kórsetti. Patsha istiń anıǵına shıqpay, jalǵan sózge erip, qızdı darǵazap qılıwǵa buyrıq berdi.

Patshanıń kóp wáziriniń ishinen bir wáziri shıǵıp, patshaǵa bılay dedi:

— Taqsır, arzım bar, — dedi.

— Ne arzıń bar? Ayt! — dedi.

— Bul qızdıń qanday jazıǵı bar. Gúnasın moynına qoyıw kerek, bolmasa óltiriwge bolmaydı, — dedi. Sol waqıtta ekinshi bir wázir turıp:

Bul qızdı adam barmastay bir shólistanlıqqa aparıp taslaw kerek, onnan keyin ol ózi-aq óledi yamasa jolbarıs, qasqır jep ketedi, — deydi. Bul sóz patshaǵa maqul

túsip, qızdı shólistanlıqqa aparıp tasladı. Qız quw dalada qalıp, jewge tamaq, ishiwge suw tappay, bir ağashtıń túbinde jata beredi.

Endigi gápti basqa bir patshalıqtan esitiń. Bir patshanıń balası qasına qırq jigit alıp ań awlap júrse, aldılarınan bir kiyik qashadı. Patshanıń balası qolındağı qusın jiberedi. Qus kiyikke qaramaydı da, óz jónine ushıp kete beredi. Patshanıń balası qasındağı adamları menen birge qusınıń izinen quwadı. Qırq jigittiń atı boldırıp, jolda qaladı da, ol patshanıń balası qustı jalğız quwıp ketedi. Kúnlerden bir kún patshanıń balası qusınıń bir ağashtıń basına qonıp otırğanınıń ústinen shığadı. Qolına dalbayın alıp shaqırsa, qus dalbay menen isi joq, kún batar jaqqa qaray qılğınıp qaray beredi. Bul jaqta ne bar eken dep qarasa, bir búktiń túbinde qızarıp jatqan bir nárseni kóredi. Bala qorqa-qorqa qasına barsa, ólip atırğan qızdı kórdi. Bala atınan túsip bul qanday hádiyse dep, qızdıń awzına qılıshın tutsa, qızdıń janı bar ekenin biledi. Onnan keyin erdiń basında iliwli turğan ıdıstı alıp, qızdıń basın oń dizesine qoyıp, awzına pal tamızadı. Qız kem-kem tamsanıp juta baslaydı. Alhasıl, qız qáddin tiklep, aman-esenlikke keledi. Qız óziniń basınan keshkenlerin hám Opa sawdagerdiń qızı Qundız ekenin aytadı.

Qız bas ushında otırğan jigittiń ğamxorlıq etkenin bilip, óziniń súyiwshilik sezimin bildirip:

— Siz qız alıp pa edińiz? Eger úylenbegen bolsańız, daladan tawıp aldım demeseńiz, men sizge bas qosar edim, — deydi. Patshanıń balası qızdıń sulıwlığı menen aqıllılığına kewli tolıp, óziniń úylenbegenin aytadı hám ómirlik joldası bolıwğa wáde beredi.

Jigit qızdı alıp eline keledi. Qırq kún toy, otız kún oyın berip qızdı aladı. Aradan bir neshe ay, bir neshe

jıllar ótip, eki ullı boladı. Biraq, usı waqıtqa shekem ákesinen xabar bolmaǵannan keyin saǵınıp, muńayıp otırǵanınıń ústine patshanıń balası keledi. Jigit nege qapa bolıp otırǵanın soraydı. Qundız ákesin saǵınıp otırǵanın aytadı hám eline barıp qaytıwǵa ruqsat soraydı. Bunnan keyin jigit Qundızdıń qaptalına qırq jigit berip, birewin basshı etip, úyine barıp keliwge jiberedi.

Qundız bir jerlerge kelip qonadı. Balaların uyqılatıp bolıp samallap júrse, qırq jigittiń basshısı Qundızǵa zorlıq etiwdi oylaydı da, ornınan turıp Qundızdıń qasına keledi. Ol Qundızǵa zorlıq etpekshi boladı. Qundız baqırayın dese, adamlar oyanıp keter dep bunnan qutılıwdıń jolın izleydi. «Sen usı kárada tura tur, men balalarımdı kórip keleyin» dep qashıp ketpekshi bolıp edi, jibermedi. «Men ózim jaylastırıp kelemen» dep balalardıń basın qılısh penen shawıp taslaydı. Qundız ne qıların bilmey, balalarınan ayırılıp, aytqanın qılmasa óziniń de óletuǵınına kózi jetedi. Ol nede bolsa usıdan qutılıwdı oylaydı.

— Sen balalardıń ilajın tabaman dep, óltirip tındıń. Balalarım ólip atırǵanda bul is kelispes, men balalarımdı aq juwıp, arıw kepinlep jayǵastırıp keleyin, siz jata turıń — dep Qundız jılap-jılap júrip balaların jayǵastırıp bolıp, qashıwǵa tayarlanadı. Qundız adamlarǵa sezdirmey ústine erkek kiyimin kiyip, qara jorǵa attı minip jolǵa túsip, ákesiniń úyine qaray kete beredi.

Azanda adamlar turıp qarasa, Qundız hám onıń balaları joq ekenin kórip hayran qalısadı. Olar «ol adam emes peri» dep, usı bolǵan waqıyanı patshaǵa aytıp barmaqshı bolıp keyin qaytadı. Qırq adam bir neshe kún jol júrip eline keledi. Olar patshanıń balasına «Qundızdan ayrılıp qaldıq, ol adam emes peri» dep jabırlasadı.

Bul xabardı esitken soń patshanıń balası qattı qapa boladı. Aqırında qáste bolıp, bunıń keseline em tabılmaydı. Patsha sol eldiń palker, qorrandoz qoymay pal ashtıradı, hesh dártine dawa bolmaydı. Sol elde bir adam patshaǵa kelip, «seniń balańda kesel túwe hesh nárse de joq, seniń keliniń peri emes, adam edi, sol ushın balań sol hayalın tawıp almaǵansha, dártine dawa bolǵanday em joq», — deydi. Bul xabardı esitken soń patsha balasın shaqırıp alıp, qasına isenimli bir jigit qosadı hám hayalın tawıp alıwǵa ruqsat etedi. Jigit diywana kiyimin kiyip, qasına bayaǵı Qundızdıń qasına basshı etip jibergen jigitti de qosıp alıp, «huw — haq» dep, hayalın izlep jolǵa rawana boladı.

Al bayaǵı qara jorǵa mingen, óz jurtına kiyatırǵan Qundız qara túnniń ishinde toǵay arasında shıqqan jaqtıǵa kelse, qırq qaraqshınıń úyi eken. Urılar Qundızdı kórip, bir baydıń balası eken, quday aydap kelgenine qara dep, bókteriwli turǵan qorjın-qolańın sheshistirip, ózin attan túsirip, úyge kiriwge isharat bildirdi. Qundız urılardıń qolınan ólip qutılatuǵınına yamasa esabın tawıp qutılmasa qutıla almaytuǵınına anıq kózi jetti. Urılar kelgen adamdı ne qılamız dep oylasıwǵa dalaǵa shıǵıp ketedi. Usı waqıtta Qundız asıwlı turǵan qazanǵa uw taslaydı da, tım-tırıs otıra beredi. Urılar ishke kirip tamaq jeyik dep, birewi qazandaǵı awqattı tabaqqa bólistirip aldılarına qoyadı da, tamaq jewge kirisedi. Urılar Qundızdı tamaqqa shaqıradı.

Joq, men tamaq jemeymen, shóllep otırman, — dep keyin sheginip otıradı. Urılar tamaqların jep bolıp, «Uyqımız keldi» dep jata baslaydı. Olar turmıstan uyqıǵa ketedi.

Qundız urılardan aman qutılıp, qara atına minip alıp, jolǵa rawana boladı. Jolda kiyatırsa, qoy baǵıp júrgen

shopanǵa ushırasadı hám ákesi Opa sawdagerdiń dáregin soraydı. Shopan sol eldiń shopanı ekenin aytadı.

— Olay bolsa, mınaw at, qorjın-qolańnıń bári seniki bolsın, maǵan ústińdegi kiyimlerińdi ber. Men seniń ornıńa shopan bolıp, Opa sawdagerdiń úyine baraman. Bul sırdı hesh kimge aytpa, — dep Qundız shopannıń kiyimin kiyip, ákesi Opa sawdagerdiń úyine baradı. Usı waqıtları Opa sawdager esiginiń aldında júr eken. Qundız ákesiniń aldına barıp táńir sálemin beredi. Ákesi sálemin alıp:

— Balam, qaydan kiyatırsań? — dep jol bolsın soraydı.

— Ata, men Shın wálayatınan kiyatırǵan adamman. «Biykarshıdan Táńirim biyzar» degen, Opa sawdager degen ash-arıqqa qayırlı degen menen, siziń qolıńızda talap islemekke kiyatırman, — deydi. Áne, sol kúnnen baslap, ózin sezdirmey ákesiniń úyinde júre beredi.

Áne, kúnlerden bir kún Opa sawdagerdiń úyine «huw-haq» dep úsh qálender keledi. Opa sawdager qálenderlerdi úyge kirgizip jayǵastıradı da, elindegi patshasın hám bayaǵı úlken háziret ullı pirdi shaqırtıp qonaq ası bermekshi bolıp, qoy soyadı. Bular uzaq otırǵannan keyin bir-birine gáp tawıp otırıń dep mirát salısqan menen hesh kim gáp baslamaydı. Sol waqıtta esik jaqta ot jaǵıp otırǵan shopan bala «ruxsat etseńizler, men aytayın» deydi. Tórde otırǵan ullı pir «sennen qanday sóz shıǵatuǵın edi» dep qaǵıtadı. Sol waqıtta patsha kóp jasaǵan bilmeydi, kópti kórgen biledi yamasa esitken biledi» degen, ayta ber, balam» — dep Qundızǵa ruqsat etedi.

— Shın walayatında bir jetim bala eken, — dep baslaydı sózin Qundız — sol bala kúnlerden kún, aylardan ay, jıllardan jıl ótip er jetip sawda jumısına aralasadı. Bunnan keyin awılındaǵı jetim, kámbaǵallardan adam

jıynap basqa jaqqa sawda islep qaytıw ushın sapar shegipti, — degen waqıtta Opa sawdager:

— Sóziń dártime dárman eken, ayta ber, shırağım, — dep bir qozğalıp qoyadı.

— Apardan zatların satıstırıp, ózlerine kerekli zatların alıp eline qaytpaqshı bolıptı. Qalanıń shetiregine qonıp, sawdager qalanı bir aralap keleyin dep atına minip qalanı aralap kiyatırsa, áynektiń aldında otırğan patshanıń qızın kórip soğan ashıq bolıptı. Sawdager qızdı kórgennen keyin eline qaytpay, sol sháhárde dúkan ashıp, aldında otırğan patshağa qarap, óziń qusağan patshanıń qızın ayttırıptı, — degen waqıtta patsha:

— Ayta ber, shırağım, sózińniń qátesi joq — dep bul da ornınan qozğalıp qoyıptı.

Patsha sawdagerge qızın bermew ushın, qara puqarağa qız bermeymen dep aytıwğa qolaysız kórip, ayttırıp barğan adamğa: «júz bas túye, júz bas jılqı, júz bas qara mal, júz bas qoy, júz bas eshki hám júz tilla bersin» dep jiberipti. Sawdager usılardı tawıp beretuğın bolıp wáde beripti. Qullası aytılğan qalıń malın tawıp berip qızdı alıptı, — dey bergen de Opa sawdager:

— Dártime dárman boldı ğoy: ayta ber, shırağım, — dep balağa jaqınıraq kelip otırıptı.

— Áne, sol patsha qızdı alğannan keyin bir jıldan soń bir qızlı boladı. Qız altı jasına kelgende anası ólip, jetim qalıptı. Sawdager usı qızım on tórt jasqa shıqqansha úylenbeymen dep shárt etipti. Qız on tórt jasına shıqqan waqıtta, sawdager óziniń tuwğan jeri Shın qalasına barıp qaytıwğa mınaw patsha atama qusağan atasınan ruqsat soraydı. On tórt jasar qızdı atasına alıp qalıwdı ótinedi, — degen waqıtta:

— Ayta ber balam, dártke dawa bolğanday sóz eken, — deydi patsha menen Opa sawdager ıqlas penen tıńlaydı:

— Shırağım, bul qızdı biziń úyge qaldırıp ketpey-aq ǵoy, onıń qádirin biletuǵın adam joq. Siz anaw úlken háziret ullı pirge tapsırıp ketiń depti. Sonnan keyin sawdager bir jıllıq azığı menen, ullı pirdiń medresesi janınan jay salıp sonda qaldıradı da, ullı pirge bir giltin, qızına bir giltin berip, Shın sháhárine ketipti, degen waqıtta, tórde otırǵan ullı pir:

— Qoysańa bala, usınnan da sóz bolıp? — deydi.

— Ayta ber shırağım, ayta ber dártime dárman bolatuǵın túriń bar — deydi Opa sawdager.

— Kúnlerden kún, aylardan ay ótip, ólshewli bir jıl da boladı. Qız bir kún ǵárejetin tawısıp bazardan azıq-awqat alıp kiyatırǵanın úlken háziret ullı pir kórip qasındağı bir suwpısınan kimniń qızı ekenin soraptı. Suwpı «bayağı sizge qaldırıp ketken sawdegerdiń qızı» dep juwap beripti. Sol waqıttan baslap ullı pir haramlıhq oylap qızdıń jatqan jerine bir tabaq palaw astırıp ákelip birge jeydi. Palawdı jep bolǵannan keyin qız ullı pirdiń qolına suw quyıp atırǵan eken, ullı pir qızdıń bileginen sharıppa uslap alıp, denesine qol salıptı. Sol waqıtta qız onıń haram niyetin bilip, qolındağı quman menen basına bir urıptı da qashıp ketipti. Ullı pir sol jerde bası jarılıp jığılıp qaladı. Qız qashıwı menen siz qusaǵan patsha atasınıń úyine baradı, — deydi bala patshaǵa qarap. Sol waqıtta ullı pir:

— Qoysańa, bádbaq, usınday da ótirik bolama eken — deydi. Al otırǵan patsha:

— Ayta ber, shırağım, dártime dárman eken, ayt, — dep jaqınlańqırap otırıptı.

— Aradan waqıt ótkennen keyin úlken háziret ullı pir ornınan turıp, basın tańıp, patshaǵa barıptı. Ol bolǵan istiń mán-jayın bılay aytqan eken: «Siziń qızıńızdan

qalǵan qızdı sawdagerdiń maǵan qaldırıp ketkenine bir jıldan aslam bolǵan edi. Bir jıldıń ishinde mediresege bir jigit kirse, bir jigit shıǵıp»ústimiz úlken soqpaq boldı. Sol jigitlerge ekinshi ret kelme degenimde, qılǵan isi mınaw» dep basın kórsetipti deydi. Bunnan keyin patsha qızdı darǵazap qılıp darǵa asıwǵa buyırıptı. Bir wázir qızǵa jaqsılıq oylap, qızdı darǵa astırmay, shólistanlıqqa aparıp taslawdı ótinipti. Patsha kelisim berip keyin qızdı shólistanlıqqa aparıp taslaptı.

Qız quw dalada isherge suw, jewge tamaq tappay bir jerlerge barıp, bir aǵashtıń sayasına jetip qulaptı. Usı waqıtlarda basqa patshanıń balası qus salıp júrse, sol óleyin dep jatırǵan qızdıń ústinen shıǵıptı. Jigit qızdı kórip, awzına pal tamızıp, qáddin tikletipti. Qız tilge kelip, bir-biri menen tanısqannan keyin, bir-birin súyip qaladı. Jigit alarman boladı da, qız tiyermen boladı. Jigit qızdı úyine aparıp qırıq kún toy, otız kún oyının ótkerip, haq nekesin qıydırıptı. Aradan eki-úsh jıl ótkennen keyin eki balalı bolıptı. Kúnlerden kún ótkennen keyin patsha balasınıń hayalı ákesin saǵınıp, kúyewinen úyine barıp qaytıwǵa ruxsat soraptı — degen waqıtta qálender sıpatındaǵı kúyewi.

— Ayta ber, qosshım, sóziń dártime dawa bolǵay — dep jaqınlap otıradı.

— Áne, jigit hayalınıń qaptalına qırq jigit qosıp, birewin basshı etip ákesiniń úyine jiberedi. Qız jolda kiyatırıp bir jerde qonıp jatırǵanda, oǵan alıp kiyatırǵan qırq jigittiń basshısı zorlıq etpekshi bolıptı. Sol waqıtta patshanıń kelini bunıń jaman pıǵalın bilip, bunnan aman qutılıwdıń jolın izleydi. «Sen usı jerde tura tur, men balalarımdı jayǵastırıp keleyin» dep qashıp ketiwdi oylaǵan eken, ol adam «joq, sen qozǵal ma, balalarıńnıń

jaǵdayın ózim kórip kelemen» dep balalardı shawıp óltiripti. Tap usı waqıtta aldında otırǵan qálenderdiń birewi:

— Qoysańa, bala, tap usınday da lap bola ma? — dep jekiripti. Sonda ekinshi qálender:

— Ayta ber, inim, durıs, gáp, — dep sózin xoshlap qoyıptı.

— Hayal «balalarımdı aq jawıp arıw kepinlep keleyin» dep jılap-sıqlap júrip, balaların sol jerge jerlepti de, baylawlı turǵan qara attı minip jónelipti. Qırq jigit azanda turıp qarasa, kelinshek te, balaları da joq ekenin kórip, túndegi waqıyalardan xabarı joq adamlar «bul adam emes peri eken» dep keyinge qaytıp ketipti.

Áne, kelinshek jolda kiyatırıp, qırq qaraqshıǵa ushırap, olarǵa uw berip óltirip, onnan da aman qutılıptı. Bir elatqa jaqınlaǵan jerde qoy baǵıp júrgen shopanǵa ushırasadı. Sóylesip qarasa, sizdey sawdager atama qusaǵan sawdagerdiń shopanı eken. Kelinshek shopanǵa óz kiyimin berip, ózi shopannıń kiyimin kiyip, mına sawdager atamday sawdagerdiń úyine barıp, jumısın islep júre beripti. Usı waqıtları sawdagerdiń úyine bayaǵı qızdı tiriltip alǵan patshanıń balası hayalınıń dártinen qálender kiyimin kiyip, qasına bayaǵı kelinshektiń balaların óltirgen adamdı da ertip, usı sawdager atama qusaǵan sawdagerdiń úyine keledi. Sol sawdagerdiń úyinde bayaǵı úlken háziret ullı pir, mına patsha atama qusaǵan patsha da kelip bas qosqan eken. Usı otırıspa da sol adamlardıń basınan ótkenlerin sóylep bergen tap sol qızdıń ózi eken — dep Qundız sózin tawısadı da, shopan kiyimlerin sheship, óziniń kim ekenin tanıtadı. Sol waqtında Opa sawdager óziniń qızı ekenin bilip, patsha, úlken háziret ullı pir qızdı tanıp esten tanıp qaladı.

Qálender súwretinde júrgen patsha balası óziniń hayalı ekenin kórip, jılap jiberedi.

Bular bir waqıtları esin jıynap bolǵannan keyin bir-biri menen tanısadı. Bunnan keyin patsha úlken, háziret ullı pirdi, patsha balası qasına erip kelgen miyrimsiz joldasın uslaydı. Patsha erteńine xalqın jıynap, jıynalǵan xalıqqa Opa sawdagerdiń qızınıń bunday awhalǵa túsiwine kimniń ayıplı ekenin soraydı. Jıynalǵan xalıq «birinshi rette úlken háziret ullı pir miyrimsiz qara kókirek adam» dep xalıq shuwlasıp qoya beredi. Xalıqtıń tilegi boyınsha úlken háziret ullı pirdi hám balanı óltirgen miyrimsiz adamdı at quyrıǵına baylap iyt ólimi etip óltiredi.

Qálender súwretinde júrgen jigit hayalı — Qundızǵa qosıladı. Opa sawdager úlken toy berip, toyǵa qudasın shaqıradı. Toy tarqaǵannan keyin, qızın qaytadan uzatadı. Sóytip bir qızdıń sebebinen eki el aǵayin-qarındas bolıp tatıw qarım-qatnasta jasaydı.

## SHAYXÍ-ABBAZ

Burınǵı ótken zamanda din musılman amanda, bódeneniń ayaǵın annan-sannan bir basıp, jorǵalaǵan waqtında Shahabbaz degen patsha ótipti. Shahabbaz patshanıń qırq qatını bolıptı. Qırıq qatınnıń eń kishkentayınan bir bala bolǵan eken, onıń atın Shayxı-abbaz dep qoyıptı. Shayxı-abbaz er jetip kámalına kelgennen keyin, atası óz aldına saray salıp berip, Shayxı-abbaz qırq jigiti menen sonda jasaptı.

Kúnlerden bir kún ótkennen keyin bala óz-ózinen oylanıp «atamnıń dáwletine qızıǵıp jata bergenshe shikarǵa shıǵıp waqtı xoshlıq eteyin» dep qasına qırq jigitin

alıp, qusın kóterip shikarǵa shıǵadı. Shayxı-abbaz qus salıp júrse, aldınan maral qashadı. Shayxı-abbaz qustı jiberedi. Maral qusqa aldırmaydı da, qashıwı menen bir tawdıń etegine kóship kelip atırǵan awıldıń shetinde tigiwli turǵan qosqa kirip ketedi. Maraldıń kirgen qosına Shayxı-abbaz hám kirip barsa, bir sulıw qızdıń otırǵanın kórip, esi awıp qulap qaladı. Shayxı-abbaz bir máhálleri kózin ashıp qarasa, basın súyep otırǵan sulıw qız benen ayaq ushında otırǵan qızdıń sheshesin koredi.

— Sizler qayaqtan kelgen adamlarsız? — deydi Shayxı-abbaz.

— Biz, qalmaqtıń xanı ádalatsız bolıp, Shaxabbaz ádil patsha degen menen kóship kelip atırǵan elmiz, — deydi. Jigit sol jerde qızǵa ashıq boladı. Qız da Shayxı-abbazǵa ashıq boladı. Shayxı-abbaz sarayına qaytadı. Shayxı-abbaz atasına barıp, bir topar eldiń kóship kelip atırǵanın hám sonda bir qızǵa ashıq bolǵanın aytadı.

— Biziń jurtqa kelip atırǵan el bolsa, seniń tilegińdi orınlaymız. Ol biziń aldımızǵa bir keler, balam — dedi. Aytqanınday kóship kelip atırǵan bay «Shaxabbazǵa barıp kóship kelgenimdi bildireyin, jaz jaylaw, qısqa qońıs jay sorayın. Maldan zakatımdı, patshalıqqa tóleytuǵın salıǵımdı, bereyin» dep Shaxabbaz xannıń aldına keledi. Bay patshanıń aldına kelip, kelgen jumısın aytadı, Patshaǵa bayaǵı Shayxı-abbazdıń aytqan sózin málim, kelgen bayǵa «esigińdi jel ashıp, jel jappasın» dep kóshege jar urdırtıń, ǵáziynexanadan ton jawıp, sarpaylap jiberdi.

Patsha bayǵa biziń menen quda bol dewge bir kórgen adam bolǵannan soń uyalıp, bir wázirin shaqırıp alıp, qudalıqtı soǵan tapsıradı. Wázir bayǵa patshanıń quda bolatuǵının aytadı. Bul sóz bayǵa kútá maqul túsedi. Bay quda túsip barıwǵa patshaǵa jeti kúnge wáde qılıp,

patsha menen quda bolatuǵınına qáwanıp, albırap-dalbırap, úyine keledi. Bay úyine kelgennen keyin kiygen sarpayı menen esitken áńgimelerin kempirine bayan etedi. Kempir bul gápti esitkennen keyin tas-talqanı shıǵıp:

— Haw, keshegi patshanıń qoyanshıq balasına qızımdı bergenshe aparıp qalmaqtıń patshasına bergenim kóp artıq. Túyeńdi jıyna, kóshińdi tart! — dep baydıń kelgen pátin qaytarıp tasladı.

Bay hesh ilaj ete almay, kóship ketti. Biraq qız kósherinde otırǵan jerindegi qara tastıń astına xat jazıp taslap ketti. Xatta bılay dep jazǵan: «Bizdi aparıp qalmaqtıń xanına bermekshi. Usınnan úsh ayshılıq jolı bar. Men barǵannan keyin, qırq kún toy bergizermen, eń jetpese sonda jetsin».

Wádeli jeti kúni jetkennen keyin patsha quda túsiwge jeti júz láshkerin ertip, Shayxı-abbaz qırq jigiti menen, naǵara sırnayı menen baydıń úyine kelse, úyi túwe jurtı da joq. Shayxı-abbaz bayaǵı qızdıń kórip jıǵılǵan jerindegi qara tastıń bar ekenligin biledi eken, hesh bolmasa maǵan xat jazıp taslap ketpedi me eken degen oy menen qara tastı kóterip qarasa, jazılǵan xattı kóredi. Oqıp qarasa, qızıl sıya menen jazǵan xatı bar. Shayxı-abbaz degen atı bar, tórt ay on kún belgilengen waqtı bar.

Sol jerde bala qapa bolıp, ketken kóshtiń keyninen quwıwǵa atasınan ruqsat soraydı. Shaxabbaz balasına ruqsat etpeydi. Bala atasınıń sózin tıńlamay ketpekshi boladı. Shaxabbaz balasınıń ketermen bolǵanın bilip, «jalǵız óziń ketkenshe izińe bes júz nóker ertip ket» deydi. Shayxı-abbaz qasına bir de adam eritpey, jaw-jaraǵın asınıp ketken kóshtiń izinen quwıp kete berdi. Neshshe kún jol júrip, baǵ-sharbaqlı, aqılına uǵras

kelmestey bir háwlige ushıradı. Shayxı-abbaz bul háwlide qanday adamzat turadı eken dep birim-birim aralap, eń tórdegi jayǵa barsa, bayaǵı óziniń ashıq bolǵan qızınan on ese sulıw bir qızdıń óziniń shashı menen ózin buwındırıp, óleyin dep atırǵanın kóredi. Shayxı-abbaz juwırıp barıp qızdı bosattı hám buwınıp atırǵanınıń sebebin soradı.

— Jiber meni, ólemen! — dedi qız.

— Joq, jibermeymen, óliwińniń sebebin ayt? Men saǵan járdem etemen! — dedi Shayxı-abbaz.

— Óliwimniń sebebin aytsam, meniń bes aǵam bar, besewi de batır edi. Sonıń ishinde eń úlken aǵam tórtewine barabar edi. Aǵalarım qalmaqtıń patshası menen qırq kúnnen beri urısıp atır, búgin sol urısta úlken aǵam óldi. Endi qalǵan tórt aǵamdı shóp shelli kórmeydi, sonnan soń qalmaq meni alıp ketedi. Onnan keyin súymegen adamǵa ózimdi baǵısh etkenshe, buwınıp óleyin dep atırǵanımnıń sebebi sol edi, — dedi qız.

— Onday bolatuǵın bolsa, sol aǵalarıńnıń urısıp atırǵan jerin ayt, tórt aǵańa járdem berip, seni azatlıqqa shıǵarayın, — dedi Shayxı-abbaz. Qız aǵalarınıń urısıp atırǵan jerin siltedi. Shayxı-abbaz qızdıń aǵaların izlep ketti. Izlep barsa, aytqanınday urısıp, dem alıp otırǵan qızdıń aǵaların kórdi. Shayxı-abbaz táńir sálemin berdi. Sálemin aldı.

— Sizlerge járdemge keldim, — dedi Shayxı-abbaz .

— Kelgenińiz júdá maqul, burın besew edik birewimiz ólip, tórtew bolıp edik seniń menen besew boldıq, — dedi.

Ol zamannıń urısı sap tartıp jekpe-jekke shıǵadı eken. Qalmaqtıń patshası tuwın kóterip, sap tartıp kelip, jekpe-jekke palwanların shıǵardı. Bul besewi de sap tartıp

turıp aldı. Qalmaqtıń batırı menen jekpe-jekke urısqa shıǵıwǵa Shayxı-abbaz qızdıń tórt aǵasınan juwap soradı. Olar ruqsat etti. Shayxı-abbaz hár túrli urıs hónerlerin qollanıp, qalmaqtıń jeti palwanın óltirdi. Qalmaqlar urıstan jeńilip keyinine qayttı. Bular da dushpanın qaytarǵannan keyin besewi qosılıp ózleriniń háwli háremine qayttı.

Jolda kiyatırıp, qızdıń aǵaları Shayxı-abbazdan bólinip, ekew ara sıbırlasa berdi. Shayxı-abbaz bulardıń sıbırlasa bergeninen gúman etip.

— Sizler nege sıbırlasıp kiyatırsızlar? Urıs kerek bolsa, urıs maydanına shıǵıń! — dedi. Sol waqıtta qızdıń aǵaları:

— Joq inim, olay emes, bizler bes aǵayinli jigit edik. Besewmizdiń ortamızda bir qarındasımız bar edi Sol qarındasımızdı alıw ushın mınaw qalmaqtıń patshası urıs ashıp, usı urısta úlken aǵamız óldi. Siz kelip bizlerdi qalmaqtan qutqardıńız. Bizlerdiń sıbırlasıp kiyatırǵanımız usı qarındasımızdı sizge baǵısh etsek qalay bolar eken dep, sóylesip kiyatırǵanımızdıń mánisi usı edi. Siz bunı qalay kóresiz? — dep balaǵa sawal qoydı.

— Maqul bolar, biraq meniń ekinshi nekelim bolsın — dedi. Shayxı-abbaz kiyatırǵan baǵıtın birim-birim bayan etti. Sol kúni Shayxı-abbaz miyman alıp, qarındası menen ekewin bir jayǵa jiberdi. Shayxı-abbaz jatarda, qız benen ekewiniń arasına qılısh taslap jattı. Bala jeti kún jatıp dem aldı. Shayxı-abbaz segizinshi kúni ketermen bolıp, qızdıń aǵalarınan juwap soradı. Qızdıń aǵaları:

— Seniń bir ózińnen góre joldas jaqsı bolar, seniń menen birge bizler hám barsaq qalay bolar eken? — dep soradı.

— Joq, bir ózim ketemen, — dedi Shayxı-abbaz bul jerden xosh alliyar aytısıp júrip ketti. Neshshe kún jol

júrip, dağıstanlıqqa salınğan bir jayğa kózi tústi. Bul jayda qanday adamzat bar eken, burılıp keteyin dep sol jayğa qayırıldı. Jayğa kirip barsa, hesh adam joq. Jaydı aralap júrse, qaydan shıqqanı belgisiz, astında atı, jaw-jarağı bar bir bádbashar kelip, Shayxı-abbazğa nayza urıwğa aylanadı. Sol jerde ekewi urısqa kirisip ketti. Ekewi birin-biri jeńe almay, tınbastan úsh kún urıstı. Tórtinshi kúni Shayxı-abbaz bádbasharağa basım kelip, óltireyin dep atırğanda, ol bas kiyimin alıp, Shayxı-abbazdıń aldına basın iydi. Shayxı-abbaz aldına qarasa, bádbashar dep júrgeni bir sulıw qız ekenin kórdi. Sol jerde qız tenesin jigitke bağısh etti. «Dúnyağa shığıp, kámalğa kelgende «ózime» kúshi teń kelgen jigitke ózimdi bağısh etemen» degen qızdıń shárti bar edi. Qız óz shártine jetip, Shayxı-abbazğa qayılshılıq berdi.

— Siz úshinshi nekelim bolasız, — dedi Shayxı-abbaz qızğa. Jigit sol kúni qızdıń úyinde miyman bolıp, bunda da arağa qılısh taslap jattı. Shayxı-abbaz usı jerde úsh kún miyman bolıp, tórtinshi kúni qızdan ruqsat soradı.

— Siz meni de ala ketiń, tarıqqan jerińde kerek bolarman — dedi qız. Shayxı-abbaz qızdıń kúshine isenip, qızdı ertip júrip ketti. Bular neshe kún jol júrip, bayağı ashıq bolğan qızdıń úyine kóship barğan qalmaqtıń eline bardı. Qalmaqtıń sháhárine kirip, bir úydi jallap alıp, sol jerdi mákan-jay etti. Shayxı-abbaz:

— Siziń elde ne gáp, ne waqıya bar? — dedi úy iyesinen.

— Biziń elden gáp sorasańız, biziń patshamız búgin otız segiz kún boladı, úyleniw toyın berip atır. Qalıńlığın neke qıyıp alıwına búgin eki kún qaldı — dedi.

— Siziń eldiń toyına qanday adam baradı? — dedi Shayxı-abbaz.

Patshanıń toyına baqsı-jıraw bolsań, sazende-góyende bolsań tamasha beretuǵın bolsań bara bereseń, — dedi Shayxı-abbaz qalmaqtıń toyınıń sırın bilip alıp, patshanıń toyına ketti. Shayxı-abbaz ózi sázende, ózi xoshhawaz edi. Patshanıń otırǵan jerine barıp qanday baqsı-jırawlar bar ekenin kóreyin, jetisse bir-eki awız qosıq aytpayın dep patshanıń otırǵan jerine barsa, patshanıń baqsısı dem alıp otırǵanın kórdi. Ishkerige kirip, patshaǵa tańir sálemin berdi. Shayxı-abbaz patshaǵa:

— Ǵayıptan kelgen baqsı edik, bizge duwtar berseńiz, bir-eki awız qosıq aytıp bersek qalay bolar edi? — dep ruqsat soradı. Patsha baqsınıń duwtarın alıp berip, qosıq aytıwǵa ruqsat etti. Shayxı-abbaz túrlı namalarǵa salıp qosıq aytıp edi, balanıń aytqan qosıǵı menen sazı patshanıń qulaǵına jaqtı.

Qızdıń úsh dos qızı bar edi. Qız hár kúni qalada ne gáp, ne sóz bar, sırttan kelgen biytanıs adam bar ma, dep kúnde bir qızın jiberip turatuǵın edi. Úsh qızdıń ishinde tili shúljińirek bir qızı eń jaqın dostı edi. Sol kúni usı qız qalanıń barlıq jerin aralap, sırttan kelgen adam ushırata almay kiyatırıp, nede bolsa, patshanıń ústinen xabar alıp keteyin dep barsa, biytanıs baqsınıń dawısın esitti. Sonday xoshawaz, sazende. Qosıǵın tıńlap qarasa, bir jerinde atım Shayxı-abbaz degen sózin esitti. Qız sol jerden ǵırra keynine qaytıp, kórgen-bilgenlerin, Shayxı-abbazdıń kelgenligin aytıp qızdan súyinshi soradı. Bunnan keyin qız Shayxı-abbazdıń kelgenin anıq bildi. Qız bir kánizekti shaqırıp alıp, «patshamız baqsını ózi tıńlay bere me, ǵayıptan kelgen baqsısın bizge bir aqsham bersin. Onnan keyin patshalıǵına jar urdırıp, kún batqannan keyin bir adamdı da dalaǵa shıǵarmasın shıra jaqtırmasın» dep kánizekti patshaǵa jiberedi. Patsha

qızdıń bul tilegin qabıl etti. Patsha qalaǵa jar urdırıp, dalaǵa bir adam shıqpaytuǵının, túnde shıra jaqpaytuǵın etip, qırq qızı menen bir aqsham waqtı xoshlıq etiwge baqsını berip jiberedi. Qız ǵayıptan kelgen baqsını aldırıp túni menen qosıq ayttırdı. Qasındaǵı qırq qızǵa sharap ishkizip más etip, sol aqsham qız Shayxı-abbaz benen qashıp ótá ketti.

Bular sol ketisten bir jerlerge barıp bay terektiń túbinde dem alıwǵa jattı. Shayxı-abbaz uyqıǵa ketti de, bayaǵı palwan qız keynimizden quwǵınshı keler dep uyqılamay qarawıl turdı. Bir waqları jawdıń keler betine qarasa, esabı joq tuw kóterip kiyatırǵan kóp láshkerdi kórdi. Qız keyninen jawdıń quwıp kiyatırǵanın bilip, nede bolsa usı jaw menen ózim urısayın dep Shayxı-abbazdı oyatpaydı. Qız kiyatırǵan jawdıń aldına qarsı shıǵıp, sol jerde qalmaqlardıń láshkerin qırǵınǵa ushırattı. Qız jawdı qaytarǵannan keyin kelip Shayxı-abbazdı oyatıp, jawdı qırǵınǵa ushratqanın aytıp, óliklerin kórsetti. Shayxı-abbaz sol jerde ketip neshshe kún jol júrip, bayaǵı úshinshi nekelisiniń úyine jetti. Sol kúni usı jerde miyman boldı. Palwan qız Shayxı-abbazdı shaqırıp alıp:

— Shayxı-abbaz, sen birinshi nekeliń menen baǵda qıdırıp keliń men seniń ekinshi nekelińe oyın kórseteyin, — dedi. Shayxı abbaz birinshi nekelisi menen baǵqa shıǵıp ketti. Batır qız Shayxı-abbazdıń ekinshi nekelisin sınap kóriw ushın janına barıp qolınan tartıp, óyer búyerin uslayın dep ári-beri tartıp edi, qız hesh jolatpadı. Sol waqıtta batır qız bunıń Shayxı-abbazǵa qattı kewli ketkenin bilip, ústindegi lipasların sheship taslap, óziniń Shayxı-abbazdıń úshinshi nekelisi ekenin ayttı.

Shayxı-abbaz ekinshi nekelisiniń aǵalarınan ruxsat alıp eline qayttı. Shayxı-abbaz atasınıń salıp bergen

qalasına kelip jata berdi. Bir kúni Shaxabbazǵa balańız kelipti, bir qız emes úsh qız ákelipti degen xabar jetisti. Shaxabbaz bul xabardı esitkennen keyin «balam úsh qızdı ózine ákeldime eken, yamasa bizge ákeldime eken, sonı bilip keliń» dep bir jálladın balası Shayxı-abbazǵa jiberedi. Shayxı-abbaz bul xabardı esitken soń «úsh qızdı hám ózime ákeldim, atama beretuǵın qızım joq» dep kelgen adamdı qaytarıp jiberdi.

Shaxabbaz ákelgen qızınıń birewin bermeginine qattı ashıwı kelip, balasın óltirip, kelinlerin ózi alıwdıń jolın oylaydı. Balasınıń aman kelgenine de, kelinli bolǵanına da toy bermedi. Shaxabbaz balasın óltirmekshi bolıp «Shayxı-abbaz kelinlerim menen qonaqqa kelsin» dep eki ret shaqırdı. Shayxı-abbaz barmadı. Bunnan keyin hayalları Shayxı-abbazǵa:

— Atań eki ret shaqırdı, barmadıń, úshinshi ret shaqırıp otır, bizler barmay-aq qoyayıq, óziń barıp qayta ǵoy. Biraq atań seni óltiriw ushın shaqırıp otır. Atańnıń shaqırıǵına barǵanda, mına kúshik penen pıshıqtı qaldırmaǵaysań. Atańnıń úyine jaqınlaǵanda kúshikti aldıńa salıp, kúshik sekirse sende sekir, ayaǵın bassa, sende ayaǵıńdı basıp úyge kirgeyseń. Al eger tamaq jeytuǵın bolsań, dáslep pıshıqqa jegiz. Pıshıq jegen jerden jegeyseń, jemese sen de jeme — dedi. Sonıń menen Shayxı-abbaz atasınıń shaqırǵanına ketti. Shayxı-abbaz atasınıń jayına kirerde kúshigin aldına salıp edi, kúshik esikten atlap ketti. Kúshiktiń atlaǵan jerinen bul da atlap atasınıń jayına kirdi. Shaxabbaz esiktiń aldında úlken or qazıp, nayzalardı qadap, ústin gilem menen jawıp qoyǵan eken. Shayxı-abbaz sol orǵa túsip, nayzaǵa shanshılıp ólse, kelinlerimdi ózim alaman degen pám menen islegen eken. Shahabbaz bunnan balasınıń aman

ótkenin kórip aspazshılarına tamaqqa uw salıp, uw salınǵan jaǵın jemesten burın aldındaǵı tamaqtan alıp pıshıǵına salıp edi, pıshıq jemedi. Bunnan keyin tabaqtı aylandırıp jiberip, uw salǵan jaǵın atasınıń aldına qarattı. Atası da jemedi. Shayxı-abbaz tamaqtı jep bolǵannan keyin, qaytıwǵa ruxsat soradı.

Shahabbaz bunda da balasın óltire almadı. Patsha balasın óltiriwdiń basqa jolın oylap:

— Balam, xalıq Shaxabbaz patshanıń balası Shayxı-abbaz kúshli desedi. Men seniń kúshli ekenińdi óz kózim menen kórgim keledi. Házir seniń eki bas barmaǵıńdı qosıp baylayman.Usını úzseń seniń palwan bolǵanıń hám barlıq dúnya-múliktiń tajı-taxtımnıń iyesi sen bolasań, — dedi. Shayxı-abbaz atam maǵan jamanlıq eter deyseń be degen oyǵa ketip:

— Baylasań baylay ǵoy, ata — dedi. Shaxabbaz balasınıń qolın jipek jip penen tas qılıp baylap tasladı. Shayxı-abbaz úshke shekem tartınıp edi, úze almadı. Patsha sol waqıtta jálladlardı shaqırdı. Jálladlar tayın: boldı.

— Shayxı-abbazdıń eki kózin oyıp alıń da, shólistanǵa aparıp taslań! — dep húkim etti. Jálladlar balanıń eki kózin oyıp aldı da oń kózin sol qaltasına, sol kózin oń qaltasına salıp, Shayxı-abbazdı elsiz, suwsız dalaǵa aparıp tasladı.

Shayxı-abbaz shólistanda bir bayterektiń túbinde bawırın jerge berip jata berdi. Bir waqıtları sol Shayxı-abbaz jatqan bayterektiń basında qonıp otırǵan suymırıq qustıń qasına jáne bir qus kelip sóylese basladı. Olar bir-birinen «házirgi waqıtta dúnyanıń júzinde qanday hádiyseler bolıp atır eken» dep sorastı. Sonda birewi turıp:

— Dúnyanıń júzinde ne bolıp atırǵanınan xabarım joq. Biraq keshegi aljıǵan Shaxabbaz patsha balasınıń

eki kózin oyıp alıp, kelinlerine ashıq bolıptı degendi esittim, — dedi.

— Olay bolsa balasın qayaqqa aparıp taslaptı, sen bileseń be? — dedi birewi.

— Qáyerge aparıp taslaǵanınan xabarım joq. Biraq sol bala usı bayterektiń astında bolsa, jerdi qarmalap júrip bizlerdiń párimizdi tawıp alaǵoysa, sóytip kózlerin óz orınlarına salıp pár menen bir eki ret súykese kózi ashılar edi, — dedi ekinshisi. Shayxı-abbaz eki qustıń sóylesken sózin esitip quwanıp ketti. Jerdi qarmalap júrip, súymurıq qustıń párin tawıp alıp «yapırmay, bala, kózimdi qaltama salıp jibermedime eken» dep qaltasına qolın salıp jibergen edi, kózi bılq ete qaldı. Shayxı-abbaz oń qaltasındaǵı kózdi oń kózine, sol qaltasındaǵını sol kóziniń ornına salıp kózin úsh ret súymurıqtıń pári menen súykedi. Kózin shayday ashıldı. Biraq eki kózi atlasıp ketkenlikten shatırashlanıp tústi.

Shayxı-abbaz kózi ashılǵannan keyin basınıń awǵan jıǵına qaray kete berdi. Qalıń toǵaydıń ishi menen kiyatırsa, aldınan shıǵıp turǵan tútindi kórdi. Nede bolsa usı úyge barayın dep kirip barsa, otırǵan ǵarrını kórdi. Shayxı-abbaz ǵarrıǵa sálem berdi. Ǵarrı sálemin aldı.

— Ne qılıp júrgen balasań, balam? — dedi ǵarrı.

— Men bir adasıp júrgen balaman. Ulsızǵa ul, qızsız qız bolaman, — dedi bala.

— Onday bolsa meniń ulım da joq, qızım da joq. Maǵan bala bolaǵoy balam, — dedi. Áne Shayxı-abbaz ǵarrıǵa bala bolıp, ekewi sol jerde bola berdi.

Ǵarrınıń qılatuǵın kári Shaxabbazdıń sháhárine eshek penen otın tasıp kún keshiredi eken. Shayxı-abbaz bir kúni:

— Ata, sen sharshaǵan shıǵarsań, búgin otıńdı men shawıp keleyin? — dep soradı.

— Qoy, balam, ǵarrı atańnıń, ele otın shapqanday kúshi bar — dep Shayxı-abbazdı otınǵa jibermedi. Shayxı-abbaz ǵarrıdan baltanı jasırıp alıp shıǵıp, bir maydannıń ishinde tawday qılıp otıńdı úyip tasladı. Ǵarrı Shayxı-abbazdı taba almay toǵaydı aralap júrse, bir ayda tasıp bola almaytuǵın otınnıń sulap jatqanın kórdi. Bul balanıń isi ekenin bildi. Áne, bala ǵarrı menen kúneltip tura bersin, endigi sózdi Shayxı-abbazdıń keyninde qalǵan hayallarınan esitiń.

Shaxabbaz balasınıń eki kózin oyıp alıp, quw dalaǵa aparıp taslatqannan keyin, «kelinlerim maǵan tenelerin baǵısh etsin» dep jálladların jiberdi. Shayxı-abbazdıń hayalları «biz tenemizdi baǵısh ete almaymız, urıs kerek bolsa urısına shıǵa bersin» dep jibergen jálladların qaytarıp jiberdi. Bul xabardı esitkennen keyin Shaxabbaz patshanıń qattı qáhári keldi. «Kelinlerdiń birewin batır dep esitip edim, bulardı urısıp almasam, ózliginen qayılshılıq bermes» dep on segiz mıń láshkerin jıydırıp kelinleri menen urısıwǵa shıqtı.

Shayxı-abbazdıń hayalları da urısqa tayarlanıp atır edi. Batır qız ústine ájayıp lipasların kiyip, urıs maydanına bul da shıqtı. Shaxabbaz patsha urıstan jeńilgennen keyin, sháhárine barıp qaytadan láshker jıynadı. Patsha ásker jıynawın jıynasa da, buǵan urıs usılın úyretetuǵın adam tabılmadı. Usı waqıtta oyına bayaǵı toǵaydaǵı otınshı ǵarrı tústi. Bul ǵarrı Shaxabbaz patshanıń burınǵı ásker basshısı edi. Patsha qartaydıń dep áskerlikten shıǵarıp jibergen edi. Ǵarrınıń qartayǵansha patshanıń áskerlik xızmetinde bolıp, bala-shaǵasız, perzentsiz bolıwı usınnan eken. Áne, patsha sol ǵarrını shaqırıp kel dep eki jálladın jiberdi. Jálladlar ǵarrını patshaǵa shaqırıp keldi. Sol waqıtta Shayxı-abbaz ǵarrıdan:

— Ata, sizdi patsha nege shaqırıp atır? — dep soradı.

— Áy, balam, bizdi shaqırǵanınıń sebebi patsha kelinleri menen urısıp, on segiz mıń láshkerinen ayrılıptı degendi esitemen. Qaytadan ásker jıynaptı. Solarǵa urıs usılın úyretiwge adam tappay, bizdi shaqırtqan shıǵar deymen, bolmasa patsha meni ne qılsın — dedi.

— Ata, eger patsha saǵan urıs jolın úyret deytuǵın bolsa, men qartaydım, mennen on ese kúshli balam bar, sol balanı jibereyin. Biraq balama Shayxı-abbazdıń jaw-jaraǵın, atın berseń, seniń jawıńdı sol balam alıp berer, dep soraǵaysań — dedi.

— Ájep bolar balam — dedi de ǵarrı patshanıń aldına bardı. Patsha ǵarrıǵa:

— Seni shaqırǵanımdaǵı sebebim, sen burınǵı xızmetińde islep, tazadan alǵan áskerlerime urıs usılın úyreteseń – dedi.

— Patshahım, ózim bolsam qartaydım, at ústinde otırıwǵa shamam kelmeydi, kókiregim qısadı. Endi meni qozǵap ne qılasań. Meniń bir balam bar, ózi mennen on ese kúshli. Seniń jawıńdı bir qaytarsa, sol balam qaytarıp berer. Biraq oǵan Shayxı-abbazdıń atı menen jaw-jaraǵın berseń urısa alar da, oǵan basqa at shıdamas, — dedi. Bul sóz patshaǵa da maqul tústi.

— Olay bolsa, sol balańdı jiber. Shayxı-abbazdıń atı menen jaw-jaraǵın beremen. Jawımdı alıp berse, taxtımnıń jartısın berermen — dedi de ǵarrıǵa ruqsat etti.

Ǵarrı úyine kelip, Shayxı-abbazdı atası Shaxabbaz patshaǵa jiberdi. Bala patshaǵa kelip.

— Taqsır patshahım, keshegi ǵarrınıń balası biz bolamız, — dedi.

— Patsha balanı kiyindirip, astına óziniń atı menen jaw-jaraǵın berip urısqa jiberdi. Biraq Shaxabbaz óziniń balası ekenin tanımadı.

Shayxı-abbaz óziniń hayalları menen urısqa shıqtı. Azannan keshke-shekem urısıp birin-biri alalmadı. Hayalı urısıp atırǵanı Shayxı abbaz ekenin tanısa da, kóziniń qıysıqlıǵına kelgende tanımay qala beredi. Aqırsında bular dem alıwǵa óz jaylarına qayttı. Shayxı-abbaz atasına barıp arız etti.

— Men atama barıp ziyaratlap qaytpasam urısa almayman — dep Shaxabbaz atasınnan ruqsat aldı. Shayxı-abbaz ǵarrı atasına baraman dep, kesh bolǵanda hayalları jatqan saraydıń dárwazasın urdı. Kúni menen urıstan sharshap kelgen batır hayaldı uyqılatıp, eki hayal qarawıl tur edi.

— Kimseń? — dedi.

— Shayxı-abbazban — dedi.

— Joq, Shayxı-abbaz qashshan ólip qaldı. Sen Shayxı-abbaz emesseń — dedi hayallar. Hayalları dawsın Shayxı-abbazǵa usatıp, dárwazanı ashsa, túri-túsi usaǵan menen kózi usamaydı. Shayxı-abbaz sol jerde ózin tanıtıp, ishkerige kirdi. Túni menen hayalları menen birge bolıp kórgen-bilgenlerin aytısıp, jay-jaǵdaylar sorastı. Shayxı-abbaz hayalına:

— Erteń urıs maydanına shıqqanda, pesin waqtında seni at ústinen jıǵıp, nayza menen basıp turıp patshanı shaqırayın. Patsha attan túsip seni óltiriwge kelgende, men nayzanı kóterip jiberermen. Sen ornıńnan ushıp tur da, patshanıń gellesin qılısh penen qaǵıp tasla. Men óz atamdı ózim óltirmeyin — dedi. Bul aqıl hayallarına maqul tústi.

Shayxı-abbaz azanda erte menen atasınıń sháhárine keldi. Áskerlerin jıynap alıp, sol kúni hayalı menen jekpe-jek urısqa shıqtı. Pesin waqtı bolǵanda, Shayxı-abbaz hayalın attan qulatıp, nayza menen basıp turdı da:

— Shap dushpanıńdı! — dep atasın shaqırdı. On segiz mıń adamınan ayrılǵan ashıwlı patsha, atınan sekirip túsip kózdi ashıp jumǵansha qılıshın jalaqlatıp jetip keldi. Sol waqıtta Shayxı-abbaz nayzanı kóterip jiberip edi, batır hayal nayzanıń astınan zıp etip shıǵıp, patshanıń gellesin shawıp tasladı.

Shayxı-abbaz atasınan kegin alıp, saw-salamat hayallarına qosıldı. Atasınıń ornına patsha bolıp, qırq kún toy berdi. Xalıqtı ádillik penen sorap, maqset-muradına jetti.

## ÁDIL PATSHA

Burınǵı ótken zamanda bir patsha bolıptı. Bir kúni patsha arız sorap atırǵanda bir jigit kelipti. Patsha jigitti kórip:

— Ne arzıń bar? — dep soraptı.

— Talapker edim, ata — dep juwap beripti jigit. Sonda patsha:

— Haw balam, biz patsha, al sen bolsań talapkerseń bizlerge kúnlikshi salıw múmkin emes, talapker bolsań jurtta bay kóp, solarǵa barıp máp ete beriń, — deydi. Bala sonda:

— Joq taqsır, men joldastan jarlıman, tuwǵan-túwısqannan jarlıman. Bul jerge kelgenimniń sebebi bar. Erteń birew meniń haqımdı bermese, yamasa zorlıq qılsa, ya bir jaladan asılsa, meniń shaǵınatuǵın adamım joq. Sol ushın sizge belgili bolıw ushın otırman — deydi. Patsha oylanıp otırıp, bul bir aqıllı jigit eken dep:

— Balam, bizikinde bir-eki kún qonaq bola tur deydi. Bala patshanıń úyinde bir neshe kún bolǵannan keyin,

bir kúni patsha balanı shaqırıp alıp: — Balam, seniń atıń kim? — deydi.

— Atım Ádil — deydi bala. Patsha:

— Atıń da jaqsı eken, balam, jáne bir-eki kún úyde bola ber — dep miymanxanaǵa jiberedi.

Bir kúni patsha hayalına: — mına jigittiń sózi dúziw eken, atı da jaqsı eken, úyde bola berse qáytedi. Úyde qız bar, bári bir birew aladı, qızımızdı usı balaǵa bersek qáytedi? — deydi.

Bul gáp hayalına da maqul tústi. Sóytip bala patshanıń qızına úylenedi.

— Ádil, patshanıń bir balası bolǵannan keyin, arzagóyler patsha joqta Ádilge de arız etip, arzasın pitkerip qaytatuǵın boladı. Bul jaǵdaylardı esitkennen keyin, patsha bir kúni Ádildi shaqırıp alıp, óziniń orınbasarı eń jaqın wáziri bolıwdı usınadı.

Ádil patshanıń kúyew balası bolıp turıp, hámel alǵısı kelmeydi hám kelisim bermeydi. Onnan soń patsha Ádilge óz aldına el bólip berip, óz aldına bólek xan qılıp jiberedi.

Bir kúni patsha jılhq esabmda xalıqtan ónetuǵın salıqtı esaplap qarasa, júdá azayıp qalǵanın kóredi. Sebebi xalıq Ádil patshanıń ádilligin esitip, sonda kóship ketipti.

Bir kúni patsha onıń ádilligin óz kózi menen sınap kórmekshi bolıp, ápiwayı adam sıpatında kiyinip alıp, jolǵa rawana boladı. Ketip baratırsa, aldınan bir kóp kárwanlar ushırasadı.

Patsha kárwan basınan:

— Qayda barasızlar? — dep soraydı. Olar:

— Ádil patshanıń jurtına baramız, — dep juwap beredi.

— Onda meni de alıp ketiń? — deydi patsha. Kárwan bası:

— Ádil patshanıń eline alıp barsam, ne bereseń? — deydi.

— Mende sizlerge bergendey hesh nárse joq — dep juwap beredi patsha.

— Onda alıp ketpeymiz, biz birewdi aǵa dep mindirsek, birewdi ini dep mindirsek, bala-shaǵamızdı qalay asıraymız, — dedi kárwan bası. Patsha: «kók etimnen kesip bermesem, basqa beretuǵın zatım joq» degende, kárwan iyesi oǵan qayıl boladı. Sóytip eki qadaq etin kesip alıwǵa oǵan kelisim aladı. Biraq patsha: «Meniń etimdi alatuǵın bolsań, Ádil patshanıń aldında al» deydi.

Kárwan bası patshanı Ádildiń eline ákelip, anaw Ádildiń úyi dep kórsetip, bayaǵı kelisken etin talap etipti. Patsha: «Sen meni patshanıń aldına apar, kerегińdi sol jerde al» dep qansha ótinse de qılmaptı. Kárwan bası pıshaǵın qınınan shıǵarıp patshaǵa topıladı. Jan tatlı degen, patsha tura aydaptı. Qashıp baratırıp bir kishkene qorǵannan sekirgen eken, qarasa astında bir ǵarrınıń jatqanın kóredi. Patsha sekirgende kóleńkede uyqılap jatırǵan ǵarrınıń júrek awzınan basıp, ǵarrı sol jerde sespesten qatqan eken.

Ólgen ǵarrınıń úsh balası bar eken. «Úsh jigittiń ákesin bir gezip júrgen diywana tewip óltiripti degen xalıqtıń nasaq sózine qalmaymız» dep bular da patshanı uslap Ádil xanǵa baradı. Xan dáslep kárwan basınıń arızın qaraptı:

Ádil xan patshadan:

— Seniń eki qadaq etimdi beremen degeniń ras pa? — dep soraptı. Ol «ras» — dep juwap beripti. Sonnan soń kárwan basıǵa «sen usı nárseni qoyaǵoy, adamnıń etinen et kesip alıw degen qıyın nárse» dep táwelle

etipti. Kárwan bası hesh kelisim bermepti. «Onda erteń arız waqtına kele-ǵoy» — dep ruxsat etipti.

Ákesi ólgen úsh jigit xanǵa arız etipti. Ádil xan patshadan óltirgeniń ras pa dep soraydı. «Kárwan basıdan qashıp kiyatırıp bir diywaldan sekirgenimde bir adamdı óltirgenim ras» — dep juwap beripti. Buǵan da Ádil táwelle saladı. «Sizler qoyaǵoyıń ǵarrınıń ájeli shıǵar, bári bir qaytıp tirilmeydi» deydi. Bular hesh kelisim bermegen soń bularǵa da erteń keliwge ruxsat etipti.

Erteńine kárwan bası arzıǵa kelip, eki qadaq góshin talap etedi. Sonda Ádil tárezi ákeldirip, eki qadaq tas salıp: «Endi kes. Biraq saǵan mınaday shárt qoyaman. Bir keskende eki qadaq et keseseń artıq kesseń de óltiriemen, kem keseń de óltiremen» deydi. Kárwan bası oylanıp turıp, bul qıyın is eken dep patshadan juwap alıp jónine ketipti.

Endi ákesi ólgen úsh jigit keledi. Ádil bularǵa «ákeńizdiń ájeli shıǵar, ákeńizdi jerley qoysańız bolmay ma?» — dep táwelle saladı. Bular lebizinen qaytpaydı. Sonda xan: — men usı ǵarrım seniń ákeńniń jatqan jerinde shalqasınan jatqaraman.

Usı kisi sekirgen diywaldan birewińiz sekiresiz. Júreginiń awzına túsip, óltirseńiz óltirgenińiz, eger de óltire almasańız, ózińiz ólimdar bolasız, — depti.

Balalar oylasıp kelip: «Bunı óltire almaspız, gúnasın keshtik» — dep úylerine qaytısıptı. Bularǵa kewli tolǵan qálender bolıp kelgen patsha atası ózin tanıtıptı:

— Mennen seniń Ádilligiń ótken eken. Barlıq jurttı sen sora balam, — dep Ádilge ruxsat etipti. Ádil eki patshalıqtı bir qosıp, aqılı menen jarlıdan patsha boladı. Ádil patsha, patsha atanıp murat-máqsetine jetipti.

## BEKIMBET BAQÍL

Burıńǵı ótken zamanda Bekimbet degen bir kisi bolıptı. Ol adamnıń baqıl degen laqabı bar eken. Sonlıqtan da adamlar onı Bekimbet baqıl dep aytıptı. Bekimbet baqıldıń úyinde úsh balası menen bir kempiri, besewi birge turadı eken. Bir kúnleri kempir qattı qáste bolıp awırıp, aradan on kún ótkende qaytıs bolıptı. Bekimbet baqıl tek úsh balası menen qaladı. Kempirinen ayırılǵan baqıl endi meni úsh balam asırar-aw dep úyindegi bar dúnyasınıń erkin balalarına beredi. Sóytip balalarına: «Men endi úyimdegi bar dúnyamdı sizlerge bólip berdim, endi men dúnyanı burıńǵıday etip qısıp jumsamayman, endi dúnyanı sizler ózleriń alıńlar, ózleriń jumsańlar, men sizler turǵanda qor bolmaspan» deydi.

Balaları ákesiniń barlıq dúnyasın óz qollarına alǵannan keyin, ákesine qaramaydı. Dúnyanıń kúshi menen kúni-túni toy mereke izleydi.

Bar dúnyasınıń erkin úsh balasına berip, dúnyadan ayrılǵan Bekimbet baqıl, balaları qaramaǵan soń qańǵırıp dalada qaladı. Ári-beri balalarım qayrılar-aw, meni baǵar-aw, dep oylaydı, biraq hesh qaramaydı.

Balalarınıń qaramaytuǵınlıǵına kózi jetken Bekimbet baqıl balalarına bir sumlıq oylaydı. Sóytip eń úlken balasın bir kúni shaqırıp alıp mınaday deydi:

— Saǵan bir sózim bar, eger qalǵan eki balama aytpasań, — deydi, Bekimbet baqıl.

— Aytpayman, — deydi balası.

— Onda meniń usı otırǵan tósegimniń astında bir gúze altın bar, men ólgen soń onı sen al, anaw ekewine aytpa, — deydi. Bekimbet baqıl balasına. Úlken balası ákem ólse, bir gúze altın aladı ekenmen dep ákesin hesh kimge aytpay baǵa beredi.

Onnan keyin Bekimbet baqıl ortanshı balasına aytadı — Mına meniń tósegimniń astında bir gúze altın bar, eger men ólsem sonı al, biraq ol tuwralı ana ekewine aytpa — deydi. Buǵan ortanshı balası da qayıl boladı. Ol da ákesi ólse: bir gúze altındı aladı ekenmen dep hesh kimge aytpay ákesin baǵa beredi.

Bir kúni Bekimbet baqıl eń kishkene balasın shaqırıp alıp, oǵan da jańaǵı eki balasına aytqanday etip aytadı. Oǵan kishkene balası da qayıl bolıp, ákem ólse, bir gúze altın aladı ekenmen, dep ol adamǵa aytpay baǵa beredi. Sóytip qaramay ketken balaları altındı aytqan soń ákesine qayırqom bolıp, baǵa beripti

Aradan biraz jıllar ótken soń Bekimbet baqıl da dúnyadan qaytıptı. Ákesin aq jawıp, arıw kepinlep úsh balası jaqsılap kómipti. Qoyımshılıqtan kishkene balası, ana ekewinen góre úyine erterek ketipti. Eki aǵası kelse, kishkene inisiniń úyde atasınıń otırǵan jerin qazıp atırǵanın kóredi. Eki aǵası, onnan «ne qılıp atırsań» dep sorasa inisi aytadı «Maǵan ákem usı otırǵan jerimde bir gúze altın bar, men ólgen soń sonı alarsań dep edi», — deydi. Úlken aǵası turıp: «maǵan da solay dep edi» deydi. Ortanshı aǵası «maǵan da bir gúze altın bar, sonı alarsań» — dep edi deydi. Onnan keyin úshewi kelisip, altındı bólisip alıw ushın birge qazadı. Bir waqıtları adam boylı jerden bir ógizdiń shaqı shıǵadı, sol ógizdiń shaqınıń ishinen qaǵazǵa jazılǵan xat tawıp aladı. Alıp oqıp kórse, ákesi mınaday:

Bekimbet baqıl
Ákeniń kóp bolar balada haqı,
Balalarım meni asıraydı ǵoy dep.
Bar dúnyamdı,

Úsh balaǵa teń bólip,
Ózi dalada qarawsız qalǵan,
Bekimbet baqıldıń óńmenine,
Usı ógizdiń shaqı!

dep jazǵan eken deydi. Sol waqıtta Bekimbet baqıldıń úsh balası «waq» ákemizge qaramaǵan ekenbiz-aw, ol danalıq penen bizlerdi ózine qayırıp alǵan eken, sóytip ólsem qaramay ketkenleri yadına tússin dep aqıllılıq penen islegen eken, altınnıń ózi emes, altınday nárse qaldırǵan eken, dep burınǵı islerine ókinip, ákesinen pánt jep tursa sol awıldıń kóp adamları bulardıń ústine keledi. Kelgen adamlar ógizdiń shaqına tıǵıp, adam boylı jerge kómip jazıp taslap ketken xatın hámme kórdi, hámme oqıydı.

Endi ne isleymiz dep úshewi turıp oylasıptı. Sonda eń kishkenesi turıp aytıptı: «bizler úshewimiz de adamlarǵa barayıq, sóytip endi ne qılamız dep oylasayıq» — depti. Onıń sózi hámmesine maqul túsipti. Solay etip, úshewi de adamlarǵa barıp, bolǵan waqıyanı aytıp berip, olardan keńes soraptı.

Adamlardıń bul balalarǵa miyrimi kelip, doslıq hám durıs másláhátların aytıptı:

Barlıq waqıtlarda da ata-ananı húrmetlep, olarǵa jaqsı xızmetler etiw kerek, sonda ǵana xalıqqa xızmet ete alasızlar. Balalardıń ata-anaǵa miyrimli ekeni sonda belgili boladı.

Ata-anadan tuwılǵan balalar awız birlikli bolıp jasaw kerek, sonda olardıń arasında: húrmet-sıylasıq, doslıq hám tatıwlıq boladı.

Xalıqtıń usı miyrimli hám durıs máslahátlarınan keyin Bekimbet baqıldıń balaları bir-biri menen dos hám húrmet

sıylasıqlı bolıp jasaptı. Ata-ananıń balalarınıń bári de usılay jasaǵanı jaqsı.

## AQ KEWILLI JIGIT

Bir kúni bir jigit japtıń jaǵasına barıp bet-qolın juwıp, samallap otırsa, suwda ıǵıp baratırǵan bir almaǵa kózi túsedi.

Jigit almanı alıp, almanıń iriligine, xosh húreyli iyisine miyiri qanıp jey baslaydı. Jigit almanıń jartısın jegen waqıtta jigittiń basına bir oy keledi. «Men ǵoy bul almanı hesh kimnen soramay jep atırman. Bulay etkenim qalay? Múmkin bul almanıń bir jerlerde iyesi bar shıǵar. Ele de bolsa iyesin ırazı etip jeyin» dep jigit almanıń qalǵanın qolına alıp, japtı jaǵalap kele beredi.

Bir jerlerge barǵanda, japtıń boyında ósip turǵan baǵdı kóredi. Sol baǵda bir túp alma jaǵaǵa kútá jaqın ósip turǵan eken. «Bul alma sirá dá usı baǵdan shıǵar» dep oylaydı jigit. Baǵqa kirip barsa, alma qaǵıp júrgen bir ǵarrını kóredi. Jigit ǵarrı menen kórisip, hal-awhal sorasqannan keyin óziniń ne ushın bul jerge kelgenin aytadı. Ǵarrı jigittiń sózin esitip;

— Balam — azanda alma qaǵıp atırǵanda bir alma suwǵa túsip ketip edi, sol alma shıǵar. Túri de biziń baǵdıń almasına uqsaydı. Balam seniń bul aq kewilińe ırazıman. Endi mına baǵda qálegenińshe qıdır, qálegenińshe je! — depti. Sonnan keyin ǵarrı:

— Balam meniń eki ayaǵı, eki qolı, eki kózi, eki qulaǵı, tili joq — sonday bir taqılettegi bir qızım bar edi, sizge sonı miyasar kórdim, — depti. Jigit buǵan qayılshılıq beredi. Sóytip ǵarrı jigitke qızın kórsetse, ay dese awzı, kún dese kózi bar bir periyzattay qızdı kóredi. Sol waqıtta jigit:

— Haw siziń bunıńız qalay? Siz mağan eki ayağı, eki qolı, eki kózi, qulağı, tili joq dep edińiz. Al bul qızıńız olay emes, ay dese awızı, kún dese kózi bar periyzat ğoy. Men bul qızıńızdı almayman. Mağan aytqan qızıńızdı tawıp berseńiz, — depti.

— Bárekella balam, sizge meniń eki ayağı joq degenim — biymezgil kóshege shıqpaydı, eki qolı joq degenim — námárámniń qolınan almaydı, al eki kózi joq, eki qulağı joq degenim —námárámniń júzini kórmegen, biyhasıldıń sózin esitpegen edi. Al tili joq degenim — hesh kimge qattı sóylep, qattı sóz aytpağan edi, — depti ğarrı.

Bunnan keyin jigit qızğa qosılıp, ğarrı úlken toy berip, eki jastıń haq nekesin qıydıradı. Bunnan soń jigit qızdı alıp, jartı almanı bólisip jep awılına alıp qaytadı.

## ÓJET BALA

Burıngı ótken zamanda ağayinli úsh jigit jasaptı. Olar júdá jarlı eken. Kúnlerden bir kún bular oylasıp, talap islemekshi bolıptı. Úlken ağası talap islemege basqa bir awılğa ketip, bir baydıń úyine baradı. Bay turıp:

— Sen ne islep júrgen jigitseń? — deydi.

— Talap izlep júrgen adamman, — deydi jigit.

— Talap izıeseń mende talap bar, biraq bir shártim bar, soğan kónseń jumıs beremen, — deydi bay.

— Ayt, qanday shárt?

— Hár kim ashıwlansa, óltirgeyli bolsın, shártim sol — deydi bay. Jigit oylanıp turıp:

— Shártińdi qabıl aldım, isleyin,— deydi jigit. Bay erteńine jigittiń aldına eki júz mal saladı da, hár kúni túyeniń kózindey zağara menen bir quman suw berip

turadı. Jigit bir neshe kúnnen ashlıqtan malǵa ere almaytuǵın awhalǵa ushıraydı. Bul burınǵı kúnnen de jaman boladı. Bay bayaǵı shárti boyınsha, usı waqıttan paydalanıp, jigitti «malǵa jete almaysań» dep azaplaydı. Jigit:

— Kúnine bergeniń túyeniń kózindey nan, men qalay malǵa jeteyin — dep ashıwlanadı. Bay jigitti ashıwlanǵanı ushın óltirip taslaydı.

Kúnlerden bir kún ólgen jigittiń ortanshı inisi aǵasınan xabar bolmay ketkennen keyin «aǵamdı kóreyin hám talap isleyin» dep kiyatırıp, bayaǵı aǵasın óltirgen bayǵa tap boladı.

Bul da baydıń malın baǵıp júrip ashlıqtan ashıwlanǵanı sebepli baydıń qolınan ólip ketedi.

Eki aǵasınan xabar bolmaǵannan keyin aǵaların izlep, eń kishi inisi jolǵa shıǵadı. Bala aǵaların óltirgen baydıń awılına kelip, awıl shetinde bir úydiń janında turǵan bir úlken adamǵa ushırasıp kiyatırǵan jumısınıń jónin aytıptı:

— Ata, meniń eki aǵam talap izlep ketip edi, hesh qanday xabar bolmadı, bul jerge onday adam kelgenin bilermisiz, — deydi. Sonda jası úlken adam bılay deydi:

— Shıraǵım, saǵan bir sır aytayın, anaw turǵan úyde bir bay bar, kim talap izlep kelse, sonıń úyine baradı. Biraq kim ashıwlansa, óltiretuǵın shárti bar. Jaqında eki jigit kelip, usı baydıń xızmetin isledi. Bay ashıwlandırıp, ekewin de óltirdi. Mágar bolsa, sol eki adam seniń eki aǵalarıń bolar. Biraq saǵan meniń pándiw násiyhatım, meni ayttı dep júrme, — dep jigitti baydıń úyine siltep jiberedi.

Áne, bala baydıń úyine keledi.

— Há bala, ne qılıp júrseń? — deydi bay.

— Talap izlep júrmen, — deydi bala.

— Talap izlep júrseń mende jumıs bar, biraq meniń bir shártim bar, orınlasań isleyseń, — deydi.

Ayt shártińdi? Orınlayman! — deydi jigit.

— Kimde-kim ashıwlansa, óltirgeyli, áne meniń shártim, — deydi bay. Jigit oylanıp turmastan:

— Jaqsı jumısıń bolsa isleyin, — deydi.

Bay jigittiń aldına eki júz bas mal saladı da, qolına túyeniń kózindey zaǵara menen bir quman suw berip malǵa jiberedi. Bir tislem nan uzaq kúnge ne bolsın, jigit mallardı óriske aydap jiberedi de, bir ógizin soyıp jeydi. Keshte qosıǵın aytıp maldı aydap qaytıp keledi. Bay mallardı túwellese, bir ógizi joq bolıp shıǵadı.

— Ógiz qayda? — deydi bay baladan.

— Bergeniń túyeniń kózindey jalǵız zaǵara, ol ne bolsın maǵan. Ash boldım, onnan keyin ógizdi soyıp jedim. Há bay aǵa ashıwlandıń ba? — deydi bala.

— Joq shıraǵım, ashıwlanǵanım joq, — deydi bay ishinen kúyinip.

Áne, usı ádeti boyınsha bala eki júz maldıń hámmesin soyıp jeydi. Bay barlıq malınan ayrılǵanına ashıw qıstaǵanınan jarılayın dep otırǵanınıń ústine baydıń bir tentek balası kelip tentekshilik etipti. Bay usı waqıtları «usı balanı jerge tartıp urarma edi» — dep aytıp awızın jumǵansha bolmay jigit balanı paqsaǵa tartıp uradı. Bala sespey qatadı. Sol waqıtta bay turıp:

— Bul ne qılǵanıń?! — deydi ashıwlanǵanın bildirmey.

— Óziń ǵoy tartıp urar ma edi degen. Bay aǵa, ashıwlandıń ba? — deydi jigit bilmegensip.

— Joq, nesine ashıwlanayın, ashıwlanǵanım joq, — deydi bay.

Bay balasın jayǵastırıw ushın qoyımshılıqqa alıp baratırıp balaǵa:

— Sen úyden ketpen menen bel alıp júr, — deydi. Bala ketpendi taslap beldi alıp baradı.

— Ketpen qayda? — deydi bala.

— Kempiriń bermey qaldı, — deydi bala.

— Hásseniy, sol kempirdiń mańlayına uratuǵın kempir da.

Bar ketpendi alıp kel, sheńgel shabamız, — deydi. Jigit juwırıwı menen baydıń úyine baradı da, ketpen menen kempirdiń mańlayına bir urıp, sespesten qatıradı. Sóytip ketpendi ákelip beredi. Bay balasın jerlep bolǵannan keyin úyine kelse, kempiriniń ólip atırǵanın kóredi. Sol waqıtta jigit:

— Bay aǵa, ashıwlandıń ba? — deydi.

— Haw, sawmısań óziń, buǵan da ashıwlana ma eken, ashıwlanǵanım joq, — deydi bay.

Ózi qılǵanǵa ókinbes degen, bay anasın jayǵastırıp bolǵannan keyin baydıń maqtawlı bir atı bar eken, sol atı shanshıwlap awıradı.

Bay atım ter qıstaw bolǵan shıǵar dep, balanı shaqırıp alıp.

Mına attı qızdırıp, terletip ákelip ornına bayla — dep atın qońıltaq ertlep balanıń qolına beredi. Bala attı órden ıqqa shawıp, ákelip ornına baylaydı. At kóp uzamay jan tapsıradı.

— Bul ne qılǵanıń? — deydi bay ashıwlanbaǵan pishin bildirip:

— Bay aǵa, ashıwlandıń ba? — deydi bala.

— Joq, ashıwlanǵanım joq — deydi bay. Keshte bala uyqılaǵan bolıp jata qaldı. Bay hayalına:

— Biziń hesh nársemizdi qoyatuǵın túri joq, bul báleden qashıp qutılayıq, bolmasa ekewimizdi de óltiredi, bul sózsiz. Sen házir bawırsaq pisirip, arshaǵa salıp

tayarlap qoy, biyege artıp qashamız, — deydi. Baydıń hayalı bawırsaq pisirip, arshaǵa da salıp, hámmesin tayarlap qoyadı.

— Al endi ne qılamız? — deydi, baydıń hayalı.

— Azıraq uyqılap alayıq, onnan keyin ketemiz — dep olar uyqılap, qaladı. Bay menen hayalı uyqıǵa kettiaw degen waqıtta bala ornına kelini ákelip qoyadı da shapanın jawıp, ózi bawırsaq salǵan arshaǵa kirip, jatıp aladı. Bay tań azannan turıp hayalına:

— Júr, mına bále uyqılap atırǵanda ketip qalayıq — dep bawırsaq salǵan arshanı kók baytalǵa artıp, jolǵa rawana boladı. Kóp júristen keyin bir aǵashtıń sayasına barıp:

— Hayal, endi báleden qutıldıq, bawırsaq alıp jeyik, baytaldan arshanı túsirip al, — deydi bay. Baydıń hayalı arshanı baytaldan túsirip, bawırsaq alayın dep atırǵanda, ishinen bayaǵı bala shıǵa keledi. Bay arshanıń ishinen shıqqan balanı kórip:

— Haw, sen de kiyatırsań ba? — deydi

— Awa, jalǵız ózim sizlerden qalǵım kelmedi. Há, bay aǵa, kelgenime ashıwlandıń ba? — deydi bala.

— Joq, kelgenińe ashıwlanbayman, — deydi bay. Bular sol ketkennen birge kete beredi. Bir awılǵa jaqınlaǵanda bala kóp adamlardıń jıynalıp atırǵanın kóredi.

— Bay aǵa, men sol adamlarǵa barıp, ne ushın jıynalıp atırǵanın bilip keleyin! — deydi.

— Baraǵoy — dep bay ruxsat etedi de, «barǵanıńnan kelmegeyseń» dep ishinen ǵarǵap qaladı.

Jigit jıynalǵan kópke barsa, sol eldiń patshasınıń balası awırıp ólim aldında jatqan eken. Usı adamlar soǵan kelgen adamlar eken. Sol waqıtta bala patshaǵa bılay deydi:

Seniń balańnıń emin men aytaman, eger sonı isleseńiz táwir bolıp ketedi — deydi. Patsha jigitten qanday em ekenin soraydı.

Anaw ketip baratırǵan kók baytallı baydı uslap ákelip, astındaǵı baytalın soyıp, ókpe-bawırın balaǵa jegizseńiz, balańız házir-aq turıp ketedi — deydi. Patsha eki jasawıl jiberip baydı quwdırıp ákelip, astındaǵı baytalın balasına soyıp beredi. Solay etip, bala baydan óshin aladı hám patshanıń eń isenimli wáziri bolıp, maqset-muradına jetipti.

## KÚNLIKSHI

Burınǵı ótken zamanda bir patsha bolıptı. Kúnlerden bir kúni patsha patshalıq kiyimin taslap, ústine jay adamnıń kiyimin kiyip, xalıqtıń turmısm kóriwge shıǵıptı. Patsha kóp jerlerdi aralap kiyatırsa, bir baydıń nambarın awdarıp atırǵan kúnlikshiniń ústinen shıǵadı.

— Haw jora, bir kúnge neshe teńge alıp islep atırsań? — deydi patsha óziniń kim ekenin sezdirmey.

— Bir teńge alıp isleymen — dedi diyqan.

— Bir teńge kóp ǵoy, onı ne qılasań?

— Áy jora, teńge tórt shayı boladı. Onı óziń bileseń. Bir shayını qarızıma beremen, bir shayını qarızǵa beremen, bir shayını hayalımız benen awqat qılamız, al bir shayını suwǵa taslayman, sonıń menen tórt shayı ornın tabadı. Bir teńge kóp bola ma? — dedi.

Áne, patsha oylanıp «bir teńgeni qarızǵa beredi, qarzına bere di, hayalı menen awqat qıladı jáne suwǵa taslaydı, shınında bul alǵan haqısı kóp emes eken. Erteń shaqırıp alayın, bunıń mánisin sorayın, eger aytpasa darǵa asıp óltireyin» dep patsha sarayına qayttı. Patsha

erteńine bir adam jiberip, diyqandı aldına aldıradı. Diyqan tártip saqlap, patshanıń aldına keledi.

— Qáne diyqan, keshegi aytqan sózińniń mánisin ayt. Ózi tórt shayı, ol da jetpeydi deyseń. Birin qarızıńa, birin qarızǵa, birin awqat qılaman deyseń, al birin suwǵa taslayman deyseń. Jetpese ne ushın suwǵa taslaysań? — dedi patsha.

— Qullıq taqsır, bir shayını qarızıma beremen degenim meniń úyimde ata-anam bar, olardan qarızım kóp, bir shayım solar ushın jumsayman. Bir shayını qarızǵa beremen degenim meniń balalarım, qızlarım bar, sol erteńgi kúni qartayǵanda meni asıraydı. Sonıń ushın bir shayını solar ushın jumsayman. Bir shayım hayalım menen awqat qılaman. Bir shayıǵa duz alıp, suwǵa salaman, hesh tatımaydı. Siziń patshalıq dáwiriińizde duz kútá qımbat, bir shayım suwǵa ketken menen barabar — deydi diyqan.

Patsha diyqannıń bul sózin esitip, sol waqıtlardan baslap xalıq penen sanasıp, ne kerekleri bolsa, óz waqtında jetkerip beretuǵın bolıptı. Xalıq aqıllı diyqannıń ádil sózi arqalı kem-kemnen abadan turmısqa jetisipti.

## JETIM QÍZ

Ertede bir zamanda bir jarlı diyqan bolıptı. Onıń bir hayalı bir qızı hám mal degennen bir kók sıyırı bolıptı. Kúnlerden bir kún diyqannıń hayalı ólip, qızı jetim qaladı. Bir kúni diyqan hayalı ólgennen keyin izinde bir qızı bar hayal aladı. Ol hayalı jetim qızǵa qatal zulımlıǵın ótkerip, otırsa basına, tursa ayaǵına urıp kún bermeydi de, óz qızına sonday jayma-shuwaq jaqsı boladı. Aqırında ógey ana jetim qızǵa kók sıyırdı jetegine berip baqtırıp

qoyadı. Onıń menen qoymay, keshte kelgende sen baqqalı sıyırdan sút shıqpaydı dep uradı, suw ishpegenlikten sıyırdıń shaqı qıysayıp ketipti dep jáne uradı. Al ǵárez basınan tayaq ayırmaydı.

Bir kúni jetim qızdıń ógey anası «jıǵılǵanǵa judırıq» degendey, kók sıyırdı baǵıp júrip, jip etip iyirip keleseń dep qolına bir shuwmaq paxta beredi. Jetim qız kók sıyırdı jetelep, bir shuwmaq paxtanı qolına alıp, dalada jılap-eńirep júre beredi. Sol waqıtta kók sıyır «shıraǵım»: «sen jılama, men qolıńdaǵı paxtanı jeymen, onnan kenyin art jaǵıma shıǵıp jipti keleplep ala ber» deydi. Jetim qızdıń kóz jası qabıl bolıp, paxtanı kók sıyırǵa beredi de, art jaǵınan jipti keleplep ala beredi. Kesh boldı. Qız kók sıyırın jetelep úyine kelip, keleplengen jipti ógey anasına berdi.

Jetim qız jipti ógey anasına berip jaqsılıq tappadı, «Sen bul jipti qaydan aldıń» — dep jáne urdı. Erteńine sol jipti qızdıń qolına berip turıp: «sen usı jipti bóz etip alıp keleseń» dep bir shappat urdı. Qız jılap sıqlap sıyırın jetelep shıǵıp ketedi. Kók sıyır qızǵa «sen jılama, jipti maǵan ber, men bóz etip shıǵaraman» — dep jipti jalmap-jalmap jutıp jiberedi. Qız sıyırdıń artına shıǵıp, bózdi qarılap ala baslaydı. Jetim qız keshte bózdi ógey anasına ákelip berdi. «Sen bul bózdi qaydan aldıń?» — dep qızdı taǵı uradı.

Áne, sóytip júrgende jetim qız on bes jasqa, ógey anasınıń izine erip kelgen qız da on bes jasqa keldi. Bir kúni jetim qızdıń ógey anası «usı kók sıyırda bir bále bar shıǵar, bum joq eteyin» dep jortaǵa awırıp, bayına:

— Sen sıyırdı soyıp bermeseń meniń táwir bolatuǵın túrim joq — deydi. Bunnan keyin qız kók sıyırdan ayırılatuǵınına qapa bolıp jılap júrgende, kók sıyır qızǵa

«sen jılama, meni erteń soyǵannan keyin etimdi jeme. Onnan keyin súyeklerimdi dalaǵa shıǵarıp tasla der, sen bir aǵashtıń túbine aparıp kómgeyseń. Súyeklerim seniń kiyetuǵın kiyimleriń bolar» deydi. Erteńine kók sıyırdı soyıp etin astı. Qız etten jemedi. Hámme jep bolǵannan keyin qız sıyırdıń súyeklerin jıynap-terip, bir aǵashtıń túbine aparıp kómip tasladı.

Áne, qız kók sıyırdan da ayırıldı.

— Seniń endi baǵatuǵın sıyırıń joq, mınanı ayır — dep ógey anası qızıl tarı menen aq tarını aralastırıp, bir qap tarı ákelip beredi. Qız bunı qalay ayırarın bilmey, jılap-eńirep otır edi, qızdıń burın dán salıp júrgen tawıqlarınıń ishinen bir aq tawıq penen qızıl tawıq kelip, «jılama, ájapa, bizler kómek beremiz» deydi. Qız bir qap tarını tógip jiberedi. Tawıqtıń birewi aq tarını, birewi qızıl tarını ayırıp bir zamanda terip boladı. Qız kesh bolǵanda bir qap tarını ógey anasına ákelip beredi.

Kúnlerden bir kún sol awılda úlken toy boladı. Jetim qızdıń ógey anası óziniń qızına jaqsı kiyimlerdi kiydirip, toyǵa alıp ketpekshi boldı da, jetim qızǵa:

— Mınaw tawıq quriq bolıp júr, usınıń astına on bes máyek salıń! men kelgenshe shóje etip shıǵartıp qoy, bolmasa mennen óleseń — dep qurıq tawıqtı kórsetti de ózi qızın eritip toyǵa ketti. Bir kún ishinde shóje shıǵarıw ońay ma, qız jılap qala berdi. Qız ne qıların bilmey jılap otırǵanınıń ústine, bayaǵı kók sıyırın baǵıp júrgende, ara-tura jarma-jawǵan iship turatuǵın bir tanıs kempiri bar edi, sol kempir keldi. Kempir, jılap otırǵan qızdıń hal jaǵdayın soradı. Qız ógey anasınıń tapsırıp ketken jumısın ayttı.

— Qızım, bul ushın hesh qıynalma, bunıń ilajın ózim isleymen — dep, tawıqtı uslap alıp astına on bes máyekti

saldı. Onnan keyin úyine barıp jańa ǵana shıǵarǵan on bes shójeni tawıqtıń astına ákelip saldı da, máyeklerdi shaǵıp-shaǵıp tawıqtıń qaptalına tasladı. Tawıq shójelerin ertip dalaǵa shıǵıp kete berdi.

Áne, qız tapsırılǵan jumıstı pitkergennen keyin, toyǵa barıp qaytayın dese, ústinde taza kiyimi joq qapa bolıp otırǵanında, bayaǵı kók sıyırdıń súyegi esine túsedi. Qız juwırıp barıp, sıyırdıń súyegin ashıp qarasa, hár túrli hasıl kiyimlerdiń turǵanın kóredi. Qız hasıl kiyimlerin kiyip, toyǵa baradı. Toy basqarıp júrgen adamlar qızdı kórip, úyge kirgizip, tórden orın beredi. Bul úyde bayaǵı ógey anası menen qızı otır eken, olar esik betke shıǵıp ketedi. Bir maydan otırǵannan keyin qızdıń ógey anası qızı menen ekewi esik betke shıǵıp ketkenligine ópkelep toyxanadan shıǵıp, úyine qayttı. Biraq jetim qızdıń kóp otırıwǵa shaması bar ma, ógey anası ketkennen keyin asıǵıp bul da ketedi. Sóytip asıǵıp-albırap júrgende, bir ayaǵınıń zerli gewishi túsip qaladı. Qız juwırıwı menen ógey anasınan burın kelip, ústindegi kiyimlerin sheship taslap otıra beredi. Ógey anası úyine kelip, bayaǵı shójelerdi kóredi. Sol waqıtta jetim qızdı shaqırıp alıp bir kúnde tawıq shóje shıǵara ma, bul ótirik dep ólgenshe uradı. Qız tayaqqa sileyip jılap jatıp qaladı.

Áne, sol waqıtta sol eldiń patshası ólip, onıń ornına patsha bolatuǵın adam tabılmay tur edi. Usı waqıtta bayaǵı qızdıń túsip qalǵan taq gewishi wázirdiń qolına túsip «usı gewish kimniń ayaǵına bolsa, sonı patsha etemiz» — dep jar urdıradı. Biraz qızlardıń ayaǵına kiygizip kórip edi, hesh bolmadı. Sonıń menen bayaǵı jetim qızdıń úyine keledi. Ógey ana qızǵanıp, qızdı tandırdıń ishine salıp jasıradı. Usı waqıtları bayaǵı qızıl

tawıq tandırdıń basında qoqaqlay beredi. Bunı jasawıllar bilip, tandırdıń ishine úńilse, bir qızdıń jatırǵanın kóredi. Jasawıllar qızdı tandırdan shıǵarıp alıp, ayaǵına taq gewishti kiygizip kórip edi, ayaǵına shap-shaq boldı. Gewish usı qızdıń gewishi ekenin biledi. Jasawıllar qızdı alıp ketip, xalıqtı jıynap patsha qoyadı.

Áne, qız patsha kiyimin kiyip, elge jetim qız Ádil patsha bolıp, xalıq abadanlıqta jasaydı.

## AQÍLLÍ QATÍN

Ertegim ertek, qulaǵı shertek, bir ras bolsa, biri ótirik, áytewir burında bir ǵarrı, kempir jasaptı. Ortasında bir balası bolıptı. Balası ananı anaday, mınanı mınaday etip isle dese islep, al ózliginen bilip, hesh nárse islemeydi eken.

Ǵarrı qartayıp óler halında balasın shaqırıp alıp bılay depti:

— Al, balam, endi men qartayıp óler halıma keldim. Men saǵan házir úsh násiyat beremen, men ólgennen soń, solardı buljıtpay orınla, bul seniń baxıtlı bolıwıńa járdem etedi. Birinshiden, ózińnen úlken adamnıń tómeninde, ózińnen kishi adamnıń joqarısında otır. Ekinshiden mayda sóyleme, iriden sóyle, al úshinshiden bolsa, háptesine bir ret ústińdi jańalap kiy. Al balam, aqıldan adasıp , qısılǵan jerinde qatınıńnan aqıl al.

Meniń násiyhatım usı, usılardı yadıńnan shıǵarma, — depti. Ǵarrı balasına qız alıp berip, kóp uzamay-aq dúnyadan ótipti.

Bala atası ólgennen keyin qonaqqa yamasa otırspaqqa barǵan jerinde, adamlardıń úlken kishisin parıqlamay tórdegi jıynawlı tósektiń ústine shıǵıp otıradı eken.

Joraları «bul ne qılǵanıń» dese, «áy, joralar atamnıń berip ketken násiyhatı edi» — dep juwap beredi eken. Ol bunısı menen turmay «úlken-úlken arbalar, úlken-úlken jollar, úlken-úlken túyeler» dep qayta-qayta awzına kelgenin sandırıqlaydı. Joraları urıssa, «áy, joralar atamnıń bergen násiyhatı bolǵan soń aytıp júrmen» dep juwap beredi eken. Jáne háptede ústińdi jańalap kiy degen atasınıń násiyhatı boyınsha, hápteden bir jańa kiyim satıp alıp, burıńǵı kiyimlerin adamlarǵa úlestirip jibere beripti. Sóytip atasınan qalǵan barı-joq ǵárejetin de joq qılıp bolıptı. Jigit barı-joǵınan ayrılıp hám joralarına masqara bolǵannan keyin bayaǵı atasınıń qatınıńa oylas degen násiyhatı esine túsip hayalına kelipti.

— Atamnıń násiyhatın tıńlayman — dep úlken bálege qaldım, endigi jaǵına óziń aqıl bermeseń, áwere boldım — depti.

Sonda hayalı:

— Ey shabazım, endi óz aqılıń menen bara ber, aqıl beretuǵın jaǵdaydan ótip kettiń, óytkeni sen atańnıń durıs aqılın teris túsindiń. Sen óz waqtında meniń menen aqıllaspadıń, endi ne qılsań sol qıl, meniń saǵan beretuǵın aqılım joq — depti.

Sonda jigit:

— Ótken iske ókiniwdiń keregi joq, ótken is ótip ketti. Endi maǵan aqıl ber, meni durıs jolǵa sal, endi men ne islewim kerek, aytqan aqılıńdı isleyin — dep jalınıptı. Hayalı kúyewiniń qátesin moyınlaǵanına isenip:

— Shabazım, olay bolsa, sen tıńla. Sen atańnıń bergen násiyhatına túsinbey, kóp aqılsızlıq ettiń. Atańnıń ózińnen úlkenniń tómeninde, ózińnen kishiniń joqarısında otır degenin teris túsinip, aqılsızlıq etip, júktiń ústine shıǵıp otırdıń. Al atań saǵan úlkendi húrmetle, onıń

tómeninde otır, al úlken basıńdı kishireytip ózińnen kishide tómende otır ma, joqarısında otır, joqarıda bolǵanda júktiń ústinde emes, al tórge shıǵıp otır degen edi. Atańnıń mayda sóyleme, iriden sóyle degenin sen aqılsızlıq etip, úlken-úlken túyeler, úlken-úlken arbalar, úlken-úlken jollar dep sandıraqladıń. Al ol olay emes edi, úlken sóyle degeni ne bolsa sonı kópirip ayta berme, tek ǵana ózińe gáptiń kelgen jerinde tıyanaqlı etip bir-eki awız aytta qoy, kóp sóyleseń, jurtqa jek kórinishli bolasań degeni edi. Al háptesinde bir ret ústińdi jańalap kiy degende, háptesinde kiyimińdi juwdırıp kiy degendi teris túsinip, hár háptede taza kiyim satıp alıp barıjoǵımızdı da joq ettiń, taza kiyimler alıwǵa kóp aqsha jumsaldı — deydi.

— Al endi xojalıqtı tiklep alıwdıń jolın óziń tappasań, men bilmedim — depti.

— Ey, shabazım, bunıń ushın endi kóp oylan ba, hesh gáp bolmas, xojalıǵımız tómenlese, bara-bara tiklenip keter. Bunıń ushın sen bes-altı quman, chaynik-kese tap — depti.

— Haw onı ne qılamız? — depti küyewi.

— Qońırat penen Xojeliniń jolınıń orta dárbentinde shay qaynatıp otıramız. Sóytip ótken-ketkennen bir-eki teńge alıp kúneltemiz. Al bermegeni bolsa, áytewir jaqsılıqtı biler, xalıqqa qolımızdan kelgenshe xızmet eteyik, sharshaǵanlar dem alıp, shóllegenler shay iship ráhátlenip, alǵısın aytar, usılay eteyik, shabazım — depti hayal jigitke. Solay etip olar joldıń dárbentinde shaypurıshlıq etip otıra beripti.

Bir kúnleri Xiywa xanınıń salıq jıynawshıları Qońırattan salıq óndirip qaytıw ushın kiyatırıp, jolda shay iship, dem alıp ketiw ushın bulardıń úyine qayrılıptı.

Xannıń salıq jıynawshıları shay-suwın iship bolıp, ketip baratırǵanda, jigit hayalınıń sózi menen kárwannıń keyingi túyesin tirkewden bildirmey alıp qalıptı. Jigit túyeni jetelep, awıldıń shetindegi bir qumshılıqtıń arasına aparıp basın qublaǵa qaratıp, tura almastay etip baylap taslaptı. Xannıń adamları bir waqıtları túyeniń birewiniń joq ekenligin bilip, shay ishken jerine kelip hayaldan túyeniń dáregin soraptı. Sonda hayal.

— Áttegene-ay, úyde erim joq edi, ol bolǵanda pal ashatuǵın edi — dep túyeniń joyılǵanına bul da qıynalıp otıra beripti. Jigit kelgennen keyin pal ashtırıptı. Jigit túyeniń iyesine:

— Túyeńiz sizler usı jerden shıǵıwdan-aq kisi qolı bolıptı. Urı túyeńdi bir qumlıqtıń ishine aparıp, basın qublaǵa qaratıp shógirip turalmastay etip baylap taslaptı. Al alǵan adam qorqıp basqa jaqqa qashıp ketipti — depti.

— Way, bereket tapqır kózi ashıq eken ǵoy ózi — dep hámmesi maqtay beripti. Sóytip palshı jigit qasına bes-altı adam ertip túyeni izlep ketipti. Bular barsa, jigittiń aytqanınday bolıp jatır eken. Kárwan bası túyesiniń tabılǵanlıǵına quwanıp, túyeniń ústindegi altınnan bir lágen altın alıp beripti. Sonda jigit:

— Al endi bayıwǵa qaradıq, mına altınǵa ne alamız, depti.

Oǵan hayal:

— Ey, shabazım, sen ele buǵan másirme, bunı jumsasaq qarnımız toyǵannan keyin sol jerde sırımızdı ashıp qoyarmız, sonıń ushın házirshe jumsamayıq. Házirshe tapqan aqshamız benen burıngımızsha turmıs keshire bereyik. Bunnan endi Qońıratqa kósheyik, jay salıp alıp, úyli-jaylı bolayıq — depti. Sóytip Qońıratqa kóship kelipti.

Bayağı xannıń salıq jıynawshıları Xiywağa kelse, xannıń ǵáziynesinen altın urlanıp, patsha elde palshı qorandoz bolsa bárin jıynap, hesh kim tabalmay atır eken. Bular da xanǵa barıp, bayağı palshı jigitti nağız barıp turǵan kózi ashıq, bir tapsa sol tabadı dep maqtay beripti. Xan jasawılın jiberip, palshı jigitti tawıp keliwge jiberipti. Jasawıl Qońıratqa kelip jigitti tawıp alıp, xannıń jibergen jumısın aytıptı.

— Háy qatın meni arılmas bálege saldıń, óletuğın jerime jańa keldim — depti de, xannıń shaqırtqan jumısın aytıptı.

— Ey, shabazım, hesh qapa bolma, báriniń de esabı tabılar. Xan shaqırǵan eken, bara ber. Xiywağa bir kúnlik jol qalǵanda, aldıńnan kishkene kólatlıq shıǵar. Sol jerge barǵanda, xannıń jasawılına «endi men xanıńa barmayman, usı jerde otıraman, maǵan tutılmaǵan otaw, úsh kúnlik jeytuğın awqatımdı berip jibersin degeyseń. Xan usılardı jiberer. Sen sol otawda otır da birinshi kúni birewi keledi, ekinshi kún ekewi keledi dep úsh kúnge shekem otır, al qalǵan jağınıń reti bolar» — dep hayal kúyewine ruqsat etedi.

Jigit Xiywağa bir kúnlik jol qalǵanda qasındağı xannıń jasawılına hayalınıń aytqanlarınıń bárin aytıp xanǵa jiberipti. Jigit otaw tayın bolǵannan keyin úsh kúnge shekem bul dógerekte adam júrgizbeyseń, dep tártip bergizipti. Jigit otawda jalǵız ózi otırıp, birinshi kúni «birewi keldi, ekewi qaldı» dep qayta-qayta ayta beripti. Usı waqıtları bayağı xannıń altının alǵan urılar buniń dawısın esitip, birewin ańlıwǵa jiberipti. Urınıń birewi kelse, palshı jigit «birewi keldi ekewi qaldı» dep otırǵanın esitip, juwırıp joldaslarına barıptı.

— Há, ne bále bolıp qaldı, — depti joldasları qorqısıp:

— Ne bolǵanı qurısın, meniń barǵanımdı, sizlerdiń qalǵanıńdı bilip aytıp otırıptı. Ólimimizge endi tap boldıq — depti. Ekinshi kúni urılar ekew bolıp barıptı. Kelip tıńlap tursa «ekewi keldi, birewi qaldı» dep otırǵanın esitip. Bular qaytıp kelip, erteńine úshewi birden barıptı. Úshewi, tıńlasa jigittiń «úshewi keldi, endi ne halda kelmedi» dep otırǵanın esitip, endi óletuǵın jaqqa qaraǵan ekenbiz, bul barıp turǵan kóz ashıq eken, endi nede bolsa, bunıń aldın alayıq, hár qaysısımız altı juptan altın ákelip bereyik, bolmasa urlap alǵan altınımızdı-aq ákelip berip, hesh bolmasa janımızdı aman alıp qalayıq, dep oylasıptı. Sóytip hár qaysısı altı juptan altın alıp, bas iyip sálem berip jigittiń aldına kelipti. Urılar ákelgen altının berip janımızdı aman qaldırıń dep jalına baslaǵannan keyin, jigit altındı alǵan urılardıń ózleri eken dep qattı ashıwlanıptı.

— Alǵan altınlarıńdı mına kóldiń ishine kómin de, hesh kimge sezdirmey úylerińe qaytıń, bolmasa xanǵa uslap beremen — dep qorqıtıptı. Urılar altındı kóldiń ishine kómip, tań atpay úylerine qaytıptı.

Azanda xannıń jasawılı kelip altınnıń dáregin soraptı. Sonda jigit:

— Urlaǵan altındı taptım, biraq urıların taba almay atırman. Sebebi, olar ayaq jetpes jerge qashıp ketipti. Al endi xanıńa aytıp bar, kólik ákelip altının alıp ketsin — depti. Jasawıl altınnıń tabılıp, urılardıń tabılmaǵan xabarın aytqan eken xan «Meniń urı keselim joq, altınım tabılsa bolar» dep ózi kelip kóldiń ishinde kómiwli jatqan altının alıptı. Jigitke kóp altın berip, sarpay jawın húrmet etipti. Solay etiń jigit hayalınıń aqıllılıǵı menen bay bolıp muradı-maqsetine ketipti.

## AQÍLLÍ AZBAYDÍ, ALTÍN TOZBAYDÍ

Burıńǵı ótken zamanda jalǵız balası bar bir bay bolıptı. Bala ákesiniń «perzentim bar eken-aw» degendey kewilin toltırmaptı. Sonlıqtan bay «meniń perzentim joq» dep oylaydı eken hám ol balasınıń jartıwsızlıǵınan túńilip, adam qatarına da sanamaydı eken. Bala jigirma jeti jasına shıqqansha úylenip, óz aldına turmıs qurıwdıń jóninde bilmepti. Qullası ákesiniń bergen aqılına, astarlı sózleriniń mánisine balasınıń qılǵan isi, qaytarǵan juwabı uǵras kelmepti. Bir kúni balasına bir pada qoydı shopanı menen tapsırıp:

— Usı qoylardı bazarǵa satıp pulın ákel, satpay ózin ákel — depti. Bala qoylardı shopanǵa aydatıp, qalaǵa baratırǵan gúzar jol menen moynına qurıq túskendey bolıp qayǵırıp kete beredi. Aldın keshletip, qalaǵa jaqınlaǵanda tınıs alıw maqseti menen bir jarlı adamnıń úyinde qonadı. Ol úy baydıń balası menen qasındaǵı shopanǵa tapqanın asıp berip jatqaradı. Biraq bala túnde uyqılay almay ıńırsıp, awdarılıp túse beredi. Ózinen-ózi sarsılıp, awır gúrsinedi. Usı awhaldı sezgen jarlınıń qızı:

— Qonaq, siz uyqılamaysız, nege qayǵılana beresiz, biziń qonaq asımızǵa kewlińiz tolmay atır ma? — deydi.

— Joq, olay emes, qarındasım, uyqımnıń bólinip atırǵan sebebi, ákem maǵan bir pada qoy berip «satıp pulın ákel, satpay ózin ákel» dep edi. Sonı ne qılarımdı bilmey hayran bolıp atırman — deydi bala.

Qoyıń burın qırqılmaǵan bolsa, erteń qırqıp júnin apar, ol ózi boladı, satıp pulın apar — ol qoydıń qunı boladı — deydi qız sál sıńqıldap kúlip qoyıp.

Bala azan menen qolına qırqlıq alıp, qoylardıń shetinen júnin qırqıp barlıǵın jıynap, úlken bir ala qapqa salıp

awzın buwadı da, qoylardı bazarǵa aparıp ótkenine satıp keledi. Sóytip eki awız sózdiń mánisin kewildegidey etip sheshkenligine mardıyıp qayta beredi. Úyine barǵannan keyin bay balasınıń sózine inanbay, jańaǵı jarlı qızınıń awılına jol tartadı. Qızdıń úyine kelip, oǵan balasın úylendirmek bolıp, ayttırıp aqırında dúnya malǵa jıǵıp alıp qaytadı.

Bir kúnleri bay atlanıp, malǵa qolaylı jaylaw izlep júrgende kóp qaraqshılarǵa ushırasadı. Qaraqshılar baydı tutıp alıp, ózin óltirip, astındaǵı atın, ústindegi kiyimlerin tonap almaqshı boladı. Sonda bay qaraqshılarǵa:

— Meni sizler óltirip kiyimlerimdi hám atımdı alǵan menen ne bolmaqshısız. Meniń tórt túlik malım bar, sonıń bir túligin alǵanda házirgi qolıńızǵa túsip turǵan zatlardan on ese artıq boladı hám bárińizge de tolıq jetedi. Sizler ekewińiz barıp aydap alıp qaytıń, men xat jazıp berip jibereyin — depti. Buǵan urılar da kónipti. Qaraqshılar menen maqullasqannan keyin bay úyine mınaday dep xat jazıptı:

Qırq qara nardı aldına salıp, qırq qızıl nardı keynine salıp, jelmaya menen taylaqtı ortasına salıp aydap qaytıń. Olar aldıńızǵa túsip júrmese, esiktiń aldındaǵı eki bayterektiń birewin túbinen shawıp joq etip, birewin gelleklep shırpıp keliń dep, xattı eki atlınıń qolına tapsırıptı. Olar baydan joldıń siltewin alıp, kesh bolǵanda diydilegen jerge de jetip, baydıń jazǵan xatın kelinine beripti. Balanıń hayalı oqıp kórip, bir qoydı soydırıp, quptan shamasında awıldıń jası úlken hám jas jigitlerin shaqırtıp, qollarıńızǵa pıshaq alıp turıń dep barlıǵında tamaqlandırıptı. Baydıń kelini awqattan soń atamnıń tarıǵıp jazıp jibergen xatı mınaw dep tolayım adamǵa

oqıp kórsetipti. Xattıń mánisine hesh kim túsinbepti. Onnan soń baydıń kelini biyádeplik bolmasa men sheship bereyin qaynaǵalar, qurdaslar, dep xattı qaytadan oqıydı.

Atam biyshara mınaw qaraqshılardıń qolına túsken eken: «Qırq qara nardı aldına salıp degeni — awıldıń qırıq batırına jol, qırq qızıl nardı keynine salıp degeni — qırq jigitti keynine salıp, jelmaya menen taylaq degenin bizler ekewmizdi shaqırıp, esiktiń aldındaǵı eki bayterektiń birewin qırqıp, birewin shırpıp kel degeni, mınaw eki qaraqshınıń birin óltirip, ekinshisiniń qulaq murnın kesip, aldıńızǵa salıń, joldı kórsetip keler degeni eken» — dey bergende, úydegi jigitler qashshan birewin óltirip, birewiniń qulaq-murnın kesip jurday etip qolın artına baylap turǵan eken.

Azanda shırpılǵan qaraqshını aldına salıp quwa-quwa hápzamatta bay turǵan jerge kelse, bulardıń dúbirin esitiwden-aq qaraqshılar toǵayǵa sińip, qashıp ketken eken. Sóytip baydı ólim qurıǵınan aqıllı kelini azat etipti. Buǵan deyin aytılıp júrgen «altın baslı hayaldan, baqa baslı erkek jaqsı» degen naqıl biykarǵa shıǵıptı. «Aqıllı azbaydı, altın tozbaydı»

## AQÍLLÍ BALA

Burıngı ótken zamanda bir patsha bolıptı. Bir kúni patsha qasına balasın shaqırıp alıp:

— Balam, men endi qartaydım, men ólgennen keyir elge sen basshılıq qılarsań. Sonlıqtan «el aǵasında qırı kisiniń aqılı boladı» degen burıńǵılar, men ólmestei burın bergen pándiw násiyatımdı muqıyat tıńlap, jaqs úyrenip alsań hám ol aqıllarımdı orınlı jerin paydalansań, xor bolmaysań — deydi. Balası:

— Ata, ayta beriñiz qulağım sizde — dep atasına qaraydı. Sonda patsha balasına mına násiyatların aytıptı:

— Eger balam bir jurtqa baratırğanıñda jolda kesh bolsa, baratırğan jeriñ uzaq bolsa, jol boyında jatıwğa tuwra kelse oyda jatpa, dónde jat. Duz ishken jeriñe jamanlıq etpe, azanğı astı taslama — mine usı násiyatlarımdı hesh waqıt yadıñnan shığarma, balam — depti.

Bir kúnleri patsha ólip, ornında balası qalıptı. Sol jıldıñ báhári qattı suwıq bolıp, xalıq egin ege almay asharshılıqqa ushıraptı. Bala atasınıñ jıynağan dánlerin xalıqqa bólistirip berip, apatshılıqtan aman alıp qalıptı. Kelesi jılı da jazı ıssı hám qısı erte kelip ekken diyxanshılıqlarınan ónimli ğálle ala almay, kún kórisi tağıda awırlay túsedi. Endi kún kórisi qıyınlasqan adamlar patshanıñ balasına kelip arız etedi. Biraq balanıñ sorap keliwshilerge beriwge nársesi qalmay xalıq ashlıqtan óletuğın boladı.

Bir kúni patshanıñ balası túyeleriniñ barlığın jıynatıp, ústine hár túrli hasıl zatlar júkletip, bul kárwanğa ózi basshı bolıp, bayağı atası ólmesten burın qatnasıp turğan basqa bir jurttağı sawdagerdiñ eline jol tartadı. Bir neshshe kúnler jol júrip bir jerlerge barğanda qattı jamğır jawadı. Baratuğın jeri ele alıs, jaqın jerde el joq, hesh ilaj bolmağannan soñ hámmesi sol jerde jatıwğa májbúr boladı. Patshanıñ balasınıñ qasındağı adamlar nede bolsa ıqlañqırap jatayıq dep oyğa jatadı da, bala bayağı atasınıñ bergen násiyatı boyınsha dóñge jatadı. Jamğır da azanda jawğanın qoyadı. Bala ornınan turıp, kiyimlerinen jawınnıñ suwın sığıp burınğısınsha kiyinip aladı. Ana adamlar ornınan turıp qarasa, dóñnen oyğa qarap quwıp turğan jawınnıñ suwlarınıñ astında qalıptı.

Kún shıqqan soń balanıń ústi kewipti de, qasındaǵılardıń ústi ılay-ılay bolıp sirá keppeydi. Mine, usı jerde bala ákesiniń bir aytqan násiyatınan paydalanadı. Solay etip bir neshe kún jol júrip, sawdagerdiń úyine baradı. Barsa sawdager úyinde eken. Barǵan qonaqlardı qarsı alıp, qondırıp, jaqsılap kútedi. Azanda balanı óziniń úyinde qaldırıp, sawdager kárwanǵa bas bolıp, balanıń alıp kelgen zatların salıp, dán alıp keliw ushın jáne bir jurtqa ketedi. Bular jol júrip kete bersin, endigi sózdi sawdagerdiń hayalınan esitiń.

Sawdagerdiń eki hayalı bar eken. Mine sol hayaldıń kishkenesi jas bolǵan, ıshqı ketip ashıq boladı. Kesh bolǵan soń qatın balaǵa tósek salıp berip atırıp, balanı ózine eliktirip alıw ushın hár túrli sózler aytadı. Biraq jigit hayaldıń aytqan sózlerin jaqtırmaydı. Erteńine jańaǵı hayal, balanı hár túrli jol menen qorqıtadı:

— Sawdager qırq kúnnen keledi, kelgennen keyin men seni oǵan jamanlap óltirtemen — deydi. Biraq jigit qatınǵa qarap:

— Sawdager óltirse óltirsin haqtan ólgenim jaqsı, biraq seniń aytqanlarıńdı orınlamayman — deydi. Buǵan ábden qırsıqqan hayal balanı óltiriwdiń jolın oylap, qırq kúnlikshi tawıp, qırq arba sheńgel shaptırıp tasıtadı. Bir úlken tandır saldıradı. Sol tandırǵa qırq arba sheńgeldi túwel jaqtırıp, kúnlikshilerge tandır qıza kelgen máhálde sawdagerdiń kishkene hayalı bılay deydi:

— Kimde-kim usı qırq arba sheńgeldi jaǵıp bolǵan waqıtta kelse, sol adamdı tandırǵa tıǵıń da kete beriń — deydi.

Bul sóz óz jayında tura bersin, endigi sózdi bayaǵı sapar shegip ketken sawdagerden esitiń. Sawdager kárwandı baslap bir neshe kún jol júrip, bir sháhárge

baradı. Sóytip alıp barǵan zatlarınıń barlıǵın satıp, dán alıp túyelerge taylap artıp qaytadı, Eline kelip, alıp kelgen dánlerin túyelerden túsirip ishke kirse, kishkene qatınınıń bet-awzınıń bári jolaq-jolaq qan bolıp jılap otırǵanın kóredi. Sawdager:

— Há, saǵan ne boldı, bet-awzıńdı kim qanattı, kim zorlıq etti, dárriw ayt? — deydi. Sol waqıtta hayal, balanı óltiriw ushın islegen hiylesin bayına aytadı:

— Tıńlańız, shabazım, siz ketkennen keyin mına úyge taslap ketken qonaǵıń maǵan zorlıq etti, men onıń aytqanların islegenim joq, sonnan keyin meni urıp-sabap bet-awızımdı qanattı, eger sen meniń shın erim bolatuǵın bolsań sol balanı óltirmeseń saǵan bul dúnyada razı emespen — deydi. Sonda sawdager hayalınıń sózine birese inanıp, birese inanbay:

— Haw, hayal, ol bala bunday islerdi islemeytuǵın edi ǵoy. Men onı ata teginen beri bilemen. Onıń bunday islerdi ırastan-aq islegeni me? Eger shını menen usı isti islegen bolsa onı óltiriwdiń jolın tezirek taba gór — deydi sawdager. Sonda hayalı turıp:

— Men bul balanı óltiriwdiń jolın qashshan-aq tawıp qoyıppan — deydi.

— Pay, hayal, júdá aqıllı hám shaqqansań-aw. Tawıp qoyǵan jolıń qanday, aytshı maǵan? — deydi sawdager.

— Men qırq kúnlikshi jıynap, qırq arba sheńgel shaptırıp, onı úlken bir gúlal tandırǵa saldırıp jańaǵı sheńgellerdi shetinen órtetip atırman hám kúnlikshilerge: «Usı sheńgeldi jaǵıp bolǵan waqıtta kelgen adamdı jasırınıp turıp uslap alıń, tandırǵa tıǵıp qashıp ketiń dep aytıp qoyıppan». Házir olar jaǵıp bolǵan shıǵar, men balaǵa tandırdı kórip kel, otmdı jaǵıp boldıma eken dep aytaman,

sonda ol barıwına jasırınıp turǵan kúnlikshiler balanı uslap tandırǵa taslaydı da qashadı — deydi hayalı kúlimsirep. Bul sóz hayaldıń bayına da maqul túsedi. Sóytip ol balaǵa «tandırǵa barıp kel, otındı jaǵıp boldı ma eken» dep jiberedi. Bala tandırdı kóriwge ketip baratırsa bir kempir esiginiń aldın sıpırıp atır eken. Kempir balaǵa qarap:

— Balam, sawdager qáynimniń úyindegi qonaq siz be? Ishkerlep nan je, bir maydan otır — dep kempir jas balaǵa mirát etedi. Sóytip jigit keteyin dese «qazanda jarma pisip tur, sonnan awız tiyip ket balam» dep kempir jibermeydi. Bala oylanıp turıp, bayaǵı atasınıń óler aldında bergen násiyatı boyınsha kempirdiń quyıp bergen jarmasın asıqpay ishe baslaydı.

Bul sóz bul jerde qala tursın, endigi sóz sawdagerdiń hayalınan. Sawdagerdiń qatını patshanıń balasınıń kúygenin iyiskep keleyin dep, bir góne shapandı jamılıp, juwırıp tandırǵa bara sala úńilip iyiskeydi. Sol waqıtta jasırınıp turǵan kúnlikshiler tarpa basıp, hayaldı birden tandırǵa tıǵadı da qashadı. Kempirdiń jarmasın iship bolıp bala tandırdı kórse, ishinde bir adam kúyip ólip atır eken. Bunı kórip dárriw sawdagerdiń úyine keledi. Sol waqıtta sawdager:

— Haw sen ne qılıp júrseń, seniń kúyigińdi iyiskeymen dep biziń hayal bolsa tandırǵa ketti, sen qalay ólmey aman qaldıń? — deydi. Sonda bunday qorqınıshlı xabardan biyǵam bala:

— Meni tandırǵa salıp kúydirgendey ne jazıǵım bar? — deydi.

— Haw, men siziń zatlarıńızdı satıp ǵálle qılıp keliwge ketkende, biziń hayalǵa zorlıq etipseń. Kewlińdegini tapqan soń urıp-sabapsız ǵoy — deydi sawdager.

— Joq, men siziń hayalıńızdıń aytqanların islemedim, ol siz ketken soń meni balasınıp, hár túrli isler aytıp, meni buzbaqshı boldı. Bayıma óltirtemen dep te qorqıtpaqshı boldı biraq, onıń aytqanlarınıń hesh qaysısına da qulaq, salǵanım joq. Sebebi maǵan atamnıń — «Duz ishken jerińe jamanlıq etpe» dep aytqan násiyatı bar edi, sol násiyattı yadımdı saqlayman. Sóytip men seniń hayalıń qorqıtsa da, óltirtemen dese de buzılmadım. Sonıń ushın ol qırq arba sheńgel shaptırıp, meni sonıń otına tandırǵa salıp órtep jibermekshi bolǵan-ǵoy. Al jańa men tandırǵa barsam siziń hayalıńız mennen burın barıp ózi kúyip atır eken. Házir men onı kórip keldim. «Qazba túserseń, jaqpa piserseń» degen usı. Inanbasań barıp kórseteyin — deydi sawdagerge qarap. Sóytip sawdager menen bala ekewi tandırǵa barsa, sawdagerdiń hayalı janıp, kúl bolıp ketipti.

Sawdager hayalınıń asın berip, úlken hayalı menen qaladı. Sóytip balanıń túyelerine dánlerin artıp berip, ózi de bir qansha túyege dán artıp balanıń eline aparadı.

Bunnan keyin bala alıp barǵan ǵállelerin el-xalqına úlestirip beredi. Xalqı dánlerdi alıp tamaǵın asıraydı, asharshılıqtan qutıladı. Jıldan-jılǵa ekken diyqanshılıǵı zor bolıp, tuwrı jollı aqıllı balanıń xalqı toq turmısqa qádem basıp, burınǵı kórgen muńshılıǵın umıtadı.

## ADAM JAMANÍ

Burınǵı ótken zamanda bir diyqan bolǵan eken. Bir kúni sol eldiń patshası sol diyqandı shaqırıp alıp: — «Hawada ushıp baratırǵan segiz quwdıń ne dep baratırǵanın bilip bereseń. Sonı bilip bermeseń óziń ólimdar, malıń talawda» — dep buyrıq beredi.

Diyqan quwdıń izinen júrip kete beredi. Sonıń menen úsh kún quwadı, ushqan qus piyada adamdı jetkererme, diyqan quwǵa jete almay, bir tóbeshiktiń basında qapa bolıp otırsa, sol eldiń patshasınıń qızı kele ketedi. Diyqan patshanıń qızı ekenin bilmeydi. Qız:

— Jigit sen tóbeniń basında ne qılıp otırsań? — deydi.

— Qarındasım, meniń otırǵanımdı sorap ne qılasań, men bir usı eldiń patshasına ayıplı bolıp otırman. Patshanıń hawada ushıp baratırǵan segiz quwdıń ne dep baratırǵanın bilip kel dep jumsap jiberip edi, piyada adam quwǵa jetip bolama, quwǵa jete almay, ne dep baratırǵanın bile almay, patshanıń aldında ólimdar bolıp otırman — depti.

— Sol patshanıń qızı men bolaman, eger patshaǵa aytpasań sol quwlardıń ne dep baratırǵanın men aytıp bereyin — deydi.

— Hesh qanday aytpayman, bereket tabıń, aytıp beriń! — dep jalınadı.

— Olay bolsa, hawadaǵı segiz quwdıń ne dep baratırǵanın esitip edim, olar «jaman erkekti jaqsı qatın adam qıladı» dep baratır, patshaǵa usını aytıp bara ǵoy — deydi.

Diyqan jigit juwırıp patshaǵa kelip:

— Taqsır, biz siziń tapsırmańızdı orınladıq. Hawada baratırǵan segiz quw bir-birine «jaman erkekti jaqsı qatın adam qıladı» dep baratır — deydi. Patsha diyqannıń bul juwabına gúman keltirip:

— Saǵan bul sózdi kim úyretti?! — dep jekirinedi.

— Ózim taptım, quwlar usılay dep baratır — deydi. Patsha tıńlamaydı.

— Taqsır bir qasıq qanımnan keshseń aytayın. Bul gápti aytqan ózińizdiń qızıńız boladı — dedi. Patsha qızınıń bul sózine ashıwı kelip, wázirlerine:

— Bar qızdı shaqırıp keliń. Onnan keyin sháhárdiń barlıq adamların shaqırıp birim-birim aldımnan ótkereseń! dep buyrıq beredi. Patshanıń wázirleri qızdı patshanıń aldına alıp keledi, sol sháhárdiń adamların birim-birim patshanıń aldınan ótkere baslaydı. Bul adamlardıń ishinen sirá jaman adam tabılmaydı. Patsha pútkil qalaǵa jar urdıradı. «Kimde-kim adamnıń jamanın tawıp kelse tabaqlap tilla beremen» dedi. Sol waqıtta men qusaǵan dúnyaǵa jaqın birewi, bul gápti esitip jaman adamdı izlep awılma-awıl qıdırıwǵa ketti. Jaman adamdı izlewshi toǵaydıń ishinde kómesh kómip otırǵan bir kempirge jolıǵadı.

— El joq, kún joq, jerde ne qılıp otırǵan kempirseń. Ne awhalda otırǵan adamsań? — deydi.

— Áy balam, bizden awhal sorama, meniń ǵarrımnıń ólgenine kóp jıl boldı, sol ǵarrıdan júkli qalıp, sonnan qol-ayaǵı joq bir bále payda boldı. Sonday tulıp taqılette bir insandı baǵıp otırǵan jaǵday bar — dep qasqaldaqtay suw shashıp jolatpadı.

— Joq, kempir, bunıń bolmaydı, bizge sol musallatıń kerek, bizge bereseń, meniń de izlep kiyatırǵanım sonday jaman adam — deydi.

— Onıń qanday qájeti bar, onıń dártke asqanday sıyqı joq, men onı tulıpqa salıp baǵıp otırman, hátte kiyim kiygendey de sıyqı joq — dedi. Patshadan kelgen jasawıl kempirdiń anaw-mınawsına qaramay tuhpta jatqan adamdı alıp ketedi. Kempir óziniń ermeginen de ayrılıp, esten de, mesten de jurday bolıp qala beredi.

Jasawıl dup-dumalaq adamdı patshanıń aldına aparıp taslaydı da, bir tabaq altının alıp jónine kete bersin, endigi gáp patshanıń qızı menen jaman adamda.

Patsha qızın shaqırıp alıp:

— Usınnan artıq adamnıń jamanı bolmaydı, seniń qolıńnan keletuǵın bolsa usını kele qıl — dep ekewine bir eshek berip, qaladan shıǵarıp jiberedi. Qız mesti eshekke artıp kete beredi. Olar neshe kún jol júrip bir patshanıń qol astına keledi. Qız sháhárge kelip, «kimde xızmet bar, qanday jumıs bolsa da isleymen» dep baqırıp kiyatırǵanın sol eldiń patshası esitedi. Patsha qızdı xızmetke aladı. Ol waqıtta patshanıń esiginde on adam otında, on adam basqa xızmetinde, jámi bolıp jigirma adam, sol patshanıń úyinde jumıs isleydi eken. Qız da solar menen qosılıp jumıs isley beredi.

Qız tapqan haqısın mes kúyewi menen bólip jep júre beredi. Aradan neshe kúnler, neshshe aylar ótedi. Bir kúni túnde patshanıń esigindegi on adam on arba menen otınǵa ketedi. Qudanıń hámiri menen sol túnde domalaq jigitke ayaq, qol pitip, artıqmash kúsh berip, sup-sulıw adam boldı.

Jigit ornınan ushıp turıp qolına qırq qulash arqan alıp, on qulash arqandı beline baylap otınshı on adamnıń izinen bul da kete beredi. On adam da otın shabadı, bul da on arba otın shawıp hámmesin qosıp bir arqalaydı. Patshanıń esiginiń aldına on arba otın da keledi, sonıń menen on arba otın arqalaǵan jigitte keledi.

Bul waqıtta qız bayaǵı mesiniń qayda ketkenin bilmey, izlep hesh jerden tabalmay patshaǵa soraw saladı. Patsha elge jar urdırıp domalaq jigitti izlewge buyrıq beredi, hesh jerden hesh derek shıqpaydı.

Qız endi otınǵa ketken otınshılardan sorayın dep kiyatırǵanında aldınan otınshılardıń birewi shıǵadı. Qız soraydı, túr-túsin aytadı. Otınshı adam:

— Bizler menen bir adam bardı. Onday dop-domalaq emes, ayaq-qolı bar, on kisige tatıytuǵın kúshi bar.

Bizler onımız on arba otın alaman degenshe, bir ózi on arbanıń otının alıp, onı da ózi arqalap kiyatır — dedi. Qız sol jigitke barsa, bayağı óziniń kúyewi ekenligin tanımaydı, Qız patshağa xabar beredi.

Patsha jigittiń on arbanıń otının alıp kelgen kúshine hayran qaladı. Patsha on otınshını shaqırıp alıp:

— Qáne sizlerge juwap, endi on adam jumsağannan bir adam jumsağanım jaqsı, sizlerdiń ornıńızğa mına jigit isleydi — dep ruqsat berip jiberdi. On adam patshadan tiyisli haqısın alıp awıllarına qaytadı. Endigiden bılay on adamnıń jumısın qızdıń kúyewiniń bir ózi islep júre beredi.

Aradan birneshe kún ótkennen keyin, bir kúni jigit toğaydan otın alıp atırsa, ústinen basqa bir patsha shığadı.

— Áy jigit seniń kúshińe qarağanda on jigittiń jumısın isleytuğın kúshiń bar sıyaqlı. Sen búytip toğaydıń ishinde bir óziń otın tasığannan góre meniń sawdagerlik isimdi isleseń qalay boladı? Meniń júz túyem bar. Júz túyeniń júgin artıp, túsiretuğın oń adamım bar. Sońğı waqıtta sol on adamnıń kúshi jetpeytuğın bálege ushıradı. Onıń ústine burıngı júrip turğan jolları batıl bolıp, úlken aylanshıq penen júretuğın boldı. Sawda jumısımnıń mánisi qashtı. Endi sol on adamımdı shığarıp, solardıń ornına isleseń bir ózińdi alaman hám sol on adamnıń tamağı menen haqısın tóleymen. Eger maqul tapsań mına bir tabaq tillanı, hayalıń bar ma, kempiriń bar ma, oylasıp keliwińe ruxsat etemen — deydi.

Jigit bir tabaq tilla — altındı alıp hayalına kelip, sawdager patsha menen ushırasqanın ayttı.

— Bárekellá, birinshi ret ushrasqanda bergeni mınaw, jumıs islegeniń de kem bolmassań, barsań bara ğoy — deydi.

Jigit erteńine bayaǵı ushrasqan jerindegi patshaǵa kelip.

— Biz hayaldan kelisim aldıq, endi siziń xızmetińizde bolamız — dedi. Patsha jigitti ertip sarayına alıp baradı. Patsha bayaǵı on adamdı bosatıp jiberedi de, ornına jigitti alıp, on adamnıń haqısın berip, júz túyege júk artıp berip burıngı batıl bolıp qalǵan jolǵa salıp jibere berdi. Jigit júz túyeni kárwanlarǵa tapsırıp keynińnen jetemen dep qaladı.

Kárwanlar batıl bolıp qalǵan tuwrı jol menen júrmeyik, jolda áydarha bar, aylanshıq joldan júremiz — dep áńgime qılıp kete beredi. Patsha menen jigit kárwanlar aylanshıq joldan júrmey-aq keyninen jetip keledi, kárwandı tuwrı joldan júrgiziwge májbúrleydi.

Patsha jigitti qaptalına alıp, qırq adamdı izińe ertip kárwanlarǵa baraberińizler, dep ozıp ketedi. Olar jolda bir otlaqlı jerge túsip, kárwandı kútip dem alıp jata beredi. Sol jerde bir góne quyı bar edi, onı bir aydarha iyelep jatatuǵın eken. Hesh kim quyıdan suw da alalmaydı, ol joldan júrip te kete almaytuǵın edi. Jigit patshaǵa:

— Sol áydarhaǵa men baraman, maǵan qırq qulash arqan tawıp beriń, sóytip meniń belime baylap, sol quyıǵa túsiriń — dedi. Jigitti quyıǵa túsiredi. Qudıqtıń ishi tas túnek. Barıp tıń-tıńlap qarasa, bir áydarhanıń jatqanın kóredi.

— Qáne, sen ne qılıp jatırsań, turǵan jerińde shawıp óltireyinbe, ne ushın joldı bánt etip atırsań! — dedi.

— Bunda jatırǵanımnıń sebebi, bunda altın bar edi, sonı anda-munda júrgen sawdagerler alıp qoyama, dep baǵıp jatır edim — deydi áydarha.

— Qáne, sen bul jerden keteseń be, yamasa turǵan jerińde basıńdı alayın ba! — dedi jigit.

— Bul jerge hesh kim kele almaytuǵın edi, altındı sen-aq al, meni aman jiberseń boldı — dedi de áydarha qudıqtan shıǵıp ketip qaladı. Qudıqtaǵı altın jigittiń payına qaladı. Jigit qudıqtan shıǵıp adamlarına qosıladı, sonıń arasında kárwanları da kelip jetisedi. Júklerin túsirip, túyelerin otqa jiberip, ózleri dem alıp jata beredi. Jigit qudıqtaǵı altındı hesh kimge aytpaydı.

Qudıqtıń suwın arshıyman degen sıltaw tawıp jigit qudıqtıń ishine jáne túsedi. Sóytip sheleklep ılay shıǵarıp taslaydı. Keyninen bir qapqa salıp altındı jiberedi de ózi qudıqtan shıǵıp, qapqa salǵan altının jatqan jerine ákelip qoyadı.

Bul jer tórt joldıń túyisken jeri eken. Bulardıń ústine basqa sháhárden kiyatırǵan hám jigittiń eline baratırǵan sawdagerler keledi. Jigit qapqa salǵan altının sol sawdagerlerge amanatqa tapsırıp:

— Mınaw bir kerekli tas edi, sonı amanat ushın sizlerge tapsırıp otırman. Sizlerdiń baratuǵın jerińizde meniń hayalım qaldı, soǵan usını aparıp berińiz — dep berip jiberedi. Sawdager jigittiń berip jibergen altının alıp kete bersin, sóz jigitten.

Jigit kárwanların jolǵa salıp jiberedi de, ózi patsha hám qırq jigit penen bir jetiden keyin atlanadı. Birneshe kúnnen keyin izlerinen jetedi.

Barǵan jerleri bir tawlıqtıń arası eken. Sol jerde dem alıwdı maqul kóredi. Kárwanların túsirip, túyelerin otqa jiberip, keshte dem alıp jatıp qaladı. Jigit túnde ári-beri jatadı, uyqısı kelmeydi. Nede bolsa usı tawdı aralap kóreyin, bul jerde ne bar eken degen oyǵa ketip patshanıń sholaq qılıshın qolına alıp taw aralap ketedi. Tawdıń bir biyik jerine barǵanda jigitti bir suwıq samal tartıp baratırǵanın sezedi. Jigit dem tartıp ózin alıp

baratırǵan áydarha ekenligin sezip, qılıshın kese uslap áydarhanıń awzınan kire beredi. Jigit áydarhanı eki bólip taslaydı. Jigit ján-jaǵına qarasa, ol jerde áydarha iyelep atırǵan altın bar eken. Ol qaytarsın alarman degen maqset penen altınnıń turǵan jerin belgilep ketedi de, ózi ornına kelip jatadı. Azanda kárwanların baslap aldına júrip ketedi.

Bir neshshe kún jol júrip sawda qılatuǵın sháhárine baradı. Kárwanların túsirip, sawdagerler aparǵan zatların satıstıra beredi, al jigit bolsa qalanıń shetindegi kárwanınıń qarawılı sıpatında zatların baǵıp, kúndiz túye qamaytuǵın sharbaǵınıń boqlıǵın tazartıp jata beredi.

Aradan on bes kún ótedi. Bir kúni sharbaqtı tazalap atırsa pátikten tors etip bir nárse túsedi, jigit qarasa jańa tuwılǵan er bala eken, jigit dárhal shapanın sheship, balanı orap aladı. Sonıń arasınsha jáne bir nárse tors ete qaladı. Bul jańa tuwılǵan qız eken, da onı orap aladı. Bir waqıtta sharbaqtıń tesiginen bir adamnıń kiyatırǵanın kóredi. Jigit qolın sozıp tartıp almaqshı bolıp atırǵanda qolı hayaldıń burımına tiyedi. Ol adam basın tartıp aladı, biraq bir burımı jigittiń qolında qaladı. Jigit burımdı da qaltaǵa salıp qoya beredi.

Erteńine sháhárde «patsha hayalın darǵa asayın dep atır, kimde-kim qızıq kóremen deytuǵın bolsa dar túbine kelsin» degen jarshınıń jarın esitedi. Jigit bul xabardı esitip, nem ketipti bir tamasha kórip qaytayın dep eki balanı eki qoltıǵına qısıp bulda baradı. Darǵa asılayın dep turǵan hayaldı kóredi.

Jigit bul hayaldıń qanday gúnası bar eken, bunı patshadan sorap bileyin degen oyǵa kelip, patshanıń aldına baradı.

— Taqsır, bul hayaldıń qanday gúnası boldı? — deydi.

— Bunıń gúnasınday gúnanı hesh bir hayal islemegen. Meniń burın úsh hayalım bar edi, bulardıń hesh qaysısı tuwmadı, onnan keyin usı hayaldı aldım. Bul júkli boldı. Jaqında shikardan kelsem, bala emes, al bir pıshıq penen kúshiktiń balasın tuwıptı. Bul hayal meniń patshalıq namısıma, adamgershilik arıma tiydi, sol ushın darǵa asıp atırman — deydi.

— Taqsır, bul hayalıń pıshıq penen kúshik tuwmaǵan shıǵar, múmkin buǵan birewler jamanlıq qılǵan shıǵar. Men bir keshe sharbaq tazalap atırǵanımda pátikten taslanǵan bir ul, bir qızdı tawıp aldım. Mágar bolsa sol balalar seniń balalarıń bolmasın. Onıń ústine sharbaqqa kirip kiyatırǵan bir burımı meniń qolımda qaldı, mágar bolsa usı hayal balalardı anasınan ayırǵan dushpan hayal shıǵar. Men tawıp alǵan eki balanı alıp keldim, eger sizge usasa siziń balańız bolǵanı — dep balanı patshaǵa kórsetedi.

Balalar ayınmaǵan patshanıń ózi. Patsha hayaldı dardan bosatadı. Bunnan keyin jigit patshaǵa:

— Qol astındaǵı ellerdiń hayallarınıń birewin qaldırmay aldımnan ótkereseń, biz usı seniń hayalıńa jamanlıq qılǵan hayaldı tabamız — deydi. Hayallardı birim-birim aldınan ótkeredi, bayaǵı bir burımı julınǵan kempir ele ushıraspaydı. Sonı menen bir neshe kún ótedi, ele hayal joq. Bir waqıtta kóp kempirlerdiń keyninde bir kempir qırın qarap kiyatırǵanın kóredi. Jigit kempir tusına kele bergende:

— Kempir, beri qara! — dedi. Kempir bir qırın qarap edi, bayaǵı julınǵan burımınıń ornı bep-belgili bolıp tur.

— Kempir, bir burımıń qayda?! — dedi.

— Shıraǵım, áwelden usılay boldı — dedi.

— Tut kempirdi! — dedi de, jigit kempirdi patshaǵa uslap berdi.

— Mine, siziń balalardı urlap alǵan usı kempir, Mine, mınaw bir burımı — dep qaltasındaǵı burımdı shıǵarıp beredi. Patsha kempirdi atqa súyretip óltirip, ólimin órtep kúlin suwıradı.

Patsha balaǵa:

— Qanday tilegiń bar, ornıma patsha bolatuǵın bolsań, astımdaǵı taxtımdı beremen — deydi. Jigit — hesh nárse kerek emes — deydi. Patsha bul jigitke óziniń patshalıǵınan saylap bir sulıw qız alıp beredi. Toy-tamashasın berip eline qaytıwǵa ruqsat beredi. Jigit patshadan qaytarıp jiberiw shárti menen jáne júz túye sorap aladı. Bir neshe shuwal aladı. Sóytip kárwanların baslap eline qaytadı.

Jigit jolda altınlardı shuwalǵa qaplap, júz túyeniń júgin pitkerip, jolǵa rawan boladı. Bular kele bersin endigi gáp jigittiń qalǵan hayalınan.

Jigittiń hayalı kúyewiniń sawdagerden berip jibergen eki qap altınnan aladı. Olardı satıp jay salmaqshı boladı. Sóytip sol eldiń barlıq ustaların shaqıradı. Qız sol eldegi patshanıń sarayınan kem bolmaǵan úlken saray saldıradı. Bul waqıtta qız óziniń qız kiyimin sheship taslap, erkek kiyimin kiyip júrgen edi. Onı hesh kim qız dep esaplamaytuǵın edi. Qız óziniń shaqqan hám adamgershilikli isi menen basqa bir eldiń patshası menen ashna-yar dos boladı. Patsha bul «jigitke» hayallıqqa qızın beredi.

Jigittiń hayalı qızdı óziniń sarayına alıp kelip ekewi bola beredi. Biraq ekewi eki bólek jatadı. Bir kúni qız:

— Biz ekewimizdiń júrisimiz qalay, ya birge jatpaymız, birge turmaymız — depti.

— Seniń ol aytqanıń durıs, meniń jalǵız aǵam bar, ol kóp jıldan beri bir jerde oqıp atır edi, sol jaqında keledi, sonnan keyin erli-zayıplı bolıp belgili bolıp bolǵannan keyin birge jatamız — deydi. Qız bunı maqul kóredi.

Jigittiń awılına jaqınlaǵan xabarı kelgennen keyin, hayalı bir kúnshilik joldan aldınan shıǵıp, qushaqlasıp kórisip, aman-esenlik sorasadı. Jigit hayalına:

— Men bir ayıp is islep qoydım. Barǵan jerimde bir patshanıń hayalın ólimnen qutqarǵanım ushın maǵan mal-dúnya menen qosa hayallıqqa bir qız berdi. Seniń ústińe hayal alǵan aybımız bar.

— Oy shabazım, bir jigitke úsh hayal kóplik qılama, biz de sizge bir qız alıp qoyǵanbız, seniń hayalıń birew emes, házir úshew boldı — dep hámmesi bir jerge qosılıp bay-dáwletli qurǵın shańaraq bolıp otıra beredi.

Jigittiń burınǵı hayalı baq-dáwletli, úy-jaylı bolǵannan keyin bayaǵı ákesin shaqırıp kelip toy beriwdi oylaydı. Birneshe kún tayarlıq kórip ákesin shaqırıp keliwge adam jiberedi.

Patsha qasına birneshe adamlardı ertip qızınıń úyine keledi. Qız ústine jaman kiyim kiyip ákesine sezdirmew ushın xızmet islep júre beredi.

Bir waqıtta patsha qasındaǵı adamlarǵa:

— Qarap otırǵansha áńgime-gúrriń tawıp otırıń — deydi. Solardıń ishinen bir adam patshanıń xızmet qılıp júrgen qızın kórsetip:

— Áńgimeni mına xızmetshi qızdan esiteyik, kópti kórgen kóp adamnıń xızmetin islep hár túrli gúrriń esitken bolıwı kerek — deydi de qızdı shaqırıp aladı.

— Qáne, basıńnan ótken waqıya bar ma, yamasa esitken áńgime-gúrriń bar ma, bizge áńgime aytıp beriń?

— deydi. Qız áńgimege kirisedi. Qız basınan ótken waqıyalardı ertek etip aytıp beredi de, sózdiń aqırında patshaǵa ózin tanıstıradı.

Patsha qızınıń «jaqsı hayal jaman erkekti adam etedi» degen sóziniń ras ekenligine kózi jetip, qızı menen kúyew balasın patshalıǵına kóshirip alıp baradı. Patsha taxtın kúyew balasına berip, ol elde ádil basshılıq etip muradı-maqsetine jetedi.

## NANBAYDÍŃ BALASÍ

Burınǵı ótken zamanda bir nanbay bolıptı. Onıń qızı da, ulı da bolmaptı. Tek kempiri menen ekew ǵanası jasaydı eken.

Bir kúni nanbaydıń úyine bir jas bala kelip: — Ata meniń heshkimim joq, ulsızǵa ul, qızsızǵa qız bolaman — deydi.

Perzentsizlik daǵı basına tiygen ǵarrı: — Balam, biziń qızımız da, ulımız da joq. Bizge bala bola ǵoy — deydi.

Bala nanbaydıń úyinde bola beredi. Bala kelmesten burın zorǵa kúnin kórip otırǵan nanbay, bala keliwi menen bayıy basladı, biri eki bolıp, kúni kórisi adam aytqısız jaqsaradı. Bala da erjetip jigit boladı. Bir kúni ǵarrı: — Balam, dúnya bolsa bar, saǵan bir qız alıp, bizler de kelinli bolsaq, qalay bolar eken? — deydi balaǵa.

Bala:

— Alsańız alaǵoyıń ata — deydi. Ǵarrı: — Kimniń qızın alamız — deydi.

Bala: — Ápperseń maǵan xannıń qızın alıp ber, basqa qız kerek emes — deydi.

Ǵarrı balaǵa: — Bizdey jarlı adamǵa xan qızın bereme, onnanshı basqa bir qızdı ayt? — deydi. Bala sol bayaǵı aytqan sózinde turıp aladı. Bala aytqanınan qayıtpaytuǵının sezip qayıl boladı, xannıń qızın ayttıramız? — deydi.

Sonda bala: — Hár kúni xannıń esigin erte barıp sıpır da qayta ber. Onnan soń ózleri xabarlasar — deydi.

Ǵarrı balanıń aytqanın qılıp, eshegine minip, qorjının da eshegine bókterip, erte menen xannıń esigin sıpırıp qaytıp keledi.

Azanda erte menen xannıń esigin birewdiń sıpırıp ketkenin wázirleri sezip xanǵa aytadı. Xan ańlıń dep buyrıq beredi.

Azanda jáne ǵarrı kúndegi ádeti boyınsha xannıń esigin sıpırıwǵa barǵanda tutıp alıp, xannıń aldına aparadı. Xan ǵarrıdan «ne qılıp júrgen ǵarrısań» degende, ǵarrı: «bir jalǵız balam bar edi, sol qızıńdı alıp ber deydi», dep juwap beredi. Bunı esitken xan: «óziniń halına qaramay, meni bassınıp, qızımdı ayttırıp nege keleseń dep ǵázeplenip, óziniń jálladlarına ólimshi etip ǵarrını urıp jiberiwge buyıradı. Ǵarrını óltire uradı. Ǵarrı súyretilip keshte úyine zorǵa keledi. Erteńine ǵarrını jáne jiberedi. Azanda esigin sıpırıp atırǵanında jáne wázirler tutıp alıp, xannıń aldına alıp baradı. Xan ǵarrını pushtarlap qorjınına tıǵıp jiberiwge buyıradı. Wázirleri pushtarlap qorjınǵa tıǵıp jiberedi.

Bala ǵarrınıń keliwin asıǵıslıq penen kútip, kempirge. — Apa qarap jiber, atam kiyatır ma eken? — deydi.

Kempir dalaǵa shıǵıp qarasa, ǵarrı joq, eshektiń ústinde qorjınnıń tolı kiyatırǵanın kóredi. Kempir: — Ǵarrı joq, qorjınnıń eki bası toq, dep juwap beredi.

Bala maydanǵa shıǵıp eshektiń ústinen qorjındı alıp, góshlerdi bir jerge jıynap bir dem saladı. Ǵarrı óz qálpine kelip, «uyıqlap ketippen» dep túrgeledi.

Bala ǵarrını erteńine jáne jiberedi. Bul barǵanında ǵarrını sheńgeldi úyip, ústine otırǵızıp, kúl etip, bir qısım kúlin qorjınǵa salıp jiberedi.

Eshek kúndegi ádeti boyınsha jem jegen jerine tartadı. Bala qorjındaǵı bir qısımday kúldi alıp, bir dem saladı. Ǵarrı jáne «uyqılap ketippen» dep túrgeledi.

Bala ǵarrıǵa jalınıp «jáne bir ret barıp qayt?» deydi. Jáne ǵarrı kúndegi ádeti boyınsha esigin sıpırıp atırǵanın da tutıp alıp, xanǵa aparadı. Xan wázirleri menen oylasıp, bul ǵarrını ǵoy ne qılsaq ta qutıla almadıq. Bunı maldan qashırayıq degen qararǵa keledi. Sóytip xan ǵarrıǵa:

— Biziń qızdı balańızǵa alatuǵın bolsańız, seksen sarı at, toqsan torı at, eki qos shınar, bir bayterek beresiz? — deydi. Ǵarrı úyine qaytıp kelip, xannıń aytqanın balaǵa aytadı. Bala:

— Ata, siz qıynalmań, barlıǵın ózim tabaman — deydi de, ǵarrını ertip shólistanǵa shıǵıp kete beredi. Bir jerlerge kelgende bala ǵarrıǵa:

— Ata sen usı jerde tur, aldıńnan bir at shıǵar, sonı jibermey uslap tur — deydi.

— Bir waqıtta at shıǵadı, ǵarrı jibermey uslap tura beredi, — keyin ala seksen sarı at, toqsan torı at, baǵanaǵı eki qos shınar, bir bayterek shıǵadı. Bala eń keyingi bir atqa jılan bolıp minip shıǵadı.

Úyine kelip qızdı alıp qaytpaǵa baradı. Onda da jılan taqılette bolıp baradı. Patsha jılandı kórip qızın bergisi kelmeyd. Biraq wádesinen shıqpasa, xalıqtan uyatsınıp berip jiberedi. Úyine kelgennen keyin adam qálpine

kelip otıradı. Qız benen jigit bir-birin júdá jaqsı kóredi. Jigit qızǵa egerde ústindegi jılan qabın alıp birew otqa salsa, óziniń joq bolatuǵının eskertedi.

Bir kúni jigit anǵa shıǵıp ketedi. Patshanıń jeńgesi qıdırıp keledi. Sóytip ol: — Biykesh seniń kúyewińniń jılan qabı bar eken sonı kórset? — dep qoymaydı. Qız dım qoymaǵannan soń kórsetsem kórsete qoyayın degen qıyalǵa ketip, arshanı ashıp, jılan kepti qolına uslatadı. Ol dárriw aladı. Kepti janıp turǵan oshaqqa taslap jiberedi. Sol waqıtta bayaǵı jigit kepter bolıp ushıp kelip «endi biz sizge joq» — dep ushıp kózden ǵayıp boladı. Óziniń jigitinen ayrılǵan qız júdá qapa bolıp jılaydı. Sóytip ákesine barıp kúyewin izleytuǵının aytadı. Temirden hasa, gewish soqtırıp alıp, qálender bolıp izlep kete beredi.

Birneshe kún jol júrip, bir adamǵa keledi. Ol óziniń joyıtqan joǵın aytadı. Ol adam menen de úlken aǵam bar, sol bilmese, men bilmeymen, dep onı siltep jiberedi. Ol da bilmeytuǵının aytıp ózinen úlken aǵasına silteydi. Eń úlken aǵasın da tawıp aladı. Oǵan qız «men joq joyttım» — deydi. Ol kisi:

— Usı jerde bir góne tam bar. Soǵan bir qus kelip:

— Seksen meniń sarı atım,
Saǵaǵınan jırıldı,
Toqsan meniń torı atım
Tobıǵınan jırıldı,
Eki bayterek, bir qosshınar,
Shıqtı meniń janım-aw.

— deydi de ushıp ketedi. Onda sol shıǵar, qızım. Qız:

— Men onı qalay qolǵa túsiremen? — deydi. Jańaǵı adam:

— Erteń pálen waqıtta ol qus keler, sen sol góne tamnıń ishine kirip, qolıńa bir kese pal alıp, jasırınıp jat, kúndegi aytatuǵınların aytıp zarlanıp bolǵan waqıtta qolıńdaǵı paldı serpip jiber, záhárdi pal aladı, degen balam, ol qáhárinen qaytıp, seniń menen qosılar, qızım — deydi. Ǵarrınıń aytqan góne tamın tawıp alıp, qız qolına bir kese pal alıp jata beredi. Bir mezgilleri bir qus kelip:

— Seksen meniń sarı atım,
Saǵaǵınan jırıldı,
Toqsan meniń torı atım
Tobıǵınan jırıldı,
Eki bayterek, bir qosshınar,
Shıqtı meniń janım-aw.

— dey bergende, paldı serpip jiberedi. Sol waqıtta qus bayaǵı jigiti bolıp, «ele meniń izimde júrmediń shaya» deydi. Sóytip ekewi qosılıp eline keledi. Sóytip kelse bayaǵı xan atası qızı menen kúyew balasın izlep ketetuǵın bolıp, oyǵa shúmip, hasasına súyengen eken, hasası jawırınınan terek bolıp kógerip ketipti. Jigit eliñe kelip úlken toy berip, murad-maqsetine jetipti.

## XAN QÁDIRLEGEN KISHI KÚYEW

Áyyemgi ótken zamanda bir ǵarrı menen kempir jar boyında jartı ılashıǵı jalpayıp ruwzıgershilik súrer eken. Bularda uldan bolıp, ya qızdan bolıp hesh perzenti joq eken. Kúnlerden bir kúni ǵarrı otınǵa ketipti, kempir úyinde qalıptı. Kempir úyinde otırsa, haqlap aldına bir diywana baba kelipti. Kempir úyinen juwırıp shıǵıp,

diywana babadan jol soraptı. Bul kelgen baba jádigóy eken. Ol jádigóyligin kempirden jasırıp:

— Men bir el gezip júrgen úysiz, jaysız babańman — depti. Kempir aytıptı: — Sen el gezip júrgen adam bolsań kópti kórgen ekenseń, men de haqlaǵan adam edim. Úyimizde ǵarrımız benen ekewimiz, bizde usı jasımızǵa kelgeli hesh perzent bolmadı, siziń sharapatıńız tiye ketkey — dep kempir diywana babaǵa úyinen jigirma aǵarı buwday shıǵarıp beredi. Diywana baba da buwdaydı alıp qabına saladı. Qabın iynine qoyıp bolıp:

— Kempir jan, seniń úsh balań boladı. Onnan qálegen birewińdi men alaman. Úyińde «haq» dep otıra ber — dep diywana baba jolǵa túsip rawana boladı.

Baba ketken soń bir azıraqtan soń kempirdiń ǵarrısı otınan keledi. Kempir bolǵan awhaldı ǵarrısına aytadı. Ǵarrı menen kempir diywana babanıń sózine bir inanar bolıp, bir inanbas bolıp júre beredi. Ǵarrınıń hayalı — kempirdiń boyına hámle payda boladı. Toǵız ay, toǵız qún múddeti pitip, kempir qoshqarday ul tuwadı. Ol balasın asırap baǵa beredi.

Onıń keynine taǵı da bir jasardan bala kóterip, kempirdiń tuwǵan ulları úshew boladı. Balalardıń aldı on jasqa, keyni jeti jasına keledi. Bir kúni ǵarrı menen kempir qazannıń astına ot jaǵıp otırıp, bayaǵı babadan hesh xabar bolmadı-aw, dep aytısadı.

«Shúkir, balalar da erjetip kiyatır», dep sóz etip otır edi. Sáske waqıt edi, esik aldında birew «haq» dep kelip qalǵanday boladı. Kempir dárhal úyinen juwırıp shıǵadı. Qarasa esiginiń aldında bayaǵı babanıń kelip turǵanın kóredi. «Úyge kirińiz» dep babanı úyine kirgizedi. Baba aytadı:

— Meni jolımnan qaldırmań balalarıńızdı mında shıǵarıń, wáde boyınsha men birewin alıwım kerek.

— Oy, baba, házir-házir — dedi kempir.

Kempir balaların shaqıradı, balalar jámlesip, úshewi babanıń aldına keledi. Baba balalardı sınan ótkerip, eń kishkenesin alıp ketedi. Baba balanı izine ertip otırıp altı aylıq kólden, altı aylıq shólden ótedi. Sóytip, óziniń jayına keledi. Bala da ǵarrınıń jayına keledi. Kelse jayı ullı háremlik baǵda eken. Bunday baǵdı hesh ómirinde kórmegen bala aqılı hayran qalıp, baǵdıń ana jaǵına, mına jaǵına kúnde qıdıratuǵın ádetke ushıraydı.

Bala bir kúni baǵdı aralap júrse, soqpaq joldıń ústinde bir adamnıń quw gellesi jatır eken. Barıp ayaǵı menen ısırıp qoyıp edi: «Há bala, sonday biyqásiyet bolama, sende mendey bolarsań», dep quw gelle sóylep qoyadı. Bala buǵan hawlıǵadı. Taǵı oylanadı. Barıp quw gelleni jerden kóterip alıp, bilmey ayaǵın tiygizgeni ushın keshirim soraydı.

Gelle keshirim etedi. Balaǵa aytadı, «Seniń bet júzińde adamgershilik nıshanı bar bir bala ekenseń, ele seniń kórgenińnen kórmegeniń kóp, men bir xannıń qızınıń kúyewiniń gellesi edim, meniń alatuǵın qızımdı bul baba jádigóylik penen qolǵa túsiredi. Qızdı, meni soyıp jegenine mine jeti jıl boldı. Men sol kúyewdiń gellesimen. Sen meni usı baǵdıń kún shıǵarında turǵan úlken bayterektiń túbine kóm, qay waqıtta qısınsań sol bayterektiń túbine kel, saǵan men qolımnan kelgen jaqsılıǵımdı hesh waqıtta ayanbayman» — deydi. Bala quw gelleni aytqan bayterektiń túbine kómedi. Sóytip hesh nárse bilmegendey bolıp júre beredi. Aradan taǵı segiz jıl ótedi, bala on altı jasına keledi. Bir kúni jádigóy baba balanı qasına shaqırıp alıp:

— Balam, sen meniń kútá jaqsı kórgen balam boldıń, meniń hár jeti jılda qırq kún uyqılaytuǵın uyqım bar

edi, mine endi men erteńnen baslap uyqılaytuǵın kúnim, mınaw qırq ójireniń gilti, sen usı gilitlerdi qolıńa al, qırqınshı ójireni hesh ashıp qarawshı bolma, ekinshi ójireniń tórinen ótip barsań onda baylawlı eki at turıptı. Kók atqa kúnde qırq qosıwıs jem ber, qara atqa kúnde eki qosıwıs jem berip sawrısına qırq tayaq urıp qoy balam — deydi.

Sóytip jádigóy baba kelesi kúni uyqıǵa kirisedi. Bala da ǵarrınıń aytqanın islep júre berdi. Babanıń uyqılaǵanına otız kún boladı. Bala bir kúni usı qırqınshı ójireni ashıp kórsem qalay bolar eken dep oylanadı da, barıp qarasa ójireniń tóri esik eken. Ol esikten de ótip barsa, arjaǵı keńlik maydan baqshalıq eken. Baqshalıqta aralap júrgen kóp qızlardı kóredi. Qızlar bul balanı kórip tım-tıraqay qashıp jaylı-jayına barıp kiredi. Bala hayran bolıp bir jayǵa kirse, ishi tolı qız eken. «Anaw semiz, men arıq» dep qızlar julısa beredi. Bala bul gáplerge túsinbeydi.

— Maǵan sizlerdiń arıq semizlerińizden hesh payda joq, maǵan jónlerińizdi aytıńlar? — dep soraydı qızlardan. Qızlar aytadı.

— Sizdi bizlerdiń ishimizden semizimizdi alıp ketpege kelgen shıǵar dep oylap edik, olay bolsa bizler hárqaysısımız bir eldiń qızımız, bizlerdi mına baba alıp kelip qoyıptı, ishimizden hár kúni bir semizimizdi alatuǵın edi. Ol qaytıp kelmegen soń, bizlerdi baba jeytuǵın shıǵar dep pámleymiz — deydi qızlardıń birewi.

Balanıń denesi juwlap, eti túrshigedi. Qızlardıń bárine de «qayda barsańız, sonda barıńız, dep azat etedi. Ózi juwırıp alıp bayaǵı quw gelleni kómgen bayterektiń túbine bardı. Barıp ne derin bilmey hawlıǵıp tursa, «há, nege bunsha hawlıǵıp keldiń» dep kómgen gelleden saza keledi.

Bala aytadı:

— Men sennen járdem sorap keldim, baba otız kúnnen bermaǵan uyqılap atır edi, uyqılarında maǵan qırqınshı ójireni ashpa dep edi, onıń aytqanın tutpay, barıp ashıp qarasam, ishi tolı qız eken. Babanıń ol qızlardı jewge saqlap qoyǵanın esitip hámmesin azat ettim. Sóytip ózim seniń janıńa kelip turman. Endi men bul babadan qalayınsha qutılaman — dedi. Quw gelleden saza keldi:

— Sen bunnan házir keynińe qayt, ekinshi ójireniń tórgi jaǵında turǵan eki attıń kók atına hár kúni bir qosıwıs jem ber hám sawrısına qırq tayaq urıp qoy, al qara atqa hár kúni qırq qosıwıs jem berip, sılap-sıypap juwıp tur. Sol seniń dártińe jaraydı. Onnan soń babanıń birinshi ójiresindegi tekshede bir quman bar, aǵash taraq, erkekshe qaltada bir sabın tur. Qol arshada duz turıptı. Sonı barıp alıp qara attıń er toqımına bánt etip, sáhár waqıtta qara attı minip, kún shıǵarǵa qaray qash. Erteńine qırq kúnlik uyqısı tolıp, baba tús waqıtta ornınan turadı. Seni sóytip usı bayterektiń basına minip qaraydı. Qashıp baratırǵan seni kóredi, há, ele ayaǵımnıń astında júrgen ekenseń, janıń barda qayt dep, qattı dawıslap bir baqırar, sen onnan qorıqpa, keynińe de qaytpa. Onnan soń baba daraqtan túser, kók atın miner, seni quwar. Keler kúni tús máhálde seniń keynińnen jetip, al jettim, al tuttım degen ses berer, sen de sol waqıtta asıqpay, albıramay, atıńnıń er-toqımına bánt etilgen taraqtı alıp, «ushı-qıyırı joq qalıń toǵay bol» — dep artıńa tasla.

Taraq toǵay bolar... Baba toǵaydan ótiwge jeti kún hálek bolar. Sen jeti kúnde biraz aranı asharsań. Jeti kún ótip, segizinshi kún tús waqıtları bolǵanda, baba keynińnen al jettim, al tuttım dep taǵı ses berer, sen

qorıqpa, hawlıqpa, qashıwıńdı toqtatpa. Atıńnıń er-toqımına bánt etilgen bir salım duzdı jazdırıp alıp, «ushı-qıyrı joq túpsiz tereń duzlı kán bol» dep artıńa tasla, duz kán bolar. Baba duz káninen ótemen dep taǵı jeti kún irkinish tabar, sen jeti künde aranı ashıp qasha bererseń. Bul jeti kún ótken soń, segizinshi kúni tús waqıtta baba keynińnen al jettim, al tuttım, dep qıyqıw salar. Sen albırama da, qorıqpa da. Tıńnıń er-toqımına bánt etilgen qumandı jazdırıp al, «ushı-qıyrı joq kók tólegey teńiz bol» — dep suwın keynińe tók. Sóyt te qashpay atıńnan túsip teńizdiń boyında otıra ber. Aradan jetinshi kún ótip segizinshi kún tús waqıtta babanıń teńiz ortasında atınıń ústinde gá shúmip, gá júzip kiyatırǵanın kórersеń. Qırǵa jaqınlaǵanda atı sharshaǵannan halı ketip suwǵa batar, atı menen birge batıp shıǵa almay joq boladı. Babanıń joq bolǵanınıń belgisi at shúmgen jerden qanlı qızıl kóbik shıǵıp, aq kóbik bolıp tarqar. Bar jolıń bolsın, onnan soń qayda ketseń sonda ket — dedi.

Bul sózlerdi esitip, bala qaytadı. Ekinshi ójireni ashıp kók atqa bir qosıwıs jem beredi, sawrısına qırq tayaq uradı, qara atqa qırq qosıwıs jem beredi, sılap-sıypap künde juwadı. Taraq, quman hám duzlı attıń er toqımına bánt etedi. Babanıń uyqılaǵanına erteń qırq kún boladı degen kúni sáhár waqta qara atqa erdi qoyıp ústine minip, kún shıǵarǵa qarap at qoyıp qashıp alıp jóney beredi. Bul qashıp otırsın, endigi sózdi babadan esitiń.

Baba qırq kún degen kúni uyqıdan kózin ashadı, ornınan turıp qarındı toydırayınshı dep, baladan giltlerdi almaqshı bolıp shaqırsa, bala qasına kelmeydi. Baǵdıń ishinde uyqılap qaldı ma bul dep izleydi. Tappaydı, baba dárhal bayterekke minip ján-jaǵına kóz salsa, balanıń

qara attı minip qashıp baratırǵanın kóredi. Balanı qorqıtıp qaytarıw ushın «há, ele ayaǵımnıń astında baratırsańǵoy, janıń barda keynińe qayt» — dep ashshı-ashshı dawısı menen balanıń keyninen baqıradı.

Bala qayrılmaydı, qashıwın dawam etedi. Baba bay terekten túse salıp, kók atın minip, balanıń keyninen quwadı. Keler kúni tús waqıtta baba al jettim, al tuttım degen ses shıǵaradı.

Bala sol waqıtta atınıń er-toqımına bánt etilgen taraqtı qolına jazdırıp alıp, «ushı-qıyrı joq úlken toǵay bol» dep artına taslaydı, taraq toǵay boladı. Baba toǵaydan ótemen dep jeti kún hálek boladı, segizinshi kúni tús waqıtta baba balanıń qashıp baratırǵan qarasına erisedi. «Al jettim, al tuttım» dep shawqım salǵanda bala atınıń er-toqımına bántlep qoyǵan duzdı jazdırıp alıp, «ushı-qıyrı joq ullı duz káni bol» dep keynine taslaydı. Kánnen ótemen dep baba taǵı da jeti kún hálek boladı. Bala aranı ashadı, segizinshi kúni tús waqıtta baba taǵıda «al jettim, al tuttım» degen shawqım saladı. Bala atınıń er-toqımına bántlengen bir quman suwdı jazdırıp alı, «ushı-qıyrı joq kók tólegey teńiz bol» dep keynine tógedi. Qumandaǵı suw teńiz boladı. Bala atınan túsip teńizdi jaǵalap júre beredi, jeti kún ótip, segizinshi kúni tús máhálinde qarasa, teńizdiń ortasında atınıń ústinde bir batıp, bir shúmip babanıń kiyatırǵanın kóredi. Qırǵa jaqınlap kelgende babanıń atı harıǵanınan júziwge halı kelmey, teńizdiń túbine batadı. Baba da atı menen shúmip ketedi. Bala qarap turadı, attıń suwǵa batqan jerinen bir máháli qapqanlanıp qızıl kóbik shıǵıp, aq kobik bolıp taraydı. Bala bunnan babanıń suw astında joq bolǵanın biledi.

Bala endi atına minip jolǵa túsip kete beredi. Bir jerlerge barǵanda aldına qarasa, kóp bir jayılıp jatqan

qoyǵa duwshakerlesedi, qoydı baǵıp júrgen shopanlardıń qasına baradı.

Shopanlar menen amanlasıp, qasında atınan túsedi.

— Shopanlar bunı kórip jol bolsın sorasıp, bunıń ǵaybana júrgen adam ekenin biledi. Ózleri menen birge qoslarına alıp baradı. Túslendiredi, qondıradı. Kelesi kúni azanda bala: «bul kórinip turǵan qala kimniń qalası? Bul sizler baǵıp júrgen qoylar kimdiki? — dep shopanlardan soraydı.

Shopanlar aytadı; — Bul kóringen usı jurttıń xanınıń qalası, bizlerdiń baǵıp júrgenimiz sol xannıń qoyı — deydi.

Bala oylanadı, men bul shopanlardıń qasında qalsam qala berermen, onnansha qalaǵa barayın, endi keleshekte kún kóriwdiń ilajın qılayın, dedi ózine ózi. Sóytip óziniń ústi-basındaǵı kiyimlerin shopanlarǵa sheship beredi, shopanlardan góne kiyimler alıp kiyedi. Sóytip shopanlardan qalaǵa barıwǵa qalanıń jón-josaǵın sorap atına minedi. Qalaǵa jaqın barıp atınan túsip, attı aydap qoya beredi.

Atı hesh qayda ketpey, bala júrse izine eredi. Tursa turadı. Attı ketsin dep bala qamshılasa, «sen meni biygúna urma, meniń mańlayımnan bir túgimdi al, onnan soń men ketemen, al qay waqıtta men kerek bolsam, sol waqıtta mennen alǵan túkti tútetseń házir bolaman» — dedi.

Bala atınıń mańlayınan bir túgin julıp aladı. Atı jolǵa túsip ala shańǵıt bolıp arqaǵa qarap shawıp kózden ǵayıp boladı. Bala da attan túkti shapanınıń jaǵasına bánt etip, ózi qalaǵa qarap adım uradı. Qalanıń shetine kelse, kishkene salmanıń boyında bir kempir ishek-qarın tazalap otırǵan eken, bala kempirdiń janına keledi.

— Bala, qaydan júrseń? dep soraydı kempir. Bala aytadı:

— Men ulsızǵa ul, qızsızǵa qız bolaman, meniń atamda joq, enemde joq, sonlıqtan mende belgili qostar da joq — deydi. Solmanda kempirge bala bolatuǵın boldı. Kempir joq jerden balalı boldım dep, quwanıp ishek-qarındı árli-berli juwıp gúrbeńlep atırǵanında bala ishek qarınnıń arasınan qırqqattı ala qashadı. Kempir quwadı, jete almaydı. Bala qırqqattı awdarıp basına kiyip alıp kóshege shıǵadı. Kósheni aralap júrip bir temirshi ustanıń qasına baradı.

Temirshi usta balanı kórip: — Sen ne qılıp júrgen balasań? — dep soraydı.

— Men bir talap izlep júrgen balaman.

— Talap izleseń biziń dúkanda isleyseń be?

— Isleyin.

— Bar onda mına qálbirdi suwǵa toltırıp kel — deydi usta.

Bala qálbirdi qolına alıp bazarǵa baradı. Bazardan tawıqtıń úsh shiyki máyegin satıp aladı. Shiyki máyeklerdi qolına alıp ustanıń qasına keledi.

— Ákelgen suwıń qáne? — deydi usta.

— Házir suw alıp kelemen, men kelgenshe mınalardıń ushın shıǵarıp qoyshı aǵa — dep bala jańaǵı tawıqtiń úsh máyegin ustaǵa beredi, sóytip qálbirdi qolına alıp kóshede júrip-júrip qaytıp keledi.

— Ákelgen suwıń qáne? — deydi usta.

— Meniń ákelip bergen máyeklerimniń ushın ótkirlep shıǵardıń ba? — dep soraydı bala. Usta aytadı:

— Máyektińde ushı shıǵameken, shókkish jenship taslaydı ǵoy.

Onda bala aytadı:

— Qálbirde de suw turameken — deydi. Solmanda usta gápten utıladı. Balada bir qásiyettiń barın bilip jazdırılmaydı. Ustaxanǵa shákirtlikke aladı. Bala temirshi ustanıń janında islep júre bersin.

Bul qaladaǵı xannıń úsh qızı bar eken. Úshewi de boyı jetip xan qızların kúyewge bermekshi bolǵanında, qızlar atasınıń aldına shárt qoyǵan eken. Atamız bizlerdi kúyewge beremen dese, qırq kún toy tamasha bersin, bizlerdi altın kóshkiniń ústinde otırǵızıp qoyıp, xalqınıń bizlerdi alıwǵa talaban barlıq adamların aldımızdan ótkersin, bizler kimdi qálesek, sonı alma menen uramız, qaysısımız kimdi ursaq soǵan bersin, degen eken. Sonıń menen otız kúnnen beri bul qalada toy bolıp atırǵan eken. Bul toyǵa qırq kún degende xannıń kishkene qızı hesh kimdi alma menen urmaptı. Xan qızına adam jiberip sebebin sorasa, «ele meniń aldımnan ótpegen adamlar bar, sonıń ushın hesh kimdi alma menen urmay qarap otırman» — dep juwap qaytarıptı...

Xannıń qızınan alǵan juwabına ashıwı keledi. «Qalamda bawırınan shamal ótken adamnan qalǵanı bolsa, bárin de qoymay aydap shıǵıp, qızlarımnıń aldınan ótsin!» dep buyrıq beredi...

Mine, bul rette hesh nárseden xabarı joq qızlardıń aldınan ótkerilgen adamlar arasında temirshi ustaǵa shákirt bolıp turǵan bala da basında kempirden alıp qashıp ketip qalǵan qırqqat jumrısı menen bul da ótedi. Bul balanıń kesheden beri qoyshılardıń qasına kelgenin, olardıń qasınan atlanıp ketip qalaǵa jaqınlaǵannan soń attıń mańlayınan bir túk alıp aydap jibergenin, qalanıń shetinen kelip kempirden qırqqatın alıp qashıp basına kiygenin qız kósheniń ústinde kórip otırǵan eken. Sonlıqtan, qızdıń tusınan óte bergende, qız balanı alma

menen salıp qaladı. Qızdıń aldında turǵan qarawıllar balanı tutıp aladı. Qızıńızdıń alma menen urǵan adamı usı dep xannıń aldına alıp baradı.

Xan kishkene qızınıń bunday bir ústinde kiyimi joq, belgisiz adamdı alma menen urǵanına qapa boladı. Qızınıń wádesi boyınsha ilajsızdan qızın balaǵa beredi. Úlken qızı menen ortanshı qızınıń tiygen kúyewinen kewli tolǵanlıqtan olarǵa jeterlik dúnya mal bólip beredi. Ústine aq otawlar tigip beredi, kishkene qızınıń tiygen kúyewine kewli tolmaǵanlıqtan qara qurım úy tigip beredi. Qaydaǵı iske jaramsız jaman degen zatlar beredi, sóytip bala jaman kúyew atın alıp hayalı menen atası bergen jaman úydi topanxananıń qasına tigip, ómir, keshirip otıra beredi.

Aradan birneshe kúnler ótedi, bul xannıń burınnan qandar dushpanı taǵı bir jurıttıń xanı bar eken. Ol xan bunıń menen urısıp ózine baǵındırıp almaǵa tayarlıq kórip júredi eken. Bir kúni ol xan buǵan urıs járiyalap elshi jiberipti. Bul xan ilajsızdan urısqa qarsı urıs, dep elshilerge juwap qaytarıptı. Eliniń jaqınına at jollap, alısına xat jollap ásker jıynaptı.

Urıstıń baslanıw kúni pitip, bayaǵı elshi jibergen xan ásker tógip urısıwǵa keledi. Bul da xan áskerlerin qarsı jıynaydı. Urıstıń tayarlıǵı baslanǵannan-aq úlken qızınıń kúyewi menen ortanshı qızınıń kúyewin urıs islerin meńgeriwshi tayarlaydı. Al kishkene qızınıń kúyewin kózge de ilmeydi, shaqırmaydı da, jaw-jaraq ta bermeydi. Sonıń menen bir kúni urıs baslanadı. Urıs qıza-qıza bul xannıń áskerleri jeńile baslaydı. Urıstan qashıw baslanadı. Qalanıń ishinde jan qalmay hámmesi urısqa aydaladı. Jaman kúyew atın alǵan bala urısta qayın-atasınıń jeńiliwi qáwpin sezedi. Qaladan

shıǵadı bayaǵı atınıń mańlayınan alıp qalǵan túkti otqa tútetedi, atı jaw-jaraǵı menen tayın bolıp, atın minip alıp kelgen jawǵa qarsı kese belden at qoyıp úsh tún degende jawdı basıldırıp, jeriniń shegarasınan aydap shıǵardı.

Bala jawdı basıldırıp keyninen quwıp ketkenin xan kórip bunıń kim ekenin bilmey, hayran qalǵan edi, átten qızlarım bolǵanda oǵan birewin berip, tuwmasamda tuwǵanday balam eter edim, eń bolmasa atı jónin de bilmedim-aw dep ókinishte qalǵan edi.

Xan eliń jawdan aman alıp qalǵanına quwanıp, eli-jurtın jıynap qırq keshe kúndizlik toy baslaydı. Xannıń toyı baslanǵannan soń bala toydıń ústine keledi. Bul balanı toyxanada heshkim tanımaydı, atı jaw-jaraǵı saltanatı bir xanlıqqa miyasar adam bolǵanlıqtan bunı xan da tanımaydı...

Kelgeninde xan anaw kúngi urısta jawdı basıldırǵan usı batır ǵoy dep aldınan shıǵıp atın jılawlap arnap úy tiktirip soǵan barmaqshı boladı.

Bala aytadı — Joq xan háziretim, siz meni basqa úyge aparmay-aq qoyıń, meniń usımanda ózimniń dep shatpam bar, soǵan barıp-aq attı baylattırıp keleyin — dep úyine qaray atınıń basın buradı.

Xan atınıń basın jibermey, balanıń úyiniń aldına kelgenin bilmey-aq qaladı. Bala kelip tap óziniń úyiniń aldında toqtap atınan túsedi.

Sol waqıta xan hayran qaladı. Xan:

— Bul siziń úyińizbe edi? Bul meniń ońım ba, túsim be, bilmey turman — dedi.

Bala xandı húrmet etip.

— Bul sizden alǵan úyimiz ǵoy, mine qızıńız — dep hayalı menen ekewi qol uslasıp xannıń aldında bas iyedi.

Xan álik aladı, dárhal wázirlerin shaqıradı, xan hámirine úy tiktiredi. Balaǵa qızın qaytadan qırq keshe toy tamasha etip beredi. Óziniń ornına balanı xan tikleydi, sóytip birneshe jıllar dárwan súrip, muradı-maqsetlerine jetedi.

## ÓGEY ANA

Áyemmgi ótken zamanda bir awqatlı qurǵın adam bolıptı. Kúnlerde bir kún bul adamnıń qatını ólip, ol ólgen qatınınan bir ul bir qız qalıptı da, ózleriniń anası ólgennen sońǵı ógey anası jaqtırmaytuǵın keselge ushıraydı. Bul balalar otırsa opaq, tursa sopaq bolıp, qullası ógey anası bala menen qızdı atasına jaman kórsetedi. Balalardıń atası ógey ananıń azǵırǵanına erip, balası menen qızınan qanday da bolmasın ayrılıwdıń jolın oylaydı. Qatınnıń aytıwı boyınsha balası menen qızın qollarına túbi tesik qaptı berip, kóp jiydelikke aparadı. Jiydelikti aralap júrip:

— Balalarım, mınamannıń jiydesi jaqsı jiyde eken. Usı qaptı toltırıp jiyde teriw kerek. Sizler jiydeni tere turıń, tergenińizdi usı qapqa sala beriń, qap tolǵan soń úyge alıp barasız balalarım — dedi de túbi tesik qaptı balalardıń qolına beredi. Balalar atasınıń ne qıyal menen aytqanın sezbegen soń, balalar jiydeniń ana túbi menen mına túbine juwırısıp jiydeni tere beredi.

Tergen menen qızdıń atası balalardı úyden alıp shıqqannan-aq ógey anası erteden tayınlanǵan júklerdi tezden artıstırıp tayın boldı. Balalardıń jiyde teriwge qızıp kiriskennen paydalanıp, olardı taslap kóship ketedi.

Bala menen qız jiydeni qansha terse de, qaptıń ishin sirá toltıra almaǵan soń, bul qaptıń ne bálesi bar dep

qarasa, túbiniń tesik ekenin sonda biledi, bunı kórip hayran boladı. Qız turıp aytadı:

— Atamızdıń bizlerge túbi tesik qap berip jiyde terdirip taslap ketkenin jazatayım emes shıǵar — dedi.

— Atamız bizge ne jamanlıq oylaytuǵın edi — dedi bala.

— Bul atamnan shıqqan bále emes, ne bolsa anamızdan shıǵar dep pámleymen — deydi qız.

Gáp kópke sozılmadı. Bala menen qız qol uslasıp úyine qarap juwırıstı. Jiydeliktiń arası menen juwırıp otırıp, úyiniń jurtınan shıqtı. Qarasa, ata-anası bulardı taslap kóship ketip qalǵan. Balalar ata-anasınıń izinen qay tárepke keterin bilmedi. Qol uslasıp jılasıp ekewi jurtta qala berdi.

Atası menen anası bulardı taslap kóshkeninde, kósh penen birge alıp júre almaspız dep eki qotır taydı, qorada qaldırǵan edi. Bala menen qarındasınıń kúnde ermegi sol tay boldı. Bir kúnleri bul eki tay balalardıń tárbiyasınıń arqasında, qotırınan jazılıp, jabaǵıların taslay baslaydı.

Sóytip, aradan biraz waqıt ótedi. Bala menen qarındasınıń baqqan eki tayı jaqsı at boladı. Bala on segiz jasına, qarındası on altı jasına keledi. Sol waqıtta deyin atası menen anasınan da hesh qanday xabar bolmaydı.

Bir kúni qız atasına qarap: — Aǵa endi bolsa shúkir, mine bizler de adam boldıq. Belimizde quwat, qolımızda kúsh bar. Taylar bolsa at boldı, gózlegen jerge alıp baradı, endigi ómirimizdi elsiz japanda bul góne jurıtta ótkerip jata bergenshe, bizler de bas ǵamımızdı qılsaq qáytedi — dedi. Bul gáp aǵasınıń da oyında da bar edi.

— Bunı men de oylap júr edim — dedi aǵası qarındasına. Sóytip, bala menen qarındası atası taslap

ketken jurıttan qayda bolsa da bir jaqqa ketiwdi másláhát etip, atlardı, birin aǵası mindi, birin qarındası mindi, ekewi atlanıp góne úy jurtı menen xoshlasıp, kózlerinen jasın monshaq-monshaq aǵızıp jılap, bir gúzar jolǵa tústi.

Neshe kúnler jol júrdi, neshe kóllerden, neshe qıya shóllerden, neshe jolsız jerlerden ótti. Bala menen qarındası jolǵa dep alıp shıqqan azıqların da túwesedi. Aldılarınan awıl, ya qala bolıp, bas panalaǵanday jer de shıqpadı. Bir kúni assız, nansız ketip baratırsa, telegey shalqar kók teńizge duwshar boladı. Áne bul teńizdiń jaǵasına kelip, bir jaǵı tawlıq, bir jaǵı taslıq dalańlıq, teńiz jaǵasınıń at baǵıwǵa otlı, shópli qolaylı bir jerine kelip tústi. Neshe kúnlerden beri attan túspey jol júrip sharshaǵan eki jas, atlardıń dizginlerin er basına qıstıradı, ayaqların tusawladı, góne kóksi bóktergilerdi túsirip alıp, uyqıǵa kiristi. Usımanda bir kúni, bir tún uyıqlap, uyqıların qandırap alıp, uyqıları qanǵannan keyin, endi baslarına tamaqtıń qayǵısı tústi.

Bala jaslay atadan tiri jetim, anasız óli jetim, óz qolı óz awzına jeter-jetpesten-aq ańshılıq penen shuǵıllanǵan edi. Bul kún kelip túsken jeri de ańshılıqqa qolay jer eken. Dárhal atlardı qurıw-qurıwlap shaqırdı. Qarındasınıń atın qaldıradı da, ózi atınıń ayılların bekkemlep tartıp ústine minip aladı. Qolında oq jay, belinde atasınıń kómikte umıt qalǵan jerinen tawıp alǵan sholaq qılısh, ań awlamaqqa ketti.

Qarındası da silkinip ornınan turdı, ján-jaǵına kóz saldı kóz salıp qarasa, ózleri túsken jerden uzaq emes, jaqında tawdıń bir jırasına kózi tústi, juwırıp jıraǵa bardı, suw otı urıqlarıdan mol etip julıp aldı, jıradan úy jasap, julǵan suw otı menen urıqlardan tósedi. Áne

aǵası ańnan qaytıp kelgenshe qostı bejerip dúzetip, kútip otıra berdi.

Bir máhálde, kún pesin bola bergende, aǵasınıń ańnan qaytıp kiyatırǵanın kórdi. Qarasa aǵası bir kiyik, úsh qoyan atıp alǵan eken. Ekewi dárhal kiyik penen qoyanlardı teriden shıǵardı, putarladı. Shaqımaq penen alıstırıp ot jaqtı, kiyik penen qoyanlardıń etlerin otqa basıp, kábap etip jep qarınların toydırdı.

Mine usınday awhallar menen eki jas bir neshe kúnler usı manda kúnletti.

Aradan kóp kúnler ótti. Bir kúni aǵası qarındasına qarap: — Janım sen de, men de bul manǵa úyrendik ǵoy, búgin men ańnan qaytıp kelmeymen, bul ketkennen úsh kúnde qaytıp kelemen. Óytkeni jaqın jerdiń ańların da bezdirip boldıq. Kiyik sirá qarasın da kórsetpeytuǵın boldı — dedi. Sóytip, sol kúni sáske waqtında aǵası atlanıp ańǵa ketti. Qarındası qosta qalıp, aǵası menen ózine ańnıń terisinen qılǵan góne kóksi kiyimlerin jamastırıp otıra berdi. Kún pesin waqtı edi. Qız qostıń sayasına shıǵıp, uyqılap atırǵan edi. Bir waqta attıń dúsirlisiniń sesti menen qız seskenip oyanıp kózin ashıp qarasa, bir jas ǵana patshazadanıń qos qaptalında atlı kelip turǵanın kórdi. Jigitti kórip, dárhal ornınan turıp ózin taslamaqshı bolıp, qosına juwırıp kire bergende, jańaǵı jigit at ústinen turıp, qostıń awızına taman atın aydap: — Jabanda jalǵız kimseń, elmiseń, dushpanbısań? Ayt házir juwabıńdı — dedi.

Sonda turıp qız ishkeriden boyın shıǵarmay: — Biz dushpan bolıp jurt alayıq dep júrgenimiz joq, óz jayımızǵa júrgen bir sayılmız, — dedi.

Qızdıń bul bergen juwabı jigittiń ishin ǵım ettirdi. Jigit qızda adamgershilik nıshanın sezdi. Bunıń bir júzin

kórmesem bolmas, qızdıń qostan maydanǵa shıǵıp xabarlasıwına isharat etti. Qız qosta turıp juwap bere berdi. Buǵan jigittiń ashıwı keldi. Atınan sekirip tústi. Atın qańtarıp qoyıp, ózin qosqa uradı. Qızdıń ústine kirip bardı. Qızǵa qarasa, qız haslı adamzat demeseń, júzleri on tórt keshelik ayday, páriyzadadan bolǵanday periyzattan tuwǵanday. Sulıwlıǵı jigittiń tula boyın eritip, aqılın aldı, ashıwın bastı. Jigit turdı da: Há qız, seni alaman! — dedi.

Onda turıp qız ayttı: — Meni siz qalay alasız? Siziń alıwıńız erikli bola ma, bolmasa tek kórgen boyıńızǵa alıp kete beresiz be? — dedi.

Jigit sol waqıtta oylandı. Birden men seni alaman dewdiń turpayı ekenin, alaman dep ańlamay ayta salǵanın ózi sonda sezdi. Qızǵa basqa heshqanday sóz qaytarmadı. «Uyalǵan tek turalmas» degendey, atınıń qasına barıp, súyene bereyin degende, atı qaymıǵıp ketip shalqasınan jıǵıldı. Jigit ornınan turıp ózine ózi qáhárlenip attıń basına qamshı jawdırıp-jawdırıp minip aldı. Sóytip jigit — Endi siziń kimińiz bar, ayttırıp beretuǵın? — dep soradı.

— Tuwısqan jalǵız aǵam bar — dedi qız.

— Ol qayda dedi jigit tańlanǵan sıpatta.

— Ańǵa ketti erteń pesinge kelse kerek. Sonda jigit turıp ayttı: — Meyli aǵań kelsin, meyli kelmesin erteń men pesin waqıtta qırq jigitim menen ústińe kelemen. Berse qolınan, bermese jolınan, seni alıp ketemen — dedi de atınıń basın burıp, sawrına qamshı urıp, uzın quyın shanǵıtıp jónep ketti. Bul jigit sol qız benen aǵasınıń bolıp atırǵan teńizdiń kúnbatar jaǵında bulmanǵa úsh ayshılıq jolı bar bir sháhárdiń xanınıń balası edi. Qırq jigit penen kelip sol teńizdi jaǵalap, ań awlap

júrgende bir kiyikti jeke quwıp, qırq jigitinen ayra túsip qaytıp baratırǵanda bul qızdıń qosına duwshakerlesip edi.

Jigit bul ketisinen qırq jigitine qaray bet aldı. Qızda qostan basın shıǵarıp kim edi dep qarap tursa, bir máhál uzaq ketip kóz ushınan ǵayıp boldı. Qız da táǵdirdiń qálegeni bolardaǵı, dedi de qosında bola berdi.

Kelesi kúni pesinde aǵası ańnan qaytıp keldi. Qarındası aǵasına bolǵan waqıyanı bayan etti. Aradan kóp uzamay-aq qostıń aldına shıǵıp qarasa, qubla jaqtan uzın quyın aspanǵa tarmasqan shańdı kórdi. Qosına juwırıp kirip aǵasına ayttı.

— Jańaǵı aytqanım, áne ala shań bolıp keldi — dedi. Aǵası dárhal ornınan turadı. Sarı jayın qolına alıp sholaq qılıshın beline baylap, shubırıp kiyatırǵan jaǵınan qarsı shıqtı. Bul kiyatırǵan patshazadadan buǵan qaray elshi shıqtı.

Elshiler kelip ayttı: — Háy gódek, elmiseń, jawmısań? El bolsań qarındasıńdı bizler patshazadaǵa ayttırıp alıp beremiz. Joq, dushpan bolsań kórgenińdi kórsetip, basıńdı táneńnen ayırıp, qarındasıńdı olja qılıp alamız! — dedi.

Onda turıp qızdıń aǵası ayttı: — Men dushpan bolsańız dushpanman, joq, dos bolsańız dospan. Biraq onıńday ań awlap másirip júrgen patshazadańızǵa beretuǵın mende qarındas joq — dedi. Bar patshazadańızǵa barıp aytıń. Urıssa urıssın, tutıssa tutıssın, erk ózinde bolsın — dedi. Elshiler izlerine qayttı. Barıp patshazadasına ayttı. — Ol balanıń moynı juwan eken, hesh nárseni kórmegen gódek eken, ózine reymi kelmeytuǵın, janınan toyǵan eken. Atıssa atıssın, shabıssa shabıssın dedi. Onday patshazadańızǵa ań awlap júrgen jerinde beretuǵın qarındasım joq dep ayttı —

dedi. Sol waqıtta patshazada qattı qáhárlenedi. Qılıshın qınabınan suwırıp alıp balağa qarap at qoydı.

Ara jaqın edi, elshilerdiń shahzadağa qaytıp jetip barğanın, barıp bolğan xabardı aytqanın bala kórip tur edi. Shahzadanıń qılıshın qınabınan alıp, qırq jigiti menen hámmesi balağa qarap birden at qoyğanın kórip, bul da qılıshın qolına aldı. Qarsı kiyatırğan dushpanına bul da at qoydı. Há degenshe bolmadı, ekewi kele bir-birine qılısh siltedi. Bala burınnan bunday urıs maydanın kórmese de, ońnan kelgeniń ońnan, soldan kelgenin soldan gellelep urdı. Shahzada qırq jigitinen ayrılıp, sawashqa shıdamay attı oyaqqa súrip qılıshtı bir siltep, buyaqqa súrip qılıshtı bir siltep júrip eń aqırında balanıń qarsı aldına kelgenin sezbey-aq qaldı. Bala da shahzadanı qılıshlaw menen qarsı aldı.

Áne, ekkisi urıs maydanın da neshe túrli usıl menen qılıshlasıp turıp edi, balanıń qarındası qosta otıra almay, ağasınıń ne bolarına kózi jetpey tınıshsızlanıp maydanğa shıqsa, ağasınıń shahzada menen qılıshlasıp atırğanın kórdi. Bir máhál bala qılısh siltewden jańılısadı, sóytip shahzadanıń qılıshı biyjay tiyip bala attan qulaydı. Shahzada bunı kórip, qılıshın qınabına saladı. Attıń basın burıp balanıń qosına qaray júris etti. Bunı kórip qız biyshara biyhal boldı. Bir máhálde ózine kelip, esin jıynap kózin ashıp qarasa, bas ushında shahzadanı kóredi. Qız dárhal ornınan turadı. Kóziniń jasın súrtedi, «qáne palwan mártim, men siziki boldım» deydi shahzadağa qarap.

Shahzada ayttı: «artıma mingesińiz» — dedi qızğa. Qız «ájep bolğay» dep shahzadanıń artına mingesti. Shahzada qızdı artına mingestirip alıp óziniń bolıp jatqan jayına qarap jol tarttı.

Sol waqıtta qız ayttı: — Há shahzadam, siz bir mártsiz, sizde palwanlıq, erlik nıshanı bar, men bolsam nasharman, mine endi nesiybe tartıp óziń menen elińizge baraman. Siz bul márdanalıqtıń hámmesin meniń ushın isledińiz. Meniń kewlimde endi hesh árman bolmasın deseńiz, eń bolmasa onıń óliginiń júzin jawıp ketiwge ruqsat etseńiz qalay boladı — dedi. Onda turıp jigit aytadı: — Sen ushın toqtayman, kómseń tez bol — dedi attıń basın toqtatıp.

Qız attan túse salıp, aǵasınıń ólip jatqan jerine baradı, ólip atırǵan aǵasınıń ayaq qolın jıynastırıp kómer jerdiń ǵamın oylaǵanday bolıp ján-jaǵına qaranadı.

Biraq olmanda kóme qoyǵanday jerdiń qolayı bolmaydı.

Sóytip, qasında turǵan atına óńgerip qosınıń qasına aparıp tawdıń bir úńgirine bekkemlep shamal kirmestey etip jaylastıradı. Aǵasınıń qılıshın alıp jigittiń atınıń eriniń basına qıstıradı. Ózi artına mingesip alıp, «Qáne shahzadam jol tartıńız» deydi.

Jigit júrmege meyillenip atınıń basın bura bergende, qız artında awa jazalaǵanday bolıp, qolın attıń eriniń basına apardı. Sóytip baǵana qıstırǵan aǵasınıń qılıshın jigitke sezdirmey qolına alıp, jigit penen qısır sózge kirisedi. Áne, jigit qızdıń jón-josaǵın sorasıp baratırǵanına qılıshı menen jigittiń qulaq shekesi usı emes pe dep uradı. Jigittiń bası qulaq shekeden eki ayrılıp jerge túsedi. Qız da jigittiń gewdesin attan, awdarıp taslap, artına qaytadı. Qosına keledi. Jalǵız aǵasınıń óligine shıdamay, jabanda jalǵız qalıp zar-zar jılap bola beredi.

Aradan bir neshe kúnler ótedi. Qız bir kúni otırıp oylanadı. Men bulmannan ketsem, bir ellerge jetsem, jurt kórsem, aǵamnıń bul dúnyaǵa qaytıwınıń ilajı tabılmas pa eken dep oylanadı da, otlawda, júrgen aǵasınıń atın

quriw-quriwlap shaqırıp, jaqsı niyeti menen jolǵa túsip rawana boldı.

Bir neshe kúnler jol júredi. Bir sháhárge baradı. Sháhárge barıp aralap júrse, bir ullı toyǵa duwshaker boladı. Bul da toyǵa barıp payın jeydi. Toydıń tamashası — palwan tutısıw, qoshqar urıstırıw hám basqa hár qıylı oyınları boladı.

Áne, keshke taman, eń sońında altın qabaq attırıladı. Qızda barıp altın qabaq atıw ushın náwbetke turadı. Bir waqıtta qızdıń náwbeti jetedi. Sarıjaydı náwbeti boyınsha buǵan beredi. Bunıń qız ekenin adam bilmeydi. Qız aǵasınıń kiyimlerin kiyip erkek sıpatında bolıp alǵan. Dárhal sarıjaydı qolǵa aladı. Altın qabaqtı nıshanǵa alıp atadı. Altın qabaqqa tiyedi.

Sonsha kúnnen beri bul toydı berip atırǵan xannıń jurtındaǵı sonsha ataqlı bolıp júrgen mergeneler de altın qabaqtı altın túsire almay júrip edi. Bunıń oǵınıń altın qabaqqa tiygenin kórip, xannıń aldına alıp bardı. Xannıń shárti boyınsha altın qabaqtı kim atıp túsirse, soǵan qızın bermekshi eken. Shárt boyınsha xannıń qızınıń nekesin qıyıp berdi. Bul da xannıń qızın nekelep alıp jata beredi.

Aradan bir neshe kún ótedi. Kúyew, xannıń qızınan atasınıń eń qımbatlı qanday nársesi bar dep soradı. Qız aytadı: — Atamnıń altınları bar, gáwharları bar, — deydi. Kúyew aytadı:

— Maǵan altın, gáwhar kerek emes, basqa qanday qádirli nársesi bar? dep soraydı. Qız aytadı: — Atamnıń kópten saqlap qoyǵan bir zatı bar. Ol kishkene ǵana bir tayaq. Bul tayaǵı menen ólgen adamdı úsh mártebe ursa, ólgenine úsh ay tolmaǵan óliler tirilip kete beredi — deydi.

— Onday bolsa, barıp atańnań sol tayaqtı ózińe sora. Qalay bolsa da razı etip sol tayaqtı al, bolmasa men seni hayalım demeymen — deydi qızǵa.

Patshanıń qızı dárhal atasınıń aldına baradı. Barıp tayaqtı enshige soraydı. Atası oylanıp turdı da: — Bar qızım tayaqtı saǵan enshige berdim — deydi. Qız tayaqtı alıp, kúyewine ákelip beredi.

Áne, aradan bir-eki kún ótip edi, bul xannıń ekinshi bir jurıtta xanlıq súrip atırǵan inisinikinen toyǵa shaqırıp keledi. Xan balaların, qızların hám kúyewin alıp, qatınları — hámme jám bolıp toyǵa atlanadı. Toyǵa baradı. Toy baslanadı, toydıń aqırına taman hámme altın qabaq atıwǵa shıǵadı. Altın qabaqtı hámme talabanlar ata beredi. Atqan oqları dalaǵa kete beredi. Bir máhál náwbet qız kúyewge keledi. Bul da sarıjaydı qolǵa alıp , altın qabaqtı atıp túsiredi. Dárhal bul atıp túsirgennen keyin, toy bergen xannıń aldına alıp baradı. Xannıń toy berip altın qabaq attırǵandaǵı shárti, altın qabaqtı atıp túsirgen adamǵa qızın bermek eken. Buǵan ekinshi xanda óziniń qızın nekelep beredi.

Áne kúyew ekinshi xannıń qızın da alıp, bir-eki kúnnen soń xannıń qızınan soraydı.

— Atańnıń eki qımbatlı qanday zatı bar? — deydi.

— Atamnıń altın zer, gáwhar dúnyası kóp: — dedi xannıń qızı.

— Maǵan heshqanday dúnya, mal kerek emes, taǵı qanday qádirli zatı bolsa, sonı ayt? — dedi kúyew.

— Atamnıń eń qádirli nársesi, atam kópten beri saqlap qoyıptı, atamda bir tal nart shıbıq bar. Ol shıbıq penen ólgenine bir jıl tolmaǵan ólilerdi úsh mártebe ursa, tirilip kete beredi — dedi xannıń qızı.

Kúyew, xannıń qızın ólgen adamdı tiriltetuğın nart shıbığın enshige alıp keliwge atasına jiberedi. Sóytip, kúyew bul xannıń xızmetinde bola beredi.

Aradan birneshe kúnler ótedi. Bir kún bul xannıń tağı bir sháhárde xanlıq etip otırğan inisinen toyğa shaqırtıwshı keledi. Sóytip, bul xan, burıngı xannıń bala-shağaların, óziniń bala-shağaların hám jaqın juwıq adamların alıp — hámmesi jámlesip shaqırğan toyğa baradı.

Toy baslanadı. Bul toyda da burıngı toydağıday altın qabaq attırıladı. Bul bolğan toyda da altın qabaqtı birinshi hám ekinshi xannıń qızın alğan kúyew atıp túsiredi. Sóytip úshinshi xannıń qızın nekelep buğan beriledi. Bir kúni kúyew xannıń qızınan soraydı.

— Atańnıń eki qımbatlı qanday zatı bar? — deydi.

— Atamnıń altın, gáwhar, zerleri bar.

— Mağan heshqanday dúnya mal kerek emes, tağı qanday eń qımbatlı zatı bar? — deydi kúyew.

— Atamnıń saqlap qoyğan bir maması bar, ol mama ólgenine úsh jıl tolmağan ólini tiriltedi — dedi xannıń qızı. Kúyew bunı esite sala qızğa aytadı: — Bar, atama barıp sol mamanı biziń xızmetimizge sora? — dedi.

— Ájep boladı, — dep qızı úyinen shığıp, atasınıń aldına baradı. Atasına tájim beredi. Atası álik aladı.

— Qızım, jol bolsın? — dedi xan.

— Jollığım mol bolsın — dedi qız atasına erkelegen túrinde. Jáne qız túsin ózgertip, basın tómen salıp atasına bir gáp aytıwğa batına almay turğanın kóredi. Xan:

— Meniń ulımda, qızımda sen, jalğız perzentimseń, qızım basıńa neden kemtarlıq kelip turıptı? — dep soraydı.

— Ata, men siziń aldıńızǵa enshi alayın dep keldim. Enshimdi kewlim tolǵanday etip beresiz be, ata? — dedi qız.

— Janım balam, jıyǵan dúnyamnıń bári seniki. Ne qáleseń sonı al.

— Onday bolsa men ólgen adamdı tiriltetuǵın mamanı biziń xızmetimizge beriwińizdi sorayman ata.

Xan buǵan toqtap qalıp biraz oylanadı. Óziniń basta neni qáleseń sonı al balam degen wádesi yadına túsedi. Sóytip, atası qızınıń tilegin qabıl etedi. Qız kúyewdiń qasına qaytıp keledi. Qız kelgen waqıtta onıń shırayınıń jarqırap, qabaǵınıń ashıq kelgenin, tilegi qabıl bolǵanın kúyew ańlaydı.

— Awa, atamız, bizge mamanı inam etti — dedi qız. Sol kúni kesh boldı, kún battı Yarım aqsham waqtında kúyew «úwh» tartadı. Bunı qoynında uyqısı kelmey shala uyqılı — bolıp jatırǵan xannıń qızı sezip qaladı. Azanda orınlarınan turadı. Xannıń qızı kúyewge qarap:

— Janım, qay jerińiz awıradı, sonsha ne oylaysız? Jatıp uyqıńız joq, otırıp mánisińiz joq. Ne ármanıńız bolsa da, aytsańızshı? — dedi.

— Mende bir ǵana árman qalıp turıptı. Ol da bolsa, bizlerdi áwelde oylaǵan ózime múnásip adamlardı tapqanımnan soń, atam menen anamnıń aldılarına alıp barıwım kerek. Sóytip, kewildi birotala ánjamlap kóresi qızıqtı sonnan soń kórsek degendi sizge birinshi túnde aq aytqanım qáne — dedi.

Bul máqsetti bolǵanın xannıń qızı da shep kórmedi. Dárhal anasınıń qasına bardı. Bul awhaldı anasına tolıq bayan etti. Anası atasına xabar etti. Sóytip, is ońına keldi. Xan ǵáziyneshilerdi shaqırıp alıp, kúyew menen qızına jollandırıw ushın qırq gúń, qırq shorını xızmetkerligine berip jolǵa salıp qoya berdi.

Áne, bular neshshe kúnler jol júrip, ortanshı xannıń shártine kelip, kúyew óziniń jayına túsedi. Bulmannan da kúyew ortanshı hayalın, onıń atasınıń bergen qırq túyesi ústi tolı dúnya malı menen, xızmetine qırq shorı hám qırq gúńin alıp, juwap alıp, bul qaladan da shıǵıp jolǵa túsedi. Sóytip bayaǵı birinshi ret qızın alǵan xannıń sháhárine keledi. Bunnan da ullı hayalı xannıń qızın dúnya malı menen shorıları menen úbirli-shúbirli bolıp, bayaǵı óziniń aǵasınıń óligi qalǵan qosına qarap jol tartadı. Bul júriwden kún demey, tún demey bir yarım ay jol júredi, jolda baratırıp úsh xannıń qızı sır aytısadı. Sır aytısqanda bul izine erip baratırǵan kúyewiniń qay jurttan ekenin, baxtıların uzaq jolı bar elden kelgen adamǵa sazawar bolǵanların aytısıp baratır edi. Bir waqıtta ullı qızdıń jeńgesi, qızlarǵa onnan-bunnan tiyisip edi.

Sonda ullı qız aytadı:

— Bunday da sabırlı erkek boladı eken-aw — deydi.

Ortansha qız aytadı:

— Sabırlı bolǵanda da aytqan sertine turatuǵın, sonday bir tilli adam eken ózi: — deydi.

Kishkene qız aytadı:

— Aman-saw, eline barıp jetsek, sertin orınlasa, sońǵı jaǵı tamasha, kewlli turmıs bolmay qáyter deysizler. Bul sabırlılıǵınan da beter aytqanınan qaytpaytuǵın márt adam eken. Yapırmay adamzattıń balasın-ay. Sonshama úshewmizdiń ortamızda kiyatırıp, sirá bunıń kewli selt etpeydi ǵoy — deydi.

Qızlardıń ekinshi bir jeńgesi:

— Haw bul ne degenleriń, izine erip kiyatırǵanımız erkek emes, bir bále bolmasın?! — deydi.

Qızlar jeńgeleri menen bul sózdi aytısıp kiyatırǵanında kún sáske waqıt edi. Kúyew kóshtiń aldınan atınıń basın burıp qızlardıń qasına taman kelip:

— Biziń sháhárimizge endi erteń sáskede jetip baramız. Bizler barǵanda ata-anamızdıń xabarsız qalǵanı bolmas, men endi ozıp ketemen. Sizler meniń atımnıń júrgen izi menen bara beresizler. Men sizlerdiń ata-anama, yar-doslarıma bildirip erteń sáske waqtında kútip alaman — dedi.

— Xosh bolǵay, — dep juwap berdi qızlar.

Kúyew atınıń basın alǵa qaray ońǵarıp, suwrısına qamshı uradı da, ozıp ketedi. Sol kúni keshke deyin hám túni menen de júrip otırıp, tań sarǵayıp atqanda bayaǵı óziniń qosına keledi. Kelip attan túsedi. Óligin kómgen aǵasınıń qábirine baradı. Barıp aǵasın ashıp aladı. Ashıp alıp ústindegi kiyimlerin sheship, óziniń kiyimlerin kiygizedi de, attıń qaptalına ákelip jatqızadı. Sóytip attıń ala jerindegi ayaǵına mınaday xat jazadı.

«Ádiwli aǵa, bul islerdi islegen men seniń qarındasıńman. Búgin sáskede, seniń bul jatqan jerińe kóp bir kósh keledi. Onıń ishinde úsh xannıń úsh qızı bar. Olardı men saǵan baǵıshlap aldım, ol kelgen kóshte, ólgen adamdı tiriltetuǵın tayaq shıbıq hám bir kempir bar. Olar kelip, seni men dep bilip tiriltip aladı. Sen ornıńnan tur da, qattıraq uyqılaǵan ekenmen-aw, kel ziyanı joq de de, kóshlerdi usımanǵa túsirip zawqı-sapanı súre ber. Men bárin sizge baǵıshladım».

Bul sózlerdi jazıp bolǵan waqıtta kúyew bolıp júrgen bul qız, aq pıshıqtıń suwretine kiredi. Óytkeni aǵası menen bul jerge ádepki kelip qos basqannan soń, buǵan sol jerdegi teńiz astı suwı perilerinen biri názer salǵan edi. Áne sonıń ushın bul qız da endi názerin salǵan suw perisine qosılıp, zawqı-sapanı súriwdi máqset etti.

Sonıń menen kún de shıqtı. Ullı sáske boldı. Xannıń qızları da attıń soqpaq jolı menen kóshti tartıp otırıp,

bul jigittiń atı qaptalında baylawlı, óli jatırǵannıń ústine shıqtı. Kósh baslawshılar kúyewdiń ólip atırǵanına kózi túsip, júristi toqtatıp, dárhal xannıń qızlarına barıp, bul awhaldı ayttı. Qızlar da túyeden domalap-domalap túsip juwırısıp ólip atırǵan jigittiń qasına keledi. Qarasa keshegi ozıp ketken kúyewdiń atı, kiyimleri de sonıń kiyimi, qızlar way mańlayımız qursın, bul ozıp ketemen dep tún ishinde jol urılarına ushıraǵan eken. Olar onı gelle etken eken. Way-way da bay-bay desip hámmesi ólini qorshap aladı. Sol waqıta xannıń qızlarınıń úlkeni ayttı:

— Qurı way-waydan hesh nárse shıqpas, tezden meniń kósh basımnıń narınıń ústinen sandıqtı túsiriń. Ishinde bir tayaq bar, sol tayaq penen úsh urǵanda tiriltemiz — dedi.

Shorılardan biri dárhal narǵa qaray juwıradı. Barıp sandıǵınan tayaǵın keltiredi. Qız tayaqtı qolına alıp, jatqan ólini úsh ret uradı. Óli ornınan qozǵalmaydı. Qız taǵı bir ekini qondırıp edi, onda da turmadı. Tayaqtı ústi-ústine dóndirmege qaraǵanda, buǵan qasındaǵılardıń birewi shıdamaydı. Qızdıń qolına asıladı. Qolınan tayaqtı aladı. Ortanshı xannıń qızı aytadı:

— Meniń kósh bası narımda sandıq bar. Sol sandıqta tal shıbıq nartım bar. Sonı maǵan keltiriń. Bunı ózim tiriltemen — dedi.

— Ájep bolǵay — dep shorılarınıń biri narǵa bardı. Sandıǵınan tal shıbıǵın keltirdi. Qızdıń qolına berdi.

Qız sol shıbıq penen bir ekini ólige uradı. Óli tirilmedi. Bul qızdıń ashıwı kelip:

— Bul qalay, meniń shıbıǵım ólgenine úsh ay bolǵan adamlardı tiriltetuǵın edi. Bul bolsa bir aqsham ǵana ólgen adam, qattı uyqılaǵan adam ekenseń. Tur ornıńnan!

— dep qolındağı shıbığı menen ólini ústi-ústine ura baslaydı. Buǵan kishi xannıń qızınıń dáti shıdamay: — Turıń endi, meniki boldı. Bunı ózim tiriltemen — dedi.

Sóytip, úshinshi kishi qızı kósh bası narına bardı. Narǵa atasınan enshi ushın xızmetine alǵan mamasın mindirip qoyıp edi. Mamanı nardan túsirip alıp, óliniń qasına keltiredi. Mama ólini kórip, qolların tarrashlap manawsırap esneydi. Esnegennen soń mamakeńniń kózi qızarıp, eki beti bozarıp, jatqan ólini «húp» dep jutıp qoyadı. Sonda «way-way mama ólini juttıń ne alsań al, qaytıp tamaǵıńnan shıǵar» dep basqa qızlar shuwılasıp kelip mamanıń moynına asıladı.

— Al, júdá dátińiz shıdamay baratırǵan bolsa, men jemey-aq qoyayın — dep jutqan ólisin qaytarıp jerge qoydı. Óli tirilip, kózin ashıp, «men qattı uyıqlap qalǵan qusayman-aw» dep ornınan turadı. Turıp hayran bolıp ján-jaǵına qarasa, qasında baylawlı turǵan atın kóredi. Atınıń qasına barıp moynın qushaqlap turıp, jazılǵan xattı oqıp kórip, bolǵan sırlardı túsinip aldı. Atınan berman qızlarǵa jaqınlay berip «kelińiz endi, usımanda kóshlerdi túsirip, qonıs basamız» — dedi.

Qızlarda reń joq, es joq, qorqısıp qalǵan eken. Kúyewden bul sózdi esitip, qasına juwırıp kelip, moynınan qushaqlasıp, jılasıp, muńların basadı. Bunıń tirilgen quwanıshı menen saǵan ne boldı dep te soramaydı.

Áne endi kóshlerdi usımanda túsirip, otawlardı tigip mákán basadı. Jigit úsh hayalın úsh otawǵa qoyıp, ózi ortasında bola beredi. Pıshıq bolıp qalǵan qarındasın ullı hayalına qásterlep kútiwge beredi. «Egerde bul pıshıqtıń kewlin qaldırsań, seniń basıńdı táninnen juda qılaman» dep tapsıradı. Aradan bir neshshe waqıtlar

ótkennen soń, jigit ańnan qaytıp kelip edi. Kúnde aldınan shıǵatuǵın pıshıq, búgin aldınan shıqpay, tór bette oshaq basında muńayıp otırǵanın kóredi.

— Bul pıshıq nege muńayıp otırıptı? — dep soradı hayalınan?

— Bilmedim ne ushın ekenin. Biraq baǵana sandıqtıń awzı ashıq qalıp ol sandıqqa kirip júr eken. Men, seniń sandıqta neń bar edi dep bılay alıp qoyıp edim, sonnan beri tekte muńayadı da otıradı — dedi.

Sen náletiy onıń kewlin qaldırma degenim qayda? Ayt shınıńdı, urdıń ba, urmasań nege muńaydı — dep qatınınan tejep soradı.

— Urǵanım joq-aw esheyin. Men ekewmiz oynap otırıp edik.

Qarnın qıtıqlap otırǵanımda ańlamay qaldım, «mırr» etip qolımdı tisledi de aldı. Qolımnan ashıwına shıdamay, bul neń dep qolım menen bılay silkip jiberip edim, sonı kewline qattı alıp otırǵan bolmasa — dedi qatını.

Bunı esitip ashıwı keledi. Ornınan turıp, qılıshın alıp hayaldıń basın shawıp taslaydı. Pıshıq muńayǵanın qoyıp, jigittiń ayaǵına súykeledi. Endi pıshıqtı ortanshı hayaldıń qolına beredi hám oǵan aytadı: — Eger bul pıshıqtıń kewlin qaldırsań basıńdı julıp alaman, — deydi. Ortanshı hayalı pıshıqtı kútip júre beredi. Aradan neshe kúnler ótkennen soń, bir kúni hayal shashın juwıp atır edi. Jigit ańǵa ketken edi, pıshıq hayal shashın juwıp atırǵanda úyden shıǵadı, hayal da shashın juwǵandı qoyıp, bul pıshıq qayda barar eken dep izine eredi. Pıshıq úyden shıǵıp alıp toqtamastan júrip otırıp teńizdiń jaǵasına kelip toqtaydı. Sol jerde pıshıq arman-berman juwırıp oynap júredi. Kún tús bola bergende hayaldıń qarnı ash boldı. Qaytqısı kelip, qasında oynap júrgen

pıshıqtı uslap alıp keynine qaytadı. Pıshıqtıń qayıtqısı kelmey, ele oynaǵısı kelip, hayaldıń qolınan shıqpaqshı bolıp talpınsa da jibermeydi. Úyine kelip pıshıqtı jibermey otıra beredi. Qaytadan shashın juwadı, kún kesh bolar waqtında jigit ańnan qaytıp keledi. Kelse pıshıq kúndegidey aldına shıqpaydı. Úydiń tórinde muńayıp otırǵanın kóredi.

— Pıshıq nege muńayıp otır? — dedi jigit.

— Qaydan bileyin, men hesh nárse islegenim joq ǵoy oǵan — dedi hayalı.

Jigit birden sezedi de, keyinin soramastan, tórde qıstırıwlı turǵan qılısh penen hayalınıń basın shabadı da taslaydı. Sol waqıtta pıshıq juwırıp barıp jigittiń ayaǵına súykenedi. Jigit pıshıqtı qoltıqlap kishkene qatınınıń úyine baradı. Sóytip pıshıqtı soǵan tapsıradı.

— Eger bul pıshıqtıń qanday da bolsa kewlin qaldırsań, basıńdı alaman — deydi.

Hayalı pıshıqtı kóziniń qarasınday kútip, qásterlep, qayda barsa sonda alıp júre beredi. Bir kúni jigit ańǵa ketedi. Qatını pıshıq penen úyinde qaladı. Bir máháli pıshıq úyden shıǵıp teńizdiń jaǵasına baradı. Hayal da izinen birge baradı. Bir waqıtta pıshıq oynap júrip kúndegisindey hayaldıń kózinen joq boladı. Hayal pıshıqtı kútip ári otıradı, beri otıradı. Aqır soń pıshıqtı kútip otırıp uyqılap qaldı. Bul qala bersin. Endi pıshıq haqqındaǵı sózdi aytamız.

Pıshıq adam qáddinen shıǵıp bolǵannın soń burınǵı qosına barıp jatqan edi. Sonı aǵası tawıp kózi adamnıń kózine qusaǵan, usı meniń qarındasım bolmasın dep gúmanlanıp, jaqsı kútiwdi hayallarınan talap etip júrgen edi. Al, bul qarındası pıshıq súwretine kirip, óziniń sebebinen aǵasınıń eki qatınıń óltirti. Sonlıqtan taǵı bir

kúni kishkene hayalın da óltirip qoymaw ushın, bir hiyle izlep, ózine názer etken teńiz suw perisi menen oylasıwǵa jol aladı. Suw perisi buǵan ayttı, «Jeńgeńdi uyqılap atırǵan jerinen jayǵa urlap alıp baramız» dedi. Buǵan qarsılıq qılmaydı. Sóytip, ekewi baǵanaǵı kishkene jeńgesiniń qasına kelse, ele uyqılap atırǵan eken. Bunı ekewi kóterip alıp, uyqısın buzbastan, teńizdiń astındaǵı periniń úyine alıp barıp bir bólek jayǵa kirgizip qoya beredi. Bir waqıt hayal oyanıp kózin ashıp qarasa, naǵıshlap taslanǵan kútá jaqsı jaydıń ishinde óziniń jatqanın kóredi. Hawlıǵıp, bul meniń ońım be yamasa túsim be dep arman-berman jayda júrip kóredi. Jayda hár túrli miyweler turıptı, hayal bul jayǵa qaydan kelip qalǵanın bilmey, hayran bolıp turıp edi. Sol waqıtta jaydıń bir qaptalınan bir esik ashıldı. Bir jigit penen bir hayal kirip bunıń qolınan aladı.

— Otırıńız — deydi, ekewi birden, kelgenler. Hayal otıradı.

— Bizdi tanıysız ba? — dep soradı, kúlimsirep kelgen bayı menen hayalı.

— Men sizdi burın kórmegen soń qaydan bileyin. Tanıy almay otırman sizlerdi deydi.

Sol bayı menen kelgen hayal buǵan barlıq bolǵan sırdı bastan-ayaǵına aytıp beredi. Ol kelgen periyzada birge kirip kelgen hayaldıń tiygen kúyewi eken. Sol jerdegi bul periniń patshası eken. Qasındaǵı hayalı pıshıq bolıp ketken kúyewiniń qarındası ekenligin buǵan aytıp túsindiredi. Hayal usı biykeshi menen onıń kúyewiniń alıp kelip qoyǵan jayda bola berdi.

Endi qızdıń aǵası xannıń qızlarınıń kúyewi jigit haqındaǵı sózge kelemiz. Ol sonnan qaytıp úyine kelse, úyinde hayalı da joq, pıshıq bolıp ketken qarındası da

joq. Zer-zebil bolıp úyiniń átirapın qaraydı. Olardıń qayda ketkenin bilmeydi. Hayran bolıp, ne qıların bilmeydi. Bir kúni bul da úyinde otıra almay gezip ańǵa baradı, teńizdiń jaǵısına shıǵadı. Teńizdi jaǵısında uyqılap qaladı.

— Bul kim? dep soradı qarındasınıń kúyewi hayalınan.

— Bul meniń tuwǵan aǵam. Úydegi jeńgemniń bayı. Bizlerdi izlep usınday halda jatqan ǵoy — deydi hayalı.

Qarındasınıń kúyewi bunı da jayǵa aparıp, qatınına qospaqshı boladı. Bunı da bir bólek jayǵa salıp qoyadı. Jigit, birazdan soń oyanıp, kózin ashıp qarasa, bir jayda jatqanın kórip, hawlıǵıp ornınan turadı. Olay-bılay qaraydı, jaydıń esigin tappaydı. Ne qıların bilmey otırsa, jaydıń bir qaptalınan esik ashılǵanday boladı. Turıp barıp qarasa, esiktiń artında óziniń hayalı xannıń qızınıń turǵanın kóredi. Hayalı iyilip sálem beredi, ekewi qushaqlasıp kórisedi, bolǵan waqıyanı birim-birim aytısıp otırǵananań ústine qarındasın kúyewi menen kirip, sálemlesip qol alısadı. Aman túwel sorasıp bolǵannan soń jigittiń qarındası aǵası menen jeńgesin úyine alıp bardı. Qonaq qılıp sıylap, keńirek jayına ákelip saqlaydı. Qarındası menen aǵası barlıq bolǵan waqıyalardı birim-birim aytısadı. Sóytip kúyewiniń qasına qaytadı.

Bir kúni jigittiń hayalı «seni qıdırtsam qalay boladı», dep soraydı. Jigit «jaqsı bolar edi» deydi. Hayalı jigitti bir jayǵa aparıp taza kiyimler kiygizip, ózi qaptalında júrip, suw perisiniń tilsim jayların qıdırtadı. Eń izinde jigitti tilsim jayǵa alıp barıp kórsetse, onda on bestey altın baslı suwınlardıń turǵanın kóredi. Jigit bir suwınǵa barmaǵın tiygizip alıp edi, suwın jılt berip, kózden ǵayıp boladı. Jigittiń kóziniń aldı jarq ete túsedi, qarasa óziniń bir tawdıń jan bawırında turǵanın kóredi. Ań-

tań bolıp ján-jaqqa kóz saladı. Bir máhál ózine kelip, esin jıynap bayaǵı óziniń mákán basqan jeri ekenin bilip, aqırınlap júrip, úyine baradı. Úyine kelip, barlıq, gúńlerge, shorılarǵa eline qaytıwları ushın ruqsat beredi, dúnya mallardı da olarǵa bólip beredi, bayaǵı ólgen adamdı tiriltetuǵın tayaqtı, shıbıqtı mamanıń qolına berip, iyeli-iyesine tapsırıwın soranıp, ózi solmanda qaladı. Bulmanda neshe kúnler qarındasım, hayalım dep, aq shegip wayım menen jata beredi. Qarındasınan da hesh qanday xabar bolmaǵan soń, basın alıp bet aldı bir jaqqa qaray kete berdi. Neshe qula maydan jerlerden ótip, bir kóldiń jaǵasına kelse, kóp mal, qoy baǵıp júrgen shopanlarǵa jolıǵadı. Shopanlardıń arasında bir aqsaqallı baba bunıń kózine kútá ısıq kórinedi. Bul jigit ǵarrı shopannıń kózine de ısıq kórinedi. Ekewi shıdamsızlıq penen sálemlesedi. Aman esenlik sorasadı. Ǵarrı aytadı:

— Qıya jollardan asıp sharshap kele jatırǵan ekenseń, ana-manda bizlerdiń qosımız bar, júr sol qosqa barıp túslenip dem alıp ket balam — dedi.

Jigitke bul sóz kútá maqul túsedi. Ǵarrınıń izine erip qosına baradı. Ǵarrı dárhal ayran tayınlaydı. Ayran ishedi. Jigit biraz demin alǵannan keyin, ǵarrıdan jón josaq soraydı. Jigit bastan ótken awhalların ayta baslaǵanda, ǵarrınıń qulaǵına jaǵıp, zeynin qoyıp tıńlaydı. Jigit te óziniń atı hám qarındasınıń atın aytadı. Ǵarrı bul anıq óziniń balası ekenin bilip, jigittiń aldına jıǵıladı. — Way balam, sen meniń balamsań, sizlerdi taslap qashıp ketken júzi qara atań men — dep jılap jigittiń tınıshın aladı. Jigittiń de kewli erip, kel ata, endi qaytadan kóriseyik dep, qaytadan kórisedi. Ógey anası ólip, bir ózi kún kóre almay, ǵarrı qoy baǵıp júr eken.

Áne jigit, atasın tawıp aldı. Bul jerde bes-altı kún dem aladı... Atası menen ekewi, qalayda bolsa qarındasımız benen ekewmizdiń ósip óngen jerimizge barayıq, dep másláhát jasaydı. Sóytip jigit atın ertlep, keynine qaytıp neshe kúnler jol júrip, bayaǵı qarındası menen ekewin kelip jigitti suw perisi alıp ketken jerde ekewi uyqılap qaladı. Bular uyqılaǵan máhálde, suw perisi menen bul jigittiń qarındası taǵı ústine keldi. Kelip qarasa, aǵası menen bir adamnıń uyqılap jatqanın kóredi.

Suw perisi hayalına qarap: — Mınaw bayaǵı siziń aǵańız jáne kelipti ǵoy qasındaǵı kim? — dep soraydı — Mágár, atam bolsa kerek — deydi hayalı. Suw perisi menen hayalı bul uyqılap atırǵan ekewi kóterip alıp ketip ózleriniń teńiz astındaǵı, jayına alıp barıp, bir bólek ójirege kirgizedi. Bir máhál jigit oyanıp qarasa, atası menen ekewi bayaǵı kórgen suw perisiniń jayında jatqanın kóredi. Dárhal atasın oyatıp, mine bizler qızıńızdıń jayına keldik deydi. Sonıń arasında jaydıń bir jaǵınan esik ashıladı. Qarasa qarındası, kúyewi qolında balası menen keledi. Hámmesi sol jerde otırıp, teńiz astı suw perisiniń mákánında muradı-maqsetine jetedi.

## ARÍQ MERGEN

Burıngı ótken zamanda din musılman amanda, Gudarı shanıń elinde Qur toǵaydı jaylaǵan, qulan atı oynaǵan, Qur toǵaydıń ishinde ań tuqımın qoymaǵan, qara tulpar astında, sur jebesi qolında, sarı jayı iyninde, quralaydı kózge atqan Arıq mergen degen bar eken. Onnan qulan deyseń be, kiyik deyseń be, jolbarıs, tawtaylaq deyseń be, ǵárezi ushqan qus, juwırǵan ań qutıla almaptı.

Qurtoǵaydıń ańın eli-xalqına azıq qılıp neshshe jıllar júrip bir kúnleri Qurtoǵayda hesh ań qalınaptı.

Arıq mergen Ayıwlı degen bir toǵaydı esitip, eli-xalqınan úsh ayǵa máwlet sorap barıp kórınekshi bolıp, eger ańǵa mol jaylı jer bolsa, elin kóshirip aparmaqshı bolıp, qara tulparına minip jol tartadı. Neshshe kúnler segbir tartıp elsiz, jolsız qızıl qıya qumnıń arasına kiredi. Tóbe-tóbede dem alıp ketip baratırsa, aldında qula maydanǵa tigilgen aq otawdı kóripti. Bir kóshpeliniń otawı shıǵar dep kirip barsa, tastan tósek, tastan dastıq salınǵan, ishi salqın hesh adamsız otaw eken. Arıq mergen atın beldewge baylap, otawǵa kirip tas tósekke jata ketipti deydi. Sonıń arasında eki periyzat qız kelip, esik bette otırıp sıńq-sıńq kúlisipti de shıǵıp ketipti. Arıq mergen bulardıń Jeztırnaq ekenligin ańlaptı.

Kesh bolıptı Arıq mergen ot jaǵıp, joldan atıp alǵan kiyigen kábap islep jep otırǵanda bayaǵı eki qız taǵı kelip úydiń bir qaptalında otırıptı. Mergen sır bermey otıra beredi de, bir waqıtları qızlarǵa kábaptan mirát etedi. Qızlar:

— Miymannıń ası kisi haqı bolar, jemey-aq qoyayıq — dep kábaptı ısırıp qoya bergende, jeńiniń ishinen tırnaqları sarı jezdey jarqıldap turǵan qolın kórip qalıptı. Sol máhálde Arıq mergen atqa shıǵatuǵın kisi bolıp túrgele sala ekewin de sadaq penen tartıp-tartıp jiberedi. Sol waqıtta úydiń ishin qap qarańǵı qara tútin qaplap ketedi, al úydiń sırtında ulıshuw, qum-quwıt bolıp ıńırsıǵan bir nárseler kóbeyip ketedi. Sol máhál atı gúldir-gúldir kisneydi. Atın jez tırnaqlar qamalaǵanın bilip, qılıshtı órden-ıqqa sermep atınıń jibin qıyıp jiberedi. At oynaqlap qumǵa shıǵıp ketedi. Óytkeni Arıq mergen qay waqıt shaqırsa sol waqıtta atı tayın boladı eken.

Bunnan keyin Arıq mergen óziniń ornına úlken bir tomardı jatqarıp ústine shapanın ayıra jawıp ózi bir múyeshte ańlıp jatadı. Tańǵa shamalas waqtında esik sıqırlap ashılıp sol zamatta tars etken ses shıǵadı da, tórdegi tomar parsha-parshası shıǵıp ushadı. Arıq mergen de sarı jaydı tartıp jibergende, úydiń sırt jaǵı ulı shuw bolıp, bir zamannan keyin basıladı.

Tań atadı. Ishte ya adamǵa, ya haywanǵa usamaǵan úsh maqluqtıń jatqanın kórip, Arıq mergen bul jer jez tırnaqlardıń mákanı ekenin biledi. Sol zamatta atın shaqırıp minip aladı da, ońınan kelgenin ońǵa, soldan kelgenin solǵa qaǵıp taslap jez tırnaqlar elinen asıǵıp shıǵıp ketipti.

Arıq mergen neshshe kúnler jol júrip bir tawǵa jetipti. Tawǵa kirse moynı aq terektey úlken bir tawtaylaq mergenge qaray umıtılıptı. Arıq mergen buǵan kúshi jetpeytuǵının bilip, qasha jóneledi. Tawtaylaqtıń eki kúnge shekem keyninen quwa beredi. Bir jerlerge kelgende Arıq mergen bir úńgirge kiredi de, tawıtaylaqtı ańlıp jatadı. Tawtaylaq tilin shıǵarıp úńgirge basın suwǵa bergende, mergen tilin kesip aladı, tawtaylaq bolsa keynine qaray tura qashadı.

Arıq mergen tawtaylaqtan qutılǵannan keyin qara tulparına minip, neshshe kúnler jol júrip, júrse de mol júrip Ayıwlı toǵayına kelipti. Ol toǵayda neshshe álwan jemisler pisip, neshshe álwan quslar, ańlar kóp eken. Biraq ózi alıs, ózi qáwipli toǵay bolǵanlıqtan onnan hesh kim paydalana almay, tek bir dáw iyelep jatadı eken.

Mergen sol kúni túnde toǵaydıń shetinde kábap pisirip jep atırǵanda bir ayıw kelip sóylenip otırıptı. Ayıw mergennen:

— Atıń kim? — dep soraydı.

— Bıltır — dep juwap beredi mergen, basına alıp shıqqan janar mayın jaǵıp atırıp. Ayıw tańlanıp:

— Haw, adamzat, bul ne? — depti.

— Bul maydı hár jaqqan sayın on jas qosıladı hám bunı jaǵıp júrgen maqluq ólmeydi — depti. Sonda ayıw.

— Haw, meniń de basıma jaǵa gór? — depti, Ayıwdıń basına maydı jaǵıp, ottı berip jiberipti. Ayıwdıń bası úytpe bolıp, toparına jılap barıptı.

— Há, kim urdı seni? — depti ayıwlar.

— Bıltır urdı — depti. Sonda ayıwlar:

— Way bıltır urǵan bolsa bıyıl qalay tabamız — dep izlegenin qoyıptı.

Arıq mergen azanda turıp, ján-jaǵına qarasa bir biyik qorǵandı kóredi. Barıp kórse bir dáwdiń qorǵanı eken deydi. Mergen dáwdiń eki kózin oyıp aladı da, dáwdiń kóp qoylarınıń ishine kirip jatadı. Dáw azanda qoyların birim-birim shıǵarıp mergendi uslap almaqshı bolıptı. Sol waqıtta Arıq mergen dáwdiń bir qoyın soyıp, terisin jamılıp shıǵıp ketipti. Bunnan keyin Arıq mergen bul jerdiń ayıwı menen dáwi kóp qáwipli jer eken, bul jer elime turaqlı qońıs bolmas, dep toǵaydan shıǵıp Qaralı degen jerge sapar shegipti.

Tawlı, shólli, toǵaylı jollardı basıp, birneshe kún degende Qaralı toǵayına jetipti. Onıń jırtqısh ańları tawlarındaǵı áydarhalı, dem shekken uwlı jılanlardıń kóp ekenligin kóredi. Solay etip bul toǵaydıń basqa jerlerin barlastırıp qarasa túrli jemisler pisip, gúller menen bezelgen bir jaǵı taw, totı qus, búlbiller sayrap atırǵan, bir jaǵında ózeklerden suw aqqan toǵayı eken deydi. Biraq jırtqısh haywanları kóp bolǵanlıqtan dáslep sol jırtqısh ańlardı qırıp, onnan soń elin kóshirip ákeliwdi

oylaptı. Mergen sol toǵayda eki ayǵa shekem oq jonıptı. Solay etip bir ay onbes kún ishinde toǵaydaǵı jırtqısh ańlardı joq etip, tek eliniń qájetine jaraytuǵın túlki qoyan, tıyın, kiyik, qulan, maral, aqbóken qusaǵan ańlardı qaldırıp, eline sapar qılıptı.

Uzın jol qısqa sóz benen bir neshe ayda eline jetedi. Eline kelse xalqı bunı óldige shıǵarıp, as-abatın berip, gúderdi úzip otır eken. Biraq mergenniń hayalınıń ishinde qalǵan balası dúnyaǵa kelgen, altı aylıq balanı ólmes ákesiniń ornın basıp «semiz mergen» boladı dep baǵıp otırǵan eken. Arıq mergen kelgennen keyin elin Qaralı toǵayına kóshirip aparıp, jigitleri menen birge ań awlap elin asırap otıra beripti. Bul toǵaydan xalıqtıń qálegeni tabılıp, tamaǵı toyǵan soń toǵaydıń Qaralı degen atın qaldırıp Qutlı toǵay bolıp atanıptı.

Bul eldiń jasınan ǵarrısına shekem mergen bolıptı. Al Arıq mergenniń balası bolsa er jetip «Semiz mergen» degen ataq alıp, ol da ákesindey dáwjúrek mergen bolıptı. Solay etip ákeli-balalı Arıq mergen menen Semiz mergenler jigitleri menen ań awlap elleri abadanshılıqta jasay beripti.

## QULAMET TÓRE

Burıngı ótken zamanda bir patshanıń dáwirinde Qulamet tóre degen jigit bolǵan eken. Bul jigittiń ákesi jaslayında ólip qalıp, sheshesi hám bir qarındası menen turmıs keshiredi eken.

Bir kúnleri Qulamet tóre kósheden kiyatırsa, pal ashıp otırǵan palkerdi kóredi. Palkerge men hám pal ashtırıp keteyin dep qayrılıp pal saldırıp edi, palker «seniń úyińde bir qarındasıń bar eken, sol qarındasıńdı

óltirmeseń jeti jurt penen dawager bolasań» — dedi. Qulamet tóre jurt penen dawager bolatuǵın bolsam, onı shawıp aq óltireyin, dep qolına qılıshın alıp úyine barıptı. Úyine barǵannan keyin kóz-kózine tústi, miyrim shapahat júzge tústi. Kózi qıyıp qarındasın óltire almadı. «Palǵa da isenbe, palsızda bolma» degen ıǵbalımnan kórermen dep, neshshe kún ótkennen keyin jáne pal ashtıradı. Palker jáne bayaǵı áńgimesin ayttı. Úshke shekem pal ashtırdı, úshke shekem qarındasın óltire almadı. Bunnan keyin Qulamet tóre «men jeti jurtqa dawager bolǵansha, bul qarındasımdı adam barmaytuǵın qiyamaydan shólge alıp ketip, sol jaqta jasayın» dep qarındasın kók sholaq atına mingestirip, qiyamaydan dalaǵa alıp ketedi. Bir daǵıstanlıqtıń etegine barıp, shatırın qurıp, ań awlap, mamıq etip jata beredi.

Neshe kún aradan ótkennen keyin bayaǵı Qulamet tóreniń qashıp shıqqan eliniń patshası qasına qırq jigitin ertip shikarǵa shıǵadı. Patsha ań awlap júrgende, aldınan bir ań qashtı. Patshanıń aq tuyǵın degen qusı bar edi. Áńǵa aq tuyǵın qusın jiberedi. Sol waqıtta qudanıń hámirindey dawıl turıp, qustıń qayda ketkenin bilmey ayrılıp qaladı. Patsha salǵan qusı joq, alǵan ańı joq, oq tiygen qustan ayrılıp qapa bolıp sháhárine qaytadı. Qırq jigitin jıynap alıp:

— Aq tuyǵın qustı tawıp qaytpasańlar ózleriń ólimdar, mallarıń patshalıq! — dep hámir etedi. Qırq jigit úsh kún patshadan máwlet alıp, at otı, ot-jemi alıp qustı izlewge ketedi. Bulardıń barmaǵan jeri, baspaǵan tóbesi qalmadı. Qustı hesh jerden taba almadı. Endi bulardıń bir jegendey-aq azıǵı qaladı. Qırq jigittiń ishinde Alaǵayım taqıldaq degen birewi bar edi, qasındaǵı jigitlerin jıynap alıp:

— Bir jegendey azıq qaldı jigitler. «Atlınıń azıǵı aldınan» degen, otırıp toyıp alayıq, nesibemiz bolsa aldımızdan kóre beremiz, — dep sol jerde otırıp qalǵan azıqların hám jep aldı. Hámmesi atlanıp júrip ketedi. Bir mezgilleri tawdıń etegine tigilgen aq shatırdı kóredi. Olar úyge xabarlasıp keteyik dep barsa, bayaǵı aq tuyǵın qusınıń aq shatırdıń tóbesine qonıp otırǵanın kóredi. Qırq jigit aq shatırǵa jaqınlap kelip:

— Xabarlasqanday kim bar? dep soraw saladı. Sol waqıtları shatırdan tawlanǵan bir qız shıǵa keledi. Qırq jigit qarasa óziniń elinen ketken Qulamet tóreniń qarındası. Bular qızdı tanıǵannan keyin atlarınan túsip, úyde shay-suw iship otıra beredi. Keshki mezgil bolǵanda Qulamet tóre ańnan keledi. Úydegi qırq jigit penen aman-esenlik sorasıp, sol kúni úyinde qaladı. Azanda qırq jigitten jol bolsın soraǵanda. Qırq jigittiń basshısı Alaǵayım taqıldaq patshanıń aq tuyǵın degen qusın joǵaltıp, sonı izlep shıqqanın ayttı hám shatırdıń ústine qonıp otırǵan qusın soradı. Qulambet tóre qusın alıp beredi. Qırq jigit qustı alıp jolǵa shıǵıp ketedi.

Al, patsha bolsa jeti jurttıń patshası edi. Al Qulamet tóreniń qarındasına jeti jasınan aq ashıq edi. Patshanıń qızǵa ashıqlıǵın qırq jigittiń hámmesi de biletuǵın edi. Patshanıń ashıq bolǵan qızın kórdik, súyinshi soraymız dep qırq jigit baslı-basına ılaǵıp at shabıstı. Qırq kúnshilik jolǵa at shawıp jetiw ańsat pa, qus kótergen adam da asıqqanlıǵınan qolındaǵı qusın qamshı qılıp sabalap shawıp kete berdi. Bir waqıtları qusına qarasa, tek qusınıń ayaq bawı ǵana qalıptı.

— Toqtań jigitler, mańlayımız qurıp qaldı. Endi elge barsaq hám ólemiz, barmasaq hám ólemiz, qustı óltirip aldım — dep qıshqırdı. Sol waqıtta Alaǵayım taqıldaq «ne bále bolıp qaldı» dep qasına sháwıp keldi.

— Qustı qamshı qılıp urıp jiberippen. Qustıń ayaq bawı ǵana qalıptı — dedi.

— Ol ushın qapa bolma. Qustıń ayaq bawın maǵan ber? Patshaǵa ózim dálil aytaman, — dep qustıń ayaq bawın alıp qaltasına saldı. Neshshe kún jol júrip sháhárge jetti. Alaǵayım taqıldaq erteńine azan menen patshanıń aldına arzıǵa bardı.

— Qustı taptıń ba? — dedi patsha.

— Aq tuyǵın qustı tawıp edik, biraq óltirip aldıq. Bul tuwralı bir-eki awız arzım bar. Bir qasıq qanımnan keshseń aytayın taqsır — dedi.

— Qáne ayt! Qanday arız bar! dedi.

— Aq tuyǵın qustı izlep júrip, bayaǵı ózińiz ashıq bolǵan Qulamet tóreniń qarındasın kórdik, Qus Qulamet tóreniń shatırınıń ústine qonıp otır eken. Qustı alıp siziń ashıq bolǵan qızıńızdıń xabarın aytıp súyinshi soraymız dep at shawıp kiyatırıp, bilmey qustı qamshı qılıp urıp óltirip aldıq — dep qaltasındaǵı qustıń ayaq bawın patshanıń aldına tasladı. Patsha bul gápti esitkennen keyin mıyıǵın tartıp kúlip otırıp:

— Qus ólse ólsin, Qulamet tóreniń qarındasın kórgenińiz jaqsı bolǵan eken. Endi sol qızdı maǵan ayttırıp ákelip beresiz — dedi. Alaǵayım taqıldaq jeti kún máwlet sorap, úyine ketti. Jeti kún pitkennen keyin Alaǵayım taqıldaq xannıń aldına keldi.

— Taqsır arzım bar? — dedi.

— Arzıń bolsa ayt! — dedi patsha...

— Seyisxanadaǵı tulpardı bermeseń men Qulamet tóreniń aldına bara almayman. Qulamet degen batır jigit, atı da júyrik. Eger qara attı berseń qashsam qutılaman, quwsam jetemen, — dedi. Patsha qara tulpardı shıǵarıp bergizedi. Alaǵayım taqıldaq qırq

jigitti ertip qırq kúnlik jol azığın alıp Qulamet tórege sapar etedi. Neshe kúnler jol júrip Qulamet tóreniń shatırına jetedi. Qulamet tóre bulardı bir aqsham miyman alıp, azanda jol bolsın soraydı. Qırq jigit Qulamet tóreniń aybatınan qorqıp kelgen jumısın ayta almay:

— Shikar gezip shığıp edik — dedi. Azanda qırq jigit atlanıp, Qulamet tóre jolğa shığarıp saladı. Jolğa shığıp bir mezgil júrgennen keyin Alağayım taqıldaq joldaslarına qarap:

— Biziń bir awız sóz aytpay ketkenimiz uyat bolar. Sizler kete beriń, ózim Qulamet tórege barıp bir-eki awız sóz aytıp keteyin — dep keynine qaray shawıp alıp ótá ketti. Sol páti menen Qulamet tóreniń esiginiń aldınan bir shawıp ótti de:

— Áy Qulamet, Qulamet patshağa qarındasıńdı berseń de bereseń, bermeseńde bereseń! dep shawıp ótti. Jáne de bir aylanıp kelip:

Áy Qulamet tóre, Qulamet tóre patshağa qarındasıńdı berseń de bereseń, bermeseńde bereseń! dep jáne shawıp ótti de, kelgen izi menen at shawıp kete berdi. Qulamet tóre bul gápti esitkennen keyin ashıwı qanasına sıymay:

— Mağan tamaq pisirip ber, bular menen bir kálle kóreyin, — dedi qarındasına... Qarındası awqat pisirip berdi. Qulamet tóre awqatqa toyıp alıp, taban jol degen jolğa tústi. Taban joldı kes-keslep aldınan shıqsa, kelgen iz bar da, ketken iz joq. Bulardıń ele ketpegenin bilip, taban jolda turıp aldı. Bir mezgil ótkennen keyin qırq jigittiń albırap-sılbırap kiyatırğanın kórdi. Qulamet tóre bulardı birim-birim uslap alıp, murnın kesip, moynına qanı menen xat jazadı: «Ózińe qılğan zorlığım, patshańa qılğan qorlığım, bar patshańa aytıp bar, bulay qaray júrmesin» dep xat jazıp qırq atın jolğa salıp aydap

jiberedi. Xannıń qara atı qırq atqa bas bolıp ot-jem jeytuǵın jerine tarttı. Neshshe kún jol júrip sháhárge keldi. Usı waqıtları patsha dalaǵa shıǵıp sáwirlep otır edi. Patsha Alaǵayım taqıldaqtı attan túsirip alıp, moynındaǵı xattı, oqısa, «Ózińe qılǵan zorlıǵım, patshańa qılǵan qorlıǵım» depti. Bul xattı oqıǵannan keyin patshanıń qattı qáhári kelip, jeti jurtqa xat jazıp, erkek kindik qoymay jıynaydı. Patsha Qulamet tóreniń ústine láshker tarttı.

Qulamet tóre de jeytuǵın azıǵın jıynap alıp, bul da urısqa tayarlanıp jata berdi. Patsha neshshe kún jol júrip, Qulamet tóreniń shatırına kelip, birneshe qabat qorshap aldı. Biraq Qulamet tóre sol kúni shırt uyqıda jatır edi. Dushpannıń kelgenine qarındası bilip aǵasın oyatayın dese oyata almay basına barıp jılap otırǵanında kóziniń jasınıń bir tamshısı betine tamıp ketti. Qulamet shorshıp oyansa qarındasınıń jılap otırǵanın kórdi.

— Nege jılap otırsań? — dedi Qulamet qarındasına.

— Aǵa, jaw kelip bizdi neshshe qabat orap aldı. Seni oyatayın desem oyata almay jılap otırǵanım — dedi.

— Nesine qapa bolasań, tas tússe talaydan, tabaqqa tússe mańlaydan kóremiz dá — dedi. Qulamet tóre kók sholaq atına minip alıp urıs maydanına shıqtı. Jeti kún patsha menen urısıp, patshanıń láshkerlerin qıyratıp, patshanı uslap aldı. Patshanıń moynına shılbır salıp, tawdıń qabaǵındaǵı tereńligi seksen qulash zindanǵa aparıp tasladı da, Qulamet tóre shatırına kelip, óz ońısıǵın kórip júre berdi.

Qulamet tóreniń qarındası on tórt jasına keldi. Qáyerde biyik tóbe bolsa basına shıǵıp, samalǵa qarsı qarap otıratuǵın bálege ushıradı. Shını ıshqıpazlıq jolına tústi.

Usı jatqan óliklerdiń ishinde bir adam tiri qalmadı ma eken dep, qolına shıbıq alıp óliklerdi birim-birim túrtip shıqtı. Bir de tiri adam tabılmadı. Qız qapa bolıp jan-jağına qarap tursa, bir súyretkiniń izin kórdi. Qız súyretkiniń quwıp kete berdi. Bul súyretkiniń zindanğa taslanğanın bilip, bunda adam bar ekenin sezdi. Bunnan keyin qız tawdan bir etek tas terip ákelip zindandı kesekley basladı. Usı waqıtları zindannıń ishinen «ákeń bolayın taslama» degen dawıs shıqtı. Qız keseklegenin qoymadı. «Ağań bolayın taslama» dep baqırdı. Qız onnan sayın tasladı. «Yarıń bolayın taslama» dep edi, qız keseklegenin qoyıp, juwırıp shatırına keldi.

Qulamet tóreniń seksen qulash tanabı bar edi. Tanaptı ákelip zindandağı adamdı shığarıp aldı. Qız bayağı ózine ashıq bolğan patsha ekenin bildi. Patshanı shatırğa ákelip, ağası kelse sandıqqa salıp, ketse shığarıp alıp zawqı-sapa qurıp jata berdi. Bir kúnleri patsha qızğa:

Bul júrisimz bolmas ya ağańnan bez ya menen bez — dedi.

— Ağamnan bezsemde sennen bezbeymen — dedi qız.

— Olay bolsa sol ağańdı joq etiwdiń ilajın tap — dedi.

— Ağamdı joq etiwdiń ilájın óziń tappasań meniń qolımnan kelmes.

— Joq etiwdiń ámeli ańsat. Sen házir ağań kelerge qarsı qattı kesel bol. Esikten tórge, tórden esikke awnay ber. Ağań kelgennen keyin shırağım qáyeriń awırdı, bunday awırıwdıń emi ne bolar eken der. Sonda sen aytqaysań: kók eshekli, kók sálleli birew kelip, shırağım awırğan ekenseń. Burıngı waqıtta bunday awırıwdıń emi áydarhanıń qanın ishse táwir bolatuğın edi, áydarhanıń

qanın aldırıp ishe ǵoy dep ketti degeyseń. Áne, aǵań baraǵoysa, onı áydarha jutıp óltiredi, onnan soń ekewmiz qalamız — dedi. Bul sóz qızǵa maqul túsip, dalaǵa shıǵıp qarasa, Qulamet töreniń kiyatırǵanın kórdi.

Qız dárriw patshanı sandıqqa saldı da, tósekti salıp órden qırǵa awnap qattı kesel boldı. Qulamet tóre úyge kirse, qarındasınıń tórden esikke, esikten tórge awnap óler halatta jatqanın kóredi. Qulamet tóre qarındasın kóriwden juwırıp kelip:

— Shıraǵım, qáyeriń awırdı. Bul keselińniń emi ne bolar eken? — dep qáwenderlik etti.

— Aǵa, jańa seniń aldıńda astında kók eshegi, basında kók sállesi bar bir adam kelip, «shıraǵım, qattı awırǵan ekenseń, burıńǵı waqıtta bunday awırıw menen awırǵan adam áydarhanıń qanın ishse táwir bolatuǵın edi. Sen de áydarhanıń qanın ishseń táwir bolarsań» — dedi.

— Onday bolsa tabılatuǵın zatt ǵoy, izlep keteyin — dep Qulamet tóre jolǵa tústi. Qız aǵasınıń qarası úzilgennen keyin ornınan turıp, sandıqtan patshanı shıǵarıp aldı. Qulamettiń ólgen jeri usı emes pe dep ekewi waqtı-xoshlıq etip, zawqı sapa súrip jata berdi.

Qulamet tóre neshshe kún jol júrgennen keyin tawdıń eteginde bir ılashıqqa tap boldı. Ílashıqqa qayrılıp keteyin dep kirip barsa, bir kempirdiń otırǵanın kórip sálem berip ishkerige kirdi.

— Kel shıraǵım, qaydan júrgen balasań? — dedi.

— Ákemde joq, sheshem de joq, Ulsızǵa ul, qızsızǵa qız bolaman, sóytip júrgen balaman — dedi Qulamet.

— Óybey shıraǵım meniń ulım da joq, qızımda joq maǵan qıyametlik perzent bola ǵoy, — dedi. Qulamet tóre sol kempirdiń balası bolıp júre berdi. Bir kún aradan bes-altı kún ótkennen keyin túnde jatsa gúrsinip uyqısı kelmedi.

— Balam, nege gúrsineseń, «Er gúrsinse elin sağınadı at kisnese úyirin sağınadı» degen kewlińdegi máqsetińdi ayt shırağım? — dedi.

— Meniń kewlimdegi máqsetim mınaw edi; Jalğız qarındasım bar edi. Sol kesel bolıp, áydarhanıń qanın ishse táwir boladı degen menen izlep shığıp edim.

— Ol ańsat, tabılatuğın jerin silteyin. Usı tawdıń eń arğı basında gewek bar. Mına awız qabaqtı alıp sol úńgirge bar. Áydarhanıń uyqılağanına búgin úsh kún boldı. Qarnına pıshaqtı sal da, awız qabaqtı tut. Qabağıńdı toltırıp al da qash. Jarı ortağa kelgende áydarha oyanıp ishine dem tartar. Atıńdı da aldına júrgizbey, shapqan atıń keyinge qarap keter. Sol waqıtta «qıyametlik jan mamam tayın bol» deseń ózim tayın bolarman— dep balağa jol siltep, jolğa shığarıp saladı.

Qulamet tóre atına minip, áydarhağa ketti. Mamanıń aytqan jerine barsa, aytqanı ıras eken. Qulamet tóre attan túse sala, jatqan áydarhağa pıshaq urdı. Sol zamat awız qabağın toltırıp aldı da, atına minip hayt qoydı. Yarım jolğa barğanda, Qulamettiń shawıp baratırğan atı birden toqtap qaldı. Bir waqıtları atınıń keynine qarap baratırğanın kórip, «qıyametlik jan mama» dep baqırıp edi, mama tayın boldı. Kempir keliwden;

— Há shirkin, sonsha jıl meniń menen qıyametlik qońsı bolıp otırıp bir qasıq qanıńdı qıymağanıń ba! — dep edi, áydarha dem tartqanın qoydı. Sol jerde kempir Qulamet tóreni ertip úyine keldi. Sol kúni Qulamet tóreni qondırıp jalğız ılağın soyıp qonaq ası berdi. Áydarhanıń qanın ishse ólip qalar dep awız qabaqtağı qandı tógip taslap, ishine ılaqtıń qanın quwıp qoydı. Erteńine azanda awız qabaqtı qolına berip, Qulamet tóreni saldı. «Sol shaya seniń basıńa jetip júrmesin,

qıstalǵan waqtında «Qıyametlik jan mama» deseń tayın bolarman», dep mama úyine qayttı.

Qulamet tóre neshshe kún jol júrip shatırına jaqınladı. Qarındası kiyatırǵan aǵasın kórip «mańlayım qurısın, Qulamet tóre kiyatır» dep patshanı sandıqqa salıp, ózi tósekke kirip qaytadan kesel boldı. Qulamet tóre shatırǵa kirip, qarındasına awız qabaqtı berdi. Qız awız qabaqtı qolına aldı da iship jiberdi. Iship bolıp «hay-hay, janım jay taptı ǵoy», dep ornınan ushıp turıp aǵasınıń shayın qaynatıp júre berdi.

Qulamet tóre qarındası táwir bolǵannan keyin ań awlap sahra gezip júre berdi. Aradan neshshe kúnler ótkennen keyin bayaǵı patsha qızǵa: — Usı waqıtqa shekem qısılıp qımırılıp kelgenimiz bolar, ya aǵańnan bezeseń? — dedi taǵı

— Aǵamnan bezsem de, sennen bezbeymen — dedi qız.

— Onday bolsa aǵańdı óltiriwdiń ilajın qılasań, — dedi.

— Onda óltiriwdiń jolın óziń taba ǵoy — dedi.

— Óltiriwdiń jolın tapsam, házir atlardıń shirik arqanların jıyna. Onnan keyin sırtın juqa jipek penen orap arqan etemiz. Buniń menen ózińniń qolıńdı baylaǵaysań. Taza jipekten esken arqan menen aǵańnıń qolın baylay ǵoy. Keshte aǵań kelgennen keyin, aǵa qarap otırǵannan oyın tawıp otırayıq degeyseń. Ne oyın dese, mınaw arqan menen meniń qolımdı bayla, men úzermekenmen be? de. Aǵań ayaq-qolındaǵı baylar, ózi shirip turǵan arqanda ne jan bolsın, sen bir shirengende úzilip keter. Úsh ret baylar, úshewinde de úzerseń. bunnan keyin meniń hám ayaq qolımdı bayla der aǵań. Sol waqıtta jipek arqan menen baylaǵaysań. Sonnan

keyin sandıqtı ashıp meni shıǵarıp alsań shabaman da óltiremen. Áne, óltiriwdiń jolı usınday boladı — dedi.

Keshke Qulamet tóre ańnan keldi. Dem alıp, awqatlanıp bolǵannan keyin qarındası:

— Bir ózim otırıp zerigip kettim, aǵa oyın oynayıq? — dedi.

Ne oyın, qaraǵım?! deydi.

— Men saǵan qısılǵanda járdemshi bolar ma ekenmen, mına arqan menen meniń ayaq-qolımdı bayla, men úzerme ekenmen, sóytip kúshimdi sınap kór — dedi. Qulamet tóre qarındasınıń sózine inanıp, ayaq qolın baylap edi, qız bir shirengende arqan pıt-shıt boldı. Úsh ret bayladı, úshewinde de úzdi. Bunnan keyin Qulamet tóre:

Shıraǵım, meniń hám ayaq qolımdı bayla, men hám kúshimdi sınap kóreyin — dedi. Qız taza jipekten esilgen arqan menen aǵasınıń qolın tas qılıp bayladı da, al úze ǵoy dep turıp aldı.

— Haw, sennen ázzi bolǵanım ba — dep úsh retke shekem shirenip edi, qayta tas bolıp qaldı. Úze almasın bilgen soń Qulamet tóre qarındasına qolımdı shesh dep shaqırıp edi, qarındası qolın sheshiwdiń ornına sandıqta, jatqan patshanı shıǵarıp alıp aǵasın óltiriwge ruqsat etti. Qulamet tóre patshanı kóriwden túriniń buzıq ekenin sezip, sasqanınan «qıyametlik jan mama» dep aytıwdı hám umıtıp ketti. Sol waqıtta qarındası Qulamet tóreniń qılıshın ákelip berip, shap dep hámir etti. Patsha qılıshtı qolına alıp, shabayın dep úshke shekem umıtılsa da, burın qorqıp qalǵan patsha batılı barıp shaba almay, úshke shekem qılıshı jerge túsip ketti. Sol waqıtta qarındası sennen de er bolıp pa dep aǵasın qılısh penen shaptı da tasladı ekewi más bolıp zawqı-sapasın súrip jata berdi.

Sol kúni keshte shatırdıń qaptalına bir kók eshek payda boldı. Ol úyge súykenip túni menen tınıshlıq bermedi. Tayaqlap quwsa da aqırıp aynalıp kelip shatırǵa súykene berdi. Bul eshektiń ketpesin bilgennen keyin patsha:

— Bul eshek ǵoy biymaza qılıp jatqarmadı, usınıń ústine Qulamettiń óligin tańıp, sabap-sabap jibersek ketpes pe eken, — dedi. Qız dalaǵa shıǵıp eshekti uslap aldı da, ústine Qulamet tóreniń óligin tańıp sabap-sabap quwıp jiberdi. Eshek jolǵa túsip haǵlap kete berdi. Dup-tuwrı bayaǵı ılashıqqa ákeldi. Bul bayaǵı qıyametlik jan maması eken. Kempir Qulamet tóreniń óligin ılashıqqa kirgizip, ábizámzámnıń suwın jaǵıp tiriltip aldı. Qulamet tóre kózin ashıp qarasa, bayaǵı qıyametlik jan mamasınıń ılashıǵında jatırǵanın kórdi.

— Qarındasıń basıńa jeter dep aytpadım ba? shıraǵım, ekinshi meni de esińnen shıǵardıń — Qulamet tóreni jeti kún úyinde miyman qıldı.

Qulamet tóre jeti kúnnen keyin kempirden ruqsat sorap, diywana sıpatına kirip, moynına dorba ilip, huw-haq dep qarındasınıń jatqan shatırına tarttı. Neshshe kún piyada jol júrip, tań azanda qarındasınıń shatırına huw-haq dep jetip keldi. Tósekte jatqan patsha:

— Azanda kelgen qálenderdiń duwası qabıl degen, bir nárse berip jiber — dedi qızǵa. Qız qálenderge nan berse almadı, pul berse de almadı, kiyim berse de almadı.

— Endi ne alasań? dedi.

— Shıraǵım, jeti jurttı gezgen sayıl edim, dúzde jatarım bar, kesh qalarım bar, maǵan tórińde iliwli turǵan góne qılıshıńdı sadaqaǵa bereǵoy shıraǵım — dedi. Qarındası qılıshtı bergisi kelmedi. Sol waqıtta patsha:

— Azan menen mıńǵırlatpasańa! Berseń berip jibere ber qılıshtı — dedi. Qarındası ilajsızdan iliwli turǵan qılıshtı ákelip berdi.

Qulamet tóreniń tilegi de usı edi. Qılısh qolına tiygen soń qarap tursın ba, ústindegi qálender kiyimin sheship taslap Qulamet tóreniń ózi bolıp shıǵa keldi.

Qız aǵasın tanıp:

— Way-way aǵam ba ediń! — dep juwırıp patshaǵa bardı. Qulamet tóre sendey opasız qarındastıń barınan joǵı dep patsha menen ekewiniń basın qılısh penen qaǵıp aldı. Qulamet tóre jeti kún jantaq shaptı. Jantaqlardı bir jerge úyip qarındası menen patshanıń óligin ústine taslap órtep jiberdi. Kúlin alıp samalǵa da ushırıp jiberdi. Qulamet tóre sol jerde bir jeti kún dem alıp, bayaǵı óziniń tuwǵan eline qayttı.

## GÚLZIBA

Bir bar eken, bir joq eken. Ash eken eken de toq eken, ala ǵarǵa azanshı qara qarǵa qazanshı eken. Áyyemgi zamanda bir xan bolıptı. Xannıń jalǵız qızı bar eken. Qızdıń atı Gúlziba edi. Xannıń wáziriniń bir ulı bolıptı. Xannıń qızı menen wázirdiń balası ekewi bir mektepte oqıp shıǵıptı. Biraq xan basqa ul perzenti bolmaǵanlıqtan, qızına ul balanıń kiyimlerin kiydirip qoyadı. Áne sonlıqtan, xalayıq xannıń ul balası bar, dep pámleydi eken.

Kúnlerden bir kún, xan menen wázir ekewi otırıp aqıllasadı. —Bizler bolsaq qartaydıq, balalar bolsa er jetti, endi xanlıǵımdı qızıma beremen, sen wázirligińdi balańa bereseń, — deydi. Bul sóz wázirge de maqul túsedi. Sóytip xan óziniń gúllán soramına xabar etedi.

Otız kún, otız keshe toy etip, xan xanlığın qızına beredi. Wázir wázirligin ulına beredi. Hámme xalayıq xannıń ulı-qız ekenin bilmey atasınıń ornına xan boladı dep tarqasadı.

Xannıń qızı menen wázirdiń balası jaslaw eken. Biri xan, biri wázir bolıp hákimshilik súredi. Bular jigirma jasına keledi. Kúnnen-kúnge ortada doslığı artadı. Sóytip júrip, wázirdiń balası bunıń qız ekenin sezedi. Xannıń qızı da óziniń qız ekenin oğan aytadı. Ortada ashıqlıq payda boladı. Biri alarman, biri tiyermen, bolıp wáde etedi. Bir kúni wázirdiń balası aytadı:

— Men seni kórmesem bir maydan shıday almayman. Waqıt bolsa ótip baratır. Meniń atam meni úylendiriwdi oylamaydı. Siziń atańız bolsa seni qız bolsań da ulım ul bolsań da ulım dep saqlap otır. Xanlığın berdi, seni kúyewge beriwdi olda oylamaydı. Bizler ózlerimiz qosılıp turmıs qurıwdıń bir ilájın etsek qalay boladı? — dep soradı.

— Men de sonı oylayman. Biraq, ata-ananıń húrmetin qáytemiz, biz óz erkimizge elden shığıp ketsek, qartayğan ata-ana bizdi ğarğamay ma, siz qalay dep oylaysız? — dedi Gúlziba.

Onda turıp wázirdiń balası aytadı — sizge ata-ana qanday kerek bolsa, mağan da sonday. Biraq ul balam dep saqlap otırğan siziń atańız, seni endi usı xalıq húkiminen bılay-bılay jıljıtpas. Ekewmizdiń sırımız bilinip qalğan kúni hesh qaysımızğa da jaqsılıq bolmawı múmkin — dedi.

Sóytip ekewi elden qasharman bolıp, sol kúni wáde qoyısadı. Keshlikte wázirdiń balası eki attı házirlep el jatar waqıtta xannıń háreminiń ishinde kútpekshi boladı. Xannıń qızı Gúlziba ózine derek kiyimlerin, shet elge

qashıp barǵanda jumsaytuǵın pul, dúnyasın alıp el jatar máháli kútip otırǵan wázirdiń balasınıń janına barıp, ekewi atlanıp qashpaqshı boladı.

Áne, kesh boladı, kún de uyasına barıp jetedi. Wázirdiń balası adamlarına at házirletip, xannıń háremine alıp keltirip baylatadı. Men usımanda bolaman dep adamların qaytarıp, atlardıń qasında qaladı. Atlardıń shılbırların uslap otırıp, wázirdiń balası uyqı tartıp qalǵıydı. Qıysayıp jatıp uyqılap qaladı.Bul uyqılaǵan máhálde sol kúni xannıń ǵáziynesine urlıqqa túsiwge wádelesken qırq urınıń eki adamı bunıń qasına jetip keledi. Kelse bir adamnıń eki attıń shılbırın tutıp uyqılap atırǵanın kóredi. Urılar bunıń uyqısın buzbay ǵana qasına kelip eki attıń da shılbırın kesip, jazdırıp aladı. Ol uyqılap qala beredi. Urılar bılayıraq barıp tursa, bir adamnıń ayaǵın tırs-tırs basıp kiyatırǵanın kóredi. Dárhal birewi atqa minedi. Birewi attı tutıp turadı. Bul tarsıldap basıp, wáde boyınsha qashpaǵa kiyatırǵan xannıń qızı Gúlziba eken. Atlardı kórip bulardıń qasına keledi. Kelip «házirmiseń» dep soraǵanda urılardıń atqa minip turǵanı aytadı, «házirmen, tez ǵana atqa mine ǵoy» deydi. Sóytip bulardıń kim ekeni de qızdıń oyına kelmeydi. Asıǵıslıq penen atqa minedi. Atlı turǵan urı aldına túsedi. Gúlziba keynine túsedi. Háremnen shıǵıp jolǵa túsip rawana boladı. Tań atqansha jol júredi. Túnde ekewi ketip baratırǵanda, tańnıń ala gewgiminde, Gúlziba kóz salıp qarasa, qasındaǵı atlı kiyatırǵan adamnıń kiygen kiyimi, turpatı wázirdiń balasına hesh usamaydı. Bul adamǵa keyninde júrip qaraydı, aldında júrip qaraydı. Bul adamnıń ne adam ekenin de bilmey hayran boladı. Aqırında, ne bolsa da baxtımnan kórermendaǵı dep Gúlziba izine ere beredi.

Kún shıǵıp kóterilip, ullı sáske boladı. Soǵan deyin jol júredi. Taslaqtıń ústi menen bir oypawıtlıq jerge qulaydı. Qarasa bir jaǵı elatlıq, bir jaǵı tawlıq bir oypawıt eken. Bul oypawıt qırq urınıń baslıǵı eken. Óziniń jayına alıp baradı. Attan túsedi. Úyge kiredi. Shay ishedi, tamaq pisiriledi. Tamaqtı jep otırıp, Gúlzibanı úyine alıp kelgen urılardıń baslıǵı jón-josaq sorap sóz baslaydı. Gúlziba óziniń xannıń qızı ekenin, wázirdiń balası menen qashaman dep buǵan sazawar bolǵanın aytıp beredi. Qırq urınıń baslıǵı da eki attıń shılbırın uslap bir adamnıń uyqılap atırǵanın, onıń uyqısın buzbay ǵana shılbırınan kesip atlardı bosatıp alǵanın hám Gúlzibanıń keliwinen atqa mindirip, úyine ózin alıp kelip otırǵanın aytadı.

Áne, sol kúni tús boladı. Sol waqıt birewlep, ekewlep keltiriledi. Tamaqtı jep otırıp Gúlzibanıń úyinen alıp kelgen dúnya maldı ortaǵa úyedi. Gúlzibanıń dúnyasın da soǵan qosıp, ózin ortaǵa otırǵızadı. Urılardıń baslıǵı barlıq zattı bóledi. Endi ortada bólinbegen Gúlziba ǵana qaldı... Gúlzibanı kim aları málimsiz. Hár qaysısı hár jaqtan «men alaman, sen alasań» dep urılar óz-ara qattı jánjel shıǵaradı. Jánjel qıza-qıza biri-birine pıshaq alıp juwırısadı. Sonda Gúlziba aytadı:

— Aǵalar men sizlerge bir tórelik bereyin, sizler meniń ústimde pıshaqlasıp jamanlaspań, awız birshiligińizdi saqlań. Sizler atlı atıńızǵa miniń. Bir maydanlıqqa shıǵayıq. Sol maydanlıqta bir sızıq belgileyik. Sizler báygige atlarıńızdı qosıń. Men atlarımdı qasıma baylap, sizlerdi kúteyin. Qaysısıńızdıń atıńız ozıp, sızıqtan burın ótse, meni sol alatuǵın bolsın — dedi.

— Bunı qalay kóresizler? — deydi urılardıń baslıǵı. Basqalarına da sol maqul túsedi. Hámmeleri atlanadı.

Ullı bir maydanlıqqa shıǵadı. Sol kúni atların seyislep bir kúnshilik jerden at shabısıw ushın kelesi kúni azanda Gúlzibanı qaldırıp, qırq urı at qashırmaǵa ketedi. Qırq urı aradan qaranı úzip ketken soń Gúlziba óziniń atların alıp, zatların atqa bókteredi, birin minip, birin jetelep alıstan kóringen bir bay terekke qarap júris etedi. Bayterekke jaqınlap barsa, qasında kishkene kólsımaq suwı bar, bir jaǵı qoy jayıwǵa qolay jer eken. Bulman óziniń atasınıń qoyların baǵatuǵın otar jayı eken. Qoy baǵıp júrgen shopanlardıń ústinen shıǵadı. Shopanlar bunı kórip sálem beredi. Sálemin álik aladı. Shopanlardan birewi ornınan sekirip turıp.

— Ǵayıptan júrsiz be, ádeylep keldińiz be? Jolıńız túsip keleǵoyǵan ekensiz, attan túsińiz, esabı joq xannıń qoyı, qoylardan qozı payıńızdı jep ketińiz — atın jilawlaydı. Gúlziba aytadı.

— Men ǵayıptan júrgenim joq, bulmanǵa ádeyilepte kelgenim joq, qırq jigitim menen shikarǵa shıqqan edim, kiyik tuttırmadı, qırq jigitten adastım endi meni kimde-kim qırq jigitime aparıp qossa mıń tilla beremen, qaytıwına mına jetegimdegi attı beremen — dedi.

Shopan bunı esitip tayaǵın tartıp uradı, belin bekkem buwadı. — Ájep, siziń xızmetińizdi biz bárjay etemiz — dep qol qawsırıp tik turadı. Gúlziba ser salıp qarasa, bul shopanda bir káramat barday. Sımbatına qarasa, Gúlzibaǵa unaydı. Jetegindegi atın mingizip, guzar jolǵa túsip, shopandı izine ertip, endi bári bir jaman atlı boldım dep taǵı bir xannıń qaramaǵına jol tartadı.

Aradan neshe kúnler jol júredi. Jolda kiyatırıp barlıq bolǵan sırın shopanǵa aytıp túsindiredi. Shopannıń atı Meytin eken. Gúlziba tiyermen boladı. Meytin shopan alarman boladı. Ekewi atlı júrip otırıp bir sháhárge

jetedi. Sháhárge jetip bir saraymannıń jayına túsedi. Jay tutadı, atlardı satadı. Gúlzibanıń alıp shıqqan dúnyası menen atlarınıń pulın jep jata beredi. Bir kúnleri Gúlziba júkli boladı. Tuwar ayları jaqınlaydı. Toǵız ay, toǵız kún múddeti pitip, Gúlziba qoshqarday bir ul tuwadı. Bunnan keyin Meytinniń anasınıń etegine saladı. Bul bala kempirdiń qolında óse beredi. Aradan taǵı neshe kúnler ótip, bulardıń ǵárejeti kemeyedi. Ǵárejet pul bolar dep Gúlziba bir taqıya tigedi. Meytinge aytadı: — Erteń mına taqıyanı bazarǵa alıp bar, bahasın bes tilla derseń, kim bes tillaǵa alsa, soǵan sat. Almasa satpay alıp qayt — dedi.

Erteńine azanda, taqıyanı Meytin bazarǵa aparadı. Bazarǵa barıp taqıyanı qolına kóterip júrse, bir sawdager «taqıyanı nege bereseń» dep soraydı. Meytin aytadı:

— Bes tilla bolsa sataman — deydi.

— Awa, taqıyanıń áwliyesin on bes pulǵa beredi, seniń taqıyanıń bes tillalıq pálendey qásiyeti bar dep ayta almayman.

— Taqıyaǵa bir teńge bereyik?

Satpaydı.

— Taqıyaǵa bir manat bereyik?

Satpaydı Meytin. Sawdager taqıyanı qaytadan qolına alıp qaraydı. Abaylap qarasa, kimde-kimniń perzenti bolmasa, usı taqıyada jazılǵan duwanı oqıp saqlap qoysa, ol perzentli bolǵay dep jazıp qoyǵan bir duwanı kóredi. Sawdagerdiń perzenti joq eken. Taqıyadaǵı duwanı kórip, bes tillasına qayıl bolıp, taqıyanı satıp aladı. Sóytip sawdager jónine ketedi. Meytin bes tillaǵa kerek jaraǵın alıp, qalǵan pulın Gúlzibaǵa tapsıradı.

Gúlziba kelesi bazarǵa deyin taǵı bir taqıya tigip shıǵaradı. «Bunıń bahasın on tilla» deydi. Meytin taqıyanı

alıp bazarǵa baradı. Taqıyanı qolına alıp bazardı aralap júrse, hár kim bahasın soraydı. «Taqıyanıń bahası da on tilla bola ma», dep qolına qaytıp berip ketedi.

Meytin taqıyanı qolına uslap júre beredi. Bayaǵı birinshi taqıyanı satıp alǵan sawdager duwshar keledi. Meytinnniń taǵı da bir jaqsı taqıyanı satayın dep júrgenin sawdager kórip qasına keledi:

— Taqıyanı nege bereseń? — dep soraydı sawdager.

— Taqıyanı on tillaǵa beremen.

— Taqıyanıń pulı bes tilla bolsın? deydi.

Meytin satpaydı. Sawdager taǵıda bir tilla qosıp «altı tilla bolsın» deydi. Meytin bermeydi. Sawdager taqıyanı qolına alıp qarasa, taqıyada «kimde-kim usı taqıyada jazılǵandı oqıp ózinde saqlasa, onıń baylıǵı artqay» degen bir duwanı jazıp qoyǵanın kóredi. Sawdager dárhal qaltasınan on tillanı sanap beredi. Taqıyanı alıp jónine ketedi. Meytin tillanı alıp úyine keledi. Bul pullarǵa kiyim-kenshek aladı.

Kelesi bazarǵa deyin Gúlziba taǵı bir taqıya tigip shıǵaradı. Meytin taqıyanı alıp bazarǵa baradı. Taqıyanı kóterip júrse bayaǵı sawdager búginde jolıǵadı. Sawdager taqıyanıń bahasın soraydı. Meytin aytadı, «taqıyamnıń bahası on bes tilla», deydi. Sawdager taqıyanı tigetuǵın adamda bir qásiyet bar shıǵar, bunıń taqıyasın da alayın, sóytip bunıń menen bir ashna bolatuǵınǵa usap, taqıya tigetuǵın adamnıń qanday ekenin bir kóreyinshi, dep oylanadı da, qaltasınan on bes tillanı sanap beredi. Sóytip «bul taqıyanı kim tikti?» — dep soraydı. Meytin «ózim tiktim» deydi. Óytkeni kimniń tikkenin aytpa dep qoyǵan edi, hayalı Gúlziba. Sawdager Meytindi úyine mirát qıladı. Meytindi úyine alıp barıp shay-pay qoydıradı. Meytin, burın onday kisiniń ziynetin kórmegen, bul

adam elpildep kútip atır. Bunnan mağan heshqanday jamanlıq shığa qoymas, dep oylaydı. Sóytip bir sózinde taqıyanı hayalı Gúlzibanıń tikkenin aytıp qoyadı. Sawdager aytadı; —

— Jayıńız qay jerde? — deydi.

Meytin aq kókireklik etip, sawdagerdi sol kúni keshlikke qonaqqa shaqırıp alıp ketedi. Sawdager arbasına eki at jegip, ishine ózi minip hám Miytindi qaptalına otırğızıp Meytinniń úyine qaray jóneledi. Bular, úydiń aldına barıp arbadan túsip atırğanda, Gúlziba jaydıń áyneginen qarasa, Meytin birewdi eritip kelgenin kóredi. Ol bir bále bolıp qalmasın dep tórde turğan úlken sandıqtıń ishine jasırınıptı. Enesine «meni bir jaqqa ketti deyğoyıń» — depti. Meytin ákelgen qonağın úyine kirgizpti

Sawdagerdiń eki kózi Gúlziba tuwğan, oynap júrgen balada boladı. Onı Meytin de, anası da sezbeydi. Biraq, Meytin «Gúlziba qayda» dep «sorağanda, qıdırıp ketip edi» deydi anası.

Sawdager sumlıq etip, miymanxanada otırıp tańnıń aldına shekem uyqılamay, Meytin menen anasın sózge aynaldırıptı. Tań aldında ğana qonaqtan juwap alıp, Meytin menen anası óziniń jayına jatıwğa ketedi. Sawdager jatsa da uyqılamaydı, turıp barıp Meytinniń hám kempirdiń uyqılağan, uyqılamağanın barlastırıptı. Olar anıq uyqığa ketken waqtında sawdager jaydıń ishindegi sandıqtı tıńlasa, ishinde bir dıbıstıń barın biledi de, Gúlziba jatqan sandıqtı arbağa salıp qashadı.

Há demey-aq sawdager jayına keledi. Sandıqtı ishke kirgizip ashıp qarasa, ishinen Gúlziba shığadı. Sawdager Gúlzibanı kórip ań-tań boladı. Indemeydi, Gúlzibanı bólek bir jayğa aparıp qoyadı. Erteńgisi azanda usı qalanıń

xanına xabar etpekshi bolıp otırsa, azan menen úyinde joqlawın asırıp hayalın izlep Meytin keledi. Sawdager otırǵan jayǵa kelip:

— Há qonaǵım, júdá erteletip ketip qalıpsız, biziń úyde jata almadıńız ba? — dep soraydı Meytin sawdagerden.

Túnde men sizlerden qalǵan soń jata almaǵanım ras. Jaydıń tórinde turǵan sandıqtıń ishi ala topırlı bola beredi. Bunda bir bále bar shıǵar, ol hámmemizdi qarap eter dep qorıqtım. Sonlıqtan sandıqtı arbaǵa júklep jayǵa ákelip ashıp kórsem, ishinde siziń hayalıńız bar eken. Ol mına jayda otırıptı — dedi sawdager.

Sawdager Meytindi hayalınıń úyine alıp baradı. Meytin hayalın kórip quwanıshı qoynına sıymaydı.

Biraq hayalınıń júzinde bir túrli razı emestey shıray bar. Sawdager shıǵıp ketkennen soń. Meytin hayalı Gúlzibanıń qasına otıradı. «Bul ne waqıya» dep hayalınan soraydı. Hayalı aytadı: «bunıń qanday waqıya ekenin kóre jatarmız, biraq taqıyanıń kimniń tikkenin aytpa. Úyge adam shaqırma degenimniń mánisi usı edi. Meytin basqa ne aytarın bilmedi. Bunı aytısıp otırǵan jayǵa sawdager kirip keldi.

Men siz benen bir sóylesiwge keldim — deydi sawdager.

— Ne sózińiz bar, ayta beriń? — deydi Meytin.

— Men — deydi sawdager — ózim jekke adam edim. Meniń keynimde inim joq, ya balam joq, sonlıqtan sen maǵan ini bol, sen biziń usı jayda bola ber.

— Onı endi oylanıp kóreyik. Biziń házirshe bolǵanday jay úskenemiz barǵoy — deydi Meytin.

Sawdager jańaǵı sózin taǵı qaytalaydı. Meytin kónbeydi.

Ini bolıwǵa sóz bermeydi. Sawdager indemey shıǵıp ketedi. Óziniń hayalına barıp oylasadı. «Men bunı qasımda saqlarman desem, bul meniń mańlayıma sıyatuǵın emes. Ini bolıwdı ol qálemeydi. Onnansha házir men barıp xanǵa xabar eteyin, xan bunı hayalınan ayırsın. Óziniń islasın etip ólimge duwshar etsin» dedi de, ornınan turıp xannıń aldına keledi.

Xannıń aldına baradı. Xan soraydı:

— Qáne, ne aytajaǵıń bar!

— Bir qasıq qanımnan keshseńiz aytaman taqsır — deydi sawdager.

— Qanıńnan keshtim, — deydi xan.

— Onday bolsa — deydi sawdager — biziń jayımızǵa bir miyman keldi. Onıń bir hayalı bar. Hayalı onday jay adamǵa minásip emes, tek xan háziretim, siziń esigińizge ǵana minásip kórdim. Sonı sizge bildireyin dep kelgen edim.

Xan bul sózdi esitip shadıman boladı. Sawdagerge bir sarpay jabadı hám «isiń tússe tuppa-tuwrı kele ber» — dep jawırnınan qaǵadı. Sóytip sawdagerdiń qasına jasawıl qosadı. Sawdager xannıń qosqan jasawılın ertip úyine keledi. Xannıń jasawılı Meytin menen onıń hayalı Gúlziba otırǵan jayǵa kiredi, izinen sawdager de birge kiredi. Xannıń kelgen jasawıl Gúlzibanı xannıń aldına alıp ketpekshi bolıp atırǵanda sawdager, Meytinge aqıl aytadı.

— Sen qorıqpa, qanday adam menen isles bolsań, xan seni de aldıradı. Xanda xızmet qılasań — deydi.

Áne, xan Gúlzibanı kórip bunıń shıraylılıǵına, sımbatına, aqılı hayran bolıp, ıshqı ketedi. Gúlziba aytadı:

— Siz jurt atası, men bolsam siziń bir puqarańızdıń bala-shaǵasıman. Siz aqıllı xan, ózińniń puqarańnıń turmısına qol suqqanıń xanlıqqa miyasar bolmasa kerek — dep xannıń sózin ózine juwıtpaydı.

Xan Gúlzibanı jasawıl menen úyine qaytaradı. Sóytip qasına wázirin shaqırıp alıp, Gúlzibanı qalay etip qolına túsirip alıwdıń jónin oylasadı. Wáziri aytadı: — Qarawıńızdaǵı puqarańızdıń hayalın tuwrıdan-tuwrı alaǵoysańız, álemge kúlki bolarsız.

Siz onıń kúyewin qarawıńızǵa jumısqa alıp, barsa qaytıp kele almastay bir jumısqa jumsańız. Máwletinde qaytıp kelmese mal-múlkin, hayalın — hámmesin qaznalıq qılasız da alasız. Onnan soń heshqanday gáp bolıwı múmkin emes, — deydi.

Wázirdiń bergen másláháti xanǵa maqul túsedi. Dárhál bir jasawıldı jiberip, Meytindi shaqırtıp aldıradı. Xan Meytinge aytadı.

Sen búginnen baslap xanıń qarawında bolasań. Saǵan xanlıq ǵáziyneden pul, kiyim hám awqat beriledi. — deydi. Meytin aytadı:

— Burın men xannıń xızmetinde bolıp kórgenim joq — deydi.

— Burın xannıń xızmetinde bolıp kórmeseń endi bolıp kóreseń, eger erteń azannan baslap usımanda, meniń aldımda xızmette bolmasań, óziń ólimdar, dúnya-malıń, janıń — hámmesi qaznalıq boladı! — deydi xan.

Meytin táwekel etip: — Ájep bolǵay, — dep xanǵa bas iyedi. Sóytip xannan juwap alıp úyine qaytadı. Úyińe kelip xannıń aytqan sózin Gúlzibaǵa bayan etedi. Gúlziba aytadı. «Meyli xan ámirin tutıwıń kerek, ne dese de orınlawıń kerek», deydi. Sonıń menen kelesi kúni azanda Meytin xannıń xızmetine baradı. Xan Meytindi xızmetke qabıl etedi.

Bir kúni xan Meytindi aldına shaqırıp alıp, — seni búginnen baslap jolbarıstıń azıw tisinen jay salıwǵa tayarlayman. Sen sahrada júrgen jolbarıslardıń tislerin

jıynap, usı saraydıń aldınan ıqlımda burın bolmaǵan bir jay salıwǵa tiyislisen. Ol jay arjaq-berjaǵı qırq kúnniń ishinde salınıp pitiwi kerek. Eger bul orınlanbasa, óziniń ólimdar, malı-múlkin, bala-shaǵań — hámmesi qaznalıq boladı, — deydi.

Meytin xannan hámirin bayan etedi. Hayalı aytadı:

— Bunnan ǵam jeme, bunıń ilajın ózim saǵan aytaman: Erteń azanda barıp, ámirin orınlawǵa ketetuǵınıńdı aytıp, ǵárejet pulıńdı alıp kel, — deydi.

Meytin xan aldına baradı. Sóytip jol azıǵı ushın tiyisli ǵárejet pulın alıp úyine keledi. Sol kúni keshesi aytadı Gúlziba:

— Sen bunnan arqa tárepke qarap ketersen, otız jeti kún tamam jol júrgennen keyin, sáske waqıta aldıńnan bir bayterek kórinedi. Sol bayterek kól jaǵısında turadı. Soǵan barıp jat. Bayterekke minip al da otıra ber. Sen biraz otırǵannan soń gúrsildep jer jarıp, bir aqsańlaǵan arıslan keledi. Arıslan kólden suw iship, sen minip otırǵan bayterektiń astına keledi, uyqılaydı. Ol uyqılaǵan waqıta, sen bayterekten jerge tús, jerge túsip bolıp, uyqılap jatqan arıslannıń aqsańlaǵan artqı ayaǵınıń alaqanına kirgen tikendi tisiń menen ǵana aqırınlap tartıp al. Sóyt te bayterekke qaytadan minip otıra ber. Uyqısı qanǵan soń arıslan oyanar, oyanıp qarasa, ayaǵınıń awırǵanı biraz jay tapqanday bolar. Ornınan turıp arman-berman juwırıp júrip kórer, ayaǵınıń burınǵıday awırmaǵanına hayran bolıp, ján-jaǵına qarar. Jerde kózine hesh nárse kórinbegennen keyin soń joqarı bayterekke qarar, seni kórer. Seni kórgende jer jahandı lárzemge keltirip, bir shap-shıp qattı baqırar.

Adam dawısı menen saǵan jerge tús der. Sen túspe. Al ne tilegiń bolsa tile, jerge túseǵoy dep bayterekke

mańlayın tiygizer, sonda sen jerge tús, arıslannıń ayağına bas qoy. Ne tilegiń bolsa da bárjay qılaman degen waqtında ğana basıńdı kóterip al. Sóytip, oğan xınnıń etken ámirin ayt. Máqsetińdi arıslan hasıl eter, — deydi.

Meytin sol keshesi úyinde jatıp, erteńine azan menen jolğa túsip rawana boladı. Otız jeti kún tamam jol júrip, Gúlziba aytqan kól boyındağı, bayterekke jetedi. Bayterektiń túbine jetip, bayterekke minip otırsa, bir azıraqtan keyin artqı ayağı aqsańlağan bir arıslan keledi. Kelip suw ishedi. Suw iship bayterektiń túbine kelip uyqılaydı. Arıslan uyqılağan waqıtta Meytin jerge túsedi. Arıslannıń aqsańlağan artqı ayağın aqırınlap kóterip qarasa, tabanında úlken bir jiyde tikeniniń kirip, dógeregin iriń basıp jaylap turğanın kóredi. Tikendi tisi menen áste ğana tislep tartıp suwırıp aladı. Ózi qaytadan bayterekke minip otıra beredi. Bir máháli arıslan uyqısınan oyanadı, ayağınıń awırğanınıń biraz jay tapqanın sezedi. Ornınan turıp arman-berman júrip kóredi. Ayağı burınğıday awırmaydı. Buğan hayran bolıp tum-tusqa qaradı. Hesh nárse kórinbeydi. Bayterektiń basına qaraydı. Qarasa Meytindi kóredi. Sonnan arıslan bar kúshin jıynap, bir shapshıydı. Qattı aqırıp gúrsinedi. Meytinge qarap, adam dawısı menen, «sen jerge tús», dep tağı shapshıydı. Meytin túspeydi. Bir máháli arıslan:

— Tús jerge, ne maqsetiń bolsa ayt. Endi men seniń menen dos bolaman, — dep mańlayın bayterekke tiygizedi...

Meytin bayterekten jerge túsedi. Jerge túsip basın tómen iyip arıslannıń ayağına qoyadı. Arıslan:

— Kóter basıńdı! Ne tilegiń bolsa bárjay etemen! — deydi. Meytin basın joqarı kóterip alıp, xannıń hámirin

aytadı. Arıslan bunı esitip biraz oylanıp turadı da, «kel endi, seniń ushın xannıń hámiri orınlansın» deydi Meytinge. Sóytip, aspanǵa qarap úsh mártebe aqıradı. Aradan azıraq waqıt ótkennen soń jeriw-kókti qaplaǵan sansız jolbarıslar jıynaladı. Arıslan bir-bir tislerin qoparıp alıp, sonnan jay salıw ushın jolbarıslarǵa buyrıq qıladı. Jolbarıslar bir-bir tislerin julıp alıp, xan ushın eki kúnde bir jay dúzetip tayın qıladı. Arıslan eki jolbarıstı shaqırıp alıp, jolbarıslardıń azıw tislerinen salınǵan jay menen Meytindi xannıń sarayınıń aldına alıp barıp taslawdı buyıradı. Eki jolbarıs birewi jaydı, birewi Meytindi eńsesine kóterip bir aqshamda ámir etken xannıń sarayına alıp barıp jetkerip qoyadı. Azanda Meytin xannıń aldına baradı. Xanǵa barıp sálem beredi. Xan sálemin álik alıp:

— Há, ele ketpediń be? — dedi. Meytin aytadı:

— Siz ketkendi aytasız, men siz aytqan jaydı saldırıp hám búgin wádeli qırq kúnde mında alıp keltirdim — deydi.

Xan inanarın da bilmedi, inanbasın da bilmedi. Aqırı wázirlerin shaqırıp alıp, saraydıń aldına shıqsa, saraydıń aldında ıqlımda burın bolmaǵan, jolbarıslardıń azıw tisinen salınǵan jaydı kóredi. Xan jaydı kórip quwanadı da, Meytinniń aman-saw qaytıp kelgenine ishinen kúyinedi. Meytin hám xan ámirin orınlap, xannan juwap alıp úyine kelip bola beredi. Xan wázirlerin taǵı shaqırıp alıp, Meytindi ne qılıw kerek ekenligin oylasadı.

Wázirleri aytadı: «onı taǵı bir basqa nársege jumsamaq kerek. Siz oǵan endi súymurıq quslardıń qanat párinen salınǵan jay tayın eteseń deńiz. Ol ómirinde de ketse qaytıp kelmes. Siziń muradıńız hasıl bolar» — desedi wázirleri.

Xanǵa wázirlerdiń másláháti maqul túsedi. Meytindi jasawıl menen aldırıp, Súymurıq quslardıń qanat párinen salınǵan jay tayın etiwdi buyıradı. Meytin qırq kún máwlet aladı. Sóytip úyine kelip xannıń hámirin Gúlzibaǵa bayan etedi. Gúlziba aytadı:

— Xannıń bul hámirin de orınla. Sen bunnan keteseń, otız úsh kún tamam jol júrip, qula maydanlıqqa duwshar bolasań. Ol maydanlıqtıń bes kúnshilik jolı bar. Bes kún júrip bir bayterek kóreseń. Bayterekte jer júzi quslarınıń patshası — súymurıq qustıń uyası bar. Usında eki balası bar.Onıń hár jılı eki balası bolıp, ol balaların hár jılı bir qara áydarha kelip jep ketetuǵın edi. Mine, sol áydarhanı óltirip, súymurıq qustıń balaların ólimnen aman saqlap qalasań, seniń maqsetińdi sol qus orınlaydı — dedi.

Meytin sol kúni azıq-awqatların tayınlap, kelesi kúni azanda jolǵa rawana boladı. Neshe kóllerden ótip, otız úsh kún tamam jol júrip, úlken tegislik maydanlıqqa shıǵadı. Bul maydanlıqta bes kún jol júrip, bayaǵı Gúlziba aytqan bayterekke jetedi... Bayterektiń bılayıraq tusında ózin panalap tursa, bir máháli jer jáhándi demine tartqan qara áydarha kelip bayterekke órmeley baslaydı. Bayterekke adam boyı shelli órmelegen waqıtta Meytin juwırap barıp óziniń qolındaǵı qılıshı menen áydarhanı shawıp qaq bóledi. Bul awhaldı súymurıq qustıń balaları uyalarında jatıp kórip turadı. Bir máhálde birden dawıl kóterilip dawılǵa aralas jawın da jawadı. Meytin bir nárseden qáwiplengendey bolıp, barıp ózin panaǵa tartadı. Sóytip bul ne dawıl, bul ne jawın dep aspanǵa qarasa, bayterektiń usha basında aylanıp eki suymurıq qustıń ushıp júrgenin kóredi. Dawıl — qanatınıń páti, jawın — kóziniń jası eken.

Sonıń arasında suymurıq patsha tómenge kóz jiberip qarasa, Meytindi kóredi. Meytindi kórip, meniń balalarımdı hár jılı opat etip júrgen usı adamzat eken, bıyıl bul hiyle ete almay qalıptı, balalarım ele aman eken, tez bunıń hámelin qılayın dep jerge qonıp, jerden awırlığı bes batpan keletuğın tastı kóterip, hawağa ushıp Meytinniń ústine tastı taslamaqshı boldı. Sol waqıta Súymurıq qustıń balaları uyasında jatıp, atasına qıshqıradı. «Ol adamzat bizlerdi ólimnen aman alıp qaldı. Ol adamzatqa ziyan tiygizegórmeń» dep, balaları uyasında shırlay bergen soń. Súymurıq qus tastı jerge taslap, qaytıp kelip uyasına qonadı. Uyasına qonıp, bolğan awhaldı balalarınan sorap aladı. Sóytip, bayterektiń ushınan ushıp jerge túsip, Meytinniń qasına keledi.

— Adamzat, mında kelip meniń balalarımnıń ólimnen aman qalıwına sebepker bolıpsań. Álbette, seniń mında keliwińe bir maqsettiń bar shığar. Sen qanday tilegiń bolsa mennen tile. Men onı bárjay qılaman, — deydi súymurıq qus.

Meytin aytadı:

— Meniń sizden tilegim xannıń hámiri boyınsha, súymurıq quslardıń qanat párinen jay salıp tayınlawım kerek. Eger men onı orınlamasam ózim ólimdar, dúnya-malım, bala-shağam qaznalıq boladı. Mine usı máqsetimdi bárjay etseńiz mağan bolğanı — dedi.

Súymurıq qus aytadı, «seniń ushın bul maqsetińdi bárjay etemen», deydi. Sóytip, jer júzi súymurıq quslarıń jıynaydı, hár qaysısınıń qanat párlerinen alıp, onnan jay dúzettiredi. Jaydı sol kúni tamamlap, Meytindi hám pitken jaydı súymurıq quslarğa kótertip, xannıń sarayınıń aldına aparıp taslaydı. Xanğa barıp sálem beredi. Xan sálemin aladı. Xan Meytindi kórip, házi ushıp ketedi.

— Qayda boldıń, hámirimdi orınladıń ba, joq pa?! — dep dirildedi.

Meytin aytadı: — Siziń hámirińizdi orınladım. Súymurıq quslardıń qanat párinen bolǵan jaydı sarayıńızdıń aldına alıp kelip qoyıppan — deydi.

Xan wázirleri menen barıp qarasa, sarayınıń aldında párden bolǵan jaydı kóredi. Solmannan Meytinge juwap beredi.

Meytin aman-esen úyine keledi. Xan wázirleri menen Meytindi endi qalayınsha joq etiwdiń másláhátin jasaydı.

Wázirler aytadı, «endi biz basqa aqıl taba almay turmız, biraq sizge maqul tússe, onıń ilajın tawıp óltiriw kerek. Bul ushın siz taqsır oǵan aytsańız, arǵı dúnyaǵa barıp meniń ata-anamdı kórip kel. Olar beyishte shıǵar, meniń ata-anamnıń xabar alıp kelseń, dep onı órtep jiberiw kerek», deydi.

Wázirlerdiń tapqan aqılı xanǵa júdá maqul túsedi, dárhal bir wáziri qırq arba tomar, qırq arba sheńgel jıynatıp tayın etedi. Erteńine xan jasawıl jiberip Meytindi aldıradı. Oǵan aytadı:

— Sen barıp meniń beyishte júrgen ata-anamnan xabar alıp qayt! — deydi.

— Ájep bolǵay — dep Meytin turıp otıradı.

Sóytip, Meytin xanǵa wáde berip úyine keledi. Úyine kelip xan hámirin hayalı Gúlzibaǵa bayan etedi. Hayalı Gúlziba aytadı:

— Seni erteń azanda xan jıynatqan otınlar arasına qoyıp ot beredi. Sen onnan qorqpa. Sende bayaǵı suymurıq quslar patshasınıń bergen pári bar. Sol párdi qolıńa ot arasında alıp, otqa tutıp tutandır. Onıń párin otqa tútetseń súymurıq quslar patshası tútin arasınan kelip házir boladı. Sen onıń qanatına jabıs, seni ol alıp

keter. Uyasına alıp barar. Bul hádiyseni sen oğan aytarsań. Sağan rehimi kelip, túrli-túrli miywalar tawıp berer hám mında alıp kelip taslar. Seni tuwrı xannıń aldına bararsań. Atań-anań meni tezlik penen qaytardı. Men barsam atań beyishke kelgenine on jıl bolğan toyın beriwge tayarlanıp, endi toyğa shaqırmaqshı bolsa, kimdi jibererin bilmey otırğan eken. Meniń barıwım máttal, seni toyğa shaqırıp jiberdi. Mına miywalar ata-anańnıń sağan berip jibergen jemisleri dep, qolındağı miywalardı xanğa bererseń. Xan sennen qalay baraman dep sorasa, meni siz qalayınsha jibergen bolsańız, ózińiz de solay etip ketseńiz irkilmey tuwrı barasız, derseń. Áne onnan sońğısı bolsa tağı kórermiz, — deydi.

Meytin kelesi kúni azanda xannıń aldına baradı. Xan wázirleri menen barıp, bayağı jıynatqan seksen arba otınnıń ortasına Meytinde otırğızadı. Sóytip otınğa ot qoyadı. Ot alısıp tútini aspanğa shıqqan waqıtta, Meytin qolındağı súymurıq qustıń párin otqa tútetedi. Tútinniń arası menen súymurıq quslar házir boladı. Meytindi eńsesine mindirip alıp ushıp óziniń bayağı Meytin barıp qaytqan uyasına aparıp qonadı. Sonnan jerge túsip, Meytinnen bul waqıyanıń sebebin soraydı. Meytin aytadı:

— Bayağı meni jumsağan xan tağı da mağan hámir etti. Ol dúnyağa barıp, beyishte júrgen meniń ata-anamnan xabar alıp qayt dedi. Sóytip meni órtep óltirmek bolğannan keyin, men seniń bayağı bergen párińdi tútettim, — deydi.

— Ol xannıń kózine qan tolğan eken. Men sağan hártúrli miywalar tawıp bereyin, sen ol miywalardı xanğa alıp bararsań. Basqa jağın bolsa ózińniń hayalm Gúlziba sağan aytqan shığar, — dedi.

Sóytip, súymurıq quslar patshası Meytinge hár túrli miywalardan kóp etip jıynap beredi. Meytindi bir

súymurıq qusqa mindirip, eline aparıp taslatadı. Meytin hesh jerge irkilmesten, súymurıq quslardıń patshası bergen miywalardı arqalap, tuwrı xannıń aldına kiredi. Xanǵa sálem berip qushaqlasıp kórisedi. Alıp kelgen miywalardı xannıń aldına qoyadı. Xan bunı kórip, aqılı lal bolıp turǵanda Meytin aytadı:

— Xan háziretim, siz meni beyishke jiberdińiz. Barǵan adamnıń qaytıwına kózi qıymaytuǵın jer eken. Biraq, siziń ata-anańız meni tez qaytardı. Sebebi, siziń ata-anańızdıń beyishke barǵanına on jıl tolǵan eken. Anańız bolsa burınraq barǵan. Endi atańız beyishke barǵanına on jıl tolǵanına toy bermege házirlenip, seni toyǵa shaqırtıwǵa adam tappay otırǵan eken. Meniń barıwım máttal, seni toyǵa shaqırtıp jiberdi. Toy úsh kúnnen keyin baslanadı. Sol toyǵa balamız óziniń júdá jaqın-juwıqları menen qalmay kelegórsın dep ata-anań sálem ayttı — dedi.

Xan bul sózdi esitip, júdá shadıman boladı. Wázirlerin shaqırıp erteńnen qalmay atası menen anasınıń «beyishtegi» toyına ketetuǵınlıǵın aytadı. Meytin ákelip bergen miywalardı «beyishtiń jemisi» desip, mańlaylarına tiygizip bir túyirden úlesip jeydi. Dárhal bir wáziri seksen arba tomar, seksen arba jantaq, seksen arba sheńgel úydiredi. Erteńine xan kóshege sırnay-gernay sherttirip, bala-shaǵası, jaqın-juwıq adamları hám qırq wázirlerin ózi menen birge ertip barıp úyiwli turǵan eki júz qırq arba otınnıń ústine otırıp, ot bergizedi. Otındı órtewdiń juwapkerligi Meytinge tapsırılǵan eken.

Áne, Meytin qolına ayrı jabasın alıp, xandı, onıń bala-shaǵasın, jaqın juwıǵın hám qırq wázirin órtep kúlin kókke ushıradı.

Aradan bir hápte ótedi, on kún ótedi, qırıq kún ótedi xannan heshqanday xabar bolmaydı. «Xan ketse qırq kún kút» degendey, qırq kúni tolǵan soń, qalanıń jas ullıları jıynalıp másláhát qıladı. Másláhátinde, «dáwlet qustı ushırayıq, eger xanımız qaytıp keletuǵın bolsa heshkimge qonbas. Eger qaytıp kelmeytuǵın bolsa, dáwlet qusı birewdiń basına qonar, sol adam xan bolar» desedi.

Sonıń menen bir kúni xalayıq jıynalıp, burınǵı xannıń bir jaqını aq saqallı baba dáwlet qustı ushıradı. Dáwlet qusı kelip Meytinniń basına qonadı. Sóytip Meytin xan ornına xan bolıptı. «Hár kisige gór qazsa, ornına ózi túsedi» degen sol waqıtta da bar eken. Burınǵı xan óziniń basına jetip órtelip, kúli kókke ushıptı... Meytin óziniń xanlıǵı tusında, Gúlzibanıń atası menen de tabısıp, qatnasın, xanlıq ta maqset-muradına jetipti.

## XANSAYAT

Burınǵı ótken zamanda bir qaqpanshı kisi bolıptı. Atı Abdulla qaqpanshı degen eken. Bunıń qılatuǵın basqa óneri joq, tek qaqpan salıp, qaqpanǵa túskendi awqat etip kúnin keshiredi eken.

Kúnlerden kún ótip, hayalı ul tuwıptı. Balasınıń atın Sayat qoyıptı. Balası shaǵına jetpey-aq ákesi dúnyadan ótipti. Bala jetimlik penen kún keshirip júre beripti. Bir kúni bala anasına:

— Apa, meniń aǵam tiri waqtında qanday kásipti isleytuǵın edi? — dep soraptı. Sonda anası:

— Áy balam, ákeńniń kásibi qursın, ákeń ońǵan talap islegen joq, onı sorap ne qılasań, sen ele jassań, ne isleseń de qolıńnan keledi. Er jetip kamalǵa kelseń táwirirek talap penen shuǵıllanarsań — deydi... Balası

aytqanın tıńlamay, ákesiniń islegen talabın sorap qoymaydı. Aqırında anası ákesiniń qaqpanshı kásibinde ekenligin aytıptı, sol waqıtta balası:

— Apa, onday bolsa meni irikpe, mende ata kásibi menen shuǵıllanayın, maǵan atamnan qalǵan qaqpandı alıp ber, erteń qaqpan salıp, baxtımdı sınap kóreyin — depti. Anası balasınıń atasınan qalǵan eki qaqpandı ákelip balasınıń qolına beredi.

— Balam, talabıń oń bolsın. Anaw kóringen qoyımshılıqtıń kún batıs jaǵına bar. Sol jerdegi háwizge hár waqıt kiyik keletuǵın edi. Sol kiyiklerdiń jolına qaqpanıńdı qurıp qaytaǵoy — depti. Sayat qaqpandı arqalap, anası aytqan háwizge barıp, kiyiktiń jolına qaqpanın qurıp, ózi sol jerde bir búktiń astında jata beripti...

Ullı sáske waqtında bası altın, quyrıǵı gúmis bir kiyik shapqılap kelip, kelisi menen qaqpanǵa túsipti. Sayat juwırıp barıp, qaqpannan kiyikti jazdırıp, moynına belbewin taǵıp, úyine jetelep alıp kelipti. Bunı kórgen anası quwanıshı qoynına sıymay:

— Balam, bul kiyikti patshaǵa sawǵaǵa aparıp bereǵoy, patsha saǵan sıylıq berer egerde aldıńnan birew shıǵıp, kiyikti soray ǵoysa, hasla beriwshi bolma — dep tapsırıp jiberipti. Sayat kiyikti jeteklep patshaǵa alıp kiyatırsa aldınan patshanıń bas wáziri shıǵıptı.

— Áy bala, mına kiyigińdi maǵan sat? — dep soraptı... Sayat kiyikti patshaǵa aparatırǵanın aytıp, bermepti. Patshanıń wáziri úshke shekem soraptı. Bala sonda da bermepti. Balanıń bermeytuǵının bilgen wázir:

— Sen kiyigińdi bermeseń — berme, men seniń keynińde ólgenshe bolaman, — dep jónine kete beripti. Sayat kiyigin patshaǵa ákelip beripti. Patsha Sayattıń kiyigin alıp, oǵan kóp altın-zer berip, úyine qaytarıptı.

Bir kúni patsha bas wáziri menen bağın aralap júrse, bağda sekirip oynap júrgen bası altın, quyrığı gúmis kiyikti kórip wázirine qarap:

— Áy, wázirim, bul dúnyada bizdey hám patsha bar ma eken — depti.

— Taqsır sizdey patsha hár jerlerden tabıladı, — depti wázir. Patsha wázirine qáhári kelip, sonday baqbaqshada bası altın, quyrığı gúmis kiyigim bolsa, meniń qanday kemisim bar — dep nalıptı.

Taqsır patshahım, siziń bir kemshiligińiz, usı kiyiktiń jubayın tawıp alıwıńız kerek, — depti.

— Onı kim tabadı? — depti patsha.

— Bir tapsa usı kiyikti alıp kelgen Sayat tabadı. — depti. Patsha taxtına kelip otırıp, Sayatqa jasawıl jiberip quwdırıp alıptı.

— Bala, mınaw kiyiktiń jubayın tawıp alıp keliwiń kerek, eger tappasań ólimdar bolasań — dep qáhár etipti patsha. Sayat wayım shegip anasına kelipti, patshanıń buyrığın aytıptı. Sol waqıtta anası:

— Áy balam, sen hesh waqıtta uwayım shekpe, ol kiyik hesh waqıtta jalğız júrmeydi, keshegi kiyik uslağan jerińe bar da jáne qaqpan qur, sol jerden jubayın da uslap alarsań — dep aqıl beripti. Sayat bayağı háwizdiń boyına qaqpanın qurıptı. Tús waqtında bası altın, quyrığı gúmis kiyiktiń shapqılap kiyatırğanın kóripti. Kiyik háwizge jaqınlay bergende qaqpanğa túsipti. Bala kiyikti jeteklep patshağa alıp kiyatırsa, aldınan bayağı wáziri shığıp, kiyikti baladan tağı soraptı. Sayat kiyigin bermepti. Sol waqıtta wázir balağa, «men seniń keynińde ólgenshe bolaman» dep jáne de sert etip ketip qalıptı. Sayat kiyigin patshağa aparıp berip, jáne kóp sıylıqlar alıp úyine qaytıptı.

Bir kúni patsha bağın aralap júrip, eki kiyiktiń sekirip oynap júrgenin kórip, qasındağı wázirine:

— Bul dúnyada mağan teń keletuğın patsha bar ma eken? — Minekey bağımda eki altın baslı kiyik oynap júr! — depti. Sonda wáziri:

— Taqsır, patshahım, sizde jáne bir kemshilik bar, — depti.

— Aytıń, qanday kemshiligim bar? — depti patsha. Sonda wázir:

— Taqsır, endigi kemis — qırq suwınnıń shaqınan nawa soqtırsań, biyikligi qırq gez bolğan eki jaqqa eki qoshqardıń shaqınday etip altınnan puw berip isletseń, ishine sút quyıp, sol altın nawadan altın baslı kiyikler sút iship, oynap júrse, sonda siziń atıńız shığar edi, — depti. Sonda patsha:

— Bulardı kim tawıp ákeledi? — dep soraptı.

— Bul nárselerdi bir tapsa Sayat tawıp keledi — depti wáziri. Patsha sol jerde taxtına barıp otırıp, Sayattı alıp keliwge jasawılın jiberipti. Patsha Sayattı aldına aldırıp:

— Sen altın baslı kiyikti ákelip berdiń, endi usılardıń suw ishetuğın nawasın isletip beriwiń kerek, sol ushın sen qırq suwınnıń shaqınan altınnan puw bergizip nawa soqtırıp ákelip berseń! — dep ámir etedi. Bala tóbesine suw quyılğanday bolıp, patshanıń tapsırmasın anasına kelip aytıptı. Sol waqıtta anası: — Balam, sen qıynalma, ákeńniń tiri waqtında aytıp otıratuğının esitetuğın edim, usı jerden altı ayshılıq jolda qırq suwın bar, solardı usılay almay júrmen deytuğın edi. Sen erteń patshağa barıp, bir yarım jılğa máwlet al, qırq túye, qas sheber usta alıp, sol ákeńniń suwındı kórgen jerine bar, suwınlardıń suw ishetuğın jerine barıp, suwğa paxtalardı

batırıp qoya beriñler. Shóllep kelgen suwınlar kele suwǵa awzın basıp suw isher, suw ishkende paxtanı qosıp juta berer. Suwǵa qanǵannan keyin jutqan paxtaları tamaǵına tıǵılıp, dem bermey torsa-tors qular. Sol waqıtta sen shetinen shaqın kesip ala berersen. Áne sol jerde patshanıń nawasın pitkerip qaytarsań, — depti. Sayat patshaǵa barıp, anasınıń aytqan zatlarınıń hámmesin alıp, suwınǵa jol tartıptı.

Sayat sol júrsiten bir neshe kúnde suwınlardıń suw ishetuǵın jerine barıp jetipti. Bir tawdıń eteginde aǵıp turǵan bulaq bar eken, suwınlar sol bulaqtan suw ishedi eken. Sayat qırq túye paxtanı suwdıń betine jayıp, paxtanı suwǵa batırıp, ózleri sol jerde ańlıp jata beripti. Tús waqtı bolǵanda tillerin shıǵarıp shapqılasıp kiyatırǵan suwınlardı kórip, ańlıp otıra beripti. Suwınlar kele suwǵa awızların batırıptı. Bir waqıtta suwǵa qanıp shıqqan suwınlar bulaqtıń jaǵasında tapır-tupır etip qulay beripti. Solay etip, qırqıda qulap túsipti. Sayat qasındaǵı adamları menen suwınlardıń shaqın kesip alıp, patsha buyırǵan nawasın soǵıp jata beripti. Bir kúnleri nawanı pitkerip, túyelerge artıp, máwletli kúninde nawanı patshanıń baǵınıń ishine alıp kelipti. Patsha nawanıń pitkenin kórip, Sayatqa hám ustalarǵa tilla, sarpayların berip ruqsat etipti.

Bir kúni patsha baǵın aralap júrse, altınnan puw bergen nawadan sút iship sekirip júrgen kiyiklerin kórip, qasındaǵı wázirine:

— Kórdińiz be, altın kiyik mende bar, altın nawa mende bar.

Bunday sán-saltanat kimde bar! — depti. Sonda wáziri:

— Taqsır, maqtanbańız sizdey patsha hár jerlerden tabılar, — depti. Sol waqıtta patsha:

— Endi meniń qanday kemisim bar? — depti.

— Siziń bir kemisińiz bar? onı aldırsańız, dúnyada sizdey patsha bolmas edi, — depti wáziri.

— Ol qanday kemislik? — depti patsha wázirine. Sol waqıtta wáziri:

— Barsa kelmes degen jerde dáwperiniń elinde Bayshınar degen bar, onıń bir japırağı altınan, bir japırağı gúmisten, sonı alıp keltirseń altın kiyik, altın nawa, altın shınar — hámmesi bir-birine jarasıqlı bolar edi. Áne, onnan keyin sizde hesh qanday kemshilik bolmas — depti.

— Onı kim tabadı? — depti patsha. Sonda wáziri:

— Altın baslı kiyikti tapqan Sayat, altınnan puw bergen nawanı soqtırğan Sayat, al bunı tabatuğın Sayat — depti. Patsha taxtına otırıp, bir jasawılın jiberip Sayattı quwdırıp aldırıptı. Patsha Sayatqa:

— Barsa kelmes degen jerde Dáwperiniń jurtında Bayshınar degen bar. Bizge sonı alıp keleseń. Eger barmasań óziń ólimdar, malıń patshalıq boladı, — depti. Sayat ne qıların bilmey, moynı salbırap, patshanıń hámirin anasına aytıptı. Sol waqıtta anası:

— Áy balam, patsha zalım bolsa, ne sharań bar. Barmasań óltiredi, mal-múlkiń patshalıq boladı, táwekel barıp qayta ğoy. Erteń patshağa barıp jılqıdan, túyeden, maldan qırq bastan hám azıq-awqatlarıńdı al, seniń barar jolında hár qıylı jırtqısh haywanlar bar, seniń aldıńnan ash jolbarıslar shığıp, seni almaqshı bolar. Sol waqıtta qırq jılqıńdı soyıp, jolbarıslardıń aldına tasla. Góshke toyğan jolbarıslardıń patshası keynińnen jetip, murtınan julıp berer, sen sonı alıp kete ber — dep balasına ruqsat beripti. Sayat patshağa barıp, anasınıń aytqanlarınıń hámmesin alıp, eki jıl máwlet penen jolğa túsipti.

Jol júripti, jol júrse de mol júripti. Bir qansha ay jol júripti, bir toǵaylıqqa jetipti. Sol jerde aldılarınan kóp jolbarıslar shıǵıp, Sayatqa aybat shegipti. Sayat qırq jılqısın soyıp, jolbarıstıń aldına taslaptı. Jolbarıslar góshke máwlik bolıp qalıptı. Sayat irkilmey ketip baratırsa, qaragórim jerge barǵanda keyininen bir jolbarıs jetip, Sayatqa bir murtın, julıp beripti. Sayat murttı qaltasına salıp, sol júristen júrip taǵıbir toǵaylıqqa jetipti. Bul jerde ne túrli quslar Sayatqa bulıttay bolıp hújim jasap almaqshı bolıptı. Sayat bularǵa da qırq túyesin soyıp taslaptı. Quslar túye góshine úymelesip qalıptı. Sayat bul jerden de irkilmey kete beripti. Qaragórim jerge barǵanda keyninen bir suńqar ushıp kelip, «tarıqqanda kórsetken jaqsılıǵıń ushın mınanı al» degendey sayatqa bir párin usınıptı. Sayat párdi qaltasına salıp jolǵa túsip kete beripti.

Sayat neshe aylap jol júripti, jol júrse de mol júripti. Bir kúni ketip baratırsa, aldınan úlkenligi iyttey qanatlı qumırısqalar shıǵıp, Sayatqa jol bermepti. Sayat qalǵan malların qumırısqalarǵa soyıp taslaptı. Qumırısqalar mol góshke máwlik bolıp, qarnı toyıp qala beripti. Sayat bir jerlerge kelgende keynine qanatlı qumırısqalardıń basshısı jetip kelip, bul da bir murtın julıp beripti. Murttı qaltasına salıp Sayat irkilmesten júre beripti. Kóp jıllar júrip, bir neshe aydıń júzi bolǵanda bir qalaǵa jetipti. Qalanıń shetinde eki otaw tigiwli tur eken. Sayat sol otawdıń qasına barıp, atın baylap, táńir sálemin berip, ishke kiripti. Úyge kirse bir kempir ústine qara kiyim kiyip, matam tutıp, qayǵıda otırǵanın kóripti. Kempir Sayattı kórip, moynınan qushaqlap jılay berdi. Sayat kempirdiń bul qılǵan isine ań-tań bolıp, biraz waqıttan keyin moyının jazdırıp, kempirden sebebin soraptı.

— Mama men sağan túsinbey otırman, ústińe qara kiyipseń, matam tutıp qayğıda otırsań, bunıń sebebin aytıp beriń? — depti. Kempir óksigin basıp:

— Áy balam, mennen nesin soraysań, erjetken jalğız balamnıń ólgenine búgin qırq kún boldı. Sen esikten kirip kelgende balam tirilip kelgen shığar dep edim. Sen quddı balama usaysań. Balam, seniń atıń kim, qay sháhárden bolasań, ne xızmette júrseń? — dep kempir soray baslaptı. Sonda Sayat:

— Mama, men páleniy degen sháhárdiń balasıman, atım Sayat, meniń de óziń qusağan jalğız anam bar edi, patsha jamanlıq etip, elimnen shığısıp kiyatırman. Sol waqıtta kempir:

— Shırağım, Sayatjan, onday bolsa meniń balamnıń ornına bala bol, mına otaw balama tigilgen otaw edi, sen endi mal-múlikke iyelik et, qartayğan waqtımda meni qańğalatpa — dep kempir Sayatqa jalınıptı. Sayat kempirdiń belli balası bolıptı. Kempir erteńine ullı toy berip, Sayattan qolına jilik uslatıp, xalıqqa já①riya etipti.

Áne, Sayat kempirdiń balası bolıp júre beripti. Bir kúni ol sol dógerektiń balaları menen tanısıp, tap óziniń elindegidey bolıp, tatıw dos bolıp alıptı. Bir kúnleri awıldıń balaları menen sol sháhárdiń ishinde qıdırıp júrse, bir jerde on jigit, bir jerde on bes jigit shoq-shoq bolıp, sıbır-sıbır óz-ara másláhátlesip turğanın kóripti. Sayat qasındağı joldaslarınan másláháttiń deregin sorağan eken, joldaslarınıń birewi:

— Áy dostım, sen bunıń sırın sorama, bul seniń de, meniń de qolımnan keletuğın is emes, — dep aytıptı. Sayat hár jerde shoq-shoq bolıp turğan jigitlerge barıp, sorağan menen hesh qaysısı tis jarıp, hesh nárse aytpaydı.

Sayat bulardıń sırına túsinbey keshte úyine kelip, mamasınan soraptı. Sonda maması:

— Áy balam, sen meniń kózimniń agı menen qarasınday perzentim boldıń, saǵan aytpasam árman bolıp qalar, sen onıń jolına túse górme, balam, usı sháhárdiń patshasınıń bir periyzat qızı bar, sol qız erjetip, hár kim talaban, biraq patshanıń qoyǵan awır shárti bar, áne sol shártti orınlaǵan adam sol periyzatqa úylenedi. Eger shártti orınlamasa, barǵan jigit ólimdar boladı, — depti. Erjetken bala bul sózdi esitip, mamasınan qızdıń shártin soraptı. Maması patshanıń shártin aytıptı.

— Patshanıń birinshi shárti — úlken baqqı kópek iyti bar, sol kópek iytti jeńgen jigit qızdı aladı. Ekinshi shárti — patshanıń ushqır qusı bar, úsh kúnlik joldan qus ushırısadı. Úshinshi shárti qırq batpan tarını bir aqshamda sepsitpek, sógin bir jaqqa, kepegin bir jaqqa ayırıw kerek — deydi. Bunı esitken Sayat:

— Mama, hasla qısınbań, bul shártlerdiń hámmesin men orınlayman, — depti. Mama, Sayattıń bul sózin esitip jılap qoya beripti. Sonda Sayat mamasın jubatıp:

— Mama, sen jılama, men patshanıń qızın saǵan kelin etip ákelip, xızmetińde qoyaman. Onnan maǵan bir basshı jigit tawıp ber, patshaǵa barıp kún kesesip qaytaman, — depti. Sayattıń maması basshı tawıp beripti. Sayat patshaǵa barıp, patshadan ruqsat alıp, úyine qaytıptı. Patsha qalaǵa jar urǵızıptı. Kimde-kim tamashagóy bolsa erteń usı qalanıń patshasınıń qızına talaban bir jesir kempirdiń balası Sayattıń oyını boladı — dep jar urdırıptı... Sayat kún batqannan keyin bayaǵı jolbarıstıń murtın otqa tutatıptı. Sol waqıtta jolbarıs «dostım, basıńa qanday is túsip qaldı?» — dep jetip

kelipti. Sonda Sayat: «Maǵan túri kópek iytke usaǵan qarıwlı bir jolbarısıńdı jiber, usı qalanıń patshasınıń iyti menen talastırıwǵa kerek bolıp tur» — depti. Jolbarıs sol jerde keynine qaytıp, ishinen awzı dorbaday, iytten ayırıp bolmaytuǵın bir jolbarıstı jiberipti. Jolbarıs Sayatqa kelipti. Sayat moynına belbewin taǵıp, jolbarısın úyine ákelipti. Bunı kórgen Sayatttıń maması qorıqqanınan shalqasına taslap:

— Balam, sen kelgende bunday iytiń joq edi, sen bunı qaydan taptıń? — depti.

— Áy mama, mende ne joq deyseń, bári de bar, — dep Sayat dárriw bir qoydı soyıp, jolbarıstı toydırıp, tańnıń atıwın kútip jata beripti. Erteńine tań atıp, patshanıń múddetli waqtında Sayat óziniń jora-joldasları menen patshanıń aldına barıptı. Patsha jıynalǵan xalıqqa birinshi shárttiń bolatuǵının daǵazalaptı. Patsha eki jaqqa pashshaptı qoyıp, óziniń kópek iytin ortaǵa shıǵarıptı. Jıynalǵan xalıq Sayattıń jolbarıs kópegin kórip, bunday da kópek bola ma eken, ayyaqları jup-juwan, sabalaq, dep ań-tań qalıptı. Sol waqıtta patshanıń baqqıda turǵan iyti kele jolbarısqa awız salıptı. Jolbarıs qayrıla berip, kópektiń jelkesinen tislep, patsha otırǵan taxtıń ústine ılaqtırıp jiberipti. Patsha birinshi shártinen utılǵanın xalıqqa daǵazalap, endi erteń qus ushırıw shártine mirát qılıptı...

Sayat birinshi shártin orınlap, más bolıp, endi ekinshi shártine tayarlıq kóripti. Kún batıp, qarańǵı túsken waqıtta úyinen awlaq jerge shıǵıp, qaltasındaǵı qustıń qanatın otqa kúydiripti. Sol waqıtta qustıń patshası «qanday jumısıń bar dostım?» — dep ushıp keipti.

— Jumısım mınaw, maǵan quslarınıń eń ushqır, suńqarınan birewin jibererseń, erteń patshanıń qusı

menen ushırasatuǵın shártim bar, — depti. Patsha qus sol jerden keynine qaytıp, barlıq qusların jıynap, ishinen eń ushqır bir suńqarın jiberipti. Sayat suńqardı góshke toydırıp, bir tún qálpelik qılıp, túni menen tayarlanıptı. Erteńine jigitleri menen patshanıń belgilegen waqtına jetip barıptı. Patsha xalıqqa belgilep, Sayattan bir jasawıl, ózinen bir jasawıl alıp, úsh kúnlik joldan qus jarıstırıwǵa jiberipti. Bunday hám sayattıń suńqarı patshanıń ekinshi shártin de orınlaptı. Endi patsha Sayatqa úshinshi shártin aytıptı.

— Men saǵan qırq batpan tarı ólshep beremen, usı aqsham bir óziń qırq batpan tarını sók etip ákelip bereseń — deydi...Sayat tarını ólshep alıp, úyine alıp keledi... Imırt úyirilip, el jatqan soń qaltasındaǵı qumırsqanıń murtın kúydiripti. Qumırsqanıń basshısı «Dostım qanday xızmetiń bar?» — dep jetip keldi. Sonda Sayat «xızmet mınaw — patshadan qırq batpan tarı aldım. Sonı usı aqsham sepsitpey sók etip beriwim kerek, sol ushın maǵan qumırsqalarıńnan járdem bereseń» — depti. Qumırsqanıń bashısı sol jerde keynine qaytıp, barlıq qumırsqaların jıynap, Sayat turǵan jerge barıwǵa hámir etipti. Sayat kelgen qumırsqalarǵa mına tarınıń birewin de sepsitpey, sógin bir jerge, kepegin bir jerge jıynaysız depti. Qumırsqalar tarıǵa tiyisipti. Qumırsqalardıń kópligi sonday, bulardıń hár qaysısına bir tarıdan da jetpey qalıptı. Qumırısqalar kózdi ashıp-jumǵansha qırq batpan tarını sók etip beripti. Sayat qumırısqalarǵa ruqsat berip, ózi tań atqansha sóktiń basında qarawıl bolıptı. Tań azanda patshadan jasawıl kelip, qarasa, qırq batpan tarı sók bolıp tayınlanǵanına hayran qalısıp, sókti ólshep alıptı. Áne, Sayat patshanıń úshinshi shártin de orınlaptı.

Patsha úsh shártiniń de orınlanǵanın kórip, xalqın jıynap, ullı toydı baslap, toy tarqaǵannan keyin qızınıń haq nekesin qıydırıp, Sayatqa beripti. Áne, Sayat patshanıń qızın úy-úskenesi menen mamasınıń úyine alıp kelip, sol jerde waqtı xosh bolıp jasay beripti.

Sayat bir kúni patsha qızı menen waqtı xoshlıq qılıp otırsa, yadına óziniń anası túisip, ǵárip anamnıń qanday kúni keship otırǵan eken dep anasın oylap qapa bolıp otırǵanın sezgen hayalı Sayattan sebebin soraptı. Sonda Sayat:

— Men hesh kimnen qapa shegip otırǵanım joq. Sennen de kewlim qalǵan joq. Men bir jumıs penen elden shıǵıp edim, elimizdiń patshası maǵan jamanlıq etip, Barsa kelmestegi bir japıraǵı altınnan, bir japıraǵı gúmisten Bayshınardı alıp keleseń dep jumsap jiberip edi. Elden shıqqanıma da biraz waqıt boldı. Elde jalǵız anam da qaldı. Solardı oylap, qapa bolıp otırman... — depti. Sol waqıtta Sayattıń hayalı bul gáplerdi esitip, bir duwanı oqıǵan eken, aldına sıqılsız bir dáw «qanday xızmetiń bar, xızmetińde tayarman» — dep jetip kelipti. Sayattıń hayalı Sayattan:

— Múdettli kúnińe neshe kún qaldı? — depti.

—Qırq kún qaldı, — depti Sayat. Sol waqıtta hayalı dáwge qarap:

— Seniń jurtıńda Bayshınar bar, sol shınardı qırq kún toldı degen aqshamda alıp kelip, mına kempirdiń otawın, hám biziń otawdı jatqan uyqımızdı buzbay kóteréseń, Bayshınardı Sayattıń patshasınıń baǵındaǵı altın nawanıń qasına ornatasań... Al mına mamanıń otawın Sayattıń anasınıń oń jaǵına, al biziń otawdı eki kempirdiń otawınıń ortasına aparıp qondırasań, — depti. Dáw sol zamatta kózden ǵayıp bolıp ketip qalıptı. Áne, sonnan keyin Sayattıń hayalı:

— Endi sen hesh nárseden wayım shekpe, qırqınshı kúni degende seniń elińde bolamız. — dep kewlin jubatıptı.

Aradan qırq kún ótti. Sol aqshamı dáw Bayshınardı, otawdı hám mal-halın kóterip, hár qaysısın orınlı-ornına aparıp tigipti.

Azanda Sayattı jumsap jibergen patshanıń bas wáziri dalaǵa shıǵıp tursa, baǵdıń ishinde jaltıraǵan bir nárseni kórip, juwırıp patshaǵa kelipti.

— Taqsır patshahım, láshkerlerdi jıynay góriń, siziń baǵıńızdı búgin aqsham jaw kelip ornalasıp alıptı. Jarqıraǵan nayza esap-sanı joq, — depti. Qorıqqanınan patshanıń janı alqımǵa kelip, baǵına qarasa, wázir aytqanınday. Patsha ne de bolsa bir jasawıldı jibereyik — dep bir adamı baǵqa barsa, jaw da joq, dáw de joq, bir japıraǵı altınnan, bir japıraǵı gúmistten bir ájayıp terektiń turǵanın kóripti. Jasawıl patshaǵa kelip kórgenlerin aytıptı.

Al endi Sayattıń bir qońsı kempiri azanda dalaǵa shıqsa, eki otawdıń tigiwli torǵanın kóredi. Ortadaǵı otawdıń shańaraǵı altınnan, bosaǵısı gúmisten, tań qalarlıq, kempir ań-tań qalıp, ońım ba, túsim be dep, kózin uwqalap, qayta-qayta qaray beripti. Kempir áste aqırın ayaǵın basıp, ortadaǵı otawdıń esigin kóterip qarasa, Sayattıń bir periyzat qız benen otırǵanın kóripti. Dárriw juwırıp Sayattıń anasınan súyinshi soraptı. Sayattıń anası balasınıń aman kelgenine waqtı xosh bolıp, balasın bir súyip, kelinin bir súyip waqtı sháddem bolıptı.

Sayat erteńine patshaǵa barıp, amanatın alıp kelgenligin xabarlaptı. Bir kúnleri patsha wáziri menen baǵdı aralap júrip, altın baslı kiyik, altın nawa, altın-gúmis japıraqlı shınarǵa kózi túsip, más bolıp, wázirine:

— Áy wázir, endi mendey patsha bar ma? eken? — depti. Sonda wázir:

— Patshahım, endi sizde kemislik joq, endigi bir kemislik seniń usınday dáwletińde sol bağınnıń ishinde altın baslı áydarha bolıwı kerek. Áne, usını aldırsaq seni bul dúnyada jaw alalmaydı, — deydi.

— Bul áydarha qayda boladı, onı kim alıp keledi? — deydi patsha wázirine.

— Altın baslı áydarha Góyiqap tawında boladı. Onı Sayat tawıp keledi, — deydi. Patsha taxtına otırıp, jasawılın jiberip, Sayattı quwdırıp alıptı.

— Sağan úlken bir tapsırma bar, Góyiqap tawında altın baslı áydarha bar, sonı bizge alıp keliń. Sağan jeti ay máwlet beremen, — deydi. Jigit bul iske qapa bolıp, patshanıń buyrığın hayalına aytıptı. Sonda hayalı:

— Sen hasla qapa bolma, sen altın baslı áydarhağa barıp barlıq bolğan isti birim-birim aytıp bergeyseń... Ol sağan sol jumsağan patshanıń ózi wázirleri menen kelip meni alıp ketsin der. Bunnan keyin mında kelip patsha hám onıń wázirlerin altın baslı áydarhağa alıp bararsań. Sol waqıtta áydarhağa olardı bir kúni miyman etip patshanıń eline keler. Al onnan sońğı jağın qaytıp kelgennen keyin kórerseń — dep Sayatqandı jolğa shığarıp salıp haq jol tilep qala beripti. Sayat Góyiqan tawındağı altın baslı áydarhanı izlep tawıp alıptı da, basınan ótken barlıq waqıyalardı birim-birim aytıp beripti. Altın baslı áydarha Sayattıń sózin esitip bolğannan keyin:

— Sen qıynalmasań seni bizge jumsağan patshańızdı hám wázirlerin biziń elimizge alıp keliń — dep eline qaytarıptı. Sayat eline kelip kórgen-bilgenlerin patshağa aytıp beripti. Patsha altın baslı áydarhanıń eline barıw ushın wázirlerini jıynap jolğa rawana bolıptı. Bular

menen Sayat ta birge barıptı. Altın baslı áydarha bulardı bir kún miyman etipti.

Erteńine tań atıp altın baslı áydarha patshaǵa qarap:

— Men seniń elińe barıwım ushın bir shártim bar, sol shártimdi orınlawǵa ruqsat etseń baraman, al eger orınlamasań barmayman. Ol shártimdi elińe barǵan soń aytaman — deydi. Patsha orınlawǵa wáde etipti.

Sonıń menen patsha altın baslı áydarhanıń eline alıp kelip áydarhanıń shártin soraptı.

— Meniń shártim — men jamanlıqqa jaqın júretuǵınlardıń jer basıp jasamawın jaqsı kóremen, al hadal miynet etkenniń bay dáwletli bolıwın jaqsı kóremen. Meniń shártim seni hám seniń wázirlerińdi jutıp, elińe Sayattı xan etip qoyaman, — dep áydarha patsha menen wázirlerin jutıp, ornına Sayattı xan kóteripti. Al altın baslı áydarha Sayattıń elin jawdan qorǵap murat-maqsetlerine jetipti.

## TAZABAY PATSHA

Burınǵı ótken zamanda bir kámbaǵal balıqshı bolıptı. Onıń tek ǵana jalǵız balası bolıptı. Ol adamnıń talabı dáryaǵa kershi salıp, mezgiline úsh shabaq uslaydı eken. Bir kúni ǵarrı awırıp qalıp, balası kershini alıp, atasınıń ornına aw salmaǵa ketipti. Bala túni menen kershi salıp, azanda alǵan balıqların alıp qaytayın dep atırǵanda, dáryanıń jaǵası menen bir kók bóri awzına tislegen bir zatı bar, jortıp kiyatırǵanın kóripti. Bala úndemey otıra beripti. Bóri tusına kele bergende bala táp bergen eken, bári awzındaǵısın taslay sala qasha jónelipti. Barıp kórse, jipek oramalǵa oralǵan jas bala eken. Jigit balanı qundaǵı menen alıp, ústine óziniń

kiyimlerin jawıp, ózi awlaǵan balıqların jıynay beripti. Sol waqıtta sawıt-saymanı, qolında jaw-jaraǵı bar bir atlı adam jetip kelipti. Kele atın irkip, balaǵa:

— Áy jigit, bul jerden bala tislegen bóri ótti me? — dep soraptı. Jigit «awa» dep juwap beripti. Kiyatırǵan adamlar bóriniń xabarın esitip, shapqılap ketip bartırǵanda balıqshı jigit atlılardıń keyninen «izlep baratırǵan balańız mında», — dep baqırıptı. Atlılar quwanısıp, jigittiń janına kelip, balanı alıp, jigitke «siz azamat jigit ekensiz, bul bala biziń patshamızdıń balası edi. Patshanıń hayalı jılda ul tuwadı, tuwǵan balasın tuwǵanday bóri alıp ketetuǵın edi. Patsha hayalı tuwar waqıtta bir neshe qarawıl qoyǵan edi, biraq qolayın tawıp búgin de sol balanı alıp ketipti. Al patsha bolsa qoyǵan qarawıllarıń darǵazap etip, qamap qoyıptı. Bizler sol bóriniń keyninen quwıp kiyatırǵan adamlar edik. Sen bolsa sol adamlardıń ólmewine sebepker boldıń. Al endi sen erteń anaw kóringen tawdıń eteginde patshanıń atshabar oyını boladı. Sen soǵan bar, men erteń aldıńa shıǵıp kútip alaman hám seni patshaǵa tanıstıraman, al patsha bolsa saǵan balanıń balasına jetetuǵın dúnya beredi» deydi.

Atlılar balanı alıp kete bersin, jigit balıqların jıynap úyine aparıp taslap, erteńine azanda atlılardıń aytqan tawınıń basına shıǵıp, tawdıń etegine qarasa, kóp-kómbek temirge oranǵan atlılardı kórip, barmaǵa qorqıp keyin qaytıptı. Biraq patsha balanıń jolına qarawıl qoyǵan eken, qarawıl jigittiń qaytqanın kórip keynine at penen quwıp jetipti:

— Áy jigit, sen ne sebep keynińe qaytıp baratırsań? — depti.

Jigit óziniń — qorqıp baratırǵanın aytıptı. Sol jerde balanı uslap alıp, adamlardıń ılaq oynap atırǵan jerine

alıp barıptı. Bul patsha perilerdiń patshası eken. Patsha jigitti kóp kún miyman etip, jigit bir kúnleri patshadan qaytıwǵa ruqsat soraptı. Sol waqıtta patsha jigitke:

— Sen de meniń bir perzentimseń, sen joq bolǵan jerińen balamdı bóri awzınan alıp qaldıń, sol ushın saǵan óziń ólgenshe rısqı bolǵanday zat beremen, qáne qanday zat qáleyseń? — dep soraydı, patsha. Jigit ne soraırın bilmey, kóp irkilip qalıptı. Patsha jigittiń qısılıp turǵanın bilip, «áy balam, sen hesh zattıń atın ayta almadıń» — dep bir qalta, bir shapan, bir tas beripti. Mınaw qalta bolsa kóz qalta degen, ishine qum salıp, «tilla bol» deseń, tilla boladı. Al mına shapandı kiyseń, hesh adamǵa kórinbeyseń. Al mına tasqa qálegen jawıńdı qır dep aytsań boldı, «bárin qırıp keledi», — dep patsha sıylıqların jigittiń qolına beripti. Jigit patshanıń bergen sıylıqların alıp, úyine qaytıp kiyatırıp, patsha maǵan áytewir bir zatlardı berdi me, bolmasa, sol aytqanday káramatlı ma eken dep, qaltanı sınaw ushın ishine bir qos uwıs qumdı salıp «tilla bol» degen eken, bir qos uwıs tilla bolıptı. Bala quwanıp, tillanı qaltasına salıp, úyine jaqınlay bergende, shapandı ústine kiyip, atasına assalawma-áleykwm dep kirip barǵan eken, ata-anası jalt qarasa hesh kimdi kórmeydi. Ata-anası «úyge birew keldi» dep ján-jaǵına qarasa, hesh kimdi taba almaydı. Jigit shapanda da káramatıń barın bilip, shapandı sheship, ata-anasına alǵan sıylıqların bayan etipti.

Áne jigit az kúnniń ishinde otaw tigip, qurǵın xojalıqqa aynalıptı. Atasınıń kershi salatuǵın dáryanıń jaǵasına qonıs basıp, qasına ash-jalańash adamlardı jıynap, olarǵa gúmis, tilla berip, az waqıttıń ishinde bir úlken el bolıptı. Balanıń xabarın esitken elatlar kóship kelip, bul jer úlken bir patshalıq bolıptı. Áne, sol elge bala patsha

bolıptı. Endi bul patshanıń atı Tazabay patsha bolıp dańqı elge jayılıptı.

Tazabay patsha sol jerde hasıl-gáwhar taslardan júdá sulıw etip qala saldırıp, sırtınan dárwazalı qorǵan júrgizipti. Áne, ótken-ketken kárwanlardan jolsorasa, Tazabay patshanıń elinen kiyatırmız degen xabar kóbeyip kete beripti. Bul xabar basqa bir patshaǵa jetip, patsha hayran qalıp, ol aytqan patsha qay jerde, men usı jasıma deyin onday patsham esitken joq edim, dep soray baslaptı. Sonda adamlar: «bir dáryanıń boyında Tazabay degen patsha bar, ol burın jalǵız úyli otırǵan bir balıqshınıń balası eken, ol ózi atı shıqqan saqıy patsha qusaydı».

Atı joqqa at, ógizi joqqa ógiz, iship-jewine tilla berip, tez arada ústine el jıynap, gáwhardan oydırıp qala saldırıptı — deydi. Bunı esitken patshanıń qáhári kelip, sol patshalıqtı jawlap qaytıwǵa qıyalı ketipti. Sol waqıtta patshanıń bir wáziri «biz topa-torıstan jaw bolıp barsaq kelispes, áweli elshi jiberip bildireyik» depti. Sonda patsha «olay bolmasın» biz qırq atlı bolıp, úyine qonaqqa barayıq, biziń qol astımızdaǵı el ózimizdiki boladı, qonaqtan qaytıp kelip, Tazabay patshanı qonaqqa shaqırayıq, áne, sol jerde Tazabaydı óltirip, elin qosıp alayıq — deydi. Patshanıń bul sózi hámmesine maqul túsipti.

Patsha wázir, qusbegi, meterleri menen Tazabay patshanıń úyine qonaqqa ketipti. Tazabay patshanıń eline barsa, adamnıń aqlına uǵras kelmestey etip, dáryaǵa kópir salǵanın kóripti. Patsha Tazabay patshanıń úyinde qonaqta bolıp, óz patshalıǵına kelgennen keyin adam jiberip Tazabaydı qonaqqa shaqırıptı. Tazabay patsha da qırq jigitin jıynap, patshaǵa qonaqqa barıptı. Patsha

qarsı alıp, miyman etipti. Kún batıptı, Tazabay patsha óziniń joldaslarına qarap:

— Sizler meni joyıtpań, men mına patshanıń ústine barıp, áńgimelesip qaytayın — dep joldaslarınan ruqsat alıp, maydanǵa shıǵıp, ústine shapanın kiyip, patshanıń otırǵan jayına kiripti. Bunıń barǵanınan patshanıń hesh xabarı bolmaydı. Patsha awqatlanıp bolıp, esiktegi pashshabın shaqırıp «sen esikke bekkem bol, Tazabay patshanıń jansızı kelip, biziń sırımızdı esitpesin» — dep qattı tapsırıptı, qasındaǵı aqılgóyleri menen oylasıqqa kirisedi. Patsha sóziniń ishinde «Bul Tazabayda jasırın sır bar shıǵar, men bolsam neshshe jıllıq patshaman, meniń sarayım onıń mal qorasınday joq, Tazabaydı maqtadıń dep kárwanlardı biykarǵa qamatqan ekenmen, ózim kóz menen kórip inandım. Endi qolǵa túsip turǵan adamdı aman jibermeyik. Bulardı óltireyik», — dep kelisimge kelipti. Bul sóz hámmege de maqul bolıptı. Sol waqıtta Tazabay patsha bulardıń jasırın sırların esitip, taban astınan shıǵa keledi de:

— Áy miyi ketken patsha, sen óziń basıńdı jalmayın dep turıpsań, sen maǵan jamanlıq etseń, seni turǵan jerińde jerge juttıraman, eger buǵan isenbeseń házir káramatımdı kórsetemen, — dep qaltasınan tilsim tasın alıp, patshanıń dárwazasına ılaqtırıp jibergen eken, patshanıń dárwazasın kók ala jalın alıp ketipti. Sol waqıtta patsha qorıqqanınan buǵıp jata qalıptı. Tazabay patsha patshanı turǵızıp, «eger sen maǵan jamanlıq etseń, turǵan jerińde joq etip jiberemen, sen onnan maǵan qolıńdaǵı qızıńdı ber, men seniń qansha jawıń bolsa da járdem etemen» — dep úyden shıǵıp ketipti. Ózi kózi menen kórgen patsha bul islerge hayran qalıp qorıqqanınan qızın Tazabay patshaǵa bermekshi bolıptı.

Erteńine patsha ullı toydan keyin Tazabay patshaǵa uzatıp, haq pátiyasın berip shıǵarıp salıptı.

Áne, sol qalanıń bir bayınıń balası bar eken, sol baydıń balası Tazabay úylengen patshanıń qızına ashıq eken, qızdı Tazabay patshanıń alıp ketkenin esitip, qolına xat jazıp berip, bir kánizekti jiberipti. Xatta bılay dep jazǵan eken, «Áy, súyikli ashıǵım, sen meniń ómrimniń ishindegi eń qádirli joldasım ediń, eger kewliń mende bolsa sol Tazabay patshanıń jasırın sırı bar shıǵar, sen sol sırdı sorap bilseń, ekewmizdiń qosılıwımız ańsat boladı» — depti. Bir kúni Tazabay patshanıń háyalı hár túrli naz etip, bawırına kirip, «áy, súyikli patsham, sen atama bergen segiz qırlı shamshıraq tastı qaydan taptıń? — dep soraptı. Tazabay patsha kóp kúnge shekem sırın aytpaptı. Sol waqıtta patshanıń hayalı «seniń kewliń bólek eken» ullı patsha da qostarınan sır jasırama eken» dep hayalı teris qarap otıra ketipti.

Sol júriste aradan bir hápte ótipti. Tazabay patsha oylanıp, bunnan ońısıq bolmas, men hayalımdı qapa etip qoymayın, hayaldan qorqıp sır jasırǵan nadurıs bolar meniń ómirlik qostarım ǵoy — dep sırın ayta baslaptı. Tazabay patsha qolına kóz qaltasın alıp, mınaw kóz qalta degen, buǵan qum salıp «tilla bol» deseń, tilla boladı, ishine tas salıp «shamshıraq bol» deseń shamshıraq boladı, — dep kóz qaltanı tós qaltasına salıp qoyıptı. Bir kúni Tazabay patsha uyqılap atırǵanda hayalı kóz qaltasın hám shapanın urlap alıp, ákesiniń úyine ketipti. Áne, Tazabay patsha azanda oyansa, qasında hayalı joq qaltasındaǵı kóz qalta shapanı da joq, sol jerde otırıp qapa boladı.

Bir kúni Tazabay patsha bir tawdıń tóbesinde qapa bolıp otırsa, bayaǵı qaltanı bergen dáwperiniń patshası

kórinis beripti. Sol waqıtta dáwperi patshaǵa «áy balam, men saǵan hesh kimge sırıńdı aytpa dep qattı tapsırǵanım jáne, men endi saǵan... úsh alma bereyin hám mınaw perdeni bereyin. Eger sen perdeni jamılsań óziń oylaǵan basqa túrli adam bolasań. Sóytip patshanıń sarayı qasınan qolıńa úsh alma hám ayna, taraq alıp óte ber. Seniń qolıńdaǵı ayna, taraǵıńdı kórip, patshanıń qızı shaqırar. Sen sol waqıtta mına qolıńdaǵı almanı alıp qızdıń awzına tiygiz, sol waqıtta qızdıń tili baylanıp, qolı top bolıp qatıp qaladı. Áne, aradan bir jıl óter, mınaw perdeni jamılıp lipastı kiyip kelisken bir táwip bolıp, patshanıń úyine kel, patsha saǵan qızın emleter, sonda sen mına almanı qızǵa iyisket, qız kózin ashıp, tili sóylewge keler. Onnan keyin úshinshi almanı iyisket, qız barlıq keselinen ayıǵıp, ózine keler. Eger de usılardı aldırsań, ekinshi qaytıp saǵan kelmeymen, — dep dáwperi kózden ǵayıp bolıptı.

Bir kúni Tazabay patsha dáwperiniń aytqanlarınıń bárin islep, almaların qolına alıp, «ayna, taraq bar, almasań da qarap qal» dep patshanıń sarayınıń aldınan óte bergende patshanıń qızı «áy adam, almańdı, ayna, taraǵıńdı beri ákel» depti. Tazabay qızdıń qasına barıp almanı qızdıń awzına tiygizgen eken, qızdıń kózleri alarıp, tili baylanıp, ayaq-qolı top bolıptı. Bul xabar patshaǵa jetipti. Patsha qızınıń láń bolıp qalǵanına qapa bolıp, elinde táwip qoymay qaratıptı. Áne, aradan bir jıl ótkennen soń Tazabay patsha ústine táwip lipasın kiyip, kelisken bir táwip bolıp, patshaǵa barıptı.

— Taqsır, men bir káramatlı táwip edim, túsimde siziń qızıńızdıń qáste bolıp jatırǵanın kórip, sonı emlewge kiyatırman — depti.

Sol waqıtta patsha:

— Eger sen qızımdı jazsań, ózimniń patshalığımnan ne keregińdi ber deseń bereyin dep jalınıptı. Patsha qızına arnap bir úy tiktirip, táwipti qızınıń ústine aparıp emlewge ruqsat etipti. Patshada turıs barma, sol waqıtta hámme nárseni tayın etipti. Tazabay patsha qızdı emlep, qızdı óz qáddine keltirip, óziniń Tazabay patsha ekenligin tanıstırıptı. Sóytip, bayağı alıp ketken zatların qızğa taptırıp alıp, qızdı alıp qaytıp, haq nekesin qaytadan qıydırıp, murat-maqsetine jetipti.

## SÁLIMJAN

Burıngı ótken zamanda Súláyman degen baydıń Sálimjan degen balası boladı. Sálimjan jigit jasına tolıp, qız tańlaydı. Bir kúnleri Súláyman bay balasın shaqırıp alıp, mınaday násiyat aytıptı.

— Hayal alatuğın bolsań, úsh nárseni esińde tutqaysań. Birinshiden, bayınan ayrılğan hayaldı alma, ekinshiden, eki sóyletuğın qızdı alma, úshinshiden, úyinde otırıp hayal bolğandı alma, — deydi. Sálimjan qız tańlap júre beredi. Bir kúnleri bir qızdı qálep, atasına aytıp keledi. Súláyman bay dárriw quda túsip, kóp uzamay kelinin uzatıp ákeldi.

Súláyman bay qartayıp, óler shağına kelgende, kelinin shaqırıp alıp, barlıq dúnya-múlikiniń, turğan jayınıń giltin berip, usı múlikke sen iyelik eteseń, tarıqqanda awqat eterseń, dep balasınan jasırıp kómip qoyğan altınnıń turğan jerin de aytıptı. Kúnlerden kún ótip Súláyman bay dúnyadan qaytıptı. Áne, Sálimjan atasınan qalğan dúnya-múlikti satıstırıp jep jata beripti.

Bir kúnleri satatuğın hesh nárse qalmay, awqattan tarığa baslaptı. Sálimjannıń hayalınıń qız wağında júrgen

bir baydıń balası bar edi. Hayal Sálimjandı júz tilla qarız sorawǵa jibereyin, kóz kórgen jigit, meni esine alıp berse, berip jiberer degen hayalda oy payda boladı.

— Sálimjan, atamnan qalǵan dúnya-múlikti de satıstırıp jep boldıq. Endi bir jolı bar, mına jaqta pálenshe degen baydıń balası bar, ózi de saqıy deydi. Sen sonnan júz tilla sorap kel. Berse beredi eken, bermese seniń neń ketedi, — dedi. Sálimjan ilajsızdan sol baydıń balasına baradı.

— Dostım, men Súláyman degen ózińdey baydıń balası edim. Atam ólip qalǵalı, dúnyanı da jep boldıq. Maǵan waqtınsha júz tilla berip tursańız qalay bolar eken? — dedi. Burınnan óziniń tanıs qızın alǵan jigit ekenin biletuǵın baydıń balası:

— Haw jora, júz tilla degen ne, kerek bolsa, onnan da kóp alıńız. Qarız bolsa bere jatarsań, — dedi. Sálimjan júz tillanı alıp kelip, hayalı menen ekewi awqat qılıp jata beredi. Bir kúnleri alǵan júz tillası da tawsılıp qaldı. Sálimjannıń hayalı jigitti baydıń balasına jiberip, jáne júz tilla aldıradı. Hayalı Sálimjanǵa bılay dedi:

— Biz bolsaq, baydıń balasınan eki júz tilla aldıq. Ol qashanǵa deyin bere bersin, onnan qayta onı usı aqshanıń barında úyge shaqırıp, tanısıp qal, ekinshi ret jáne alıwıńa jaqsı bolar. Sen úyge shaqırǵanda, barlıq ǵárejetimiz bar da, biraq araq-sharaptan kemispis degeyseń. Sonnan keyin ol usı jaǵın túsinip ózi alıp keler, — dedi. Sálimjan baydıń balasın úyine qonaqqa shaqırıwǵa ketedi.

— Dostım, men seni búgin úyge qonaqqa shaqırıp keldim, seniń menen ot basında otırıp tanısqım keledi. Biraq, barlıq ǵárejetimiz bolǵan menen araq-sharaptan uyatlıman, — dedi.

— Way-way jora, sen ol jağınan hesh qısınba, onı ózim alıp baraman, — dep Sálimjandı úyine qaytarıp jiberedi. Úyine kelip hayalına baydıń balasınıń qonaqqa keletuğının aytadı. Kesh bolğanda baydıń balası da kelip jetedi.

Sálimjan dalada xızmet qılıp júre bersin, sózdi Sálimjannıń hayalınıń mákkarlığınan esitiń. Hayal baydıń balasınıń moynınan qushaqlap:

— Men sağan qalay qosılıwdıń jolın tappay júr edim. Sálimjan bolsa mınaw júrisi, sizden de qarızdar boldı. Dúnya-múlikten bunda ayrıldı. Endi bir jolı bar: sennen alğan júz tillanı da jep bolamız. Onnan keyin Sálimjanğa aytaman, qayta-qayta qarız sorawğa bolmas, jaydı satayıq deymen. Jaydıń bahasın eliw tillağa kesersiz, sen mıń tillağa shekem zıyatın aytıp alğaysań. Onı da jep tawsarmız. Onnan keyi, bul bolmas, meni sat dermen. Meni de zıyatın aytıp mıń tillağa alarsań, al qalğanın sońaytaman. Ol ushın sen kópten beri araq ishpey júrgen Sálimjanğa kóbirek berip, más qılarsań, sonnan soń tań atqansha ekewmiz sóylesemiz, — dep hayal shığıp ketedi. Sálimjan bulardıń aytısqan sózlerin esitip, hayalınıń buzıq qıyalınıń bar ekenin biledi. Nede bolsa, búgin usılardı sınayın dep. Sálimjan kóyleginiń ishinen maldıń ashshı ishegin baylap alıp, qonaq penen birge tamaq jewge otıradı. Baydıń balası menen Sálimjan araq ishiwge kirisedi. Baydıń balası Sálimjanğa kóbirek quyıp berip otıradı. Bir waqıtları Sálimjan esi-túsin bilmegen adamday otırğan jerinde ózin-ózi taslaydı. Baydıń balası menen hayalı Sálimjandı jatqarıp taslap, zawqı-sapa súriwge kirisedi.

— Áne, jaydan bir ayrılıp, mennen jáne ayrılıp, basınıń awğan jağına ketedi. Ekinshi jağınan bizlerdiń

kóretuǵın paydamız atam ólerinde on mıń tilla qalǵan jaydıń giltin berip, turǵan jerin aytıp ketti, áne sonı da alamız, — dedi. Sálimjan bunı da esitedi. Bir waqıtları hayal baydıń balasın ertip, altın turǵan jayǵa kiredi. Sálimjan da bulardıń izinen qosa kiredi. Olar qaytarda Sálimjan olardan burın kelip jatıp qaladı. Áne, Sálimjan altınnıń qayda turǵanın da kóredi.

Baydıń balası azanda xosh alliyar aytısıp qaytıp ketedi. Sálimjan hesh nárse bilmegen adamday baydıń balasınan alǵan júz tillasın jep jata beredi. Bir kúnleri alǵan júz tillanı da jep boladı.

Endi bolsa bul júz tillanı da jep boldıq. Baydıń balası jáne barǵanıń menen bermes, onnanda jaydı eliw tillaǵa kelse satsań qaytedi? — deydi hayalı. Sálimjan oylanıp:

— Satsaq satayıq, ol aytqanıń júdá maqul, — deydi. Sálimjan jayınıń satılatuǵının ótken-ketkenlerge xabarlap, sawdalawshılar kóbeye beredi. Qullası, bayaǵı baydıń balası jaydı mıń tillaǵa aladı. Sálimjan baydıń balasına:

— Sen bolsań jaydı aldıń, jay seniki boldı. Endi mınanday shárt bar, qırq kúnge shekem jaydıń mańayına kelmeyseń, qırq kúnnen keyin jayıńdı alasań, soǵan deyin biziki, — deydi.

— Ol jaǵınan qıstańbań, bir jılǵa deyin de otıra beriń, — dedi baydıń balası. Bir kúnleri Sálimjan hayalınıń kelisimi menen hayalın da satpaqshı boladı, qullası bunı da baydıń balası mıń tillaǵa aladı. Sálimjan baydıń balası menen shárt jazısıp:

— Eger qırq kúnge shekem meniń úyime kelseń, yamasa jayımnıń qasınan júrip ótseń saǵan jay da, qatın da joq. Qırq kún pitkennen keyin jay menen hayal seniki boladı, — dep qazıǵa barıp shártlerin durıslatadı.

Sálimjan oy oylaydı, men bolsam jaydan da ayrıldım, hayaldan da ayrıldım, endi atamnan qalǵan on mıń tillanı qalay alıp keter ekenmen dep oylanıp otırǵanda, atasınıń bir dostı bar edi, sol esine túsedi. Nede bolsa sol adamǵa barayın, hal-jaǵdayımdı aytayın dep Sálimjan atasınıń dostına barıp, basınan ótken waqıyalardıń hámmesin birim-birim aytıp beredi. «Atań ólse de, atańdı kórgen ólmesin» degen sóz baredi, men Súláyman bay menen jaqsı yar-dos edim, bunıń balasın búytip qoymayın, kel, qızımdı berip, bir balam etip alayın degen oyǵa keledi. Bay kempirin shaqırıp alıp:

— Mınaw kelgen bala Súláyman degen baydıń balası edi, atası meniń eń jaqın yar-dosım edi, atası ólgennen keyin hayalı buzaqı jolǵa túsip xojalıǵın buzıptı, usı balaǵa qızımızdı berip, bir balamız qılıp alsaq, qalay kóreseń? — deydi. Kempiri maqul kóredi. Bay qızın Sálimjanǵa berip, toy-tamashasın tarqatıp, bir balası etip aladı. Bir kúni Sálimjan qayın atasına barıp:

— Ata, maǵan toqsan túye menen úsh qarıwıl jigit berseń, men bir jerge barıp qaytayın, — dedi. Biraq atası qansha sorasa da, Sálimjan anıǵın aytpadı. Atası tilegin qabıl etip, túye menen úsh jigitti tayın etti. Sálimjan toqsan túyeni jetegine alıp, úsh jigitti qasına ertip, bayaǵı óziniń jayına baradı. Sálimjan bir túnniń ishinde hayalınıń jasırıp qoyǵan, atasınan qalǵan dúnya-múlikti, on mıń altın tillanı toqsan túyege júkletip, qayın atasınıń úyine aparıp túsiredi.

Áne, bayaǵı baydıń balası qurı jay menen hayalǵa iyelik etip qala bersin, endigi sózdi Sálimjannan esitiń. Sálimjan atasınıń dostınıń qızın alıp jata beredi. Bir kúni Sálimjan atasına barıp:

— Meniń qurı jata bergenim jaramas, maǵan qırq túyege júk tawıp berseń sawda islep qaytar edim? —

dedi. Atası Sálimjandı qırq túye menen sawda islewge jibermekshi boladı.

— Balam, sen erteń jolǵa shıǵıp keterseń sonda bir neshe kún júrgennen keyin jol ayrıladı. Sen sol joldıń oń tárepindegi yamasa sol tárepindegi jol menen ketkiyseń, al ortańǵı jol menen ketiwshi bolma. Eger barǵanıń menen jaqsı iske ushıramaysań, — dep Sálimjandı jolǵa shıǵarıp saldı.

Sálimjan sol ketisten bir neshe kún jol júrip, bayaǵı atasınıń aytqan úsh ayırıq jolǵa bardı. Jigit sol jerde turıp oy oyladı, atam tuwrı jolǵa júrme dep edi, qanday jamanlıq is bar eken, nede bolsa kóreyin dep tuwrı jol menen kete beredi. Sálimjannıń kárwanı bir neshe kúnlep jol júrgennen keyin, úlken qalalıqqa ushırap, kárwan sarayǵa túsedi. Keshki tamaqların jep bolǵan waqıtta, sol eldiń patshasınan eki jasawıl kelip:

— Miymanlar, xosh kelipsiz. Biziń eldiń patshasınıń tártibi boyınsha kelgen kárwanlar biziń menen oyın oynasadı. Eger oynamasa ózi ólimdar, múlki talawda boladı. Oyınımızdıń túri mınanday: usı jerde kempir bar, ol kempirdiń pıshıǵı bar, kempir sol pıshıǵına túni menen tań atqansha shıra uslatıp qoyadı. Pıshıq shıranı qıymıldatpay uslap shıqsa, sizler barlıq túyelerińdi, dúnya-múlkińdi beresiz, eger pıshıq shıranı jerge túsire qoysa, sen kempirdiń qolındaǵı barlıq dúnya-múlkti utıp alasań. Áne, biziń oyınımızdıń túri usınday — dedi. Sálimjannıń atasınıń aytqan qáwipli jaǵdayı usı edi. Sálimjan tań atqansha pıshıq shıra uslap turalatuǵın ba edi, oynasam oynay qoyayın degen oyǵa ketti. Pıshıqtıń qolına shıranı uslatıp, tań atqansha hesh qaysısı uyqılamastan pıshıqqa qarap otıra beredi. Pıshıq shıranı túsirmesten alıp shıǵadı. Sálimjan oyınnan utılıp, barlıq dúnya-múlkinen qaǵılıp qaladı.

Sálimjan barlıq zatınan ayrılıp qalǵannan keyin elge barıwǵa beti shıdamay, basınıń awǵan jaǵına qaray kete beredi. Sálimjannıń joldasları eline jetkendey azıq-túlik alıp, bir-bir túyesin minip, bular eline qaytadı.

Áne, Sálimjan sol ketisten ketip, bir patshalıqqa baradı. Sol eldiń aspazına barıp, qol bala bolıp, jumısın islep júre bersin, endigi sózdi Sálimjannıń hayalınan esitiń.

Sálimjannıń hayalı bul xabardı esitip, neshshe kúnlerge shekem tıshqandı úyretip, atasınan kúyewin tawıp keliwge ruqsat soradı. Atası ruqsat etedi. Qız jigitshe kiyim kiyinip bir neshe kún jol júrip, bayaǵı kempirdiń kárwan sarayına barıp túsedi. Sol eldiń patshasınıń ádeti boyınsha eki jasawıl kelip, qızǵa kempirdiń pıshıq oyının aytadı.

Qız oynaymız deydi. Sonıń menen kempir shıranı pıshıqtıń qolına berip, pıshıǵına qarap otıra beredi.

Qız pıshıqqa, bir kempirge qarap otıra berdi. Bir waqıtları tań saz berip kiyatırǵanda, kempirdi uyqı basıp, qalǵıp ketti. Usı waqıtları qız qoynındaǵı tıshqanın jeńinen shıǵarıp jiberdi. Tıshqan pıshıqtıń aldınan jılt etip juwırıp ótedi. Pıshıq kórse de qozǵalmaydı. Kempir jáne qalǵıp ketkende, tıshqandı jáne jiberedi, onda da qozǵalmaydı. Úshinshi ret jibergende, pıshıq shıranı taslap jiberedi. Kempir qarasa, pıshıǵınıń shıranı jerge taslaǵanın kóredi.

Áne, kempir oyınnan utılıp, barlıq dúnya-múlkinen ayrılıp qaladı. Qız Sálimjannıń uttırǵan zatların utıp alıp kárwan saraydan júrip ketedi. Bir neshe sháhárlerge barıp, Sálimjandı hesh jerden taba almaydı. Bir sháhárge barıp, kárwan sarayda jatsa, bayaǵı kúyewi ústi-bası jupını kárwan sarayda jatqan adamlarǵa xızmet islep júrgenin kóredi. Sálimjan hayalın tanımaydı. Qız Sálimjandı shaqırıp alıp:

— Jigit, bul jerde ne talap qılasań? — dedi.

— Men usı sarayda jatqan adamlarǵa bazardan tamaq ákelip beremen, sóytip kúnletip júrgen adamnan, — deydi.

— Onday bolsa, bizge de tamaq ákelip ber, hár kúni qolında bir tilla altın beremen, al jaqsı xızmet isleseń, onnan da kóp beremen, — deydi. Jigit oylanıp turıp: — «haw, kúnine bir tilla altın berse, jaqsı islesem, onnan da kóp beremen dese, buǵan xızmet qılmay, kimge xızmet qılaman» dep, kúnde qızdıń xızmetinde júre beredi. Qız da buǵan ayamastan aqsha bere beredi. Sálimjan az kúnniń ishinde biraz aqsha taptı. Bir kúni qız oy oyladı: biziń elge júreseń be, dep aytsam, bul jerde ózimdi tanıtqan menen uyalıp barmas, dedi. Qız jigitti shaqırıp alıp:

— Jigit, biziń kóp zatlarımız bar edi, sol zatlarımızdı elge aparıssań qalay bolar edi: — dedi. Jigit maqul kórdi.

Qız túyelerine júklerin artıp. Sálimjandı bir xızmetkeri etip, eline qaytıwǵa jolǵa shıqtı. Bir neshe kún jol júrgennen keyin qız eline jaqınlaydı.

— Al sizler bara beriń, men sizlerdi kútip otırman, — dep elin siltep, qız ketip qaldı. Úyine barıp, ústindegi kiyimlerin sheship qız bolıp otıra beredi. Sálimjan kóp uzamay qızdıń siltegen sháhárine barıp, júklerin túsiredi. Sálimjan qarasa, bayaǵı jigit joq, hayalınıń ústinen shıǵadı. Sol jerde apaq-shapaq bolıp qosıladı. Sálimjan basınan ótken awhalların aytadı.

— Mına zatlar kimniń zatı? — deydi hayalı.

— Bul bir baydıń amanatı edi, ózim kelip alıp ketemen dep, mennen ozıp ketti, hesh kim tiyip júrmesin, — deydi. Qız Sálimjanǵa bul da basınan ótkenin aytıp, sol jigittiń ózi ekenin aytadı. Qız ne kórgenin, kimge

ushrasqanın hámmesin aytıp beredi. Sálimjan hayalınıń aldında qattı qısınıp, etken qáteligi ushın keshirim soraydı. Sálimjan sońǵı hayalınıń aqıllıǵı menen murat-máqsetine jetedi.

## QARA ATLÍ BALA

Burınǵı ótken zamanda bir ǵarrınıń bir balası bolıptı. Ol ózi batır, ózi palwan, qaytpas qara dáw boladı, jası jigirmaǵa keledi. Balanıń murnına jigitlik shamalı enip, óziniń boyına ılayıq yar izleydi. Hár jerlerge barıp ózine miyasar yar taba almaydı.

Áne, bir kúni bala uyqılap jatır edi, túsinde úsh qızı bar patshanı kóredi. Onıń eń kishkenesi kútá sulıw, kórgen jannıń es-aqılın alatuǵın bir periyzat eken. Bala oǵan ashıq bolıp mashaqatlanıp atırǵanda oyanıp ketedi. Oyansa túsi eken.

Áne, bul qız jatsa túsinen, oyansa oyınan shıqpaydı. Sonıń jolında japa shegip sarǵaydı, qapalıq penen qaraydı, aqıl-huwıshın alıp esten ayrıldı. Eń bolmaǵannan keyin bala ata-anasına kórgenlerin aytıp, tilek bildiredi.

— Men sol qızdı tappaǵan shelli kewlim qarar tabatuǵın emes, sizler maǵan ruqsat beriń, men sol qızdı izlep tawıp, baxtımdı sınayın, — dedi. Ata-anası baladan ayrılıp qalarmız dep qáwiplense de, balasınıń ashıqlıq dártinen japa shekkeninen sarǵayıp ketkenin kórip, haq pátiyasın berip, ruqsat etedi.

Bala ashıqlıq dártine túsip, japadan jalǵız jolǵa rawana boladı. Bir neshe kún jol júrip iyttiń murnı batpas toǵaylıqqa keledi. Bala harıp-sharshap dem alıp otırsa, toǵaydıń ortasında ıńırsıǵan jolbarıstıń sestin esitedi. Bul ne eken dep bala ayaǵın ańlap basıp jaqınlap qarasa,

ayağına jiydeniń shóńgesi kirip, júre almay azap shegip atırğan jolbarıstı kóredi. Bala jolbarıstı ayap, juwırıp qasına baradı da, ayaqların sıypap, uwqalap óldim azar degende ayağınan shóńgeni suwırıp aladı. Balanıń jolda jermen degen azğantay sarı mayı bar edi, kóyleginen jırtıp, jolbarıstıń ayağın tas qılıp orap taslaydı. Bir neshe kúnnen beri tınıshlıq kórmegen jolbarıs uyqılap tınısh taptı. Bala da sol jerde otırıp awqatlanıp dem aldı.

Jolbarıs uyqıdan oyansa, qasında bir adamnıń otırğanın kórip, onıń jaqsılıq etkenin bildi. Ol bılay dedi:

— Siz mağan jaqsılıq ettińiz, men siziń jaqsılığıńızdı umıtpayman, siz meniń jelkemnen bir qısım jalımdı kesip alıńız, tarıqqanıńda usınıń birewin tútetkeysiz, men tayın bolaman, meniń qolımnan keler jaqsılığım usı, — dedi de jolbarıs kózden ğayıp boldı.

Bala bunı túsi ekenin, ońı ekenin bilmey, ań-tań qalıp alğa qarap júrip kete beredi. Bir neshe kún jol júrip, aqırında júriwge halı kelmey, bir jerge barıp jığıladı. Usı jerde bayağı jolbarıstıń berip ketken bir qısım jalı yadına túsip, birewin tútetip edi, jolbarıs «ne jumısıń bar» dep tayın boldı.

— Mağan qarıw-jaraq, bir at, bir qus, bir tazı tayın qılıńız! — dedi. Jolbarıs hámmesin tayın etti. Bala attı minip jaw-jaraqtı iynine ilip, qustı qolına qondırıp, tazını ertip jolğa rawana boldı. Qus salıp, ań awlap izlegen qızdıń eline kelgenin de bilmey qaldı.

Bala atın toyındırıp, qusın jemlep jata berdi. Biraq qalağa kiriwdiń esabın tabalmadı. Áne, bala otırıp oy taptı.

«Qolımdağı qusımdı, astımdağı atımdı, qarıw-jaraqlarımdı joq qılmayın, taz kebine túsip qoyshı bolayın,

sóytip hámelin tawıp qalaǵa kireyin» — dedi. Sóytti de jolbarıstıń bir jalın alıp tútetip edi, jolbarıs tayın boldı.

— Ózimnen bir xabar bolmaǵansha usı attı, jaw-jaraǵımdı toǵayǵa aparıp, sırtınan qarawıllap júre ber!

— Jolbarıs — maqul dedi. Bala basına taz kebin kiydi, ústine alba-dalba shapan kiyip, samayı aǵarǵan bir quw taz boldı da qaldı. Ol zamanda ana qala menen mına qalaǵa kárwan júriwshi edi, bala qoy aydaǵan shopan boldı da sol kárwanlar menen birge qalaǵa kirip ketti.

Bala qalanı aralap júre berdi. Sol waqıt qawın pisiktiń waqtı eken. Bala sóytip júrip patshanıń qawının baǵıp otırǵan ǵarrıǵa jolıqtı. Bala sol qawınshı ǵarrınıń qol balası bolıp júre berdi.

Endigi gápti patshanıń qızınan esitiń. Patshanıń úsh qızı bar edi. Eń kishkene qızı aqıllı, ay dese awzı, kún dese kózi bar sulıw qız edi. Ol uyqılap jatıp tús kórdi. Túsinde, astında qara atı bar, ústinde qarıw-jaraǵı, qolında qusı, izinde tazısı bar, ózi jigirma bes jasında, túr-sımbatı kelisken bir jigitti kórip, soǵan ashıq boldı. Oyanıp ketse, túsi eken. Túsinde kórgen kóz aldında eleslep, qızdıń kóńilinde ashıqlıq otı lawlap, sol jigittiń jolında ashıǵıw zar boldı. Qız, jigittiń bul elatqa kelip, qawınshı ǵarrınıń qasında júrgenin bilmeytuǵın edi.

Bir kúni qız jigittiń túr-túsin aytıp, kóshede bolsın, el arasında bolsın, qayda bolmasın maǵan tawıp ákelip beriń dep qolına altın menen gúmis berip, el arasına jansız da jiberdi, biraq hesh jerden tabalmay qaytıp keldi. Qızdıń ashıqlıq dárti kúnnen-kúnge artıp, júzi zapıranday sarǵaydı. Aqırında, eldegi qorrandozlarǵa qorra taslatıp ta kórdi, olar:

— «Ol jigit hesh jaqta emes, óziniń oyaq-buyaǵında. Ol da saǵan ashıq bolıp, seni túsinde kórip, bir kóriwge

intizar bolıp júr eken. Ol ózi bul jerdiń adamı emes, uzaq jerden kelgen, ózi bahadır, xoshhúrey jigit eken. Usı kúnleri ústindegi kiyimlerin taslap, túri-túsin bildirmey taz kebine túsip júr. Usı jigitti qawınshı ǵarrınınan bir sorap kór» dedi. Qız usı sózdi esitip, birew bolmasa birew kórip qoyar, ózim anıqlap kóreyin, dep qawınshı ǵarrınıń qasına bardı. Qawınshı babanıń qasında káli samayına túsken, eńsesi joqarı qaray ósken, hár kózleri botanıń kózindey bir músindey jigitti kórdi. Qız túsinde kórgen qara ath, saltanatlı jigittiń usı ekenin, ózin sezdirmew ushın taz kebine túsip hiyle menen júrgenin bildi.

Áne bir kúni patsha taxtında otır edi, qawın jegisi keldi. Úsh qızın shaqırıp alıp:

— Balalarım, meniń qawın jegim keldi. Qawınshı atańa barıp, bir-birden qawın alıp keliń! — dedi. Úsh qızı ájep boladı dep, qawınshı babaǵa barıp, patsha atasınıń qawınǵa jibergenin ayttı. Sol waqıtta bala qızlardı kórip, túsinde kórgen qızǵa kóńli ketti.

Bala úshewiniń de boy jetkenin kórip, qızlar menen boy jettim dep atasına qalay aytsın, men qızlarınıń boy jetkenin patshaǵa bildireyin dep, palızǵa barıp, irip pisip ketken qawındı úlken qızǵa, soǵan jete qaba qawındı ortanshı qızǵa, tolıǵıp pisken qawındı kishkene qızǵa ákelip beredi.

Úsh qız qawındı kóterip atasına aparıp berdi. Patsha úlken qızdıń ákelgen qawının jarıp edi, jewden ótisip ketken eken, ortanshı qızınıń ákelgen qawını jewden ótisińkirep baratırǵan eken, al kishi qızınıń qawını naǵız pisip jetilisken eken. Patsha oylanıp otırıp, — bul sırǵa túsindi. «Há, úlken qızımnıń irip-pisip ketken qawındı ákelgeni, men boy jetip, waqtım ótip baratır

degeni eken, ortanshı qızımnıń da men de sonday boldım degeni eken, kishi qızımnıń dál pisken qawındı ákelgeni, boy jetip, shaǵıma toldım degeni eken» dep oyladı.

Patsha erteńine qızlardıń anasın shaqırıp alıp, bolǵan isti aytadı.

— Men sizge qızlar er jetti dep qashshan-aq aytpadım ba, siz tıńlamaǵan edińiz, aldıńızǵa keldi me. Endi sizge meniń tilegim, qızlar endi kimdi qálese, soǵan berińiz! — dedi qızlardıń anası. Patsha qızların shaqırıp alıp, úshewiniń qolına úsh alma berdi.

— Sizler qálegen jigitińizdi alma menen urıń, men sizlerdi sol urǵan jigitińe beremen, — dedi. Patsha erteńine jar urdırıp, barlıq elatın jıynaydı. Adamlar qızlardıń aldınan óte basladı. Endi jetpis, seksen jasar ǵarrılar da qalmay kelip, patshanıń qızlarına talaban boldı. Patshanıń úlken qızı wázirdiń balasın, ortanshı qızı baydıń balasın urdı, al kishkentay qızı hesh kimdi urmadı. Qız ayttı:

— Ata qalańızda ele kelmey atırǵan bala bar, sonı aldırıń? — dedi. Patsha wázirlerine buyrıq etti.

— Patshahım, siziń qawınshı ǵarrıńızdıń janında bir kál bala qaldı, onnan basqası kelip boldı, — dedi wázir. Patsha sol balanı alıp keliń dep hámir qıldı. Wázirler balanı zirildetip qızdıń aldına quwıp kelip edi, qız kál balanı alma menen urdı. Patsha qızınıń káldi urǵanına qattı ashıwı keldi.

Patsha úsh qızın úsh jigitke qostı da, úlken qızı menen ortanshı qızına eki otaw tigip berdi, al kishi qızına hesh nárse bermedi. Bul eki ǵárip mal baylaytuǵın seyisxananıń bir múyeshin alıp, ekewi sonda bola berdi.

Bir kúni patsha ań etin jegisi kelip, eki kúyew balasın ańǵa jiberdi. Bunı bala bilip, bul da eshekke minip

izinen júre berdi. Bala awıldan shetirek shıǵıp, bayaǵı jolbarıstıń jalın tútetip edi, jolbarıs balanıń atın, jaw-jaraǵın alıp jetip keldi. Bala keshke shekem júzlegen qoyan-qırǵawıl atıp aldı, al ana ekewi hesh nárse atalmadı. Bala at-jaraǵın jolbarısqa taslap, alǵan ańların eshegine artıp kiyatırsa, alǵan soqır qoyanı joq, súmireyip kiyatırǵan eki bajasın kórdi. Eki bajası bos barıwdıń ilájın tappay, baladan toǵız-toǵızdan qarız beriwge qoyan-qırǵawıl soradı. Bala bulardı masqara eteyin, eki bastan patsha meni mensinbey, mal menen teń sanap seyisxanadan orın berdi. Bularǵa aq otaw tigip berip, mennen artıq kórdi dep, bılay dedi:

— Jaqsı, men qarızǵa bermey-aq qoyayın, biraq qolımdaǵı júzigimdi qızdırıp quyrıqlarına basayın, onnan keyin ekewińe toǵız-toǵızdan qoyan, qırǵawıl bereyin, — deydi. Eki mırza oylasıptı. «Quyrıǵımızdı birew kórip atır ma, biziń bos barǵanımız uyat bolar», dep júzikti quyrıqlarına bastırdı. Sóytti de olar tiyisli qoyan, qırǵawıllarin alıp kete berdi.

Úshewi úylerine kelip, keshqurın patsha atasın úylerine tamaqqa shaqırdı. Patsha úlken qızı menen ortanshı qızınıń asqan tamaqları ashshı bolǵanlıqtan, jey almadı. Al kishi qızınıń úyinen jegen awqatı mazalı, jegen sayın jegisi kele beredi. Patsha awqatlanıp úyine qayttı. Bir kúni sol elde úlken toy boldı. Patsha menen eki kúyew balası hayalları menen túrli hasıl kiyimlerin kiyip toyǵa ketti. Bala hayalı menen ekewi toyǵa shaqırıwsız qala berdi. Bunnan keyin bala: men bulardı qızıq qılayın dep oylaydı. Ol hayalın toyǵa jiberedi de, ózi bayaǵı qara atın minip, jaw-jaraǵın asınıp toyxanaǵa bardı. Toy iyesi uzaqtan kiyatırǵan jolawshı eken dep, toyxanadan orın berip, húrmet etti. Bala toy payın jep bolǵannan keyin:

— Sizlerdiń jas ullılarıńız qayda boladı, men bir qul qashırǵan adam edim, sol qullarımdı usı toydan tawıp otırman, — dep bayaǵı eki bajasın kórsetedi. Sol waqıtta patsha qulım dep otırǵanı, eki kúyew balası ekenin kórip:

— Qanday belgiń bar? — deydi.

— Quyrıǵında basqan júzigimniń belgisi bar, — dep qolındaǵı júzigin kórsetedi. Sheshindirip qarasa, ras eken. Patsha ań-tań qaladı. Bunnan keyin bala sol jerde patsha atasına bolǵan islerdiń hámmesin birme-bir aytıp beredi hám óziniń kim ekenin tanıstıradı. Patsha óziniń kishi qızınıń kúyewi ekenin bilip, otız kún oyın, qırq kún toyın berip, sán-saltanatı menen qızın uzatadı. Bala bir neshe kún jol júrip eline kelip, ǵarrısma aman qosılıp, bay dáwletli, perzentli bolıp, murat-maqsetine jetedi.

## HÁKIM ULÍQPAN

Hákim-Ulıqpan patshaǵa jamanatlı bolıp zindanǵa taslanıp, ústin taqtalap jer etip jibergen eken. Bir neshe jıllar ótkennen soń, ol patsha ólip, ornına basqa patsha bohptı. Bir kúni jańadan bolǵan patshanıń tamaǵına súyek ketipti. Táwip qoymay qaratıptı. Hesh kim dawasın tappaptı. Sol elde bir bilgir adam bar eken, sonı shaqırtıp aldırıptı. Patsha kelgen adamǵa óz awhalın aytıp beripti. Sonda ol adam:

— Áttegene-ay, bul qıyın sawda eken. Bunnan bir neshe jıl burın Hákim-Ulıqpan degen adam ótip edi. Sol kisi bolǵanda bul keselińniń dawasın tabar edi, biraq onı tawıp alıw qıyınlaw, — depti.

Sonda patsha:

— Haw, aǵa, nege qıyınlaw boladı? — depti.

— Ol adamdı sizden burıngı patsha ǵázep qılıp, jerdiń astına kómip taslap, ústi jer etip jiberip edi. Sonı tawıp alıw qıyındaǵı, — deydi.

Patsha erteńine barlıq xalqın jıynap, Hákim-Ulıqpandı izlewge tapsıradı. Onı izlep júrse, bir jerden kishkene oyıq tabıladı. Sonı keńeytip qarasa, Hákim-Ulıqpan zindanda jatır eken. Jańaǵı bilgir adam, tesikke basın tıǵıp: «Hákim-Ulıqpan» depti. Hesh ses shıqpaptı. Úshke deyin baqırıptı, hesh ses esitilmepti. Sonnan soń: Ulıqppan qorıqpay-aq qoy. Saǵan ǵázep qılǵan patsha óldi. Onnan beri biraz jıl ótti. Ornına basqa adam patsha boldı. Tazadan bolǵan patshanıń «tamaǵına súyek ketip, seni tawıp alıw ushın xalqın jıynap izlep atır» dep qattı baqırıptı. Sol waqıtta zindannan: «janım bar, tirimen, biraq hálsizben. Olay bolsa, patshamızǵa aytıp barıń, bizdi shıǵarıp alsın» — degen saza esitiledi.

Patsha bul xabardı esitkennen keyin Hákim-Ulıqpandı dárhal shıǵarıp aldırtadı. Hákim-Ulıqpan bes-altı kún patshanıń sarayında boladı Sonnan keyin:

— Patshamızdıń tamaǵına súyek ketip edi. Onıń halı qıyın, sonı qaraysız, — deydi wázirler. Sonda Hákim-Ulıqpan:

— Men otız kún dem alayın, jerdiń háwiri urıp ketken eken — deydi. Ulıqpan otız kún dem aladı. Onnan soń táwir bolıp, patshanı qarawǵa kirisedi. Ulıqpan patshaǵa aytadı:

— Siziń dártińizge dawam sol nárse, balańızdı tóbeńizge qoyıp shalamız, — onnan basqa em joq, — deydi. Patsha balasın óltiriwge narazı boladı. Sonnan keyin Hákim-Ulıqpan patshanıń wázirlerin ońasha shıǵarıp alıp: «patshanıń balasın shalmaymız, patshanı hár túrli sózler

menen qayıl qılıńızlar. Men balasın aldına ákelemen de, art jaǵına shıǵarıp, bir serkeni shalamız», — deydi. Wázirler patshaǵa:

— Patshahım, xalıq siziń tilegińizde, bir balanıń qanınan keshińiz, bóten jas hayal alıp, balalı bolarsız, — dep ótinish etip, patshanı kóndiredi.

Balanı eki jigit patshanıń aldınan ókirtip alıp ótip, sırtına aylana bergende, ákelip qoyǵan serkeni shalıp jiberedi. Patsha «Wax, baladan ayrıldım», — dep jıǵıladı. Kúyinip, qıynalǵan patshanıń awzınan «wax» degende tamaǵındaǵı súyek anaday jerge «tors» etip túsedi. Patsha es-aqılınan ayrılıp talıp qaladı. Es-aqılın jıynaǵannan soń xalıq kelip, «balańız tiri» dep súyinshi soraydı. Patsha aman-saw qalǵanına toy-tamashalar berip, Hákim-Ulıqpandı qattı sıylaydı.

## SHESHEN BALA

Qaraqalpaqlardıń on tórt biyi Xiywa xanınıń shaqırıǵına ketip baratırıp, joldan adasıptı. Olar bir qumnıń eteginde qoy baǵıp júrgen bir balaǵa gezlesipti hám onnan jol soraptı:

— Jeter jerde el joq. Búginshe biziń ılashıqqa miyman bolaǵoyıń, — depti bala.

Biyler balanı dálkek etipti:

— Qonsaq ne soyıp bereseń? — depti. Bala tayaǵına súyenip turıp:

— Tapsam birewin, tappasam ekewin soyıp beremen, — depti.

— Haw mına balanıń deni saw ma? — deydi biylerdiń birewi: — Tapsań birewin soyasań, al tappasań qalay ekewin soyasań? Ol qalay? Bala úndemepti. Sonda taǵı birewi turıp murnın gárdiytip:

— Ílashıǵıń tar, jayǵaspaymız! — bizler on tórt adambız, — depti.

— Ózimniń kewlim tarlıq etpese, ılashıǵım keń, sarayday, túse berińler, — depti bala taq-taq etip.

— Qoy ońlıraq bir jer tabayıq, júrińler! — depti biylerdiń birewi záńgige shirenip. Atlar tepsinip ala jónelipti.

— Bara beriń, qarańǵı túsken soń «áttegen-ay» degenniń úyine jetersiz, sonda házillesersiz, — dep bala tayaǵın uslap qala beripti.

Biyler bir neshe saat jol júredi. Atları qara suw boladı. Qızıl qıya qum, kózge hesh nárse kórinbeydi. Tastay qarańǵıda jol tappay jón aldı qarabaraqqa soǵıp júre almaydı. Biylerdiń birewi:

— Áy, áttegene-ay, jańaǵı balanıń úyine qonıp-aq ketiwimiz kerek eken, — deydi. Bunıń sózin basqaları da muqullap, «ele de sol balaǵa barıp, ılashıǵında qonıp, azanda jol sorayıq. Ol bala tegin bala emes, qumdı gezgen bala, bir nárse biler, — dep hámmesi atların keyin burıp, tún jarpı awǵanda ólip-talıp, atları aq kóbik bolıp balanıń ılashıǵın tawıp alıptı. Uyqılap atırǵan bala attıń dúrsirlisinen shorshıp oyanıp, sırtqa shıqsa, qaytıp kelgen biylerdi kóredi. Bala lám-mim demesten biylerdiń atların jayǵastıra beredi.

Bala hámme atlardıń jabıwların alıp, ılashıǵınıń aldına tóseydi. Biyler chay iship otırǵanında, kóp waqıttan keyin bala bir ólgen ılaqtı qushaqlap biylerdiń aldına kelip:

— Otaǵasılar, men tapsam birewin, tappasam ekewin soyaman degenimde kúlip edińler, meniń enshime tiygen bir ǵana tuwsham bar edi, ózi de genje buwaz edi. Áne, basqa mal tappaǵan soń soyıp edim, mınaw sonıń

ishinen shıqqan ılağı, — dep eshkisiniń jarı góshin asıp, jarısın kábap islep beripti.

— Mına qoylar kimdiki, óziń kimniń balasısań, atıń kim? — dep biyler jabırlasıp soray baslaptı.

— Qoylardıń bári de páleńkes-baydiki. Ózim «Qalbay kók jal» degenniń balasıman. Ákem Xiywa xanınan aq pıshaq alğan kisi, barıp turğan ójet edi, — deydi bala. Biylerdiń birewi:

— Al ákeń qayda, óziń nege elsiz shólistanlıqta qoy bağıp júrseń? — deydi.

— Way otağası, onıń ózi uzaq áńgime ğoy, — depti bala. Sonda biyler:

— Tań uzaq, ayta ber inim tıńlaymız, — dep jabırlasıptı.

— Yaqshı onda, sizler jalıqpasańız, men aytıwğa erinbeyin, — dep bala kúnge kúygen qara kózlerin biyik qumğa bir qadap, áńgimege kirisipti.

— Meniń ata jurtım anaw teńizde, bir atawda ákem balıq uslap, anam shıpta toqıp kúneltip otıratuğın edi. Ákem barıp turğan ójet edi.

Bir kúni baydikine Xiywa xanına salıq jıynawshı kelipti degen menen ákem jay-jağdaydı aytayın dep awıl balıqshıları menen barsa, ol zańğar sálem berip qolın sozğan adamlarğa oń ayağın usınıptı. Barlıq adamlar bunıń tutımına tańlansa da, bir nárse dewge batalmay usınğan ayağına qolın tiygizip «sálemlesip» kete beripti. Sálemlesiw gezegi biziń ákeme de kelipti. Ákem barıp «Qáne taqsır, qolıńızdı beriń» dep qolın sozsa, qol ornına peshaxananı kóterip bir ayaq shığıptı. Ójet adamnıń bunnan basqa endi qayerde ashıwı keledi, deyseń, qaltasınan sholaq shaqqısın suwırıp alıp basbarmaqtan salıp jiberipti de, oljağa túsirgen barmağın

qaltasına salıp duwrı úyge qaytıptı. Tıńlap otırǵan biyler «ıń...ń... awa» dep xoshlap qoyıptı. Bala áńgimesin ayta beripti.

Sonnan keyin ashıwına buwlıqqan biy «Qalbay kókjaldı baylań» depti. Kelgen jasawıllarǵa biziń aǵam: «Sizler meni baylamańlar: biydiń aldına ózim baraman» dep birewiniń artına mingesip biydiń aldına kelipti.

«Biy aǵa, siz qapa bolmań, maǵan bir at beriń, men ózim barıp Xiywa xanı menen soylesip kelemen» degende, biy ashıwlanıp: «Má saǵan, Xiywa xanı! Haw, adam soyıp hám xannan jarlıq alıp qaytatuǵın sen kimseń? Qáne, kóp bılshıldama, jazańdı beremen. Haw jigitler, baylań mına atańa náletti! Bunıń xandı bassınǵanday ne kúshi bar eken? — dep ǵázeplenipti. Biraq umtılǵan jigitlerdiń bárin jıǵıp salıp, aǵam beldewdegi biy menen meterdiń qos atınıń birin minip turıp: «Há, shabazım, men Xiywaǵa baratırman, bes ayda kele almasam, darǵa asılıp ólgenim. Onda as-abatımdı berip, ishińdegi bala bolsa, atın Jalǵızbay qoyarsań, qız tuwsań, óziń bil» — dep atqa qamshını basıp tartıp ketipti. Sonda usı qumlardı basıp ótipti, — dep bala qumnıń biyigindegi shanshıwlı turǵan quw sırıqtı kórsetipti. Biraq biyler sırıqqa qarasa da, balanıń sırına túsinbey, ıń...ń desip tıńlap otıra beripti. Bala sózin dawam ete beripti.

— Ákem usı qumlardı basıp ótip, qos attı alma gezek minip, salqın menen júrip otırıptı. Neshshe kúnler júrip harıp-talıp Xiywaǵa jetipti. Onı xan sarayı aldında dárwazabanlar kútip alıp, soray baslaptı. Sonda ákem: «Qaraqalpaqtıń biyimen, xan shaqırtqan eken, soǵan keldim» — depti. Tańırqaǵan dárwazaban: «Haw qaraqalpaqqa biy bolsań, mına ústińdegi láttelerıń ne? Qoy, sen biy emes, urı shıǵarsań, seniń bul turısıńnan

biy bolmaqtan, patsha bolsań da xanımız qabıl etpeydi, tur ayda» depti. Ízalanǵan ákem: «Jolda urılarǵa jolıǵıp óltiretuǵın bolǵan soń kiyimlerimdi, teńgelerimdi berip, zorǵa qutılıp kiyatırman, jiberińler, ishke kirip azıraq tınıǵayın» dep dárwazabanlardı aldap, zorǵa ishke kiripti.

Tar qapılı keń saraylardan ótip, xannıń aldına barıp, sálemin beripti.

— «Taqsır, biziń elge bir meterińizdi jibergen ekensiz. Barıp sálem bersek, bárimiz benen de peshaxanada jatıp ayaǵı menen sálemlesedi. Barǵan adamǵa ayaǵın súydiredi, qolın bermeydi. Sonnan keyin usınǵan ayaǵınıń bas barmaǵın kesip alıp, jalǵız ózim kelip otırman, taqsır» dep xannıń aldına bas barmaqtı shıǵarıp qoyıptı.

Xan sol kúnniń erteńine qos jasawıl jiberip, bayaǵı tákkabir meterdi quwdırıp alıp, darǵa astırıptı. Biziń ákeme xan biylik dárejesin berip, sarpay jawıp eline qaytarıptı.

Xahq burıngı zalım biydiń kelmeske ketkenine quwanıp qalıptı. Biraq aradan bir neshe kún ótkennen keyin bayaǵı kekli biydiń gázzapları ákemdi ańlıp jatıp óltirip ketipti. Áne, sonnan qalǵan Jalǵızbay men edim. Anaw jalǵız qábir meniń ákemniń qábiri, — dep bala eńkildep jılap jiberipti.

— Balam, onnan soń bul jerge qalay keldiń, ayta ber, — dep biyler jabırlasıp sorap qoymaǵan soń bala solıǵın basıp:

— Ólgen xabarın esitip, izlep, elden shıǵıp kettim. Kelsem, góshlerin ǵarǵa-quzǵın jep, tek sawsaǵan súyekleri qalıptı. Bárin jıynap sol tóbege kómip, elime kettim. Elime barǵannan soń eki aydan keyin anam da óldi. Onı da jayǵastırıp, endi qayda keterimdi bilmey ólgen ákemniń

qábiriniń basına kelip jatsam, túsimde ákem mağan «oń tárepińde kúnniń astına bir kún jol júr. Bir bayğa ushıraysań, soğan shopan bolıp, otlı jer taptım dep usı jerge qoylarıńdı aydap kel, sóyt te jata ber, balam» dedi. Aytqanınday baydı tawıp alıp shopan boldım, mınaw qoy-eshkiler sonıki, — dep bala sózin ayaqlaptı.

Biyler qula dúzde japadan jalğız ózi ómir súrip júrgenine, onıń aqılına, danalığına hayran qalıp, azanda oylasıp biyler alıp ketiwdi maqul kóredi. Solay etip qoyların bayğa tapsırıp, balanı alıp Xiywağa jol tartadı. Bala jolda ketip baratırıp Xiywağa xannıń teńiz boyında, Xiywadan uzaqta jasawshı puqaralarına «yabıńdı kisnetpe, almawıtı baytalım ish taslaydı», dep ájiwa qılatuğın sózleri yadına túsip, Xiywa xanına bir pánt bereyin dep oyladı. Neshshe kún jol júrip Xiywağa jetedi.

Bala qalanıń shetinde bir jerge biylerdi toqtatıp, bir mıltıq bir túye, bir eshki ákelip beriwdi soraydı. Biyler hámmesin tayın etedi. Bala kóshe boylap iyt kórinse óltire beredi. Bul xabar xanğa jetip, xan balanı shaqırtıp aladı. Bunnan keyin bala túyege minip, eshkini aldına óńgerip sarayğa kirip barıptı. Ǵázeplengen xan balağa:

— Qaydan kelgen balasań, nege iytlerdi atıp júrseń? — depti. Bala:

— Men teńiz etegindegi uzaqtağı puqarańızdıń birimen. Iytlerińniń dawısman bizler tınısh uyqılay almadıq. Onnan keyin kelip atıp atırman, — depti. Xan ashıwlanıp:

— Haw aqmaq bala ekenseń ğoy, tuw alıstağı siziń elge Xiywanıń iytleriniń dawısı qalay jetedi, — dep balanı sógipti.

— Taqsır, biziń yabılardıń kisnegeni siziń almawıtı baytalıńızdıń qulağına jetkende, iytlerińizdiń dawısı bizlerge jetpey me? — depti. Balanıń mına sózine

tutılǵan xan ne derin bilmey, tómen qaraptı. Sonda xannıń «aqıllı» wáziri:

— Áy bala, sen jekkemiseń ya jası úlkeniń bar ma? — depti. Bala túyeni kórsetip:

— Mınaw meniń jası úlkenim, — depti.

— Haw, jası úlken degenniń mánisin de bilmeytuǵın biyshara ekenseń-aw, aldıńda saqalı selkildegen jası úlkeniń bar ma dep sorap otırman? — depti wázir.

— Ha, saqallı jası úlkendi soraysız ba, — eshkiniń saqalın uslap turıp: — Mine saqallı jası úlkenimiz, — depti. Usı waqıtta tunjırap otırǵan xan kúlip jiberip, qasındaǵı sheshen wáziriniń de baladan jeńilip qalǵanına hayran bolıptı.

Xan qasına balanı shaqırıp alıp:

— Bala, sen uzaqtan teńizdiń boyınan kelgen bolsań kim degenniń balasısań? Bunda nege keldiń? — dep soray beripti.

— Taqsır, ákem Qalbay kókjal degen, óz atım Jalǵızbay. Meniń sizden tilegim: usı waqıtqa shekem biziń eldi qorlap, adam qatarına qospay keldińiz. Jılda salıqtı da basıp salıp, xalıqtı qıratuǵın boldıńız. Mine, sonsha ǵáziyneleriń tolı altındı xalıqqa jumsamay, qurı saqlap qoyıpsız, ózińiz ólgen soń sonnan buyıratuǵını bir kepinlik shıt. Xalqıń ash-jalańash bolıp atırǵanda, siziń altın saqlap otırǵanıńız adamshılıqqa tuwrı kele me, taqsır, — depti.

Sonnan keyin xan da, xannıń wázirleri de bul balanıń danıshpanlıǵına, sheshenligine, mártligine hayran qalıptı. Neshshe kúnler xannıń sheshenleri menen aytısıp, bárin jeńipti. Bala teńiz boyındaǵı ellerdi Xiywa xannıń bir jılǵı alımsalıǵınan qutqarıp, sóytip ákesiniń biylik súrgen jerine ózi biy bolıp kelipti. Xalıq toq, ǵurǵınlı jasap, murat-maqsetine jetipti.

## JAQSÍLÍQ QÍLSAŃ ÓZIŃE, JAMANLÍQ QİLSAŃ ÓZIŃE

Bir hayal bir danıshpan adamǵa barıp:

— Birewge birew jaqsılıq qılsa ne qıladı? — dep soraptı:

Sonda danıshpan adam:

— Jaqsılıq qılsań ózińe, — dep juwap beripti. Onnan soń jáne:

— Bir adamǵa bir adam jamanlıq qılsa ne qıladı? — dep soraydı. Oǵan da jańaǵıday etip «jamanlıq qılsań hám ózińe» dep juwap beredi. Hayal oylanıp bul kisi ǵoy «jaqsılıq qılsań ózińe, jamanlıq qılsań ózińe» deydi. Men birewge jamanlıq qılıp kóreyin, ózime ol jamanlıǵım qalay keler eken? degen oy payda boladı.

Keshke jaqın jańaǵı hayaldıń úyine «huw-haq» dep bir sayıl keldi. Hayal da bir nandı uwǵa basıp uslata qoydı.

— Bereket, tap, balam, — dep sayıl jónine ketti. Sol ketisi menen diywana adasıp, eldiń shetine shıǵıp ketipti. Qańǵıp júrse, aldınan kiyatırǵan kárwanǵa jolıǵadı. Kárwan azıq-túligin tawısıp júdá ashırqap qalǵan eken. Bas salıp diywananı talap, diywanashılıq etip tapqan nanların basıp alıptı. Sol jerde kárwanlar diywananıń nanın úlesipti. Uw jaǵılǵan nan kárwan bası menen onıń balasına tiyipti. Kárwan bası menen balası nandı jewden sespesten qatıptı. Bul ólgenler uwǵa basqan nandı diywanaǵa bergen qatınnıń balası hám kúyewi eken. Patshaǵa usı awhal tuwralı xabar jetisip sawdagerlerdi tergey baslaydı. Sawdagerler jolda kiyatırıp ash bolǵannan keyin aldınan shıqqan diywananıń nanın talaǵanım hám usı nandı jegennen keyin kárwan bası menen balasınıń

ólgenligin aytıp beredi. Patsha diywananı taptırıp alıp, nandı qaydan alǵanın soraydı. Diywana uw salǵan nandı alǵan úyip tawıp beredi. Patsha hayaldan ne ushın diywanaǵa uw salǵan nandı bergenin soraydı. Qatın óziniń de ne maqsette islegenin aytadı. Sóytip danıshpan adamnıń aytqan «jaqsılıq qılsań ózińe, jamanlıq qılsań ózińe» degen sózi durıslıqqa kelipti. «Birewge gór qazsań, óziń túseseń» degen sonnan qalǵan eken deydi.

## AŃQAW ǴARRÍ

Burınǵı ótken zamanda bir kempir menen ǵarrı turmıs keshiripti. Bir kúni kempir ǵarrısına tezek terip keliwdi buyırıptı. Ǵarrı tezek terip júrip bir iyne tawıp alıptı. Ǵarrı iyneni tezek qaptıń ishine salıptı da, kempirine kelip:

— Kempir, kempir, men bir iyne tawıp aldım, — depti. Sonda kempiri:

— Ol iyne qayda? — dep soraydı.

— Tezek qaptıń ishinde, sonnan tawıp ala ǵoy, — depti ǵarrı. Bunı esitken kempiri «qapqa da iyne sala ma eken» dep shır-pırı shıǵıp, qaptı aqtarıp qaray baslaydı. Hesh jerden iyneni taba almaydı. Ákelgen tezeklerin de ezip qaraydı. Bunda da tabalmaptı. Bunnan keyin kempir «endi tawıp alsań, jaǵańa qıstırıp kel», dep ǵarrısın jáne tezekke jiberedi.

Ǵarrı tezek terip júrip, bir oraq tawıp aladı. Kempiriniń jaǵańa shanısh degen sózi yadına túsip, «bunı ǵana tap jaǵama qıstırayın» dep, jaǵasına túyrep alıptı. Ǵarrı qabın iynine qaǵıp salıp úyine kelipti.

— Kempir-aw, men bir oraq tawıp aldım. Seniń aytqanıń boyınsha joǵaltıp alarman dep jaǵama qıstırıp keldim, — dep jaǵasındaǵı oraqtı kórsetipti. Kempiri

«jaǵaǵa da oraq qıstırama eken» dep kúyip-pisip, jaǵasın jırtıp zorǵa suwırıp alıptı. «Endi oraq tawıp alsań, beline qıstırıp kel» dep ǵarrını jáne tezekke jiberipti.

Ǵarrı tezek terip júrse, aldınan bir kúshik shıǵıptı. Ǵarrı kúshikti uslap alıp, kempiriniń aytıwı boyınsha tas qılıp beline baylap aladı. Ǵarrı qabın arqalap úyine kelip:

— Kempir, men kúshik tawıp aldım, — depti. Kempir juwırıp kelip belbewin sheship qarasa, kúshiktiń ólip qalǵanın kóripti. Sonda kempiri:

— Waq, ǵarrım-ay, kúshikti de belge baylayma eken, izińe nege ertip kelmediń, — dep qıylanıptı.

— Waq, kempir-ay yadımda bar edi-aw, seni baqırar dep belbewime baylap edim, endi barsam yadımda bolar, — dep juwap beripti ǵarrı.

## AQÍLSÍZ BALA

Burınǵı ótken zamanda bir bay boladı. Baydıń jalǵız erke, aqılsız balası bar eken. Bir kúnleri bay ólip, aqılsız bala ákesinen qalǵan dúnyanı shashıp, bir jılǵa jetpey-aq tamam qıladı. Endi iship-jewge ǵárejet tappay birewdiń esiginde diyqan bolıp júredi. Bunı da kelistire almay, birewlerden «Qıdır ata» bar eken-aw degendi esitip, sonı tawıp alıp, onnan iship-jeytuǵın dúnya sorayın dep, basınıń awǵan jaǵına qaray ılaǵıp kete beripti.

Aqılsız bala bir-eki kún jol júrgennen keyin, aldınan «Qıdır ata» bir aq saqallı ǵarrı bolıp ushırasadı. Bala ǵarrıǵa sálem berip qol alısadı.

— Balam, qayda júrdiń? — dep soraptı.

— Qıdır atanı izlep baratırman, ata. Ash-jalańash boldım, Qıdır atadan dúnya tileyin dep baratırman, — dedi.

— Balam, Qıdır atanı kórseń tanırmısań?
— Joq, tanımayman, — dedi.
— Balam, izley ber, niyetiń joldasıń bolsın, aldıńnan shıǵar, — dep jónine ketti. Aradan bir neshe kún ótkennen keyin, bayaǵı ǵarrı jáne aldınan shıqtı. Bala sálemin berdi. Ǵarrı jol bolsın soradı. Bala Qıdır atanı izlep baratırǵanın ayttı.
— Qıdır ata aldıńnan shıǵar, balam, — dep ǵarrı kózden ǵayıp boldı. Bala jáne aldına qaray júrip kete berdi. Bir neshe kún jol júrgennen keyin, bayaǵı ǵarrı jáne balanıń aldınan shıqtı. Bala sálemin berip, ǵarrıǵa Qıdır atanı izlep baratırǵanın ayttı.
— Balam, Qıdır atanı tanırmısań? — dedi jáne ǵarrı.
— Joq, tanımayman.
— Onda tanımasań saǵan jol silteyin. Usı tawdan asqan jerde, eki joldıń dárbentinde eki bala saqa menen asıq oynap otır. Bar da eki balanı bekkem uslap al, sol waqıtta ózim tayın bolaman, — dep dárriw kózden ǵayıp boldı. Aqılsız bala ǵarrınıń Qıdır ata ekenin bunda da bilmedi. Bala ǵarrınıń aytqan jerine barsa, eki balanıń asıq oynap atırǵanıń kórip, bas salıp uslap aldı. Ǵarrı tayın boldı. Ol balanıń birewi «baq» birewi «dáwlet» edi. Ǵarrı kelip:
— Baq, qara! — dedi.
— Joq, qaramayman, keshegi diyqan bolıp júrgen baydıń úyindegi ala ógizdiń birewi edim. Meniń arqama urǵan shıbıǵınıń tamǵası ele ketken joq, qaramayman júzine, — dedi.
— Dáwlet, sen qara...
— Joq men hám qaramayman, keshegi diyqan bolıp júrgen baydıń úyindegi arbaǵa qosqan yabı men edim. Meniń bawırıma urǵan qamshınıń izi ele ketken joq, men qalay qarayman júzine, — deydi.

— Balam, ekewin hám jibere ber, óytkeni ekewiniń de sennen zeyini qaytqan eken, — dedi ǵarrı. Bala ekewin de jónine qoya berdi.

— Bul ketkennen ket, aldıńnan bir bay terek shıǵar, Bay terektiń kóleńkesiniń qaytqan jerin qaz, qara qazannıń qaqpaǵınday altın shıǵar, sonı al. Onı alıp jolǵa júrip kete ber. Aldıńnan bir úlken jay shıǵar, jaydı ash, ishinde sarı, aq torı úsh at bar, onnan qálegenińdi al, ya alma ol jaǵın óziń bil, — dep qolına jaydıń giltin berip kózden ǵayıp boldı. Bala bul adamnıń Qıdır ata ekenin ele bilmedi.

Bala ǵarrınıń siltewi menen jolǵa túsip kete berse, aldınan úlken bay terek shıqtı. Bala terektiń kóleńkesi qaytqan jerge shóp shanshıp belgilep, moynın sozıp ján-jaǵına qarasa, uzaǵıraqta qos aydap júrgen bir ǵarrı menen balanı kórdi. Bala qos aydap júrgen ǵarrıǵa barıp:

— Ata, maǵan bir bel tawıp berseń, mına terektiń túbine kómiwli jatqan altın bar edi, sonı ashıp alsam, jartısın sizge berer edim, — dedi.

— Balam — onday bolsa saǵan beldi de bereyin, ózim de barıp kómek bereyin. Ǵarrı izine erip kelip, balanıń shóp shanshıp ketken jerin qazıp edi, qara qazannıń qaqpaǵınday qara tas shıqtı. Bala jartısın qoltıqlap kete berdi. Bir jerlerge barǵanda bala «men usı qara tastı arqalap, maǵan sonshama ne azap» dep, keynine qaytıp, qoltıǵındaǵı altının tas dep oylap ǵarrıǵa ákelip beredi.

— Balam kóp jasa, saǵan jolda jegendey nan bereyin, — dep balanı izine ertip, qolına bir pátir nan berdi. Bala qara tastan usı nanım tiyimli ǵoy dep, bir pátir nandı qoltıǵına qısıp kete berdi. Bir mezgil jol júrgennen

keyin, bala bir jayǵa bardı. Giltin qolına alıp ashıp ishine kirse, er-turmanı saz úsh attıń baylawlı turǵanın kórdi. Bala alayın dese, iyesi bar at bolıp júre me dep qaytıp shıǵıp, qulpın urıp kete berdi. Sol ketisten bir toǵaylıqqa ushıradı. Toǵaydıń ishi menen ketip baratırsa, joldıń erneginde tabanına torańǵıl kógerip ketken bir jolbarıstı kórdi. Jolbarıstı kórip bala seskenip, keyin shegindi, jolbarıs:

— Meniń tabanıma torańǵıl kógerip ketken ǵárippen, meni usıdan qutqarsań, seniń menen dos bolıp, ne tilegińdi jetkeremen, — dedi. Bala kelip ayaǵındaǵı torańǵıldı alıp tasladı. Jolbarıs ayaǵındaǵı torańǵıldan ayrılǵannan keyin, háwlep balanıń moynına asılıp:

— Ákeńnen qalǵan dúnyanıń qádirin bilmediń, diyqan bolıp júrip onı da kelistire almadıń, Qıdır atanı izlep, úsh ret Qıdır ata aldıńnan shıqqanda bunda hám tanımadıń, baq penen dáwletti bunı hám bilmediń, qara qazannıń qaqpaǵınday altın berdi, bunı hám qádirin bilmediń. Úsh attı berdi bunı hám kelistire almadıń. Jolǵa shıqtıń hesh nárseni kelistire almaytuǵın dáwleti qaytqan mańlayı qara ekenseń, sen meniń menen dos bolıp kelistire almaysań, — dep jolbarıs aqılsız balanı jep qoydı.

## BAYLARDAN HAQÍSÍN ALǴAN BALA

Burınǵı ótken zamanda bir shaqqan bala bolıptı. Ol bala sol zamanda baylıǵı asqan, dáwleti tasqan aǵayinli tórt baydıń esiginde shopan bolıp, qoyın baǵıp on jıl ómir súripti. Kúnlerden bir kúni bala qoy baǵıwdan jalıǵıp, shopanlıqtan shıǵayın dep oylaptı. Baylardan on jılǵı haqısın soraptı. Sonda baylar hám olardıń hayalları:

— Mına bala ne dep júr, «toydırǵannıń saqalına», degen usı da. Bizler on jılǵa shekem kiyim-kenshek, azıq-awqat berip baǵıp kelsek, haqı soraydı ǵoy. Tur, joq bol, kózimizge kórinbe! — dep balanı urıp, sógip quwıp jiberedi. Jetim bala haqısın ala almay «bizge de bir reti keler» dep jılap kete beredi. Sol ketiwden ol bir baydıń úyine baradı. Barsa bay úyinde eken. Ol bul balanıń jetimligin eske alıp, úyinde úsh jıl jumsamaqshı bolıp, miynet haqısına bir tay bermekshi boldı. Bala kónedi. Sóytip ol úsh jıl diyqan bolıp, baydıń tayın aladı. Tay ósip úlken at boladı.

Jetim bala bayaǵı on jıl esiginde shopan bolıp, qoyın baǵıp, haqısın ala almay ketken baylardan haqısın alıwdı oylaydı. Usı máqsette ol atın bazarǵa alıp baradı. At sonday jaqsı at edi. Sawdagerler satıp almaqshı bolıp, balanı qorshap aladı. Biraq bala «attıń iyesi kelgen joq» dep olarǵa satpay, atın uslap tura beredi. Bir waqıtta bayaǵı aǵayinli tórt bay kelip qalıp, atqa kózleri qızıp, satıp almaqshı boladı. Biraq balanı tanımaydı.

— Atıńnıń bahası qansha turadı? — dep soraydı olar.

— Atımnıń bahası júz mıń tilla, — deydi bala.

— Júz mıń tillaǵa turarlıq atıńnıń qanday qásiyeti bar? — dep soraydı olar.

Atımnıń qásiyeti kóp, — deydi jigit maqtap, atım altın tezekleydi. Men bul attı ilajsızdan, naq aqsha kerek bolıp qalǵannan keyin satayın dep atırman.

— Sen óziń altın tezekletip aldıń ba? — dep soraydı baylar baladan.

— Awa, aldım, — dep juwap beredi jigit qolındaǵı tórt-bes jumalaq altındı kórsetip. Ol jáne: — attan altın alıw ushın qırq kúnge shekem palaw beresen, suw

ornına nabattıń suwın ishkizseń, astına ǵalı tósep qoyasań, bunnan keyin qırq kúnge shekem kúnniń kózin kórsetpey qarańǵı jayǵa saqlaysań, bul kúnleri óziń de kórmey, onı erkine qoyasań, sonda altınlaydı. Atım qoldan shıǵaratuǵın at emes edi, maǵan tez kúnniń ishinde kóp aqsha kerek bolıp, ilajsızdan satayın dep turıppan, — dep maqtay beredi. Baylar jigittiń sózine inanıp, birlesip, sol jigitke júz mıń tilla tólep, attı alıp úylerine qaytadı. Jigit bunnan keyin úylenedi, xojalıq boladı. Baylar bolsa balanıń aytqanın qılıp, attı saqlaydı. Endi altın tezeklegen shıǵar barıp qarasa, attıń ólip atırǵanın kóredi.

Aǵayinli baylar pánt jep, «attı satqan adamnan júz mıń tillamızdı qaytıp alamız» dep izlewge kirisedi. Bul xabar jigitke de kelip jetisti. Ol úyine kelip, hayalına:

— Attı satıp alǵan baylar at ólgen soń meni izlep júrgenge usaydı. Múmkin olar biziń úyge kelip qalar. Sen ishińe qan tolǵan búyendi tez baylap al. Olar kelgen waqıtta sen maǵan: — «baylar bolsa mártebeli adamlar, olardı seniń aldaǵanıń ántek bolıptı» — de. Sonda meniń ashıwım kelgen bolıp seniń qarnına pıshaq urıp jiberermen. Sen qorıqpa, biraq ólgen adamǵa usap sula da qal. Onnan keyin men duwtar shertemen sen sol waqıtta qayta tirilgen bolıp ornıńnan tur. Sóytip duwtardı da káramatlı etip baylarǵa satamız, — deydi. Olar dárhal bir eshkini soyıp, qanın búyenge quyıp, hayaldıń qarnına baylap úlgergeni sol edi, aǵayinli baylar bejireyisip úyge kirip keledi.

— Sen nege bizlerdi aldaysań, atıń altınlamaq túwe, hadal da bolmay qaldı, júz mıń tillanı tap! — dep olar jigitke ala umtıldı.

— Azǵana sabır etiń, — deydi hayal baylarǵa. Bunnan keyin ol erine qarap: — Baylar bolsa mártebeli adamlar.

Aldaǵanıń ántek bolıptı. Sen usı adam aldaǵandı qashan qoyasań, — deydi. Sonda jigittiń ashıwı kelip: «jaw jaǵadan alǵanda, iyt etekten aladı» degendey, sen de maǵan qarsılastıń ba, má saǵan dep qolına qanjarın alıp hayalınıń qarnına salıp qaladı. Qanjar búyenge tiyip, hayal qıp-qızıl qan bolıp, ólgen adamǵa usap jerge jıǵılıp qaladı. Baylar ne qıların bilmey, albırasıp qaladı.

Hayaldıń óligi moynımızǵa túspese bolar edi dep qorqısadı olar. Bunı sezgen jigit olarǵa:

— Sizler qorıqpańlar. Meniń káramatlı duwtarım bar. Ol ólgen adamdı tiriltedi, házir men onı shertemen, hayalım qayta tiriledi, — deydi de, qolına duwtarın alıp sherte baslaydı bilmey qaldım ǵoy! — dep ornınan turadı. Buǵan baylar ań-tań boladı. Olar:

— Duwtarıńdı satasań ba? — dep soraydı.

— Satpayman, ózime kerek, — deydi jigit sır bildirmey.

Baylar «bul duwtar júdá káramatlı qusaydı» dep oylap, jalına baslaydı.

— Duwtarıńdı sat bizler alayıq, — depti.

— Satsam satayın, — depti jigit.

— Bahasın ayt?

— Eki júz mıń tilla.

Baylar eki júz mıń tilla berip, duwtardı satıp alıptı. Sóytip úylerine kelip, duwtardı sınap kórmekshi bolıp, hayalların óltiripti. Keyin duwtardı alıp, gezekpe-gezek shertedi. Bári bir hayalları qayta tirilmeydi. Bunnan soń baylar jigittiń úyine qayta kelip:

— Seniń duwtarıńdı alamız dep hayallarımızdan ayrılıp qaldıq, qáne óziń barıp olarǵa jan bereseń, bolmasa seni de óltiremiz, — dep shawqım saladı. Sonda jigit:

— Duwtardıń aytımı bar edi. Sizler soramaǵan soń, men de sizlerge aytqan joq edim, ele de kesh emes, olardı tiriltip alıwǵa boladı, — dedi jigit.

— Qanday aytımı bar edi, aytıńız? — dep jalınadı baylar.

— Boladı, aytayın, — deydi jigit kewilli sóylep, — hár qaysıńız jawırınlarıńızdı ashıńız, men bir-bir shappattan uraman, sonnan soń duwtardıń aytımın aytıp beremen.

Baylar «hayallarımızdı tiriltiwge boladı» degenge quwanısıp, jawırınların tutadı. Jigit olardıń jawırınlarına shappatı menen urǵan bolıp, bildirmey mór basıp jiberedi. Bunnan keyin jigit: «duwtarıma duwa qılaman, hayalıma jan engizip, qaytadan jan ber!» dep shertińler deydi. baylar quwanısıp, úyine kelip, duwtardı qaytadan qolına alıp, aytımın aytıp shertedi. Bári bir hayallar tirilmeydi.

Aradan bir neshe kún ótkennen keyin, aǵayinli baylar patshaǵa kelip balanıń ústinen arız etedi. Patsha balanı tez shaqırtıp alıp:

— Sen mına baylardı aldap, úsh júz tillasın alıpsań, tez ózlerine qaytarıp ber, bolmasa óziń ólimdar, mal-dúnyań qazmaǵa túsedi, — deydi baylardı jaqlap sóylep. Sonda bul jigit:

— Taqsır, bular mennen úsh júz mıń tilla qarızǵa alǵan edi, sonı qaytarıp bere almay, maǵan jala jawıp júr. Tillanı qarız alǵanları ushın arqalarına mór basıp jibergen edim, inanbasańız arqasın ashıp qarańız! — deydi. Patsha baylardı sheshindirip jawırınların qarasa, jigittiń aytqanınday eken. Patsha baylardan úsh júz mıń tillanı óndirip alıp, jigitke beredi hám baylardı darǵa astırıp óltiredi.

Áne, jetim jigit miyrimsiz baylardan haqısın usılayınsha alıp, óz murat-maqsetine jetedi.

## HAYALLAR PATSHALÍĞÍ

Bul waqıya áyyemgi zamanlarda bolıp ótken...

Bul waqıya burıngı ótken zamanda jerdiń, aspannıń, adamlardıń hám úrp-ádetlerdiń házirgidey emes, al basqasha waqtında bolğan eken.

Dúnyada úlken bir patshalıq bolıptı. Tek sol patshalıq ğana dúnyağa bir kelgen, al onday patshalıq dúnyada endigiden bılay bolmaydı. Sebebi tágdirdiń húkimi menen joq bolğan patshalıqtıń qaytadan tuwılıwı, qaytadan dúnyağa keliwi múmkin emes eken.

Bul xalıqtıń patshası hayal bolğan. Onıń wázirleri de, diywanbegisi de, láshkerleri de, mollası menen qazıları da hayallardan bolıptı. Bul tek hayallar patshalığı edi. Ol patshalıqtıń oraylıq qalası Samiram degen qala bolıp onıń xanı Zanay degen hayal eken.

Ol qala házirgi qalalarday emes, al aqılğa uğras kelmeytuğın ájayıp qala bolıptı. Ol jerdiń ústinde emes, jerden kútá biyikte otız jeti mıń bóreneniń ústinde ornalasqan edi. Ol qalağa hesh kim baralmaytuğın bolğan. Bul qalağa hesh kim óz erki menen kire almaytuğın, hesh bir adam eń biyik attıń ústinde turıp ta eń uzın nayzası hám eń uzın arqanları menen de oğan shığa almaytuğın edi. Sonıń ushın da bul hayallar uzaq ómir súrse itimal.

Usı Samiram degen qalada erkekler de jasağan, biraq olardıń sanı kútá az muğdarda eken. Bul qaladağı barlıq jumıslardı hayallar isleytuğın edi. Keńes ótkeretuğın da, gúnákarlarğa húkim shığaratuğın da, urısqa baratuğın da, ań awlaytuğın da hayallar bolğan. Al erkeklerge bolsa dalağa shığıw qadağan etilgen, olar úylerdi jıynastırıp, balalardı jubatatuğın xızmetshi bolıp sanalğan.

Jubatqanda da tek er balalardı ğana bağadı eken, al qızlardıń hámmesi erjetkenshe bir jerge, Zanay xannıń sarayına jıynalıp, sol jerde tárbiyalanatuğın bolğan.

Bul waqıtta jańa tuwılğan qızlardıń hámmesi tiri qaldırıladı eken-dá, al er balalardı bir jerge jıynap bir qatarğa dizip jatqarıp, olardıń júzden birin ğana qaldırıp, basqaların jıynap tómendegi qasqırlardıń, jolbarıslardıń, arıslanlardıń hám jırtqısh quslardıń aldına jemtik etip tómenge qaray ılaqtırıp taslaydı. Al tiri qalatuğın, dúnyada bunnan bılay ómir súretuğın baxıtlı balanı bir soqır kempir tańlap aladı eken. Onnan keyin soqır kempir tap tăğdirdiń ózindey bolıp balanı qalay kerek bolsa da solay jumsay beretuğın bolıptı.

Kúnlerden bir kúni hayal patsha Zanay júkli bolıp, tuwatuğın ay-kúni jaqınlasıptı. Gúzde aspan kók lipasın taslap, kiyinip jer ústine kóz jasın kól etip tóge baslaydı. Sonda jerge kóz jası kól bolıp tógilip dáryalar tasadı, kóllerge suw lıqqa toladı, sonda da aspandağı kóz jası — suw azaymaydı.

Zanay xannıń tuwatuğın waqtı jaqınlağan waqıtta bir soqır kempir tap usılayınsha eńirep jılay beripti. Ol kóp waqıt jılaptı. Onıń kóz jası kól bolıp, Samiram qalasınıń bórenelerinen tómen qaray ağıptı. Bir waqıtları jılap otırğan soqır kempirdi kórgen xalıq onı qorshap alıp:

— Seniń bunshama jılawıńa ne sebep boldı? — dep soraptı.

Sol waqıtta kempir jıynalğan xalıqqa qarap:

— Házirgi kúnde biziń basımızğa awır qayğı-hásiret túseyin dep tur. Bul qayğı-hásiret biziń xanımız Zanaydıń qursağında... Óytkeni xanımız qız emes, ul tuwa ğoysa barma, jańa tuwılğan náreste biziń hayallar patshalığımızdı qurtadı.

Kempir usını aytıp bolıp burınǵıdan da beter eńkildep jılay beripti. Kempir eńkildep jılay-jılay qápelimde serpilgen dumanday kózden ǵayıp bolıptı. Al kempirdiń otırǵan jerinde shappattay hól qaladı da, ol da há demey-aq quyashqa kewip ketedi.

Usı kúnleri Zanay xan qattı oylana baslaydı. Al hayallar onnan da beter oylanadı. Bir kúni sol qalanıń eń ǵarrı aqılgóyleri jıynalıp, usı tuwralı otız jeti kún, otız jeti tún otırıp oylasıq quradı. Biraq bul oylasıqtan hesh nárse shıqpaydı. Endi qalanıń eń jas aqılgóyleri jıynalıp otız jeti kún hám otız jeti tún otırıp oylasadı. Bunnan da hesh nárse shıqpaydı. Bunnan keyin ǵana ayaqların apıl-tapıl basıp kiyatırǵan birgelki balalar menen qızlardı jıynaydı. Sol jıynalǵanlardı ishinen bir kishkene qız Zanay xanǵa hám pútkil Samiram qalasınıń xalqına qarap bılay deydi:

— Xalayıqlar, sizler nege bunshama qabırǵańız qayısıp qapalanıp oylana beresizler? Bunıń oylanatuǵın hesh nársesi joq, eger Zanay xan ul tuwatuǵın bolsa, balanı alıńlar da tómendigi qasqır, arıslan, jolbarıs hám jırtqısh quslarǵa tslań. Bul bala hesh waqıtta tiri qalıp qatarǵa qosılatuǵın bolmasın!

Qızdıń bul keńesin esitkennen keyin pútkil Samiram qalasındaǵı adamlardıń quwanıshı qoynına sıymaydı. Olar baslarına dónip turǵan bul apattan ońay qutılıwǵa bolatuǵının bilip quwanısadı. Bulardıń, ishinde bir adam — baxıtsız ana Zanay xan ǵana burınǵıdan da beter oylanıp, altın gilemniń ústinde otır. Ol ayıpker adam sıyaqlı xalıqqa qaray almaydı.

Bir waqıtta adamlar xannıń júreginde qanday ǵulǵula bolıp atırǵanın sezip, Zanay xannıń tuwıwın ańlıw ushın dárriw ózi tas júrek, ózi qıraǵı eki jasawıl hayaldı

tawıp keledi. Bunnan keyin Zanay xandı sol eki tas júrek hám qırağı jasawıl hayal menen qosıp hayallar sarayına aparıp qamap qoyadı. Adamlar Zanay xan óziniń analıq júregi shıdamay, balasın ayap saqlap qalıp, óz patshalığına tağı da apat keltirmesin, degen oy menen sol eki hayalğa onı kúni-túni ańlıwdı muqıyatlap tapsıradı.

Zanay xan kópke shekem qıynaladı, azap shegedi, biraq shıdaydı. Minekey Zanay xannıń tuwatuğın waqıt-sáti de jaqınlap qaladı. Ol tuwaman degenshe quyash tek eki ret shığıp, eki ret batıwı kerek edi.

Baxtı qara Zanay xan ózin ańlıw ushın qoyılğan xızmetker hayallarm shaqırıp alıp jalına baslaydı. Ol tas júrek hám qırağı eki jasawıl hayalğa:

— Sizlerge kótergenińizshe altın, saraydan úylerińizge shekemgi aralıqqa tósegende qansha hasıl zat ketse, sonsha beremen. Sizlerden bir ğana tilegim bar, ol da bolsa tuwğan balamnıń aman qalıwına járdem etińizler! — dep jalınadı.

— Joq, biz siziń bul aytqanıńızdı isley almaymız, — dep juwap beredi tas júrek, qırağı hayallar. Bunnan keyin, Zanay xan olarğa:

— Men sizlerge shek taslap emes, al ózlerińizdiń qálegen jigitlerińizge, unağan jigitlerdi hayalınan ayırıp alıp beriwge de wádemdi beremen. Meniń bir tilegim, meniń jańa tuwğan jas nárestemdi aman qaldırsańız boldı! — dep jalınadı.

— Joq, biz bunı isley almaymız, — deydi tas júrek, qırağı jasawıl hayallar.

Zanay xan ne qıların bilmeydi, bası meń-zeń boladı. Kóp oylanadı. Tek Zanay xan emes, al onıń tas júrek, qırağı jasawıl hayalları da oylanadı.

Zanay xannıń tuwıwına sarras úsh saat qalǵan waqıtta bayaǵı tas júrek hám qıraǵı jasawıl hayallar onıń qasına keledi de sıbırlasa baslaydı. Usını sezgen Zanay xannıń júreginde bulardıń kewilin taptım-aw degen quwanıshlı sezim payda boladı.

— Bizlerge usı jerdegi erkeklerden emes, tósekte emin erkin jata alatuǵın, qalaǵa kire almay júrgen jigitlerden kúyew kerek. Eger beretuǵın bolsań sonday erkeklerden ber! — deydi hayallar.

Zanay xan bul hayallardıń aytqan tileklerin orınlaǵısı kelmey kópke shekem shıdaydı. Biraq, tolǵaqtıń eń aqırı minutında, jas náresteniń ińgálaǵan dawısın esitken waqtında:

— Sizler tómende júrgen erkeklerden qálegen jigitlerińdi alıńlar! Tek bir ótinishim, meniń jas perzentimdi aman saqlap qalıńlar, — deydi Zanay xan tas júrek qıraǵı jasawıl hayallarǵa. Bunnan keyin tas júrek, qıraǵı jasawıl hayallar jańa tuwılǵan balanı alıp ketip jasıradı da, bir bóbek qızdı alıp kelip, Zanay xannıń qoynına saladı.

Tas júrek hám qıraǵı jasawıl hayallar dalaǵa shıǵıp kútip turǵan xalıqqa qarap:

— Xalayıqlar! Bir ayaǵı górde, bir ayaǵı jerde bolıp qartayıp otırǵan aljıǵan soqır kempir juwhalıq penen kóz jasın kól qılıp sizlerdi aldaǵan eken. Sonıń ushın da ol kempirdiń janı jáhánnemge ketti. Zanay xan ul emes, qız tuwdı.

Inanbasańlar, minekey, mınaw házir ǵana tuwılǵan qız. Bul jerde eglenbeńler, Zanay xanǵa qutlı bolsın aytıńlar! — dep xabarlaydı.

Bul quwanıshlı xabar, shadlıq sol Samiram qalasınıń hámme jerine, pútkil hayallar patshalıǵında taraladı.

bul xabardı esitkennen keyin hayallar hár túrli jipek tawarlardı, hind oramalları altın, qant, nan-shórekleri menen qutlı bolsınğa barsa, bazı birawleri Zanay xanğa jılqı, qoy-eshki, túyelerden — qullası tórt túlik maldıń hár qaysısınan mıń bastan aydap aparıp beredi.

Bayağı barıp turğan tas júrek hám qırağı jasawıl hayallar ózlerine küyew tańlawğa álle qashan-aq kirisip ketken. Tómende anaday jerde eki atlı jigitti kóredi. Olardıń basında qara qurashı bar. Kózleri túngi bulttan shıqqan juldızday qara qurashtıń astında jalt-jult etedi. Ústilerinde altın zer shapan, al atları basınan tuyağına shekem hár túrli qımbat bahalı taslar qadalğan qayıslar menen bezelgen.

Tas júrek hám qırağı jasawıl hayallar joqarıdan tómenge záńgilerdi taslap jańağı eki jigitti bezengen atları menen qosıp joqarıdağı Samiram qalasına tartıp shığaradı. Bular Samiram qalasında bola beredi. Kún óz waqtında shığıp, óz waqtında batıp, waqıt óz gezegi menen zımırap óte beredi. Kún artınan hápte, hápte artınan ay, ay artınan jıllar ótedi.

Zanay xannıń tuwğan balası basqa bir hayaldıń qolında saat sanap, kún sanap ósse, al usınıń menen birge xannıń asırandı qızı da boy tiklep óse beredi. Solay etip Zanay alıstan óz balasınıń boy-sımbatına qarap quwanıp, hákimlik etiw menen jubanıp júre beredi. Tas júrek, qırağı hayallar da ózleriniń tómennen kóterip alğan kúyewleri menen apaq-shapaq bolıp, tatıw turmısta jasay beredi hám ózleriniń baxtına mardıyıp júredi.

Aradan onlağan jıl ótse de hayallar patshalığınıń ústine hesh jerden bále yamasa apat dónbeydi, hesh qanday qáwip-qáter de bolmaydı. Bunnan keyin Zanay

xan hám onıń tas bawır, qırağı jasawıl hayalları bayağı wáliy kempirdiń ústinen kúlip masqaralaydı.

Zanay xannıń balası kámalğa kelip, Samiram qalasındağı barlıq jigitlerden de sulıw boladı. Oğan Iskender dep at qoyadı. Bunday at elege shekem bul qaladağı adamlardıń hesh qaysısına da qoyılmağan edi.

Bir kúnleri aspanda qap-qara túnergen bultlar payda boladı. Bul qara bult tap Samiram qalasınıń ústinde qaplap turadı. Endi bir báleniń bolatuğını usı qalanıń ústin qaplağan qara bulıttan sezilip turğanday. Dalańlıqtan húwlegen samaldıń dawsınan da apattıń jaqınlağanlığı bilinip turğanday kórinedi.

Samiram qalasında kútá bir awır awhal payda bolıp, qorqınıshlı apat sezile baslaydı. Bul apat kútpegen jerden payda boladı. Usı waqıtlardan baslap erler bir-biri menen ım qağısıp, sıbırlasıp, hayallarğa odırayıp qaraytuğın boladı. Bunnan soń olardıń hámmesi qalanıń ortasındağı úlken bir maydanğa jıynaladı. Olar xannıń jasırıp qoyğan balası Iskenderdi ortağa alıp, onıń qır-dógeregin qorshap turadı. Bulardıń hámmesi birden jabırlasıp, uw-shuw boladı. Biraq bulardıń ishinen ayrıqsha bir adamnıń ğana dawısı esitilip, bir adam hámmeniń atınan sóylep turğanday bolıp seziledi. Al qalğanları onı tıńlap turğanday tım-tırıs. Ol adam xannıń balası Iskender eken. Ol hámme ushın bas qatırıp oylap turıptı.

Erkekler bılay deydi:

— Biz endigiden bılay sizlerdiń górnergen hayal tártibińizge kónbeymiz, endigiden bılay biz siziń hayal xanıńızdı moyınlamaymız. Biz ózlerimizge jańadan Iskenderdi xan etip saylap aldıq, biziń ushın endi jańa xan menen birge jańa zaman da keldi. Bunnan bılay xalıqtı ózlerimiz basqaramız, urısqa da, ańğa da ózlerimiz

baramız, hayallardı da ózlerimiz tańlap alamız, al sizler, hayallar bizlerdiń ornımızda úylerde jumıs isleysizler, bala baǵıw, bizlerge palaw pisirip beriw, kiyim tigip beriw — hámmesi sizlerdiń moynıńızda boladı.

Sonıń menen birge biziń balalarımızdı — jas nárestelerdi tómendegi qasqır, arıslan, jolbarıs hám jırtqısh quslardıń jemtigine taslawǵa jol qoymaymız. Baslarıńızdaǵı oq ótpes, qılısh kespes kiyimlerińizdi bizlerge beriń, al sizler ózlerińiz shoyın menen qoladan quyılǵan qazanǵa hám qumanlarǵa iyelik etińler. Ótkir qılıshlardı, uzın nayzalarıń menen juwan arqanlarıńdı, oqjay menen oqlarıńdı bizlerge berińler, al ózlerińiz qollarıńa iyne, bel, kesew hám qazan bılǵaytuǵın shómish alıp, úy xızmetin isleńiz. Egerde sizler óz eriklerińiz benen aytqan nárselerdi bermeseńler onda bizler kúsh jumsap zorlıq penen alamız. Pútkil hayallar bolıp biz benen urısıwǵa shıǵasızlar, kimniń kúshi basım bolsa, sonıń aytqanı boladı.

Zanay xan erlerdiń bul qılǵan isine qattı qáhári kelip, pútkil hayallardan dúzgen láshkerlerin bir jerge toplayıq da, ózi qolına qılıshın alıp erler menen sawashqa kirisip ketedi. Otız jeti kún, otız jeti tún qırǵın urıs boladı. Samiram qalasınıń barlıq kósheleri hám maydanları qanǵa boyaladı.

Bul qırǵın sawashta hayallar erlerden basım keledi. Sebebi erler az. Júz hayalǵa bir erkekten keletuǵın bolsa, onıń ústine erler mush penen ursa, hayallar qılısh penen, nayza hám sarıjayları menen qırǵınǵa ushıratadı. Zanay xannıń láshkerleri erkeklerdiń ólgeninen qalǵanların qolǵa túsirip, olardı úsh tárepten orap qorshap aladı, al olardıń xanı Iskenderdiń qol ayaǵın qıldan esilgen arqan menen baylap alıp ketedi.

Hayallar patshalığınıń qızları keńeske jıynalıp, bağınbağan, barlıq bále hám apatqa sebepshi bolğan, qalanıń ortasındağı dóńgelek maydanshada turıp, hayallar menen arıslanday ayqasqanlardı jazalawğa kirisedi. Kórgen adamlardıń qorqıwdan tóbe shashı tik tursın degen oy menen Iskenderdi qattı qıynap, azap-aqıret berip óltiriwge húkim shığaradı. «Onıń júregin iymekten kelgen ótkir pıshaq penen kesip alıp, onı uzın nayzanıń ushına ildirip qalanıń ústine qadap qoyıw kerek. Onnan keyin tiriley terisi sıyırıp alınıp, terisin sıyırıp alğanda da kútá ástelik penen hár saatta alaqanday jeri kesip alınsın», dep kórsetilgen edi usı shığarılğan húkimde. Bunnan keyin «ózin-ózi xan kótergen Iskenderdi Zanay xannıń ózi óz qolı menen óltirsin», — dep uyğarıladı.

Iskenderdi jawızlarsha azaplap óltiriwdi hámme adam kórsin hám onıń ólimine adamlardıń kewli tolıp quwanısın, degen máqset penen onı qalanıń eń biyik jerine shığaradı.

Zanay xan ólim jazasına húkim etilgen balanıń qasına kelip, oğan tigilip qaraydı, biraq kózi hesh nárseni kórmeydi. Ol óziniń baxıtsız balasın da, ján-jağın qorshap alğan dúrkin-dúrkin adamlardı da, óziniń qalasın da, patsha sarayın da hátte, aspandı da kórmeydi. Onıń kózi nur shashıp turğan kúnniń shuğlası da shağılıstıra almaydı. Hámme nárse onıń jasqa tolğan kóz aldında dumanday bolıp buldırap kórinedi.

Zanay xannıń eki kózinen aqqan jas qızıl qıya qumlar menen qorshalğan batıstağı alıs teńizge qaray ağa basladı. Házirgi Ámiwdárya hám Sırdárya sol Zanay xannıń kózinen aqqan jasınan payda bolğan, degen ańız sóz el ishinde payda bolıptı.

Zanay xan ana emes pe, ol qolındağı ótkir qanjarın kótereyin dese qolı láń bolıp qalğanday qıymıldamaydı.

temirdey qatıp qalǵan. Bunnan keyin Zanay xan óziniń qol astındaǵı pútkil hayallardıń aldında turıp óz qılmısın moyınlap, ókinip bılay deydi:

— Xalayıqlar, shınında men sizlerdi aldaǵan edim. Men ózimdi de, pútkil hayallar xanlıǵın da qurttım, bul iste maǵan meniń sadıq malaylarım bolǵan tas júrek hám qıraǵı jasawıl hayallar járdem berdi. Men qız emes, al ul tuwdım. Men onı sizlerden jasırdım, minekey mınaw meniń balam, tap ózimniń qursaǵımnan shıqqan balam. Bayaǵı soqır kempir shın gápti aytqan edi, biraq bizler sol durıs sózdiń ústinen mazaqlap kúldik. Men óz qursaǵımnan shıqqan balamdı, ózimniń tuwǵan perzentimdi óltirgennen góre pútkil patshalıqtı joq etkenim, onnan qala berse usı iymek ótkir qanjardı ózime urǵanım abzal.

Xalayıqlar, men ayıplıman, balamnıń ornına birinshi bolıp ózim ólemen! — dep Zanay xan qolındaǵı ótkir qanjarın tuwra kókiregine qadap, tap júrektiń qaq ortasınan urıp jiberedi. Usı waqıtta xan astındaǵı altın zer menen naǵıslanıp toqılǵan gilemniń ústine shalqasınan qulaydı.

Sol zamatı-aq aspan selk ete qalıp, onı qara bult qaplaydı hám hayallar patshalıǵınıń qalası Samiramnıń bóreneleri qıshırlay baslaydı. Hayallardıń bári birden awır gúrsinedi, al erler ǵalaba shadlıqqa bólenip, quwanıshı qoynına sıymaydı.

Hayallardıń úreyi ushıp ketti, olardıń jan-zárresi qalmay úylerine tım-tıraqay qashıp ketip, quwıs-qoltıqqa barıp jasırına baslaydı. Al qural-jaraqların qorıqqanınan kóshelerge taslap ketti.

Erler sol qural-jaraqlardı jıynap alıp, úylerdiń esiklerine sırtınan náhán qulıp urıp endigiden bılay

qalaǵa óz bilgeninshe hákimlik ete baslaydı. Erler hayallar patshalıǵın ózine baǵındırǵannan keyin hámme hayallardı óz-ara teńdey bólisip aldı. Biraq erler az da, hayallar kóp edi. Sonlıqtan da hayallardı bóliskende bir erkekke júz hayaldan tuwra keldi. Sol waqıttan baslap bir hayal bir erkekke tiyisli bolıptı. Biraq onı da basqa hayallar menen sheriklesip alıptı. Al erkeklerdiń bolsa bir neshe hayalları bolıp, qaysı hayalın jaqsı kórse, sol hayalınıń úyine barıp jatatuǵın bolıptı.

Sonıń menen hayallar patshalıǵınıń altın dáwiri pitipti, onıń ornına házirgi dáwirdey keńislik zaman emes, al basqa bir oǵada qıyın, zimistan dáwir baslanıptı.

Náhán awır qulıplar, biyik diywallar, awır qayǵılar, kól bolıp tógilgen kóz jasları... otız mıń jıl burın zaman usılayınsha baslanıptı hám taǵı da otız jeti mıń jıl dawım ete beredi.

Al usı qulıplardı sındıratuǵın, záwlim biyik diywallardı qulatatuǵın, awır qayǵıdan azat etip, xalıqtıń kóz jasın súrtetuǵın, bir ǵana hayal keledi. Al usı hayaldıń ózi uzaq arqadan ushıp keliwi kerek. Onıń shashı qarday appaq, kózi teńiz suwınday móldir, kókiregi muz benen qaplanǵan tawday, biziń hayallarımızdıń basınan onıń sol analıq kókireginen ıtqıp shıqqan shıpanı aq súti quyıladı.[1]

## BILGISH SHOPAN

Áyyemgi zamanda bir ǵarrı menen kempirdiń bir balası bolıptı. Olardıń nársesi joq, ash-áptada jasaptı.

---

[1] Arqadan bolatuǵın hám Orta Aziyadaǵı xalıqlardıń barlıq turmıs dúzilisin qayta dúzeytuǵın qanday da bir qúdiretli kúsh haqqındaǵı boljawlar, bul jerlerde jasawshı xalıqlardıń arasında keńnen tarqalǵan (J. Karazin).

Olar balanı on-on beske shıqqansha tapqan-tutqanı menen álpeshlep asıraydı. Bala erjetip bir bayǵa shopan boladı. Shopan bala baydıń qoy-eshkilerin baǵıp, qıya shólde júrse: «men óldim, maǵan adam balası bolsań qol berińler» — degen dawıstı esitedi. Qayaqtan shıqtı dep ań-tań bolıp qarap tursa, dawıstıń bir qudıqtıń ishinen shıqqanın biledi. Qudıqtıń awzına barıp úńilse, túbinde bir hayal shırqırap:

— Meni shıǵarıp alıńlar, men músápirmen, — dep baqırdı. Shopan bala biraz oylanıp turadı da:

— Qoy bolmas bul biysharanı birew dushpanlıq penen ólsin dep qudıqqa taslaǵan shıǵar, nede bolsa shıǵarıp alayın dep oylaydı. Eshkilerden, qoylardan jún qırqıp, uzın arqan esedi. Qudıqtıń awzındaǵı tastı alıp, hayalǵa arqannıń ushın taslaydı.

— Al usı arqannıń uzın belińe bekkem bayla, eki qolıń menen arqandı usla, men seni tartıp alaman, — deydi. Hayal arqandı beline baylap arqandı eki qolı menen bekkem uslaydı, shopan hayaldı sırtqa shıǵarıp aladı. Qarasa sın sımbatlı, kelisken bir jas kelinshek eken.

— Sen ne qılıp atırsań, seni kim qudıqqa tasladı, ne sebepten tasladı? — deydi.

— Men bir jarlınıń qızı edim, áke-sheshem bir patshanıń balasına berip qoyıp edi, men onıń menen ketpey, bir jarlınıń balası menen qashıp ketip edim, keynimnen patshanıń balası quwıp kelip, kúyewimnen zorlıq penen tartıp alıp, usımanǵa kelgende, usı qudıqqa taslap, awzın tas etip bekitip ketti, —deydi hayal. Shopan kelinshekti qudıqqa taslap ketken adamlardıń túr-túsin, qayaqtıń adamı ekenin, haslı zatın sorap aladı da, kelinshekke:

— Jónekey sen biziń úyge bar, pálen jerde turadı, sonda biziń kempir-ǵarrı bar, solar menen tanıs, biziń ǵarrıǵa ayt, maǵan shaqqan kelsin? — deydi.

Kelinshek ketken soń uzamay-aq shopannıń ákesi keledi. Shopannan bala qoy-eshkilerin ákesine taslap, kóriskenshe xosh bol áke, dep ketedi. Ákesi túsinbey hayran bolıp qala beredi.

Shopan bir neshe kún jol júrip, bir elge barsa, kóp adamlardıń bir jerde toplanıp turǵanın kóredi. Barıp qarasa, eki adam gúresip atır eken. Bir hayal gúresip atırǵan eki adamnıń birewiniń ayaǵınıń astına kúl, ekinshisiniń ayaǵınıń astına tarı shashıp júr eken. Shopan gúresip atırǵan adamnıń qasına barıp olardı toqtatadı. Bunıń bet-ápsherine kózin tikken basqalar:

— Áy, ne qılǵan adamsań, nege toqtatasań olarda ne isiń bar? — deydi.

— Sizler bilmeysiz, ana hayaldı shaqırıń, sorayıq, gúresip júrgen adamlardıń ekewi de birdey adam. Ne ushın mınanıń ayaǵınıń astına tarı, ananıń ayaǵınıń astına kúl shashadı? — deydi. Adamlar hayran boladı, gúres te toqtaydı. Tarı menen kúldi shashıp júrgen hayal shopannıń qasına keledi. Shopan hayalǵa qarap:

— Sen ne ushın usılay etip júrseń? — dep úshinshi mártebe soraǵanda:

— Durıs sen bir aqıllı bala ekenseń, meniń niyetimdi bildiń, endigisin soramay-aq qoy? — dep mıyıǵın tartadı.

— Joq, men bilgen menen mına adamlar buǵan tolıq túsinbey tur, hámme bilsin dese, hayal qıp-qızıl, bolıp lam-mim hesh nárse aytpaydı. Shopan adamlarǵa qarap:

— Áne kórdińiz be? Úndemey turǵannan ańlań. Gúresip atırǵan ekewdiń birewi jarlı, birewi bay, mınaw hayal da baydıń qızı jarlınıń ayaǵınıń astına tayıp jıǵılsın

dep, tarı shashıp júr, sizler abaylamadıńız, — deydi. Bul sózge, birazlar ashıwlanadı, birazlar quwanadı. Gúreske jıynalǵan adamlar ekige bólinedi. Sóytip qápelimde jánjel baslanıp, birewlerdiń qolı sınadı, birewlerdiń kózi shıǵadı, birewler óledi. Balanıń sózin quwatlawshılar kóbiyedi. Aqırında, balanıń táreptarları jeńedi. Jańaǵı hayal darǵa asılıp, jıynalǵan xalıq ta tarqasadı. Bala jolına túsip kete beredi.

— Bir neshe kúnlerden keyin usı jerdegi hayallar bizler gúres tuttırıp tamasha etip atırǵanda, bir bala kelip, shırıshımızdı buzdı, jıynalǵan adamlardı ekige bólip tóbelestirdi, bir hayal darǵa asıldı, sol baladan darǵa asılıp óltirilgen hayaldıń qunın talap etemiz dep, eldiń patshasına arız qıladı. Patsha arızdı diywanına oqıtıp, esitkennen keyin, bul awhal qashan bolıp ótti dep nemǵuraydı sorastıra baslaydı. Adamlarǵa qanaatlandırǵanday juwap ta aytpaydı. Arzagóyler bir-birine qarasıp, «qazıǵa barsań, qurı qol barma, bir nárse alıp bar» dep burıngı ótken ata-babalar durıs aytıp ketken patshaǵa qolına bir nárse qısıp barmasań awzına ılay súykeydi, hesh nárse alıp ákelmegen soń jumısıńızdı da pitkermeydi dep ókpelep qaytıptı.

— Bala júrip otırıp, bir patshanıń eline baradı. Qalaǵa barıp, bir kempirdiń úyinde qonaq bolıp otırıp, bayaǵı óziniń shıqqandaǵı jumıslarınıń baǵdarın soraydı.

— Ol usı biziń patshanıń balası, qudıqqa taslanǵan biziń patshanıń balasınıń pátiya oqıp qoyǵan qalıńlıǵı edi. Patshanıń jillisımaq nemesin qálemey, bir jarlı menen qashıp ketip edi. Patshanıń balası keyninen barıp zorlıq penen alıp, qudıqqa taslap kelip edi, — deydi úy iyeleri. Shopan jigit:

— Patshanıń sol balası házir qayda hám om qalay kóriwge boladı? — deydi.

— Men kórip keleyin, eger ol usıkáralarda bolsa, seni alıp barıwǵa, onı kórsetiwge járdem bereyin, — dep kempir úyden shıǵıp ketedi. Uzamay-aq kempir asıǵıp úyge kiredi:

— Balam, biziń patshanı quday qarǵaptı, ol jası alpıstan ótken ǵarrı-kempirlerdi óltiriń dep buyrıq beripti, házir hámme xalıq kempiri menen ǵarrıların óltiriwge alıp baratır. Men de jazıqsız óletuǵın boldım, — dem kempirdiń awzı kemseńlep jılay beredi. Shopan jigit:

— Jılama kempir, men buǵan da ámel tawıp beremen. Seni óltirmey aman alıp qalaman, ǵarrılardı da waqıtsız ólimnen qutqaraman, — deydi de patshanıń aldına baradı. Qáhári kelgen patsha buǵan da kempirińdi óltir dep buyrıq etedi. Jigit patshanı aldamaq bolıp, «elińizdiń shetine jaw keldi, onnan da soǵan kúshińizdi salıń» dep patshanıń betine bejireyip qaraydı. Patsha hawlıǵıp, eli-jurtın jıynap, jaw-jaraǵın saylan urıs maydanına atlanadı... Jazdıń kúni. Kún ıssı. Sol ıssıda úsh-tórt kún jol júredi. Aldınan hesh tuw kótergen jaw shıqpaydı, shóllegen xalıq qaynaǵan ıssıda ishkendey bir jutım suw taba almay, hayran bolıp suw tabıwdıń jón-josaǵın sorastırıp xabar bere baslaydı. Sol waqta bayaǵı jigit:

— Patshahım, suw tabıwdıń jolın bizden burın kóp kóylek tozdırǵan, turmıstıń kóp qıyınshılıqların basınan keshirgen ǵarrılar biliwi kerek edi. Olardı da shetinen qırıp boldıńız, — deydi. Patsha jigitke:

— Onda qaydan bolmasın ǵarrı tap, kempir tap, qullası, solardıń aqılı menen suw tap! — dep ámir etedi. Jigit oylamp turıp, jaqsı suw tabayın dep shıǵıp ketedi de, bir maydannan soń aynalıp keledi.

— Patshahım, bir ógiz tabıń, sol ógiz suw tawıp beredi, — deydi. Sóytip bir ógizdi aldına salıp alıp, jigit

júre beredi. Bir jerge barǵanda jańaǵı ógiz bir túp jantaqtıń túbin ayaǵı menen tırnap, móńireydi. Adamlar sol qaranı qazıp qarasa, suw shıǵadı. Shóllegen xalıq suwsının qandırıp alǵansoń, patsha:

— Saǵan bul aqıldı kim úyretti, kimnen bildiń? — dep shopan jigitten soraydı. Jigit «ǵarrılardıń bergen aqılı menen etken isim edi», — dep tuwrısın aytadı. Patsha, men ǵarrılardı bilmey óltirgen ekenmen, kempir-ǵarrı usınday qıyın kúnlerde kerek eken, bizlerdi ólimnen qutqaradı eken, dep endigiden bılay kempir-ǵarrılardı ólimnen qutqarıwǵa buyrıq beredi. Shopan jigit:

— Patsham, men sizge eldi jaw shabayın dep atır, — dep aytqanımnıń usınday mánisi bar edi, tiykarında jaw joq, kempir-ǵarrılar ólimnen azat boldı, endi keyin qaytsaq ta boladı, — deydi. Patsha pánt jep ernin tisleydi, jigitten aldanǵanına qapalanadı. Oǵan jamanlıq eteyin dese, jigittiń qolınan hár bále keletuǵının patsha bilip, eger men bul jigitke qıyanet eteǵoysam, bul meni jasatpas, nede bolsa házirshe úndemey-aq qoyayın deydi de, qalaǵa qaytadı. Qaytıp kiyatırıp patsha jigitke bir gúrriń ayta júr deydi. Shopan jigit:

— Patshahım, kórgenimdi aytayın ba, bilgenimdi aytayın ba, ya esitkenimdi aytayın ba? — degende, patsha oylanıp turıp:

— Bárinen de ayta ber? — deydi. Sonda shopan jigit:

— Nede bolsa esitkenimnen aytayın, — dep patshanıń balası jayında ańqawsırap sóz qozǵaydı.

— Ótken waqıtta bir patsha bolǵan eken, patshanıń bir balası bolıptı, oǵan bir kúnleri bir jarlınıń qızın ayttırıptı, ol qız patshanıń balasın qálemey, birew menen qashıp ketken eken. «Atı júrmegen arbasınıń arısın tóbeleydi» degendey qızdı qashıp barǵan jerinen zorlıq

penen tartıp alıp, quw maydandaǵı bir qudıqqa taslap ketipti dep esittim. Shın bolsa patshanıń da, balasınıń da aqımaqlıǵı ǵoy. Balasına qız qurıyma eken, ol ne qılǵan haywan adam edi taqsır, — deydi. Patsha óziniń islep otırǵan isin aytqanına qıypaq-sıypaq etip:

— Ey, bul ótirik nárse ǵoy, olay bolıwı múmkin emes, — deydi.

— Ótirik bolsa otırǵan jerimde, ya turǵan jerimde jabısıp qalayın de patshahım — deydi jigit. Shopan jigit jasta bolsa oylı, duwaxan, hár nárse qolınan keletuǵın oqımıslı edi. Birewdi jerge jabıstıraman dese, aytqanın isley alatuǵın edi. Patsha bunıń sózine qáhárlenip, jigitti qamıshǵa tutpaqshı bolıp tap berip umıtıla bergende, patshanıń ayaǵı jerden qozǵalmaydı. Om urıwǵa qasmdaǵı wázirlerine buyrıq beredi, biraq olardı da jigit turǵan jerinde qatırıp taslaydı. Endi jigit bir ózi qalaǵa qaytıp patshanıń saraylarına kiredi. Onıń balasın da kóredi. Patshanıń balası:

— Kim bul meniń jayıma juwapsız kirip júrgen! — dep shawqım saladı. — «Jallad! Biziń jayǵa urı keldi, uslań há uslań!» dep dawrıǵadı. Bir jaǵınan patshanıń hayalları, ekinshi jaǵınan jalladlar keledi. Jigit bárin de duwalap, iyt etedi. Patshanıń bir inisi bar edi, onı at etip ústine er salıp awzına suwlıq salıp, ústine minedi. Patshanıń er jetken qızı bar eken, onı artına mingestiredi. Patshanıń on bes wázirin túye etip ústine júk artadı. Bayaǵı ózi qonǵan jerdegi kempirdi túyege mindirip óziniń jurtına qaytadı. Biraz kúnlerde eline keledi, ata-anası, tuwǵan-tuwısqanları menen kórisedi. Bayaǵı qudıqqa taslanǵan hayaldı shaqırıp alıp patshanıń balasın kórsetedi. Sóytip bilgir jigit xorlıq kórgen xalıqtı zalım patshanıń temir tornan azat etedi.

## ZIYBA MENEN ZIYNEP

Burıngı ótken waqıtta bes qala soramında bir patsha bolǵan eken. Ol patshanıń perzenti bolmay, jası eliwden asıp, endi dúnyadan balasız ótetuǵın boldım dep árman qılıp júrgen waqıtta háyeli júkli bolıp, mezgilli kúni jetken soń bir qız tuwadı. Patsha qatınınıń saw-salamat tuwǵanına quwanıp, óz ámeldarların shaqırıp, úlken zıyapat — toy berip, qızına oylanıp otırıp at qoyadı. Zeynim qapa bolıp júrgende kórgen balam edi, qızımnıń atı Ziyba bolsın dep, óz pikirin bildiredi. Barlıq jıynalǵan ámeldarlar bul atın maqul kórip, qızdıń atı Ziyba boladı.

Kúnlerden bir kúni qız altı jasqa shıǵadı, mektepke berip oqıtadı, qız on tórt jasına jetkende sawatlı, kitap oqıytuǵın molla boladı. Qızdıń sulıwlıǵı, onıń aqıl kórgen adamlardı hám ata-anasın tańlandıradı. Qız on bes jasına shıqannan soń ata-anası óz aldına úlken bir saray saldırıp, ol saraydı hár túrli naqıshlı órnekler menen bezep, átirapınan adam óte almastay úlken or qazdırıp, bir jerden esik dárwaza qoydıradı. Sonıń menen birge Ziyba jalǵız bolmasın dep elden bir júz eliw qızdı tańlap alıp, qasına keltirip qoyadı. Ziyba on segiz jasqa shıǵıp, qız bolıp erjetip, óz qatarı, jigit-jeleń menen oynap kúliwdi esine ala baslaydı. Qasına qızlardı ertip hár kúni sayranlap óziniń baǵında joqarıda tiklenip qoyılǵan kóshkisine shıǵıp átirapqa kóz taslaydı. Kúnlerden bir kún joqarıdan tómenge qarap turǵanında kósheden ótip baratırǵan arbasına qos at jekken, hasıl jipek kiyimler kiygen, beline altın degment, basına qamqa bórik, ayaǵına altın gewish mási kiygen bir baybatsha arbasın toqtatıp joqarıda turǵan Ziybaǵa kózin tigip, sol jerde taltayıp toqtap qaladı. Ziyba bul

jigittiń toqtap qarap turǵanınan uyalıp, ishkeri kirip ketedi. Jańağı baybatsha sol qarawında qarap turıp qızdıń sulıwlıǵına hayran qalıp, taǵıda bir shıqpas pa eken degen oy menen qarańǵı túskenshe qarap tura beredi. Aqırında, qaytıp shıqpaǵannan soń barlıq bazar jumısınan bos qalıp, murını salbırıp keshke úyine qaytıp keledi. Úyine keliwden ata-anasına hesh sóz aytpay, Ziybanıń ıshqında jer bawırlap jatıp aladı. Baybatshanıń Ziynep degen qatını bar edi, bul bir kámbaǵal ǵarrınıń qızı edi. Ziynep júdá aqıllı, ziyrek boladı. Baybatshanıń da atası ol qızdı qarawsız qalǵan soń óziniń qolına alıp, erjetken soń balasına hayal qılıp bergenine eki jıl bolǵan edi. Qapa bolǵan kúyewiniń awhalın sorap, sizge ne boldı, turıńız sırıńızdı aytıńız, bálki dártińizge dawa tabılar dese de, baybatsha sol kúni tań atqansha sóylespey jatıp aladı. Erteńine tań atıp kún shıqqan soń qos at jekken arbanı qostırıp, baybatsha patsha qızı Ziybanıń sarayına qarap júrip ketedi. Bayaǵı kelgen jerine kelip, joqarı kóshkiden kózin ayırmay qarap tura beredi. Ziyba qız baybatshanıń kelgenin azan menen kórgen bolsa da, keshke deyin bul jerge shıqpaydı. Kún batıwǵa jaqınlaǵan waqıtta qız kóshkige, kelip baybatshaǵa qarap bir oralǵan bir nárseni taslaydı da qaytıp úyine kirip ketedi. Basqa hesh qanday sóz aytpaydı. Baybatsha bul orawlı nárseni alıp qarasa, kishkene oramalǵa oralǵan bir dana altınnan puw berilgen qaqpaqlı chaynik eken. Bul chayniktiń ne mánisiniń barına túsinbey hám de meni chaynigi joq, shay ishsin dep berdi me eken, men chaynikke zaı emes edim dep oylanıp úyine qaytadı. Baybatshanıń hayalı Ziynep taǵıda baybatshanıń qapa bolıp kelgenin kórip awhalın soray basladı. Sol waqıtta baybatsha qatınına ashıwlanıp, sen meniń awhalımdı bilgen menen meniń

dártime em bola almaysań, — deydi. Ziynep eriniń qısılǵanın kórip óziniń aqılınıń qanday múshkil is bolsa da, sheshetuǵınına kózi jetip:

— Siz aytıń esabın men tabaman, — deydi. Sol waqıtta baybatsha keshe Ziybaǵa barǵanın, kúni menen turǵanın, Ziybanıń qaytıp shıqpaǵanın, úyge qaytıp kelip taǵı barǵanın, kún batıwǵa jaqınlaǵanda Ziybanıń kóshkige shıǵıp bir chaynikti qaqpaǵı menen bergenin aytıp, mınaw bergen chaynigi, basqa hesh nárse joq, men túsinbedim, — deydi. Zeynep tez chaynikti qolına alıp kórip, sırdıń barlıǵın túsindiredi. Juwabın alıw da júdá qıyın edi. Solay bolsa da, basta sheshimin tawıp beremen degen wádeni berip qoyǵanı ushın Ziynep bul chayniktiń mánisin ayta baslaydı. «Quday qosqan qosaǵım baybatsha siziń keshegi kórgenińiz, patshamızdıń qızı eken. Xalıqta naqıl bar edi: «Xannıń qızın kim burın qasında kórse sol aladı» degen. Xan qızı sizdi jaqsı kórip súygen bolsa kerek. Mınaw bergen altın chaynik — ákemniń altın qaqpaqlı qudıǵı bar degeni, sol jerge búgin keshke kelińiz, sol jerde ushırasamız dep sizge jumbaq qılıp beripti» — deydi.

Bul sózdi esitken baybatsha kún batqan soń aytqan jerdegi qudıqqa barıp patshanıń qızın kútedi. Bir zaman kútken soń uyqısı bólinbegen baybatsha kózine uyqı tıǵılıp, kútip otırıwǵa máderi qalmaydı. Qalǵıp otırıp uyıqlap ketedi. Baybatsha shın uyqıǵa ketken waqıtta, el ayaǵınıń dúbiri basılǵan waqıtta qasına eki qız alıp Ziyba wáde bergen qudıq basına jetip keledi. Kelse baybatsha uyqılap atır. Ziyba qız baybatshanıń qasına kelip kóp waqıt kútip otıradı. Baybatsha uyqısınan turmaydı, qız kelgenine bir az qapa bolsa da, óziniń bergen jumbaǵına túsinip, aytqan jerine kelgenine

baybatshanı aqılı bar ǵoy dep jáne biraz kútedi. Bunda da baybatsha turmaydı. Aqırında qız ketiwge tayarlanadı. Biraq óziniń kelgenin bildireyin dep, baybatshanıń qoynına bir jup altın teńge salıp, ózi ketip qaladı. Baybatsha tań atqansha jatıp uyqısı qanǵan soń túrgelip qarasa, qasında qız da joq, basqa adamda joq. Meniń qatınım meni aldaǵan eken, meni aldap jiberip, basqa birew menen bolıp júr eken, usıdan barıp qatınnıń jazasın bereyin, dep baybatsha úyine ashıwlanıp qaytadı. Úyine kele qatınına kiyligip, «sen meni aldapsań, patshanıń qızı kelmedi» deydi. Sol waqıtta aqıllı Ziynep shıdam berip, «bulay bolıwı múmkin emes edi. Qánekey belbewińdi shesh, patsha qızı kelgen bolsa bir belgi bergen shıǵar», deydi. Belbewin sheship atırǵanda eki altın teńge túsip qaladı. Bunı kórip baybatsha hayran boladı, taǵıda bul ne sebep dep qatınına soraydı. Mınaw altın teńgeni patsha qızı salǵan. Bunıń sheshimi: ekewmizdiń de basımız altın edi, usı teńgedey qosılıp sóylesemiz ǵoy dep kelip edim degeni dep Ziynep juwap beredi. Baybatsha awhaldı kórip, endi ne qılaman, kózime uyqı tıǵılıp uyqılap qalǵanım ras edi dep moyınlaydı. Ziynep baybatshaǵa aqıl berip:

— Siz búgin taǵıda qız kóshkisine barıńız, taǵı bir nárse berer sonı alıp kelińiz, taǵı ne der eken? dedi. Baybatsha attı jegip, túymeli arbasına minip bayaǵı patsha qızınıń kóshkisine taǵı baradı. Azannan keshke deyin qarap tura beredi. Kesh bolǵanda qız shıǵıp, taǵıda bir orawlı nárseni taslaydı da, qaytıp úyine ketedi. Baybatsha bunı ashıp qarasa, bir taraq penen bir alma salǵan. Bunı qolına alıp, há degenshe irkilmey úyine kele sala qatınına kórsetedi. Al bul taraq penen almanıń sebebin hám sheshiwin tap deydi. Ziynep alma

menen taraqtı qolına uslap turıp: «meniń ákemniń bağınıń sırtında bağqa hesh kim kirmesin dep qoldan jasağan toğayı bar, ol toğaydıń qalıńlığı usı taraqtıń tisiniń tığızınday, sol toğaydan qalay da bolsa óterseń, onnan soń bir úlken alma bar, soğan kelip meni kút, soğan ózim kelemen degen sózi», — deydi. Baybatsha kún batqan soń aytılğan toğaydan ótip, almalı bağdı tawıp, barıp kútip otıradı. Bir az otırğannan soń baybatshanıń kúndegi uyıqlaytuğın waqıtı keledi. Kútip otırıwğa shıday almay uyıqlap qaladı. Aradan kóp waqıt ótkennen soń Ziyba qasında úsh qız benen wáde etken jerge jetip keledi. Bağdıń ishin aralap júrip, baybatshanıń tağı da uyıqlap qalğanın kóredi. Ziyba qız janında bir az kútip otıradı, baybatshanıń oyanatuğın túri bolmağannan soń qasındağı qızları menen otırıp ástelep qosıq ayta baslaydı. Bunda da baybatsha oyanbaydı. Bunnan soń qız baybatshanıń qasına kelip, qoynına bir gúmis teńge, bir mıs teńge saladı da úyine qaytıp ketedi. Baybatsha azanda tursa, janında heshkim joq. Belbewin sheship qarasa, bir mıs teńge menen bir gúmis teńgeniń qoynına salınğanın kóredi. Bunnan soń bul sırdıń ne ekenin túsinbey qaytıp kelip, qatınına bolğan awhaldı bayan qıladı. Ziynep gúmis hám mıs teńgeni qolına alıp otırıp, bunıń sheshiwi bılay deydi: basıma teńgergen baybatsha, siziń keshegi altın basıńız búgin mıs bolıptı, sebebi mınaw mıs teńge sizdi usatıp, izlep kelgen ózin sizden artıq altın qılıp qız tağı qaytıp ketipti». Bunnan soń baybatsha endi ne qılaman dep soraydı: — Tağı bir mártebe keshegi jerge barıńız, qız xalqı jigitti úsh mártebe sınaydı, degen bar edi. Tağı bir nárse berer, sonı alıp kel, onnan soń tağı bir ilajın islep kórermiz, — deydi Ziynep.

— Baybatsha qos at qosqan túymeli arbasın minip Ziyba qızdıń kóshkisine qarap júrip ketedi. Kóshkiniń astına kelip tağıda kútip turmaq penen boladı. Qız buğan júdá kesh shığıp, bir nárseni orawlı taslaydı da, qaytıp úyine kirip ketedi. Oramaldı ashıp qarasa, bir ayna menen bir qara tastı kóredi. Bunıń ne mánisiniń bar ekenine tusinbey baybatsha úyine qaytıp keledi. Ayna menen tastı alıp kelip qatınına beredi. Ziynep qolına ayna menen tastı uslap turıp: «qara tastay qatıp bunnan bılay qansha kútip kelseń de ekinshi shıqpayman» degen sóz . Mınaw ayna bolsa, «meniń usı kóshkime jaqın kórinip turğan jerde bir úlken hawız bar, sonıń qasına kel degen sózi eken». Baybatsha sol hawız boyına ketpekshi boladı, óziniń uyıqlap qalatuğınnı esine túsip, oylanıp qatını Ziynepke qaraydı. Ziynep óziniń aqıllılığı menen eriniń bir járdem sorap turğanlığın bilip: «Men siziń uyıqlap qalmawıń ushın bir iláj jasasam sonı islep barsańız. Búgin Ziyba qız benen diydar kóriser edińiz» deydi. Bul aytılğan sóz baybatshağa maqul túsedi. «Qalay qılsań da bir ámel isley kór, áytewir men uyıqlap qalmayın» deydi. Qız qolına bir ótkir pıshaq alıp, baybatshanıń barmağınıń ústinen az ğana kesip azıraq duz saladı. Barmaqtıń kesken jeri ashıp, baybatsha baqıra saladı. Sol waqıtta Ziynep «bir azdan keyin ashığanı tınadı, sol waqıtta janıń ráhát tawıp tağı uyqıń keledi, sonda mınaw duzdan tağıda sal dep duz beredi. Bul duzdıń ashıwı menen uyqıń ashılıp keter. Qısqası, Ziyba keshikpey keler, ol seni kórip aman-sawlıq sorasıp bolğan soń sarayına shaqırar, qız benen birge erip bararsań, barğansha bul duzdıń ashıwı da qalmas, solay qılıp búgin árman qılğan ashığıńız benen kórisip,

qaytarsız» deydi. Bul hiylelerdiń barlığın bilip alıp, baybatsha tağı da júrip ketedi.

Aytılğan hawızın tawıp alıp, kútip turıp kúndegi uyıqlaytuğın waqtında uyqısı keledi. Ziyneptiń aytqanınday etip barmaqtıń kesilgen jerine duzdan saladı. Barmağı uwday ashıp, uyqısı chayday ashıladı. Usınday qılıp kútip turğanda Ziyba qız óziniń eń jaqsı dostı bir qız benen kelip qaladı. Qız kópten beri árman qılğan baybatshanıń kútip turğanın kórip quwanıshlı sálem berip, kórisedi, aman-esenlik sorasadı. Baybatshanı óz sarayına shaqıradı. Baybatsha da Ziyba qızdıń shaqırıwına tayar turğan emes pe, izinen júre baslaydı. Sarayına kelip túrli tamaqlardan jep, mazalı sharaplardan Ziyba qız benen birge iship, kúlip oynap, dem alıp, sol jerde jatıp qaladı. Uyqısı bólingen qız hám uyqığa shıdamlığı joq baybatsha sol oyın kúlki menen tańnıń atqanın, kúnniń batqanın, sáske tústiń bolğanın bilmesten jata beredi.

Endigi sózdi qızdıń atasınan baslayıq. Qız atası Timur óziniń qarawında on mıńğa jaqın áskeri bar patsha edi. Sol kúni óz janına qırıq jigitin ertip, paytaxtın taslap, bir toyğa qıdırıp ketken eken. Toyda bir dawlı isti sheship bolıp, biylik qağazına mór basıw ushın qarasa móri paytaxtta qalğanı málim boladı. Bunnan soń patsha mórdi tez alıp keliw ushın óziniń bas wáziri Baxramğa buyıradı. Baxram wázir sháhárge kelip patshanıń mórin alıp turğanda bir oy payda boladı. Ol burınnan patshanıń qızına sırtınan ashıq edi, ózinshe Ziyba mennen basqa kimge baradı, mennen basqa kim menen oynap kúledi dep oylar edi. Sonıń ushın ashıqlıq otına shıday almay qız sarayında bir ózi otırğan waqıtta barıp kórip sóylesip bir az kúlip-oynap keteyin dep sarayğa kelse, qızdıń bir

jigit penen jayda uyıqlap otırǵanın kózi kóredi. Ziybanı ózim alaman dep júrgen wázirdiń ishine ot túsedi. Ne qıların bilmey, aqırında bir oyǵa keledi. Ol waqıtta kúyewge shıqpaǵan qız kimniń qızı bolsa da, birew menen oynap kúlip otırǵanı bilinse ólim jazasına tartıladı eken. Onıń ústine qız atası patsha bunday gúnakarlar bolsa, aq-qarasına qaramay qızdı da, jigitti de zindanǵa salıp qoyıp, xalıqtı jıynap darǵa asıp jazalaydı eken. Wázir uyıqlap jatqan jerinde Ziybanı da baybatshanı da tósegi menen kóterip aparıp zindanǵa salıp jiberedi. Bular zindan túbine barıp túsken waqıtta ózleriniń qolǵa túskenin biledi. Wázir zindan basına úsh balanı qarawıl qılıp qoyıp ózim kelmey shıǵarmańlar dep patshaǵa qarap júrip ketedi.

Endigi sózdi Ziybadan esitiń. Ziyba baybatshanı oyatıp, «úyińizde kimińiz bar» dep soradı. Baybatsha bolsa óziniń bir aqıllı Ziynep degen hayalınıń barlıǵın, bul aqıldan barlıǵın sonıń tawıp bergenin bastan ayaq aytıp beredi. Ziyba óziniń jasaǵan tımsallarınan baybatsha óz aqılı menen tappay úyindegi aqıllı hayalınıń tawıp otırǵanına, baybatshanıń esheyin aqılsız jigit ekenine túsinedi. Úsh kúnnen beri uyqısı bólinbegen baybatshanıń bunsha awhal bolıp zindanǵa túsip qulıp salıp qamalıp qalǵanın bilmegenine úlken ókinish qılıp oylanıp otıradı. Qız aqıl tabadı. Zindan awzında turǵan qarawıllardı alday basladı. «Sizler usı qaladaǵı Abdulla degen baybatshanıń úyin bilesizler me» dep qarawıllardan soraydı. Olar da bilemiz dep juwap beredi. «Men bir uwıs teńge bersem sol teńgege bazardan mazalı miyweler alıp jer edińizler» deydi. Qarawıllar bul sózge kútá quwanıp, «qáne teńgeńizdi berińiz» deydi. «Sizler teńge alatuǵın bolsańızlar, meniń bir jumısım bar, pitkeresizler me?» dep soraydı Ziyba. Olar «qanday jumıs, aytıńız?» deydi.

Qız olarǵa: «men qollarıńa tas beremen, sol tastı alıp Abdulla baybatshanıń úyine barasızlar, sonnan soń bir tas penen urıp, bir aynanıń kózin sındırıńlar, onnan soń tamnıń ústine shıǵıp, tamına tóbesinen ishine eki tas taslańızlar, bunnan soń tamnıń ústinen úsh mártebe tebiń soń qayta beriń, basqa hesh nárse aytpańlar», deydi. Bul sózdi esitken qarawıllar biraz oylanıp turıp, «óy ańsat jumıs eken ǵoy, barsaq barıp keleyik» dep ishinen birewi saylanıp shıǵıp, óziniń ornına úshinshi qarawıldı qaldırıp, ústindegi shapanın qaraqshı etip qoyıp qolına úsh bólek tas alıp, baybatshanıń úyine qarap juwırıp ketedi. Baybatshanıń úyine keliw menen birge kún shıǵar jaqtaǵı tamnıń aynasınıń bir kózin urıp sındıradı, tamnıń ústine shıǵıp eki tastı ortasına taslaydı, bunnan soń tamnıń tóbesin úsh márte tewip keyin qarap júgirip qaytıp kelip, Ziybaǵa islegen jumısların aytıp aqshasın alıp óz ornında tura beredi.

Endigi sózdi Ziynepten esitiń. Ziynep qayın atasınıń janına barıp, «jańaǵı balanıń islep ketken isine túsindińiz be?» dep soraydı. Atası: «shıraǵım men bolsam aqıldan sasqan bir ǵarrı adamman, qaydan bileyin balalardıń ne qılıp ketkenin» dep juwap beredi. Bunnan soń Ziynep ol balanıń kelip aynanı urıp sındırǵanı jalǵız kóziń, belińniń quwatı balań Abdulladan ayrılǵanıń, jalǵız kóziń shıqtı degen sózi. Tamnıń ústine shıǵıp ishine eki tas taslaǵanı, balań birew menen uslanıp, qarańǵı zindanǵa tústi degeni. Tamnıń ústin úsh mártebe tepkeni tez waqıt ishinde bir ilajın kórmeseńiz, basqa hesh ilaj bolmaydı, degeni deydi. Ǵarrı bunı esitip jılay beredi. Bunnan soń ǵarrıdan hesh qanday járdem bolmaytuǵının bilgen Ziynep bir-bir tabaq sút burısh pisirip, ústin dasturqan menen jawıp, zindannıń basına qarap júrip ketedi. Zindan

basındağı qarawıllarğa: «shıraqlarım, búgin men bir tús kórip, sol túsimnen qorqıp oyandım, azan menen turıp qamaqta jatqan músápirler ushın awqat bereyin dep niyet qılıp edim, sol awqattan mınaw qamaqxanada jatqanlarğa berdim, endi bir tabaq awqatım qaldı, usı zindanda adam bar ma eken, dep kelip turman» deydi. «Biz sizdi tanımaymız, betińiz bolsa perde menen jabılğan, bul jerge adam jiberiwge hesh bolmaydı, bunda ólim jazasındağı adamlar jatır» deydi qarawıllar. Ziynep sózdi tağı baslaydı: «shırağım, men de sizlerdi tanımayman, betimdi ashsam úlken gúnağa bataman, tek meniń kiyimimdi belgilep qalıńlar, men kiremende bir tabaq awqat jep bolğansha otıraman da qaytıp shığaman» deydi. Qarawıllar Ziyneptiń bul sózine qulaq saladı, birew-birewi menen oylasıp «jibersek jibereyik, kiredi de shığadı, birewdi alıp shıqpasa bolğanı» deydi. Aqırında qarawıllar kelisim berip, zindanğa kiriwge ruqsat beredi. Ziynep ishkeri kirip baybatsha menen hám patsha qızı menen qosılıp, aman-esen sorasıp sóylesip otıradı. Eki aqıldıń iyesi Ziyba menen Ziynep qosılğan soń patshanıń húkiminen, Baxram wázirdiń zulımınan qutılıw jolın izleydi, Aqırında bular aqıl tabadı. Ziynep óziniń ústindegi, basındağı, ayağındağı barlıq kiyimin sheship Ziybanı kiyindiredi, ózi onıń kiyimin kiyedi, solay etip oğan tağı bir qansha hiyleler úyretip, qolına alıp kelgen tabağın uslatıp, shığarıp jibererdi. Ózi kúyewi menen zindanda qala beredi. Ziyba qolındağı tabağı menen zindannan shığıp jónelip ketedi. Balalar bolsa jaqsılap qaraydı. Boyı, ústindegi kiyimi, barlığı kirgen qatınnıń ózi bolğannan soń, hesh nárseden gúmanlanbay qala beredi.

Endigi sózdi Baxram wázirden esitińiz. Baxram wázir patshanıń mórin izinen toyğa alıp baradı hám jáne

qalada qanday awhal bolǵanın, qızınıń bir jigit penen jatqanın, olardı uslap alıp barıp zindanǵa salǵanın patshaǵa aytıp saladı. Bul awhaldı esitken patshanıń qattı ashıwı keledi. Az oylanadı. «Wázirim Baxram durıs qılıpsań erteń ekewin da darǵa asıp óltiremiz» dep juwap beredi. Patsha xalıq aldında otırıp aytarın aytsa da, uldan-qızdan jalǵız perzenti bolǵanı ushın, bul awhaldıń bolıp qalǵanına, qızınıń bunday awhalǵa túskenine qattı qıynalıp, ishinen suwday tınıp, kóp waqıt sóylemey otıradı. Keshte toydı sawıp úyine jigitleri menen qaytadı. Patsha úyine kelip, qatınına ókirip jılap qoya beredi. Patshanıń qatını patshaǵa ne bolǵanın bilmey, ne waqıya bolǵanın soray baslaydı. Patsha bolǵan awhaldıń barlıǵın, qızınıń qamalǵanın aytıp beredi. Patshanıń qatını da ol iske hayran bolıp, qızınıń uzaq jerde taǵı da bólek jayda turǵanına, nátiyjede bunday awhal bolǵanına qapa boladı. Bunnan soń patsha qatınına buyıradı: «Sen barıp qızınıń sarayın bir qarap kel, qızım Ziyba óz ayaǵı menen ketken bolsa ishim taǵı bir mártebe suwısın» deydi. Patshanıń qatını bul sózdi esitip, qızdıń otırǵan sarayına qarap juwıradı. Ziybanıń otırǵan jayına kirip kelse, onıń altın káttiń ústinde hasıl kiyimler kiyinip, qatar qızları menen oynap kúlip otırǵanın kóredi. Anası bul awhaldı kórip, qızınıń betinen eki-úsh mártebe súyip, heshbir sóz aytpay keyin qarap qayta beredi. Quwanǵanınan patshanıń basındaǵı sállesin súyinshige julıp aladı. Qızınıń aman, saw-salamat óz sarayında hesh nárseden xabarsız otırǵanın, onı óziniń kózi menen kórgenin patshaǵa bayanlap aytıp beredi. Patsha buǵan da inanbay qızın kóriw ushın ózi ketedi. Qızı óz ornında otırǵanın kóredi. Sol waqıtta Ziyba atasınıń aldına qamıǵadı. Atası qızınıń basın sıypap,

«shırağım, ne boldı, ne ushın qamıqtıń», dep soray baslaydı. Ziyba «atajan, qamıqpay ne qılaman, usı jasıma kelgenshe meniń sarayıma erkek balası kelgen joq edi. Siziń patsha bolıp otırğan aybatıńızdan qorqıp pa yamasa sıylap pa, áytewir hesh ámeldarlarda ústimdi basıp kirmeytuğın edi. Kesh tús waqıtta men baqshada qıdırıp júrsem, siziń bas wáziriñiz — zalım Baxram kelip, bolmağan sózler menen mağan házil qıladı. Men ashıwım kelip saraydan quwıp shıqtım. Men quwğannan soń Baxramnıń ashıwı kelip, kórermen, ákeńe darğa astıraman, dep abay qılıp sógip aqıretlep ketti. Atajan siziń kóziñiz tiri waqıtta usınday islerdi qılıp júrgen Baxram, eger siziń kóziñiz jumılıp ketse, bizge ne qılmaydı! Meni perzentim deytuğın bolsańız, atajan, Baxram wázirge ólim jazasın beriwińizdi sorayman» deydi. Patshanıń bul sózdi esitip qattı ashıwı keledi hám qaltırap ketedi. Bunnan soń patsha úyine qaytıp kelip, tań atqansha zorğa shıdap otıradı. Tań atıwdan taxtına barıp otırıp, Baxram wázirdi bas qılıp, «keshegi qamap qoyğan qızım menen námálim adamdı alıp keliñler, zalımlardı darğa asıp óltiremen» dep buyrıq beredi. Baxram wázir waqtı xosh, qasına qırq jigitti ertip zindanğa qarap jóneledi. Jolda jigitleri menen kiyatırıp tómendegi sózlerdi aytıp maqtanıptı:

Men zalım Baxram, patsha wáziri.
Ámeldardıń eń ishinde zulımı,
Tamashanı men isleymen bul jerde,
Kóp adamnıń boldı mennen ólimi.

Bilseń meniń atım wázir Baxram,
Aytqanıma kim kónbese ol nadan.

Ziyba qız da aytqanımdı qılmaǵan,
Búgin aǵar moynınan qızıl qan.

Men Baxramman talay qızdı aldaǵan,
Heshbir jan joq aytqanımdı qılmaǵan,
Eregisken maǵan hesh teń kele almas,
Kóp ázizler bul qolımda zarlaǵan.

Mine bul sózlerdi aytıp, qasındaǵı qırq jigitke maqtanıp, zindan basına keledi. Zindandı ashıp «gúnakarlardı» shıǵarıp qarasa, basqa turǵanın kóredi. Ústindegi kiyimlerge kóz jiberip qarasa, keshegi ózi salǵan waqıttaǵı kiyimler ekenin biledi. Qasındaǵı jigitlerge qáne patshanıń qızı degende, endi ne qılamız, patshaǵa ne dep baramız degen oydıń salmaǵı túsedi. Bir az turǵannan soń bul ekewin patshanıń aldına alıp baradı. Patsha qasında ámeldarları menen ashıwlanıp otırǵan eken. Qarasa óziniń qızı emes, basqa adamlardı ákelip turǵanı málim boladı. patsha wázirden: «qáne meniń zindanǵa salınǵan qızım!?» dep soraydı. Baxram wázir hesh sóylemey tómen qaraydı. patsha: — Qalay qılıp siz zindanǵa túshtińiz? — dep baybatshadan soraydı. Baybatsha ne aytarın bilmey sasadı. Egerde patsha qısıp soray baslasa keshegi bolǵan awhaldı tuwrısınan aytayın dep turǵanı málim boladı. Baybatshanıń qatını Ziynep buǵan tezlik penen túsinip, patshaǵa qarap:

— Taqsır, xanım, sizge aytatuǵın tórt-bes awız arız bar. Men mınaw turǵan baybatshanıń aq nekeli hayalıman, meniń baybatshaǵa túskenime eki-úsh jıl boladı. Bir kúni siziń mınaw Baxram atlı wázirińiz meni óz úyimde otırǵanda kórip qalıp maǵan ashıq boldı. Sonnan beri qaray bir jıldan beri maǵan bolmaǵan namaqul sózler

aytıp, meniń izimnen qalmay júr. Men aytqanına kóngenim joq, sol sebepten bolsa kerek, keshe biz kúyewimiz benen ekewimiz hesh nárseden xabarsız arqayın jatqan waqıtta kóp adam bolıp kelip, zindanǵa salıp ketti. Búgin mine siziń aldıńızǵa alıp kelip tur, taqsır xanım. Siziń paytaxta xalıq sorap turǵan waqtıńızda usınday zulımlıq bolǵanına hesh kónip bolmas dep oylayman. Bul zalım wázirińizge qattı jaza kórsetpeseńiz, kóp zalım ámeldarlar, áziz puqaralardı búldirip joq qılıwı múmkin, — deydi.

Bul sózdi esitken patsha hám onıń qasındaǵı ámeldarlar uyalıp tómen qaraydı, wázirdiń úreyi ushıp ne aytarın bilmey qattı sasadı.

Sol waqıtta patsha:

— Bul shermende, zalım isin kórińler,
Qattı jaza ayamastan berińler.
Salıń shınjır, eki qolın baylańlar,
Jalladlarım, tezden jetip kelińler!

Alıp barıp darǵa házir asıńlar,
Qanın suwday kóz aldımda shashıńlar,
Tıńlamańlar aytqan sózin, arzın,
Ólimtigin iyt aldına taslańlar!

Mine usınday qılıp wázirdi darǵa asıp jiberedi. Bunnan soń baybatsha menen Ziynepke juwap beredi. Bular patsha aldınan bosaǵannan soń, saw-salamat úylerine qaytadı. Nadan baybatshanıń qılǵan nadanlıq isleri arqasında, ólim jazasına tartılatuǵın jerinen Ziyba hám Ziyneptiń aqılı menen tımsal menen islegen isleri menen aman qaladı.

## JALĞÍZ QOYLÍ SHOPAN HÁM SAWDAGER

Áyyemgi zamanlarda sol zamannıń qádiminde, bir bay bar eken. Onıń bir shopanı bolıptı. Baydıń kóp qoyın sol shopannıń bir ózi bağadı eken. Shopan qoydı bağıp júrse, qoyğa bir kókjal qasqır shawıp, tınıshın ala beripti. Shopan kúndiz tınbay, túnde jatpay qasqırğa qoy jegizbepti, biraq sharshap ólermen halğa jetipti. Qasqır da qoy jey almağanına ıza bolıp, bir kúni shopannıń aldına kelip aytıptı:

— Sen mağan bir qoy ber, onnan keyin qaytıp seniń súriwińe kelmeyin, — depti. Shopan buğan ırza bolıp qasqırğa:

— Erteń kele ğoy, qoylardı irkip turaman, óziń shawıp birewin ğana je, — depti.

Wáde boyınsha erteńine qasqır aynalıp kelipti. Shopan qoylardı bir jerge irkip turıp, qoylarğa qasqırdı jiberedi. Biraq qasqırdıń awzına ilingen qoy shopannıń qoyı bolıp shığadı. Shopan qasqırğa aytadı:

— Qasqır jora, bul qoy meniń jalğız qoyım edi. Jıl boyı qoy baqqan haqıma baydan usı jaman arıq qoydı alıp, altı ay jazı boyı bağıp, kele qılğan edim. Men qoydı tağı irkip turayın, qaytadan shap, — deydi. Buğan qasqır qayıl boladı. Úsh retke shekem qasqır shabadı, úshewinde de qasqırdıń awzına shopannıń jalğız qoyı iline beredi.

— Qasqır jora, — deydi shopan, — endi sağan nesip etken meniń jalğız qoyım eken, nede bolsa jeyğoy, biraq terisin soyıp alayın, — deydi. Qasqır buğan da qayıl boladı. Shopan terisin sılıp alıp, etin qasqırğa beredi, qasqır jep aladı. «Baydıń kóp malınıń ishinen jarlınıń jalğız malına ushpa tiyedi» — degen maqal da usı

shopannan qalıptı, degendi aytadı. Qasqır etti jep alıp, kete beredi. Shopan terisin qolına uslap qoyıp bağıp tursa, joldan ótip baratırğan kárwandı kóredi. Dárhal juwırıp barıp:

— Ağa, — deydi kárwanbasığa, bolğan waqıyanı bayan etip, — sizler kóp eldi gezetuğın kárwansızlar, múmkin teriniń de kerek jeri tabılar, nege ótsede usı terimdi satıp ákep beriñler, men usı jolda birdeyine qoy bağıp júremen. Kárwanbası terini alıp kete beredi. Kárwanlar bir qalağa barıp, bir-eki kún bolıp, sawdaların pitkerip tağı bir qalağa júrmekshi bolıp turğanda, balanıń amanatı yadına túsedi. Bul waqıtta bazar tarqap, kesh bolğan waqıt edi. Sóytip turğanda bir bala kiyatır eken, qolında oynap kiyatırğan pıshığı kórinedi. Kárwanbası «pıshığıńdı satasań ba» deydi balağa.

— Sataman, — deydi bala.

Shopan nege ótse soğan ber, degennen soń terini pıshıqqa almastırıp, pıshıqtı alıp kárwan kete beredi. Kárwan ekinshi qalağa barsa, ol jerdiń xalqı tıshqannan ziyan tartıp, telektegi dánin, atızdağı eginin qalay qıların bilmey sarsań eken. Ol qaladağı xalıq pıshıqtı kóp-kóp altınlar berip, satıp aladı. Kárwanbası ol aqshanı úlken bir qapqa salıp, óz sawdaların da pitkerip eline qaytadı. Az júrip, kóp júrip bayağı shopannıń awılına bir kúnlik ğana qaladı. Sol jerge kelip kárwan túneydi. Ot jağıp óyer-búyerden sóylesip otırğanda, birewi sóz qozğaydı.

— Joralar, — deydi ol. — Usı shopannıń bizge bergeni bir jaman qoy teri, oğan bizler bir qap tilla artıp kiyatırmız, onnan da ol tillanı bólisip alayıq. Shopanğa be-altı qara pul bersek bolğanı emes pe. Bul sóz barlığına maqul túsip, tillanı teń bólisip aladı.

Tamaqların jep, artıwlı dúnyası menen túyelerdi kúndegishe óz qaslarına shógirip jatıp qaladı.

Azanda kárwanlar oyanıp qarasa, astına tósegen alashalarınan basqa hesh nárse joq. Olay-bulay izleydi. Hesh jerden taba almaydı. Usılayınsha sarsań bolıp otırǵanda bulardıń ústine bir jigit kelip, istiń máni jayın soraydı. Kárwanlar barlıq dúnyası menen túyeleriniń joǵalǵanlıǵın aytadı.

— Olay bolsa, — deydi jigit, olarǵa, — búgin sizler qanday jaman is ettińiz?

— Hesh qanday, — deydi kárwanlar.

— Joq, ótirik sóyleysizler, — deydi jigit, — búgin qanday bolsa da jaman is ettińiz. Sebebi, biz qırq qaraqshımız, bizler urlap alamız, tartıp alamız, áytewir qaraqshılıq nenen kúnletemiz. Sizler elden shıqqannan baslap, bizler siziń izińizdi ańlıw menen júrmiz. Sizdegi túyeler menen dúnyanı alıwdı oyladıq. Sizler jatqanda hár kún kelip kettik. Qashan kelsek te siziń átirapıńız temir qala menen qorshawlı turatuǵın edi, sonnan keyin hesh ala almay kete beretuǵın edik. Al búgin kelsek, temir qala túwe hesh nárse de joq, sóytip aldıqta kettik. Tiykarında qanday bolmasın bir káramat bar, jasırmay ayta berińler, — deydi.

Kárwanbası baxıtsızlıqtıń qaydan kelip shıqanın ańlap, shopannıń qosqan amanatın aytadı. Temir qala bolıp turǵan, aman saqlap kiyatırǵan shopannıń amanatı eken.

— Olay bolsa, deydi jáne, jigit — bul ne káramat eken dep qaraqshılar meni jiberip edi, bizlerde ıraydan qayttıq. Túyelerińizdi qaytıp bereyik, sizler de tobaǵa kelińler, shopan biysharanıń miynet penen tawıp tapsırǵan amanatın durıs tapsırıńlar, — deydi.

Kárwanbası tobaǵa kelip, túyelerdi alıp shopannıń da amanatın tapsırıp, shopandı kárwanına qosıp alıp, bayaǵı tillanı bólisip alıwǵa úgitlegen adamdı bayǵa shopan qılıp beripti.

## RÚSTEM

Burıńǵı jeke-jeke kúsh sınasıp ótken batırlar zamanında Rústemniń ákesi Zal degen kisi boladı. Ol kóp janlı maqluqlardıń, quslardıń tilin biledi eken. Jalǵız balası Rústemniń tilegin tilep, bir mıń bes júz jasqa shıqqanshı ármansız ómir súredi. Biraq kúnlerden bir kún Rústemge Ispandiyar degen dáw óshigip qarsı boladı. Rústem qayda barsa da, oǵan sirá tınım bermey artınan baqlaydı da júredi. Buǵan oǵada ızası kelgen Rústem dáw menen bir ońashaǵa shıǵıp, kúsh sınasıp kóreyin dep ayqasa ketedi. Ispandiyardıń boyı seksen segiz gez eken. Onıń qasında boyı qırq gez, eni qırq gez Rústem baladay bolıp kórinedi hám Ispandiyardıń tula bedeni shapsa qılısh, ursa nayza, atsa mıltıq ótpeytuǵın temir bolsa, Rústem tek iriligi turpatı bolmasa, házirgi jay adamlarday denesi jumsaq bolǵan eken. Rústem Ispandiyar menen jaydan oq atısadı. Onıń sonsha shıǵarǵan oǵı, Ispandiyarǵa darımaydı, tisi de ótpeydi. Al Rústem toqsan jerinen awır jaradar bolıp, bul saparı pitimge keledi. Bunı Ispandiyardıń inisi Ruxaten bir tawdıń qabıǵında kóredi de turadı. Rústemniń dawısı sonday ashshı eken. Ol qáhárlenip baqıra qoysa, qanday haywanat bolsa da, júregi jarılıp óle beredi eken. Rústem ádewir jerge ketkende Ruxaten Ispandiyarǵa kelip:

— Háy sorqaynaǵań, jańa ǵoy óleyin dep jan aybatı menen tur edi. Onı nege bosatıp jiberdiń? — deydi.

Ispandiyar da bul sózge anıq isenip, «pay netesen deydi de Rústemniń izinen «há Rustem, tura tur» dep qıyqıw salıp juwıra beredi. Rústem de oǵırı sumlıqlı eken. Ispandiyar onıń qasına júdá jaqınlap kele bergende, ıras ókshesin jerge tirep turıp shıńǵıradı. Ispandiyar qulaq shekesine shoqpar menen urǵanday sam-saz bolıp tura qaladı. — Biraq, — deydi ol Rústemge qarap, — Sen námártlik etip bolǵan hádiyseni ákeń Zalǵa aytıp júr me? — dep tapsırıp jiberedi. Sondada da Rústem dáwdiń kórsetken xorlıǵın, Ispandiyarǵa jolıqqanın ákesi Zalǵa aytıp baradı. Zal qatań bilimdar adam edi. Ol quw atası Quladindi shaqırıp alıp, «qáne biziń balanıń jarasın ne menen jazasań?» — deydi.

— Qolǵa túsken soń qalayda emlep abıroylı bolıp, sawaltıwdıń ilajın kóremiz, — deydi Quladin.

Quladin Rústemdi úsh kúnge deyin dalaǵa shıǵarmastan, óziniń sanınan kesip alıp, onıń denesindegi oqtı tumsıǵı menen suwırıp aladı da, ornına basa beredi. Sóytip úsh kúnde Rústemniń jarası jazılıp, saw qáddindey boladı. Bunnan keyin:

— Dáw endi izińnen qalmas balam. Sen ózińniń tirishiligińdi oyla. Ana tawdıń kún shıǵar eteginde qulannıń jiligin qaq jarıp shıqqan túbi bir, ushı eki ayır jalǵız jıńǵıl bar. Sonı barıp al da, ushın is etip jonıp, Ispandiyardıń eki kózinen baylap, sarı jayǵa salıp atsań, sonda bir óliwine sebep tabarsań — dep aqıl beredi.

Rústem ań awlap júrip jańaǵı jıńǵıldı tawıp aladı. Sóytip bir tawdıń bir burıshın qoparıp alıp, Rústemniń ústine iyterip jiberedi. Biraq ol hesh nárse sezbegen kisidey qulap kiyatırǵan tastı ayaǵı menen menen tirep, shalqasına túsip jata beredi. Sol waqıtta Rukateniń shır-

pırı shıǵıp, Ispandiyarǵa keyin qayt! — dep qıshqırǵanına taw jańǵıradı. Ispandiyar dawısqa alań bolıp boyın tikley bergende, tabanın tasqa tirep, sarı jaydı gózlep otırǵan Rústem usı naq kózi emespe dep berip saladı. Ispandiyardıń eki kózi sol zamatta-aq jerge aǵıp túsedi. Onnan soń Rústemge jaramsaqlanıp, astırtın kelisimge keledi.

— Háy, Rústem, endi sen meni óz qolıńnan jayǵastır jora? Maǵan arnap úlken etip márwert tastan bir awızlı gúmbez dúzettir. Men endigi ómirimdi sonıń ishinde ótkereyin. Ol gúmbezdiń esigi ishten de, sırttan da qulıp urılıp hám ashılatuǵın bolsın. Soǵan meni óziń jeteklep aparıp jatqız da qaytıp shıǵıp kete ber, — deydi.

Rústem Ispandiyarǵa arnap kórkem sarayday gúmbez salıp tóbesin de tawdıń hasıl tasları menen bastıradı. Bul islegenleriniń jónin ákesi Zalǵa aytıp, keńes soraydı. Zal óz aqılına juwırtıp, gúmbezdiń awzın eki jerden ashtıradı da, al balam qalǵan jaǵın talayıńnan, baxtıńnan kóre bererseń deydi.

Rústem arqannıń bir ushın Ispandiyarǵa uslatıp ekinshi ushınan ózi jetelep gúmbezge ákelip kirgizedi. Ispandiyar ishke kirip alıp, esikti tas qılıp, qulıp uradı da taslaydı. Rústem buǵan deyin xannan xabarsız bolıp, onnan hesh gúmanlanbaǵan eken. Qápelimde Ispandiyar Rústemdi tarpa basıwǵa qolaylanıp, birden bas saladı. Dáwdiń tırnaǵı anda-sanda Rústemge tiyip ketkende denesin tilkim-tilkim etedi. Rústem tıǵılarǵa jer tappay sasqanlıqtan gúmbezdiń ekinshi qulıp urılmay qalǵan awzınan sırtqa qaray qashıw da esinen shıǵıp ketedi. Állen waqıtta gúmbezdiń ishi ulı-tasırlı ayqas bolıp atırǵanın Zaldıń qulaǵı shalıp, aldı-artına qaramay juwırıp

gúmbezge kelse Rústem óler halda jatqan eken. Tek beklewli turǵan esikti Zal barıp ashqanda zordan turǵan Rústem maydanǵa tura qashadı da, qaytadan esikti bántlep, Ispandiyardı sırtqa shıǵarmastan, sol qálpinde órtep jiberedi. Usınnan keyin barıp Rústemniń ataǵı, artıqmash dańqı dáwlerdi seskendiripti. Ol qanday kúshli dáwler menen sawashqa tússe de bir jaǵınan hiylesi, sumlıǵı qalmaydı eken. Rústemniń sonday hiyle menen ańlawsızda baqayına tewip óltirgen dáwiniń gewdesinen ayrılǵan qos jiligi shar dáryasına basqaldaq bolıp turǵan usaydı. Soń Rústem bes júzge shıqqanda ákesinen burın ólip,túbi tereń uyqıǵa ketedi.

## MÁSLÁHÁT

Bir kúni bir bay ózi ólgende qalay kómiw jónindegi balalarınıń qızlarınıń pikirin bileyin dep kempirin, úsh balasın, eki qızın shaqırıp, óz oshaǵınıń basında másláhát jasaydı. Bay:

— Kempirim endi men bir kún bolmasa, bir kún ólemen. Men ólgen waqıtta meni qalay jayǵastırasań? — dep kempirinen soraydı. Kempiri:

— «Jaman aytpay jaqsı joq», degen eger sen óleǵoysań shúkir qolda jan bar, qudanıń bergen baǵı-dáwleti bar, pútkil dúnyanı janıńa sarp etemen. Qarańa qos ógiz, jetińe jeti ógiz, qırqıńa ǵunan ógiz, júzińe, jılıńa jaqsı, júdá semiz eki ógiz soyaman. Súyegińe pútkil kiyimlerińdi salaman. Jaqsılap jayǵastıraman. Basıńa ıqlımda joq jay saldıraman. Gúmbezińe altın jalattıraman, kepinińdi aq jipekten tiktiremen. Qırq kúnge shekem basıńa qırq mollaǵa quran shıǵartaman, jılıńa shekem qara kiyemen, aza tutaman, — deydi. Bay:

— Bul aytqanlarıń durıs emes, sen meni jayǵastıra almaydı ekenseń, — deydi.

— Meni sen qalay jayǵastırasań, — dep úlken balasınan soraydı. Úlken balası:

— Men pútkil adamlardı jıynayman, molla bar ma, iyshan bar ma, axun bar ma, qazı bar ma, bay bar ma, begler begi bar ma, basqa da hámeldarlar bar ma — bári menen oylasaman. Solar qalay jayǵastır dep aqıl berse, solardıń aytqanı boyınsha jayǵastıraman.

— Bul da bolmaydı. Ortanshı balasınan soraydı. Ortanshı balası:

— Oyda barma, qırda barma, dúnyanıń júzinde kim ákesin jaqsı etip jayǵastırıptı dep esitsem, sonıń jayǵastırǵanın sorap alıp, tap sonday etip jayǵastıraman, — deydi. Bay:

— Bul da bolmaydı, sen qalay jayǵastırasań? — dep kishkene balasınan soraydı. Kishkene balası oylanıp, oylanıp otırıp:

— Aǵa, óziń atam ólgende jayǵastırdıń ǵoy, tap sonday etip jayǵastıraman, — deydi. Bay «sen de bolmadıń», — deydi, — Sizler ne qılasız? dep úlken qızınan soraydı, úlken qızı «sen ólgen soń úyde úsh jıldan beri baǵıp qoyǵan qoshqar bar, sonıń menen on batpan gúrish, on batpan buwday, on batpan gúnji ákelemen», — deydi. Bay «sen de bolmadıń» — dep kishkene qızınan soraydı. Kishkene qızı:

— Biziń úyde de bir ógiz bar, sonı alıp kelemen. Sonıń menen birge qolımnan kelgen xızmetimdi isleymen, — deydi.

Bay «sen de bolmadıń qızım», — deydi.

— Sizler meni jayǵastıra almaydı ekensizler. Men xorlanıp óledi ekenmen, kómiwsiz qaladı ekenmen,

«Jaqsı jarlıdan shıǵadı» degen sóz bar edi. Diyqanlardı shopanlardı shaqırıp kel, múmkin meniń sawalıma olar juwap berer, — deydi.

Kishkene balası juwırıp barıp, esiginde xızmet etip júrgen diyqanlardı, shopanlardı shaqırıp keledi. Assalawma-áliykum dep bári kirip keledi. Bay:

Men óle qoysam, qalay jayǵastırasızlar, — dep kempirimnen baslap eń kishkene perzentime shekem sorap edim, hesh birewi durıs juwap bere almadı. Sizler de onlaǵan jıldan beri qolımnan tamaq jep, ózimniń balalarımnıń birindey bolıp qalıp edińler. Men óle qoysam sizler qalay jayǵastırasızlar? — deydi.

Diyqan, shopan, padashılar kóp oylasıp, birew-birewine qaraydı. Birew-birewine sen ayt, sen ayt, deydi. Sol waqıtta shopanlardıń ishinen bir jas bala ornınan túrgelip:

Bay aǵa sol sawalıńa, maǵan juwap beriwge ruxsat etińiz, — deydi. Bay ruqsat beredi.

Bay aǵa, ólim degen hámmeniń basında bar, birew erte, birew kesh óledi, áytewir óledi. Bul sawal kútá awır sawal. Bul sawalǵa juwap beriw kútá qıyın. Solay da bolsa juwap bersem, siziń óliwińiz, bizlerdiń kómiwimiz biledi, — deydi. Bay ashıwlanıp.

— Sizlerdiń qáyerlerińizde aqıl júredi, aqlıńız joq, sizler qalay juwap bere alasız. Sizlerge sawal berip júrgen men. Mende sonsha baq-dáwlet, dúnya-mal abıroy bar ekenin kórip otırıp, seniń óliwiń, bizlerdiń kómiwimiz biledi deysizler, juwaplarıńız durıs emes. Turıń shıǵıp joq bolıń! — deydi. Bala: — Bay aǵa, bayman dep baylıǵıńa isenbe! «Ámiwdárya aǵısına quwanba, kúniń pitse qara jerdey bolsań» degen sóz bar. Onda biz bilmedik, óleǵoysań maydanda qalmaysań, keyin kóremiz, — deydi de, bári shıǵıp ketedi.

Aradan bir neshe jıl ótedi. Baydıń balaları, qızları, kempiri óledi, aqırında qaqayıp jalǵız bası qaladı. Barlıq dáwletten, dúnya mallardan, háwli-hárem, baǵı-baqshalardan ayrıladı. Kúyigine shıdamay bay qańǵırıp ketip, qula maydanda kómiwsiz qaladı. Keyninde bayaǵı shopannıń aytqanı durıs keledi: «Seniń óliwińiz, bizlerdiń kómiwimiz biledi» degen naqıl sonnan qalıptı, — deydi.

## AQÍLLÍ ǴARRÍ

Erte-erte ertede, el ómiri keltede, xalıqtı xan biylepti, xalıq zar áylepti. Xan ózine unaǵan adamdı wázir etip aladı eken. Sonday bir xan bolıptı. Xan «Kimde-kimniń jası alpısqa tolsa, bası alınsın» degen jarlıq shıǵarıptı. Bunnan keyin xannıń jálladları «Xan jarlıǵı eki bolmaydı» dep alpısqa kelgen adamlardı óltire beripti.

Sol elde Berik degen bala bar eken. Ol ákesin sandıqqa salıp jasırıp qoya beripti. Ákesi alpıs beske shıǵıptı. Bir kúni patsha «Qazına tawǵa baraman. Qazına tawǵa barıp altın alıp qaytaman. Sol ushın eli-jurtım tegis kóship. Qazına tawına jetsin. Kimde-kim xan hámrine qarsı bolsa, bası alınsın» dep jar shaqırtıptı. Qazına tawınıń arası qırq kúnshilik jol eken. Xalıq shólden qırıla baslaydı. Bunnan keyin sandıqta jatqan ǵarrı balasın shaqırıp alıp «balam, barlıq sıyırlardı bosatıp jiberiń. Sıyırlar bir jerlerge barıp, jerdi iyiskelep toqtar. Sol jerdi qazsańız suw shıǵadı» deydi. Bala barlıq sıyırlardı bosatıp jiberip, izine erip otıra beredi. Sıyırlar bir jerlerge kelip, jerdi iyiskelep tura qaladı. Sol jerden qudıq qazıp, elin shólden aman alıp qalıptı.

Xan Qazına tawına barǵannan keyin bir úńgirdi kóripti. Xan «bul úńgirdiń ishinde altın bar, sonı ákelip beresizler»dep adamlardı birim-birim jiberipti. Barǵan adamlardan aman kelgeni bolmay, úńgirdiń ishinde joq bola beripti. Gezek Berikke jetipti. Bunnan keyin sandıqta jatqan ákesi «balam, ol úńgirdiń ishi qarańǵı. Jır-jıra aynalası kóp, barǵan adamlar adasıp júrip, sol jıraǵa urılıp ólip atır. Sol ushın sen qorıqpa, aytqanımdı isleseń aman keleseń. Sen sol úńgirge barǵanda qulınlı biye minip ketkeyseń. Qulındı úńgirdiń awzına bayla da, óziń arı qaray kete ber. Baratırǵanıńda biyege ıqtiyar bermey shaba ber. Barǵannan keyin jarqırap atırǵan altınlardı qorjınıńa toltırıp sal da, biyeniń basın óz erkine jiber. Biye seni qulını turǵan jerge aman-esen alıp keler» depti. Bala ákesiniń aytqanların islep aman-esen kelipti de, qorjınnıń eki bası tolı altındı patshaǵa ákelip beripti. Xan altındı kórgennen keyin jumısı pitip:

— Qáne bala, qanday tilegiń bar? Zat tileymiseń ne tilek tileseń pitkeremen, — depti. Sonda bala:

— Taqsır maǵan hesh nárseniń keregi joq. Meniń bir tilegim bar. Ol da bolsa ǵarrılardıń ómiri saqlansa eken. Óytkeni, Qazına tawına kiyatırǵanda el shóllep, qırılǵanda ákemniń aqılı menen xalıqqa suw tawıp berip ólimnen aman alıp qaldım. Al mına altındı da sol ákemniń aqılı menen ákelip otırman. Ákem házir alpıs beske shıǵıp otır. Men siziń ólim jazańızdan jasırıp, sandıqqa salıp qoyıp edim. Meniń tilegim usı, — depti, bala. Xan «tilegińdi orınlayman» degen sózinen tutılıp, «tilegińdi berdim» deydi. Sonnan bılay qartayǵan adamlardı óltirmeytuǵın bolıptı hám Beriktiń ákesi de aman qalıptı.

# NÁSIYAT SATÍP ALǴAN BALA

Burınǵı zamanda baydıń balası bolıptı. Bay jáhengezdi bolǵan eken. Bay jıllardıń ótiwi menen qartayıp malları azaya baslaptı. Bir kúnleri baydıń balası: — «Yapırmay bala, mal azaya basladı ǵoy, men de ákem qusap jáhán gezsem mallı bolmayman ba eken, «ırıs qashsa, tuwıs qoymaydı» degen gáp bar-ǵo, dep bala oylaptı. Solay etip bala payda qılıp keleyin dep basqa bir jurtqa shıǵıp ketedi. Jol boyında qonaǵı úylerine «Jarlıdan bay bolǵannıń jaltaǵı qalmaydı, baydan jarlı bolǵannıń balpańı qalmaydı» dep bar aqshasın shashıp boladı.

Bir kúni bala qorjındaǵı aqshasın esaplap qarasa, úsh júz tilladay ǵárejeti qalıptı. Endi bul úsh júz tilla menen qayda baraman, xalıqqa ákeme masqara boldım ǵoy, onnan basımdı alıp ólgenim artıq dep bir jolǵa qaray ketedi. Bir kún, yarım kún júrgennen soń bala ash boladı. Óler halatqa keledi. «Uyıqlamasa qabaq jaman, ishpese tamaq jaman» bir shuqır jer bolsa taslayın dep bir jerge barsa, aldınan biyik jer shıǵadı. Biyik jerge «assalawma-áleykum aylı qabır, men bir qudayı qonaqpan» deydi. Sol waqıta bir jas jigit juwırıp shıǵıp «qonaq bolsań túse qal» deydi. Attan túsip barsa, dasturxan jayıwlı, kók chay demlewli tur. Sol jerde tamaqlanıp alıp, atınan xabar alsa, aldında ot-jem salıwlı, suw aǵıp turǵanın kóredi.

Qonaq jeri keshlikke bir toqlını soyıp qonaq ası beredi. Jigit azanda juwap alıp keteyin dep atırıp qonǵan jigittiń jaqsı pıshaǵı bar eken, sonı sorap aladı. Jigit atlanıp eline qaytadı. Jolda astında sarı baytalı bar bir adamǵa jolıǵıp sálemlesedi. Joldas bolıp kóp jerlerge shekem keledi. Bir jerlerge kelgende bala:

— Ata, sóylesip júreyik, — deydi. Ǵarrı aytadı, — Biz sóylegende pátiwasız áńgime atypaymız, bir awız áńgimege

júz tilla alıp sóyleytuǵın ǵarrıman, — deydi. Bala qaltasındaǵı úsh júz tillanıń júz tillasın berip áńgime ayt deydi.

— Al shıraǵım, aytsam, esikte otırıp tórdegi adamǵa pıshaq berme, — deydi, — Ayta ber ata.

— Boladı shıraǵım meniń bir awız sózim sol, — depti. Bala qaltasınan júz tilla berip taǵı áńgime ayt — deydi.

— Eki adam joldas bolsań qasındaǵı adamnıń atın bil, — Ayta ber? — deydi bala.

— Aytıp boldım, — deydi ǵarrı. Bala júz tillasın berip taǵı áńgime ayttıradı.

— Óz aqılım aqılaq, kisi aqılı shoqıraq, sulıw-sulıw emes, hár kimniń kewline alǵanı sulıw, — deydi. Bala:

— Ayta ber?

— Endi seniń joldas haqıń ushın bir awız sóz aytayın. Ashıwıń búgin kelse, erteńine qoy, — depti ǵarrı.

Keshkisin bir awılǵa jaqınlap kelip balaǵa:

— Al balam, tanıs jeriń bolmasa meniń menen qonasań, tanıytuǵın jeriń bolsa baraber, — deydi.

— Joq ata men siziń menen birge bolaman. Bir úyge barıp ekewi qonaq boladı. Ol úy mal soyadı. Keshke ǵarrılardıń qatarların shaqırıp, birge otırıp tamaq jemekshi boladı. Bala «Joqarı shıǵıń», menen eń tómen esik betke shıǵıp ketedi. Etti jeyin dep atırǵan adamlar etti tuwrawǵa pıshaq taba almaydı. Bala «bizde pıshaq bar» dep bayaǵı dostısınan alǵan pıshaqtı shıǵarıp beredi. Adamlar pıshaqtı kórip samsaz bolıp qaladı. Adamlar shetinen dalaǵa shıǵıp kete beredi. Dalaǵa shıǵıp adamlar oylasıp, «Bul pıshaq biziń bir adamımızdıń pıshaǵı edi, sonı óltirip pıshaqtı alıp ketken. Sonnan bermaǵan izlep tabalmay júrmiz» dep jala saladı.

Sol waqta bayaǵı joldas ǵarrısı balaǵa «pıshaqtı alǵan jerińdi jasırmay aytıp ber» deydi. Bala pıshaqtı qalay

alǵanın aytıp beredi. Sol jerde ǵarrı balanı ólimnen aman alıp qaladı.

Erteńine bir awılǵa barıp ǵarrı balanı jiberip «Usı awıldıń patshası bar, soǵan meniń kiyatırǵanımdı aytıp súyinshi sora» deydi. Bala shapqılap patshaǵa barıp:

— Taqsır sizdi kóremen dep bir ǵarrı kisi kiyatır, — deydi. Patsha soradı:

— Onıń atı kim eken? dedi. Bala atın soramaǵan eken, atın bilmey qaldı. Keyninen bir otınshı kisi barıp:

— Patsha súyinshi, Hákim ulıqpan kiyatır! — dedi: Patsha súyinshi atın aytqan otınshıǵa júz tilla berip jiberedi.

— Ǵarrı balaǵa ruqsat berip eline qaytardı. Bala atın da satıp iship bir sawdagerge joldas bolıp eline qaytadı. Kárwan bir qudıqtıń basına kelip suw alıw ushın qudıqqa shelek salsa, shelegin ılaqtırıp suw bermeydi bir adam qudıqtıń ishinde. Sonnan keyin kárwan bası qolına shelek berip balanı qudıqtıń ishine túsiredi. Qudıqtıń ishindegi adam qasındaǵı baqa menen qızdıń qaysısı sulıw dep baladan soraydı. Bala turıp oylanadı. «Men bayaǵı ǵarrıdan satıp alǵan bir násiyat sózim bar edi sonı aytayın degen oyǵa ketti. Sóytip ol adamǵa «Baqanıń kózi sulıw, qızdıń ózi sulıw, hárkimniń súygeni ózine sulıw» deydi. Ol qarqıldap kúlip:

— Sen meniń sorawımdı sheshtiń, endi men seni shıǵaraman. Saǵan biraz altın beremen. Sen qırq túye astıńa mingendey at alıp elińe qayta ber, — dep balanı qudıqtan shıǵarıp saldı. Bala keynine qaytıp, sháhárge barıp qırq túye alıp, ústin hasıl zatlar menen toltırıp kiyim-kenshek alıp eline qaray sapar etti. Neshshe kún júrse, sonsha kún júrsin bir kúni tún jarpında úyine jetti. Bayaǵı qıslawǵa kelse úyi ele otır eken. Bala otawdı aylanıp úyge kirse, hayalınıń qasında bir jas jigit jatqanın

kórip, bul bir hayalımnıń jorası eken dep, sol jerde shawıp taslamaqshı boladı. Biraq bayağı ǵarrınıń bergen «Búgingi ashıwıńdı erteńge qaldır degen násiyatı esine kelip, gúnasın moynına qoyıp óltireyin, búginshe sabır eteyin» dep bala úyiniń sırtına shapanın tósep jatıp qaladı.

Azanda hayal túrgelip dalaǵa shıǵıp qarasa bir adam jatırǵanın kórip, óziniń kúyewine de shıramıtıp, enesine juwırıp barıp xabar beredi. Kempir kelip qarasa, bayağı óziniń balası. Jigit kempiriniń tamǵan kóz jasınan oyanıp kempiri menen kórisedi. Bunnan keyin balası kempirine:

— Awıldaǵı kempir-ǵarrılardıń hámmesin shaqırıp kel, qalmasın, soń sóylesemiz, — deydi. Kempir awıldıń adamların jıynap keledi. Bala kelgen adamlarǵa:

— Meniń sizlerge bir sózim bar. Men túnde kelsem hayalımnıń qasında bir jigittiń jatqanınıń ústinen shıqtım. Sol adamnıń kim ekenin mınaw hayalım aytıp bersin, — deydi. Hayal aytadı:

— Men sen ketkende júkli qalıp edim, sen ketkeli 18 jıl boldı: sol ishimde qalǵan bala 18 ge shıǵıp jigit boldı qasımdaǵı jatqan seniń — balań, — deydi. Jigit bayağı ǵarrınıń bergen násiyatınıń durıslıǵın moyınlap, bala-shaǵasına qosılıp, murad hasıl bolǵan eken, «Búgingi ashıwıńdı erteńge qaldır» degen sóz sonnan qalǵan eken deydi.

## QÍRQ KÁL

Burıńǵı zamanda bir qalada bir kál bar eken, al ekinshi bir qalada qırq kál bar eken. Bir kúni qırq kál bir káldiń úyine kelipti. Ol kál boyra toqıydı eken. Qırq kál jalǵız káldiń boyrasına ot beredi. Jalǵız kál úyine kelse, boyraları kúl bolıp qalǵanın kóredi. Kál kúldi qorjınınıń eki basına

toltırıp, esheginiń beline salıp, ketip baratırǵanda aldınan bir kempir shıǵadı. Kempir kálge:

— Balam, meniń qızımdı esheginе mindirip júr, — deydi.

Qorjınnıń bir kózi tolı altın, bir kózi tolı gúmis. Eger qızıń ayıp islep qoysa, kúl bolıp ketedi, — deydi kál. Sonıń menen kál qızdı mingizip kete beredi. Biraz jer júrgennen keyin kempir:

— Balam, endi qızımdı túsirip qaldıra ǵoy, deydi Kál qızdı túsirip turıp, qorjındaǵı kúldi kórsetedi. Kál «qorjındaǵı altın menen gúmisimdi kúl qılıp jiberipti, endi qızıńdı alıp qalaman» deydi. Kempir qızınan ayrılıp kete beredi. Al kál bolsa qızdı alıp úyine keledi.

Bir kúnleri bayaǵı qırq kál jalǵız káldiń úyine keledi. Sonda jalǵız kál qırq kálge:

— Sizler boyramdı órtegen menen ne aldıńlar, al men bolsam boyranıń kúlin satıp bir qız aldım, — deydi. Qırq kál bizler hám sonday eteyik dep, bular hám boyra toqıp ot beredi. Kúlin satıw ushın qalaǵa alıp beredi. Qazı-qálen, sawdagerler kelip bulardıń qolların arqasına baylap ura baslaydı.

Qırq kál bizlerdi aldaǵan eken dep bayaǵı jalǵız káldiń úyine barıp, kempirin óltirip ketedi. Jalǵız kál kempirin eshekke tańıp kete beredi. Bir waqıtları bir baydıń qırmanınıń ústinen shıǵıp, eshekti qırmanǵa aydap jiberedi. Usı waqıtları bay qırmanda turǵan eshekti urıp aydap jiberip atırǵanda, eshektiń ústindegi káldiń óli kempiri jıǵılıp túsedi. Kál kempirimdi óltirdiń, qunın tóleyseń dep, baydıń jarı dúnyasın aladı hám baydıń postının, shógirmesin aladı. Kál úyine barıp jata beredi.

Bir kúnleri qırq kál jalǵız káldiń úyine kelse, bayıp ketkenligin kórip hayran qalısadı. Qırq kál usınsha bayıwdıń sebebin soraydı.

— Meniń kempirimdi óltirgen menen ne payda taptıńlar, qayta men kempirimniń óligin qalaǵa aparıp satıp, usınshama, dúnyaǵa iye boldım — deydi.

— Onday bolsa bizler hám kempirimizdi óltirip qalaǵa satayıq, — dep úylerine tarqasadı. Qırq kál kempirlerin óltirip óligin qalaǵa alıp baradı. Qazı-kálanlar bulardı jin urǵan eken dep, qolların arqalarına baylap sabap-sabap bosatıp jiberedi. Qırq kál jalǵız kálden pánt jep, endi ol káldi dáryaǵa taslap joq eteyik dep másláhátlesedi. Qırq kál jalǵız káldi suwǵa taslaw ushın uslap aladı. Bunnan keyin kál qırq kálden:

— Maǵan bir kúnshe juwap beriń, erteń suwdıń boyında tayın bolaman, — deydi. Qırq kál buǵan kelisim beredi. Jalǵız kál ruqsat alıp ketip baratırıp, qoy baǵıp júrgen shopanǵa ushırasadı. Ol shopanǵa:

— Al jora, meni patsha kóteretuǵın bolıp atır. Meniń bolǵım kelmeydi. Seniń ornıńa men qoy baǵayın, sen meniń ornıma patsha bola ǵoy deydi. Shopan káldiń bul sózine quwanıp ústindegi jaman kiyimlerin kálge sheship berip, shopan káldiń kiyimn kiyip, suwdıń boyına barıp turadı. Qırq kál shopandı suwǵa taslap, endi kálden qutıldıq dep kiyatırsa, aldınan qoy baǵıp júrgen bayaǵı káldi kóredi:

— Haw, seni jańa suwǵa taslap edik ǵoy, sen qaydan júrseń? deydi.

— Sizler meni suwǵa taslaǵan menen ne payda taptıńlar? Qaytama men suwdıń túbinen usı qoylardı aydap shıqtım, — deydi.

— Onday bolsa bizlerdi hám suwǵa tasla, bizler de qoy alıp qaytayıq, — dep kálge jalınadı. Kál yaqshı dep qırq káldi suwdıń boyına alıp baradı. Qırqın qırq qapqa salıp ishine de tas salıp birim-birim suwǵa taslaydı. Sóytip qırq kál suwdıń túbine ketedi.

Jalǵız kál qırq kálden qutılıp kiyatırsa, aldında qoy baǵıp júrgen bir ǵarrı shıǵadı. Kál ǵarrınıń qasına barsa, ǵarrınıń qosı jıǵılıp qalǵanın aytadı hám ǵarrı káldi jip alıp keliwge úyine jumsap jiberedi. Kál ǵarrınıń úyine barıp boy jetip otırǵan ǵarrınıń qızın kóredi. Qızdı kórgen kál ǵarrınıń kempirine:

— Mına qızdı maǵan berip jibersin dep jumsap jiberedi — deydi.

Joq, saǵan qızımdı bermeymen, — deydi kempir. Sol waqıtta kál dalaǵa shıǵıp «bermeydi» dep qıshqıradı. Bunı esitken ǵarrı «berip jiber» dep qıshqıradı. Kempir ǵarrısınıń berip jiber degenin esitip, qızdı kálge qosıp jiberedi. Kál qızdı ertip úyine keledi. Kál murat-maqsetine jetedi.

## HIYLE MENEN ÓLIMNEN QUTÍLǴAN ǴARRÍ

Burında bir ǵarrıǵa el arasın wayran etip júrgen jeti qaraqshı jolıǵıp:

— Ǵarrı seni házir óltiremiz! — depti olar.

— Onda maǵan búginshe ruqsat beriń, úy-ishim menen ırzalasıp keleyin, — depti ǵarrı.

Bir kúnge ruqsat alıp kelgen ǵarrı kempirine bolǵan hádiyseni aytıptı. Endi ǵarrı ólimnen qutılıwdıń jolın oylap, qoyannıń eki gójegin tawıp aladı da, birewin úyine baylap, ekinshisin qoynına salıp, keshegi otın shapqan jaǵına ketedi. Keterinde kempirine: — Kóp etip awqat tayarlap qoy, bizler qaraqshılar menen kóp bolıp kelemiz, — deydi. Ǵarrı keshegi jerine barǵannan keyin jeti qaraqshılar da kelip:

— Al ǵarrı keshegi wáde boyınsha seni óltiremiz, — depti.

— Óltiremiz onda úyge barlıǵımız barıp awqatlanayıq, onnan keyin óltirersiz, — depti. Sol waqıtta ǵarrı qoyannıń gójegin qoynınan shıǵarıp qolına alıp:

— Sen dárriw úyge bar da, kempirge ayt, tez tamaq tayarlasın, kóp qonaq kiyatır de, — dep gójekti jiberip qoya beredi.

Jeti qaraqshı hayran bolıp tańlanısıp, qáne kóreyik, ras úyine aytıp barar ma eken, — dep ǵarrı menen onıń úyine jol tartadı.

Barsa tamaqlar tayar, esiktiń qaptalındaǵı baylawlı turǵan qoyannıń gójegin kórip, ras eken ǵoy mına qoyannıń gójegi haqıyqat aqıllı, bir qásiyetli nárse eken depti. Olar ǵarrıǵa:

— Onda usı qoyannıń gójegin bizge beréseń, seni ólimnen qutqaramız, — depti. Ǵarrı ilajsızdan jeti qaraqshıǵa qoyannıń balasın beripti.

Jeti qaraqshı qoyannıń balasın alıp ketedi. Olar úyiniń qasına jaqınlawdan-aq qoyannıń gójegine: «úyge tez barıp xabarla, tamaq tayarlasın», — dep, onı jazdırıp jiberipti. Úyine tamaq tayar bolǵan shıǵar dep kelse, tamaq túwe qoyannıń gójegin de taba almaptı. Olar usı jerde ǵarrıdan aldanǵanın bilip, jambaslarına qayta-qayta urıptı. Sóytip ǵarrı hiyle menen ólimnen qutılǵan eken.

## QÍRQ AWÍZ ÓTIRIK AYTQAN TAZSHA BALA

Burınǵı ótken zamanda bir patsha bolǵan eken. Ol patshanıń bir qızı bolıptı. Patsha qızın heshkimge bermepti. Qızdı ayttırıwshılar kóp kelgennen keyin patsha kimde-kim qırq awız ótirik aytıp berse, soǵan beremen depti. Bir kúni tazsha bala kelip, patshaǵa qırq awız ótirik aytıp beredi.

— Anamızdıń tuwılǵanında birew edik, óle-óle úshew boldıq. Úshewimiz kiyatırsaq aldımızdan úsh jap shıqtı,

ekewi kewip qalǵan birewiniń ishinde suw joq. Suwı joq jap penen baratırsaq, aldımızdan úsh balıq shıqtı. Ekewi ólip qalǵan da, birewiniń janı joq eken. Úshewimiz úshewin kóterdik te, keynimizge qayta berdik. Kiyatırsaq aldımızdan úsh qazan shıqtı. Ekewiniń túbi joq, birewiniń túbi tesik. Túbi tesik qazanǵa balıqlardı saldıq ta qaynata berdik. Súyekleri mılja-mılja bolıp ketipti de, etleri sol kúyinde tur eken. Úshewimiz balıqtı jey basladıq. Bir waqıtları qarasaq qarnımız salday bolıp, moynımız qılday bolıp ketipti.

Sol kúni qolımnıń mayın bir etigime súrtip, ekinshisine súrtpey jatıp qalıppan. Yarım aqsham waqtında uyıqlap jatsam bir shawqım shıǵıp atır eken, qaraqshılar kelip qaldıma dep ornımnan ushıp tursam may jaqqan etigim menen may jaqpaǵan etigim ekewi urısıp atır eken. Ekewiniń shekesine eki shappat urdım da, bas ushıma qoyıp jatıp qaldım. Erteńine azanda turıp qarasam may súrtken etigim bas ushımda turıptı-da, al may súrtpegen ókpelep ketip qalıptı. Bunnan keyin qashıp ketken etigimdi izlep jolǵa shıqtım.

Jolda baratırıp qattı shólledim. Kiyatırıp paxtanıń góregindey qarbız tawıp aldım. Qarbızdı kesip atır edim, ishine pıshaǵım túsip ketti. Pıshaǵımdı alaman dep ishine ózim túsip kettim. Pıshaǵımdı izlep júrsem, aldımnan qırq atlı adam shıqtı. Olar maǵan «háy, jora, ne qılıp júrseń?» dedi. Men «pıshaǵımdı izlep júrmen» dedim. Sonda turıp olar ayttı: «seniń óziń jilli ekenseń, bizler qırq túyeni tabalmay júrgende, seniń pıshaǵıń qalay tabıladı» dedi de ketip qaldı.

Usınday etip kiyatırsam bir ırashtıń túbinde may súrtilmegen etigim eki kesirtkeni qosqa qosıp jer súrip júrgen eken. Barıp turıp shekesine bir shappat urdım da, ayaǵıma kiyip házir kelip otırǵanım edi, taqsır deydi

tazsha. Sóytip tazsha patshanıń jalǵız qızına úylenip murat-maqsetine jetedi.

## JARLÍNÍŃ QÍZÍ

Burında bir xan bolıptı. Ol xalqınan aqıllı adam tappaqshı bolıp, úsh soraw soramaqshı bolıptı. Bul soraw mınanday eken: dúnyada ne qattı, ne júyrik, ne mazalı? Biraq bul sorawǵa xalqınan juwap bergendey adam tabılmaydı.

Kúnlerden bir kún jarlınıń Biybish degen qızı esitip «xanǵa meni apar» dep ákesinen ótinipti. Jeti jasar jarlınıń qızı xannıń aldına kelip sorawına juwap beriwge ruxsat soraydı. Xan juwabıńdı ayt dep qızǵa ruqsat etipti.

— Xanımız, siz «dúnyada ne qattı» depsiz. Meniń mınaw ákem kúnde arqalap otın tasıydı. Úyge kelgen waqıtta iyindegi bir tırmıshın jazdırsa, ekinshi tırmıshın jazdıra almaydı. Soǵan qaraǵanda, dúnyada joqshılıq qattı ma deymen. Al, ekinshi sorawıńda «ne júyrik» depsiz ákem túnde awqatqa toyıp alıp, erteń úsh-tórt arqa otın ákelip taslayın, deydi. Al ol aytqanı bolmay, bir arqa otının zorǵa ákeledi. Soǵan qaraǵanda, dúnyada til júyrik shıǵar deymen. Úshinshi sorawıńızda «ne mazalı» depsiz. Meni túnde ákem menen anam ortasına alıp jatadı. Al azanda oyanıp qarasam, shette jatqanımdı kóremen. Soǵan qaraǵanda, dúnyada bir-birin súygen ashıqlıq mazalı ma deymen, — dep qız juwap beredi. Xan qızdıń aqıllılıǵın bilip, ózine hayallıqqa almaqshı boladı. Sóytip qızǵa úy-ishi menen jeti jıl jeytuǵın azıq-awqat berip qaytarıp jiberedi.

Kúnlerden kún, aylardan ay ótip, qız on tórt jasına keledi. Xan qızǵa jawshı jiberedi. Jawshılar qızǵa barıp

«Sizdi patshaǵa ayttırıp keldik, qalıń malına ne bersin» depti. Sonda qız:

— On bes oraq, jigirma bes ketpen, eliw ǵarǵa, alpıs shımshıq bersin. Xanıńa usını aytıp bar, — depti. Bunı jawshılar xanǵa aytıp baradı Xan buǵan hayran bolıp, Máteke aqıl degen adamdı shaqırıp alıp oylasadı.

— Sen adasqan ekenseń, — deydi Máteke.

— He, ne sebep olay deyseń! — depti xan jekirinip.

— Sebebin aytaman, — dep Máteke sóz baslaydı. — On bes oraq degeni — jigit on besinde oraqtay keskir boladı: jigirma bes ketpen degeni — jigit jigirma besinde ketpendey kesedi, eliwde adamnıń ǵarǵaday-aq halı boladı, alpısta bolsa sizdey aqılsız xannıń shımshıqtay-aq halı boladı úyindegi jalǵız qozısın berse bersin, bermese ózi bilsin degeni — úyindegi jalǵız balasına alsın, almasa gápin qoysın, degeni depti.

— Xan bunı esitip, pushayman jepti hám balasına alıp beriwge kelisim beredi. Sóytip aqıllı Biybish qız óziniń aqılı menen ǵarrı xannan qutılıp, óziniń teńi jas jigitke tiyedi. Jigit penen kewilli turmıs keshirip, balalı-shaǵalı bolıp, murad-maqsetine jetedi.

## HIYLEKER QORAZ

Burıngı ótken zamanda bir qoraz aǵashtıń basında tań ala gewgimde shaqırıp turǵan eken, bunıń dawısın bir shaǵal esitip, qorazdıń qasına kelipti

— Haw qoraz jora, siz erte turıp qıyqıwlap kimlerdi shaqırıp turıpsız? — depti qorazǵa shaǵal. Sonda qoraz:

— Joldaslarımdı awqamlasıp jumıs islewge shaqırıp atırman, — depti.

— Olay bolsa, qoraz jora, tómenge tús ekewimiz birge joldas bolıp barayıq, — depti shaǵal qorazǵa.

— Házir meniń jerge túsiwge qolım tiymeydi. Usı shaqırıwım menen uyqıda jatqan joldaslarımdı oyatıwım kerek. Eger seniń de awqamǵa qosılıp, jumıs islegiń kelse, anaw aldıńda kóringen jaydıń qasında basshımız tawıqlardı kútip otır, sen de sol káraǵa bara ber. Men de siziń izińizshe baraman, — depti.

Shaǵal qorazdıń siltewine quwanıp, kóp tawıqtıń ústinen shıǵatuǵın boldım degen úmit penen qorazdıń siltegen jerine baradı. Shaǵal tawıqlardıń qasında shońqayıp otırǵan bir tazını kórip, birden tapıraqlap qashıptı. Shaǵaldıń qashıp baratırǵanın kórgen tazı bas salıp quwıp, shaǵaldı tutıp alıptı. Sonda shaǵal tazıǵa:

— Bir awız sizge aytatuǵın arzım bar, — dep jalınıptı.

— Arzıń bolsa, tez ayt? — dep tazı shaǵaldı jazdırıptı.

— Meni mına qońsıńızdıń qorazı keshe awqamlasıp jumıs islewge shaqırıp edi. Qorazǵa xabarlassam, «sen kóp keshigip qalıpsań, basshımızǵa tezirek jet» dedi.

Sonıń menen asıǵıp kiyatırǵanım edi, iymanlı bolǵaysız, meni jiberińiz, — dep jalınıptı. Sonda tazı shaǵalǵa:

— Sizdi jibergen qorazǵa raxmet, meniń tósegimniń tozıp júrgenin bilip, sizdi bizge jibergen eken. Sol tawıqlardı bárha qorǵap júriwshi basshısı biz bolamız, — dep shaǵaldıń bel omırtqasın úzip, onı óltirip, terisin tósek etip alǵan eken. Hiyleker qorazǵa hám tazıǵa tawıqlardıń bári de raxmet aytıptı.

## TÚLKI MENEN SHAǴAL

Burınǵı ótken zamanda bir túlki menen shaǵal dos bolıptı. Ekewi birge ketip baratırsa, aldınan bir bólek toń may shıǵıptı. Maydı túlki de, shaǵal da jegisi kelipti. Sóytip shaǵal túlkige:

— Sen jey ǵoy jora, — dep mirát etipti. Túlki sumlıq oylap:

— Meniń awzım oraza ǵoy, jora maydı sen jey ǵoy, — depti. Sonnan keyin shaǵal maydı jeyin dep tumsıǵın soza bergende, moynına qaqpan túsip qalıptı da, may ushıp ketipti. Túlki maydı qaǵıp alıp jep qoyıptı. Sonda shaǵal:

— Haw, túlki jora, seniń awzıń oraza emes pe? — depti.

— Orazam seniń moynıńa tústi, — dep túlki jónine kete beripti.

## SUMLÍQLÍ SHAǴAL

Bir kúni qasqır jolda ketip baratırsa, aldınan bir shontıq shaǵal qasqırǵa «ekewmiz jora bolayıq» depti. Qasqır «bolsaq bolayıq» depti.

Sóytip ekewi ketip baratırıp, jolda qasqır shaǵalǵa:

— Jora, seniń ne kárin bar? — depti. Shaǵal oǵan:

— Men postın tigemen, — depti. Sonda qasqır:

— Olay bolsa mağan jaqsılap bir postın tigip ber, neshe teriden boladı? — depti. Bunnan keyin qasqır áweli bes qoydı ákelip, — postın shığa ma? — depti.

— Joq, — depti. Altınshı qoydı ákeledi.

— Joq, — depti. Jetinshi qoydı ákelip:

— Postın pitti me? — depti. Sol waqıtta shağal qasqırğa:

— Sen endi ekinshi ret esikten qarama, qarasań postın, buzıladı, — dep jáne qoyğa jiberedi.

— Toğızınshı qoydı ákelip:

— Postın pitti me? — depti.

— Joq, — depti. Onınshı qoydı ákeldi.

— Erteń keleğoy, — depti. Sóytip sumlıqlı shağal ol qoydı da jep bolıp, toğayğa baradı. Toğaydan qırq shağaldı jıynap hámmesiniń de quyrığın kesip, ózi de solar menen aralasıp júre beredi.

Qasqır erteńine postının alayın dep shağalğa kelse, shağal joq. Qasqır toğayğa izlep barsa, shağallardıń hámmesiniń quyrıqları shontıq. Sóytip qasqır bayağı on qoyın jegen shontıq sumlıqlı shağalın tabalmay pánt jep qaytıptı.

## MAQTANSHAQ QASQÍR

Bir topar qasqırlardıń ishinde basqalarına qarağanda kúshlirek bir ash qasqır bar eken. Ol janındağı qasqırlardı nesiybesinen ayırıp, olarğa kún bermeytuğın bolıptı. Onnan keyin ash qasqır joq waqıtta qasqırlar bir jerge jıynalıp oylasıptı. «Qay jerde kórsekte ash qasqırdı «jolbarıs» dep atayıq degen bir pikirge kelipti.

Ash qasqır kelgen waqıtta wáde boyınsha qasqırlar onı «jolbarıs» dep ataptı. Bul sóz ash qasqırğa oğada unaptı. Endi burınğıdan da beter gárdiyip, dúnyada mennen zor, mennen kúshli haywan joq degen qıyalğa ketipti.

Kúnlerden bir kúni qasqırlar toparlasıp ketip baratırsa, dalańlıqta jayılıp júrgen sansız qoylardıń ústinen shıǵıptı.

— Ey «jolbarıs» sen kúshliseń, sen batırsań, — dep maqtaptı qasqırlar ash qasqırǵa. — Bizlerge bir neshe qoydı óltirip berseń, toyıp alar edik. Bul oljanı kórip, kózlerińiz jaynap ketti ǵoy.

Ol qayılshılıq bildiripti de, qoylardıń jayılıp júrgen jerine jalańlap barıp, eki qoydıń qarnın jarıp taslaptı. Qasqırlarǵa oń túsip, hár qaysısına bir sannan tiyip toyıptı da alıptı.

Bular jolın dawam ete beripti. Sol júristen júrip, bir seyisxanaǵa ushırasıptı. Ishke úńilip qarasa, bir árebi at tur eken, Qasqırlar jáne de ózleriniń «jolbarısına» qarap:

— Ey palwanımız, kórip turmız, siziń kózińiz jaynap ketti. Bul nadan attıń qarnın da jarıp taslasań, bir toyıp alar edik, — depti.

Ash qasqır ózinshe mardıyıp, baylawlı attıń qasına jetip barıptıda, onıń sanına jabısa beripti. Árebi at qasına kelgen qasqırdıń qolayın alıptı da, tap qaq mańlayınan kelistirip bir tewipti. Ash qasqır attıń tuyaǵınıń páti menen úsh adımday jerge barıp domalap túsipti. Onı kórip turǵan qasqırlar júregi jarıla jazlap, basınıń awǵan jaǵına qaray qashıptı.

Bir neshe saattan keyin bayaǵı ash qasqır ózine kelipti. Biraqta endi onı heshkim «jolbarıs» dep shaqırmaptı. Ornınan súyretilip turıp úyine zordan jetipti.

— Háy quday bunday kóz tiygennen óziń saqlaygór, — dep úyinen shıqpastan jatatuǵın bolıptı.

## ZOŃ ǴARǴA

Burınǵı ótken kóp ǵarǵalardıń ishinde bir tumsıǵı uzın zoń ǵarǵa mıń jasaptı. Ol pútkil ómirin kúl taslaǵan

shuqanaqlarda, ólimtiktiń baslarında, egin pisik kúnleri atız-sheldi qoymay aralap, júweri qamır bolǵannan baslap, shoqıp jep kúnin keshirip, hár jılda bir túleydi eken. Bir kúnleri zoń ǵarǵadan basqa jası kishi ǵarǵalar sen bul mıń jıl ishindegi tirilik ómirińde urpaqlarıńa este saqlap qalarlıqtay ne qaldırasań, nelerdi kórdiń dep soraptı. Sonda zoń ǵarǵa:

— Bir saparı jolım qus bazarınıń ústine tústi. Sonnan soń azmaz tınıs alayın dep qayrılsam, quslardıń ishinde mennen sıqılsız, mennen patas jamanı joq eken. Arjaǵındaǵı uzaq joldan óleyin dep shalıǵıp ushıp kelgenimdi qáyteyin, kózleri monshaqtay jawdırap, qawırsın párleri jıltırıp, ǵazday qatarlasıp otırǵan quslardı kórgenimde júregim shay tartqanday sızlap, miyim aylanıp, kózimniń aldı tınıp ketti. Qanatım jarbańlap ornımnan qalay kóterilgenimdi bilmey de qalıppan... Óziniń sıqılınan ózi túńilgennen xorlıq, onnan ızalı hesh nárse joq eken dep qasındaǵı uzaqshalarǵa qarap jılap qoya beripti.

Udayına jerdi tırmalap jemsek tolǵanday napaqa qarap júrgende barmaqlarına túymedey toń qatıp qalǵan eken. Ayaqları balpańlap, dir-dir etip sál qompańlańqırap jáne bir kórgenimdi aytayın dep qoltıǵınıń astına uzın tumsıǵı menen túrtip-túrtip qoyıptı.

— Bir kúni úlken daraqta qonaqlap otırıp, uyıqlap ketippen. Kózimdi ashıp qarasam quyrıǵım jawǵan qarǵa yarım belinen batıp qalǵan eken. Moynımdı soznıńqırap ilgeri umıtıldım da, jıldam qanatımdı sermep, joqarı putaqqa barıp qondım. Ishim qaltırap arman-berman teńselip qalǵıp otırıp taǵıda uyıqlap qalıppan. Tepkirime bir nárse jabısqanday boldı, sonnan birden seskenip ketip, bir silkindim de, arqamda úyilip qalǵan kómpek qardı túsirip, terektiń dıń usha basına barıp otırdım.

Men jańa jayılǵan qanatımdı jıynap, quyrıǵımdı tómenletip sarqıp qona bergenimde, arqadan gúwlep esken samal baǵanadan bergi jawǵan qardı bir maydanda sıpırıp alǵanday, eritip jiberedi. Bunı tek men kórdim, mennen basqa hesh kim de kórgen joq. Ol waqıtta hámme uyıqlap atır edi, dep zoń ǵarǵa sózin pitkeripti. Sol jılı egin pitik bolıptı.

## MAQTANSHAQ TÍSHQAN

Bir tıshqan bir ura taptı da, onıń bir qaptalınan qazıp óziniń inine shıǵadı. Uranıń iyesiniń qabı joq pa, bolmasa ózi uwayımsız bir adam ba, bilmeymen, uradan xabar almadı. Tıshqan uranı ózi menshiklep, óz múlkindey kórip, túwesilmeytuǵın ǵáziynege iye bolǵanday baylıq súre beredi. Qonaq shaqıradı, basqa tıshqanlardı jıynap, sıylap toyǵızıp turdı. Sıylanǵan tıshqanlar bunıń ádebin tutıp, hár sózine «báliy» dep turatuǵın boldı. Bayaǵı tıshqan bolsa, kútá ǵoddaslap, ardaqlap ketti. Bir kún kóp qonaq shaqırdı, hámme jıynalǵannan soń xızmetkerine buwday keltirmege buyıradı. Uradan buwday tappay keldi. Ózi barıp kóredi, uranıń tek ózi bos tur. — Haw buǵan ne bolǵan!?

Buwday iyesiniń qabındaǵı ǵállesi túwesilip, ishkendey buwday alayın dep uranı ashsa, kemip qalıptı. «Uranı tıshqan alǵan eken» dep birotala alıp basqa orınǵa jaylaǵan edi. Bay tıshqan qonaqlarınıń aldında shermende boldı. «Háddińdi bilmey saǵan qonaq shaqırıwdı kim qoyıptı» dep dálkek etiw menen boldı, awızların pırlata-pırlata qonaqlar shıǵıp ketti. Sol kúnnen baslap bay tıshqannıń bazarı tústi. Basında hesh kim qalmadı. Sózin maqullawshı bolmadı. Onnan sońǵı ómiri «átteń, átteń, ay» menen ótti. «Kórpeńe qarap ayaq uzat» degen eken.

## BÓRI MENEN IYT

Bir bóri menen iyt ekewi bir kúni ushırasıp qalıp sóylesipti. Bóri júdá arıq, júnleri sabalaq-sabalaq zordan sóyley alatuǵın halı bar eken. Iyt bolsa birewdiń tárbiyasında bolǵan, ózi semiz, kózi tas tóbesinen qarap júnleri jıltıldap turadı eken. Bulardıń arasındaǵı sóz de sol bóriniń arıqlıǵı menen iyttiń semizligi haqqında boladı.

Iyt bórige qarap: — Sen óziń ǵayratıń bar hám shaqqansań, tisleriń ótkir ne sebepten bunshelli arıq boldıń? — dese, bóri: — Jurt saq, ańlip alayın dep turǵan ańıńdı da aldırmaydı, qayta izińe túsip quwadı, óldim-taldım degende zordan qutılasań, ara-tura birewin ala ǵoysań, qızıl tumsıq bolǵanda ayırıp aladı. Solay etip kúnde quwǵınǵa túsip, awızǵa maza bergendey bir tamaqqa jarımay súrginniń ishinde júrmen. Sonda men arıq bolmay kim arıq bolsın. Al sen qalay semiz boldıń? — deydi ol iytke.

— Birewdiń esigindemen. Ózi ne jese, maǵan sonı beredi. Tamaǵım toq, qayǵım joq, men semiz bolmay kim semiz bolsın, — deydi iyt.

— Sen óytip oǵan ne xızmet qılasań?

— Tek esigin qorıyman, basqa qılar isim joq.

— Men qorısam, maǵan da tamaq bereme eken?

— Beredi, seni kórgen iyt kele almas, paydań kóp tiyer, qayta saǵan kóp berer.

— Olay bolsa meni de alıp bar? — deydi, bóri.

— Jaqsı birge jóreǵoy, birew júremen bolıp jaqın kelip qarasa, iyttiń moynında qarǵısı bar eken. Sonda bóri:

— Moynıńdaǵı ne?

— Qarǵı.

— Onı ne qıladı?

— Kúndiz baylap qoyıp, túnde ǵana bosatıp jiberedi.

— Bántte turıp, bende bolıp semiz bolǵansha, óz ayaǵıma arqayın júrip, arıq bolǵanım abzal, keshtim bunday ráhátligińnen, — dep bóri jónine ketedi. Biraq uzamay ashtan ólipti.

## TÚLKI MENE QORAZ

Bir túlki óziniń kúndegi ádeti boyınsha bir awılǵa kelip, aw qıdırıp júrip edi, qápelimde qoranıń usha basında otırǵan bir qorazdı kóredi. Kózi qızadı. «Boy jetpes jerde eken» dep ókinedi. Nede bolsa bir hiyle qılıp kóreyin dep qıypaqlap túbine barıp, sálem beredi. Aman — túwel alıstı, hal sorastı. Qoraz da óziniń sawlıǵın, más bolıp júrgenin ayttı. Túlki bunday sózlerdi esitpegenge salıp:

— Jora, men qartayıppan, qulaqlarım esitpeydi, seniń menen bir gúrrińlesip suhbet qılayın dep edim, sen bolsań dım joqarıda otırǵan ekenseń. Sózlerińdi esite almay pánt qumar bolıp turıppan. Tómenge tús jora, ekewimiz muń-zarımızdı aytısıp bir zaman gúrrińleseyik, — deydi.

Tómenge túse ǵoysa bir soyqannıń bolajaǵın ańlaǵan qoraz kóp asıqpay oǵan:

— Tómenge túskende sennen qáwpim bolmas da, basqa jabayı haywanlardan qorqaman, — sonıń ushın joqarıdan turıp sóylese bereyik, — deydi.

— Ol jaǵınan sirá qorıqpa, hesh bir jániwar basqa áziz birewine «zaqım qılmasın» degen jaqında patshadan buyrıq boldı. Bul kúnde arqayın, bolaber ol buyrıqtı ele sen esitpegen ekenseń ǵoy, — dedi túlki.

— Túlki jora, sóziń ıras uqsaydı, anaw kiyatırǵan eki iytten seniń taysalmay turǵanıńa qaraǵanda sóziń durıs. Sál sabır et, solar kelsin, qosıla gúrrińleseyik, — dedi qoraz.

Túlki iytti kóriwden qorqıp quyrıǵın qısıp, ayday beredi.

— Hey, buyrıq qayda? — deydi qoraz túlkige.

— Olar ele buyrıqtı esitpegen shıǵar, — dep túlki artına qaramastan bádár ketipti.

## SHONTÍQ TÚLKI

Burınǵı ótken zamanda bir túlki bolıptı. Túlki bir kúni kiyatırsa: joldan jartı urshıq tawıp alıptı. Ol jartı urshıqtı alıp bir úyge kelipti de:

— Urshıq qasında urshıq tursın, — deydi.

— Tursa tursın, — depti sol úydiń hayalı, — Túlki tawıp alǵan jartı urshıǵın sol úyge qaldırıp ketipti. Túlki erteńine kelip urshıǵın sorasa, sol urshıq qoyıp ketken úydiń hayalı:

— Biz sennen urshıq alǵanımız joq, — dep túlkiniń urshıǵın bermepti. Bunnan keyin túlki sol — úydiń pútkil urshıǵın ala qashadı, jóne bir úyge barıp:

— Urshıq qasında urshıq tursın, — deydi.

— Tursa tursın, — deydi sol úydiń hayalı, — Túlki urshıǵın qoyıp ketedi. Erteńine kelip urshıǵın sorasa:

— Sennen urshıq aldım ba? — deydi. Sol waqıtta túlki:

— Joldan tawıp aldım jartı urshıq,
Jartı urshıǵım bir urshıq,
Bir urshıǵım bir nan.

dep, dasturxanda turǵan bir nandı alıp qashadı. Túlki nandı alıp qashıwı menen bir úyge barıp:

— Nan arasında nan tursın, — deydi.

— Tursa tursın, — deydi úy iyesi. Túlki sol úyge nanın qoyıp ketedi de, bir aylanıp kelip, qoyıp ketken

nanın soraydı. Sonda túlkiniń nanın alıp qalǵan úydiń hayalı:

— Sennen nan aldım ba? — dep nanın bermeydi. Sonda túlki:

— Joldan tawıp aldım jartı urshıq,
Jartı urshıǵım bir urshıq,
Bir urshıǵım bir nan.
Bir nanım bir toqlı, —

dep qorada turǵan bir toqlını ala qashadı. Túlki toqlını jáne bir úyge aparıp:

— Qoy arasında qoy tursın, — deydi.

— Tursa tursın, — deydi úy iyesi. Túlki túnde kelip taslap ketken toqlısın sorasa, úy iyesi «sennen qoy aldım ba» dep quwıp jiberedi. Sonda túlki:

— Joldan tawıp aldım jartı urshıq,
Jartı urshıǵım bir urshıq,
Bir urshıǵım bir nan.
Bir nanım bir toqlı,
Bir toqlım bir sulıw qız,

— dep sol úydiń, boy jetip otırǵan qızın qapshıqqa salıp alıp qashadı. Túlki sol ketisten bir úyge barıp:
Qapshıq ishine qapshıq tursın, — dep soraydı.

— Tursa tursın, — deydi úy iyesi. Qapshıqtı alıp qaladı. Túlki ketkennen keyin bul ne nárse eken dep ashıp qarasa, bir sulıw qızdıń jatqanın kóredi. Bunnan keyin qızdı qapshıqtan shıǵarıp aladı da, ornına tazını salıp awzın tas qılıp baylap taslaydı.

Túlki erteńine kelip qoyıp ketken qapshıǵın alıp keteyin dep kelse, qapshıǵınıń óz ornında turǵanın kórip

— Pay, jaqsı eken, kúnde hár nársem hár jerde qalıp azap kóretuǵın edim, búgin qoyıp ketken zatım óz ornında, óz kúyinde tur, — dep qapshıǵın arqalap bir dáryanıń boyına keledi.

Túlki qapshıqtıń awzın sheship ishindegi qızdı shıǵarayın dep atırǵanında, ishinen tazı shıǵa keledi. Túlki tazını kóriwden qasha jóneledi. Tazı túlkiniń izinen quwıp quyrıǵın julıp alıp qaladı. Túlki óldim azar degende qutılıp, quyrıǵı shontıyıp joldaslarına qosıladı...

Shontıq túlki quyrıqtan ayrılıp shontıyıp kelgennen keyin joldasları «shontıq», «shontıq» dep ermek etip kúlip qoymaydı. Onnan keyin shontıq túlki joldaslarına ókpelep basqa jaqqa ketip qaladı. Shontıq túlki jolda kiyatırsa, aldında bir topar adamlardıń kiyatırǵanın kóredi. Bunnan keyin ol usı adamlardı aldap, bir nársesin alıp qalayın dep, jol boyında ólgen túlki bolıp jata qaladı. Bul kiyatırǵan adamlar uzatılatuǵın qızdıń kiyim-kensheklerin alıp kiyatırǵan qız-kelinshekler eken. Alda kiyatırǵan bir kelinshek jolda jatırǵan túlkini kórip, attan túsip qaladı da, bóktergidegi alıp kiyatırǵan hasıl kiyimleriniń ishine orap alıp kete beredi. Túlki kelinshektiń alıp kiyatırǵan hasıl kiyim-kensheklerin moynına orap túsip qaladı da, bayaǵı óziniń joldaslarına keledi. Joldasları shontıq túlkiniń alıp kelgen zatların kórip qaydan alǵanın soraydı. Sonda shontıq túlki:

— Bir kóldiń suwı bar eken, sonıń suwı qatıp muz bolıp qalǵan eken, men quyrıǵımdı úkige malıp otırdım, quyrıǵımnıń shontıǵına qaramay alǵanım mınaw, eger quyrıǵım sizlerdiń quyrıǵıńızday uzın bolǵanda, bunnan da jaqsıraq zatlar alatuǵın túrim bar edi, — deydi. Bunnan keyin onıń joldasları «bizler de alıp qalayıq» dep túni menen úkige quyrıǵın malıp otıradı. Azanda alıp kóreyin dese, quyrıqları muzǵa qatıp alınbaydı. Usı

waqıtları azanda suwǵa kelgen adamlar úkige qatıp qalǵan túlkilerdi kórip, birewleri bel, birewleri jaba alıp urıp atırsa, bayaǵı shontıq túlki:

— Shontıq, shontıq dediń be, shontıqtan pánt jediń be, — dep kúledi. Adamlar túlkini úylerine alıp ketedi. Shontıq túlki bayaǵı qız-kelinsheklerdiń jolın ańlıp jáne aldayın dep júre beredi.

Endigi sózdi bayaǵı qız-kelinsheklerden esitiń. Olar qızdıń úyine barıp, ákelgen kiyim-kensheklerin bereyin dep qarasa, kiyim de joq, túlki de joq, kelinshekler uyalǵanınan betlerin basıp, dım úndemey keyinlerine qaytadı. Shontıq túlki bulardıń kiyatırǵanın kórip, jáne ólgen túlki bolıp jolda jata ketedi. Bayaǵı kelinshek jolda jatırǵan túlkiniń ózin aldaǵan túlki ekenin bilip, tayaq penen urıp óltiredi de, sol jerde terisin sıyırıp aladı. Sóytip shontıq túlkiniń sumlıǵı óz basın jutadı.

## ARÍSLAN MENEN QOYAN

Bir toǵayda kóp qoyanlar mákan etken eken. Bularǵa ǵalawıt beretuǵın dushpanı joq, liykin kópke tatıytuǵın bir dushpanı bar, ol da bolsa, ózin sol toǵaylıqtıń «patshası» dep sanaǵan bir arıslan bar edi. Qoyanlar bul arıslannan awlı menen pátenge kelgen edi. Watanın taslap ketejaq bolsa, qayda barsa da qoyanǵa sonday bir kún. Biyzar bolǵan qoyanlar elshi jiberip arıslan menen bir kelisimge kelip, kúnde bir qoyandı bermekshi bolǵan eken. Qoyanlar kúnde shek salıp, atı shıqqan qoyandı jiberip turatuǵın edi. Bir kúni shek bir ziyrek qoyannıń atına shıqtı.

Sóytip ol qoyan meni jiberiwde kóp qıstanbań, pikirim tuwrı keleǵoysa, ózim aman qalıp, bul báleden sizlerdi de qutqarayın, — dedi ziyrek qoyan.

Qoyanlar razı boldı. Ziyrek qoyan bir zaman keshigip, arıslannıń aldına baradı, uzaǵıraqtan sálem beredi. Ash bolǵan arıslan, quyrıǵın jerge urıp turıp:

— Qırajıńız qáne? — dep bunnan soradı: Qoyan:

— Men alıp kiyatır edim, jolda bir arıslan tartıp aldı, patshamızdıń náhári desem, jaman sózler ayttı. «Patshańız bul jerden ketsin, bolmasa, basına sawda salaman», — dep aytıp jiberedi.

— Maǵan kórset! — dep Arıslan qáhárlenedi.

Qoyan jol baslap ketti. Bir jerlerge barıp toqtap, qaltırap sóyleydi, ana arıslannan qorıqqanın ayttı. Arıslan: — Qorıqsań meniń qushaǵıma kir, maǵan kórset.

Qoyan biraz júrgennen keyin arıslandı bir qudıqqa úńildirdi. Qudıqtıń tınıq suwında arıslan óz sáwlesin kórdi, qushaǵında kóringen qoyan ózine berilgen qoyan eken dep oyladı da, qoyandı kórip ózin qudıqqa tasladı. Ziyrek qoyan aman kelip joldaslarınan súyinshi soradı.

## ESHKI, QOY HÁM ÓGIZ

Burınǵı ótken zamanda bir kisiniń jalǵız eshkisi bolıptı. Ol adam eshkisine hár kúni tek bir qısım ǵana quwraq shóp salıp bárha baylap qoyadı eken. Tek jeti kúnnen beri dalaǵa óriske jiberedi eken. Eshkiniń qabırǵaları say-say bolıp arıqlıqtan óliwge kelipti. Al iyesi eshkini sawıp hár kúni bir kese sút aladı da, óz ayaǵınan otlaǵan kúni bolsa, eki kese sút alatuǵın edi. Eshkini ot salmay bárha baylap qoya bergennen keyin, kúnde jelini quwrap, súti de azaya beripti.

Bir kúnleri sútke kesesi de tolmaydı. Eshkiniń emshegin urıp-urıp qaǵıp sawıp kórse, ılaǵın da jarıtpaytuǵın sút shıǵadı, ózi de óliwge keledi. Eshki

jeti kúnge bir kún gezegi kelip otlap júrse, jabaǵı júni terisine jabısqan bir arıq qoydı kóredi.

— Há, qoy jora awhalıń qalay, deniń saw ma, júdá tómenlep ketipseń ǵoy? — dedi.

— Awhallarımdı sorama, men bir sorlınıń jalǵız qoyı edim, maǵan kúnde bir qısım kepek beredi de, qozımdı da emizbey, sútimdi qaǵıp sawıp aladı. Jeti kúnnen bir kún óriske bosatadı. Tek sonda ǵana otlap shıǵaman, — deydi qoy.

— Way biyshara-ay, sen de menińdey ǵárip ekenseń-ǵoy, al endi bul azaptan qutılıwdıń jolın izleyik, dep ekewi másláhát etedi. Eshki gáp baslap:

— Ákem ólmesinen burın kún batıs jaqta bir taw bar, onıń shaypáshegi, ot-shóbi mol, hawası da salqın, suwı mazalı, bálemáteri de joq, soǵan barsań ráhát tabasań, — dep edi, — sol tawǵa barayıq, — dedi qoyǵa.

Qoy eshkiniń bul sózin maqul kórip, tawǵa qarap jol tartıp kiyatırsa, aldman bir qara kórinedi. Eshki menen qoydıń júregi suwlap qorqadı. Sonda da nede bolsa kórermiz dep jaqınlap kelse, tirsekleri shalısıp, ayaqları qaǵısqan iri arıq ógiz eken. Ógiz óziniń awhalın eshki qoyǵa bayan etedi.

— Men bir baydıń ógizi edim, kúni menen qosqa, túni menen arbaǵa qosıp nárse ot salmaydı, meniń arıqlıqtan óleyin dep turǵanımdı kórip tursızlar ǵoy, háptede bir kún dem alıs beredi tek sonda ǵana otlap shıǵıp tamaq asırap ólmey júrmen, — deydi.

Eshki, qoy, ógiz, úshewi solmanda qushaqlasıp dos boladı.

Sóytip úshewi tawǵa qaray jol aladı. Biraz jol júrip tawǵa kelse, ol jerdiń shóbi mazalı, suwı shiyrin, hawası jaqsı eken. Úshewi awqatlanıp, jaqsı dem alıp, janları

ráhátlenip qaladı. Aradan kóp kúnler ótedi. Úshewiniń de júnleri jıltırap semiredi. Bir kúni tawdıń basqa jaqların kóriwge másláhátlesip, birge júrip ketedi. Tawdı aralap júrse, jańa ǵana júrip ketken qasqırdıń, túlkiniń izleri shıǵadı. Arraǵıraq barsa, ólip atırǵan qasqır menen túlkiniń terisi jatır eken, onı alıp ógizge arta júredi. Tawdıń bir úńgirine kóz jiberip qarasa, jolbarıs penen qasqır túlkini qısıp atır eken.

— Bizlerge alıp kelgen sarpaylarıń, dasturxanlarıń qayda? — deydi jolbarıs penen qasqır túlkige aqırıp, — almadım — dep atırǵanda, eshki, qoy, ógiz úshewi úńgirge kirip keledi. Eshki, qoy menen ógizge qarap:

Kúni-túni izlesem de sizlerge bazarlıq hesh nárse taba almadım.

— Izlep júrgenlerimiz bunnan tabıldı — ǵoy, bizlerden qashıp usı jıraǵa kelip tıǵılǵan eken-aw bular, kóp izletpey tabılǵanı jaqsı boldı, kúni menen alǵan qasqır, túlkiniń terisi jaman edi, mınalardıń terileri taza ham epke kelgendey eken. Kelińler, dárriw soyıp alayıq, — deydi.

Jolbarıs, qasqır, túlkiniń kózi álle-pálle bolıp dalaǵa shıǵadı. Esiktiń aldında jatırǵan jolbarıs, qasqır, túlkiniń terilerin kórip, olardıń zárresi ushıp, aldı-artına qaramay zıńǵıy beredi. Sóytip bayaǵı ózleriniń «mákanına» keledi. Qoy menen ógiz tawdan úńgir qazıp aladı. Eshki dalada terektiń basına minip jatadı. Ján-jaǵına shıǵıp qarasa, jolbarıs, qasqır, túlkiniń sóylesip otırǵan dawısın esitedi. Eshki dárriw joldaslarına xabar beredi. Ógizdi terektiń basına mindiredi de, qoydı úńgirge kirgizedi. Eshkiniń ózi terektiń túbinde otıradı. Jolbarıs, qasqır, túlkiler de jetip keledi. Kele eshkige awız saladı, sol waqıtta ógiz pát penen birden umıtılǵanda terektiń shaqası sınıp ketip, jolbarıstıń jawırınınan túsedi. Qoy da úńgirden shıǵa umıtıladı. Sóytip bular qasqır, jolbarıstıń qarının qaq jarıp máqsetine jetedi.

## MAZMUNÍ

## QÍYALÍY ERTEKLER

Abat batır .......... 3
Qıran .......... 12
Aqquwbay patsha .......... 21
Mashaqatlı turmıs keshitgen jigit .......... 26
Sharqıpálekli bala .......... 34
Muradına jetken ashıqlar .......... 37
Batır bala .......... 46
Gúlzámze .......... 58
Jansap .......... 67
Qudabay mergen .......... 82
Talas .......... 84
Úsh ağayinli jigit .......... 85
Asan genje .......... 89
Altın tawıq .......... 103
Qorqınıshtı jeńgen adam .......... 112
Búktr shal .......... 114
Qulamergen .......... 116
Tórt Abdulla .......... 121
Jılan kepli jigit penen kirpi kiyimli qız .......... 129
Nurqızarın .......... 132
Arpamádiyan .......... 136
Ayıwlı-Alpan .......... 139
Altın baslı áydarha .......... 142

Duzaqshı ǵarrı ........................................ 145
Aǵash at ........................................ 147
Aqıllı qız ........................................ 153
Muratqan ........................................ 157
Ógiz baqqan úsh jigit ........................................ 160

## TURMÍS ERTEKLERI

Opa sawdager ........................................ 163
Shayxı-Abbaz ........................................ 175
Ádil patsha ........................................ 189
Bekimbet baqıl ........................................ 193
Aq kewilli jigit ........................................ 196
Ójet bala ........................................ 197
Kúnlikshi ........................................ 202
Jetim qız ........................................ 203
Aqıllı qatın ........................................ 207
Aqıllı azbaydı, altın tozbaydı ........................................ 213
Aqıllı bala ........................................ 215
Adam jamanı ........................................ 220
Nanbaydıń balası ........................................ 231
Xan qádirlegen kishi kúyew ........................................ 235
Ógey ana ........................................ 247
Arıq mergen ........................................ 268
Qulamet tóre ........................................ 272
Gúlziyba ........................................ 284
Xansayat ........................................ 303
Tazabay patsha ........................................ 317
Sálimjan ........................................ 324
Qara atlı bala ........................................ 332
Hákim-Ulıqpan ........................................ 338

Sheshen bala .................................................. 340
Jaqsılıq qılsań ózińe, jamanlıq qılsań ózińe .......... 347
Ańqaw ǵarrı .................................................. 348
Aqılsız bala .................................................. 349
Baylardan haqısın alǵan bala ......................... 352
Hayallar patshalıǵı ........................................ 357
Bilgish shopan .............................................. 367
Ziyba menen Ziynep ....................................... 374
Jalǵız qoylı shopan hám sawdager .................. 388
Rústem ........................................................ 391
Másláhát ...................................................... 394
Aqıllı ǵarrı .................................................. 397
Násiyhat satıp alǵan bala ............................... 399
Qırq kál ...................................................... 402
Hiyle menen ólimnen qutılǵan ǵarrı .................. 405
Qırq awız ótirik aytqan tazsha bala .................. 406
Jarlınıń qızı ................................................ 408

## HAYWANAT HAQQÍNDA ERTEKLER

Hiyleker qoraz ............................................. 410
Túlki menen shaǵal ........................................ 411
Sumlıqlı shaǵal ............................................ 411
Maqtanshaq qasqır ........................................ 412
Zoń ǵarǵa .................................................... 413
Maqtanshaq tıshqan ....................................... 415
Bóri menen iyt ............................................. 416
Túlki menen qoraz ......................................... 417
Shontıq túlki ............................................... 418
Arıslan menen qoyan ...................................... 421
Eshki, qoy hám ógiz ....................................... 422

# QARAQALPAQ XALÍQ ERTEKLERI

*Qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspası*
*Nókis — 2019*


Redaktorı *Orazǵaliy Knazbaev*
Operatorı *Náwbáhár Yakubova*

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 23.07.2019. Qaǵaz formatı 84x108 $^{1}/_{32}$. Ofset usılında basıldı. Garniturası — «SHKOLNAYA_KRKP». Kólemi 26,75 b/t., 25,0 shártli b/t., 21,0 esap b/t. Jámi 2000 nusqada. Bahası shártnama boyınsha. Buyırtpa №17

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti tárepinen baspa xızmeti menen shuǵıllanıw ushın 2008-jıl 30-sentyabrde AI №114 licenziyası berilgen.

«GLOBAL POLIGRAF TEX» JSHJ
Tashkent qalası, Shota-Rustaveli kóshesi, 75A jay.